САГIИД АФАНДИ АЛЬ-ЧИРКАВИ

تنبيه العوام إلى دعوة القرآن

# КЪУРЪАНАЛЪУЛ
## АХIУДЕ ГIАВАМАЛ КАНТIИЗАРИ

ТIОЦОБИСЕБ БУТIА

Махачкала
Нуруль иршад
2011

ББК 84,4 (Ава) + 86,38
УДК 821.351 + 29
С - 14

**Для широкого круга читателей**

**Танбигъу-ль-гIавам ила дагIвати-ль-Къуръан:** Побуждение внять призыву Корана/ Саид афанди аль-Чиркави. В четырех томах. Том 1, 3-е издание. – Махачкала: Нуруль иршад, 2011. – 512 с.

В книге «Побуждение внять призыву Корана» досточтимый шейх Саид-афанди аль-Чиркави дает обширные комментарии самым важным в наше время аятам Корана. После чтения этой книги становится очевидным, что дословный перевод не раскрывает истиный смысл Корана и не достигает той глубокой мудрости, заключенной в каждой букве Речи Всевышнего Аллаха..

Книга одобрена решением Экспертного совета Духовного управления мусульман Дагестана за № 07-0092

ISBN 978-5-903593-24-8 (Т.1)
ISBN 978-5-903593-02-6

©Саид-афанди аль-Чиркави
©Издательский дом «Нуруль Иршад»

**أعوذ بالله من الشيطان الرجيم بسم الله الرحمن الرحيم**

**ولا حول ولا قوة إلا بالله العلي العظيم ملء ما علم وعدد ما علم**

**وزنة ما علم والصلاة والسلام على رسوله محمد وعلى آله وأصحابه والتابعين**

**وتابع التابعين إلى يوم الدين**

**الجزء الأول من المجموع «تنبيه العوام الى دعوة القرآن»**

**أما بعد**

*Гьанжи гІин тІаме, вацал, бицинин ножой хабар,*
*Хал гьабе, муъминзаби, баракат ножой щваял!*
*Баракатги рахІматги гІаламалъе бикьулеб*
*ГІулумазул хазина – Къуръаналде раккизин.*

*Къуръанги кодоб босун, цІалун магІнаги гьабун,*
*Гьеб ножое бицине гІалимчиги дун горо.*
*ГІалимзабазул чирхъал, чІахІиял аиматал[1]*
*Ижтигьадалъул агьло – гьале нелъер санадал[2].*

*Расулуллагьасул жал рацІадал варисзаби,*
*Зодор цІваби киниги умматалъе гвангъарал,*
*Агьло-суннат жамагІат жедеда нахъ рилъарал,*
*Жодор гІилмо-гІамалалъ гІалам бечед гьабурал.*

*ГІирфаналъул иццалда корщел жедер батарал,*
*Басираталъул бераз гьенибе нух бачарал,*
*Гьидаяталъул нураз зулматал рухІун хадур*
*Халикъас фатхІо рагьун Къуръан тафсир гьабурал.*

*Гьезул тафсираздасан, тавфикъ Аллагьас кьуни,*
*Бокьун буго дагьабго бакка-бахъи гьабизе.*

---

*[1] Имамзаби.**
*[2] МугъчІвай гьабулел гІадамал.*

*Даалъул къадаралда даваъ[1] хIажалъулелъул,*
*ХIажат бихьун гьабулеб насихIатлъун букIине.*

*НасихIатал, вагIзаби, рагIизе бокьаразе,*
*РохьгIанги гьарза руго, гьечIин абулев гуро.*
*Гьединго букIаниги, истихараги гьабун,*
*Ишара лъикIаб ккедал, лъуна мажмугI хъвайзе къасд.*

*Рукъ-бакIалда рекъараб къай бакIарулеб гIадин,*
*Къуръаналъул аятал кIвар цIикIкIарал росана.*
*Авал-байбихьи гьабун, ахиралде щвезегIан*
*Щвалде щвараб таржама гьабунги лъугьунаро.*

*Гьарун, халкъалда гьоркьор жакъа тIиритIун ругел,*
*ТIолго таржамабазда мугъчIвайзе бегьуларо.*
*Гьезулъ бугеб гIунгутIи, гIолареб-щолареб бакI*
*ГIалимзаби горелаз ратIаги рахъуларо.*

*БатIа бахъизе гьунар гьечIел жагьилзабазе*
*Гьел цIаличIого тейи – цIакъго мухIканаб буго.*
*ХIориниса ччугIби ккун чан гьабизе лъанилан,*
*Ралъадго бихьичIелаз магIданал кин рахъулел?*

*МагIна гьабун Къуръаби къватIире реччаразе*
*Къол щуябго как байзе лъайзаби лъикI букIуна.*
*Лъай-идракалъе лъураб дазу-гIорхъи гьечIелъул,*
*Гьал рагIаби мекъса цIан гIакъилав кIалъайларо.*

*«Къуръаналъул ахIуде гIавамал кантIизари»,*
*ГьитIинаб букIаниги, мажмугIалде цIар тана.*
*Жирму[2] кIодолъиялда бараб жоги гьечIелъул,*
*БукIа гьабги ножое гьитIинаб сайигъатлъун.*

*Амин! Я Мужиб!*

*[1] Даъ – унти; даваъ – дару.*
*[2] Жирму – черх, къаркъала.*

# الباب الأول
# ТӀОЦОБИСЕБ БЕТӀЕР

## «АГӀУЗУ БИЛЛАГЬИ...»-ЯЛЪУЛ ХИРАЛЪИЯЛЪУЛ БАЯН

قَالَ تَعَالَى: ﴿فَإِذَا قَرَأْتَ ٱلْقُرْءَانَ فَٱسْتَعِذْ بِٱللَّهِ مِنَ ٱلشَّيْطَٰنِ ٱلرَّجِيمِ﴾ النحل: ٩٨

ТӀадегӀанав Аллагьас абун буго, дуцайила, Авараг, Къуръан цӀалулелъул Аллагьасдалъун гьарейила щайтӀаналдаса цӀуни. Гьаб истигӀазат ккола тӀоцобе Аварагасде ﷺ рещтӀарабги, ай, «АгӀузу биллагьи...», рещтӀана «*Бисмиллагь*гун», цадахъ, цинги – «*Икъраъ*». Гьединлъидал, Къуръан цӀалулев чиясе суннатаб буго тӀоцобе «*АгӀузу биллагьи...*», бахъизе, жиги тӀадабин абураб рагӀиги буго. Гьеб тӀадаб букӀин гӀумроялда жаниб цо нухалъ абуниги тӀаса кколин абунги буго. Ай, гӀумроялда жаниб цо нухалъниги абуравлъун вукӀин беццулеб буго.

Къуръан цӀалиялда цебе «АгӀузу биллагьи...» бахъизе суннатаб букӀиналъул хӀикмат, мурад щибан гьикъани:

***ТӀоцобисеб –*** Аллагьасул амроялда нахъ вилъин буго.

***КӀиабилеб –*** масала, цо ханасде тӀаде ине ккани, гьесдасан изно тӀалаб гьабизе ккола, ва гьевгун кӀалъалев хӀалалъ жиндир кӀалдиб рокьукъаб, бачӀине бокьулареб махӀгун вукӀине рекъоларо. Гьелдаго релълъон, Къуръан цӀалулев чиясул мисал буго дов ханасде тӀаде лъугьунев чиясда релълъун. Гьеб Къуръан цӀализе гьес Аллагьасдасан гьарулеб буго изно, ва гьарулеб буго гъибат, бугьтан, гьереси, мацӀгӀадал мунагьаздалъун чуруклъараб жиндирго кӀалмацӀ бацӀцӀад гьаби.

Тущманасда тІад жиндир корщел батиялъе гъунар, къуват бугев чи цойгиясдасан комекалде хІажалъуларо. Жив хІажалъулев вугони, гьеб комек цойгиясдасан тІалаб гьабичІого гьесие ресги букІунаро.

Гьединлъидал, гьаб *«АгІузу биллагьи...»*, бахъи ккола, Аллагьасдасан жинца цІуниги гьарун, Гьесул цІуниялдалъун горони щайтІаналдаса жиндихъаго жив цІуни бажарулареб лъан, жиндирго гІажизлъиялъе живго мукІурлъун, лагъ Аллагьасде кІанцІи. *«АгІузу биллагьи...»*, бахъулев чиясе рес гьечІеблъун ккола гьеб хІузуралда бахъи. Гъапулаб ракІалдалъун кІалалъ гьеб абун гІейги гьабуларо.

ЩайтІаналъ къосине гьари букІуна, масала, гІакъидаталъулъ[1] , умматалъул 73 батІаяб фиркъаялъул 72 фиркъа[2] къосине гьабураб гІадин. Цойги букІуна диналъулъ, ай Аллагьас тІад гьарурал жалазулъ, как, кІал, амро-нагьюялъулъ мекъса ккезе гьави. Лъабабилебги букІуна щайтІаналъ нелъее зарал гьабиялдалъун: унтизе гьарун, къварилъи, захІмалъи, мискинлъи, батІи-батІиял балагьал тІаде реччан.

Гьединлъидал нилъее рекъола *«АгІузу биллагьи...»*, бахъулеб мехалъ, гьал рехсарал киназдасаго Аллагьасдалъун цІуни ракІалдагун, хІузуралда бахъизе. Гьаб хІалалъ *«АгІузу биллагьи...»*, бахъани, абулеб буго, Аллагьас гьев чиясдаги щайтІаналдаги гьоркьоб гьабулила 300 пардав, зобалдаги ракьалдаги гьоркьобгІан манзил щибаб пардавалда гьоркьоб бугеб.

*[1] Ай, Аллагьасдехун ва гьесул сифатаздехун жиндир бугеб рекІелчІеялъулъ.**

*[2] Ай,73 батІаял рикьалабазул, къокъабазул 72 къокъа.**

***Гьаб бакIалда нилъ кантIизе ккараб жо буго, гIадамазниги, женаз-щайтIабазниги щибниги зарал гьабуларо, ай гьабизе кIоларо, ТIадегIанав Аллагьас реччан тани горони.***

Хал гьабе Аюб аварагасул ﷺ, иблисалъ досие гьабурабщинаб – Аллагьас жиб беччан тедал. Нилъеца щайтIаби абулел жалги – иблисги гьелъул тIанчIиги ккола. Жиги абула щайтIаби кколин битIараб нухалдаса жедеца къосине гьарулел, жалги къосарал, гIадамалги женалги батIа гьечIого, абун. Жалго жундул абуни, гьел руго нилъгIадал махлукъ, цIаялдасан жал рижарал. Кафурал ругони – гьел щайтIабилъун рукIина, гьечIони – бусурманал жундуллъун рукIина. Гьезул, гIадамазул гIадин, наслабиги лъугьуна, гIадамалго гIадин хойзеги хола. Амма щайтIабиян абуни, ай иблис ва гьелъул зурият, рижулел руго, холел гьечIо ахир-къиямасеб къо чIезегIан, цинги цадахъго хола.

Аварагасде ﷺ гьикъун буго васвасалъул хIакъалъулъ, гьеб нелъелъ цIакъго гIемер букIунеб жоги буго, ай бусурбабазулъ. Жаваб гьабулеб буго Аварагас ﷺ: «ЧIобогояб рокъове цIогьор лъугьунаро», – абун. Ай, гьединго, иман гьечIеб рекIелъе щайтIанги лъугьунаро абураб магIна. ГIалиасхIабасги ؓ абулеб буго: «Нилъерги китабиязулги[1] какалда гьоркьоб бугеб батIалъи ккола щайтIаналъ ракIалде васвас рехизе гьаби», – абун. Ай, гьел капурзаби ккола тIобанго щайтIаналда нахъ рилълъарал агьло, гьезий щайтIаналъ гьабизе жо гьечIо. Бусурбабийин абуни, ккола щайтIабазде данде чIаралллъун. Гьединлъидал, гьез жигар бахъула, кин хIал кIваниги, нилъ къосине гьаризе. Гьезул хIалтIи гьеб буго – нилъ къосине гьари. Нелъедаги Ал-

[1] *Ай, жугьутIазулги христианазулги.**

лагьас манлъула буго гьелдаса цIунеян ва гьелдаса цIуни Жинде гьареян.

## ХIИКАЯТ. ЩАЙТIАНГУН КЪЕРКЬОЛЕБ КЪАГIИДА

Хурасаналдаса цо тIалиб ун вуго гIилмо тIалаб гьабун ГIиракъалде. Гьенив батIа-батIаял гIалимазухъе хьвадун, гьес лъайзе гьабун буго ункъазарго хIадис рекIехъе. Ахиралда гьес рокъове тIад вуссине бокьун бугин жиндирго устарасдасан изно тIалаб гьабидал, устарас абун буго гьасде, дица дуда лъайзе гьабилищин цо калима, гьел киналго дуда лъарал хIадисаздаса дуе лъикIаб. «Гьеб калима лъайзе гьабе дида», – ян гьас абидалги абун буго устарас, ай гьикъун буго: «Ножор доба иблис букIунищ?», – абун. Гьас букIунин абидалги гьикъун буго устарас: «Долъ ножор ракIазулъе васвас ккезе гьабулищ?», – абун. Гьас гьабулин абидалги гьикъун буго устарас: «Ножоца долда щибха гьабулеб?», – абун. «Нежеца гьеб щайтIан [ай, гьелъ ракIалде рехизе гьабураб васвас] нахъе хъамулаха рекIелъа», – ян гьас абидалги, гьикъулеб буго устарас: «КIиабизеги бачIани щибха гьабулеб?», – абун. «Гьеб мехалъги хъамулаха», – ян гьас абидал, устарас манлъулеб буго гьадин: «Нужее гьеб Аллагьасул тущманалъ зарал гьабун, нуж гIибадаталдаса машгъул гьарун, ракIалде васвас рехараб мехалъ, нуж гьеб хъамизе лъугьунге, ай гьеб хъамиялда машгъуллъуге, киниги нуж рукIа гьеб малгIунгун цадахъ, квешаб гьойгун цадахъ вугев вехьасда цадахъ ругел гIадин». Ай, гьеб квешаб гьоялдаса цIунизе, гьеб нахъе чIвайзе цо чи лъугьани, вехьасдасан комекги тIалаб гьабичIого, щибха ккелеб? Гьесда кIал бан горони чIеларилан лъугьун бортанхъулеб гьойги букIуна, гьелда хьвагIулев, речIулев гьавги вукIуна, гьеб чIвайзе гьасул къуватги гьечIо, чIван горони чIолеб добги гьечIо. Гьаб

хIалалда гьойгун вагъиялдаса, гIакъилав чиясе лъикIаб гьечIищ вехьасде нахъе кIанцIун чIейи, ай, гьесдасан комек тIалаб гьаби, гьеб нахъ чIваялъе? Вехьас цо гьаракь гьабуни: «Добахъа», – ян абун гьой тIурун уна.

ХIасил, устарас манлъулеб буго дов жиндирго мутагIалимасде, гьоялдаса цIунизе дов чи вехьасда нахъе кIанцIулев гIадин, щайтIаналдаса цIуни Аллагьасдасан даимго тIалаб гьабулевлъун вукIаян. Аллагьас цIунаги, нилъер, хассго ракIал, кIал-мацI ва гIакъло щайтIаналдаса, Аюб аварагасул ﷺ цIунарабгIадин!

Абу СагIид ал-Харази абулев агьлулагьазул цоясда бихьун буго макьилъ иблис. Гьес гьелда кьабизе гIанса борхун буго. Цинги гьеб малгIуналъ абун буго гьесде: «Я Аба-СагIид! Дун гьеб дур гIансаялъухъа хIинкъуларо, дун хIинкъула гIарифасул [ай, Аллагь лъалев чиясул] рекIелъан, гвангъараб бакъул чIорал гIадин речIун бачIунеб илагьияб нуралъухъа», – абун. ХIал кIолев Аллагьас Жиндирго рахIмо-цIцIобалдалъун гвангъизе гьареги ракIал муъминзабазул!

## АВАРАГАСУХЪЕ ИБЛИС БАЧIИН

Ибну ГIабасидасан ﷺ бицунеб буго, цо къоялъ масжидалдаса къватIиве вахъунаго Аварагасда ﷺ кIалтIа чIун батанила иблис. Гьес гьелда абунила: «Гьай малгIун, мун щибизе бачIараб дир масжидалъул кIалтIе», – абун. Иблисалъ жаваб гьабунила: «дун Аллагьас битIун бачIана гьанибе, дуца гьикъе дида бокьараб жо, дица бицина», – абун.

ТIоцобе Аварагас ﷺ гьелда гьикъанила: «Я малгIун! Дуца щай дир уммат жамагIаталда как байзе рачIиналдаса нахъчIвалел», – абун. Гьелъги жаваб гьабунила: «Дур уммат жамагIатгун как байзе масжидалде руссине байбихьидал жинде сири-хъизирма щола, гьел какдаса рикьизегIан гьеб унти тIасаги унаро», – абун. Гьадинаб унти жинде щолеб букIун хадуб гьеб малгIуналъ кигIанха жигар бахъиларо жамагIаталда как байзе гIадамал данделъиялъе квал-квалал гьаризе!

КIиабизеги гьикъанила гьеб малгIуналде: «дуца щай дир уммат гIилмо тIалаб гьабиялдаса, дугIа гьабиялдаса, ай гьелъие гIоло данделъиялдаса нахъчIвалеб», – абун. Гьелъиеги гьабунила жаваб малгIуналъ: «ГIилмо цIализеги, дугIаялъеги дур умматалъул гIадамал данделъидал, дун гIинкълъула ва бецлълъула, гьеб бихьиги рагIиги тIад буссунаро гьел мажлисалдаса риххун горони», – абун.

Хадубги гьелда гьикъанила: «дуца щай нахъчIвалеб дир уммат Къуръан цIалиялдаса», – абун. Гьелъиеги жаваб гьабунила иблисалъ: «Къуръан цIализе дур уммат лъугьараб мехалъ, дун цIадабе рехараб тIохьигIадин биуна», – абун.

Хадубги гьикъанила гьелде: «Дуца щай нахъчIвалеб дир уммат гъазават гьабиялдаса?», – абун. Гьелъиеги жаваб гьабунила малгIуналъ: «Гъазаваталде гьел рахъаралдаса тIад руссинегIан дир бохдул-хIатIазда маххал рала ва дун гIодоб хутIула, – абун. – Садакъа кьезе гьез къасд гьабидал [ай, умматалъул чагIаз], дир бетIералда лъола хъухъадеро ва дун хъухъала тIаса гъоркье, цIул хъухъалеб гIадин».

Вагьбодасан бицунеб буго, НухI авараг ﷺ гамаялдаса къватIиве вахъун хадув, гьесде аскIубе бачIанила иблис. Гьес гьикъанила: «Я Аллагьасул тущман! Адамил лъимал, ай гьесул зурият, къосине гьабиялъе дуеги дур боязеги бищунго комек щиб жоялъ гьабулеб?», – абун. Гьелъ жаваб гьабунила: «нежеда ратараб мехалъ цо чиясулъ бахиллъи, хъантIи, хIасад, чIухи, кколареб бакIалда хехдаригIадал тIабигIатал, гьев чи нижеца лъималаз торгIогIадин бокьухъе гьавула, ва гьесда цIарги лъола нижеца *“щайтIанун марид”* абун, щаян абуни, гьел хасиятал кколелъул нижер руасаазул[1] хасияталлъун».

Бицен буго Аварагасдасан ﷺ бачIараб, кIиябго квералъ дунялги ккун[2], щибаб къойил иблисалъ ахIулила: «Жиндасан зарал горони, хайирги гьечIеб, гьединго, ургъелпащманлъи горони, рохелги гьечIеб гьаб бичун босулев чи вугищ?!», – абун. Цинги дунялалда хадур лъугьарал гьелъул агьло рачIунила, нижеца босилаянги абун. Гьелги цIакъ гьира-шавкъалда, кодоса борчIунго ина бугеб жоялда хадургIадин, хIалакунги рачIунила. Цинги иблисалъ абулила: «ЧIа, нуж гIедегIуге, гьалда цо гIайибги буго», – абун. ГIайибго цIехечIого, бугониги кIваричIин, гьеб нежеца босизе буго, абун лъугьунила гьал. Гьанжиги иблисалъ абулила: «Гьалъул багьаги ножое алжаналъуса щвезе бугеб пай бугоха, гIарац-меседалъухъ кьоларо, – абун. – Дицаги гьаб ункъго жоги кьун босараб буго», – ян тIадеги жобалила малгIуналъ. Гьелдаги разилъулила гьал. «Базарганасе базаралда хадуб хайирги бачIине кколелъул, дие дагьаб тIаде хайиралъе, ножое цо шартIги лъезе ккола», – янги абулила гьалъ. Гьебги тIаде босулила гьаз.

[1] Ай, бищунго чIахIиял щайтIабазул.
[2] Ай, дунялалъул берцинлъи.

***Доб ункъабго жо гьалъ дунялалъухъ кьураб:***

***тIоцобесеб –*** Аллагьасул рахъалъан жиндие щвараб нагIана, ай, Дос рахIматалдаса бачахъи;

***кIиабилеб –*** жинда Аллагьасул ццин бахъин;

***лъабабилеб –*** ахираталда гIазаб;

***ункъабилеб –*** аб дунялалъухъ алъ хисараб алжан.

***Гьалъ дозие лъураб шартIги*** – босун хадуб киданиги ракI бухIун дунялалдаса руссунгутIи.

Гьаб кинабгоги къабул гьабун, дунялги босун, гьал нахъ руссунаго, хадубги балагьун гьалъ абулеб буго: «Огь, ножоца гьабураб дарамалъул ножоего квешлъи», – абун. Ай, ножоца гьабун тараб ножоего заралияб даран, – абун.

## КЪУРЪАН ЦIАЛУЛЕВ ЧИЯСЕ «АГIУЗУ БИЛЛАГЬИ...» БАХЪИЗЕ СУННАТЛЪИЯЛЪУЛ ХIИКМАТ

قَالَ تَعَالَى: ﴿ فَإِذَا قَرَأْتَ ٱلْقُرْءَانَ فَٱسْتَعِذْ بِٱللَّهِ مِنَ ٱلشَّيْطَٰنِ ٱلرَّجِيمِ ﴿٩٨﴾ إِنَّهُۥ لَيْسَ لَهُۥ سُلْطَٰنٌ عَلَى ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَلَىٰ رَبِّهِمْ يَتَوَكَّلُونَ ﴿٩٩﴾ إِنَّمَا سُلْطَٰنُهُۥ عَلَى ٱلَّذِينَ يَتَوَلَّوْنَهُۥ وَٱلَّذِينَ هُم بِهِۦ مُشْرِكُونَ ﴿١٠٠﴾ ﴾ النحل: ٩٨ - ١٠٠

Гьал рехсарал аятазул магIна: ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: «Дуцайила, Авараг ﷺ,Къуръан цIализе байбихьулелъул, Аллагьасде [ай Жинде] гьарейила Дица жиб рахIматалдаса бачахъараб малгIун иблис, ай, щайтIаналдаса цIуни. ХIакъикъияб лъеялъ Диде иманги лъурал, гьединго Диде мугъчIвай, таваккалги бугел рацIцIадал муъминзабада, вализабада тIад кверщел гьабизе [ай, гьел къосине гьаризе] гьелда кIвезе гьечIо. Гьелъ жедеда кверщел гьабулел, гьелъ къосине гьарулел гIадамалин абуни, гьел ккола гьеб щайтIаналъул

ахIиялъе жаваб гьабурал, гьелда нахъги рилълъарал гIадамал, ва гьединго жедеца Аллагьасдехун ширк гьабулел гIадамалги».

Гьаб рехсараб аяталъулъ Аллагьас хитIаб Аварагасде ﷺ гьабуниги, хIакъикъаталда умматалде гьабураб ккола. Жив магIсумияв, ай щайтIаналдаса цIунаравлъунги вукIаго, «Гьелдаса цIуни Жинде гьаре», – ян Аллагьас Аварагасдецин ﷺ абураб мехалъ, нилъ, ай уммат, кигIан хIажаталлъун ккела гьеб щайтIаналдаса цIуни Аллагьасде гьаризе? Гьелде уммат кантIизе ва гьелда тIадчIейги умматалъ гьабизегIоло гьабураблъун ккола Аварагасдехун ﷺ хитIаб.

КъуръанцIализебайбихьулевчиясщайтIаналдасацIуни гьарулелъул, гьесда ракIалде щола гьеб малгIуналъул ккараб къисса, гьеб малаикзабада гъорлъ букIа-раб куц, цинги Адам аварагасе عليه السلام сужда гьабизе чIухIиялдалъун, гьеб Аллагьас рахIматалдасаги бачахъун, щайтIан-иблислъун свери. Гьаб киналдаголъун гьев чияс *«АгIузу биллагьи...»*, бахъиялъулъ кIвар гьабичIого рес букIунаро. Гьелдалъун гьес хIузурги кквела, батIа-батIаял хивалал-пикраби рекIелъа рахъиялъе сабаблъунги букIина, цинги Къуръаналъул щибаб аяталъулъ ругел ишараби, магIнаби, гьезул хIакъаикъал, – гьел ричIиялъе, гьесул истигIазаталда рекъон Аллагьас, иншааллагь, фагьмоги кьела. Аллагьас кьеги Къуръан цIалулел киналго бусурбабазе гьеб Къуръаналъул хIакъикъияб бичIчIи! Амин!

Амма васвасаз, батIа-батIаял мурадаз, пикраби-хивалаз пурччараб ракIгун, кIалалъ Къуръан цIалиялдалъун абуни, аб хIалалъ магIна бичIчIи букIунеб гьечIо. Гьеб хIакъабги буго.

МалгIун иблисалъ Аллагьасде абун буго: «Я БетIергьан! Дуца абун буго Къуръаналда жаниб: “ХIакъикъиял Дир лагъзадерида тIад кверщел гьабизени дуда кIойзе гьечIо”, – абун. Гьел щал кколел?», Аллагьас бицунеб буго: «Гьел ккола жедер гьормада бугеб нурги Дир ГIаршалъул бугел [ай, ГIаршалдасан бугел], Ибрагьим ва МухIаммад [عليهما الصلاة والسلام] – гьал кIиялго рижарал хIарщалдасан рижинги жедер бугел гIадамал», – абун.

Гьанжиги иблисалъ гьикъулеб буго: «Кинал чагIиха гьел кколел?» – абун, ай кинаб хасият-тIабигIаталъул гьел кколел абун. Аллагьас абулеб буго: «Гьел кколила жедедасан ккарал мунагьазда ракI бухIун пашманлъиялда рукIунел ва ахир рухIбосиялда аскIор жал мекъса ккеялдаса хIинкъиги жедер бугел гIадамал. Гьезул гьормазда бугеб нурги Дир ГIаршалдасан букIунила. Гьобол-гьудуласе, вакъарав-мискинасе жидеца квенги кьолел, жал лагъзадеридаги гурхIулел. Гьазул рижинги рехсарав кIиявго аварагасул хIарщалдасан букIунила. Кинаб бугониги Дир хIукмуялдаги разияв, Дун разилъи тIалаб гьабиялдаги жив вугев, гьев чиясул ракIги Дир хазина кколила». Аллагьас ﷻ нилъ гьареги Жиндир хIукмуялдаги разиял, Жив разилъиги даимго тIалаб гьабулездаса! Амин!

Муъминчияс жиндие нагIана кьедал, иблисалъ абулила: «ЛагIанта лагIинан», – абун[1]. Ай, дуца кьечIониги дие нагIана кьурабго бугоян абураб магIнаялда, гьелъ гьеб санго гьабуларила. Амма муъминчияс *«АгIузу биллагьи...»*, бахъараб мехалъин абуни, гьелъ абулила: «Дуца дир мугъ бекизе гьабуна», – абун. Цойги абун буго, щибаб

[1] *Ай, дуца нагIана кьунаха лагIиналъе, ай Аллагьасго лагIин абураб дие — абун, гьеб нагIана гьелъ санго гьабуларила.*

къойил анцІго нухалда кколеб къагІидаялда *«АгІузу биллагьи...»*, бахъарав чиясдаса щайтІан нахъе хъамизе Аллагьас хассав малаик вакил гьавулиланги.

*Сурат*алъул авалалдасан цІалулеб бугони ялъуни гьоркьосан аят цІалулеб бугониги, *«АгІузу биллагьи...»*, кинавниги чиясда тІадаб бугилан абун буго. Суннатаб бугин абунги буго. «Суннат тарав чиги нежедасан гьечІо», – ян Расулас ﷺ абунги бугелъул, тІадабго батичІониги, бахъичІого тейи нелъедаги рекъараб гьечІо.

**وروى جبير بن مطعم قال : رأيت رسول الله ﷺ يصلي فقال : ((الله أكبر كبيرا والحمد لله كثيرا وسبحان الله بكرة وأصيلا أعوذ بالله من الشيطان الرجيم من نفخه ونفثه وهمزه))**

Гьаб рехсараб дугІа какилъе лъугьиндал Аварагасги ﷺ цІалун буго. Гьединго Абу-ХІанифат имамас ва ШафигІияс какил авалалда *«АгІузу биллагьи...»*, бахъун буго. Хадусеб как, ай киналго ракагІатал данде рачун, гьез гьеб цохІо къираатлъун рикІкІун буго. Ай, какилъе лъугьиндал бахъаралда гІей гьабун буго[1]. Аллагьас тавфикъ кьеги бусурбабазе, сундулъго щайтІаналдаса цІуни Досдасан гьарулеллъун рукІине, гьариялъул натижат[2] хІасуллъулеб куцалъ.

*Нелъер къуваталъ нахъчІван чІезабизе кІолареб,*
*Загьираб тущман буго, щайтІан абун цІар бугеб.*
*Адамие сужда тун, лагІинлъун[3] жиб гьабидал,*
*Гьесул зурриялалъе заралалъе хІалтІулеб.*

*[1] Имаму ШафигІиясул цойги рагІи буго «АгІузу биллагьи» щибаб ракагІаталъул авалалда бахъизе суннатаб бугин абурабги.*

*[2] ХІасил.*

*[3] Аллагьас Жиндир рахІмат-цІобалдаса бачахъараблъун.**

*ХIасадалъул цIакълъиялъ, къосинавун горони*
*Бусурманчи теларин тIаде жинца босараб.*
*ЖужахIалъул агьлолъун Аллагьас жиб гьабидал,*
*Жинда хадуб гIаламго цIазейилан лъугьараб.*
*Гьелъул заралалдаса цIунизе бокьаразе*
*ЦIоб гIатIидав Аллагьас гьалегури манлъулеб.*
*Нелъедасан Жиндие щибго жо хIажат гьечIев*
*ХIилмо тIокIав БетIергьан гурхIулев куц вихьулищ?*
*ШартIал тIорайзе гьарун, ракI хIузуралде бачун,*
*«Бисмиллагьалда» цебе бахъе «АгIузу биллагь...».*
*Амро гьабун бугелъул, суннатаб букIаниги,*
*Суннат тIобайзабизе тIадчIей гьабе, ихванал[1]!*
*Аллагьасул рахъалъан рахIмат-цIобалде хьулгун,*
*РачIа, диналъул агьло, ихлас[2] камил гьабизин.*
*«АгIузу биллагь...» бахъун, БетIергьанасе хIелун,*
*иблис ричIад гьабеян гьариялда рукIинин!*

## КЪУРЪАНАЛЪУЛ ХИРАЛЪИЯЛЪУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН

ТIадегIанав Аллагьасул калам букIин лъан хадуб Къуръаналъул хиралъи сундалъун бицинеб ва гьелъие къимат кин кьелеб? Гьелъул хиралъи бицине, гьелъие къимат кьезе лъугьине инсанасе бакIго киб хутIулеб? «Аллагьасул калам буго», – ян абиялдаса тIадегIанаб къимат гьелъие кьезе кIоларо. Гьеб Къуръан ккола Аллагьасул рохьен, жиб ккойзе щварав гьалаклъиялдаса хвасарлъулев. Ай, битIараб, хIакъаб нух, жиб ккурав мекъса кколарев. Цере аразул ва хадур рачIунезул хабарги жинца бицунеб, ай Адамидаса бахъараб ахир-къиямасеб къо чIе-

[1] Ихванал – вацал.
[2] Ихлас – гьабулеб гIибадат-гIамал бацIцIадго Аллагьасе гIоло гьаби.*

зегIан цебе лъугьун арабги хадуб лъугьине бугебги жинца бицунеб. Жиб цIаларасе хIарф рикIкIун кириги щолеб, жинда гIамал гьабурав витIунги кколев, гIамал гьабичIев мекъсаги кколев.

Аварагас ﷺ абун буго: «Къуръанги цIалун, гьелда гIамалги гьабун щив чи вугониги, къиямасеб къоялъ гьесул эбел-инсул бетIералда лъола таж, бакъулгIан нур гвангъараб». Жиндиего кинха букIинаро, эбел-инсуецин гьединаб даража щвараб мехалъ.

Аварагасдасан ﷺ бицараб хIадис буго: «Къуръан жинца цIалулев муъминчиясул мисал буго, жиндир татуги лъикIаб махIги берцинаб пихъалъул[1]. Къуръан цIаличIев муъминчиясул мисал буго, ай гьев релъон вуго, жиндир тату лъикIаб, амма махI гьечIеб чамарсакалда. Къуръан цIалулев фажирасул[2] мисал буго, гьев релълъене гьавун вуго, махI берцинаб, тату кьогIаб пихъалда. Къуръан цIаличIев фажир релълъене гьавун вуго жинда махIги гьечIеб, татуги кьогIаб хIанзалаталда[3]».

МухIйиддин ибнул-ГIарабияс [قدس سره] абун буго: «*Сурат ал-Бакъарат*алда», жаниб азарго амро, азарго нагью, азарго хIукму, азарго хабар буго, гьеб ккойи, ай гьелда гIамал гьаби, нахъвилълъин – баракатлъун, гIамал гьабичIев, нахъ вилълъинчIесе – ургъел-пащманлъилъунги бугеб». Гьеб сурат жаниб цIалараб рокъобе лъабго къоялъ щайтIан лъугьунароянги абун буго. Аварагасул ﷺ хIадисалда буго: «“*Сурат ал-Бакъарат*” цIалулеб рокъоб щайтIан чIоларо, лъутула», – абун. ХIасил:

*[1] Ай, лимоналъул.*

*[2] Ай, цIаларалда гIамал гьабуларев фасикъ.*

*[3] Ай, гьединаб набаталда-ххералда.*

***Кантlизе ккараб жо буго, Къуръан гlицlго цlалун тезе гореб, цlализеги цlалун жинда нахърилълъун, гlамал жинда рекъохъе гьабун, пайда босизе рещтlараб букlин лъай.***

ХIужатул-Ислам имам Гъазалияс абун буго Къуръан цIалиялъул хIакъалъулъ жиндир *«Китабуль-кашфи ва табийин фи гъурурил-халкъи ажмагIин»*, абураб тIехьалда:

**وفرقة أخرى اغتروا بتلاوة القرآن فيهدروا به هدرا ربما يختمون في اليوم والليلة ختمة وألسنتهم تجري به وقلوبهم تتردد في أودية الأماني والتفكر في الدنيا ... فمن قرأ كتاب الله في اليوم والليلة مائة مرة ثم ترك أوامره ونواهيه يستحق العقوبة وربما كان له صوت طيب فهو يقرأ ويتلذذ به ... الخ . صـ ٤١ ، بهامش «تنبيه المغترين»**

Гьес абулеб буго: «Цойги фиркъа[1] бугила гIадамазул, Къуръан цIалиялдалъун жал гуккарал, ай беччан гьаракьгун гьеб цIалулел, ракIалин абуни цIалулеб хIалалъулъ дунялалъул фикрабазулъ паналъун свердила рукIунел. Щибаб аяталъул магIнаялде фикриги буссинабун, сундалъун амро гьабула бугеб, щиб жоялдаса нахъ чIвала ругел, гьебги лъан, гьеб киналдаго гIамал гьаби мурадгун цIализе кколеб бакIалъ.

Щибаб сордо-къоялъе нусго нухалъ Къуръан цIалун ахиралдеги щойзе гьабун, гьелда гIамалги гьабичIого щив чи вугониги, гьев чи гIазабалъе хIакълъула. Къуръан цIалулелъул жиндирго берцинаб гьаракь-бакъаналъул жиндиего щолеб лазат горони, гьесда магIна бичIчIиялъул лазатги лъайзего лъаларо». СвалихI ал-Марвани абулев кIудияв Аллагьасул валияс абулеб буго: «Жинца макьилъ цIаланила Аварагасе ﷺ Къуръан, цинги гьес жинде

[1] Тайпа, къокъа.*

абунила: «Къуръанни цIалана, гIоди кибараб?», – абун. Цойги Аллагьасул кIудияв валияс абулеб буго:

**من لم يبك على نفسه عند تلاوة القرآن فهو مغرور لأن المراد منه العمل لا التلاوة**

«Къуръан цIалулаго жиндихъго гIодуларев чи – гьев ккола гьеб цIалиялдалъун жив гуккарав чи», – абун.

**وفي الحديث : ((أكثر منافقي هذه الأمة قراؤها)). «تنبيه المغترين»، ص ١٢٠**

Аварагасул ﷺ хIадис буго: «Гьаб жиндир умматалъул гIемерисел мунафикъзаби къураал руго», – абун, ай рукIина абун. Аллагьас цIунаги гьадинав къариълъун вукIиналдаса!

**عن عليّ بن أبي طالب رضي الله عنه أنه قال : يا حملة القرآن اعملوا به فإن العالم من عمل بما علم ووافق علمُه عملَه وسيكون اقوام يحملون العلم لا يجاوز تراقيهم يخالف عملهم علمهم ويخالف سريرتهم علانيتهم يجلسون حلقا يباهي بعضهم بعضا حتى ان الرجل ليغضب على جليسه ان يجلس إلى غيره ويدعه اولائك لا تصعد أعمالهم في مجالسهم تلك إلى الله تعالى . «كتاب حملة القرآن» للنووي رحمه الله**

Жинда Аллагь разилъаяв ГIали асхIабас абун буго: «Я хIамалатал-Къуръан[1]! Ножоца гьелда гIамал гьабе, гIалим абулебго лъаралда жинца гIамал гьабурав [ай жиндир гIамал гIилмоялда рекъон ккарав] чиясде буго», – абун.

Хадубги гьес абулеб буго, нахъ заманалда цо къавм бахъинила, жедехъ гIилмо бугел, ай гьеб цIализеги

*[1] Ай, Къуръан цIалулеб агьло!*

бицинеги лъалел, амма гъеб гIилмо жодода щекъер ккун гъоркьехун инчIел, – абун, – жедер гIамалги гIилмоялде данде кколарел, ракIалда бугелъул хилафалда кIалалъги бицунел, ай жедер загьир батIиналде данде кколарел, мажлисалда жал гIодорги чIолел цуцадаса чIухIун, хIатта жинда аскIов горев цойгиясда аскIов гIодов чIарасда жедер ццин бахъунел, ай живгогIадав цойги гIалимасда аскIов жагьилав гIодовчIейицин захIмалъулел, гьел гIадамазул гIамал Аллагьасде бахунаро. Гьедин бицунеб буго ГIали асхIабас ﵁.

**وقد كان مالك بن دينار رحمه الله يقول : يا أهل القرآن ما ذا زرع القرآن في قلوبكم فإن القرآن ربيع القلب كما ان الغيث ربيع الأرض . «تنبيه المغترين»**

Малик бину Динар абурав Аллагьасул кIудияв валияс абулаанила: «Ва Къуръаналъул агьло! Ихдал хур-хер бижине ракьалъе цIад гIадаб жо ккола нелъер ракIазе Къуръан, ножор ракIазулъ гьелъ щибха бекьараб!», – абун.

**وقد كان سفيان الثوري رحمه الله تعالى يقول : لا ينبغي لحامل العلم والقرآن أن يكون جافيا ومماريا ولا رافعا صوته بالحديث والعلم ولا راغبا في الدنيا لأن كل كلمة مما هو حامله تقول له : ازهد في الدنيا . «تنبيه المغترين»**

Суфян абурав Аллагьасул валиясги абулаанила: «ГIилмоялъул ва Къуръаналъул агьлолъун вугев, ай гьеб цIалулев чиясе рекъоларо жив ццидалав, хъачIавлъун, дагIбадулевлъун, Къуръан-хIадис бицунелъул гьаракь борхун ахIдолевлъун, ва дунялалде хьул цIакъав, хъантIаравлъун вукIине. Щаян абуни, Къуръаналъул, гIилмоялъул жинца цIалараб, жинда лъарабщинаб калимаялъ гьесде абула бугелъул: “Дуца дунял те, ай мун гьелда хадув унге”, – абун».

**وقال أنس بن مالك رضي الله عنه : ربّ تال القرآن والقرآن يلعنه . وكان أبو سليمان الداراني رحمه الله تعالى يقول : الزبانية إلى حملة القرآن أسرع منهم إلى عبدة الأوثان ، أي لكونهم خالفوا ما حملوا . «تنبيه المغترين»**

Жинда Аллагь разилъаяв кIудияв асхIаб – Анасица абулаанила: «Къуръан цIалулев чи чанилаха вукIунарев, Къуръаналъ жиндие нагIана кьолев». Абу-Сулайман абурав агьлуллагьазул кIудияв чиясги абулеб буго: «Къиямасеб къоялъ забаниятал, хъанчие лагълъи гьабулел гIадамалги тун, рортулила жодоца дунялалда Къуръанги цIалун, гьелда гIамал гьабун хьвадуларел рукIарал гIадамазда хадур, ай гьел ккойзе, гьезие гIазаб кьезе».Жинда Аллагь разилъаяв Абу-Гьурайрат асхIабасги абулеб буго: «Аллагьас гьаб Къуръан рещтIун бугила, жинда гIамал гьабизелъун, гьанжи гIадамазин абуни, лъикIаб гIамал гьабилъун жибго Къуръан цIали ккун буго, ай гъолда гIамал гьабиялъул бакIалда, гIамал гьаби гьоркьосаго бахъун буго», – абун.

Къуръан цIалулаго гьелъул гьаризе кколел адабал ва гьединго цIалун тей гореб, цIалаоралда рекъон гьелда гIамал гьабизе ккеялъул хIакъалъулъ бицен тIахьада цIакъго гIемер буго. Гьел киналго данде гьарун тIехь хъваниги, киналдасанго мурад, гьелъ нилъ ахIулеб рахъ – цохIого цо цIалаоралда гIамал гьаби буго. Аллагьас тавфикъ кьеги, хIал кIварабгIан къадаралда Къуръан-хIадисалда гIамал гьабун хьвадизе, гIамал гьабизе кIойчIелда ракIбухIун тавбо гьабизеги, тIоцобе диего, хадуб МухIаммадияб умматалъего! Амин!

Жибго Къуръан цIалиялъул кирийин абуни [ай, къираататалъул], цIаларасе букIуна, магIна лъалев вугониги дов къариъ, лъаларев вугониги, гьалдеги кантIе! Инжил,

Таврат, Забур ва цогидал киналго ТІадегІанав Аллагьас Жиндир русулазухъе рещтІарал тІахьал, тІамчал, – гьел киназулго магІна Къуръаналда жанибе буссине гьабун буго Аллагьас. Кинабго Къуръаналъул магІнайин абуни – «*АлхІам*алде», жанибе буссине гьабун буго, «*АлхІам*-алъул», магІнайин абуни:

بِسْمِ اللهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

*«Бисмиллагьи ррахІмани ррахІими»*, – ялде жанибе буссине гьабун буго. Гьелъулги магІнайин абуни, тІоцобисеб хІарф «*Б*», гьаб «*Би*»-хІарфалда гъоркь бугеб нукътІаялде[1] буссине гьабун буго. Гьанжи Аллагьас абулеб буго:

بِي كَانَ مَا كَانَ وَبِي يَكُونُ مَا يَكُونُ

– абун. Ай, Аллагьас абулеб буго: «*Би*», – «Дидалъун буголъана, буголъараб щинаб», «*ва Би*», – «Дидалъун буголъизеги буго, буголъизе бугебщинаб жо», – абун. Гьадин бицун буго тІахьада. ТІадегІанав Аллагьас гьадин абун хадуб, тІокІав цевехун ине инсанасе бакІги кинха хутІилеб?!

## «АЛХІАМАЛЪУЛ» ХИРАЛЪИЯН АБУНИ:

Аварагас ﷺ абулеб буго: «"*Сурат ал-ФатихІат*", ай "*АлхІам*", Тавраталда букІарабани, Муса аварагасул ﷺ къавм ягьудаллъун лъугьинароан, Инжилалда букІарабани, ГІиса аварагасул ﷺ къавм насраниял лъугьинароан, Забуралда букІарабани, Давуд Аварагасул ﷺ

[1] *ТІанкІалде.**

къавм масхо гьариларoан, ай гьалаг гьариларoан», – абун. ХIузайфат абурав асхIабасдасан ﵁ бицараб хIадисалда абулеб буго, ТIадегIанав Аллагьас, Жиндир хIукмукъазаалда рекъон цо къавмалде тIаде балагь беччайзе букIунила [яги беччан букIунила]. Цинги мактабалда[1] цIалулев сабияс, ай гьитIинав чияс цIалулила *«АлхIам»*, цинги, гьеб рагIидал, Аллагьас гьеб балагь нахъ чIвалила, ялъуни тIаса босулила.

**قوله تعالى : ﴿ وَإِنَّ جَهَنَّمَ لَمَوْعِدُهُمْ أَجْمَعِينَ ﴿٤٣﴾ ﴾ سورة الحجر ، الآية ٤٣**

ТIадегIанав Аллагьас рахIматалдаса бачахъидал, малгIун-иблисалъ абулеб буго: «Дуца дун къосун ккезе гьабиялъе гIоло, Дур тIадегIанлъиялхIа, – ян абун гьедулеб буго гьеб, – дица Адамил лъимал гьетIизе гьарила, гьезда берцин рихьизе гьарила магIсияталъ, дица гьел киналго рачина, ай ккезе гьарила къосараб, мекъаб нухалде. Дуца жодое тавфикъ кьун тIоритIарал, Дуца цIунарал Дур лагъзални гоpo, гьезда тIад кверщел гьабизе дида кIоларо». Цинги тIадегIанав Аллагьас абулеб буго: « Гьеб, дуда гьел къосине гьаризе кIолареб нух, – гьеб буго битIараб нух, ай жал Диде щолеб нух. ХIакълъунго, гьеб нухалъ арал рацIцIадал мухлисазда тIад кверщел гьабизени дуда кIвеларо, дуда нахъ рилълъарал хутIун, – ай гьезда кверщел гьабизе дуда кIвела. – ХIакълъунго, жужахI – иблисалъе, гьелъул комекчагIазе ва гьелда нахъ рилълъаразе къотIи гьабураб, ай гьел руссунеб бакI буго».

*«Сурат аль-ФатихIат»,* ай *«АлхIам»*, Аварагасухъе ﷺ босун вачIиндал Жабраил малаикас ﵇ абун буго: «Гьаб цебе рехсараб аят рещтIиндал дун дур умматалда

[1] *Мадрасаялда.**

хIинкъун вукIана, – гьанжи дир божи лъуна дур уммат жужахIалдаса хвасарлъиялда», – абун.

Аварагас ﷺ абун буго: *«АлхIам»*, жинца цIалун щив чи вугониги, гьев Инжил, Таврат, Забур, Къуръан, ай киналниги Аллагьас аварагзабазухъе рещтIаралщинал тIахьал цIаларав гIадин вукIуна», – абун. Шамалдаса бачIунеб абужагьалил анкьго къафилаялдасан данделъараб гIир, ай даран базаралъул къай-матахI Маккаялде щойдал, ретIине ретIел, кваназе койн гьечIого, язихъго ругел асхIабзабигун цадахъ вугев Расуласда ﷺ гьеб гIир бихьидал, гьазда ракI бухIун, гьазул ресукълъиги доб къай-матахIалде хIажалъиги хал гьабун, Аварагасул ﷺ рекIелъе гьелдалъун хивал-пикро рехун буго. Цинги Аллагьас гьесул ракI батун гьаб аятги рещтIун буго:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ وَلَقَدْ ءَاتَيْنَٰكَ سَبْعًا مِّنَ ٱلْمَثَانِى وَٱلْقُرْءَانَ ٱلْعَظِيمَ ﴿٨٧﴾ ﴾ الحجر: ٨٧

«Абужагьалие Дица кьураб, гьеб дунъялалъул паналъулеб малалъухъ мун валагьуге, Дица дуе кьун бугелъул гьелъул бакIалда *“Сурат аль-ФатихIат” – АлхIам.* АсхIабзабазул мискинлъиялдаги мун пащманлъуге, гьездехун гIодове веччан, берцинаб балагьиялдаги мун вукIа. Гьедин мун вукIин гьезул ракIазе лъикIаб буго дунялалъул малалда корщел батиялдаса».

Гьаб аят рещтIиналъе ккараб сабабалъул хIакъалъулъ дагьабги гIатIидго бицани, цо къоялъ Авараг ﷺ асхIабзабигун цадахъ гIодов чIун, Аллагьасул нигIматал, дунял – фаналъулеб, ахират – даимаб, паналъи гьечIеб букIин, ахираталда муъминчиясе букIунеб кири-даража, кафурасе букIунеб гIазаб-гIакъоба – гьал ракIалде щойзарун, фикрабада рукIанила.Цинги гьезда рагIанила

рохалилаб ахIи-хIур, кьабулеб жергъен-къалиялъул гьаркьал. «Гьаб рохелго щибдай буго Маккаялъул агьлоялъе бачIараб», – абун Авараг ﷺ кIалъайдал, асхIабзабаз абун буго, гьаб нелъеца цебе рехсараб анкьабго къапила, ай «гIир», бачIун, гьелдалъун гьабулеб рохел буго, абун. ТIаде рахъун ралагьидал, гьаздаги бихьун буго цо-цоккун Маккаялде лъугьунел гIиралъул анкьабго къафила. Гьанжи гьал хIайранлъун руго, гьаз цуцадеги абун буго: «Гьадаб къай-матахI букIарабани, нелъеца садакъадаеги бикьилаан, нилъгоги лъикI рукIинаан», – абун. ГурхIелрахIмо жиндир тIокIав Расуласул ﷺ ракIалдеги гьединго ккун буго, гьазда ракI барахщиялъ.

Гьеб сагIат Жабраил малаикас عليه السلام Аварагасухъеги ﷺ рещтIун абулеб буго: «Я МухIаммад! Дуде Аллагьас абулеб буго: "Дица дуе кьуна, ай абужагьалил анкьабго гIиралъул бакIалда, анкьго аят, ай *«Сурат аль-ФатихIат», – АлхIам*, жиб цIаларасе жужахIалъул анкьабго гъапу къалеб, хвел тун батIаябщинаб унтиялъе дарулъунги бугеб, киналниги русулазде рещтIаралщинал тIахьазда жанибги жибгIан хирияб *бисмиллагь* гьечIеб, духъе жиб рещтIиндал иблис гIакъло ун чIичIчIидун лъугьун, киналниги иблисал, ай гьелъул тIинч-къедалъ: я нежер сайид, я нежер амир, дуе ккараб щиб, – абун гьаз гьикъидал, гьеб малгIуналъ: "Валлагь, жакъа цо *бисмиллагь* рещтIана гьаб умматалъухъе, жиб цIаларав чи хIисаб-суал гьечIого алжаналъуве лъугьине гьавулеб, жиб цIалулев чиясе нелъеда зарал гьабизеги кIолареб, гьанжи нелъер макро-хIилла гьелъ батIул гьабуна", – ян гьелъул мугъги бекараб, гьаб анкьабго аят, ай *"АлхIам"*, гьабищ лъикIаб буго, гьел капурзабазе кьураб дуниялалъул паналъулеб боцIи-малалъул анкьабго къафилайищ лъикIаб буго?», – абун Жабраилас عليه السلام абидал, узухъда, Аварагас ﷺ: «Гьаб лъикIаб буго», – ян абуна.

Хадубги Аварагасде ﷺ Жабраилас عليه السلام абуна: «Я МухIаммад! Гьаб анкьабго дуе кьураб дуца хисилищ кафуразе кьураб анкьалъухъго?» – абун. Аварагасги ﷺ абуна: «Хисиларо, я Жабраил», – абун. Хадубги абулеб буго Жабраилас عليه السلام: «Гьединго дуе Аллагьас кьун буго Къуръан, тIамчазда, тIомалда яги тIомол къвачIа-рахълъеналдаги хъван, цIадабе рехарабаниги жиб бухIизе букIинчIеб. ГьедагIан тIадегIанаб, хирияб гьеб Къуръан жинца цIаларав, гьеб хIифз гьабурав,[1] гьелда нахъвилълъарав чи жужахIалъул цIаялъ кин вухIулев?»

Жиги Жабраилас тIаде жобалеб буго: «Гьаб Къуръаналъул цо хIарф цIаларав чиясе Аллагьас нусго лъикIлъи хъвала», – абун. Хадубги абулеб буго Жибрилас عليه السلام: «Гьаб дуе кьураб КъуръанищхалъикI, дол капуразе кьураб гIирищ?» – абун. Аварагас ﷺ жавабги гьабулеб буго: «Гьаб Къуръан лъикI, я Жибрил!», – абун.

Гьанжиги Жабраилас абулеб буго: «ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: «Дица дуе кьуна щибаб анкьида жаниб цо-цо къо, жиндир сордо дунялалдасаги дунялалда жаниб бугеб щинаб жоялдасаги лъикIаб. Гьеб сордоялъул щибаб цо-цо сагIат рикIкIун ТIадегIанав Аллагьас, жужахI тIадал гIадамаздаса тархъанги гьавула нус-аза-азарго чи. Гьеб сордоялъ капурзабазе гьабураб щинаб лъимерги Аллагьас, Исламалда тIобитIун, кIодо гьабула, гьеб сордоялъул хIурмат гьабун. Гьеб къоялдасан байбихьун, тIасияб анкьалъ добго къо бачIинегIан, муъминзабазул ккарал мунагьалги чурула, гьеб сордоялъ муъминзабазул хабал агьлоялдаса гIазабги борхула. Гьаб къойищ лъикIаб буго, доб анкьго къапилайищ, кьелищ дуца гьаб къо доб

[1] РекIехъе лъайзе гьабурав.*

къапилаялъухъ?» – ян Жабраилас ﵇ абидалги Аварагас ﷺ абун буго: «Гьаб къо лъикIаб буго, хисизеги хисиларо», – абун. Гьеб къоги Рузман къо буго.

Хадубги Жибрилас ﵇ абулеб буго: «Я МухIаммад! ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: “Дица дуе кьуна КагIбаялда тIаваф гьаби, анкьго свериялдалъун, анкьабго свериялъулъ анкьго нухалъ Дун рахIматалъул балагьиялдалъун тIаваф гьабулев чиясде валагьулеб, гьесул мунагьалги чурулеб, гьениб тIаваф гьабурав чиги ГIаршалда сверун тIаваф гьабурав чиясда релълъон вукIунеб, [ГIаршалда сверун тIаваф гьабурасе гIазаб кьезе Жив намуслъулин Аллагьасги абун бугеб]”. Гьеб тIавафищ лъикIаб, доб капурзабазул гIирищ? Хисилищ дуца долъухъ гьаб?» Аварагас ﷺ жаваб гьабулеб буго: «ЛъикIабги гьаб буго, хисизеги хисиларо», – абун.

Хадубги Жабраилас ﵇ абулеб буго: «Я МухIаммад! ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: “Дица дуе кьуна щибаб жамараталде[1] анкь-анкь чIимих речIчIи, щибаб чIимих речIчIанщинахъе речIчIарасдаса мунагь чурулеб, анкьабго речIчIараб чIимих анкьабго жужахIалъул кIалтIаги чIолел”. Гьабищ дуй лъикI, доб капурзабазул гIирищ? Хисилищ дуца гьаб анкьабго чIимих речIчIи доб анкьабго къапилаялъухъ?» Аварагасги ﷺ абулеб буго: «ЛъикIабги гьаб буго, хисизеги хисиларо», – абун.

Хадубги абулеб буго Жабраилас ﵇: «ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: “Дица амро гьабун буго анкьабго зобалдеги, анкьабго ракьалдеги, жаниб бугебщинаб махлукъаталдеги, дуеги дур умматалъеги щибаб къойил

[1] ХIеж гьабулев чияс чIимхал речIулеб бакI.

щу-щу нухалъ, щуябго какил гIужалда дугIа гьабе", – ян. Гьабищ лъикIаб бугеб, доб анкьабгойищ?» Аварагасги ﷺ абун буго: «Гьаб лъикIаб буго», – абун. Цинги Жибрилас ﵇ цIалун буго гьаб аят:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿لَا تَمُدَّنَّ عَيْنَيْكَ إِلَىٰ مَا مَتَّعْنَا بِهِۦٓ أَزْوَٰجًا مِّنْهُمْ وَلَا تَحْزَنْ عَلَيْهِمْ وَٱخْفِضْ جَنَاحَكَ لِلْمُؤْمِنِينَ ۝٨٨﴾ الحجر: ٨٨

Гьаб аяталъул магIнаги: «Мун валагьугейила, Авараг, Дица гьел ягьудиязе, насраниязе, мажусиязе, хъанчил агьлоялъе кьураб дунялалъул берцинлъиялде, ай сундул рахъалъан бугониги, ай дуда гьеб берцин бихьуге, гьелде хьулги лъоге. Гьел Исламалде райинчIоян пащманлъизеги мун пащманлъуге. Дуца рахIмо-гурхIелги гьабе муъминзабада, гьезда аскIов гIодегIанавлъунги мун вукIа, ай чIухIун вукIунге».

**لو أن فاتحة الكتاب جعلت في كفة الميزان والقرآن في الكفة الأخرى لفضلت فاتحة الكتاب على القرآن سبع مرات . «روح البيان»، جـ ٤ صـ ٤٨٨**

Цойги абулеб буго: «ЦIадерабазул цояб рахъалда «*Сурат аль-ФатихIат*», – *АлхIам*...ги лъуни, цойгидаб рахъалда Къуръанги лъуни, гьеб сахабго Къуръаналдаса «*АлхIам...*», анкьго нухалъ тIокIлъила», – абун.

Суфяну Саври абулев кIудияв агьлуллагьазул чи вукIун вуго цо къавмалъе имамлъиги гьабун маркIачIол как балев, «*АлхIам*...ги», цIалулаго:

﴿إِيَّاكَ نَعْبُدُ وَإِيَّاكَ نَسْتَعِينُ ۝٥﴾ الفاتحة: ٥

Гьаб рехсараб аят цIалидал, гьев тамахлъун ккун вуго, ай кIотун ккун вуго. Вигьун хадув гьесда гьикъун буго, щиб дуе ккараб, абун. Гьес абулеб буго: «Гьадаб аят цIалидал,

ай: “Нежеца лагълъи гьабулеб Дуе буго, Аллагь, Дудасан комекги тIалаб гьабулеб буго”, – абураб магIна долъул бугелъул, гьеб аят цIалидал Аллагьас: “Комек Дидасан тIалаб гьабулев ватани, мун щайха ханзабазул кIалтIе ва тохторзабазухъе унев?” – ян дидего абилебин хIинкъун, Досдасан нечон ана дун эсалдаса», – абун.

## «АМИНАЛЪУЛ» ХИРАЛЪИ

«*АлхIам...*», цIалун бахъиндал, хадуб, ай «*АлхIам... алда*», хурхине гьабичIого, «*Амин*», абизеги суннатаб буго. Аваргас ﷺ абун буго:

**((علّمني جبريل آمين بعد فراغي من قراءة الفاتحة وقال إنه كالختم على الكتاب)) .**

**«روح البيان»، جـ ١ ، صـ ٢٥**

«Дида Жабраил малаикас лъайзе гьабуна, ай манлъана, «*АлхIам...*», дица цIалун бахъиндал «*Амин*», абеян, хадубги абуна, гьеб «*Амин*», аби ккола хъвараб кагъаталда печать чIвай гIадаб жо», – абун.

ГIали асхIабасги ﷺ абун буго: «*“Амин”* ккола Аллагьасул мугьругIадаб жо[1], Жиндир лагъасул дугIаялда чIвалеб», – абун. ХIадис буго Расуласул ﷺ: «Жинца дугIа гьабулевги, *“Амин”* абулевги, – кIиявго дугIаялъулъ гIахьалчагIи ккола», – абун. Ай, «*Амин*», абиги дугIа ккола. Гьелъул магIна къабул гьабеян абураб кколелъул.

**((إذا قال الإمام ﴿ولا الضالين﴾ فقولوا آمين فإن الملائكة تقولها فمن وافق تأمينه تأمين الملائكة غفر له ما تقدم من ذنبه)). الحديث**

---

*[1] Печать гIадаб жо.*

Аварагас ﷺ абулеб буго жамагIаталде: «Имамас “*АлхIам*алъул” ахирисеб аят цIалун бахъараб мехалъ, ножоца *“Амин”* абейила. Гъеб бакIалда малаикзабазги абулила *“Амин”*. Малаикзабазул “*Амин*алда” цадахъ жиндир *“Амин”* ккарав чиясул цере гьарун арал мунагьалги чурулила».

Амма, гьанжи нелъер жамагIатазул гIадат буго, доб ахирисеб аят цIалула имам вукIаго, «*Амин*», абун ахIулел, ай цIалун бахъинегIан чIечIого. Гьаб лъикI гьечIо.

﴿وَلَا الضَّالِّينَ﴾

Гьаб аят цIалун бахъараб мехалъ абизе буго «*Амин*», жинцаго как балесеги, имамасда нахъ вугесеги, батIалъи гьечIого. «*Амин*», абураб гьеб рагIиялъул щибаб хIарф рикIкIун малаик вижуна, гьез дугIаги гьабула, ай Аллагьасде гьарула, гьав «*Амин*», абурав чиясул мунагьал чуре, – абун. Гьединги бицун буго.

Жабраил малаик ﷺ «*АлхIам*...ги», босун Аварагасухъе ﷺ рещтIунелъул, цадахъ лъабкъоялда анцIазарго малаик вукIанинги буго. Гьеб рещтIараб къоги – Рузман къо буго, бакIги – Макка буго. КIиабилеб нухалъ гьебго «*АлхIам*...», Мадинаялдаги рещтIарабиланги буго. Румазул хан Къайсарица хъван буго ГIумар асхIабасухъе ﷺ кагъат: «Нежеда батулеб буго Инжилалда, гьаб анкьабго хIарф ث ، ج ، خ ، ز ، ش، ظ ، ف жиндилъ гьечIеб *сурат* цIаларав чиясе алжан буго, абун. Гьеб *сурат* нежеда Инжилалда батулеб гьечIо, ножор тIехьалданиги бугищан бихье», – абун. Гьеб кагъат ГIумар асхIабас ﷺ асхIабзабазе цIалидал, КагIбул вас Убаю абурав асхIабас абун буго: «Я амирал-муъминин! Гьеб анкьабго хIарф жиндилъ гьечIеб

*сурат "ФатихIат аль-Китаб"* буго», – абун, ай *«АлхIам»*. Цинги ГIумарица ﵁ гьеб хъван битIун буго Къайсарихъе. Къайсар гьеб кагъат, ай ГIумарил жавабги цIалун, Исламалде вачIун вуго, Исламалда хунги вуго.

ТIадегIанав Аллагьас Муса аварагасде ﵇ абун буго: «Дица МухIаммадил умматалъе кьун буго ункъго хIарф, тIоцобисеб хIарф Тавраталдасан босун, кIиабилеб – Инжилалдасан босун, лъабабилеб хIарф – Забуралдаса босун, ункъабилеб хIарф – Къуръаналдасан», – абун. «Гьел хIарфал щал?» – абун Мусаца гьикъидал, Аллагьас абун буго: «*"Амин"* буго, – абун. – Гьеб ункъабго хIарф абурав чи – ункъабго тIехь цIаларав чиясда релъльона, ай цIаларавгIадин вукIуна», – янги абун буго.

Цойги Аварагас ﷺ абун буго: ***«"Амин" ункъго хIарф буго, гьеб абурав чи Аллагьас балагьазул ункъго навгIалдаса[1] цIунула.***

- ***тIоцобисеб*** – иман тIаса иналдаса
- ***кIиабилеб*** – гIарасат майданалда къиямасеб къоялъ букIунеб хIинкъиялдаса
- ***лъабабилеб*** – сиратI бахиналъул захIмалъиялдаса;
- ***ункъабилеб*** – абадалъго жужахIалда хутIиялдаса».

[Ва къила] цойги буго бицун: «"*Амин*алъул" *«Алиф»*, ГIаршалъул рукнуялда хъван буго, *"Мим"* Курсалъул рукнуялда хъван буго, *"Я"* ЛавхIул-махIфузалда хъван буго, *"Нун"* къаламалда хъван буго, – абун. – ДугIа гьабулев чияс *"Амин"* абураб мехалъ ГIарш, Курс, ЛавхI, Къалам рагъарула ва *"Амин"* абурав чиясул мунагьал чури Алла-

[1] *Тайпаялдаса.*

гьасде гьарула. Гьаб ункъабго нугIлъиялъеги чIезарун, Аллагьас гьев чиясул мунагьалги чурула», – янги абун буго. Цойги риваяталда гьадинги буго: «Жабраил, Микаил, Исрафил, ГIизраил, – гьав ункъавго малаикасул надалда хъван буго гьадаб ункъабго хIарф, муъминав лагъас *“Амин”* абидал, ункъавго гьел чIахIиял малаикзабаз Аллагьасе сужда гьабула ва абула, ай гьарула Аллагьасде, *“Амин”* абурав гьав чиясул мунагьал чуреян. Аллагьас: “Дица гьав чиясул мунагьал чурана”, – ян абичIого суждаялдаса тIадеги рорхуларо».

Жинда Аллагь разилъаяв Анасидасан бицараб хIадисалда гьадинги бицунеб буго: «“АлхIам”...алъул тIоцобисеб аят –

﴿ ٱلْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ ٱلْعَٰلَمِينَ ٢ ﴾

Жиндир лагъас цIалараб мехалъ ТIадегIанав Аллагьас абула: «Дир хиралъиялхIа ва тIадегIанлъиялхIа, Дир нигIматал руго дуе дунялалдаги ахираталдаги», – абун. КIиабилеб аят –

﴿ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ ٣ ﴾

цIалараб мехалъги абула: «Дир рахIмат-цIцIоб буго дуе дунялалдаги ахираталдаги», – абун. Лъабабилеб аят –

﴿ مَٰلِكِ يَوْمِ ٱلدِّينِ ٤ ﴾

цIалараб мехалъ абула: «Дир лъикIлъи, тIокIлъи дуе буго дунялалдаги ахираталдаги», – абун. Хадусеб аят:

﴿ إِيَّاكَ نَعْبُدُ وَإِيَّاكَ نَسْتَعِينُ ٥ ﴾

цIалараб мехалъ абула: «Дир квербакъи-комек дуе дунялалдаги ахираталдаги буго», – абун. Хадусеб аят:

﴿ ٱهۡدِنَا ٱلصِّرَٰطَ ٱلۡمُسۡتَقِيمَ ٦ ﴾

цIалараб мехалъги абула: «Дир гьидаят дуе буго дунялалдаги ахираталдаги», – абун. Хадусеб аят:

﴿ صِرَٰطَ ٱلَّذِينَ أَنۡعَمۡتَ عَلَيۡهِمۡ ﴾

цIалараб мехалъги абула: «Дир, ай Дир Аварагасул шафагIат буго дуе дунялалдаги ахираталдаги», – абун. Хадусеб аят –

﴿ غَيۡرِ ٱلۡمَغۡضُوبِ عَلَيۡهِمۡ ﴾

цIалараб мехалъги абула: «Дир хиралъи ва тIадегIанлъиялхIа, дуе буго Диде гIагарлъи, ай «такъарруб», дунялалдаги ахираталдаги», – абун. Хадусеб, ай ахирисеб аят

﴿ وَلَا ٱلضَّآلِّينَ ﴾ آمين

цIалараб мехалъги абула: «Дир хиралъи, Дир тIадегIанлъи, Дир кIодолъиялхIаги, Дица дур цIар хъвагIала, ай хойзе гьабила ашкъияал, ай къосарал гIадамазда гъорлъа, ва хъвала сугIадаазда, ай бахьи кьурал гIадмазда гъорлъ», – абун.

Аварагасул ﷺ буго цойги хIадис: «Жиндир лагъас "*АлхIам*...алъул" тIоцобисеб аят цIалараб мехалъ, гьев чиясе тIоцобисеб зобалъул рагьаби рагьула, Аллагьасул гIатIидаб гIафву-рахIматалдалъун. КIиабилеб аят цIалараб мехалъ рагьула кIиабилеб зобалъул рагьаби,

Аллагъасул баракат, магъфираталдалъун[1]. Лъабабилеб аят цIалараб мехалъ рагъула лъабабилеб зобалъул рагъаби, гьев чиясе хиралъи ва тIадегIанлъиялдалъун. Ункъабилеб аят цIалараб мехалъ рагъула ункъабилеб зобалъул рагъаби, гьев чиясе лъикIаб гьабизе тавфикъалдалъун ва квешлъиялдаса цIуниялдалъун. Щуабилеб аят цIалараб мехалъ рагъула щуабилеб зобалъул рагъаби, гьев чиясе кинабниги лъикIлъиялдалъун ва гьидаяталдалъун[2]. Анлъабилеб аят цIалараб мехалъ рагъула анлъабилеб зобалъул рагъаби, хиралъи-тIокIлъиялдалъун. Анкьабилеб, ай ахирисеб аят цIалараб мехалъ рагъула анкьабилеб зобалъул рагъаби, гьев чиясе Исламияб диналда чIезе гьавиялдалъун ва мекъаб нухаве ккеялдаса цIуниялдалъун. *“АлхIам”* цIалун бахъун хадуб *“Амин”* абидал гьесие рагъула ГIаршалъул рагъаби, жиндир гьабураб дугIа къабул гьабиялдалъун».

## «БИСМИЛЛАГЬАЛЪУЛ» ХИРАЛЪИ

*«Бисмиллагь...»* алъул хиралъабиян абуни, Аллагь жинда разилъаяй ГIаишатидасан бицана, Аварагасде *«Бисмиллагь»* рещтIараб мехалда мугIруз тасбихI гьабулеб Маккаялъул агьлоялда рагIана, цинги къурайшияз абуна, МухIаммадица мугIрузе сихIро гьабуна, абун. Гьеб мехалъ ТIадегIанав Аллагьас Маккаялда тIад чIегIераб кIкIуй бетизабуна. Цинги Аварагас ﷺ абуна: «РакIбацIцIадго, ай гьелде божи-имангун цадахъ *“Бисмиллагь”*, бахъун щив вугониги, гьев чиясда цадахъ мугIруз тасбихI гьабула, кинниги гьеб нелъеда рагIуларо», – абун.

Ибну-ГIаббасидасан [رضي الله عنهما] бицараб хIадисалдаги абулеб буго: «Щив чи вугониги жинца абун:

*[1] ТIаса лъугьиналдалъун.**

*[2] БитIараб нухалде тIовитIиялдалъун **

**بسم الله الرحمن الرحيم ولا حول ولا قوة الا بالله** [١]

Аллагьас гьев чиясдаса нахъчIвала лъабкъоялда анцIго батIа-батIаял балагьал», – абун.

ГIали асхIабасги ﷺ бицунеб буго: «Цо кинаб бугониги захIмалъи, гIакъоба-къварилъиялъулъе ккарав чияс рех-сараб хIалалда *“Бисмиллагь...”* бахъе, гьеб къварилъи Ал-лагьас тIаса босила», – абун. Ибну ГIабасидасан [رضي الله عنهما] бицараб хIадисалдаги абулеб буго: «МугIаллимас гьи-тIинав мутагIалимасде, ай гьитIинав чиясде, абураб мехалъ *«Бисмиллагь...»*, бахъеян, гьеб гьесги бахъидал, мугIалимасе, гьесул эбел-инсуе, гьединго *«Бисмиллагь...»*, бахъарав васасе, гьесул эбел-инсуеги Аллагьас хъвала жу-жахIалдаса тархъи».

Ибну-МасгIуд ﷺ абурав асхIабасдасанги бицана, Ава-рагас ﷺ абунилан: «Щив чи вугониги жинца *“Бисмиллагь...”* бахъун, гьев чиясе хъвала ТIадегIанав Аллагьас гьеб *“Бисмиллагь...”*алъул щибаб хIарф рикIкIунункъазарго лъикIлъи, ункъазарго квешаб гIамалги тIаса ине гьабула, ва гьедагIанго даражаги тIадегIан гьабула», – абун.

Маликил Анасидасанги ﷺ бицана, Аварагас ﷺ абу-нилан: «Кинабниги гъойтI-рохь къалмаллъунги рукIа-ралани, киналго ралъадал шакъилъунги рукIаралани, цинги гIадамал, женал ва малаикзаби данделъун “*Бис-миллагь...*”алъул магIна хъвани азарго соналъ, гьезул хIал кIвелароан гьеб “*Бисмиллагь...*”алъул магIнаялдасан анцIго бутIа гьабун, цо бутIа хъвайзецин».

---

*[1] ЦIализе лъаларес лъалесда цIализе гьабе/*

Цойги бачIана хIадисалда: «Цо чияс *“Бисмиллагь...”* бахъидал, алжаналъул агьлоялъ, ай хIурулгIиназ, Аллагьасде гьарула гьев чи жужахIалъуса нахъе вачун, алжаналъуве рехе абун, ай гьединавлъун гьавеян». Ва гьединго Аварагасдасан ﷺ бицана: «Цо къавм бачIуна къиямасеб къоялъ гIарасат майданалде *“Бисмиллагь...”*ги бахъулаго, цинги гIамалал цIалелъул гьезул квешал гIамалаздаса лъикIал гIамалал цIикIкIуна. Гьел рихьидал, цересел умматаз тамаша гьабун, гьезда хIайранлъун, абула: “Балагье дозул хIасанатал[1] цIикIкIарал куц, гьадаб буго кIалъалелдего каламалъул байбихьи доз *«Бисмиллагь...* алдалъун», гьабиялдалъун бугеб жо” – абун».

*«Бисмиллагь...»*, ккола Аллагьасул бищунго хириял цIараздаса, ай *«Исмул агIзам*лъун». Дол гIадамазул лъикIлъаби бергьинарищ, цIадерабазул цояб рахъалда *«Бисмиллагь...*ги», [ай, тIобанго абураб], цогидаб рахъалда зобал-ракьалги жаниб бугеб щинабги лъуни, *«Бисмиллагь...»*алъул бакIлъи, цIайи цIадерабада бергьунелъул. ТIадегIанав Аллагьас гьеб *«Бисмиллагь...»*, гьабун буго МухIаммадил ﷺ умматалъе дунявиял, ухравиял, – кинал рукIаниги балагьаздаса ва щайтIаналдаса, жиб абулев чи цIунулеблъун ва кинал рукIаниги унтабазе дарулъунги.

Свалат-салам лъеяв нелъер Аварагасда мигIражалъул сордоялъ ТIадегIанав Аллагьас рихьизе гьаруна гIемерал асрарал[2]. Алжаназда жанир гьесда рихьана ункъго гIор: лъел, рахьдал, жадул ва гьацIул. Гьал гIоразул сифатал Аллагьас Къуръаналда гьадин рицун руго:

---

*[1] Ай, лъикIал гIамалал.**

*[2] Ай, балъголъаби.**

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿مَّثَلُ ٱلْجَنَّةِ ٱلَّتِى وُعِدَ ٱلْمُتَّقُونَ ۖ فِيهَآ أَنْهَٰرٌ مِّن مَّآءٍ غَيْرِ ءَاسِنٍ وَأَنْهَٰرٌ مِّن لَّبَنٍ لَّمْ يَتَغَيَّرْ طَعْمُهُۥ وَأَنْهَٰرٌ مِّنْ خَمْرٍ لَّذَّةٍ لِّلشَّٰرِبِينَ وَأَنْهَٰرٌ مِّنْ عَسَلٍ مُّصَفًّى﴾ محمد: ١٥

Дунялалда жал Аллагьасдасаги хIинкъун, шаригIатги цIунун, хьвадарал муъминзабазе алжаналда жанир ругила гIорал.

Лъел гIор – дунялалъул лъим гIадин, заман гIемер баялдалъун тату, кьер, махIалдалъун хиси гьечIеб. Масала, дунялалъул лъим чери-хIоралъуб ялъуни инаалъуб[1] чIун гIемер мех бахъиялдалъун махI бахъун, тату, кьер хисун лъугьуна. Алжаналдаян абуни, гьел гIузраби лъеде тIаде рачIунаро, кигIан мех баниги чIаралъуб.

Рахьдал гIоралги ругила, дунялалда бугеб рахь гIадин, хIайваналъул гъвариялда жаниса бечIчIун бачIунеб гореб, жиб цIекIлъун, тату хун лълъугьунареб.

Жадул гIоралги ругила, дунялалъул жа гIадин, тату кьогIаб, махI рокьукъаб, гьекъарасул, мехтизе гьавун, гIакъло унеб гореб, гьаб киналъулго гIаксалда, гьекъезеги бокьулеб, татуги лъикIаб, гьекъарасул гIакълоги хисизе гьабулареб, мехтизеги гьавулареб.

ГьацIул гIоралги ругила, ай бацIцIадаб, дунялалъул гьацIулъ гIадин, хIе ва цойгидаб жо жиндилъе жобайчIеб. Алжаналъур гьел гIорал рихьидал, Аварагас ﷺ Жабраил малаикасде ﵇ гьикъанила: «Я Жабраил! Гьадал гIорал киссан раккулел ва кире чвахулел?», – абун. Жабраилас ﵇ жаваб гьабулеб буго: «Гьадал гIорал раккулеб бакI дида

---

*[1] ТIагIелалъуб, цIарагIалъуб (емкость).**

лъаларо, чвахулеб бакIилан абуни – Кавсаралъул хIавз буго», – абун. Хадубги Жабраилас ﵇ тIаде жобалеб буго: «Дуца Аллагьасде гьаре, Дос дуда лъайзе гьабила яги бихьизе гьабила дол гIорал раккулеб бакI», – абун.

Цинги Аварагас ﷺ Аллагьасде гьаридал, вачIун цо малаикас, саламги кьун, абулеб буго: «Дуца берал къанще, МухIаммад!», – абун. Берал къанщун мехго инчIого, рагьеянги абун буго. Аварагас ﷺ абулеб буго, жинца берал рагьанила, цинги жив вугоанила цо гъотIол ракьанда. Гьенисан жинда бихьанила хъахIаб маргъалалъул кIудияб къуба, гIурччинаб якъуталъул кавуги бугеб. Кавуялда бараб киритги бугоанила багIараб меседалъул. Гьеб къубаялъул кIодолъиян абуни, гьаб дунялалда ругел щинал гIадамалги женалги жанире лъугьине гьаруни, гьел рукIинаанила борхатаб мегIералъул тIо-гьиб чIараб хIинчIалда релълъон, ялъуни ралъдалъе рехараб фарс-цIулакьоялда релълъон. Доб ункъабго гIорги бугоанила гьадаб къубаялда гъоркьан раккулел.

Гьениса тIадвуссине жиндие бокьидалин, абулеб буго Аварагас ﷺ, дов малаикас жинде абунила: «Къубаялде жаниве щай лъугьунарев?», – абун. Жаниве кин лъугьинев, нуцIаялда киритги бан бугелъулин жинца абидалги, абунила малаикас: «Киритги рагьун лъугьаха», – абун. Кирит кин рагьилеб, кIул гьечIелъулин жинца абидалги, абунила малаикас: «Гьелъул кIул дуда кодоб буго», – абун. Кибха гьеб бугебилан абидалги, абунила малаикас: «Гьелъул кIул [بسم الله الرحمن الرحيم] "Бисмиллагьи-ррахIмани-ррахIим" буго», – абун.

Цинги бабалде[1] аскIовеги ун, жинца *«Бисмиллагь...»*, бахъанила, рагьун бабги бачIанила. Жаниве лъугьун хал гьабидал, доб ункъабго гIор бугоанила къубаялъул ункъабго букIуналдасан рачIунеллъун. Къубаялъуса къватIиве лъугьине жинца къасд гьабидалги дов малаикас абунила: «Мун валагьанищ, бихьанищ?», – абун. «Валагьана, бихьана», – ян жинца абидалги, гьес жинде абунила: «Цойги валагье», – абун. КIиабизеги валагьидал, къубаялъул ункъабго рахъалда хъван бугоанила *«Бисмиллагьи ррахIмани ррахIим»*. *«Бисмиллагь...»* алъул *«Мим»*, хIарфалдасан баккулеб бугоанила лъел гIор. *«Гьа»*, хIарфалдасан баккулеб бугоанила рахьдал гIор. *«РахIмани»*ялъул *«Мим»*, хIарфалдасан баккулеб бугоанила жадул гIор. *«РахIим»*алъул *«Мим»*, хIарфалдасан баккулеб бугоанила гьацIул гIор. Цинги жинда лъанила гьаб ункъабго гIоралъул асло *«Бисмиллагьи-ррахIмани-ррахIим»*, букIин.

Гьеб мехалда Аллагьасул рахъалдасан жинде абунила: «Я МухIаммад! Дур умматалъул щив чи вугониги бацIцIадаб ракIалдалъун *«Бисмсиллагь...»*, бахъун, гьев чиясда Дица гьекъезе гьабизе буго гьаб ункъабго гIоралдаса», – абун.

**وفي الخبر عن النبي ﷺ أنه قال : ((ليلة اسري بي إلى السماء عرض علي جميع الجنان فرأيت فيها أربعة أنهار نهر من ماء ونهر من لبن ونهر من خمر ونهر من عسل))... الخ . من اراد أن ينظر إلى آخر هذه القصة فليراجع إلى كتاب «خزينة الأسرار» و «روح البيان» وإلى «التحفة المرضية» فتجده**

*[1] Кавуялде.**

## ЩАЙТІАН ХІАЛАКЪ ГЬАБУЛЕБ КЪАГІИДА

Азун[1] яхI хвараб цо щайтIан, ай иблис, дандчIварабила цогидаб, гьод бацун кьаралъараб щайтIаналда. Цинги кьариялъ гьикъарабила азаралде: «ГьадагIанго цIакъ азине дуе ккараб жо щиб?», – абун. Азаралъ бицарабила: «Дун буго цо чигун цадахъ, рокъове лъугьунев щинахъеги, кваналев щинахъеги, – кидаго *“Бисмиллагь...”* бахъулев, гьелъ, щибго жоялъулъ гIахьаллъизе ресги гьечIого, гьалде ккун бугоха дир иш», – абун. Кьариялъги бицарабила: «Дунги буго цо чигун цадахъ *«Бисмиллагь...»,* – ан абизе жинда лъайзего лъаларев, гьелдалъун дун кидаго гьевгун цадахъ кванала, гьекъола, рокъобеги цадахъ лъугьуна, цадахъ бегула, бахъуна, ай щибаб жоялъулъ гьевгун гIахьаллъула, цинги дие ресги букIуна хIама-хьванигIадин гьев, рекIун гьесул габуралдагун, вацIун бокьаралъув вачине», – абун.

Абу-Муслим Хавлани абурав цо чиясул йикIун йиго гъараваш, гьелъ гьесие кьолеб букIун буго загьро. Гьесие абуни, загьроялъ щибго асар гьабулеб букIун гьечIо. Цинги гьей гъаравашалъ бицун буго гьасие жинцаго загьро кьолеб букIин, ва тIалаб гьабун буго лъайзе загьроялъ асар гьабунгутIиялъул хIикмат. Гьас гьалде гьикъун буго: «Щайха дуца дие загьро кьолеб букIараб?» – абун. Гьалъ жавабги гьабун буго: «Мун херлъунги вугелъул, хойзе кьолеб букIана», – абун. Гьас гьай гъараваш тархъун йиго ва бицун буго: «Дица щибаб кваналеб щинахъеги гьекъолев щинахъеги *“Бисмиллагь...”* бахъула, гьединлъидал загьроялъ дие асар гьабуларо», – абун.

---

*[1] ХIалакълъун.**

Бицен буго, Аллагьас Къуръаналда жиндир рехсей гьабурав Лукъманида гIодобе рехун батарабила тIад *«Бисмиллагь...»* хъвараб кагъат, гьес гьеб кодобе босарабила, гьелъул хIурмат гьабун. Гьелдалъун Аллагьас гьев кIодоги гьавуравила, хIикмат-гIилму кьун.

## ЩИБАБ ЖОЯЛЪЕ «БИСМИЛЛАГЬ...» БАХЪИЯЛЪУЛ БАРАКАТ

Цо чIужу йикIарайила, *«Бисмиллагь...»*, бахъун горони, щибго жоялде квер бегьуларей. БетIергьанчиян абуни гьелъул вукIаравила мунафикъ. Гьалъул *«Бисмиллагь...* алде» бугеб игIтикъад хойзе гьабизе мурадалда, гьас, жаниб гIарацги бухьун, кьурабила гьалъухъе квербацIцI, гьаб цIунеянги абун, гьалъ гьеб добахъаги лъурабила. Хадусан, гьалдасаги балъго, лъураб бакIалдасаги босун, гьеб квербацIцI гьас рехарабила гъуйинибе. Цинги абурабила чIужуялде, доб гIарац бухьараб квербацIцI жиндихъе босеян. *«Бисмиллагь...»*ги бахъун, гьалъ доб гIарац лъураб бакIалде квер бегьулаго, Аллагьас Жабраил малаикасде ﷺ амроги гьабун, гьеб гIарац гъуйинисаги босун, букIараб бакIалда лъурабила, босун гьалъ росасухъеги кьурабила. Цинги гьав росас кутакалда гIажаиблъи гьабурабила, кантIун, тавбоги гьабун, Аллагьасдеги вуссаравила. Иман бугей чIужуялъул баракат агьлоялъего букIуна.

ГIахъушалиса МухIаммад абун цо кIудияв Аллагьасул вали вукIун вуго. Бицалихъе, гьев саяхIуназдаса[1] вукIун ватилинги ккола. Гьес загьир гьабураб буго Гелбахъалда

*[1] Ай, цо тайпа вализабазул букIуна жал даимго хьвадулел.*

бугеб МухIаммад шайихасул хобги. Гьес бицунеб буго жиндирго хIакъалъулъ гьадин. Живги жиндир вац АхIмадги гIисинал мехалъ, эбелалъ щибаб Рузман къоялъ чордезе гьарулаанила, хассаб цо иццухъеги рачун. Гьеб иццги, гьезул магIарда бугеб, жиб баракат бугеблъун машгьураб ицц рагIула. Гьелъ жедее, каки чуриги цIи гьабун гьабураб горони, койнги кьолароанила. Гьей жийгоги йикIанила *«Бидаятуль-гьидаят»*, абураб, жибго гьитIинаб, гIемераб бацIцIадаб гIилмо жинда жаниб бугеб, Имам Гъазалиясул тIехь цIаларай. Гьединай йикIиналдалъун, гьей эбелалъул бракаталдалъун щвана диеги гьаб баракат, – абун. Гьединай варагI бугей эбелалъ, лъалеб жо буго, *«Бисмиллагь...»* бахъун горони, щибго жоялде квер бегьулареб букIинги. Аллагьас тавфикъ кьеги щияй эбелалъе, лъималазе Исламияб тарбият кьезе! Лъималазеги кьеги Аллагьас бацIцIадаб гIакъло, эбел-инсуца манлъараб босизе ва гьезул адаб-хIурмат гьабизе! Амин!

*Гьанжи нилъ тIад руссинин бицун цебе аралде,*
*Цинги, цIадераби лъун, цIцIан рихьизин гIамалал.*
*ЦIоб гIатIидав Аллагьас кьунщинал нигIматазе*
*Щукру бугищ-гьечIищан гьабизин цо балагьи.*

*БоцIи кьун, бичун боссе инсанасе щолареб,*
*Ухраялда горони къимат жиндир лъалареб;*
*Лъалез бицананиги, берда бихьуларелъул,*
*Божулел чагIи дагьаб хазина гIемер буго.*

*Хал гьабе Къуръаналъул, цересел русулазде*
*РещтIанщинал тIахьазул магIна жаниб буссараб!*
*Жигиги хIикмат гьечIищ, хIалкIолев БетIергьанас,*
*ХIарф хисизе течIого гьеб цIунун букIиналъулъ?*

*ЦIуничIого, кутубал цересел умматаца*
*ТахIриф[1] гьариялъе нугI – Живго БетIергьан вуго.*
*Гьединлъидал Халикъас, халкъалде тIамичIого,*
*ТIаде босун, гьеб цIуни гьаб аяталъ бицуна:*

**قوله تعالى : ﴿ إِنَّا نَحْنُ نَزَّلْنَا ٱلذِّكْرَ وَإِنَّا لَهُۥ لَحَٰفِظُونَ ﴿٩﴾ ﴾ الحجر: ٩ . قال في «بحر العلوم»: حفظه إياه بالصرفة على معنى أن الناس كانوا قادرين على تحريفه ونقصانه كما حرفوا التوراة والإنجيل لكن الله صرفهم عن ذلك أو بحفظ العلماء وتصنيفهم الكتب التي صنفوها في شرح ألفاظه ومعانيه ككتب التفسير . «روح البيان» جـ ٤ ، صـ ٤٤٤**

ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго[2]: «Дица гьаб Къуръан босун, рещтIине гьавуна, Авараг, Жабраил малаик. Щибаб заманалда, ай даимго, щайтIабаздаса, гIадамаздаса, гьез тIаде жобаялдаса, камизе гьабиялдаса, хIукму хисизе гьабиялдаса, гьелда дагIба бай, гьаб гьереси гьабиялдаса гьеб цIунулевги Дун вуго».

Цересел, Таврат, Инжил-гIадал тIахьал жедедего тIамун тедал, халкъалъ хисизе гьарун, БетIергьанас Къуръан цIунизе Жинцаго тIаде босана, ай гIадамазде тIамун течIо. Тарабани, долго гIадин Къуръанги хисизе гьабизе букIана.

**عن أبي هريرة ﵁ قال : قال رسول الله ﷺ : ((إن الله يبعث في هذه الأمة على رأس كل مائة سنة من يجدد لها دينها))، ذكره أبو داود في سننه وفيما ذكر إشارة إلى أن القرآن العظيم ما دام بين الناس لا يخلو وجه الأرض عن المهرة من العلماء والقرآء والحفاظ . «روح البيان» جـ ٤ صـ ٤٤٤**

*[1] Хисизе гьабиялъе.*
*[2] Ай, Аварагасдехун ﷺ.**

Свалат-салам лъеяв Аварагас абун буго: «ТIадегIанав Аллагьас гьаб жиндир умматалъе витIула, ай вахъине гьавула, щибаб нусго сонил авалалда дин цIи гьабизе гIалим», – абун. Рехсараб хIадисалъулъ буго ишара, халкъалда гьоркьоб Къуръан бугебгIан заманалда, ракьул гьомер гIицIлъизе гьечIо лебалал, гьунар бугел гIалимзабаздаса, къурааздаса ва хIуфазаздаса, абураб магIнаялде. Гьеб хIадисалда рехсохъе, ТIадегIанав Аллагьас щибаб заманалда, жакъаялде щвезегIан, гьединал лебалал гIалимзаби тафсирал гьаризеги тIамун, Къуръан цIунана ясбер гIадин. Гьедин БетIергьанас цIунун букIинчIебани, инкарчагIаз, капурзабаз Къуръаналъул нахъе жого телароан. Гьел чIахIиял, Аллагь жедеда разилъаял гIалимзабазул жигарчилъиялъ, гьезул баракаталъ жакъа нелъецаги буго босула пайда гьезул тафсираздасан.

*Гьадинаб къадроялъул Къуръан жиндихъ рещтIарав*
*Расул ﷺ авараг вукIун уммат хиралъиларищ?*
*Аллагьас гIаламалъе рахIматлъун жив витIарав*
*ТIагьа ﷺ – шафигI вугелъул, щукруги тIалъилариш?*

*ШаригIаталда рекъон, Къуръаналъул адаб ккун,*
*Дин-Ислам цIунарасе Аллагьасул цIоб буго.*
*Аварагасул ﷺ суннат чIаго гьабун хьвадарав,*
*Хьул буго, шафагIаталъ росичIого теларин.*

*Тадаббур рекIелъ гьечIеб кIалалъ алфазал цIалун*[1]
*Аллагьасул рахъалъан ажро*[2] *камиллъиларо.*
*Амро-нагью цIуничIев, лугбаз гIамал гьабичIев, –*
*Гьев къариъги*[3] *Къуръаналъ нагIана кьолев вуго.*

---

*[1] Ай, магIна хал гьаби, гьелъулъ пикро гьаби рекIелъ гьечIого кIалалъ рагIаби цIалиялдалъун.*

*[2] Ажро – кири.**

*[3] Къариъ – цIалулев чи.*

*НагIана, цIалун хадуб, Къуръаналъ жиндий кьолеб,*
*Жагьилаб къавмалдаса ниж гьаруге, БетIергьан!*
*Гьелъул цIаларабщинаб хIарф рикIкIун анцI-анцI кири,*
*Аллагь, Дуца кьолезде гьоркьоре ккезе гьаре!*

*Рохьал къалмаллъун рахъун, ралъадал щакъи лъугьун,*
*Малайкзабигун цадахъ женалгин инсал руссун,*
*Азарго сонаца гьез магIнаби хъвананиги,*
*РагIалде бахъунареб АлхIамалъул хал гьабе!*

*АлхIамалъул магIнаги жинда жаниб буссараб,*
*Жиндир хасаисал[1] хъван рагIалде бахъунареб,*
*Жиб бахъизе агьлолъун Аллагьас нилъ гьарураб,*
*Басмалаталде[2] данде дунял цIан бащалъилищ?*

*Бегьулеб щинаб бакIалъ, сунде байбихьаниги,*
*Баркат лъезе бокьарас «Бисмиллагь...» гIемер бахъе!*
*Гьелдалъун байбихьараб иш нухда хутIуларин,*
*Ругьун гьабе, дир гьудул, гьелда дурго кIалгин мацI!*

*Дунялгин ухраялъул хазинаби рагьулеб,*
*Хириябщиналдеги жиндалъун байбихьулеб,*
*Женал нахъе къотIулеб, марадатал тIурулеб,*
*Макъсудалде нилъ щолеб, щва «Бисмиллагь...» ракIалде!*

*Радал, къасе – къойилго къоло цо-цо абуни,*
*Къаил[3] балагьаздаса цIунулилан бугелъул;*
*Лъималги ругьун гьаре, гьелги абизе тIаме,*
*ГьитIинго манлъаралда лъай-гIилмо релълъонарин.*

---

*[1] Хасаис – жинда хассал хиралъаби, тIокIлъаби.**
*[2] «Бисмиллагь... алде»*
*[3] Къаил – абурав чи.**

*Лъаралда гIамал гьабун хьвадизеги гьел куце,*
*Хьоп кIверун къачIайчIони, гъойтI лъикIаб лъугьунарин!*
*Гьидаят нилъ гьарурав Халикъасе щукруги*
*Щибаб къойил гьабизе гIемерлъун бихьун, тоге!*

*ГIилмо-гIамалалдаса чIухIунги бубудуге,*
*ЧIухIи иблисалдасан бачIараб букIинги лъай!*
*ЧIобогояб рагIалъги «дун-дун», – илан ахIулин,*
*Ананиятaлдаса[1] цIунизеги кIочонге!*

*Иман лъурал чиязул ярагъги хIалтIизабе,[2]*
*ХIал кIолев Аллагьасде мугъчIвалевлъунги вукIа!*
*Мунагь-хатIабаздаса тавбоги гIемер гьабе,*
*Таввабу-РрахIимасде заннуги[3] квеш гьабуге.*

*Занну жиндир лъикIав лагъ Саййидасе вокьулин,*
*Вокьулевлъун вукIине, хьул Досдаса къотIуге!*
*Сайиатазда хадур хIасанатал ккезаре[4] –*
*ХIабибас умматалде гьедин манлъулеб бугин.*

*Манлъаралда нахъ рилълъун, Расуласул суннат ккун,*
*Сайиатал рахчизе лъикIлъабазе тавфикъ кьун,*
*ЧIвового Аллагь гурхIун, Иманалда тIоритIун,*
*Ахиру-каламина нафю-исбат гьабеги[5]!*

*Амин! Амин! Амин! Я Аллагь!*

---

*[1] «Дун», «дица» абун гIемер гаргадиялдаса.*
*[2] Ай, Аллагьасде хIелун дугIа гьабе.**
*[3] Тавбо къабул гьабулев, гурхIулев БетIергьанасдехун пикро-хивал.**
*[4] Ай, цониги квешлъи-мунагь гьабун хадуб гьеб чуризе лъикIаб гIамалги гьабе.*
*[5] Ай, нижер рухI бахъиялда аскIуб ахирисеб калам «Ла илагьа иллаллагь» гьабеги.*

## «АЛХIАМАЛДА» СВЕРУХЪ ДАГЬАБГИ ХАБАР

***«АлхIамалде» буго къого батIияб цIар:***

*«ФатихIатуль-китаб»*, *«Уммуль-Къуръан»*, *«Суратуль-канз»*, *«Кафият»*, *«Вафият»*, ва гьел горелги. Гьал батIа-батIаял цIарал «*АлхIам*...алде», лъеялъе гIиллаби, ай хIикматалги руго. Масала: *«ФатихIатуль-китаб»*, абиялъе хIикмат буго – Къуръан цIали жиндалъун байбихьулеб букIин. *«Суратуль-канз»*, абиялъе хIикмат буго – гьеб *«АлхIам...»*, ГIаршалъул хазинабаздаса хазина букIин, гьазда релъон цогидалги.

Гьел цIаразда гъорлъа ккола *«СабгIун масани»*, абураб цIарги. Гьеб цIар абиялъе хIикматги ккола гьелъул анкьго аят букIин, ва жиб кIицIол рещтIараб букIин. ТIоцобе Аварагасде ﷺ гьеб рещтIун буго Маккаялда, как фарзлъун гьабураб мехалъ, кIиабизеги гьеб рещтIун буго Мадинаялде Авараг ﷺ щун хадув, къибла хисараб мехалъги. Руго гIалимзаби гьеб Маккаялда рещтIараб бугоян абулелги, ай гIицIго Маккаялда горони рещтIинчIин абулел. Бащадаб Маккаялда, бащадаб Мадинаялда рещтIанин абулелги руго. Риваятазул битIараб Аллагьасда лъала. Нелъее мухIканаб жо буго *«АлхIам...»*, Аллагьасул калам букIин, Аварагасде ﷺ рещтIараб, киб рещтIун батаниги. «*Басмалат*ги», «*АлхIам*...алдаса», бугоян абулелги руго гIалимзаби, ШафигIияв имамасги гьедин абула. ХIанафияв имамас ва Малик имамас *«Басмалат»*, «*АлхIам*...алдаса», кколарин абулеб буго. Гьалъул хIакъикъатги Аллагьасда лъала.

«*АлхIам*алъул», авалаб бащалъи, магIнаялъул рахъалъ, Аллагьасе рецц, щукру гьаби буго, кIиабилеб бащалъиййин абуни – дугIа, Аллагьасде гьари буго. Гьединлъидал

Аллагьас абунги буго: «Дица как [ай, какилъ цIалулеб *«АлхIам...»*] кIи бикьана, Диеги Дир лагъасеги, гьев лагъасеги буго гьес Диде гьарараб жо», – абун.

## «АЛХIАМАЛЪУЛ» ТIОЦОБИСЕБ АЯТАЛЪУЛ МАГIНА ВА АЛЛАГЬАСЕ ГЬАБУЛЕБ РЕЦЦАЛЪУЛ ТАЙПАБИ

﴿ بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ ۝ ٱلۡحَمۡدُ لِلَّهِ رَبِّ ٱلۡعَٰلَمِينَ ۝ ﴾

﴿ٱلْحَمْدُ لِلَّهِ﴾ ***«Щибаб рецц Аллагьасе буго».***

*«АлхIам...»*алъул авалалда абулеб буго: «Рецц Аллагьасе буго», – абун, ай байбихьи гьелдалъун гьабулеб буго. Гьеб абулевги Живго Аллагь вуго, ай Жинцаго Жиндиего рецц гьабулеб буго. Гьелдасан ТIадегIанав Аллагьасул мурад щибха? Аллагьас халкъалда лъайзе гьабуна Жиндир кIодолъи, тIадегIанлъи ва Жив хIакъикъияб рецц гьабиялъ Жиндие рецц гьабизе мустахIикъав вукIин. Ай, ножоца Дие рецц гьабеян абун, гьабулеб куц манлъана.

Давуд аль-Къайсари абурав шайихас абулеб буго: «Аллагьасе рецц гьаби лъабго батIайиса букIуна», – ян.

***ТIоцобисеб*** – рагIабаздалъун гьабулеб рецц, ай къавлияб рецц. Гьеб ккола Аллагьас Жинцаго Жиндиего гьабураб рецц, Аварагзабазул мацIалдалъун халкъалъухъеги щвезе гьабураб, халкъалъ кIалалдалъун гьабулеб, ай *«АльхIамду лиллагь»*, – «Аллагьасе рецц буго», – абун.

***КIиабилеб*** – фигIлияб рецц. Ай, Аллагь разилъи тIалаб гьабун, черхалъ гьарулелщинал лъикIал гIамалал, шартIалги тIорайзе гьарун тIоритIиялдалъун гьабулеб рецц.

ШартIалги щалин абуни, масала, балеб какалъул, кколеб кIалалъул, кьолеб садакъаялъул ва цогидал лъикIал гIамалазул, шаргIалъ манлъухъе, щибалъулъ гьаризе кколел къагIидаби цIуни буго. ШартIал тIорайчIого гьабураб гIамал, гьеб гьабурав чиясда аскIоб гьабураблъун бугониги, хIакъикъаталда гьеб гIадада хвараблъун букIуна. Аллагь разилъи тIалаб гьабун садакъа кьолаянги абун, гьекъолдухъабазул данделъиялда гIарац бикьани, яги гьезие кванайзе жо кьуни, щибха ккелеб? Кьурасе жиндиего ахираталда гIазабалъе батилаха. ШартI яги рукну камун бани, какалъулги щибха ккелеб? Гьебги ахираталда барасул гьормалъ кьабилаха. Рияъ, сумгIаталъе, ай гIадамазда бихьизе, рагIизе, гьез живго кIодо гьавизе гIоло гьабураб лъикIаб гIамал бугони, Аллагьас гьелъул ажро босизе дол гIадамазухъе аян абилаха къиямасеб къоялъ. Гьединлъидал, бусурманчиясул гIамал букIине ккола бацIцIадаб, ай гIицIго Аллагьасе гIоло гьабураб.

ХIасил, лъикIлъи гьабизе лъайзе ккола, жиндаго лъалеб гьечIони, лъалел гIадамазде гьикъизе ккола. Аллагьас кьеги тавфикъ, лъикIабщинаб гIамал ихласалда гьабизе!

Гьаб рехсараб хIалалда Аллагьасе рецц гьаби, инсанасул щибаб лагаялдаги тIалъула, щибаб хIалалъулъги тIалъула. Аварагас ﷺ абухъе: «Аллагьасе рецц буго щибаб хIалалъулъ», – абун. Гьединаб камилаб щукру-рецц гьабиги букIунеб гьечIо, ай лъугьунеб гьечIо, щибаб лага, Аллагьас жиб бижараб жоялъе хIалтIизе гьабиялдалъун горони. Масала, кIал-мацI бижун буго Къуръан, гIилмо цIализе, Аллагь рехсезе, ай лъикIабщиналдалъун кIалъайзе. Гьереси, мацI, гъибат, бугьтаналъе бижун гьечIо. Берал, койрал, гIиндул рижун руго, ай нелъее кьун руго, лъикIабщиналде ралагьизе, гIенеккизе, регьизе. Гьединго

хIатIалги – лъикIабщиналъуре рилълъанхъизе. Къуръан-хIадисалде ралагьизе, гIилмоялде ралагьизе – берал, гьеб рагIизе – гIиндул, хIалалаб магIишаталъе, садакъа-хайраталъе хIалтIизаризе – койрал, гIилмо тIалаб гьабизе гIалимзабазухъе, масжидазде, хваразде ва чIагоязде зиярат гьабизе, гьел горел цогидал лъикIабщинаб бакIалде хьвадизе – хIатIал.

Гьал лугбал Аллагьас нелъее кьун гьечIо, рехсараб щиналъул гIаксалда, хIарамал рахъаздехун хIалтIизе гьаризе. ХIасил, щибаб лага жиб жиндие бижаралъе хIалтIизе гьаби – гьезда тIад бугеб закат бахъи, гьеб тIобайзе гьабигIадаб жо ккола.

***Лъабабилеб Аллагьасе рецц гьабийин абуни, хIалияб рецц гьаби буго.***

Гьебги букIуна гIилмоялдалъун ва гIилмоялда рекъараб гIамал гьабиялдалъун, ракIги рухIги бацIцIад гьабиялъул къадаралда, Аллагьасул тIабигIатазда жин-дир тIабигIатал релълъене гьариялдалъун. Жиндир ахлакъазда ахлакъал релълъене гьари[1] ТIадегIанав Аллагьас аварагзабаздалъун гIадамазда амро гьабураб буго.

[الثناء] ***«Санаъ»***, абураб рагIиялъул магIна ккола Аллагьасе рецц гьаби, Гьесул кIодолъи, тIадегIанлъи загьир гьабиялдалъун.

[الشكر] ***«Шукру»***, гьабиялъул магIнаги ккола Аллагьасе рецц гьаби, Дос кьурал киналго нигIматал кколеб рахъалдехун руссине гьариялдалъун. Ай, цебе рехсараб хIалалда,

*[1] Аллагьасул тIабигIатазда жиндир тIабигIатал релъене гьари.**

щибаб лага жиб жиндие бижараб жоялъе хIалтIизе гьабиялдалъун.

[المدح] ***«МадхI»***, абураб рагIиялъул магIнаги ккола кIалмацIалдалъун Аллагьасе рецц гьаби, Дос кьурал нигIматазе гIоло. Ай, цо чияс, тIадаб гореб, жиндиего бокьун, лъикIлъи гьабуни, яги гьев квер гIатIидав, сахаватав вугони, гьелдалъун гьев чи веццулев гIадин.

Гьаб лъабабго сифаталда гьабулеб реццалде щвей гьабула [الحمد لله] ***«АльхIамду лиллагь»***, – алъ. Ай, *«АльхIамду лиллагь»*алъ жанибе бачуна гьадаб лъабалъулго магIна. Гьел магIнабиги жанире рачараб, хIакъикъияб рецц ТIадегIанав Аллагьасе нелъеда гьабизеги кIоларо. Нелъеца гьабулеб рецц ккола такълидалдалъун гьабулеб мажазияб рецц.

МигIражалъул сордоялъ, нелъер Аварагасде ﷺ Аллагьасул рахъалдасан рецц гьабеян хитIаб бачIиндал, Аварагас ﷺ абуна:

((لاَ أُحْصِي ثَنَاءً عَلَيْكَ))

«Дуе рецц гьабизе кIоларо», – абун. Цинги, амроялда нахъ вилълъун, жиндирго гIубудиятги загьир гьабун, тIадеги жобана:

((اَنْتَ كَمَا اَثْنَيْتَ عَلَى نَفْسِكَ))

«Мун Дуцаго вецухъе вуго», – абун. Ай, Дудаго горони, Дуе рекъараб, мустахIикъаб рецц гьабизе кIоларо, – абун.

Гьигьалъа ХIосенияв МухIаммадицаги жиндирго мавлидалда жаниб, Аллагьасе гьарулел сифатазулъ абун буго: «Дуца манлъухъ горони, Мун вецизе рес гьечIев», – абун. Гьев мубаракасул каламалъ, нахъе бакI течIого баян гьабулеб буго, ТIадегIанав Аллагьасул кIодолъи ва Гьесие мустахIикъаб рецц гьабизе махлукъаталъул гIажизлъи. ТIадегIанав Аллагьасе хIакъикъияб рецц гьабизе ва жинда тIадал цогидал хIукъукъалги тIорайзе кIоларев, гIажизав чи вукIин жиндаго лъайи ва гьелъие мукIурлъи – гьебгIан бусурманчиясе къварагIараб жо гьечIо. Гьеб ккола гIилмоялъулги гIамалалъулги натижат[1]. الحمد لله ***«Щибаб рецц Аллагьасе буго»***, – абураб гьаб калима Аллагьасеги бокьулеб, кутакалда хирияб, тIадегIанаб калималъун бугелъул, гьеб кигIан кIваниги гIемер абизе рекъараб буго. Тавфикъ Аллагьас кьеги! Амин!

## АЛЛАГЬ ЖИНЦА ТIОЛГО ГIАЛАМ ХЬИХЬУЛЕВ ВУКIИН

﴿رَبِّ ٱلْعَٰلَمِينَ﴾

«Жив тун нахъеяб щинаб махлукъат Жинца хьихьулев, кинабниги махлукъаталъул ханлъун Жив вугев, кинабниги махлукъаталъе тарбият Жинца гьабулев, гьезул вужуд, ай жал рати, чIаголъи цIуниялъе сабабал рекъезе гьарулев».

Хал гьабе, Аллагьас гIалам хьихьун бугеб куцалъул ва гьезие хайиралъе, гьезул чIаголъи цIуниялъе ратизе гьарун ругелщинал сабабазул. Масала, кванайзе квен, гьекъезе лъин, ретIине ретIел, гьал жал ратизе гьари

---

*[1] Натижат – хIасил.**

чан батIа-батIаяб сабабалда хурхине гьабун буго? Зодосан цIад байчIони, ракьулъан щибго жо бижунаро, иццал ракъвала; иццал ракъвани, лъаралги къуна; лъарал къани, гIоралги къинарищха. Цинги чIаголъи сундалъун цIунилеб, ракьалда бугеб щинаб рухI бугеб жо гьалаглъиларищ?

Гьединго Аллагьас халкъ, гIакъло-лъайги кьун, щибаб лага-санги бижун, щибаб лагаялъе жиб-жибалда хассаб гьунарги кьун, берцинаб сифат-сураталда рижун ругеб куцалъул хал гьабе. ХIатIаздалъун квал-квадизе кIоларо, койраздалъун рилълъанхъизе кIоларо. КIалалдалъун кIалъала, бераздалъун бихьула, гIундуздалъун рагIула.

Гьединго Аллагьас, Жинца кьураб гIумру ахиралде щойзегIан, Адамил лъимадуе сахлъи цIуниялъе сабаблъун рижун ругел гIемерал батIи-батIиял дараби. Гьел дараби гьаризе, хIалтIизе гьарун гьездасан пайда босизе гьунар-махщелги кьун тIамун ругел тохтурзаби. Аби буго, цо унтарав чиясул рухI бахъизе арав Малакул-мавт нахъ вуссун вачIаравила рухIги бахъичIого, щай вачIарав абун гьикъидал, дос абурабила, унтарасухъе тохтур дидаса цеве ккун ватанаян.

Чан батIа-батIаял пихъал, хурдул, ракьулъан раккулел иццал ругел, инсанасул чорхол сахлъиялъе гьечIого гIоларел, ай жедедалъун инсанасул сахлъи лъикI гьабулел, щула гьабулел? Гьалги, гьал горел дунялалда бижараб щинаб тIабигIатги, – кинабго Аллагьас бижараб буго Адамил зуриялъе пайда-хайиралъе.

Гьаб дунялалъул тIабигIат гIуцIцIиги, гIажаибалги, бразда рихьулелги, рихьуларел, гIакълаби хадур гьолелги,

– гьаб кинабго, хириял диналъул вацал, ножода лъалареб жоян гореб дица рехсола бугеб. Рехсеялдасан дие бокьараб буго, бусурман чиясда лъай, гьев кантIи, рехсараб хIалалда гIалам Жинца хьихьулев, гьезул кверщел Жинда кодоб бугев, заман бихьун, бакI бихьун, щибаб Жиндир хIукму билъанхъизабизе сабабал рекъезе гьарулев, дунял-ахираталъул ва ханзабазулги хан – ТIадегIанав Аллагь вукIин.

Коммунистазул заманалда цо КГБ-ялъул хIалтIухъанас дидаго абуна: «Нуж рукIуна Аллагьасе какал рала, – ян, – нелъеего чед кьурав лелиние разе ккеларищ какал», – абун. Гьаб рагIи бицинегIан горони гIакъло гьечIев чиясде щиб цIарха лъелеб?

Жиндие рукIине кколел сифаталги чIезе гьарун, Аллагьасде иман лъейи кинабниги гIибадаталъул, лъикIал щинал гIамалазул асло буго. Агьлу-суннаталъул гIакъидаталда, Аллагьасде иман лъейи ва Аварагасул ﷺ суннаталда нахъвилълъин – щивав бусурманчиясе насиблъаги!

## СУЛАЙМАН АВАРАГАС АЛЛАГЬАСДЕ ГЬАРИ, ХАЛКЪАЛЪЕ РИЗКЪИ БИКЬИ ЖИНДИХЪЕ КЬЕЯН

Бицен буго, Сулайман аварагас عليه السلام Аллагьасде гьарарабила, цо лъагIалица кинабниги махлукъаталъе ризкъи кьезе жиндие изно кьеян. Дур гьелъие хIал кIойлароян Аллагьас вахIю гьабидалги гьарарабила гьес, цо анкьалъгIаги кьеян. Гьебги духъа бажаруларин Аллагьас абидалги гьарарабила, цо къоялъгIаги кьеян. Кинниги, тIад чIун, цIакъ бахъун гьаридал, Аллагьас гьесие изно кьурабила цо къоялъ махлукъаталъе ризкъи кьезе, ай гьезие ризкъи кьейи гьасде тIамурабила. Гьанжи Сулайманица عليه السلام , женазде,

гIадамазде амроги гъабун, дунялалда бугеб щинаб боцIигIиги бакIарун, чIахIиял хьагалги лъун, гьеб боцIиги хъун, белъарабила. Цинги гьуриялде амроги гьабурабила, гьеб койн-тIех махIцунгутIизе тIасан хьвадеян. Гьеб хIалалда гIуцIцIараб кванил тIутI лъураб авлахъалъул халалъи ва гIеблъи букIарабила кIиго моцIрол нух. Цинги Аллагьас гьикъарабила гьасда: «Ралъдал махлукъатищ цебе ахIилеб гьоболлъухъ, ракъдалищ?» – абун. Цебе ралъдал махлукъат ахIилин гьас абидал, Аллагьас амро гьабурабила бахIрулмухIитIалдаса цо хIуталде: «Жакъа Сулайманил кванил тIутIалдасан кванай», – абун. Цинги хIуталъ ахIарабила Сулайман гIалайгьи саламасде: «Я Сулайман! Дуца, гьоболлъи гьабун, тIутI гIуцIцIун бугилан рагIана, бугебищ?», – абун. «Буго, бачIа дурго гьанибе», – ян гьас жавабги гьабурабила. Гьанжи бачIун хIуталъ цо рагIалдасан байбихьун, цогидаб рагIалде щойзегIан, Сулайман Аварагасул тебсиялда мацI бахъарабила. Гьебги гIечIого, хIуталъ абурабила: «Я Сулайман! Кьеха дие гIорцIизегIан куйне жо», – абун. «Бугеб щинаб жоги кванан бахъине гьабунин дуца, гьанжигийищ гIорцIулареб?» – абун Сулайман Аварагас гьалда кIал кьабурабила. Цинги хIуталъ абурабила: «Я Сулайман! Гьединаб жавабищ кьолеб кванде ахIарав гьоболасе», – абун. Хадубги гьелъ абурабила: «Я Сулайман! Щибаб къоялъе дие къварагIуна гьаб дуца гьабураб лъабгогIан куйне жо, жакъа дуца дун бакъизе гьабунаха», – ян. Цинги Сулайман аварагас ﷺ Аллагьасе сужда гьабурабила ва абурабила:

سُبْحَانَ الْمُتَكَفِّلِ بِأَرْزَاقِ الْخَلَائِقِ مِنْ حَيْثُ لاَ يَعْلَمُونَ

– абун. МагIна: «Дица вацIцIад гьавиялъ вацIцIад гьавула гьединав гьев Аллагь, жедедаго лъалареб рахъалъан халкъалъе ризкъи кьезе гъоркье чIарав», – абун.

وقد قيل في المعنى : رزقي يأتي وخالقي يكفله    لا أقصد غيره ولا أسأله
إن كنت أظن أنه من بشر    لا قدره الله ولا يســـره

## АЛХIАМАЛЪУЛ КIИАБИЛЕБ АЯТАЛЪУЛ МАГIНА

﴿ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ ﴾

«Дунялалда Жив лъикIав-квешав гIадан ватIа гьавичIого, халкъалда гурхIулев, ай кинабниги махлукъаталъе Жинца ризкъи кьолев. Ахираталдаги Жив гурхIулев муъминзабада, гьезул мунагьал чуриялдалъун».

*«Бисмиллагь...»* бахъиялъулъги *«АлхIам...»* цIалулагоги цого магIнаялъул *«Ар-РахIмани-ррахIим»* такрар гьабиялъул хIикматаздаса ккола, гьеб *«Ар-РахIмани-ррахIим»* – Аллагьасул сифатазда гъорлъан бищунго кIвар цIикIкIараб, нилъ жинде хIажатаблъун букIин. Гьединлъидал, гьеб *АлхIам*алъулъги такрар гьабиялдалъун, Аллагьас нилъ кантIизе гьарулел руго гьеб гIемер абиялде.

Хадубги, ШафигIияб мазгьабалда гьеб *«Бисмиллагь...»* *АлхIам*алъул аятлъун рикIкIаниги, ХIанафияв имамасда аскIоб гьеб *«Бисмиллагь...»* *АлхIам*алдаса кколаро. ХIанафиясул мазгьабалда рекъон, *«Ар-РахIмани ррахIим»* кIицIол такрар гьабиялдалъун баянлъулеб буго, гьеб *АлхIам*алъул аятлъун букIунгутIи. Ай, *АлхIам*алъул аятлъун гьеб гьечIолъи лъайзе гIоло рехсанила гьеб *«Ар-РахIмани ррахIим»*, *АлхIам*алъулъги.

Цойгиги хIикмат: Аллагьас Жиндир лагъзал ахIулел руго Жив гIемер рехсеялде. Аллагь гIемер рехсей ккола Аллагь вокьиялъул гIаламат. Аварагасги ﷺ абуна:

**((من أحب شيأ أكثر ذكره))**

«Цо жо бокьун щив вугониги, гьев чияс гьеб жиндие бокьараб жо гІемер рехсола», – абун.

Цойгиги хІикмат: *«АльхІамду лиллагь»*, абун рецц гьаби цебе ккезе гьабуна, Аллагьасул рахІмат рецц гьабиялдалъун щолелъул. Башаразул, ай инсазул тІоцове Аллагьасе рецц гьабурав чи Адам ﷺ вуго. Гьес гІахьадидал *«АлхІамду лиллагь»*, абуна. Гьелъие жаваб гьабун, Аллагьасул рахъалдасанги абуна: «Дуда дур БетІергьан Аллагь гурхІаги, мун гьелъие гІоло вижана», – абун. Цинги халкъалдаги лъана, ай лъайзе гьабуна рецц гьабизе, ва гьезие баянги гьабуна, рецц гьабиялдалъун щолеб букІин жедее Аллагьасул рахІмат.

Рехсарал щинал дунялалъул нигІматал ккола загьириял. БатІиниял нигІматалин абуни, Аллагьас Жиндир муъминал лагъзадерие кьолел, – цІакъго чІахІиял, гІемерал, кІвар цІикІкІараллъун ккола: дунялалда – рекІелъе иманияб нур тІейи ва лъикІал щинал тІабигІатал жиндилъ хІасуллъи, ахираталдайин абуни – мунагьал рахчи, алжан ва гьелъул нигІматал, даражаби-макъамал щой, – гьел рикІкІун хІал кІоларо. Аварагасул ﷺ хІадис буго гьадин:

**((ما لا عين رأت ولا أذن سمعت ولا خطر على قلب بشر))**

«Бераздаги рихьичІел, гІундуздаги рагІичІел, гІадамасул ракІалдаги хъатІичІел», – абун. Ай, гьединал нигІматал рукІуна алжаналъур, абун. Аллагьасул гІатІидаб рахІмо-цІцІобалдалъун гьареги нилъ киналго гьединал нигІматал жодое насиблъараздаса! Амин! Амин! Амин!

Зу-Ннун аль-Мисриййи абурав кIудияв гIарифуназул цояс бицунеб буго: «РакIалде цо хIалги бачIун жив анила Нил гIоралъул рагIалде. Унаго жинда бихьанила цо гIанкъра, гIурул рагIалдехун цIакъ лебалго унеб. Хадухадув живгун, гьеб гIанкъра щванила гIурул рагIалде. Гьениб бугоанила цо къверкъ, тIаде щварабго гIанкъра баханила къверкъалъул мугъзаде тIаде. Мугъзада гIанкърагун къверкъ, Нил гIурулъе лъугьун, цебехун анила, гамидеги вахун живги вагъаранила. ГIурул доб рахъалде живги щванила, доб къверкъалъул мугъалдасаги рещтIун, гIанкъраги анила цебехун. Гьенив вугоанила цо кьижун ккарав гIолохъанчи, гьесда хIанчIизе гьесула цо борохьги бугоанила. ТIаде щварабго гIанкъра борохьалда тIад речIчIанила, кIиябго цуцацаги чIванила, гIолохъанчиги хвалдаса хвасарлъанила. Хал гьабеха, гьав гIолохъанчи хвасар гьавиялъе гIоло рекъезе гьабун бугеб сабаб ТIадегIанав Аллагьас!!!

## АЛХIАМАЛЪУЛ ЛЪАБАБИЛЕБ АЯТАЛЪУЛ МАГIНА

﴿ مَـٰلِكِ يَوۡمِ ٱلدِّينِ ﴾

***«Къиямасеб къоялъул ханлъун Жив вугев».***

Ай, гьединав Аллагьасе буго рецц, гIалам Жинца хьихьулев, дунялалда бусурманав, кафурав чи ватIа гьавуларев, ахираталдайин абуни, Жиндир гурхIел-цIцIоб хассго муъминзабазе горони гьечIев, Жив къиямасеб къоялъул ханлъун вугев.

Дунялалда рукIуна гIемерал ханзаби, къуваталъул, улка-ракьалъул рахъалъ батIа-батIаяб даражаялъул. Ханлъиги гьезул букIинчIеб бакIалъан кодобе щвараб букIуна

ва, кигIан бокьичIониги, тIасаги уна. Гьел жедерго ханлъиялдаса чIухIунги рукIуна, жедерго гIадло-низамги гьез билълъанхъизе гьабула. Гьеб ханлъи тIасаго унареб, даимаб жоянги гьезда ккола. Гьезул гIемерисел жедеда халкъалъул разилъи гьечIелги рукIуна. Ахир-къадги гIумроялъул гьокоги нахъе гирун, вачIине бегьилищан гьикъичIого, ракIалдаго гьечIого вачIун щола ГIизраил малаик. Гьанжи гьеб ханлъиги, бечелъи, боцIи-малги кинабго гьанибги тун, ине ккола хабалъе. Гьаб хойл хадуб букIиналдеги ургъичIого дунялалда хьвадун, жедеца гIумро фана гьабурал бечедал ханзабаз Аллагьасда цере чIараб къояца абула:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ مَآ أَغْنَىٰ عَنِّي مَالِيَهْ ۜ ﴿٢٨﴾ هَلَكَ عَنِّي سُلْطَـٰنِيَهْ ﴿٢٩﴾ ﴾ الحاقة: ٢٨ - ٢٩

«Дир дунялалда букIараб бечелъиялъ дие щибго гIей, ай пайда гьабичIо ва гьединго дир рахъ ккурал, дида нахъ рилълъарал, гьудул-гьалмагълъи букIа, цогидал рукIа, гьезги гьабичIо. Гьелъул гIаксалда, диего гIазабалъе батана», – ян абун. Гьединго абула: «Дир ханлъиги ана дида тIаса, дунялалда халкъалда тIад гьабула букIараб, гьанжи дунги хутIана факъиравлъун ва басриявлъун, дир хIужаги къотIана, ай бачине гIузруги тIагIана», – абун.

Гьединго ханзаби-хIакинзабилъун жал рукIинчIел ругониги, мекъса ккарал ругони, гьезги абулила: «Аллагьас кьурал лугбазда тIад кверщел букIаго, дица гьел хIалтIизе гьаричIо гIибадат-тIагIат гьабиялъе, гьанжи дун хутIана гьадин чIового, ай лугбаздасан пайда босиялдаса гIажизавлъун», – абун.

Гьаб гIарасат къоялъ хIисаб-суал гьаби нелъеда бихьараб гьечIониги, соталда цере эхетизе ккаралниги рихьула,

чIвазе сот къотIарав чиясул яги 15 сон къотIа-расул кинаб хIал букIуна? Гьазие букIунеб захIмалъи тIаса унеб жо буго, тIаса ийинго гьечIеб жужахIалъул агьлолъун ккани, щиб гьабилеб?

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿وَيَوْمَ يُحْشَرُ أَعْدَآءُ ٱللَّهِ إِلَى ٱلنَّارِ فَهُمْ يُوزَعُونَ ١٩ حَتَّىٰٓ إِذَا مَا جَآءُوهَا شَهِدَ عَلَيْهِمْ سَمْعُهُمْ وَأَبْصَٰرُهُمْ وَجُلُودُهُم بِمَا كَانُوا۟ يَعْمَلُونَ ٢٠﴾

فصلت: ١٩ - ٢٠

«Аллагьасул тущбаби, капурзаби махIшаралде хIисаб-суал гьабизе цере къотIулеб къоялъ, гьенире щведал, гьезул бераз, гIиндуз, цогидал киналго лугбаз, хIатта чорхол тIомалъгицин гьезие нугIлъи гьабула, ай щибаб лага-сан кIалъала, жиб-жибалдалъун гьев чияс гьабураб мунагь бицун. Бераз гьабула нугIлъи, жал хIарамаб бакIалде ралагьизе гьарунаян, гIундуз гьабула, жал хIарамаб рахъалдехун гIенеккизе тIамунаян, квераз – жал хIарамаб бакIалде регьанаян ва гь.ц.

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿يَوْمَ يَقُومُ ٱلرُّوحُ وَٱلْمَلَٰٓئِكَةُ صَفًّا ۖ لَّا يَتَكَلَّمُونَ إِلَّا مَنْ أَذِنَ لَهُ ٱلرَّحْمَٰنُ وَقَالَ صَوَابًا ٣٨ ذَٰلِكَ ٱلْيَوْمُ ٱلْحَقُّ ۖ فَمَن شَآءَ ٱتَّخَذَ إِلَىٰ رَبِّهِۦ مَـَٔابًا ٣٩﴾ النبأ:

٣٨ - ٣٩

«РухI», абун цIар бугев цо малаик вугила, малаикзабазул бищунго жив кIудияв, гьев малаик, ялъуни Жабраил, мухъал гьарун, цогидал малаикзабиги тIаде рахъине гьарураб къоялъ, ай къиямасеб къоялъ, халкъалъул цониги чиясда я малаикзабада кIоларо Аллагьасдехун калам гьабизе, ай гIакъоба-гIазаб тIаса босеян, бигьалъи гьабеян абизе, гьаризе. Кинабниги махлукъат

Аллагьасул гьайбат-кIодолъиялъ хIайран гьарун рукIуна, Аллагьас изно кьурал гъорлъа рахъун. Гьел изно кьуралин абуни кIалъала, гьелги битIараб, хIакъаб рагIиялдалъун, ай тавхIидалдалъун дунялалда жал кIалъарал, гьелда гIамал гьабунги жал хьвадарал муъминзаби ккола.

Ялъуни магIна гьабизе бегьула: КIалъайзе изно Аллагьас кьолеллъун дол малаикзаби ккола [ай, шафагIат гьабизе], шафагIатги гьез гьабула Аллагьас изно кьурасе, бокьанщиназе горо. Аллагьас жодое шафагIат гьабизе изно кьолел чагIиги ккола, дунялалда жал битIаралдалъун кIалъарал чагIи, гьеб битIараб, хIакъаб рагIиги ккола *«Ла илагьа иллаллагь»*, ай агьлу-тавхIид. Гьеб изноги Аллагьас гьезие кьезе мустахIикъаб букIун горебила кьолеб, Жиндирго рахIмат-цIцIобалдалъун, гурхIелалдалъунила букIунеб. Цинги гьеб шафагIат гьабиялъул байбихьийин абуни, халкъ, Адам аварагасдасан ﵇ байбихьун, киналниги аварагзабазухъеги кIанцIун, гьез нелъер Аварагасухъеги ﷺ ритIун, гьес Аллагьасдеги гьарун, гьедин букIунеблъи тасавуфалъул агьлоялъ бицунеб машгьураб хабар буго. Гьадал чIахIиял малаикзабиги аварагзабиги хIайранлъараб къоялъ, дунялалъул ханзабазулги нахъеяб гIаламалъулги щибха букIинеб?

Гьединлъидал гьабуна «*АлхIам*алда», жаниб Аллагьас, ай лъайзабуна халкъалда, Жив къиямасеб къоялъул хан вукIин. Гьениб ханлъи, кIодолъи гIицIго Аллагьасе буго, тIокIав чиясе гьечIо. Хадубги Аллагьас абулеб буго, гьал цере рехсарал аятазда хадуб, ай къиямасеб къоялъ ханлъи, кIодолъи Жив горесе гьечIолъиги баян гьабун хадуб:

﴿ذَٰلِكَ ٱلۡيَوۡمُ ٱلۡحَقُّۖ فَمَن شَآءَ ٱتَّخَذَ إِلَىٰ رَبِّهِۦ مَـَٔابًا ٣٩﴾ النبأ: ٣٨ - ٣٩

«Гьеб къиямасеб къо бачIине букIин хIакъаб буго, гьелда щаклъи гьечIо, щив чи вугониги жив Аллагьасде гIагарлъулеб, ахираталда гIазаб-гIакъобаялдасаги хвасарлъулеб нухде вачIине, ай Исламалде, вачIине бокьун, вачIа абе гьев чиясде».

﴿إِنَّآ أَنذَرۡنَٰكُمۡ عَذَابٗا قَرِيبٗا﴾ النبأ: ٤٠

«ВачIине бокьичIони, Дица ножое хIинкъи кьолеб буго гIагарда бугеб къиямасеб къоялъул гIазабалдалъун». ГIагарда бугебин абуна, кигIан ричIада бугониги, гьеб бачIине букIин хIакъаб бугелъул. Гьаб аяталъулъ хитIаб Маккаялъул куфаразде бугониги, цогидалги гъорлъа рахъун рукIунарелъул, реччан те рачIине Исламалде гьеб бичIчIарал щинал.

**وفي «التأويلات النجمية» : ﴿مآبا﴾ - أي مرجعا ورجوعا من الدنيا إلى الآخرة ومن الآخرة إلى ربّ الدنيا والآخرة لأنهما حرامان على أهل الله . «روح البيان» صـ ٣١١ ، جـ ١٠**

«Аллагьасул нухалде русса», – ян абураб рагIиялъул магIна, батIинияб гIилмоялъул агьлоялъин абуни, гьадин гьабулеб буго: Ай, нуж руссайила дунялалдаса ахираталде, ва ахираталдаса дунялалъулги ахираталъулги БетIергьанлъун вугев Аллагьасде. Гьадинги абула бугелъул, хириял диналъул вацал, бусурбаби, нелъедаги лъайзе ккела, бусурманчи вуго дун – абураб цIаралда гIей гьабун чIечIого, Аллагьасе гьабулеб гIибадат ихласалда, гIицIго Дов лъай ва разилъи тIалаб гьаби мурадалда гьабизе кколеблъи. Ай, нелъеде абулеб буго, дунялалъе гIоло гьабулеб динги тун, нуж руссайила ахираталъе гIоло гьабиялде, гьелдасаги нуж руссайила дун-

ялалъулги ахираталъулги хан – ТIадегIанав Аллагьасе гIоло бацIцIадго гIибадат гьабиялде. Хасалихъе лъикIаб хIалбахъин бакIаризе бокьарав хурухъан рии-ихалъ хIалхьи гьабичIого хIалтIула, гьев мурадалдеги щола. Дунялги ахираталъе бекьулеб хурлъун бугелъул, бекье хIал кIварав чияс ахиратлъе хур.

## АЛХIАМАЛЪУЛ УНКЪАБИЛЕБ АЯТАЛЪУЛ МАГIНА

﴿إِيَّاكَ نَعۡبُدُ وَإِيَّاكَ نَسۡتَعِينُ﴾

***«Нежеца лагълъи гьабулеб дуе буго, Аллагь! Цойги чиясе гьечIо, комек-квербакъиги Дудасан тIалаб гьабулеб буго дуе гIибадат гьабиялъе ва цогидал киналго умуразулъги».***

Ай: «Нежеца лагълъи гьабулеб Дуе буго, цойгиясе гьечIо», – ян аби ккола Аллагьасул тIадегIанлъи, кIодолъи, лагълъи Жиндие гьабизе дов мустахIикъав вукIин, ва живгоги, жинца лагълъи гьабизе гIоло горони Аллагьас вижун гьечIевлъи лъан, жиндирго гIодовегIанлъиялъе, жагьиллъи, факъирлъиялъе лагъ мукIурлъи.

Аллагьасе мутIигIлъи, Досие гIибадат-тIагIат гьаби ккола, лагъас Аллагь кIодо гьавиялъул камиллъи ва рагIаракьанде щой, лагълъи гьабиялдалъун горони БетIергьан лъаларелъул.

Гьанжи хал гьабе, как балев чияс *«АлхIам...»*, цIалулаго: «Нежеца лагълъи гьабулеб Дуе буго Аллагь, Дудасан буго квербакъи тIалаб гьабулебги», – ян кIалалъ абулаго, ракI дунялалда хурхун бугони, ай Аллагьасдаса гъафулго бугони, щибха ккелеб? Аллагьас абизе буго: «Дур гьеб

гьереси буго», – абун. Гьеб аят цIалулеб мехалъгIаги, ракI Аллагьасде буссун, магIна хал гьабун, хIузуралда гьечIони, гьев чиясул какил пайдаго щиб букIинеб? Как балев чияс, бищун дагьабгIаги, как бухьиналда аскIобги рехсараб аят цIалулелъулги хIузур цIуничIого рес гьечIо. Ножоца гьалда тIад цIакъ кIвар кье, диналъул вацал!

Лага-сан камичIеб, сахаб къаркъала бугониги, рухI гьечIони, чIагояв чи вукIунарев гIадин, арканал тIорайзе гьаруниги, хIузурго гьечIого, гъафлаталда бараб какги релълъонеб рухI гьечIеб черхалда. ХIасил, Аллагьасда аскIоб какил нелъее букIунеб ажро-кири, къабул гьаби букIуна хIузуралъул къадаралда. Аллагьас тавфикъ кьеги нилъ киназего, нелъерго гьормалъ кьабулареб хIалалъ берцинго, шурутIал-арканалги тIорайзарун, хIузуралда как байзе.

Хадубги хал гьабе, бусурбаби, балебщинаб какил щибаб ракагIаталъулъ: «Нижеца квербакъи Дудасан тIалаб гьабулеб буго, Аллагь!», – илан кIалалъ цIалулевлъунги вукIун, хIакъикъаталда, терроризмаялъе гIуцIцIараб хассаб фондалдаса бачIунеб букIин лъайгун цадахъ, долларазе гIола халкъалда гьоркьоб питна бекьун, Ислам чурук гьабизе хIалтIулев чиясда ТIадегIанав Аллагьас щибдай абила?

ТIадежоялъе, ТIадегIанав Аллагьас халкъ тавхIидалде ахIизе ритIарал аварагзабаздасанцин комек тIалаб гьабизе бегьуларин абулевлъун живгоги вугев хIалалъ, Исламалде данде хIалтIизабизе доб фондалдасан тIалаб гьабизе бегьулеб буго долларазул рахъалъ комек. Гьедин ТIадегIанав Аллагь махсароде кколаро!

Янгъизав, ай цохIого вукIун как балев чиясги *«АлхIам...»*, цIалулелъул гIемерлъул формаялда – «Нежеца», – ян абиялдасан мурадги ккола, как балев чияс хIафазатал, ай живгун цадахъ даим рукIунел малаикал, кинабго тавхIидалъул агьло, жамагIатгун как балеб бугони, – тIолабго жамагIат гIахьал гьаби. Ай, гьел киназдаго гъорлъ ватани цониги жиндир как къабулав чи, гьесул баракаталдалъун жиндирги как къабул гьаби мурадалда. Гьелъие гIоло буго жамагIатгун как бай муаккадаб суннатлъун гьабурабги. ЖамагIаталда гьоркьосан цониги чиясул как къабул гьабуни, ТIадегIанав Аллагьас, Жиндирго рахIмат-цIцIобалдалъун, гьев чиясул хIурмат гьабун, жамагIаталъулго как къабул гьабулилан чIахIиял гIалимзабаз бицун баян гьабураб жо буго.

Янгъизав чияс жамгIазул сигъаялда, ай «дица», – ян абулеб бакIалъ «нежеца», – ян абиялъулъ цойгиги хIикмат буго. Гьебги ккола, инсан вихьизе ва рикIкIине цо вугониги, гьесул черх батIи-батIиял лугбаздасан данде гьабураб, ай Аллагьас гьедин бижараб бугелъул, дугIаялъулъ дос данде къалел руго жиндирго лугбал. Аллагьас щибаб лагаялдасанги тIалаб гьабулелъул, жиб-жибалда рекъараб хIалалъ, Жиндие гIибадат гьаби, гьединлъидал абула дугIаялъулъги:

وَلَكَ نُصَلِّي وَنَسْجُدُ وَإِلَيْكَ نَسْعَى

«Дуе буго, Аллагь, нежеца как балебги, сужда гьабулебги, ширкалдаса бацIцIадго Дуде иманги лъун, ахиратги тIаса бищун, Дуде гIагарлъизе, Мун разилъи тIалаб гьабун лъикIал гIамалал гьарулелги». Ай, гьаб дугIаялда жаниб янгъизав чияс, «дица», – ян абулеб бакIалъ «нежеца», – ян абулеб буго, жиндир лугбалги данде рачун.

## КАКАЛЪ ИНСАНАСУЛ НАФСАЛЪУЛЪ ГЪАБУЛЕБ АСАР

Хадубги: Инсанасул нафс буго дунялалда хурхараб, гьелъие лагълъи гьабулеб, ай гьелъул берцинлъиялда хадуб унеб махлукъ. РакI буго ахираталда хурхараб, ай алжаналъе гIоло лагълъи гьабулеб. РухI буго къурбаталда хурхараб, ай Аллагьасде гIагарлъи жинца тIалаб гьабулеблъун, ай Аллагьасде гIагарлъиялъе гIоло жинца лагълъи гьабулеблъун. Сирру буго гIицIго Аллагьасда хурхараб, ай лагълъи гIицIго Досие гьабулеблъун, ракIалъул, рухIалъул гIадин, щибго жоялдехун тагIаллукъхурхен гьечIого.

Цинги Аллагьас какалдалъун лагъасе нигIмат кьедал, ай Исламалдеги тIовитIун, как балеб агьлоялдаса гьавидал, гьеб как БетIергьанас бикьана лагъасдаги Жиндаги гьоркьоб, ай: «АлхIамалъул цебесеб бащалъи – лагъас гьабулеб щукру-рецц, – гьеб Дие буго, хадусеб бащалъи – лагъасул дугIа-гьари, – гьеб гьесие буго, ва гьев лагъасе гьес гьарарабги буго», – ян абуна.

Гьанжи гьев лагъас, какил цебесеб бащалъиялъулъ Аллагьасе мустахIикъаб, берцинаб сифаталдалъун, щукру-рецц гьабиялдалъун Аллагьасде гIагарлъидал, «Жинде цо рокьоялъ гIагарлъарав, ай гIагарлъи тIалаб гьабурав лагъасде, Дун натIалъ гIагарлъила»,[1] – ян абуралда рекъон, БетIергьан гьев лагъасдеги гIагарлъула, ай *АлхIам*алъул хадусеб бащалъи цIалиялдалъун, Аллагьас абун бугелъул: «... Дир лагъасе гьес гьарарабги буго», – абун. Ай, Аллагьас гьев лагъ, гьесул нафс, ракI, рухI жедеда хурхарал бецIлъабадаса къватIиве вахъ-

---

[1] مَنْ تَقَرَّبَ إِلَيَّ شِبْرًا تَقَرَّبْتُ إِلَيْهِ ذِرَاعًا

изеги гьавун, гьездаса хвасарги гьавун, вачуна Жиндир вахIданияталъул нуралъулъе. Цинги гьел латIаифал гвангъула илагьияб нуралъ. Гьеб мехалда гьел латIаифаз Аллагьасде, хIакъикъияб лъеялъ, иманги лъола. Дол цере жедеца лагълъи гьабулел рукIарал, ай мутIигIлъулел рукIарал жалаздеги кафурлъула, ай гьездаса руссуна, бацIцIадаб шаригIаталдаги чIола, ва, киназго цадахъ цолъун: «Нежеца лагълъи гьабулеб Дуе буго, Аллагь, комек тIалаб гьабулебги Дудасан буго», – ян абула. ХIасил: нафсги, ракIги, рухIги бацIцIалъун горони, камилав инсан лъугьунев гьечIо.

Гьанжи, диналъул вацал, гьаб рехсараб хIалалда как байзе кIолебищ? – абун нахъе кIанцIичIого, кIварабгIан жигар бахъизе ккола нелъецаги кIолезда нахъ рилъине. Аварагас ﷺ абун бугелъул: «Ножоца гIилмо тIалаб гьабе киниялдасан байбихьун, лахIдоялъуре лъугьинегIан», – абун. Къол щуябго как байи мухIкан гьабигIан тIадчIей гьабизе ккараб жо щиб бугеб, «Исламалда жаниб, как – диналъул хIуби буго», – ян Аварагасги ﷺ абун букIаго? ТIад чIун как байзе лъайзе гьабиялда тIад хIалтIулев чи ккола, хIакъикъаталда гIилмо тIалаб гьабулев чи. ГIилмо тIалаб гьабулаго хварав чиги шагьид вукIунелъул, щивав бусурманчи гьавеги Аллагьас тIалиблъун!

## «АЛХIАМАЛЪУЛ» ЩУАБИЛЕБ АЯТАЛЪУЛ МАГIНА

﴿ ٱهۡدِنَا ٱلصِّرَٰطَ ٱلۡمُسۡتَقِيمَ ﴾

***«Дуца ниж тIоритIе, Аллагь, ай чIезе гьаре хIакъаб диналда, Исламалда».***

Ай, Аллагьасдасан комек тIалаб гьабун хадуб, кин дуе комек гьабилеб, абун жинде гьикъарабгIадин, лагъас абулеб буго: «Ниж битIараб нухалда чIезе гьаре», – ян, лагъас баян гьабулеб буго жив жинде хIажатаб комек. Гьидаяталъул нухалда чIезе гьавийин абуни, бищун кIвар цIикIкIараб амро ккола. Щаян абуни, аварагзабаз, асхIабзабаз, вализабазги гьарун бугелъул гьеб. Масала, Юсуф аварагас ﷺ гьарана:

تَوَفَّنِي مُسْلِما

«Дуца дун хойзе гьаве, Аллагь, Исламалда», – абун. Гьединго Муса аварагасде ﷺ иман лъеялдалъун ФиргIавница чIварал сахIаратаз[1] абуна:

تَوَفَّنَا مُسْلِمِينَ

«Дуца ниж Исламалда хойзе гьаре», – абун. Аварагасул ﷺ асхIабзабазги ﵃ гьарана:

تَوَفَّنَا مَعَ الأبْرَارِ

«Ниж хойзеги гьаре Аварагзабигун, свалихIуналгун цадахъ, къиямасеб къоялъ гьелгун тIадеги рахъине гьаре», – абун.

---

*[1] СахIир – сихIрочи (мн.ч. сахIарат).**

***Гьаб бакIалда нилъ кантIизе ккараб жо буго:***

Дунялалда бугеб щинаб гIилмо рекIехъе лъаниги, кинабго гIаламалда бащадаб гIибадат гьабуниги, гьелде нелъер мугъ чIвайзе бегьуларо. Щаян абуни, ахир кин ккезе бугеб лъаларелъул. Чанги чIахIиял гIалимзаби, цересел умматазул ругьбанал иблисалъ къосине гьарун ругелъул. Жибго иблисалъул хал гьабе, аза-азар санабаз гьабураб гIибадатги гьормалъ кьабун, ТIадегIанав Аллагьас рахIматалдаса бачахъараб. ТIад пихъ гIемерлъанагIан гъойтI гIодобехун цIцIалеб гIадин, гIилмоялъ, гIемерлъанагIан гIодовехун цIцIала. Щаян абуни, гIилмо гIемерлъанагIан лъала гIадан живго жиндаго. Ай, гьесда рихьула жиндирго чорхолъ ругел гIайибал, гIунгутIаби. Рихьун хадур, гьел тIагIинаризе гIоло гьав живго жиндаго машгъуллъула. Аллагьас жиндие кьурал нигIматалги жиндирго гIамалалги данде ккураб мехалъ, гьесда батуларо щибниги жинца гьабураб гIамал, кинабго Аллагьасде буссуна. Гьеб мехалда гьев чи Аллагьасдаса нечечIого кин вукIинев?

Амма гIилмо цIаланиги, гьелдаса пайда босизе, гьеб гIилмо данде бачинеги жодода лъайчIел, гIакъло гIечIел гIадамалин абуни, – гьел ккола Аллагьасул гIинаят жодое щойчIел, жалго жодоцаго махсароде ккурал, гуккарал агьло. Аллагьас цIунаги гьединаздаса! Гьезул зарал Исламалъе, хайиралдаса нусго нухалъ цIикIкIараб буго.

**الصراط المستقيم**

«БитIараб нух», – абураб калимаялдасан мурадги ккола, хIакъаб, битIараб дин – Ислам. Гьеб хIакъаб Исламияб диналде: الصراط – ай нухилан абуна. Абиялъе

гIиллаги, кигIанго ТIадегIанав Аллагь Жив чIолеб бакIалдаса, ай маканалдаса вацIцIадав вугониги, Аллагьасде гIагарлъи, Гьев лъай тIалаб гьабулев тIалибас къотIизе кколел маназилал рукIунелъул [ай, масафатал], гьел масафатал къотIулаго данд чIвалел ва раччизе кколел захIмалъабиги рукIунелъул, гьедин гьел захIмалъабиги раччулаго тIалиб цевехун унелъул, сафаралъ унев нухлуласда гьев релъарав гIадин, гьес гьабулеб Исламияб диналдеги нухилан абуна.

Хадубги, Аллагьас как байзе, *АлхIам* цIалиялъе агьлолъунги гьавун, Исламалдаги тIовитIун вукIун вугев хIалалъ, ниж битIараб нухалде тIоритIеян абиялъулъги руго нухал. Гьезул цояб: Аллагьги лъан хадув, битIараб нухавеги тIовитIун хадув, лагъасда чара гьечIого лъайзе ккола дунявияб букIа, ухравияб букIа, щибаб гьабулеб гIамалалъулъ гIорхъи цIунизе. Масала, цо гьабулеб гIамал гIорхъоде бахинчIони – камураб, гIей гьечIеблъун букIуна. ГIорхъолъа борчIани – тIасан ккараб букIуна. Гьаб кIиябго какараб буго. Гьединлъидал, лагъас гьарулеб буго БетIергьанасде: «Щибаб гIамалалъулъ, ай сундулъго гьоркьохъеб къагIида цIунизе тавфикъги кьун, тIоритIе ниж», – абун. Кисса-кибего, сундулъго гьоркьохъеб хIал цIунийин абуни, цIакъ захIматаб амро ккола, гьелъул хIакъалъулъ хадубги рехсела, Аллагьасе бокьани.

Хадубги, «Дуца ниж битIараб нухалда тIоритIе, Аллагь», – абураб рагIиялдасан мурад: [اهْدِنَا] – Дуца нежеда лъайзе гьабе, Аллагь, Дур зат, сифатал, афгIалазде тIоритIел гьабулел далаилал, – щибаб жоялъулъ. Масала, бакъ-моцалъул хьвади, цоялъ цояб хисун сордокъо бачIин, зобал-ракьазул гIуцIцIи, ралъдадаги ракъдадаги бижун бугеб щинаб батIа-батIаяб махлукъат, гьел

киназулго гIумро-яшав, хьвада-чIвади ва гьезул жеדедаго жаниб букIунеб гIадло-тадбир. Гьеб кинаЛъулго пикро гьабураб мехалъ, нелъеда ратула гьезулъ, Аллагь вукIиналдеги, Гьесул сифатал-афгIалаздеги тIоритIел гьабулел далаилал.

Цойги доб «битIараб нух», – абураб рагIиялдасан мурад: лагъас Аллагьасде гьарун тIалаб гьаби буго: «Мун тун нахъеяб щинаб жоялдаса ватIаги гьавун, дун Дуе мутIигIав, Дуде вуссарав лагълъун даим гьаве», – абураб.

МутIигIлъиги кинабин абуни, Ибрагьим аварагасде гIадин ﷺ, вас хъоян амро гьабуни; яги ИсмагIилиде гIадин ﷺ, хъойзе вегаян абуни; яги Юнус аварагасде гIадин ﷺ, гIурулъе кIанцIеян абуни; яги жив тIадегIанаб даража-макъамалъул авараглъун вукIун вугев хIалалъ, Муса ﷺ аварагасде гIадин, мун пуланав чиясухъе тилмизлъун[1] аян абуни, ай дуда аскIов дудасаго гIодовегIанав чиясде аскIове; яги, лъикIалдалъун амро гьабиялдалъун, ЯхIя авараг ﷺ гIадин чIвала вугони; яги Закария авараг ﷺ гIадин хъухъадероялъ хъухъала вугони, – гьез гIадин сабро гьабеян абуни, – гьал рехсарал киналго умурал доз гIадин тIоралел ругони, гьеб ккола хIакъикъияб Аллагьасе мутIигIлъи, ва доб битIараб, жив жинде Аллагьас тIовитIараб нух унго-унгояб хIалалъ ккойи.

## БИТIАРАБ НУХАЛДА РУГЕЗУЛ ТАЙПАБИ

БитIараб нухда ругезулги руго, нух ккоялъулъ, батIабатIаял тайпаби.

***Цо тайпа*** буго рекIел къасд-ниятги, кIалалъ бицунебги,

---

*[1] Тилмиз – цIалдохъан. **

гьабулеб гIамалги, – лъабабго битIарал, ай бацIцIадаб, битIараб рекIел нияталда бицунебги гьабулебги рекъон ккарал.

***КIиабилеб тайпа*** буго рекIел ниятги гьабулеб гIамалги жедер битIараб бугел, кIалалъ бицунеб хутIизегIан. Гьеб кIиябго тайпаялъул тIоцобисеб тайпа, жедерго хIалалда рекъон, лъикIлъиялда жедер корщел батарал ккана. КIиабилеб тайпаги гьаздаго хадур рачIарал ккола, рекIел ниятги гьабулеб гIамалги истикъаматалда бугелъулха гьазулги, гьелъ гьазиеги гIей гьабулеб буго.

***Лъабабилеб тайпа*** ккола ракI гъорлъа бахъун, гьабулебги бицунебги жедер битIарал. Гьеб тайпаялдеги абулеб буго хайир щоялде, ай гIадада хунгутIиялде хьул бугел ругилан. Масала, гьаб букIине бегьила, Аллагьасе гIолоян яги цойги мурадалъе гIолоян абун, кинаб бугониги ниятго гьечIого гьабураб гIамал, Аллагьасда лъала хIакъикъат. [والله أعلم]

***Цойги тайпа*** буго, гIамал-пиша гъорлъа бахъун, ракIги кIалги жедер истикъаматалда бугел.

***Цойги тайпа*** буго, ракIги гьабулеб пиша-гIамалги гъорлъа бахъун, гIицIго бицунелъулъ ритIарал, ай гьабизеги гьабуларел, ракIалдаги букIунарел, кIалалъ бицунел.

***Цойги тайпа*** буго ракI истикъаматалда бугел, кIалалъ бицунебги гьабулеб пиша-гIамалги данде кколарел.

***Цойги тайпа*** буго гьабулеб гIамал-пишаялъулъ ритIарал, ракIги кIалалъ бицунебги мекъал. Ахирисеб ункъабго тайпаялъул гьабураб гIамалин абуни, жедеего заралалъе батула, хайиралъе батуларо.

РагIулъ истикъаматги, кIал-мацI гъибат-бугьтаналдаса цIуниялдалъун тIобаларин абулеб буго. Гьеб рагIулъ истикъамат цIуниялдасан мурад – жинца цогиявги битIараб

нухалда тIовитIи кколеб буго, ай цогиясеги комек гьаби. Масала, цо чияс лъайзе гьабуна как байзе, цинги гьеб как байзе цогиясдеги манлъана, гьев чи кколев вуго рагIулъ истикъаматалда вугев чи.

Хадуб, какил гIуж щвараб мехалда, гьеб какги бани гьес, арканал-шартIалги тIорайзе гьарун, гьанжи гьев лъугьана рагIулъги гIамалалъулъги истикъаматалда вугевлъун. Гьев чиясда лъана, как баялдасан ТIадегIанав Аллагьасул мурад, Дос жиндаса тIалаб гьабулеб жо – хIузур букIин, цинги гьеб как хIузуралдаги бана. Гьанжи гьев лъугьана кIал-мацIалдалъунги, фигIло-гIамалалдалъунги, ракI-алдалъунги истикъаматалда вугевлъун. Доб щибаб хIалалъулъ гьоркьохъеб хIал цIуни, ай истикъаматалда чIей, захIмат кин букIинареб, *«Сурат аль-Гьуд»*, рещтIиндал Аварагас ﷺ абун бугелъул:

**«شيبتني سورة هود»**

«Дун *“Сурат аль-Гьуд*алъ” хер гьавуна», – абун.

قَالَ تَعَالَى: ﴿ فَٱسۡتَقِمۡ كَمَآ أُمِرۡتَ ﴾ هود: ١١٢

Гьеб сураталда жаниб абулеб буго ТIадегIанав Аллагьас: «Мун витIун чIа, я МухIаммад, дур диналъулъ, гьелда гIамалги гьабе, халкъги гьелде ахIе», – абун. Ай, «Дуе баянлъидал цересел умматазул, гьел тавхIидалде ахIизе ритIарал дур вацал – аварагзабазул, гьезде иман лъуразул, лъечIого данде чIаразул, ва гьел аварагзабаз, Дир амро тIаде щвезегIан, баччараб захIматалъулги гьабураб саброялъулги хIакъалъулъ харбал. Гьелго гIадин, мунги даимлъе истикъаматалда, халкъги ахIе гьелде, дур БетIергьан Аллагьас дуде амро гьабураб куцалъ».

«Мун битІараб нухалда чІа», – ян Аварагасде ﷺ гьев битІараб нухалда вукІинчІого абураб горо. Гьелъул магІна ккола: «Мун гьелда даимлъе, мушрикиназухъги гІенеккуге», – абураб. Масала, цо вахъун чІарав чиясде, мун вахъун чІун вукІа – ян абулеб гІадин. Щибаб хІалалъулъ гьоркьохъеб хІал цІуниялде ахІулеб аятаздаса буго гьаб аятги:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ وَلَا تَجْعَلْ يَدَكَ مَغْلُولَةً إِلَىٰ عُنُقِكَ وَلَا تَبْسُطْهَا كُلَّ ٱلْبَسْطِ فَتَقْعُدَ مَلُومًا مَّحْسُورًا ﴿٢٩﴾ ﴾ الإسراء: ٢٩

Гьаб рехсараб аяталъулъги хитІаб Аварагасде ﷺ бугониги, мурад – цогидал руго. Щай абуни, Аварагас ﷺ метералде нахъе жого толареб букІиндал. Ай, уммат ахІулеб буго, гьезде манлъулеб буго тІадегІанав Аллагьас, эбел-инсуца лъималазде гІадин. Аяталъул мурад: «Мун вукІунге, садакъа кьеялъулъ, квер бухьарав чи гІадин; рагьун хъат цебе ккурав гІадин квер беччанги вукІунге, ай щибго течІого кинабгоги бикьуге, цинги мун чІовогоги хутІун пащманлъиялде кколев».

«*Сурату Шура*»ялда абулеб буго:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ وَٱسْتَقِمْ كَمَآ أُمِرْتَ ۖ وَلَا تَتَّبِعْ أَهْوَآءَهُمْ ﴾ الشورى: ١٥

Гьаб аяталдаги абулеб буго Аллагьас Аварагасде ﷺ: «Мун витІун чІа, дуде амро гьабун вахІю рещтІухъе, мун нахъги вилълъунге мушрикиназул раъюялда[1]», – абун. ВитІун чІеялда тІасан гьединал хитІабал гьарулел руго ТІадегІанав Аллагьас Аварагасде ﷺ, гьеб бичІчІизе гьесул

[1] *Раъю – гІаакъло, пикро.**

бугеб къуваталда рекъон. Расуласин абуни умматалъе баян гьабулеб буго хIадисалда, гьезул загIиплъи хал гьабун: «Нуж ритIун хьваде, Аллагьасул амроялда рекъон, ай тIобанго ритIун чIезе, ай истикъаматалда чIезе, ножор хIал кIвеларо», – абун. Щаян абуни, хIакъикъияб истикъаматалда чIезе аварагзабада ва акабируль-авлияазда[1] горони кIоларелъул.

Ибну-ГIатIаиллагь абурав кIудияв щайихас абулеб буго: «Истикъамат – жиндирго хIавло-къуваталдаса гIицIцIго лагъ, щибаб хIалалъулъ, даимго, жив Аллагьасде хIажатавлъун вукIин буго», – абун. Абу-ГIали Журжани абун гьединго кIудияв чиясги абулеб буго: «Мун истикъамат тIалаб гьабулевлъун вукIа, карамат тIалаб гьабулевлъун вукIунге, карамат буго дудасан нафсалъ тIалаб гьабулеб жо, Аллагьасин абуни дудасан истикъамат тIалаб гьабула», – абун. Гьединлъидал бищунго тIадегIанаб карамат – истикъамат ккола.

Цойги, Абу-СагIид абун кIудияв щайихасде бициндал, пуланав чи лъелълъан вилълъанхъула абун, гьес абулеб буго: «ЧчугIби ва къуркъбиги рилълъанхъулагури лъелълъан», – абун. Пуланав чи гьаваялдасан воржунаян бициндалги абун буго гьес: «ХIинчI-гъедоги боржунагури гьаваялдасан», – абун. Пуланав чи цохIого заманалда, [ай, хехго, минуталда жанив], бакъ баккудеги бакъ тIерхьудеги щолаян бициндалги абун буго гьес: «иблисги щола гури гьедин», – абун. Цинги гьесде гьикъун буго: «Дуда аскIоб карамат щиб жоха кколеб?» – абун, гьелъиеги гьес жаваб гьабун буго: «Карамат ккола – мун загьиралда халкъгун, батIиналда Халикъгун вукIин», – абун.

*[1] Ай, чIахIиял вализабада.**

ХIакъикъаталдаги, нелъецаго пикри гьабе, Аллагьасул каламалда, я Аварагасул ﷺ хIадисалда, яги имамзабазул асаразда цохIониги бугищ, яги рагIанищ карамат тIалаб гьабеян абун. Истикъаматин абуни, дин-Исламалъулъ нелъедасан тIалаб гьабулеб жо гьеб горищ бугеб. ЦIакъ кантIизе ккараб жо буго гьаб. Гьалъул хIакъалъулъ рехсей хадубги гьабилеб батила, иншааллагь, гьаниб къокъ гьабун тела.

## ГIУМРОЯЛЪГО КIАЛ ККВЕЯЛЪУЛ ХIУКМУ

ГIумроялъго кIал ккоялъул ва дунял рехон теялъул хIакъалъулъ гьикъарав чиясде, гьелдасан гьевги нахъ чIван, Аварагас ﷺ абун буго:

((إِنَّ لِنَفْسِكَ عَلَيْكَ حَقًّا وَلِزَوْجِكَ عَلَيْكَ حَقًّا فَصُمْ وَافْطِرْ وَقُمْ وَنُمْ))

«Дурго къаркъала-черхалъе дуда тIад хIакъ буго, дуца тIобайзе кколеб, гьединго хъизаналъеги буго дуда тIад хIакъ, дуца тIобайзе кколеб. Дуца кIал ккой, беччайзеги беччай, мун радакьеги вахъа, кьижизеги кьижа», – абун. Гьалда релълъон, щибаб хIалалъулъги сундулъгоги гьоркьохъеб хIал беццараб буго. Аварагасул ﷺ хIадисги буго:

((خَيْرُ الْأُمُورِ أَوْسَاطُهَا))

«Умуразул бищунго беццараб – гьоркьохъеб хIал буго», – абун. РетIунеб ратIлъилъ, кванилъ, вега-вахъин, кьижиялъулъ, мина баялъулъ, цогидаб дунялалъул магIишат-яшавалъулъ гьоркьохъеб къагIидаялда чIей, ай чIезе лъайи, гIилмо буго. Аллагьас тавфикъ кьеги!

## «АЛХIАМАЛЪУЛ» АНЛЪАБИЛЕБ АЯТАЛЪУЛ МАГIНА

﴿ صِرَٰطَ ٱلَّذِينَ أَنۡعَمۡتَ عَلَيۡهِمۡ ﴾

***«Дуца жедее нигIмат кьурал гIадамазул нухалда тIоритIе, Аллагь!»***

Щал гьел нигIмат жедее кьурал чагIи абуни, анбияал, сиддикъинал, шугьадаал, свалихIинал руго. НигIматалги кIиго руго: дунявиял ва ухравиял. Дунявиял нигIматалги, цо руго вагьбиял, ай Аллагьас чIорого кьурал, чорхол рухI, гIакъло, фагьмо, пикро, кIалъайгIадал, лугбал камилаб, сахаб черх кьейгIадал. Цойги руго дунявиял нигIматазул касбиялги. Гьелги ккола нилъер гIамалалдалъун щолел нигIматал. Жиндирго нафс квешал пишабаздаса бацIцIцIад гьаби ва лъикIалщинал пишабазда гьеб куци, ругьун гьаби – гьаб нелъедаго бараб ккола. Ухравиял нигIматалин абуни, – мунагьал чури, алжаналъул нигIматал кьейи. Мунагьалги чурун, тIасаги лъугьун, Аллагьас алжан кьолеллъун ратаги МухIаммадияб уммат!

Загьириял ва батIиниял нигIматазул бицунаго, гьадинги абулеб буго: Загьириял нигIматал – Аварагзаби ритIи, тIахьал рещтIин, Аварагзабазул дагIват къабул гьабизе тавфикъ кьей, суннаталда нахърилълъин, бидгIаялдаса рикIкIалъи, амро-нагью цIуни, гIибадаталда даимлъи-тIадчIей гьаби. БатIиниял нигIматалин абуни, гьеб ккола гIалам бижилелдего Аллагьас гьезул рухIазде, заррабазде тIаде щвараб нуралъул бутIа жедее щвей. Гьеб илагьияб нур зарабазде тIаде беччайдал, цоязда гьеб бихьана, цойгиязда бихьичIо. Цинги гьеб кIиябго фиркъаялда гьоркьоб ккана дагIба. Нур бихьарал, гьелдасан

пайдаги босун, рохун лъугьана; бихьичIел, гьеб нур букIинчIин, букIарабани нежедаги бихьилаанин чIана. БитIараб, хIакъаб нух бихьи, гьеб нухабе гъапу рагьиго инсанасе доб нур бихьи, гьелъул асар щой ккана. Гьеб нур щварав Аллагьасул лагъ гьелдалъун валагьула, ай гьеб нуралдалъун гьесда хIакъабги бихьула. Азалалдаго, доб нур бихьараздаги бихьичIездаги гьоркьоб ккараб дагIба, дунялалдаги ккана кIиябго тайпаялда гьоркьоб, гьеб жакъа нелъер заманалдаги цIакъго загьирлъулеб ва бихьулеб буго. КъотIиги гьелъие букIунаро.

ТIадегIанав Аллагьас азалалдаго халкъалъул арвахIазде тIаде гьеб нур щваялъул хIакъалъулъ Аварагас ﷺ бицараб хIадисги буго:

((اِنَّ اللهَ خَلَقَ الْخَلْقَ فِي ظُلمَةٍ ثُمَّ رَشَّ عَلَيْهِمْ مِنْ نُورِهِ فَمَنْ أَصَابَهُ ذَلِكَ النُّورُ فَقَدْ اِهْتَدَى وَمَنْ أَخْطَأَهُ فَقَدْ ضَلَّ)). «روح البيان»

﴿غَيۡرِ ٱلۡمَغۡضُوبِ عَلَيۡهِمۡ وَلَا ٱلضَّآلِّينَ﴾

***«Дур ццин бахъин жедеде щвечIел, битIараб нухалдаса жалги къосинчIел гIадамазул нухалда тIоритIе ниж, Аллагь!»***

Аллагьасул ццин бахъин жедеде щварал ккола гIусатал, битIараб нухалдаса жал къосун ккарал, Аллагь лъалареб къавм. Ялъуни, жедеде Аллагьасул ццин бахъин щварал – ягьудал[1] , битIараб нухдаса къосун ккарал – насранал[2]. Ялъуни азалалдаго доб илагьияб нур жедеда бихьичIеб агьло.

*[1] Ягьудал – жугьутIал.**

*[2] Насранал – христианал.**

## «АЛХIАМАЛЪУЛ» ТАРТИБАЛДА КЪОКЪАБ МАГIНА:

بسم الله الرحمن الرحيم

☑ Щибаб рецц Аллагьасе буго, кинабго махлукъат-гIалам Жинца хьихьулев.

☑ Дунялалда Жив лъикIасдаги квешасдаги гурхIулев, ахираталда хассго муъминчиясда гурхIулев.

☑ Къиямасеб къоялъул ханлъун Жив вугев.

☑ Нежеца лагълъи гьабулеб Дуе буго, Аллагь, квербакъи тIалаб гьабулебги Дудасан буго.

☑ Дуца ниж тIоритIе, Аллагь, битIараб нухалда, [кинаб нухалда абуни] Дуца жедее нигIматал кьурал авараг-забазул, гьезда нахъ рилълъарал лъикIал чагIазул нухалда тIоритIе.

Жодода Дур ццинги бахъинчIел, жал битIараб нухалдасаги къосун ккечIел.

*Гьанжиги дир тавбо, Таввабу-РрахIим,*
*Такъсиралъе хIакъал мунагьаздаса,*
*Тохлъиялъ реччарал гъалатIаздаса,*
*Гъапулго гьабураб тIагIаталдаса;*

*Гьабизе лъай гIечIеб жагьлоялдаса,*
*Жагьлул-мураккабалъ ватиялдаса,*
*Вати лъайдалниги, лъикIаб нух ккойзе*
*КантIичIого араб гIумроялдаса.*

*Дунял-гIаламалъе рахIматлъун кьурав,*
*РахIман, Дуе щукру, ШафигI ватидал.*
*Шарик гьечIев МагIбуд, Дур ХIабибасул*
*Уммат ниж гьаридал, аль-хIамдулиллагь!*

*АлхIам цIалиялъе агьлолъун гьарун,*
*Агьлу-суннаталъул гIакъидатги кьун,*
*ГIарифуназулгун сухIбат[1] насиблъун,*
*Нежей кьураб гIадаб талихI бугодай!?*

*ТалихI босизе лъан, мурад тIобарал*
*АкътIабазул кварчIен ккойзе рес щойи —*
*Квешал гIамалал тун, вусса-сверизе*
*Сабаблъун букIуна, тавфикъ кьурасе.*

*Расул хер гьавураб «Гьудалъул»[2] аят*
*Умматалъе бугеб танбигьлъун[3] ккола,*
*Истикъаматалъул гIорхъаби рехсей –*
*ГIадада бицунеб хабарги горо.*

*ХитIаб ТIагьаясде гьабунаниги,*
*Гьелдасанги мурад – цогиял руго.*
*Цойгиязде гъорлъе нилъги кколелъул,*
*Нелъер истикъамат кинабдай буго?*

*Как – диналъул хIуби, – хIузургун бани.*
*ХIузур ккойзе кIолел ракIал кир ругел?*
*РакI гъафулаб свалат[4] – рухI гьечIеб жасад [5],*
*ХIуби жагъаллъараб рукъалъул мисал!*

---

*[1] СухIбат – гьалмагълъи.*
*[2] Сурат «Гьудалъул»*
*[3] Танбигь – кантIизе гьари.**
*[4] Свалат – как.**
*[5] Жасад – черх, къаркъала.**

*Магъриб-машрикъалде щолел хивалал,*
*Халикъ валагьулеб рукъалъул бецIлъи,*
*Бакун-ссун букIунеб нуралъул чирахъ,*
*Нахъе чIван чIолареб иблисалъул бо.*

*«Уммул-Къуръанилан» сифат гьабураб,*
*«Суратуль-ФатихIат» – хирияб АлхIам,*
*Инжил, Тавраталда жаниб лъечIого,*
*Жаббарас АхIмадий сайгъат гьабураб.*

*Гьеб босун Жабраил ТIагьахъе щведал,*
*ЩайтIабазул эбел – иблис гIодараб,*
*Умматалъе зарал гьанжиялдаса*
*Гьабизе кIойларин, ургъалилъ ккараб.*

*Элъул мугъ бекизе, Карим Аллагьас*
*АлхIам цIалиялъул ажро бицараб,*
*Тавбо гьечIониги, гьеб цIаларасул*
*Мунагьал чурилин, кIалги гьикъараб.*

*КIудиял-гьитIинал, загьир-батIинал*
*Мунагь-хатIабазул цIурал нелъее*
*ЦIализе рес щвараб дугIа бихьулищ,*
*Балеб щинаб какил ракагIатазулъ!?*

*ГIадамалгин женал, амлакал[1] цолъун*
*Цадахъго тIаделъун магIна хъваниги,*
*РагIалде бахъине рес гьечIеб АлхIам,*
*Гьелда сверухъ лъугьун лъида хIал кIолеб!?*

*[1] Амлакал – малаикзаби.**

*ХIалимлъиялъулгин ццин бахъиналъул*
*ГIорхъаби цIунизе гьунар кье, Аллагь!*
*Гьоркьохъеб хIалалъул даражаялда*
*Дунялги ухраги гIуцIизе манлъе!*

*ГIайибалъул цIурав такъсирчиясе*
*Тавбо – дарулъидал, хьул гьелде буго.*
*Гьабун бажарулеб тIагIат гьечIесе,*
*ГIайиб тIаде босун мукIурлъи – сабаб.*

* * * * *

# الباب الثاني

# КIИАБИЛЕБ БЕТIЕР

## СУРАТ «АЛЬ-БАКЪАРАТАЛЪУЛ» АВАЛАЛДА РУГЕЛ АЯТАЗУЛ БАЯН

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

﴿ الٓمٓ ١ ذَٰلِكَ ٱلۡكِتَٰبُ لَا رَيۡبَۛ فِيهِۛ هُدٗى لِّلۡمُتَّقِينَ ٢ ٱلَّذِينَ يُؤۡمِنُونَ بِٱلۡغَيۡبِ وَيُقِيمُونَ ٱلصَّلَوٰةَ وَمِمَّا رَزَقۡنَٰهُمۡ يُنفِقُونَ ٣ وَٱلَّذِينَ يُؤۡمِنُونَ بِمَآ أُنزِلَ إِلَيۡكَ وَمَآ أُنزِلَ مِن قَبۡلِكَ وَبِٱلۡأٓخِرَةِ هُمۡ يُوقِنُونَ ٤ أُوْلَٰٓئِكَ عَلَىٰ هُدٗى مِّن رَّبِّهِمۡۖ وَأُوْلَٰٓئِكَ هُمُ ٱلۡمُفۡلِحُونَ ٥ ﴾ البقرة: ١ - ٥

***«Сурат аль-Бакъаратальъул», авалалда ругел гьал рехсарал аятазул мурад.***

Авалалда бугеб лъабабго хIарфалдасан мурад Аллагьасда лъала. «Жалалалдаги», гьел хIарфазул магIна гьалда къокъ гьабун буго. Нелъеда тIадаб жойин абуни, – гьелда иман лъей буго. ТIадегIанав Аллагьас мигIражалде ахIарав сордоялъ нелъер Аварагасде ﷺ манлъана лъабго гIилмо. Цо – халкъалъухъе щвезе гьабизе, ай халкъалде бицине. КIиабилеб гIилмо – халкъалде бицинеги бицинчIого тезеги эхтияр Аварагасе ﷺ кьураб. Лъабабилеб – халкъалде бицине изно кьечIеб, бальго теян тIад къараб. Гьаб лъабабилеб, бицине изно кьечIеб, гIилмоялде гъорлъе кколел ратизеги бегьула гьал хIар-фал ва, долгогIадал, Къуръаналда ругел цогидал хIарфалги. Горебани Аварагас ﷺ дол хIарфазул хIакъалъулъ баян гьабичIого телароанин кколеб буго. Гьаб дирго пикро буго, Аллагьасда лъикI лъала. [валлагьу агIлам].

ЧIахIиял гIарифуназ гьел хIарфазул магIнаби гьарунги руго батIа-батIайиса. Гьездаги гьел хIуруфазул магIнаби лъайчIого рукIунаро.

Хадубги Аллагьас абулеб буго: «Гьаб Аварагасухъе кьураб тIехь, ай Къуръан, буго Аллагьасул рахъалдасан рещтIараб букIиналда щибго щаклъи гьечIеб, жиб хIакъаб, битIараб калам, – абун. – Муттакъинал жиндалъун битIараб нухалде тIоритIулеблъунги буго гьеб», – абунги. Гьидаят жодое насиблъичIеб къавмалъ инкар гьабуниги, Жиндица Аварагасухъе кьураб хIакъаб Жиндирго калам Къуръан букIиналъе Аллагь Живго вуго нугI. ГIакъло бугев чиясе тIокIаб далилги къварагIинаро.

﴿ذَٰلِكَ ٱلْكِتَٰبُ﴾

Гьаб каламалъул магIна ккола «Доб ТIехь...», абураб. РичIада бугеб жоялде гIадин «Доб ТIехь...», абун абиялъе гIиллайин абуни, цересел аварагзабазде рещтIарал тIахьазда ва гьединго Муса аварагасул عليه السلام Тавраталда бицун, бану исраилазе къотIи гьабун букIана ТIадегIанав Аллагьас عَزَّ وَجَلَّ: «Жинца ИсмагIил аварагасул عليه السلام лъималаздасан Аварагги вахъине гьавизе вуго, гьесухъе тIехьги кьезе буго», – абун. Цинги нелъер Авараг ﷺ гьижра гьабун Мадинаялде индал, Мадинаялъул гIемерал жугьутIал хIинкъана, – ай хIасад гьабурал жугьутIал, – доб, Тавраталда Аллагьас عَزَّ وَجَلَّ рещтIине гьабизе къотIи гьабун букIараб тIехь гьабцин городай абун. Гьединлъидал абуна Аллагьас: «Доб тIехь...», – абун, ай: «Гьале доб, Дица рещтIине гьабизе къотIи гьабун букIараб тIехь – Къуръан», – абун.

Ялъуни гьеб букIине бегьула гьадинги. Нелъер Аварагасеги ﷺ Аллагьас къотIи гьабун букIиндал, «Дица духъе

тIехь кьезе буго», – абун, цинги «Гьале доб, Дица къотIи гьабун букIараб тIехь», – абун Аварагасдехун ﷺ абураб магIнаялдаги букIине бегьула.

## ТАКЪВАЯЛЪУЛ АГЬЛО ВА ГЬЕЛЪУЛ ДАРАЖАБИ

Муттакъинал абула, ахираталда гIазаб-гIакъобаялде кколел пишабаздаса цIунун, Аллагьасдаса хIинкъун жал хьвадулел гIадамазде, ялъуни магIсияталда даимлъуларел, гьабураб гIибадат-гIамалалдалъун жал гуккизеги гуккуларел чиязде. Ай, гIемерлъун бихьун, рияъ-сумгIаталдалъун. Ялъуни Аварагасда ﷺ ва асхIабзабазда нахъ вилъарав чиясде, гьалъин абуни, кинабго жанибе бачуна.

***ХIасил, такъваялъул буго лъабго даража:***

***ТIоцобисеб даража*** – Абадалъго жужахIалда хутIиялдаса, куфруялдаса вацIалъиялдалъун цIуни ккола. Ай, кигIан чIахIиял мунагьал гьарулевлъун вугониги, тавхIидалда вукIин. ТавхIидалъ, кигIан гIемер заман, мунагьал рихьун, жужахIалъуб бахъаниги, гьев чи гьелдаса хвасарлъула ва алжаналде вачуна.

***КIиабилеб даража*** – ТавхIидалда, ай Исламалда вукIун вугев хIалалъ, гьабиялдалъун, яги гьабичIого теялдалъун, жив хIакъикье кколевщинаб жоялдаса ричIалъи. Масала, гъибат гьаби, гьереси бицин, мацI гьаби – жал гьариялдалъун мунагьалде кколел руго. Как-кIал тей, закагIатсахI бахъунгутIи – жал гьаричIого теялдалъун мунагьалде кколел руго ва гь.ц.

***Лъабабилеб даража*** – Аллагьасдаса ракI гъафул гьабулеб щинаб жоялдаса вацIцIалъи ва кинабго рахъа-лъан,

ай тIованго, Аллагьасде вуссин буго. Гьаб лъабабилеб даража ккола кисса-кибего Къуръан-хIадисалъ нилъ жинде ахIулеб, хIакъикъияб такъва.

Ибну-Сайрин абун кIудияв гIарифуназул чи вукIана. Гьесул букIун буго кIикъого хванча[1] цIураб нах. Гьел рагIазул цоялда жаниб батун, гьесул гъуламас къватIибе рехун буго гIункIкI. Гьеб гIункIкI кинаб рагIалъуса рехараб къватIибеян гьикъидал, гьев гъуламасда лъан гьечIо киналъуса рехарабали, гьес лъаларин абун буго. Цинги Ибну-Сайриница кинабго гIодобе тIун буго.

Абу-Язид БастIамияс Гьамадан абураб бакIалъа чамарсак босун буго бичун. Рокъове щведал, гьелда гъорлъ батун буго кIиго цIунцIра. Цинги гьев ун вуго кIиябго цIунцIраги босун Гьамаданалде рехизе.

Цо къоялъ гьес чурун буго тIад ретIунеб жо къватIиб, ай гIалахалда. Цинги гьалмагъас абун буго гьесде, гьеб бакъвазе къедалда байзе буго, абун. Чияр къедалда нелъеца магI чIвайзе гьечIо, – абун, БастIамияс къабул гьабун гьечIо. Гьанжи абун буго гьалмагъас, гьеб цо гъотIода байзе буго, абун. ГъотIода бани гьелъ чияр гъотIол гIаркьел бекизе бегьулаян абун, гьебги гьас къабул гьабун гьечIо. Гьанжиги абун буго гьалмагъас, гIурдада тIибитIизе буго, – абун. ГIуруги боцIуца хер кваналеб бакI буго, – абун, гьебги къабул гьабун гьечIо. Ахиралда жиндирго мугъалдаги бан бакъвазе гьабун буго. Аллагьасдаса хIинкъиялъул рахъалъ даража камиллъарал гIадамазул хьвади гьединаб букIуна.

[1] *Ай, рагI.*

Хадубги абулеб буго Аллагьас, муттакъиназе сифатги гьабун: «Гьединал гIадамалила гьел, жеведаса ричIадал, жедеда рихьичIел жал, Аварагас бицаралда нахъ рилълъун, жедеца ритIухъ гьабулел, гьелде иманги лъолел». Масала, хабалъ гIазаб, къиямасеб къоялъ тIаде рахъине гьари, хIисаб-суал, ciратI, мизан, алжан, жужахI ва цогидал ахираталда хурхаралщинал гIаламалги. Гьал рехсаралщинал жалазда, бералда рихьарал гIадин, ракI чIун божи гьечIони, гьев чиясул камилаб иман букIунаро. ТIарикъаталъул агьлоялъ, радал-бакъанида гьабулеб рабитIаялда цебе, хвел-хобалъул пикро гьаби, гьеб ракIалде щвезе гьабиялдасан бугеб мурадги гьел жалазда ракIчIей, игIтикъад щулалъи буго.

﴿ يُؤۡمِنُونَ بِٱلۡغَيۡبِ ﴾

«Гъайбияб[1] жоялде жедеца иман лъолел», – абураб калимаялъул магIна гьадинги гьабула: «Гьел гIадамалила, Аллагьас жодор ракIазулъе гъайбияб нур тIурал. [Илагьияб нуралде гъайбиябин абиларищ, доб нур бихьулареб, балъгояб жо бугелъул]. Цинги гьеб нуралдалъун жалги ралагьарал, жедеца халги гьабурал Аварагас бицаралъул, ай гьесдасан рагIарал хIадисазул, цинги гьеб киналъулго ритIухълъиги бихьун, бичIчIун, жедеца Аварагасде иманги лъурал, гьесул шаригIаталда нахъги рилълъарал». Жедеда Аваргги ﷺ вихьичIел, ай гьесул заманалдаса хадур рачIарал, вихьараз бицаралда нахъ рилълъун жедеца иман лъурал, – гьезул иман лъей асхIабзабазулалдаса хириябин абула. Гьединлъидал, хассго гьаб нелъер заманалда Аллагьасдеги عَزَّ وَجَلَّ Аварагасдеги ﷺ иманги лъун Исламалде рачIин кигIан хирияб букIинаро?!

*[1] Гъайб – балъгояб, жедеда бералда бихьичIеб жо.**

ГIамм гьабун абуни, гъайбатги кIиго батIаяб буго. Цояб ккола жиб нилъедаса ричIалъараб, ай билараб, гIаламул-заррабазда, гIаламул-арвахIазда хурхараб. Масала, гIаламул-заррабаздаго, ай гIалам бижилелдего цебе, Аллагьас, гIаламалъул заррабиги данде гьарун, гьезде гьикъана: «Дун ножор БетIергьан гьечIищ?» – абун, заррабаз жавабги гьабуна: «Мун нежер БетIер-гьан вуго», – абун. Гьанжи, гьадаб азалалдаго Аллагьас гьабураб хитIабги нелъерго заррабаз гьабураб жавабги ва цогидаб доба букIараб лъугьа-бахъарабги ахIвал-хIалалъул хIакъалъулъ гьикъани, нилъеда гьелъул щибго лъаларо, букIинего букIинчIеб жо гIанги, гьеб кинабго нелъедаса ричIалъана, билана, нилъ дунялалде рачIун хадуб, гьеб дунялалде нелъер тагIалукъ-хурхен ккеялдалъун.

КIиабилеб гъайбат – гьев ккола Аллагь. Дунялалде рачIун хадур башариял, хIайваниял сифатал нелъелъго рижиналъ, илагьиял анварал жедеда рещтIунел латIаифалги пурччун, ракIалги бецIлъун, иманги загIиплъун, Жиндаса нилъ ричIалъун кканиги, Аллагь даимго нилъгун цадахъ вуго, гьев киданиги нелъедаса ричIалъуларо. Аллагьас «*Суратул-Къаф*алда», гьадин абулеб буго:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿وَنَحْنُ أَقْرَبُ إِلَيْهِ مِنْ حَبْلِ ٱلْوَرِيدِ ۝١٦﴾ ق: ١٦

«Дун инсанасде гIагарав вуго гьесул щекъералда бугеб, чорхолъего би хьвадулеб кIудияб бидурихьалдаса», – абун. Ялъуни: «Инсанасде Дун жиндирго нафсалдасаги гIагарав вуго», – абун. Ай, гьелъул магIна ккола, Аллагьасул гIилмо, къудрат, тасарруф гIагараб буго абураб. Нелъедаса борчIун, билараб дунялалъул боцIи-мал бугони, гьеб тIад буссине гьабиялъе нелъеца кIвараб жигар бахъула, гIемераб гъийинги баччула. Гьединлъидал, нелъерго гIайибалдалъун нелъеда

кIочон тараб, нелъедаса билараб, нелъерго аслияб ватIан ракIалде щвезе гъаби, гъенире тIад руссине къачIайгIан кIвар цIикIкIараб иш щибха букIинеб?!

## КАК КАМИЛ ГЪАБУН ТIОБИТIИ - МАГIИШАТ ГIАТIИЛЪИЯЛЪЕ САБАБ

Хадубги Аллагьас абулеб буго, дол муттакъиназе сифат гьабун: «Гьединал гIадамалилa гьел, жал къол щуябго как, арканал-шурутIал, рукугI-сужуд камил гьабун, хIузуралда раялда тIад чIарал, гьелдаги даимал», – абун. Ибрагьиму-НахагIи абун гIарифуназдаса цо кIу-дияв чияс абун буго: «Ножода цо чи вихьарав мехалъ, какил рукугI-сужда мугьмалго толев, нуж гурхIа гьесул лъимал-хъизаналда, ай гьезие магIишат къварилъиялда, гьел мискинлъиялда», – абун. Бихьулищ дунялалдаги какил бугеб кIвар, магIишат данде билъанхъизецин.

Хириял бусурбаби! ГIемеразул букIуна шикаят,[1] магIишат данде билъунарого буго, – абун. Гьелги гIемерисел какго баларел ратула, балеб бугониги, щибго гьелъул кIвар гьечIел. ХIатта как байзе заман гIолароян абулелгицин ратула. Цебе рехсохъе, Аллагьас ризкъи киназего кьола, бусурманав, капурав, лъикIав, квешав ватIа гьавичIого. Амма нуж кантIе, как-кIалги тун, хIалалаб-хIарамалъул халги гьабичIого, Исламияб тарбият, рухIияб адабиятги кIочон тун гьабураб магIишаталда баракат лъунгутIиялде. Баракат гьечIеб боцIи гьанисахун данде гьабула, добасахун чурула букIуна, гьаб агьлоялдайин абуни гьеб лъаларо, кантIизеги гьел кантIуларо. Гьезул гIумроги, цебе тIурула бугеб дунялалда хадур

[1] *Шикаят – зигарди.**

лъугьунаго, паналъула, ахиралда кинабго ирсилазе тун, чIового уна бецIаб хабалъе. Гьеб хIалалда кьураб бечелъиялде, кьунаниги, истидраж[1] абула. Аллагьас цIунаги гьелдаса! Аллагьас халкъалъе ризкъи кьеялда хурхараб хадубги бицина хабар, ин шааллагь.

## КАМИЛГО БАРАБ КАК

ХIатам аль-Асамм абун, долго гIарифуназул цояв, ун вуго Юсупил вас ГIасс абурав чиясухъе. Цинги гьес гьикъун буго ХIатамиде: «Дуда как байзе лъалищ?», – абун. «Лъала», – абун жаваб гьасги гьабун буго. Кинха балеб абун ГIассица тIад вуссунги гьикъидал, ХIатамица бицун буго: «Дица, какил заман гIагарлъараб мехалъ, мухIканго каки чурула, цинги дун как балеб бакIалда вахъун чIола ва хIадурула. Дида цебе, кIиябго кьенсералда гьоркьоб, КагIбаги букIуна, тIаде валагьун Аллагьги вукIуна, Досда дир ракIалда бугебги лъала, СиратIалда тIад чIун бугеб гIадин дир кIиябго хIетIеги букIуна, кванараб рахъалда алжан, квегIаб рахъалда жужахIги букIуна. Дида нахъа чIун Малакул-мавтги вукIуна, ракIги дир букIуна гьаб как дир ахирисеб батила абун. Цинги дица бацIцIадго, Аллагьасе гIоло, хIузуралда какги бухьуна, тафаккуралда *АлхIам*ги цIалула, тавазугIалдалъун рукугIги гьабула, ай гIодовегIанавлъун вукIун, тазарругIалда суждаги гьабула, ай Аллагьасе хIелун, мутIигIлъун. Цинги гIодов чIола ва *АттахIият* цIалула, Аллагьасде хьулалда. Гьединго ихласалда, хIузуралда Аварагасе ﷺ саламги кьола. Аллагьасдаса хIинкъиялдаги хьулалдаги гьоркьов вугев хIалалъ какилъа ватIалъула, ай салам кьола. Цинги хIадурула саброялда чIезе, ай щибаб хIалалъ». Цинги

*[1] Истидраж – дагь-дагьккун гукки.**

ГІассица абуна: «Я ХІатам! Гьединищха дуца как балеб?» – абун. «Гьадин как балаго дир лъеберго сон буго», – ян абун буго ХІатамица. Гьеб мехалъ ГІасс гІодун вуго ва абун буго: «Гьединаб как дица цониги байчІо», – абун.

ТІадегІанав Аллагьас как баялда хурхарал жалаздалъун амроги гьабуна: какида даимлъи, ай течІого, камичІого бай; гІужда бай; жамагІатгун бай (гьебги гІемерисел гІалимзабада аскІоб фарзул-кифаят буго, АхІмад имамас фарзул-гІайни бугинги абун буго); хушугІ-хІузуралда бай.

ТІадегІанав Аллагьас гьаб хІалалда как тІад гьабун хадуб, гІадамазул лъугьана батІа-батІаял тайпаби. Цо тайпаялъ как къабулго гьабичІо, гьезул бетІер абужагьал вукІана, лагІанагьуллагь. Цойги тайпаялъ как къабул гьабуна, амма байзе тІаде босичІо, гьел агьлу-китабал рукІана, ай Тавраталда гІамал гьабураб агьло. Цойги тайпаялъ как, цо бан, цо тун гьабуна, гьел рукІана мунафикъзаби. Цойги тайпаялъ как къабулги гьабуна, тІадеги босана, Аллагьас амро гьабураб хІалалъ байзеги бана, гьелдаги даимлъана. Гьезул бетІерги Авараг ﷺ вукІана, ва гьесда хадур, жодода Аллагь разилъаял асхІабзабиги рукІана. Аварагасда ﷺ нахъ рилълъарал хутІизегІан, цойгидал тайпабазе ахираталда букІине бугеб жужахІги, кьер-кьерал гІазабалги рицун аяталги рещтІана. Гьел тайпабазда нахъ рилълъарал атбагІалги кидаго даимлъана.

Доб илагьияб нур жедер ракІазулъеги рещтІун, гьеб нуралдалъун жедеда хІакъаб рахъ бихьараб агьло, Аваргги ﷺ витІухъ гьавун, гьесда нахъги рилълъун, Исламалде жакъаги рачІунелги руго. Гьел ккола Аварагасул ﷺ атбагІал. Гьезиеги нилъееги хадуб букІине бугеб рохел, хирияб Исламалъул жамагІат, beралда бихьулеб, хІал-

тIухъ мухь гIадин жакъаго кодобе щолеб жо букIарабани, дунялалъухъ паналъун ахират кIочараб агьлоялъ гьаб нелъехъ тезе букIинчIо. Нелъеца гIемераб щукру гьабизе ккела Аллагьасе.

## ЖАМАГIАТГУН КАК БАЯЛЪУЛ ХИРАЛЪИ

**قال النبي ﷺ : ((من ترك صلاة حتى مضى وقتها عذب في النار حقبا)) أي ثمانين سنة**

Аварагас ﷺ абулеб буго: «ГIузру гьечIого цо как, жиндир гIуж инегIан, байчIого тарав чияс жужахIалъуб ункъого сон бала», – ян.

**((تارك الجماعة ليس مني ولا أنا منه))**

Хадубги Аварагас ﷺ абулеб буго: «ЖамагIат тарав, ай жамагIаталде какде унарев чи – дир чи гуро, дун гьесулги гуро», – абун.

ЧIахIиял гIуламаазул цояс абулеб буго, жамагIаталде как байзе унарев чи, гьекъолдухъанасдасаги, хIакъ гьечIого жинца чи чIварав чиясдасаги, мацIихъанасдасаги, эбел-инсуе гIакъоба кьолев чиясдасаги, гъибат гьабулев чиясдасаги квешав вуго, абун. Инжил, Таврат, Забуралда ва Къуръаналда гьев Аллагьасул рахIматалдаса вачахъаравлъун вуго, малаикзабазулги гьесие нагIана буго, гьев унтани – ваккизе унге, хвани – вукъизе унге, – янги абун буго.

## КАК ТIАД ГЬАБИЯЛДА ХУРХАРАБ БАЯН

Как тIад къана, фарзлъун гьабуна, Авараг ﷺ МигIражалде ахIарав сордоялъ. Гьелъие хIикматин абуни: гьеб сордоялъ Аварагасда ﷺ рихьана анкьалго зобал, алжан, жужахI, ГIарш, Курс, Аллагьасул гIемерал хIикматал. Щибаб зобалда ратана малаикзаби жеде-жедер хассаб гIибадаталда. Цоял даимго къиямалда чIарал, цогидал – даимго рукугIалда, цогидал– суждаялда, цогидал – тасбихI-тахIмидалда. Цинги Аварагасда ﷺ гьел киназулго гIибадатал берцин рихьун, Аллагьасде гьарана, гьари къабул гьабун, Аллагьас гьел малаикзабазул гIибадатал, умматалда фарз гьарурал каказулъ данде гьаруна ва дол малаикзабаз гьабураб щинаб гIибадаталъул кириги кьуна МухIаммадил умматалъул къол щуябго как камилго барал щиназе.

Хадубги, как кIиго ракагIаталъул, лъабго ракагIаталъул, ункъго ракагIаталъул баялъе хIикмат ва гьелдалъун нелъее бугеб рохелин абуни: гьеб МигIражалъул сордоялъ Аварагасда ﷺ рихьана батIа-батIаяб сураталъул малаикзаби. КIиго кваркьи бугел, лъабго кваркьи бугел, ункъго кваркьи бугел.

Гьел малаикзабазул суратги данде гьабуна Аллагьас каказул нураникяб сураталъулъ. Ай, какал рукIа, кIалал рукIа, Аллагьасда аскIоб къабулал, кинал рукIаниги гIибадат-гIамалал рахуна зодоре, ай Аллагьасде щола, дол малаикзабазул суратазда, хассал малаикзабаз росун. Цинги, жодор сураталда зобалазде рачIунел лъикIал гIамалазул бетIергьабазе гьел малаикзабаз гьабула дугIа, ай Аллагьасде гьарула, гьезул мунагьал чуреян.  Гьабги нелъее рохел!

Хадубги, гьеб мигІражалъул сордоялъ ТІадегІанав Аллагьас тІад гьабураб кІикъоялда анцІго как, Аварагас ﷺ гьарун, щугоялде ккезе гьабуна, кирийин абуни гьаб щуябго какил – доб кІикъоялда анцІабго какил кириялда баршат гьабуна. Гьабги нелъее рохел!

Хадубги. Рогьалил как бана Адам аварагас ﷺ, къаде как бана Ибрагьим аварагас ﷺ, бакъанил как бана Юнус аварагас ﷺ, маркІачІол как бана ГІиса аварагас ﷺ, богол как бана Муса аварагас ﷺ. Щуябго как Адам аварагас ﷺ барабин, цинги хадуб щивав аварагасе рикьаралинги абула. Кинаса батаниги, гьадал рехсарал Аваргзабазеги гьезул умматазеги щвараб ажру-кириги щвеялъе гІоло, гьаб щуябго как, данде гьарун, кьуна ТІадегІанав Аллагьас МухІаммад аварагасе ﷺ ва гьесул умматалъе. Гьебги нелъее рохел. Хадубги:

## СУБХІАНАЛЛАГЬАЛЪУЛ ХИРАЛЪИ

سُبْحَانَ اللهِ وَالْحَمْدُ للهِ وَلاَ اِلَهَ اِلاَّ اللهُ وَاللهُ اَكْبَرْ

وَلاَ حَوْلَ وَلاَ قُوَّةَ اِلاَّ بِاللهِ الْعَلِيِّ الْعَظِيمِ

ТІоцобе *«СубхІаналлагь»*, абурав – Жабраил малаик ﷺ вуго, *«Валь-хІамду лиллагь»*, абурав – Адам авараг ﷺ ккола, *«Ва ла илагьа иллаллагь»*, абурав – НухІ авараг ﷺ ккола, *«Валлагьу акбар»*, абурав – Ибрагьим авараг ﷺ ккола, *«Ва ла хІавла ва ла къуввата илла биллагьильгІалийийиль гІазим»*, абурав – нелъер Авараг ﷺ ккола. Гьаб рехсараб тасбихІ гьабун кІалъайзе, кІал-мацІалъе Аллагьас тавфикъ кьейи, ва гьелъие агьлолъун рати – гьебги нелъер талихІ!

ТIадегIанав Аллагьас хадубги абулеб буго, ай дол муттакъиназул хIакъалъулъ: «Гьел гIадамалила гьел, Дица жедее кьураб боцIи-мал лъикIаб рахъалде буссине гьабулел...». Паризаяб закат бахъи, назро бугони, гьеб тIобайзе гьаби, хъизан-лъималазе нафакъа кьей, эбел-инсуе нафакъа кьей, ай хIажатал ругони, кибехун бугониги, рияъ-сумгIаталъе гIоло гореб, бацIцIадаб нияталда, Аллагьасе гIоло лъикIаб рахъалде буссине гьабулеб табаррукI, – гьаб кинабго уна лъикIаб рахъалде буссине гьабиялъулъе. Гьал рехсарал аятал, ай:

﴿الم﴾ إلى ﴿هم المفلحون﴾

рещтIарал руго Исламалде рачIарал гIарабазул хIакъалъулъ. Гьал аятазда жаниб буго рехсон ункъго сифат: такъва, гъайбияб иман лъей, какал рай [гьезда даимлъи], ва боцIи-мал лъикIаб рахъалде буссине гьаби. Гьаб ункъабго сифат жедее гьабурал, жал реццун Аллагьас Къуръаналда жедер хIакъалъулъ аятал рещтIарал руго ункъавго кIудияв асхIаб – *хулафау рашидин*ал: Абубакар, ГIумар, ГIусман, ГIали [رضي الله عنهم أجمعين]. Гьелде тIадеги, гьев ункъасулго хIакъалъулъ Аварагас ﷺ дагьабищ бицун бугеб хIадисалда? Гьев ункъасего Аварагас ﷺ гьарурал сифатал гьанир рехсон лъугьинаро. Гьел хулафааздехун, ай гьезул цонигиясдехун, ракI-хIал хъублъи гьабизе яги гьезде рагIи абизе рес гьечIо гьидаяталъул нур жиндир рекIелъе щварав чияс. Гьезул цонигиясде рагIад рехулеб рагIи абулев чияс, гьезде дунялалдаго алжаналъул рохел бицарав БетIергьан Аллагьасдеги абизе ккела. Астагъфируллагь!

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿وَٱلَّذِينَ يُؤْمِنُونَ بِمَآ أُنزِلَ إِلَيْكَ وَمَآ أُنزِلَ مِن قَبْلِكَ وَبِٱلْءَاخِرَةِ هُمْ يُوقِنُونَ ٤﴾ البقرة: ٤

Гьаб рехсараб аятги буго жал ГIиса аварагасул ﷺ диналдаги рукIарал, цинги, Авараг ﷺ вахъун хадув, гьесде иманги, лъун Исламалдеги рачIарал ГIабдуллагь бину Салам, ГIамар бину Ясир, Салманул Фарис, Нажаший ва цоги гьазда релъаразулги хIакъалъулъ рещтIараб.

Аллагьас абулеб буго Аварагасдехун ﷺ: «Гьел гIадамалила, Авараг, дол, дуде рещтIараб Къуръаналдеги дуда цере рукIарал аварагзабазде рещтIарал тIахьаздеги жедеца иман лъурал». Ай, Инжил, Таврат, Забур ва цогидал Аллагьасул рахъалдасан аварагзабазухъе рещтIарал сухIуфал, – гьел киназдего иман лъей щивав чиясе фарзул гIайинлъун[1] ккола.

## ЦЕРЕСЕЛ АВАРАГЗАБАЗДЕ РЕЩТIАРАЛ ТIАХЬАЗДЕ ИМАН ЛЪЕЯЛЪУЛ КЪАГIИДА

***Цересел аварагзабазде рещтIарал тIахьазде иман лъеялъулги кIиго къагIида буго:***

***ТIоцобисеб*** – гьел тIахьал Аллагьасул рахъалдасан рачIарал рукIин ракI чIун тасдикъ гьари буго.

***КIиабилеб*** – гьел тIахьазда жанир ругел, Къуръаналъ насху гьаричIел, ахIкамазде[2] иман лъейи буго. Масала, Аллагьасдасан рачIарал рукIин тасдикъ гьабила, амма Къуръаналъ насхо гьарурал ахIкамаздалъун хIукму гьабиларо, ай гьабизе бегьуларо. Щай абуни, доб хIукму Къуръаналъ насхо гьабун бугелъул. ХIасил, Инжил-Твраталда гьекъолеб жо хIарам гьабун батани, гьеб

*[1] Фарзуль-гIайн – щивав чиясда тIадаб фарз.*

*[2] Ай, Къуръаналъ жал хисичIел хIукмабазде.**

хIукму нелъецаги къабул гьабила, щай горелъул, гьеб Къуръаналдаги хIарам гьабун бугелъул, гьеб ккола Къуръаналъ насхо гьабичIеб хIукму. Цойги мисал: ИсхIакъил вас ЯгIкъуб аварагас [عليهما السلام] хъизанлъун яцалде тIаде яц ячун йиго, дозул шаргIалда кIиго яц цадахъ лъадилъун хьихьи бегьулеб букIун. Гьеб хIукму нелъеца къабул гьабизе бегьуларо. Щаян абуни, Аллагьас дозие бегьизе гьабун букIаниги доб хIукму, МухIаммадияб диналда бегьизе гьабун гьечIо, Къуръаналда жаниб гьеб хIукму насхо гьабун буго, гьазда релъон – цогидал хIукмабиги.

## ЯКЪИНАЛЪУЛ МАГIНА

Цо щиб бугониги жо якъинго лъаялъул магIна ккола, гьеб жоялда щибниги щаклъи гьечIого ракIчIей букIин. Гьанжи гьеб ракIчIей, ай якъин букIуна лъабго къагIидаялда:

***ТIоцобисеб*** – беразда бихьун лъайи ккола. Беразда бихьараб жоялда щаклъи тIагIинарищха.

***КIиабилеб*** – якъин букIуна цо жо лъай далилалдалъун бугеб. Масала, цо бакIалда кIкIуй баккун бихьани, бералда бихьичIониги лъала гьев чиясда якъинго, доб бакIалда цIа букIин, цIа бугеб бакIалдасан горони кIкIуй баккунгутIиялдалъун.

***Лъабабилеб*** – цойги якъин букIуна харбидалъун, ай бицуна рагIи-ялдалъун лъалеб. Масала, цо чиясда лъала, жиндаго бихьичIониги, доба ХIижазалъул ракьалда ГIарафат мегIер букIин, яги Макка, Мадина, Жидда гIадал шагьарал рукIин.

Гьанжи, гьениве щварав, гьениса вачIарав, гьеб бихьарав чи щив вугев? – абурал, гIантал пикрабазда нахъ вилъинчIого, гIакъилав чи ватани, гьесда тIадаб буго, ахираталда, гьадаб беразда бихьараб гIадаб якъиналдалъун, божизе. Щаян абуни, доб ахират букIин, беразда бихьараб гIадин якъинго, чIола далилалдалъунги хабаралдалъунги. Доб кIкIуй бихьараб бакIалда цIа букIин лъалеб гIадин, чIагояз хварал рукъун, гьаб гIалам дунял тун унел рихьулел мехалда, ахират букIинги лъайзе ккола гIакъилав чиясда.

Хвел ккола щивав чиясе ахираталъул авал, кIалдиса рухI аралдаса нахъе, муъминав, рухI иманалда бахъарав чиясе хвел ккола туснахъалдаса къватIиве ворчIи. Мекъса ккарав чиясейин абуни, гьеб хвел ккола, эркенаб, рахIатаб ватIаналдасаги вачун, гIумроялъго туснахъалъув тIамилъун. Эркенлъи-рахIат тIокаб гьесда бихьуларо. Хобги гьесие букIуна жужахIалъул донкIлъун[1], ахир къиямасеб къо чIун тIаде рахъине гьарун хадусаги – жужахIалъул гIазаб. Гьадинаб къисматалъул агьлолъун Аллагьас гьаругеги! Амин!

Гьединго ахират букIин нелъее якъинго чIола хабаралдалъунги. Аллагьасул калам – Къуръанги Аварагасул ﷺ хIадисгигIан битIараб, хIакъаб хабар букIунаро, гьеб Къуръан-хIадисалъул вагIза гIоларев чиясде гIакъилав чиян абизеги бегьилищ.

Абу-Тураб абулев гIарифуназул цояс бицунеб буго. жинда цо вас вихьанила авлахъ къотIун унев, цинги жинда ракIалде кканила, якъин цадахъ гьечIого унев

[1] *Ай, гвендлъун.**

ватани, гьав вас гьалаглъилаха, абун. Хадуб жинца гьев васасде абунила: «Я гъулам! Цадахъ задги[1] гьечIогойищ унев гьадинаб авлахъадаса?», – йилан. Гьес, жиндие жаваб гьабун, абунила: «Я щайх! Мун ворхе эхеде ва валагье, дуда Аллагь гореб жо бихьулищ?», – ан. Гьеб мехалъ жинца абунила гьев васасде: «Гьединаб якъингун бокьаралъусан ине бегьила», – ян.

Якъиналъул камиллъиялъ, истакан цIураб загьро гьекъедал, жинда Аллагь разилъаяв Халид асхIабасе щибго зарал лъугьун гьечIо. Гьадинаб якъиналъул бетIергьабазе балагьалги нигIматаллъун рукIунел руго. Аллагьас кьеги гьединаб якъин нилъ киназего! Амин! Амин! Амин!

Хадубги Аллагьас абулеб буго, гьал рехсон арал сифатал жедее гьарурал муттакъиназул хIакъалъулъ: «Дол гIадамал ругила, Авараг, Аллагьас битIараб, хIакъаб нухалда жал тIоритIарал ва жедер мурадлъун бугеб жоялда кверщел батарал: жужахIалдаса цIунун, алжан насиблъун».

Гьадал церехун рехсарал сифатал Аллагьас ﷻ жедее гьабураб тайпа – муфлихIиназул бищун камилаб, тIоцобисеб ккола, ай тIаса ийин гьечIеб чIаголъиялда, лъугIелго гьечIел ва хIисаб гьаби гьечIел нигIматазда, цадахъ яги хадуб пащманлъи-ургъел гьечIеб рохелалда, херлъи хадуб гьечIеб гIолохъанлъиялда, захIмалъи-къварилъи цадахъ гьечIеб рахIаталда, унта-щокълъи цадахъ гьечIеб сахлъиялда, гьоркьоб пардав гьечIого Аллагьгун дандчIваялда кверщел жедер батарал.

[1] *Зад – нахърател, сапаралде унелъул цадахъ босулеб квен-тIех.**

МухIаммадияб уммат цадахъго гъадаб даражаялда рукIунарелъул, буго гьел муфлихIиназул, хадубги, кIиго тайпа. Цоял жедеца нафсалда тIад бергьенлъи босарал, гьелдалъун дунялалъул берцинлъи, щайтIаналъул макрохIиллаялдаса, гуккиялдаса ва квешаб гъалмагълъи сабаблъун балагьалъулъе ккеялдаса, гьездасан баракат гьечIолъи бахиналдаса жал цIунарал. Дунялги роччун, хIачараб гIи-боцIул чолониве лъугьарав чи, кигIан жигар бахъаниги, тIири щвечIого хутIуларев гIадин, квешазде аскIове къаравги дозда релъенчIого хутIи батIулаб, надираб жо буго. Гьединлъидал аскIоре къангутIи кIудияб маслахIат ккола.

Лъабабилеб тайпа ккола, мекъаб нухаре, куфруялде ккеялдаса, къабихIаб, какараб бидгIаялдаса, иманалдаса ватIалъиялдаса, хабалъ вахIшаталдаса, сиратI бахунаго хIатIал хъущтIиялдаса, забаниятаз рехъерхъиялдаса, алжаналдаса махIрум гьариялдаса жал хвасарлъарал. ФалахIалъулъ, ай лъикIлъиялда жодор кверщел батиялъулъ камиллъи гьечIониги, гьаб хадусеб кIиябго тайпаги дозда гъорлъа ккола, гьезда гъорлъа Аллагьас гьаруни, гьебги гьитIинаб талихI горо, насиб гьабеги БетIергьанас щивав агьлу-къиблаталъул чиясе! Амин! Амин! Амин! Я Мужиб!

*Аллагь! Дуй рецц гьабизе хIал дида кисса кIолеб,*
*Дуца манлъухъ горони Расуласги гьабичIеб.*
*РахIматалде хьулги лъун Дуде кин гьарделарев,*
*Гьарун кIанцIизе тIокIаб бакI батула гьечIелъул.*

*Тавбо гьабичIогоги чара-гIамал дие щиб,*
*Щибаб хIаракаталъулъ кколеб гъалатI бихьидал.*
*ГъалатIал гIемерлъиялъ, кигIан намуслъаниги,*
*Рес къотIарав лагъасе Саййид горев ватилищ?*

*Тавбоги тавбоялде хIажатал мискинзаби,
Муттакъиназде гъорлъе, Гъафурун-РахIим, раче!
Гъайбияб иманги лъун ХIабиб тасдикъ гьавурал,
Гьесул шаригIаталъулъ ниж ритIун чIезе гьаре!*

*МигIражалъул сордоялъ умматалда тIад къараб
Къол щуябго какалда даималлъунги гьаре!
Дуца кьураб боцIи-мал лъикIаб щинаб рахъалде,
РахIман, буссинабизе сахаватаб гIумро кье!*

*Расуласде рещтIараб хирияб Къуръаналде
Иман лъурал нежее гIамалалъе квер бакъе!
Киналго самавиял кутубул-къадимати
Дур Калам букIиналъе нугIлъиги нежер буго.*

*Алжан-жужахIалдаги сиратI-мизаналдаги,
Беразда бихьарабгIан щаклъиги нежер гьечIо.
ШафигI ХIабиб вукIинги хIакълъун нежеда лъала,
ХIисаб-суалалдагин МахIшаралда ракI чIола.*

*Мункар-Накирасдаги хабал гIазабалдаги,
ГIалам бижарав Халикъ, ишкалго нежер гьечIо.
Аварагас рицарал ахираталъул харбал,
Иман лъун, киналниги гьелги къабул гьарула.*

*Къуръаналъул аятал, муташабигьатазул
МагIнабиги, я ГIалим, Дудего тIамун тола.
Дуца фатхIу рагьарал, гIилмодулъ бичIчIи щварал
ГIуламаун расихун – гьезда нахъги рилъуна.*

*Дур рахIмат-цIцIоб горелде хьулги нежер лъоларо,
ЛъикIлъаби гьаруниги, гьезде мугъги чIваларо,
Мун лъайи тун батIаяб мурадги нежер гьечIо,
Гьединго Мун разилъи матIлубги нежер буго.*

*Мунагь-хатIабазеги ниж цIакъ мукIурал руго,*
*МуфлихIуназда гъорлъа рахъизе бокьун гьечIо.*
*Гьава-нафсалъулгун рагъ балаян ругониги,*
*РакI разияб хIалалда гьебги лъугьунеб гьечIо.*

*ЛъикIалъе квер бакъиги квешалдаса цIуниги,*
*Куллу гIаламалъул Хан, Дудалъун гореб гьечIо!*
*Дуца садикъиналгун рукIайилан манлъидал,*
*МагIнавияб кавният гьезулгунги ккун буго.*

*КигIан цIакъ бахъаниги батIиниял адабал,*
*Аллагь, цIунун хьвадизе гьунарги гIолеб гьечIо!*
*ГIузраби къабул гьарун, гIайибал рахчун толев*
*ГIафувун-Каримлъидал, Дуда цере чIун руго.*

*РечIулаго гамчIалгун, къватIибе хъамуниги*
*Нахъ буссун байинчIого кинго гьой тIобаларо;*
*Квешлъабазда гIумро ун, такъсиралде кканиги,*
*Таввабу РахIимасде руссинчIого рес гьечIо.*

## «СУРАТУ ТАВБАТ» - АЛЪУЛ 128-129 АБ. АЯТАЛДАСАН МУРАД

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿لَقَدْ جَآءَكُمْ رَسُولٌ مِّنْ أَنفُسِكُمْ عَزِيزٌ عَلَيْهِ مَا
عَنِتُّمْ حَرِيصٌ عَلَيْكُم بِٱلْمُؤْمِنِينَ رَءُوفٌ رَّحِيمٌ ﴿١٢٨﴾ فَإِن
تَوَلَّوْا۟ فَقُلْ حَسْبِىَ ٱللَّهُ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ ۖ عَلَيْهِ تَوَكَّلْتُ ۖ وَهُوَ رَبُّ ٱلْعَرْشِ
ٱلْعَظِيمِ ﴿١٢٩﴾﴾ التوبة: ١٢٨ - ١٢٩

ТIадегIанав Аллагьас къавмазухъе АварагзабиритIичIо, жедедаго гъорлъан горони, мацI цуцада бичIчIулеб гьечIони цуцада ричIчIизе захIмат букIиналъе гIоло. Авараг витIун вукIаравани малаикзабаздасан, ялъуни жедеда мацI бичIчIуларев, батIияб милат-къавмалдасан,

гIарабазе рес букIинаан абизе: «Ниж гьесда нахъ рилъинаро, гьев нежер жинсалдасан гьечIо», – абун, дов Авараг ﷺ малаик вукIаравани, ялъуни: «Нежеда гьесул мацI бичIчIуларо», – абунги, мацI батIияв вукIаравани. Гьединги гьечIелъул, Аллагьас абулеб буго гьаб цебе рехсараб кIиябго аяталъулъ: «Ва Маккаялъул агьло! Ножохъе вачIун вуго, ай Жиндир рахъалдасан – расул, ножодаго гъорлъан, ножорго жинсалдаса, ИсмагIелил авладаздасан, ножода жиндир насаб-тухумги лъалев, ножода гъорлъги гIурав, мацIги бичIчIулев», – абун. Къокъго абуни, кинабго хIал-хIукму, ритIухълъи, вацIцIалъи, гIакъиллъи, гIамал-хасият ножода жиндир лъалев, ножода гъорлъ бищун тIокIав, хирияв.

## ГIАРАБАЗДА ЖАНИБ АВАРАГАСУЛ ХИРАЛЪИ

Аварагасул ﷺ хиралъи гIарабазда жаниб сундалъунха бугеб? Аварагасул ﷺ инсулги эбелалъулги насаб данделъула Килаб абун кIудияв инсуда.

- ☑ Аварагасул ﷺ эмен – ГIабудаллагь;
- ☑ ГIабдуллагьил эмен – ГIабдулмутIалиб;
- ☑ ГIабдулмутIалибил эмен – Гьашим;
- ☑ Гьашимил эмен – ГIабдулманаф;
- ☑ ГIабдулманафил эмен – Къусаю;
- ☑ Гьесул эмен – Килаб.
- ☑ Аварагасул ﷺ эбел – Аминат;
- ☑ Аминатил эмен – Вагьбо;
- ☑ Вагьбол эмен – ГIабдулманаф;
- ☑ ГIабдулманафил эмен – Зугьрат;
- ☑ Зугьратил эмен – Килаб;

ХIасил, Килаб ккола Аварагасе ﷺ жиндир умумузулъан, эбелалъулги инсулги рахъалъан кIудияв эмен. Цинги:

- ☑ Килабил эмен – Муррат;
- ☑ Муратил эмен – Луайю;
- ☑ Луайюл эмен – Гъалиб;
- ☑ Гъалибл эмен – Фигъру.

Гьав Фигъруде абулаан Къурайши абун. Гьедин абиялъе гIиллайин абуни: гьев вукIана бечедав, сахаватав чи. Гьес мискин-факъирал, хIажатал гIадамал цIехон, ралагьун, гьезие гьабулаан жиндирго боцIудалъун комек. Гьесго гIадин гьесул лъималазги гьабулаан мавсималде, ай даран-базаралъе гIалам данделъулеб бакIалде рачIарал ресукъал, кодоб жо гьечIел чагIазе комек. Гьедин тIаде босун, мискин-факъирал гIадамал ралагьун, цIехон, гьезие комек гьабулеллъун рукIиналъ, гьезде абуна Къурайшиялилан. Къусаю чIаго вугев заманалда, къурайшиязул щивас жедерго боцIудаса бахъун, цо къадар малалъул кьолаан гьесухъе, щибаб санайил. Цинги Къусаюца мавсималде рачIаразул хIажатал чагIазе бикьулаан. Гьев хун хадув, гьесул вас ГIабдулманафицаги гьабуна гьединго. Гьедин гьеб лъикIаб пиша гьез хьвадизе гьабуна, наслабаз наслабазухъе кьун АбутIалибиде щвезегIан. Гьесги гьабуна дозго гIадин, ГIабасица хьвадизе гьабунинги абула. Гьединаб гIадат-хасият къурайшаз хьвадизе гьабуна Аварагасул ﷺ заманалда ва гьединго хулафаазул заманалдаги.

Гьелдаса хадуб, халафалъи ханлъиялде сверидал, бихха-хичиги ккедал, къотIун хутIаниги, дидани ккола, жакъаги, мискинал ругонигицин, ракIалги гIатIидал, кверги сахаватал, тIабигIат-гIамалги жедер берцинал, хIал кIвараб куцалда жедеца Исламги ккурал цо тайпа муъминзабазул

дол къурайшазул тайпа-тухумцин городаян. Гьезул ратичIониги, дол рокьиялдалъун дозул баракат щвараллниги ратилиланги. Гьашимияб кьибил ккола ИсмагIил авараагасде ﷺ щвезегIан лъикIал, реццарал тIабигIат-хасиятал хьвадизе гьариялъул рахъалъ бищун хирияб къабилатлъун.

**وفي الحديث : ((أنا أنفسكم نسبا و مهرا وحسبا ليس في آبائي من لدن آدم سفاح كلها نكاح)).** «روح البيان» **جـ ٣ ، صـ ٥٤٣**

Аварагас ﷺ абулеб буго хирияб хIадисалъулъ: «Дун ножода гъорлъ бищун умумузул рахъалъ, насабалъул рахъалъ вацIцIадав, къадрояв вуго. Адам аварагасдаса ﷺ бахъараб, дир умумузулъ гьечIо бацIцIадаб магьариялдалъун горони данделъарал умумул», – абун.

**عن أنس بن مالك ﷺ : ((حب قريش إيمان وبغضهم كفر)).** «روح البيان»

Жинда Аллагь разилъаяв Анасидасан бицараб хIадисалдаги абулеб буго: «Къурайшиял рокьи иманалдаса буго, гьел рихин куфру буго», – абун.

**عن أبي هريرة ﷺ أنه ﷺ سأل جبريل عليه السلام فقال : ((يا جبريل كم عمرك من السنين))؟ فقال : يا رسول الله لست أعلم غير ان في الحجاب الرابع نجما يطلع في كل سبعين ألف سنة مرة رأيته اثنين وسبعين ألف مرة ، فقال ﷺ : ((يا جبريل وعزة ربّي أنا ذلك الكوكب)).** «روح البيان» **جـ ٣ ، صـ ٥٤٣**

Абу -Гьурайратидасан ﷺ бицараб хIадис буго, нелъер Аварагас ﷺ Жибрил малаикасде, дур гIумруялъул чан сон бугеб? – абун гьикъараб мехалда, Жибрилас абун буго: «Я Расулаллагь! Дида дир гIумру чан сон бугеб лъаларо, амма цо цIва буго, лъабкъоялда анцIазар соналдасан цо

нухалъ жиб баккулеб, гьеб цIва дида баккун бихьана лъабкъоялда анцIила кIиазарго нухалъ», – абун. Цинги Аварагас ﷺ абун буго: «Я Жибрил! Аллагьасул хиралъиялхIа, гьеб цIва дун вуго», – абун.

ТIадегIанав Аллагьас Адам авараг عليه السلام вижиндал ХIабибасул ﷺ нур гьесул мугъалда лъуна. ХIава-эбелалъ Адамие гьарулаан цо чIарада кIи-кIи лъимер, эгзал – цо вас, цо яс. Шис – цадахъ яс гьечIого, живго гьавуна, гьесул мугъалде ХIабибасул ﷺ нурги накълолъана Адамидасан عليه السلام. Шис живго, цадахъ яс гьечIого, гьавиги ХIабибасул ﷺ нуралъул хIурмат гьабун букIана. Шисидаса عليه السلام бахъараб гьеб ХIабибасул ﷺ нур, наслабаз цуцахъе кьолаго, ай Аллагьас накъло гьабулаго, ХIабибасул ﷺ эмен – ГIабдуллагьиде рещтIана. Гьесдасан эбел Аминатил ургьибеги накълолъана.

**وروى مسلم عن واثلة بن الأسقع رضي الله عنه قال سمعت رسول الله ﷺ يقول : ((إن الله عز وجل اصطفى كنانة من ولد اسماعيل واصطفى قريشا من كنانة واصطفى من قريش بني هاشم واصطفاني من بني هاشم)) . «حجة الله على العالمين في معجزات سيد المرسلين» صـ ٢٢١**

Аварагас ﷺ бицунеб буго: «ТIадегIанав Аллагьас ИсмагIелил авладазда тIаса бищана Кинанат-кьибил, Кинанат-кьибилалда тIаса бищана Къурайшиязул тухум, Къурайшиязда тIаса бищана Гьашимил кьибил, Гьашимил кьибилалда дун тIаса вищана», – абун.

**قال الآجري : كان نكاح الجاهلية على أنواع غير محمودة ولم يكن فيها نكاح صحيح غير واحد وهو الذي أقرّه الإسلام شرعه النبي ﷺ بولي وصداق وشهود فرفع الله تعالى قدر نبينا ﷺ بهذا النكاح وصانه عما سواه ونقله من الأصلاب الطيبة بالنكاح**

**الصحيح إلى الأرحام الطاهرة من لدن آدم ﷺ حتى أخرجه من صلب أبيه عبد الله إلى بطن آمنة من غير سفاح ، وهو معنى قوله تعالى : ﴿وتقلبك في الساجدين ﴾.**

Ислам бачIинегIан цебе, жагьилаб заманалда, магьари лъейи батIа-батIаяб къагIидаялда букIана. Гьел киналго къагIидабазда гьорлъ цо къагIида букIана сахIихIаб магьари лъейи. Гьебги Ислам бачIиндал Исламалъги чIезе гьабураб, шаргIлъун Аварагасги ﷺ билъанхъизабураб, валиясдалъун, магьариги бицун, нугIзалги чIезе гьарун, лъолеб магьари буго, ай гьанжи нелъеца лъолеб къагIида. Адамидаса ﷺ бахъараб, гьаб рехсараб хIалалъ сахIихIаб магьариялдалъун рачIарал руго нелъер Аварагасул ﷺ умумул.

**وروى أبو نعيم في الدلائل عن عائشة رضي الله عنها عن النبي ﷺ عن جبريل ﷺ قال : قلّبت مشارق الأرض ومغاربها فلم أر رجلا أفضل من محمد ولم أر بني أب أفضل من بني هاشم . «حجة الله على العالمين في معجزات سيد المرسلين» . ص ٢٢٢**

Жибрил малаикас ﷺ абулеб буго: «Дун дунялалъул бакъ баккудаги тIерхьудаги гьоркьов кивего щвана, дида вихьичIо МухIаммадидаса хирияв чи, ва инсул лъималазда гьоркьорги рихьичIо Гьашимил лъимал гIан хириял лъимал», – абун, ай Аллагьасда аскIор.

**و أخرج البيهقي وأبو نعيم عن ابن عمر ﷺ قال : قال رسول الله ﷺ : ((أن الله خلق الخلق فاختار من الخلق بني آدم واختار من بني آدم العرب واختار من العرب مضر واختار من مضر قريشا واختار من قريش بني هاشم واختارني من بني هاشم فأنا من خيار ألى خيار))؛ ورواه الطبراني عن ابن عمر ﷺ بلفظ : قال رسول الله ﷺ : ((ان الله اختار خلقه فاختار منهم بني آدم ثم اختار منهم العرب ثم اختارني**

**من العرب فلم ازل خيارا من خيار ألآ من أحب العرب فبحبّي أحبهم ومن أبغض العرب فببغضي أبغضهم))**

Аварагас ﷺ абуна: «ТIадегIанав Аллагьас халкъ бижана ва Адамил лъимал, ай зурият, тIаса бищана, хира гьаруна кинабго халкъалдаса. Адамил лъималазда гъорлъа хира гьарун, тIаса рищана гIарабал. ГIарабиязда тIаса рищана Музар. Гьев ккола ХIабибасул анцIила анкьабилев эмен. Музарил кьибилалда тIаса бищана Къурайшил тухум, къурайшиязда тIаса рищана Гьашимил лъимал, Гьашимил лъималаздаса дун тIаса вищана. Гьединлъидал дун ккола хириязулги хирияв», – абун. Цойги риваяталда Аварагас ﷺ тIаде жобан абулеб буго: «...Нуж кантIе! ГIарабиял рокьун щив вугониги, гьеб дун вокьи буго, гIарабиял рихун щив чи вугониги, гьев дун рихарав чи вуго», – абун.

**وأخرج البيهقي وابن العساكر عن أبي هريرة رضي الله عنه أن رسول الله ﷺ قال : ((لما خلق الله آدم أراه بنيه فجعل يرى فضائل بعضهم على بعض فرأى نورا ساطعا في أسفلهم فقال يا ربّ من هذا قال هذا ابنك أحمد وهو أول وهو آخر وهو أول شافع)). قال أبو نعيم : وجه الدلالة على نبوته ﷺ من هذه الفضيلة أي فضيلة شرف النسب ..... ولذلك سأل هرقل أبا سفيان :كيف نسبه فيكم؟ قال : هو فينا ذو نسب ، فقال هرقل : وكذلك الرسل تبعث في نسب قومها .**

Абу-Гьурайратидасан رضي الله عنه бицараб Расуласул ﷺ хIадис буго: «ТIадегIанав Аллагьас Адам авараг عليه السلام вижиндал, гьесда бихьизе гьабуна жиндир букIинесеб зурият. Цинги гьесда рихьана цояздаса цоял хира гьарурал, тIадегIан гьарурал жиндирго лъимал, ай зурият. Гьел киназдаго гъорлъ, ахиралда, гьесда бихьана цо гвангъараб нур, гьеб мехалда Адамица: “Я БетIергьан! Гьагъаб нур лъил?” – абун Аллагьасде гьикъидал, Аллагьас: “Гьагъав – дур вас АхIмад вуго, аваланда вижарав, ахиралда вахъине вугев,

шафагIатги тIоцобе жинца гъабулев”, – ян абуна». Гьадинаб бацIцIадаб насабалъул вукIин нелъер Аварагасе ﷺ жиндир нубувваталъе далиллъун чIола, пикро гьабурал щиназе, ай доб заманалдаго.

## РУМАЗУЛ ХАНАС АБУСУФЯНИДЕ АВАРАГАСУЛ ﷺ СИФАТАЛ ЦIЕХЕЯЛЪУЛ КЪИССА

ХIудайбияталда Къурайшиязулгун рекъелги ккун тIадвуссун хадув, Аварагас ﷺ байбихьана дунялалъул ханзаби Исламалде ахIун рахъ-рахъалде кагътал ритIизе. Румазул къайсар – Гьиракъли абурав ханасухъеги битIана Расулас ﷺ, гьев Исламалде ахIун кагъат. Гьеб кагъатги жиндихъе щун, гьебги цIалун, гьелдасан мурад бичIчIидал, Гьиракълица ритIана гIадамал: «Макка-Мадинаялъул рахъалдасан вачIарав цониги чи ватуларищан бихье, гьаб кагъат хъварав чиясул хIакъалъулъ цIех-рех гьабизе», – абун. Цинги гьел дандчIвана гьалмагъълъигун цадахъ даранбазаралъе гьениве вачIарав, Абусуфянгун. Абусуфянги гьалмагъълъиги гьез къайсарихъе рачана. Къайсарица телмачасде абуна: «Дуца гьезде гьикъе, гьадав жив аварагилан дагIба бала вугев чиясул насабалъул рахъалъ бищун цевесев, гIагарав чи кинав?» – абун. Телмачас гьикъидал, дун вуго абун, цеве вахъана Абусуфян. Гьев горони, къапилаялъулъ вукIинчIо бану-ГIабдулманафил азул чи.

Жиндаго цевегIанги вачIине гьавун, гьев Румазул ханас гьикъана Абусуфяниде: «Гьав авараган жинца дагIба балев, чиясул ножода гъорлъ насаб щиб буго?» - абун. Жаваб гьабуна Абусуфяница: «Насаб досул нежеда гъорлъ бищун бацIцIадаб буго», – абун. КIиабизеги ханас гьикъана: «Досда цеве, дос бицунеб жоялдалъун кIалъарав чиго лъугьун вукIанищ?» – абун. Жаваб гьабуна: «ВукIинчIо»,

– абун. Ханас гьикъана: «Гьадалде щвезегIан цебе, досдасан ножода гьересиго бихьун букIанищ?» – абун. Жаваб гьабуна: «БукIинчIо», – абун. Ханас гьикъана: «Досул умумузулъ хан вукIанищ?» – абун. Жаваб кьуна: «ВукIинчIо», – абун. Ханас гьикъана: «Досда нахъ рилълъунел чагIи бечедал чагIийищ руго, мискиналищ руго?» – абун. Жаваб гьабуна: «Мискинзаби руго», – абун. Ханас гьикъана: «Досда нахъ рилълъаразул къадар цIикIкIунайищ буго, дагьлъулайищ?» – абун. Жаваб гьабуна: «ЦIикIкIуна руго», – абун. Ханас гьикъана: «Досул диналда ракI рекъечIого, гьеб рихун, досда аскIоса цониги чи нахъе анищ?» – абун. Жаваб гьабуна: «ИнчIо», – ян. Ханас гьикъана: «Дос гьабураб къотIиялъе хиянат гьабулищ?» – абун. Жаваб кьуна: «Гьабуларо», – ян. Ханас гьикъана: «Ножоца досулгун рагъ гьабулищ?» – абун. Жаваб гьабуна: «Гьабула», – абун. Ханас гьикъана: «Рагъул хIасил ножор кинха кколеб?» – абун. Жаваб кьуна: «Цин дов бергьун, цин ниж бергьун букIуна», – абун. Ханас гьикъана: «Ножоде дос сундалъунха амро гьабулеб?» – абун. Жаваб гьабуна: «Нежеде дос абулеб буго, Аллагь цо вуго, лагълъи Досие гьабизе ккола, Досдехун цогидаб жо гIахьал гьабизе бегьуларо, – абун. – Нежер умумуз лагълъи жедее гьабулел жалаздасаги ниж нахъ чIвалел руго, как баялдалъун, садакъа кьеялдалъун, гьабураб къотIи тIобайзе гьабиялдалъун, аманат цIуниялдалъун амроги гьабулеб буго», – абун.

Гьанжи Румазул ханас Абусуфяниде абулеб буго: «Дица дуде гьикъана досул насабалъул хIакъалъулъ, дуца бицана, ножода жанив дов бищунго насабалъул рахъалъ вацIцIадав вукIин. Русулал гьедин, къавмалъулъ насаб бугел, ритIула. Хадубги дица дуде гьикъана, досде щвезегIан цебе, дос бицунеб жо бицунев чи вукIанищ, абун, дуца абуна, вукIинчIо абун. Дос бицунеб жо бицунев

чи цевеги вахъун вукIаравани, дица абизе букIана, досго бицараб жо бицунев чи вугоян. Хадубги дица гьикъана дуде, гьалде щвезегIан цебе, дос гьереси бицунаанищ, абун, дуцаги абуна бицуна бихьичIилан. Гьелдеги дица абила, гIадамазе бицинчIеб гьереси, Аллагьасейищ бицунеб, абун. Хадубги дица дуде гьикъана, досул умумулъ ханго вукIанищ, абун, дуца гьевги вукIинчIин абуна. ВукIаравани досул умумулъ хан, дица абизе букIана, умумузул ханлъи къварагIарав чи вуго, абун. Хадубги дица дуде гьикъана досда нахъ рилъуна ругел чагIазул хIакъалъулъ, дуца абуна, мискинзаби руго, абун. Русулазда нахъ рилъунел чагIиги кидаго мискинзаби рукIуна. Хадубги дица дуде гьикъана, досда нахърилълъаразул къадар цIикIкIунайищ буго, яги дагьлъулайищ буго, абун, дуца абуна, цIикIкIуна бугоян, гьел цIикIкIанагIан досдехун иман лъейги цIикIкIуна. Хадубги гьикъана дица дуда, досулгун рагъ бугищ ножор, абун, дуца абуна: рагъ буго, цин дов бергьун, цин ниж бергьун рукIуна, – ян. Гьедин аварагзабазул хIал бихьула, ахиралда бергьенлъи гьезие букIуна. Хадубги дуде гьикъана, дос щиб жоялдалъун ножоде амро гьабулеб, абун. Дуца абуна: как баян, садакъа кьеян, гьабураб къотIи тIобайзе гьабеян, аманаталъе хиянат гьабугеян, лъикIаб щинаб гьабеян амро гьабулеб буго, абун. Дица дуда цойги гьикъана, дос рагIи хисулищ, гIадамал гуккулищ абун. Дуца гуккуларин абуна. Гьебги Аварагзабазул хасият буго, гьез гIадамал гуккуларо. Гьанжи дида лъана гьадав чи, жив витIун вачIарав, Авараг вукIин, дида ракIалдеги кколаро, дов ножода гъорлъго хутIилевиланги. Гьеб дуца бицараб щинаб уяб батани, дос кверщел гьабизе буго гьаб кIиябго хIатIида дун вахъун чIараб бакIалдаги. Дида лъалебани дихъа гьесде бацIцIадго иман лъейи загьир гьабизе кIвезе букIин, дица гьеб гьабилаан».

Абусуфяница бицана: «Гъаб рехсараб калам ханас гъабураб мехалда, аскIор рукIарал румазул ахIи-хIур багъарана, гъоз абулеб, бицунеб жо дида бичIчIичIо, дунги къватIиве витIана», – абун.

Цинги гьев Румазул къайсар Гьиракъли ХIимс шагьаралдеана ва гьенир данде гьаруна, хассаб бакIалда, румазул гIалимзаби, залалъул нуцIбиги рахана, ва абуна гIалимзабаздехун: «Ножое бокьилищ, лъикIлъиялда кверщел батигун цадахъ, битIараб нухалдеги рачIун, ножор мулк-ракьалда хутIизе, гьадав Аварагасда нахъги рилъун?» Гьаб калам ханас гьабурабго, румазул гIалимзаби, ахIи-хIуралда, цуцалъ ран, ханас бицаралде инкарги загьир гьабун, роржун унел жалгIанги хех, къасроялъул гъапудухъе ротана, къватIирехун кIанцIизе, гъапуйин абуни гьезда рахан батана. Гьеб мехалъ ханас, гьезул жинца бицаралде бугеб кутакаб инкар бихьидал, гьел тIад руссине гьаруна ва абуна: «Дун вукIана кIалъалев ножор хIал бихьизе, ай ножорго диналъулъ ножор кинаб щулалъи, къвакIи бугеб дидаго лъайзе». Гьанжи румалги гIодоре реччана, ханасдасаги разилъана. Цинги ханасул рокьи ханлъиялдехун цIикIкIана, румал данде рахъиналъ Ислам къабул гьабиялъе квал-квал гьабуна. Кин бугониги, жив Исламалде ахIарав рисалатгун вачIарав ДихIятул-Калаби нахъ чIвана берцинаб чIваялъ, ай хъамун витIичIого.

Хал гьабе, гьев ханас тIоцобе Расуласул ﷺ насаб цIехон буго, хадур кьурал суалалги кутакалда ритIарал, гIакъилал кьун руго. Абусуфяница ХIабибасул ﷺ тIабигIатал, хасиятаздасан кьурал жавабазулъ Гьиракъли ханасда лъан буго ХIабиб ﷺ авараг вукIин, хIатта дос жиндир вилаяталдаги кверщел гьабизе букIингицин!!!

**واخرج ابن أبي عمر العدوي في مسنده عن ابن عباس رضي الله عنهما : ((أن قريشا كانت نورا بين يدي الله تعالى قبل أن يخلق آدم بألفي عام يسبح ذلك النور وتسبح الملآئكة بنسبيحه فلما خلق الله آدم ألقى ذلك النور في صلبه قال رسول الله ﷺ: فأهبطني الله إلى الأرض في صلب آدم وجعلني في صلب نوح وقذف بي في صلب إبراهيم ثم لم يزل الله ينقلني))... الخ . «حجة الله على العالمين في معجزات سيد المرسلين»**

Ибну ГІабасидасан [رضي الله عنهما] бицана: «Къурайшиял рукІана ТІадегІанав Аллагьасда цере нурлъун, Адам вижилелдего цебе кІиазарго соналъ, жибги жинца БетІергьанасе тасбихІ гьабулеблъун. Гьеб нуралъул тасбихІ букІана малаикзабаз гьабулебги[1], – абун. – Цинги Адам вижиндал, гьеб къурайшиязул нур лъуна Аллагьас Адамил мугъалда». Аварагас ﷺ абуна: «Цинги дун Аллагьас рещтІине гьавуна ракьалде, Адамил мугъалъулъан, цинги дун лъуна НухІ аварагасул мугъа-лъулъ, хадув Ибрагьим аварагасул мугъалъулъ, цинги аслабаздаса аслабаде накъло гьавуна, ай ГІабдуллагьиде щвезегІан», – абун.

Хал гьабеха бусурбаби, Аллагьас Къурайшиял хира гьарун ругел куцалъул. Адам вижилелдего кІиазарго соналъ цебе жедер нуралъ тасбихІ гьабула рукІарал Къурайшияз, дунялалде рачІиндал гьеб рехон телищ? Ислам бачІаралдасаго тасбихІ, тагьлил, зикроялъул агьлого гьел руго, лъикІалщинал тІабигІатал-хасияталги гьезулъ руго, гьездасан рачІарал гІадаталги гІадатазул ханзабилъун руго. Мисалалъе росизин нелъедаго лъалел, машгьурал, МухІаммад аль-Бухари, ГІабдулкъадир аль-Гелани, АбулхІасан Щазили, [قدس سرهم], гьазул остарзабиги

[1] *Яги, гьеб нуралда цадахъ тасбихІ гьабулеб букІана малаикзабазги.**

гьединго маъзунзабиги[1]. Гьез горищ Ислам ккураб, гьеб чIаго гьабураб. Дицани абила, гьезул нухде ккейи чиясе гьидаяталъул гIаламат бугилан.

Цойги кантIизе ккараб жо, Къурайшияв абураб цIаралъ гIей гьабулареб букIин, Исламалда гьечIони.

***ХIасил:***

- ☑ Нелъер Аварагﷺ вати, ай гьесул вужуд – мавжудатазул, ай Аллагьас батизе гьабураб щинаб жоялъул, бищун хирияб ккана;
- ☑ Гьесул бацIцIадаб рухIги – рухIазул аслолъун ккана;
- ☑ Гьесул къабилатги – къабаилазда жаниб бищун хирияб ккана;
- ☑ Гьесул мацIги – мацIазда жаниб бищун хирияб ккана;
- ☑ Гьесде рещтIараб тIехь, ай Къуръан – тIахьазда жаниб бищун лъикIаблъун ккана;
- ☑ Гьесул агьло, асхIабзабиги – цересел Аварагзабазул агьло-асхIабзабаздаса лъикIаллъун ккана;
- ☑ Гьев гьавураб заманги – заманазулъ бищун лъикIаблъун ккана;
- ☑ Гьев жанив вукъараб ракь Равзаги – ракьалда тIад бищун къиматаб, хирияб бакIлъун ккана;
- ☑ Гьесул килщаздасан баккараб лъинги – лъиназул бищун хирияб ккана.

Гьелда хадуб хирияб – Зам-замги буго. Замзамалъул лъеца чурана мигIражалъул сордоялъ ХIабибасулﷺ ракI.

*[1] Ай, гьез изно кьурал щайихзаби.**

Замзамалдаса хирияб лъин букIарабани, гьелъ чуризе букIана.

**وذلك لإنه لا يجيء من الزنا وليّ فكيف نبيّ . «روح البيان» جـ ٣ ، صـ ٥٤٣**

ТIадегIанав Аллагьас жиндие гIоло гIалам батизе гьабурав, гьадагIан Аллагьасда аскIоб къадро кIудияв ХIабибасул ﷺ насаб кин бацIцIадаб букIунареб, зинаялдалъун лъугьараб наслоялдаса Аллагьасул валицин вахъунарев мехалъ?

**ثم إن في قوله ﴿لَقَدۡ جَآءَكُمۡ﴾ إشارة إلى أنه ﷺ هديّة عظيمة من الله تعالى وتحفة جسيمة ولا يعرض عن هدية الله إلا الكافرون والمنافقون . «روح البيان» ، صـ ٥٤٤ ، جـ ٣**

«Ножохъе вачIун вуго Авараг, ножодаго гъорлъан», – абураб магIнаялда бугеб гьаб Аллагьасул каламалъул хIасил, ай гьелъул ишара: «Гьев Авараг вуго Аллагьас халкъалъе кьураб кIудияб гьадият, сайгъат. Гьеб Аллагьасул сайгъаталдаса вуссун, инкар гьабиларо, кафурав чиясги мунафикъасги горони».

## ИМАМ ШАФИГIИЯСУЛ ХИРАЛЪИ

Къурайшиязул бицунаги бугелъул, бокьун буго, баракаталъе букIине, нелъер мазгьабалъул имам ШафигIиясул ؓ хIакъалъулъ бачIараб Расуласул ﷺ хIадисги рехсезе:

**وفي الحديث: ((عالم قريش يملئ طباق الأرض علما)). وعن الإمام أحمد رحمه الله : هذا العالم هو الشافعي ، إنه لم ينتشر في طباق الأرض من علم علماء قريش من الصحهبة وغيرهم ما انتشر من علم الإمام الشافعي . ويجتمع نسبه مع نسب رسول الله ﷺ في عبد مناف وهو الجد التاسع للشافعي رحمه الله تعالى**

Аварагас абуна ﷺ : «Къурайшияздасан вахъине вуго гIалим, ракьул гьомер, ай дунялго, жиндир гIилмоялъ цIурав», – абун. АхIмад имамас ﷺ абулеб буго: «Гьев Аварагас ﷺ абулев гIалим – ШафигIияв вуго», – абун. Щаян абуни, Къурайшиязул, асхIабзабазда яги асхIабзаби горезда гъорлъ, вахъинчIо ШафигIияв гIадав, дунялго жиндир гIилмоялъ цIурав, гIалим. Гьав ШафигIиясул ﷺ насаб Аварагасулгун ﷺ данделъула ГIабдулманафида. ГIабдулманаф ккола Аварагасул ﷺ ункъабилев эмен, ШафигIияв имамасул ичIабилев эмен. Къурайшиязул гьединав кIудияв гIалим вахъине вуго абун Аварагас ﷺ бицараб хIадис, халкъалдаго машгьураб хIадис буго. Гьев Аварагас ﷺ бицунев гIалим ШафигIияв вукIин АхIмад имамасги чIезе гьабун буго. ЖакъалъизегIан умматалъул чIахIиял имамзабаз, гIарифуназги гьединго абула.

Пикри гьабеха, бусурбаби! «ШафигIиявги батIалъи щиб, нилъго гIадав чи вуго», – янги абун, гIилмо-гIамалалъул рахъалъ гьадав ШафигIиясда живго релъене гьавилищ гIакълo камилав чияс? ГIилмоги гьечIел, гIилмо бугониги, гьеб данде бачине жедер гIакълоги гьечIел, гьаб нелъер заманалъул цо-цо «мужтагьидзабазени», гьев ШафигIияв имам расги горев чи вуго. Пикро гьабураб мехалда, гьеб тайпаялъул «гIалимзабаздаги», гурхIизе бачIуна, гьезул талихIкъин бихьун. Аллагьас кьеги бусурбабазе мунфагIат бугеб гIилмоги бацIцIадаб гIакълоги! Амин! Амин! Амин!

Гьанжи доб рехсараб аяталъул хадусеб: «Гьединав Аварагила, гьев ножохъе вачIун вугев, нуж иманалде рачIунгутIи, насихIат къабул гьабунгутIиги, иманалде райинчIони ножое нахъа, ай ахираталда, букIине бугеб гIазаб-гIакъоба жиндие кутакалда захIматав. Нуж

иманалде рачIине, ножор хIалги лъикIлъизе кутакалда анищги бугев. Миллат батIа гьабичIого, муъминзабада жив гурхIулев, ай мутIигIазе хIалимав, музнибиназда[1] гурхIулев».

*«Рауфун», «РахIимун»*, абураб кIиябго Аллагьасул цIар, цересел аварагзабазул цохIонигиясулъ данделъичIо, нелъер Аварагасулъ ﷺ горони.

**قال بعض الحكماء : ان الله تعالى خلق محمدا أي روحه وجعل له صورة روحانية كهيئته في الدنيا ... الخ**

ХIукамаазул цояс абуна: «ТIадегIанав Аллагьас МухIаммад Аварагасул ﷺ рухI бижиндал, гьеб рухIалъул гьабуна, жив дунялалде вачIинадал букIине бугеб гьайъат, ай сурат:

- ☑ бетIер – баракаталдасан;
- ☑ кIиябго бер – хIаяалдасан[2];
- ☑ кIиябго гIин – гIибраталдасан[3];
- ☑ мацI – зикроялдасан;
- ☑ кIутIби – тасбихIалдасан;
- ☑ гьомер – разилъиялдасан;
- ☑ керен – ихласалдасан[4], рахIматалдасан;
- ☑ кверал – сахаваталдасан;
- ☑ рас – алжаналъул набаталдасан[5];
- ☑ хIацIо – алжаналъул гьоцIоялдасан гьабуна.

---

*[1] Музниб – мунагь-хатIа гьабурав (мн.ч. музнибун).**
*[2] ХIаяъ – нич-намус**
*[3] ГIибрат – пикро гьаби, рагIаралдасан пайда боси.**
*[4] Ихлас – ният бацIалъи, гьабулеб жо Аллагьасе гIоло гьаби.**
*[5] Набат – хер, ракьалда бижунеб гIурччинлъи.**

Гьал рехсарал сифаталги жиндилъ камил гьарун витIана нилъер Авараг ﷺ умматалъухъе.

Хал гьабе! Мадинаялда букIараб гъуйил цIамгIалаб лъим, ХIабибас ﷺ жанибе цо хIацIо туйдал, гьуинаб лъугьана. АбутIалиб-имгIал хун хадув, къурайшиязул тIадецуй цIакъго кутаклъидал, Исламалъе комек-квербакъи тIалаб гьабун, дагIваталъ Авараг ﷺ ТIаифалде ана. Гьез тIадеги восичIого, хIатта хадур гамчIал райзе лъималгицин тIамун, цIакъ пащманго нахъ вуссунаго, Аварагасухъе вачIана Жабраил малаик, цадахъ мугIрузул кверщел жиндихъ бугев малаикгун. Цинги гьев малаикас абуна ХIабибасде ﷺ : «Гьал мугIрул, гьаваялдеги росун, гьазде тIаде реччайлищ?», – ан. Аварагас ﷺ жаваб гьабуна: «МугIрул тIаде реччан гьал гьалаг гьаруге, дир хьул буго Аллагьас гьаздасан, ширк гьечIого, бацIцIадго Жиндие лагълъи гьабулел наслаби кьелилан». Гьеб мехалъ гьев малаикас абуна: «Мун, Аллагьас абухъе, хIалимавги гурхIулевги вуго», – абун, ва нахъе ана.

Хадубги, мушрикинал дандечIеялдалъун, гьез насихIат къабул гьабунгутIиялдалъун ракI бакъварав, гьеб захIмалъарав Аварагасул ﷺ ракI батун, Аллагьас абулеб буго: «Къуръаналда иман лъеялдасаги, дуда нахъ рилълъиналдасаги, насихIат къабул гьабиялдасаги, тавбо гьабиялдасаги гьел руссанийила, Авараг, дуца гьезде абейила: “Дие Аллагь гIела, комекги дие Аллагьас гьабила, дир божиги Аллагьасде буго, – абун. – ХIакъикъаталда дун цIунулев, дие комек гьабулев чи гьечIо, Аллагь горони, – абун. – Дица таваккалги Аллагьасде тIамула, дун Аллагьасухъа горони хIинкъизеги хIинкъуларо. Гьев дир мугъчIвайиги Жинде бугев, дие кверги бакъулев Аллагь – кIудияб ГIаршалъул БетIергьан вуго”, – янги абе».

Кинабниги гIалам Жинца бижарабги букIун бугеб хIалалъ, ГIарш хасс гъабиялъе гIилла щиб абуни, ГIарш бищун кIудияб махлукъат бугелъул, цогидал щинал махлукъаталъул бетIергьанги Жив вукIин, доб рехсеялъ гIей гьабулеб букIин буго. Ялъуни ГIарш рехсей букIине бегьула, жиндир бижин кIудияб букIингун цадахъ, Аллагьасда аскIоб доб ГIарш къадро кIудияб, хирияб букIиналъе гIоло.

**قال بعض أهل التحقيق : خلق الله العرش لإظهار شرف محمد ﷺ**

БатIинияб гIилмоялъул агьлоялдасан цояс абуна: «ТIадегIанав Аллагьас ГIарш бижана МухIаммад Аварагасул ﷺ хиралъи загьир гьабизе гIоло», – абун. МигIражалъул сордоялъ нелъер ХIабиб гIадин кIодо гьавурав инсан гьечIелъулха. ГIарш малаикзабазул матIу буго, жиндалъун Адамил лъимал ва гьезул ахIвалал рихьулел.

Рехсараб кIиябго аяталъул хассаби, хиралъаби гIемерал руго, баркаталъе букIине рехсезин цо къиссаги. Мужагьидил вас Абубакар абурав кIудияв гIалимасухъе вачIун вуго Абубакар Шабали. Гьев кIодо гьавун тIаде вахъун вуго Ибну-Мужагьид. Цинги Ибну-Мужагьидил асхIабзабазулъ хабар ккун буго, ханасул вазирасе тIаде вахъинчIев, Шабали вачIиндал кин вахъарав, абун. Гьезде Ибну-Мужагьид Абубакарица абун буго: «Дун тIаде кин вахъинарев, Аварагасги ﷺ кIодо гьавурав чиясе», – ян, ва бицун буго гьезие: «Макьилъ диде Аварагас ﷺ абун букIана, “Метер духъе вачIине вуго алжаналъул агьлоялдаса цо чи, дуца гьев кIодо гьаве”, – абун». Гьелдаса хадуб цокIиго къо индалги, макьилъ вачIун, абун буго Аварагас ﷺ: «Я Абубакар! Алжаналъул агьлолъун вугев чи кIодо гьавурав мун Аллагьас кIодо гьавеги», – абун. Гьеб мехалъ

Абубакарица абун буго: «Я Расулаллагь! Сундалъун мустахIикълъарав Шабали алжаналъе?» – ян. Жаваб гьабун, Расуласги ﷺ абун буго: «Гьес бала къол щуябго как, щибаб какда хадуб гьес дунги рехсола, гьадаб кIиябго аятги цIалула», – ян. ТIокIаб жо гьечIониги, гьаб хиралъи гIела гьаб кIиябго аяталъе. ЦIализе тавфикъ кьеги!

## КЪУРЪАНАЛДА АЛЛАГЬАС АВАРАГ ﷺ ВЕЦЦИЯЛЪУЛ ВА ГЬЕВ КIОДО ГЬАВИЯЛЪУЛ БАЯН

Гьанжи хал гьабе ТIадегIанав Аллагьас ﷻ Жинцаго МухIаммад Аварагасе ﷺ кьолеб къиматалъул ва гьев кIодо гьавула вугев куцалъулги:

قَالَ تَعَالَى: ﴿ وَمَآ أَرْسَلْنَـٰكَ إِلَّا رَحْمَةً لِّلْعَـٰلَمِينَ ﴿١٠٧﴾ ﴾ الأنبياء: ١٠٧

Гьаб *«Сурат*алъул», авалалдаса бахъарабго, Аварагзабазул къиссаби, харбал, умматазулгун дозул ккараб щинабги рехсон, абулеб буго Аллагьас: «Дица мун витIичIила, МухIаммад Авараг, дунялалъулги ахираталъулги сагIадат[1] жедеда барал шаригIатаздалъун, ахIкамаздалъун ва цогидал умураздалъунги гIаламалъего рахIматлъун горони». Ай, мун жиндалъун витIарав дин-Ислам ккола гIаламалъего, дунялалдаги ахираталдаги сагIадат щвеялъе сабаб. Гьеб сабаб – Ислам къабул гьабичIев, къабул гьабизе чIухIарав, гьелдаса вуссарав чи ккола жинцаго живго кIиябго рукъалъул балагьалде вачарав чи. Ай, гьелъул гIайиб рехизе бакI яги бачине гIузру гьесие гьечIо.

[1] *СагIадат – талихI.**

МухIаммад Авараг ﷺ капурзабазеги дунялалда рахIматлъун ккола. Кинин абуни, гьезие бугеб гIазаб-гIакъоба гьев сабаблъун нахъе бахъана, ай ахираталда гьабизе тана. Цересел умматазул заманалда гIадин, болъонал-маймалакаллъун сверизе гьари, ракьалда ккойзе гьари гIадал гIаммал балагьалги гьезде тIаде реччайчIо. Гьаб кинабго МухIаммад аварагасул ﷺ баракаталдалъун буго. Аварагас ﷺ абун буго Жабраил малаикасде: «Аллагьас дир хIакъалъулъ: "Мун гIаламалъего рахIматлъун гьавун горони авараглъун витIичIо" – ян абуна, гьеб рахIматалъул дуе щвараб жо бугищ?», – абун. Жабраил малаикас ﷺ жаваб гьабун буго: «Щвана, дун хIинкъун вукIунаан гIакъибат[1] мекъса ккеялда, цинги дудалъун божи лъуна, Аллагьас дир хIакъалъулъ гьадин абидал», – инги абун, Жабраилас гьаб аят цIалана:

﴿ذِى قُوَّةٍ عِندَ ذِى ٱلْعَرْشِ مَكِينٍ ﴿٢٠﴾ مُّطَاعٍ ثَمَّ أَمِينٍ ﴿٢١﴾﴾ التكوير: ٢٠ - ٢١

Аллагьас бицунеб буго гьаб аяталъулъ, Жинда аскIоб Жабраил малаикасул къадро кIодолъиялъулги, зобалазул агьло гьесие мутIигIал рукIиналдасанги, ва вахIю босун хьвадизе гьавизе гьев божарав вукIиналъулги. Жабраил малаикасул къуватин абуни, гьес ЛутI аварагасул ﷺ къавмалъул ункъго кIудияб росо, гьоркье кваркьиги бегьун цадахъго гьаваялдеги росун, кIалагъоркье гIодоре реччана. Гьединго гьес цо гьабураб гьаракьалъ Самудазул къавм хIинкъун, ракIал тIун, гIадан хутIичIого цойидасан хвана. Гьев Жабраил малаикасе ﷺ ракьалде рещтIинеги тIад вуссун зодове вахинеги цо лахIзат замана гIолеб буго.

Хадубги, рехсараб аяталъул магIна гьабулаго, абулеб буго: «Гьав МухIаммад Аварагасул ﷺ рахIмат мутIлакъаб,

---

*[1] ГIакъибат – ахир.**

тIобараб, камилаб, гIамаб, Аллагьас бижараб щинаб жоялде щой гьабулеб буго», – абун. Бижан щинаб жоялде рахIматлъун витIун вукIун хадув, гьеб киналдасаго хирияв вукIин гьелъго баянги гьабула.

ГIиса авараг ﷺ гьавуна эмен гьечIого, Аллагьас гьев эбелалъул ургьив лъуна [كن], ай «буголъе» - абураб лафсал-далъун. Гьелъул хIакъалъулъги Аллагьас гьадин абуна:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ إِنَّ مَثَلَ عِيسَىٰ عِندَ ٱللَّهِ كَمَثَلِ ءَادَمَ ۖ خَلَقَهُۥ مِن تُرَابٍ ثُمَّ قَالَ لَهُۥ كُن فَيَكُونُ ﴿٥٩﴾ ﴾ آل عمران: ٥٩

ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: «ГIиса аварагасул мисал, ай эмен гьечIого гьави, вижин, релъараб буго Аллагьасда аскIоб Адам аварагасул мисалалда. Адам вижана ракьалдасан, эбелги эменги гьечIого», – абун. ГIиса авараг ﷺ гьавиялъул бицунеб бакIалда ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ قَالَ كَذَٰلِكِ قَالَ رَبُّكِ هُوَ عَلَيَّ هَيِّنٌ ۖ وَلِنَجْعَلَهُۥٓ ءَايَةً لِّلنَّاسِ وَرَحْمَةً مِّنَّا ۚ وَكَانَ أَمْرًا مَّقْضِيًّا ﴿٢١﴾ ﴾ مريم: ٢١

«Дица гьев вижизе вуго, ай вас кьезе вуго Марямие, бану исраилазе гIаламат-гIибратлъун вукIине ва эменго гьечIогоги вас кьезе, ай вижизе гьавизе Дир камилаб къудрат, хIалкIвей букIиналде тIоритIел гьабулеб хIужалъунги букIине, эменги эбелги гьечIого Адам авараг вижарав гIадин, – абун. – Дир рахъалдасан жинде иман лъуразе кIудияб рахIмат-нигIматлъунги вукIине».

ГIиса аварагасул ﷺ хIакъалъулъ Аллагьас абураб: [رحمة منا] – «Дир рахъалдасан рахIмат, нигIматлъун», – абураб

каламалдасан мурад буго, МухІаммад ﷺ Аварагги вахъун, гьесде рещтІараб Къурънаналъ Инжил насхо гьабизегІан, жинде иман лъурал, жинда нахъ рилълъарал щиназе рахІмат-нигІматлъун гьавизе, – абураб. Ай, ГІиса аварагасул ﷺ рахІмат къотІула, Къурънаналъ Инжил насхо гьабураб мехалъ. Амма МухІаммад аварагасде ﷺ рещтІараб:

﴿ وَمَآ أَرۡسَلۡنَٰكَ إِلَّا رَحۡمَةٗ لِّلۡعَٰلَمِينَ ١٠٧ ﴾ الأنبياء: ١٠٧

«ГІаламалъего рахІматлъун горони Дица мун авараглъун витІичІо», – абураб Аллагьасул каламалдасан мурад буго, кинабго гІаламалъего, иман лъуразеги лъечІезеги, дунялалдаги, ахираталдаги рахІматлъун витІарав вуго, абураб. Гьесул рахІматалъе къотІи , ай ахир гьечІо, абадияб буго.

Дунялалда МухІаммад авараг ﷺ рахІматлъун вукІин буго, къиямасеб къо чІезегІан жиндалъун бачІараб дин-Ислам насхолъизе гьечІолъи, ай хисизе гьечІолъи. Ахираталда гьев рахІматлъун вукІинин абуни, кинабго халкъ жиндир шафагІаталде хІажалъи буго. Адам, НухІ, Ибрагьим, Муса, ГІиса [гІалайгьиму ссалам], –гьазги къиямасеб къоялъ, халкъ шафагІат тІалаб гьабизе, МухІаммад аварагасухъе ﷺ ритІула.

**قال في «العرائس» : أيها الفهيم إن الله أخبرنا أن نور محمد ﷺ أول ما خلقه ثم خلق جميع الخلائق من العرش إلى الثرى من بعض نوره ... الخ . «روح البيان» جـ ٥ ، صـ ٥٢٨**

ТІадегІанав Аллагьас тІоцобе бижана МухІаммад ﷺ аварагасул нур. Цинги ГІаршалдаса бахъараб анкьабилеб ракьалде щвезегІан, кинабниги халкъ бижана гьесул нуралъул цо бутІаялдасан. Цинги жив витІана дунялалде, Аллагьас битизе гьабураб щинаб жоялъе рахІматлъун. Живго Аварагасул ﷺ хІадисги буго:

**((انا من الله والمؤمنون من بعض نوري))**

«Дун Аллагьасул нуралдасан вуго, муъминзаби дир нуранияб файзалдасан руго», – абураб. ХIасил, Аварагасул ﷺ чIаголъи – рахIмат буго, хвелги рахIмат буго. «Дир чIаголъи ножое лъикIаб буго, хвелги дир ножое лъикIаб буго», – ян Аварагас ﷺ абидал, асхIабзабаз абуна: «ЧIаголъи дур нежее лъикIаб буго, мун хоялъулъ бугеб лъикIлъи щиб?» – абун, цинги Аварагас ﷺ абуна:

**((تعرض عليّ أعمالكم كل عشية الإثنين والخميس فما كان من خير حمدت الله تعالى وما كان من شرّ أستغفر الله لكم))** . «روح البيان» جـ ٥ ، صـ ٥٢٩

«Щибаб итни-хамизалъ дихъе рачIуна умматалъул лъикIал-квешал гIамалал. ЛъикIал гIамалал рачIиндал, дица Аллагьасе рецц гьабула, квешал гIамалал рачIиндал, Аллагьасдасан гьел квешал гIамалал-мунагьал чури тIалаб гьабула», – абун.

Мадинаялда жив вукIаго, Аварагасухъе ﷺ рачIана Нажраналдаса насраниял бищунго машгьурал гIадамаздаса къокъа. Гьезул вукIана анцIила ункъго чи. Гьеб букIана бакъанил какдаса хадуб мех. Расуласул ﷺ масжидалъуреги лъугьун, гьез жедерго къибла – бакъбаккудехунги руссун, как байзе къасд гьабуна. АсхIабзабазе бокьана гьел как баялдаса гьукъизе, Расулас ﷺ жалго теян абуна. Аварагасде ﷺ гьел рачIине рукIин Жабраилас ﷺ бицун букIана. Цинги цадахъ цоявгун гьезул бетIер Абу-ХIарисат Аварагасде ﷺ цеве вачIана, вачIинаго Расулас ﷺ гьесде: «Нуж бусурманлъе», – ян абуна. Гьес жаваб кьуна: «Ниж дудасаги цере бусурманлъун руго», – абун. Гьанжи Аварагас ﷺ абуна: «Ножор гьереси буго, нуж Исламалде рачIине лъабгго жоялъ нахъчIван руго, хъанчазе лагълъи

гьабиялъ, болъонил гьан кванаялъ, ва лъабабилеб – Аллагьасул вас вугоян дагІба баялъ», – абун.

Цинги гьаз абуна: «Я МухІаммад! Мун щай нежер гьалмагъ ГІисада тІасан кІалъалев?», Жаваб гьабуна Расулас: «Щиб дица гьесде абула бугеб?», – ян. Нажраналъулаз абуна: «Дуца абула буго гурищ: “ГІиса лагъ вуго” – ян». Расулас: «БитІараб абула буго дица, ГІиса Аллагьасул лагъги вуго, Аллагьасул расулги вуго, Аллагьас эмен гьечІого Марямил ургьив лъун, гьавуравги вуго». Гьазул ццин бахъана ва абуна: «Дуда киданиги вихьанищ эмен гьечІого гьавурав инсан? Дуца абухъе, инсаздасан, ай гІадамаздасан эменги гьечІого гьавурав мехалъ, досул эмен Аллагь кколарищ?», Аварагас ﷺ абуна: «Адам аварагасул рукІинчІо я эбел, я эмен, гьелдалъун Адам Аллагьасул вас вукІин тІад гьабуларо, ва гьединго ГІиса вас вукІинги тІалъуларо».

Аварагас ﷺ гьазие кьурал жавабал тасдикъ гьарун рещтІана цебе рехсараб, «ГІиса аварагасул мисал Адамида релъараб буго», – ян абураб аятги. ХІасил, *«Сурату али-ГІимран*алъул», авалалдаса бахъараб, ункъгогІанасеб аят гьел Нажраналъулазул хІакъалъулъ рещтІараб буго. Гьаб къисса, дагьабги гІатІид гьабун, «*Сурат*алъул», авалалдаги бицун буго, балагьизе бокьарасе.

## АВАРАГАСУЛ ﷺ ХИРАЛЪИ БАЯН ГЬАБУЛЕЛ ЦО-ЦО АЯТАЗУЛ ВА ХІАДИСАЗУЛ БАЯН

Гьале цойги аят, Аварагасул ﷺ тІабигІат жинца баян гьабулеб:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ وَإِنَّكَ لَعَلَىٰ خُلُقٍ عَظِيمٍ ﴿٤﴾ ﴾ القلم: ٤

ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: «ХIакълъунго мун вуго, я гьав МухIаммад Авараг, цIакъ тIадегIанаб, Аллагь разияб тIабигIаталда», – абун. ТIабигIат берцинлъиялде гъорлъе уна, Аллагьасулгун, халкъалъулгун, мадугьаллъиялъулгун, гIагарлъиялъулгун, лъимал-хъизаналъулгун, гьудул-гьалмагълъиялъулгун гьоркьоблъаби, Аллагь разияб хIалалда, ай Къуръаналъ манлъухъе, цIуни. Ва гьединго чияр зулму баччи, хIакъ тIаса лъугьун тей, даран-базаралъулъ бигьалъи гьаби, сапаралда гьалмагълъиялъул хIал баччи, хасго как, кIал, закат, сахI, хIал кIолеб бугони хIаж, – гьал Исламалъул рукнаби ихласалда тIорайзе гьари, гьереси-мацI, гьибат-бугьтаналдаса рикIкIалъи, ахираталъе пайда гьечIеб жоялда машгъуллъун, гьелда заман ине гьабиялдаса цIуни, хIасил, щибаб рагъа-ракариялъулъ, фигIло-къавлоялъулъ[1] Аллагьасул амро-нагьюялъул гIорхъи цIуни.

Халкъалъул ва халкъалдаго тIаса рищун Аллагьас жал хира гьарурал тIолалго аварагзабазул рукIаралщинал лъикIал, реццарал тIабигIатал МухIаммад аварагасулъ ﷺ данделъана. Гьединлъидал, халкъалда жиндир хиралъиги лъайзе, Аллагьас ﷻ абуна Аварагасде ﷺ: «Мун тIадегIанаб, Аллагь разияб тIабигIаталда вуго», – ян. Жинда Аллагь разилъаяй ГIаишатица, Аварагасул ﷺ тIабигIатаздасан гьикъарав чиясе жаваб гьабун, абуна: «Дуца Къуръан, *“Сурат аль-Муъминин”* цIалуларищ?», – абун. Цойги риваяталда, ГIаишатица абунин буго дов гьикъарав чиясде: «Аварагасул тIабигIат – Къуръан бу-кIана», – абун.

**وفي «التأويلات النجمية» : كان خلقه القرآن بل كان هو القرآن . «روح البيان» جـ**

---

*[1] Ай, гьабулебги абулебги жоялъулъ.**

١٠، صـ ١٠٨

ХIатта, Аварагасул ﷺ ахлакъазе[1] къимат кьолаго, абулеб буго: «Аварагасул ﷺ ахлакъал Къуръаналъул рукIана, ахлакъалцин горо, живго Авараг ﷺ Къуръан вукIана», – абун.

Къокъго абуни, Аварагасул ﷺ ахлакъал рицун, гьев веццун, халкъалда хIал кIоларо. Щаян абуни, Аллагьас Жиндирго сифатазда сифатал релъене гьавурав инсан, цойгидав инсанас кин веццилев, веццизе бакI хутIилищ?

Цойги, *«Сурат аль-ВакъигIат»*алда буго аят:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ فَسَبِّحْ بِٱسْمِ رَبِّكَ ٱلْعَظِيمِ ﴿٧٤﴾ ﴾ الواقعة: ٧٤

«Дуца дурго ТIадегIанав Аллагь вацIцIад гьаве, мушрикиназ гьарулел, Жиндие рекъечIел сифатаздаса». Ялъуни: «Дуца как бай ТIадегIанав Аллагьасул цIаралда, ай Аллагьасе». Хадубги *«Сурат аль-ХIижр»*алъул 87 аб. аяталда буго:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ وَلَقَدْ ءَاتَيْنَٰكَ سَبْعًا مِّنَ ٱلْمَثَانِي وَٱلْقُرْءَانَ ٱلْعَظِيمَ ﴿٨٧﴾ ﴾
الحجر: ٨٧

Гьаб аяталъул магIна цебеги бицун ана. Нелъеца как балелъул рукугIалда абула:

**سبحان ربي العظيم**

«Дица вацIцIад гьавиялъ вацIцIад гьавула ТIадегIанав Аллагь, Жиндие рекъечIелщинал сифатаздаса». Гьединго буго аят:

---

*[1] Ахлакъ – гIамал-тIабигIат.**

قَالَ تَعَالَى: ﴿وَهُوَ ٱلْعَلِيُّ ٱلْعَظِيمُ﴾ الشورى: ٤

«Аллагь сундасаго тIадегIанав, кIудияв вуго», – абураб магIнаялъул. Ай, киналниги субутиял, салбиял сифатаз-далъун – кIудияв, тIадегIанав. Гьединго нелъеца абула, какда хадур гьарулел азкаразулъ:

**أستغفر الله العظيم الذي ...**

«Дица ТIадегIанав Аллагьасдасан мунагьал чури тIалаб агьабула...», – абураб.

Гьал рехсарал бакIазда бугеб [**عظيم**] – «ТIадегIанав», абураб рагIиялдалъун гьабураб сифат, Аллагьас ﷻ Жинцаго гьабун буго МухIаммад аварагасеги ﷺ. Гьанжи хал гьабе, кигIан цIакъ лъица веццаниги, гьадаб Аллагьас гьабураб сифаталда бащалъилищ? Аллагь цо вуго, Гьес-дехун гIахьаллъи гьабулеб жо щибго гьечIо, МухIаммад аварагги ﷺ Аллагьасул лагъ вуго, ва Аллагьас халкъ тав-хIидалде ахIизе витIарав Расул вуго. Гьаб кIиябго шагьа-даталъул рамкаялъувги вукIун хадув, Авараг ﷺ веццун нелъеца гьарулел сифтал дагьал жал ккола.

Балъгояб жо горо, нелъерго умумузул цевего хварав чиясул, нелъехъе щвани гьес хIалтIизе гьабулеб букIараб цо алат, ялъуни дос хъвараб тIехь, яги гьесул сурат, нилъ гьев вихьарав гIадин лъугьунеллъи. Гьединго дов лъалев, дов вихьарав чияс нелъее бицани досул букIараб тIабигIат, хасият, яшав, гьеб мехалъги нилъ рохиялъ дов вихьарав гIадин лъугьуна. Амма гьединаб асар нелъее лъугьине ккани нелъее дов вокьулев вукIине ккола. Нелъеего вокьу-ларев чиясул бицуна рагIаниги, гьесул нахъе тарал алатал, асарал рихьаниги гьелъ нелъее щибго асарги гьабуларо.

Гьединлъидалин агьло-магIрифаталъул чIахIияздасан цояс абун бугеб: «Щив чи вугониги жиндие Авараг ﷺ вихьизе бокьун, – ай, уматалъул Аварагасул заманалда рукIинчIел, гьев вихьичIел чагIаздасан, – гьев чи валагье абе Къуръаналде. Гьелде валагьиялдаги Аварагасде ﷺ валагьиялдаги гьоркьоб батIалъи гьечIо, – абун, – ва Къуръаналде валагьулаго, ай гьеб цIалулаго, Аварагасул ﷺ тIабигIат, сифат, сурат цебе чIола», – янги.

Унго-унгояв, Аварагасухъ ﷺ гIащикъав чиги вугони, камилго, адаб-хIурматалда, хIузуралда цIалулеб Къуръанги бугони, Аварагасул ﷺ тIабигIат, сурат, сифат цебе бачIине бегьулареб жо горо. Жиги, гьаб рехсараб хIалалъ Къуръан цIалула бугони, Аварагасул ﷺ равхIани аскIоб бачIинеги бегьула. Мазгьабалъул ункъавго имамас ﷺ, Аварагасда ﷺ данд бан горони тIехьалда хIукму лъечIин абула. АбулхIасан Щазилияс ва гьесул маъзун – Абул-ГIаббас аль-Мурсиясги абулаанилан буго тIахьазда, цо лахIзаталъги Авараг ﷺ цеведа унев вукIаравани, жедеца жалго умматалда гъорлъа рикIкIинароанилан. Жинда Аллагь разилъаяв Ибну ГIаббас матIуялъуве валагьидал, гьесда матIуялъуб бихьун буго Аварагасул ﷺ сурат, ай жиндирго сурат бихьизе кколеб букIараб бакIалда.

Гьадинал хIужабаздалъунги нелъеда бихьулеб буго, додагIанго Аллагьасда аскIов къадро кIудияв Аварагасда ﷺ нахъ рилълъиналъулъ, гьесул суннат, тIабигIатал, хасиятал цIуниялъулъ жал камиллъарал имамзабазул, гIарифуназул хасслъи. Гьединлъидал, нелъее рекъола, тIалъула гьезда инкаралда чIечIого, кIванагIан гьезда нахъ рилълъине, гьезго гIадин Аварагасул ﷺ суннат цIунизе жигарги бахъизе.

Аллагь цо вуго, Гьесдехун гIахьаллъи гьабулеб жо щибго гьечIо. МухIаммад аварагги ﷺ Аллагьасул лагъ вуго, ГIабдуллагь абурав инсуе, Аминат абурай эбелалъе жив гьавурав, ва гьединго Аллагьас халкъ Исламалде ахIизе витIарав расулги вуго. Гьаб рехсараб хIалалда, МухIаммад Авараг ﷺ – Аллагьасул лагъ вукIинги лъан, гIакъидаялъул гIорхъи цIунун хадуб, халкъалъ Авараг ﷺ вецци – цIакъго дагьаб жо буго.

*«Къасидатуль-бурдат»* абун халкъалдаго машгьураб, гIемерал хассабиги жиндир ругеб, Авараг ﷺ веццун МухIаммад аль-Бусири абурав кIудияв имам-гIалимас гьабураб назмо буго. Гьеб назмоялда гьев имамасги абулеб буго гьадин:

**دَعْ مَا ادَّعَتْهُ النَّصَارَى فِي نَبِيِّهِم — وَاحْكُمْ بِمَا شِئْتَ مَدْحًا فِيهِ وَاحْتَكِمِ**
**فَانْسُبْ إِلَى ذَاتِهِ مَا شِئْتَ مِنْ شَرَفٍ — وَانْسُبْ إِلَى قَدْرِهِ مَا شِئْتَ مِنْ عِظَمِ**
**فَإِنَّ فَضْلَ رَسُولِ اللهِ لَيْسَ لَهُ — حَدٌّ فَيُعْرِبَ عَنْهُ نَاطِقٌ بِفَمٍ**

«Насранияз жедер авараг ГIиса – Аллагьасул вас вугин, абураб гIадин, МухIаммад аварагасде гьеб аби дуца те». Насраниязул цояз, ГIиса гIалайгьи ссаламасде Аллагьин абуна, цойгияз: Аллагьги Аллагь вуго, ГIисаги Аллагь вугоян абуна, цойгиязин абуни: Аллагь, Марям-ГIиса аварагасул эбел ва живго ГIисаги – лъабавго Аллагьин абуна.

**((لا تطروني [اي لا تصفوني] كما اطرت النصارى المسيح ولكن قولوا عبد الله ورسوله)). «حاشية الشيخ إبراهيم الباجوري على متن البردة للعارف بالله محمد البوصري»**

МухIаммад аварагас ﷺ абунги буго: «Ножоца дие гьабуге насранияз ГIисае гьабураб сифат, ножоца абе

[ай, жиндир хIакъалъулъ] Аллагьасул лагъ ва Аллагьасул расул вугоян». Нелъеца жив веццизе бегьуларев вукIаравани, Аварагас ﷺ: «Ножоца дун веццуге», – янги абилаан. Жив веццун шигIроги ахIулаго Исалмалде вачIиндал, КагIбуе рехана жиндирго халгIат.

«Гьадал насранияз ГIиса аварагасе ﷺ гьарурал сифатал гьари тун хадуб, – илан абулеб буго Бусирияс, – Аварагасе ﷺ дуца гьабе дуего бокьухъе сифат», – абун. Аварагасул заталде гIунтIизе гьабула бугони, кьер-гьаналъул, гьомер-кIалалъул, чорхол бацIцIалъиялъул, жинда бараб гIетIалъул махI берцинлъиялъул, кIал-мацI фасахIалъиялъул, цIодорлъи-гIакъиллъиялъул ва гьел горел цогидал ругониги, лъида кин абизе лъаниги, бегьунгутIи гьечIо, нелъеде гьедин бицун буго нелъеда цере рукIарал чIахIиял аиматаз. Аварагасул ﷺ къадро-кIодолъиялъе, тIабигIат-хулукъалъе сифат гьабула бугони, хIалимав, гIалимав, тIаса лъугьунев, сабурав, ццин бахъунарев ва цогидал кинал ругониги лъикIалщинал тIабигIататздалъун сифатал гьаре Аварагасе ﷺ, лъида кин кIваниги, гьел сифатазе гьев мустахIикъав вуго.

**وخاصم في إثبات فضائله من شئت من الخصماء واعز إلى داته الشريف ما شئت من شرف وإلى قدره العظيم ما أردت من التعظيم والرفعة فقد وجدت بابا واسعا فإن فضل رسول الله ليس له غاية يقف عندها فيبينها ناطق بلسان فمه فأوصافه لا تحصى وفضائله لا تستقصى . صـ ٢٥ بهامش الكتاب**

«Аварагасул ﷺ хиралъиялъе гIорхъи гьечIо, гьеб баян гьабизе инсанасул хIалги кIоларо». Гьединаб хIасил буго гьадал цере рехсарал «*Аминтаза*...ялъул», байтазул.

## МУХIАММАД АЛЬ-БУСИРИ [АВАРАГАСУХЪ ﷺ ГIАЩИКЪ]

Гьанжи баркаталъе букIине МухIаммадул Бусириясул хIакъалъулъ дагьаб баян. Гьесул цIар буго МухIаммад, СагIидил вас, Мисриялдаса. Хобги гьесул буго Александрия шагьаралда, «Средиземное», ралъадалъул, гьоркьоб манзил гьечIого, рагIалда. Гьев вукIун вуго гIараб гIилмоялъул гIалим ва назмаби-шигIрабазе кутакалда гьунар бугев чиги. Авараг ﷺ веццун гьарурал назмаби, гьесул гIадин, халкъалда гьоркьор машгьурлъун ратиларо. ГIумроялъул байбихьуда гьев вукIун вуго ханзабазда ай, салатIиназда аскIов, гьел реццун, гьезие рекъолел шигIраби гьарулевлъун ва гьезда жанив цIакъ къадро бугевлъунги. Цо къоялъ гьел салатIиназда аскIоса рокъове вачIинаго, гьасда дандчIван вуго цо гьайбатав херав чи. Цинги гьев херас гьикъун буго гьасде: «Мунищ дов нолъ Авараг ﷺ макьилъ вихьарав чи», – абун. Бусирияс жаваб гьабун буго: «Дида Авараг ﷺ макьилъ вихьичIо», – абун. Киниги, Аварагасул ﷺ цIар бахъидал, Бусириясул рекIелъ досдехун кутакаб рокьи, гIищкъо бижун буго. Рокъовеги щун гьеб сордоялъ кьижидал, гьесда Авараг ﷺ вихьун вуго макьилъ, асхIабзабазда гьоркьов, цIвабзазда гьоркьов моцI гIадин. Макьидаса ворчIидал, доб Аварагасдехун ﷺ букIараб рокьиялъ керен-ракI цIун батун буго. Гьелдаса нахъе Аварагасда ﷺ хурхараб ракI батIалъуларевлъунги лълъугьун вуго. Гьеб мехалда байбихьун буго гьес Авараг ﷺ веццун къасидатал[1] хъвайзе. ГIемерал хъван руго, амма бищунго машгьуралллъун лъугьарал руго *«Къасидатул музарият»*, ва *«Гьамзият»*. Гьелдаса хадув МухIаммад аль-Бусири, паралич унтиялъ лугбалги ккун, босада хутIун вуго.

[1] *Къасидат – назмо.**

## МУХІАММАД АЛЬ-БУСИРИЯС «АМИНТАЗА...» ХЪВАЙ

Цинги гьесда ракІалде ккун буго Авараг ﷺ веццун цойги къасидат хъвайзе ва Аллагьасдасан гьелдалъун сахлъиги гьаризе, гьедин хъвараб буго гьес *Аминтаза...* абун байбихьи бугеб *«Къасидату-л-бурдат»*. Гьеб хъван бахъиндал, къассе гьесда макьилъ вихьун вуго Авараг ﷺ, ва гьеб къасидат цІалун буго гьесие, авалалдаса бахъараб ахиралде щвезегІан. Цинги Аварагас ﷺ гьесул черхалда квер бахъун буго, ворчІидал МухІаммад аль-Бусириги чан гІадин, тІаде вахъун вуго. Рокъоса къватІиве вахъун унаго, нухав данд чІван вуго гьасда жиндирго гьудул-гьалмагъ Абу-Ражаъ абурав чи. Абу-Ражаица абун буго Бусириясде: «Доб Авараг ﷺ веццун гьабураб къасидат кье», – абун. Бусирияс абун буго: «Авараг ﷺ веццун гьарурал къасидатал дир гІемер руго, дуе кинаб бокьун бугеб?» – абун. Абу-Ражаица абун буго: «*“Аминтаза...”* абун байбихьи бугеб кье», – йилан. Гьанжи Бусирияс, тамашалъиги гьабун, абун буго: «Дуда гьеб кисан лъараб, дица гьеб гІадамасе цІалунги кьунги гьечІеб хІалалъ?» – илан. Абу-Ражаица абун буго: «Дида гьеб, нолъ дуца Аварагасе ﷺ цІалула рагІана, ва гьев Аварагги ﷺ вукІана, пихъил цІурал гъотІол гІаркьалаби берцинаб гьороца дорехун-гьанирехун хьвадизе гьарулел гІадин, къасидаталда разилъун кІиябго рахъалдехун хьвалевлъун». Цинги гьеб *«Къасидатул бурдат»*, Бусирияс кьун буго Абу-Ражаихъе ва гьесдасан халкъалда гьоркьоб тІибитІунги буго. Жакъаги гьесул зияраталда гьеб *«Къасидаталъул бурдат»*, ай *«Аминтаза...»*, хъварал книжкаби зияраталъ рачІаразухъе кьола, гьез цІалун, ахІунги гьарула.

## МУХІАММАД АЛЬ-БУСИРИЯС «МУЗАРИ» ХЪВАЙ

*«Музари»*, абураб къасидат гъабиялъеги ккун буго гъадинаб сабаб:МухIаммад аль-Бусири цо къоялъ цIакъ ракI къварилъун, тIаде бакIаб хIал бачIун лъугьана. ТIадеги вахъун, какиги чурун, какал раниги хIалги тIаса инчIого, гьанжи гьав вахъун ун вуго ралъдал рагIалде, дагьабниги хIал тIаса ун, ракIалъе гIатIилъи лъугьин мурадалда. Гьенибги щибго батIаяб жоги ккечIого вукIаго, ТIадегIанав Аллагьас гьасде ракIалде рехизе гьабун буго Аварагасде ﷺ свалат битIиялдалъун цо назму гьабизе, гьелъул баракаталдалъун гьеб хIал тIаса ийиналде хьулги лъун буго. Къоло анлъго гIанасеб байт гьелъулги гьабун, хадуб долдасаги цIикIкIараб тIадеги гьабизе пикроялда вукIаго, тIабигIатги, сифатги, ретIараб ретIелги берцинав, зобал-ракьал гвангъараб нургун цадахъ цо гьайбатав чи вихьун вуго ралъдада тIасан вачIунев. АскIове гIагарлъидал, Бусириясда гьев лъанги гьечIо. Гьанжи дос абун буго: «Я фулан! Мун къокълъе гьеб диде свалат битIиялдалъун гьабураб назмуялда, дун авараглъун витIарав Аллагьасхlа, гьеб свалаталъул кири хъван, зобал-ракьазул малаикзаби дуца сокайзе гьаруна», – абун. Хадубги абун буго: «Щибаб фаризаяб какда хадуб гьеб свалат диде битIарав чи – *Фирдавс* алжаналда дир гьалмагълъун вукIина», – янги. Гьединги абун, вачIаравго рахъалде, ай ралъдадасан, унги вуго. Цинги Бусириясда лъан вуго гьев Авараг ﷺ вукIин ва, берзукьа дов тIагIинегIан хадувги валагьун, свалат битIула хутIун вуго гьаб сигъаялда:

اَلصَّلاَةُ وَالسَّلاَمُ عَلَيْكَ يَا حَبِيبَ الله      اَلصَّلاَةُ وَالسَّلاَمُ عَلَيْكَ يَا خَيْرَ خَلْقِ الله

## АВАРАГАСДАЛЪУН ﷺ РОХУН МАВЛИД ГЬАБИЗЕ БЕГЬИЯЛЪЕ КЪУРЪАНАЛДАСАН ДАЛИЛ

Хадубги буго Къуръаналда абулеб:

قَالَ تَعَالَى: ﴿يَـٰٓأَيُّهَا ٱلنَّاسُ قَدْ جَآءَتْكُم مَّوْعِظَةٌ مِّن رَّبِّكُمْ وَشِفَآءٌ لِّمَا فِى ٱلصُّدُورِ وَهُدًى وَرَحْمَةٌ لِّلْمُؤْمِنِينَ ﴿٥٧﴾﴾ يونس: ٥٧ إلى: ﴿هو خير مما يجمعون﴾

ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго халкъалдехун, ялъуни Маккаялъул кафуразде: «Ва гьал гIадамал, хIакълъунго ножохъе бачIун буго лъикIаб щиналде нуж ахIулеб, квешаб щиналдаса нуж нахъ чIвалеб, ножое ва ножода тIадал киналго хIукмаби баян гьабулеб Къуръан, ножор БетIергьанасул, [ай Аллагьасул] рахъалдасан, киналниги рекIел унтабазе дарулъунги жиб бугеб. [Ширк, нифакъ, жагьло, гIакъидат пасалъи, гьереси, мацI, гъибат, бугьтан, жахIда-хIусуд, – гьал киналго ккола батIиниял, ай, рекIел унтаби]. ХIакъаб нухалде, ай Исламалде нужги тIоритIулеб, жинде иман лъуразе нигIматлъунги бугеб». «Дуца абейила, МухIаммад авараг, асхIабзабазде: “Нуж жиндалъун хира гьарураб Къуръаналдалъун ва ножое диналъулъ бичIчIи щвараб Исламалдалъун, – гьеб кIиялдаголъун роха” – ян. [Ай, «Нуж щибниги жоялдалъун рохулел ратани, гьеб кIиялдаголъун роха, цоги жоялдалъун рохуге», – ян]. Ножое гьеб кIиябго, [ай Къуръанги Исламги] лъикIаб буго мушрикиназги ягьудиязги данде гьабулеб дунялалъул боцIи-малалдаса».

Гьанжи хал гьабе, цебе рехсохъе, [عظيم] – «сундасаго тIадегIанав, кIудияв вуго», – абураб гьаб Жиндирго сифат Аллагьас гьабун буго Къуръаналъе ва Аварагасе ﷺ

قَالَ تَعَالَى: ﴿وَٱلْقُرْءَانَ ٱلْعَظِيمَ﴾ ﴿وَإِنَّكَ لَعَلَىٰ خُلُقٍ عَظِيمٍ﴾

Гьединго гьаб кIиябго сифатги, ай *«Рауфун-РахIимун»*, абураб, Аллагьас гьабун буго МухIаммад аварагасе ﷺ хасс гьабун. Аллагьас гьаб Жиндир кIиябго сифат жиндие гьабурав инсан гьечIо нелъер Авараг ﷺ горони, гьаб цебеги рехсана. ГьадагIан цIакъ Аллагьас кIодо гьавурав Авараг ﷺ, умматалъ кIодо гьавизе бегьунгутIиялъул магIна дида бичIчIуларо.

Къуръаналдалъунги Исламалдалъунги рохайилан Аллагьас абула бугелъул, нилъ гьеб кIиялдалъунго рохизе ккеялда щаклъи бугищ? Гьанжи гьеб кIиялдалъунго рохел гьабулеб мехалъ, кIиябго жиндихъе рещтIарав Аварагасдалъун ﷺ рохел гьабичIого, магIирукъищха лъелеб? Горого, Авараг ﷺ веццизеги гьев кIодо гьавизеги бегьулев ватани, гьеб горищ мавлид кколеб?

Гьанжи дие бокьун буго гьикъизе, Къуръаналда мавлид гьабиялъул рехсараб бакI гьечIилан абулезде:

***«Къуръаналда бугищ мавлидги гьабуге, Аварагги ﷺ веццуге, гьесул сиялги цIалугеян хъвараб бакI? – абун, – батани бихьизеги гьабе».***

## АВАРАГ ВОКЬИ – АЛЛАГЬ ВОКЬИ ККОЛА, АВАРАГАСЕ МУТIИГIЛЪИ – АЛЛАГЬАСЕ МУТIИГIЛЪИ ККОЛА

Хадубги, Къуръаналда абулеб буго:

قَالَ تَعَالَى: ﴿قُلْ إِن كُنتُمْ تُحِبُّونَ ٱللَّهَ فَٱتَّبِعُونِي يُحْبِبْكُمُ ٱللَّهُ وَيَغْفِرْ لَكُمْ ذُنُوبَكُمْۗ
وَٱللَّهُ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ٣١﴾ آل عمران: ٣١

Ашрафил вас КагIбу ва гьесда нахъ рилълъарал Аварагас ﷺ Исламалде ахIарал мехалъ, гьез абуна: «Ниж Ал-

лагьги вокьулел Аллагьасул лъимал руго», – ян. Цинги рещтIараб буго гьаб рехсараб аят: «Дуца абе гьезде, Авараг, “Дун Аллагьасул расул вуго, дица нуж Аллагьасул диналде ахIулел руго, – ян. – Нуж ратани Аллагь вокьулеллъун, дида нахъ рилълъа, дир амроялъеги мутIигIлъе, гьеб мехалъ нуж Аллагьасе рокьила ва ножодаса разилъила, ножор мунагьалги чурила”, – ян».

Гьаб аят рещтIараб мехалъ, Убаюл вас ГIабдулагьица абуна: «Гьанжи МухIаммадица жиндие мутIигIлъи – Аллагьасе мутIигIлъилъун гьабуна ва, насраниязе ГIиса-гIадин, жив вокьаян амроги гьабулеб буго», – ян. Гьеб мехалъги рещтIана гьаб аят:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ قُلْ أَطِيعُوا۟ ٱللَّهَ وَٱلرَّسُولَ ﴾ آل عمران: ٣٢

«Дуца абе, Авараг, гьезда: “[Щибаб амро-нагьюя-лъулъ] нуж Аллагьасеги мутIигIлъе Аварагасеги мутIигIлъе”, – ян». Ибну ГIаббасица [رضي الله عنهما] гьаб аяталъул магIна гьадин гьабулеб буго: «Нуж МухIаммадие мутIигIлъи – Дие мутIигIлъи ккола, Дие мутIигIлъун, МухIаммадиде гIасилъи – гьеб Дица ножор къабул гьабуларо». Ай, Аллагьасе мутIигIлъи хурхун буго Аварагасе ﷺ мутIигIлъиялда. Аварагасдеги гIасилъун, Аллагьасе мутIигIлъиялъ иманалъулъ гIей гьабуларо. Хадубги абулеб буго Аллагьас:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ فَإِن تَوَلَّوْا۟ فَإِنَّ ٱللَّهَ لَا يُحِبُّ ٱلْكَـٰفِرِينَ ﴿٣٢﴾ ﴾ آل عمران: ٣٢

«Гьел руссани Аллагьасеги Аллагьасул Аварагасеги мутIигIлъиялдаса, ай куфруялдаго чIани, Аллагьасе кафурзаби рокьуларо, гьезда Аллагь разилъуларо, гьезул мунагьалги чуруларо». Рокьуларел чагIазе Аллагьасул рахъалъан, ццин бахъин горони, щиб букIинеб.

Хал гъабеха, бусурбаби! ТIадегIанав Аллагъас Аварагасда ﷺ нахърилълъин Жинда нахърилълъинлъун гъабун бугеб куц. Аварагасул ﷺ суннатги тун, гьесдехун хилифлъиги гъабун, Аллагь вокьулин аби – гьеб ккола гьереси. Щаян абуни, Аллагьас Жив вокьи хурхине гъабун бугелъул Авараг ﷺ вокьиялда. Гьеб цо. КIиабизеги, цо чиясе вокьани цогидав чи, дов жиндие вокьарав чиясда хурхараб щинаб жо бокьи, – рокьи-гIищкъоялъул къанун-законгIадаб жо кколелъул. Масала, жиндие вокьарав чиясул рукъ, рукъалъул агъло, авал-къоно, мадугьаллъи, хIатта гьесул азбаралъуб бугеб хIама, хьвани, гьоялде гIунтIун бокьулеб гIадин.

**وروى البخاري عن عبد الله بن هشام أنه كان مع النبي صلى الله عليه وسلم وهو آخذ بيد عمر رضي الله عنه فقال عمر : يا رسول الله أنت أحب إليّ من كل شيئ إلا نفسي . فقال عليه الصلاة والسلام : ((والذي نفس محمد بيده لا يؤمن أحدكم حتى أكون أحب إليه من نفسه)) ، فقال عمر : فإنه الآن والله أنت أحب إليّ من نفسي . فقال عليه الصلاة والسلام : ((الآن يا عمر صار إيمانك كاملا)) . «روح البيان» ، جـ ٢ ، صـ ٢٣**

ГIумар асхIабас ﵁ абун буго Аварагасде ﷺ: «Мун дие вокьула кинабниги жоялдаса, дирго нафс хутIун», – илан. Цинги Аварагас ﷺ абун буго: «МухIаммадил нафс Жинда кодоб бугев АллагьасхIа, ножор цонигиясул иман букIунаро [ай, камилаб], жиндирго нафсалдаса жиндие дун вокьизегIан», – илан. Гьеб мехалъ ГIумарицаги ﵁ абун буго гьедун: «Гьанжи дие мун дидасаго вокьула», – абун. Цинги Аварагасги абун буго ﷺ: «Гьанжи дур иман камиллъана, я ГIумар», – илан. Хадубги буго Къуръаналда гьадинаб аят:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿مَّن يُطِعِ ٱلرَّسُولَ فَقَدۡ أَطَاعَ ٱللَّهَ﴾ النساء: ٨٠

«Аварагасе мутIигIлъун щив чи вугониги, гьев Аллагьасе мутIигIлъарав чи ккола».

**روي أنه عليه الصلاة والسلام قال : ((من أحبني فقد أحب الله ومن أطاعني فقد أطاع الله)) . «روح البيان» ، جـ ٢ ، صـ ٢٤٣**

Аварагас ﷺ абуна: «Щив чи вугониги жиндие дун вокьун, гьев ккола Аллагь жиндие вокьарав чи. Щив чи вугониги дие мутIигIлъун, гьев чи ккола Аллагьасе мутIигIлъарав чи», – ян. Аварагас ﷺ гьедин абидал, мунафикъзабаз абуна:

**قال المنافقون: لقد قارف الشرك وهو ينهى عنه ما يريد إلا أن نتخذه رباً كما اتخذ النصارى .**

«Гьанжи гьав [ай, Авараг ﷺ] ширкалде гIагарлъана, жинцаго ширкалдаса нахъчIвалаги вукIун, гьасие цойги бокьараб жо гьечIо, насранияз ГIиса гIадин, нелъеца жив Аллагьлъун ккой горони», – ян. Гьедин мунафикъзабаз абидалги рещтIана гьаб аят:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ وَمَن تَوَلَّىٰ فَمَآ أَرۡسَلۡنَٰكَ عَلَيۡهِمۡ حَفِيظٗا ٨٠ ﴾ النساء: ٨٠

«Аварагасда нахъ вилълъинчIого, гьесул амро-нагью тун, гьесдаса виссун щив чи вугониги, гьезул ургъел дуца гьабуге, Авараг. Дуда тIадаб буго гьезухъе амро-нагью [ай, Ислам] щвезе гьабизе, гьезул хIисаб гьаби – Дида тIад те». Хадубги абулеб буго тIадегIанав Аллагьас:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ وَيَقُولُونَ طَاعَةٞ فَإِذَا بَرَزُواْ مِنۡ عِندِكَ بَيَّتَ طَآئِفَةٞ مِّنۡهُمۡ غَيۡرَ ٱلَّذِي تَقُولُ ﴾ النساء: ٨١

«Гьел мунафикъзабаз абула, Авараг ﷺ, дуца цо жоялдалъун амро гьабураб мехалъ, нежер иш дуе мутIигIлъи буго, дуца нежеда амро гьабе, нежеца тIобайзе гьабилаян. Цинги дудаса ратIалъидал, гьезул цоял хисула, ай дуца абуралъул гIаксалде руссуна».

**ثم إنه قد اتفق أهل العلم على أفضلية شهر رمضان لأنه أنزل فيه القرآن ثم شهر ربيع الأول لأنه مولد حبيب الرحمن . وأما أفضل الليالي فقيل ليلة القدر لنزول القرآن فيها ، وقيل ليلة المولد المحمدي لولاه ما أنزل القرآن ولا تعينت ليلة القدر . فعلى الأمة تعظيم شهر المولد وليلته كي ينالوا منه شفاعته ويصلوا إلي جواره .**
**«روح البيان»، جـ ٢ ، صـ ٢٤٣**

ГIилмоялъул агьло, киналго рекъана, моцIазда жаниб Рамазан моцI бищун хирияб букIиналда, Къуръан жиндилъ рещтIараб букIиналъе гIоло. Сардазда гъорлъ бищун хирияб сордойин абуни, цояз абуна *Лайлатуль-къадри* бугилан, ай гьеб Къуръан жиндилъ рещтIараб букIиналъе гIоло, цойгияз абуни, Авараг ﷺ жиндилъ гьавураб сордо хирияб бугилан, гьев вукIинчIевани Къуръанги рещтIине букIинчIелъулин, абун. Гьаб рагIи цIакъ ракIалдаги рекъолеб буго, щаян абуни, Авараг ﷺ вукIун горевани халкъалде Къуръан рещтIине букIинчIелъулха!!!

**قال الشافعي رضي الله عنه : أن كل فريضة فرضها الله في كتابه كالحج والصلاة والزكاة لولا بيان رسول الله صلى الله عليه وسلم لها ما كنا نعرف كيف نأتيها ، ولا كان يمكننا أداء شيئ من العبادات وإذا كان الرسول صلى الله عليه وسلم بهذه المنزلة الشريفة كانت طاعته على الحقيقة طاعة لله . «خازن» ، جـ ١ ، صـ٤٧٣-٤٧٤**

Аллагь жинда разилъаяв ШафигIияв имамас абуна: «Аллагьас Къуръаналда жанир рехсарал хIаж гьаби, как бай, закат бахъи гIадал фурузал Аварагас ﷺ баян гьарун рукIинчIелани, нелъеда лъайзе букIинчIо гьел гьарулеб къагIида. ГIибадатаздаса цониги жо тIобайзе гьабизеги нелъее рес букIинароан. Гьединаб тIадегIанаб къадрокъиматалда вукIиналдалъун гьесие мутIигIлъи – хIакъикъаталда, Аллагьасе мутIигIлъи ккола», – ян.

# АВАРАГ ﷺ ВОКЬИ МУНАФИКЪЗАБАЗЕ ЗАХIМАЛЪИ ВА КЪУРЪАНАЛЪ ГЬЕБ БАЯН ГЬАБИ

Гьанжи хал гьабе, хириял бусурбаби! Аварагас ﷺ жив вокьиги, жинда нахъ рилъинги – Аллагь вокьиги Аллагьасда нахъ рилъинги кколилан абидал, мунафикъзабазе захIмалъулеб куц!!! Гьадал мунафикъзабаздаги, жакъасел, Авараг ﷺ вокьизеги гьев веццун, гьесул сиярал цIалун, мавлид ахIун, данделъи гьабизеги хIарам гьабулел питначагIаздаги гьоркьоб бугеб батIалъи щиб??? Авараг ﷺ вокьи – хIакъикъаталда Аллагь вокьи кколаян абурав ШафигIияв имамасдаса «гIакъилал», гьал питначагIазе бегьула гьечIеб Авараг ﷺ вокьиги, гьесул сиярал рицун, мавлидал ахIун, мажлисал гIуцIцIизе. Абизе бегьула, рокьиялъул магIна нахъ рилълъин бугилан. Нахърилълъине ккани, рокьи букIин шартI горищ кколеб? Вокьуларев чиясул нахъвилълъин, дол мунафикъзабазул гIадаб букIуна, ракIалдаго гьечIеб кIалалъги бицун, кIигьомерчилъиги хIалтIизе гьабун.

Гьел мунафикъзабазул хIакъалъулъги гьадин бицунеб буго Къуръаналда:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ وَمِنَ ٱلنَّاسِ مَن يَقُولُ ءَامَنَّا بِٱللَّهِ وَبِٱلۡيَوۡمِ ٱلۡأٓخِرِ وَمَا هُم بِمُؤۡمِنِينَ ٨
يُخَٰدِعُونَ ٱللَّهَ وَٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَمَا يَخۡدَعُونَ إِلَّآ أَنفُسَهُمۡ وَمَا يَشۡعُرُونَ ٩ فِي
قُلُوبِهِم مَّرَضٞ فَزَادَهُمُ ٱللَّهُ مَرَضٗاۖ وَلَهُمۡ عَذَابٌ أَلِيمُۢ بِمَا كَانُواْ يَكۡذِبُونَ ١٠
وَإِذَا قِيلَ لَهُمۡ لَا تُفۡسِدُواْ فِي ٱلۡأَرۡضِ قَالُوٓاْ إِنَّمَا نَحۡنُ مُصۡلِحُونَ ١١ أَلَآ إِنَّهُمۡ هُمُ
ٱلۡمُفۡسِدُونَ وَلَٰكِن لَّا يَشۡعُرُونَ ١٢ وَإِذَا قِيلَ لَهُمۡ ءَامِنُواْ كَمَآ ءَامَنَ ٱلنَّاسُ قَالُوٓاْ أَنُؤۡمِنُ
كَمَآ ءَامَنَ ٱلسُّفَهَآءُۗ أَلَآ إِنَّهُمۡ هُمُ ٱلسُّفَهَآءُ وَلَٰكِن لَّا يَعۡلَمُونَ ١٣ ﴾ البقرة: ٨ - ١٣

«ГIадамазда гъорлъа цо чагIи руго, жедеца Аллагъасдеги ахир-къиямасеб къо чIчIун хIисаб-суалалъе тIаде рахъине гьаризе рукIиналдеги иман лъолин абулел. Гьел чагIи иман лъуралллъун гьечIо, гьезул ракIал рукIиналъе гIоло кIалалъ бицунелъул хилафалда. Гьез Аллагь гуккула, жедеца иман лъурал гIадамалги гуккула [ай, Абубакар ва цогидал асхIабзаби гIадал]». ХIакъикъааталда, Аллагь мунафикъзабаз гуккуларо, лъицаго, сунцаго гуккуларо, мунафикъзабаз гуккула вугев чи Авараг ﷺ вуго, гьесда цереги, асхIабзабазда цереги иман лъуралллъун хIан, гьерсалги рицун.

Гьединги букIун бугеб хIалалъ, [يُخَادِعُونَ اللهَ] – «Аллагь гуккула», – ян Живго Аллагьас абиялъги загьир гьабула, Аллагьасда аскIоб Аварагасул ﷺ бугеб кIодолъи, хиралъи. Гьез Авараг ﷺ гукки – Живго гуккиялда релъене гьабиялдалъун, Авараг ﷺ вокьи, гьесие мутIигIлъиги – Дун вокьи ва Дие мутIигIлъи кколин абурабго гIадин. Ай, хIакъикъаталда, Авараг ﷺ гукки ккола Аллагь ﷻ гукки, мурад гьединаб буго.

«ХIакъикъаталдайин абуни, гьел ккола жалго жедецаго гуккулел чагIи. Гьелдалъун заралги гьечIо жедеего горони. Дунялалда – Аллагьас жал къватIир чIвайзе гьарун, Аварагасда ﷺ лъайзе гьабиялдалъун гьезул рекIелъ бугеб нифакъ, ахираталда – гIазаб-гIакъобаялъе мустахIикълъиялдалъун. Амма гьезда лъаларо, рекIелъ бугеб нифакъалъул цIакълъиялъ, ралагьаниги бихьулареллъун, гIенекканиги рагIулареллъун, кIалъаниги хIакъаб рагIи бицунареллъун рукIиналъе гIоло, дунялалда нифакъ къватIиб чIвайзе гьабиялдалъун басралъи, ахираталда гIазаб-гIакъобаги жедедего буссунеблъи».

Цо кинаб бугониги, жинда кодоб бугеб алаталдасан пайда босуларев, босизе лъаларев чи – алатго кодоб гьечIесда релъон вукIуна. ГIилмоялда гIамал гьабуларев гIалимчиги жагьиласда релълъон вукIуна. Жиндир боцIи-малалдасан пайда босуларев [шаргIалда рекъон хIалтIизе гьабуларев] бечедав чиги мискинав, факъирав чиясда релъон вукIуна. Гьел мунафикъзабиги релълъене гьарун руго, берал, гIундул, кIал, мацI бугониги, гIинкъал, беццал, кIал-мацI ккурал чагIазда.

«Гьезул ракIазулъ буго унти, ай нифакъ, бецIлъи, диналда щакдари. Аллагьас гьезул рекIелъ ругел гьел унтаби цIикIкIине гьаруна, цоялда хадуб цояб гьабун, тIатIалаго рещтIунел Къуръаналъул щибаб аяталде гьел капурлъанагIан. Гьезие гIазабги буго, ахираталда, гьез Аллагьги Аваракгги гьереси гьавиялдалъун. Гьел мунафикъзабаде абураб мехалъ муъминзабаз, “Ножоца ракьалда фасалъи гьабуге” – ян, гьез абула, “Нежеца фасалъи гьабулеб гьечIо, муъминзабадаги капурзабадаги гьоркьоб маслахIат гьабула буго, гьезулгун гIамал рекъезе гьабиялдалъун” – илан [بالمداراة]».

Цинги Аллагьас, гьезул гьеб гьереси гьабун, абулеб буго: «Нуж кантIейила, ножода лъайила, муъминзаби! Гьел мунафикъал руго маслахIат гореб, гIицIцIго фасалъи гьабулел чагIи. Кинниги гьел мунафикъазбада лъаларо жедеца гьабулеб жо пасалъи букIин, гьезда кколеб буго жал лъикIаб жо гьабула ругилан». ХIакъаб жо бихьиялдаса, рагIиялдаса, бициналдаса гIинкъал, беццал ваахрасаллъун[1] ругелъул дол, дозда додин ккечIого букIинищха?

---

*[1] Ахрас – мацI ккурав, кIалъаларев.**

Мунафикъзабаз ракьалда пасалъи гьабула [ай, фасалъи гьабиялъул магIна] капураздаги бусурбабаздаги гьоркьор мацIие хьвадун, бусурбабазул бугеб ахIвал-хIал капурзабазухъе щвезабун, гьелдасан пайда босун, кIияздаго гьоркьоб рагъал, питнаби рагъаризе гьарун. Гьел рагъал, питнаби рагъарарал заманалда ракьалда фасалъи лъугьуна. ГIаламалъул ахIвал-хIал хисула, ай рикьалаби ккола, пикраби батIа-батIаяб рахъалдехун сверула, магIишат-яшав, хур-хер заялъула. ХIасил, гьеб питнаялъ, я дунялалъе, я ахираталъе зарал гореб жо гьабуларо.

Хадубги Аллагьас абулеб буго, гьел мунафикъзаби къватIир чIвайзе гьарун: «Гьел мунафикъзабазе абураб мехалъ, "Ножоца иман лъе, ай ширк-нифакъалдаса бацIцIадго, мугьажирал-ансараз лъураб гIадин" – илан, гьез абула, "Нежеца иманищ лъолеб жагьилал, ахIмакъал гIадамаз лъураб гIадин" – илан». Гьебги гьез иман лъуразда аскIоб рагIун абулароан, ракIалъ абулаан, ялъуни жалго ругеб бакIалда, жедедаго гьоркьоб, абулаан.

ХIасил, гьел мунафикъзабазда аскIоб, ай гьезул гIакълоялда, мугьажирал, ансарал, иман лъуралщинал кколел руго ахIмакъал жагьилзабилъун, жагьлоялъул ралъдалъ гъанкъун жалгоги рукIаго. Гьезул гьеб чIухIараб, ахIмакъаб, жагьилаб нифакъги Аллагьас къватIиб чIвайзе гьабуна ва абуна: «Нуж кантIе! Гьел жалго руго жагьилалги ахIмакъалги, – ян, – бугониги гьезда лъаларо жалго жагьилалги ахIмакъалги рукIин», – илан.

**... وهم (المنافقون) أخبث الكفرة لأنهم خلطوا بالكفر استهزاء وخداعا ، ولذا نزل في حقهم : إن المنافقين في الدرك الأسفل من النار**

Мунафикъ капурчиясдаса квешав, хъубавлъун ри-

кІкІуна, гьел рукІиналъе гІоло иманалъулъги куфруялъулъги жоран, иман лъурал махсароде ккун, гьел гуккун. Гьединлъидал Аллагьас гьезул хІакъалъулъ абуна: «ХІакъ-лъунго мунафикъзабазе буго жужахІа-лъул тІино», – абун. Дунял бижаралдаса нахъе халкъалда гьоркьоб билълъан-хъараб жо буго, питна гьабизе бокьарал, квешал гІадамаз, гІакълоги гьечІел, гІилмоги гьечІел суфагьааздасан пайда боси, гьел бигьаго гуккизеги ричун росизеги кІолелъул. Гьеб мисалалда буго жакъа къоялъ нелъер Кавказалъул ахІвал-хІалги.

**وفي حديث عبد الله بن عمر: ((ثلاثون كذابا أو أكثر)) [أي بين يدي الساعة] قلت : ما آيتهم ؟ قال رسول الله ﷺ : ((يأتونكم بسنة لم تكونوا عليها يغيرون سنتكم فإذا رأيتموهم فاجتنبوهم)) . «حجة الله على العالمين في معجزات سيد المرسلين» صـ ٨٢٣ . عن أبي هريرة رضي الله عنه : ((لا تقوم الساعة حتى يقبض العلم وتكثر الزلازل ويتقارب الزمان وتظهر الفتن ويكثر الهرج وهو القتل)) . رواه البخارى وابن ماجه . صـ ٨٢٤**

Ибну-ГІумаридасан [رضي الله عنهما] бицараб хІадисалда Аварагас ﷺ абулеб буго: «Дунял паналъилелде цебе, ай ахирзаманалда, рахъине руго лъеберго яги лъебергоялдаса цІикІкІун гьересичагІи», ай – Магьдийилан, ялъуни имамалилан жедеца дагІба балел. Гьеб мехалъ ГІабдуллагьица абуна, гьикъана, гьел ратІа рахъизе сундалъун лъалелилан. Аварагас ﷺ жаваб гьабуна: «Гьел ножохъе рачІине руго, нуж жинда гьечІеб суннаталдалъун, ай ножор суннатги хисизе гьабулаго рачІи-нилан. Гьел раккарал, рачІарал мехалъ, нуж гьездаса ричІалъе», – ян.

Гьединго абулеб буго Абу-Гьурайратидасан бицараб хІадисалда: «Къиямасеб къо чІеларо, гІилмоги дагьлъизегІан [ай загІиплъизегІан], ракьал рагьариги гІемерлъизегІан, фитнабиги загьирлъизегІан, чІвай-хъвейги гІемерлъизегІан».

Гьал рехсарал гIаламатал киналго загьирлъун нелъеда рихьулел руго, нелъер гьанир, ай Кавказалда горониги дунялалъул букIназдаги загьирлъун руго.

Гьадинал гIаламатал ахир-заманалда загьирлъизе рукIиналъул хIакъалъулъ хIадисал Аварагасул ﷺ гIемерал руго. Амма батуларо цониги хIадис, ахир-заманалда Ислам тIадегIан гьаби мурадалда гъазаватал гьарилилан, Магьди имам вахъиналъулги ГIиса авараг ﷺ рещтIине вукIиналъулги хIакъалъулъ хутIун. Кинниги, кидаго букIана, гьанжиги буго, къиямасеб къо чIезегIан букIинеги буго цо тайпа муъминзабазул, къанцIилъ хIапараялъ гIадин гIумру-яшавги жедеца гьабулел, кодоб ккун – хъат бухIиялдасаги, гIодобе рехун – жибго суйналдасаги цIунун, цIадул хIенехI билагьулеб гIадин, Ислам-динги жедеца цIунулел агьло. Гьединаб тайпаялъул хIакъалъулъги Къуръаналда гьадин абун буго Аллагьас:

﴿ وَمِمَّنْ خَلَقْنَآ أُمَّةٌ يَهْدُونَ بِٱلْحَقِّ وَبِهِۦ يَعْدِلُونَ ﴿١٨١﴾ ﴾ الأعراف: ١٨١

«Дица бижараб халкъалъул цо къокъа, ай цо тайпа, буго хIакъаб калимаялдалъун, ай тавхIидалдалъун, жедеца халкъ битIараб нухалде тIоритIулел[1], хIакъаб, битIаралдалъун жедеца хIукмуги гьабулел[2]», – абун. Гьаб рехсараб аяталъул магIнаялда бицараб хIадисги буго Аварагасул ﷺ:

**عن معاوية قال وهو يخطب : سمعت رسول الله صلى الله عليه وسلم يقول : ((لا تزال من أمتي أمة قائمة بأمر الله لا يضرهم من خذلهم ولا من خالفهم حتى يأتي أمر الله وهم على ذلك)) . «خازن» صـ ١٥٢**

---

*[1] Ай, хIакъалдалъун жедеца амро гьабулел.*
*[2] Жедеца гIамалги гьабулел битIараб нухалдалъун.*

«Дир умматалъул цо къокъа, ай жамагIат, тIаса инаро, жал Аллагьасул амроялда, ай битIараб нухалда, шаригIаталда чIараллъун, гьезие заралги щвеларо жал рехон тарал ва данде чIараздасан, къиямасеб къо чIезегIан».

Рехсараб аяталъ ва хIадисалъ тIоритIел гьабула кинаб заманалдаги хIакъаб нухалда чIараб къокъа, жамагIат умматалъул камизе гьечIолъиялде. Жинда Аллагь разилъаяв Ибну ГIаббасица абуна:

**قال ابن عباس رضي الله عنهما : يريد أمة محمد صلى الله عليه وسلم وهم المهاجرون والأنصار والتابعون لهم بإحسان**

Гьеб битIараб хIакъаб нухалда бугеб жамагIат – мугьажирал, ансарал ва гьезда нахъ рилълъарал, ай гьезул нухда жал арал чагIи кколилан.

Рехсараб аяталдалъун жедее сифат гьабурал жамагIат – жал кколин вагьабияз абуни, гьеб гьереси буго. Щаян абуни, вагьабиял ругелъул, азаралда кIинусиде исламияб тарих бахинегIан Аварагасул ﷺ асхIабзаби, мугьажирал, ансарал, гьезул нухалда жал рачIарал Исламалъул церехъаби, чIахIиял имамзаби ва гьезда нахъ рилълъарал агьло-суннат вал-жамагIат, – гьал киназулго гIакъидатги нахъчIван, гьебги бегьизе гьабичIого, гьезде данде чIарал, гIакъидат пасатаб агьлолъун. Исламалда жаниб жедеца гьабула бугеб пасалъи лъаларогоги гьел ратиларо, лъаниги щиб, чияр налъукье ккун хадув инсан нечаравлъун хутIулелъул. Гьезул цояс рагьун абураб жо буго: «ТIад вуссине бокьун бугоан, бугони щиб, гIемераб гIарац кванан бугоха», – ян. Гьеб жедерго хьвадиялъул хIасил метер къоялъ кин ккелебали хIакъикъаталда лъалебани

гьез гьеб киссаха гьабизе букIараб, кинниги кинавниги инсанасда дунялалда жинца гьабураб хьвади, хIакъикъ-аталда лъалеб къо бачIине букIин хIакъаб буго. Гьелъул хIакъалъулъ рачIарал Къуръаналъул аятазул гьале цояб:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿لَّقَدۡ كُنتَ فِي غَفۡلَةٖ مِّنۡ هَٰذَا فَكَشَفۡنَا عَنكَ غِطَآءَكَ فَبَصَرُكَ ٱلۡيَوۡمَ حَدِيدٞ ٢٢﴾ ق: ٢٢

«ХIакълъунго мун вукIана, ва Адамил лъимер, дунялалда, гьаб жакъа къо тIаде бачIине букIиналдаса гъафулго. Гьанжи Дица борхана, ай тIаса ине гьабуна дунялалда дур ракIалда, бераздa, гIиндузда букIараб гъафлаталъул пардав, дур бихьиги жакъа бегIерлъана, ай цIакълъана, дунялалда мун гъафул вукIанщинаб жоги дуда мухIканго бихьана», – ян. ХIасил, ТIадегIанав Аллагьас сагIадаталъул агьлоялъе[1] дунялалда кьола басираталъул канлъи[2], гьелдалъун гьесда бихьула хIакъаб, бихьун хадуб гьеб къабулги гьабула, батIулабщинабги бихьула, гьелдасаги цIунула. Гьаб рехсараб сагIадаталъул агьлоялъе дунялалда кьураб басираталъул канлъи, шакъ-аваталъул агьлоялъе[3] ахираталда горони щоларо, дунялалда рукIаго гьезда хIакъабги бихьуларо. Ахираталда бихьидал, гьезул хIакъалъулъ рачIарал аятаздасаги гьале цо Къуръаналъул аят. ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿وَلَوۡ تَرَىٰٓ إِذِ ٱلۡمُجۡرِمُونَ نَاكِسُواْ رُءُوسِهِمۡ عِندَ رَبِّهِمۡ رَبَّنَآ أَبۡصَرۡنَا وَسَمِعۡنَا فَٱرۡجِعۡنَا نَعۡمَلۡ صَٰلِحًا إِنَّا مُوقِنُونَ ١٢﴾ السجدة: ١٢

*[1] ТалихI кьурал чагIазе.**

*[2] РекIел нур, канлъи.**

*[3] Къосараб агьлоялъе.**

«Дуда рихьани, Авараг, дунялалда жал чIухIун хьвадарал, хун хадур тIаде рахъине гьариялде инкаралда рукIарал капурзаби къиямасеб къоялъ, БетIергьанасда цере, хIисаб-суалгьабиялдааскIор, гIодоребутIрулкъулун, нечон, пащманлъун, жал мекъса ккейиги бичIчIун, жедеца абулеллъун: "Нежер БетIергьан! Нежеда бихьана нежеца дунялалда инкар гьабураб тIаде рахъинари ва гьелдалъун букIунеб гIазаб-гIакъобаги, нежеца ритIухъ гьаруна Дуца ритIарал аварагзаби. – Ай, гьанжи нежее хIасуллъана дунялалда нежеда рагIичIеб, бихьичIеб, гIинкъаллъун, беццаллъун ниж хутIараб щинаб къабул гьабизе истигIдад[1]. – Гьанжи реччай ниж тIад руссун дунялалде, Дудеги Дур аварагзабадеги иман лъела, Дуеги мутIигIлъила, лъикIги хьвадила, Дудехун ширкги гьабиларо". Гьаб рехсараб хIалалда, басраго гьел капурзаби, мушрикунал дуда рихьанийила, Авараг, дуца цIакъ гIажаиблъи гьабилила».

Ахираталъул ургъелги жедее гьечIел, гьебги жедеда кIочон тарал дунялалъул агьлоялде мужримунал абуна, гьел мунагьазда даимал рукIиналъ. ТIадегIанав Аллагьас гIаламул зараялдаго, жедер зарабазде: «Дун ножор БетIергьан гьечIищ?», – абун гьикъараб мехалъ, «Вуго», – абун жедеца жаваб гьабулелъул, эхеде рорхарал бутIрул, дунялалде рачIиндал, гьадаб Аллагьасе гьабураб жавабги кIочон тун, бищунго кIвар цIикIкIараб ишалда тIад ургъулелъул бутIрул гIодоре къулизе гьарулел гIадин, гьезги дунялалъул анкьабго ракьалде гъоркье раккизегIан, бутIрул гIодоре къулизе гьаруна, ай гьедагIанги цIакъ машгъуллъана дунялалъул берцинлъи, гьелъул бечелъи, боцIи-малалда тIад. ЩайтIаналъги гьезда гьеб берцин бихьизе гьабуна, гьелъулъ жалги паналъана. Гьелдалъун,

---

[1] *Ай, хIадурлъи.**

Аллагь лъангутIиялъул рахъалъ, дунявияб, нафсанияб шагьваталда нахъ рилъиналъул рахъалъ, гьел релъана хIайваназда, жиги хIайваназдаса тIокIлъараллъунцин ккана. Щаян абуни, хIайваналъул тIабигIияб рижинго нафсанияб, шагьват тIалаб гьабулеблъун бугелъул. ТIадегIанав Аллагьас хIайваналда тIад лъун гьечIо Жиндие гIибадат гьаби, гьединго нахъ чIван гьечIо нафсанияб шагьават тIалаб гьабиялдаса. Ай, хIайван кколаро ТIадегIанав Аллагьасул амро-нагьюялъе хилифлъиялъулъе, гьезда гьеб тIад гьабунго гьечIелъул.

Гьанжи хал гьабе, ТIадегIанав Аллагьас гIакълолъайги кьун, дунялалда кинабниги чIаголъи-берцинлъиги жиндие гIоло бижун, жал лъикIалде тIоритIизе, квешалдаса нахъ чIвайзе амро-нагьюялдалъун аварагзабиги ритIун, гьадин кIодо гьавурав инсан, доб *«Явмул-гIагьд»*алда жиндасан босараб къотIиги кIочон, Аллагь лъайги тIалаб гьабичIого, Досул нигIматалги кванан, гьекъон, ретIун, дунялалда хьвадарав мехалъ, хIакъикъаталдаги, гьев хIайваналдаса мекъса ккеялъул, ахIмакълъиялъул рахъалъ тIокIав вукIиналда ишкалго бугищ?

Гьал рехсарал сифатал жеделъ ругел, жагьилал гIадамаз абизе бегьила: «Инсан хIайваналда релълъене гьави бегьилищ?», – абун. Гьеб сифат инсанасе нелъеца гьабураб гьечIо, Живго ТIадегIанав Аллагьас гьабураб буго. Гьезул хIакъалъулъ Къуръаналда гьадин абулеб буго:

قَالَ تَعَالَى: ﴿وَلَقَدْ ذَرَأْنَا لِجَهَنَّمَ كَثِيرًا مِّنَ ٱلْجِنِّ وَٱلْإِنسِ ۖ لَهُمْ قُلُوبٌ لَّا يَفْقَهُونَ بِهَا وَلَهُمْ أَعْيُنٌ لَّا يُبْصِرُونَ بِهَا وَلَهُمْ ءَاذَانٌ لَّا يَسْمَعُونَ بِهَآ ۚ أُو۟لَٰٓئِكَ كَٱلْأَنْعَٰمِ بَلْ هُمْ أَضَلُّ ۚ أُو۟لَٰٓئِكَ هُمُ ٱلْغَٰفِلُونَ ١٧٩﴾ الأعراف: ١٧٩

«ХIакълъунго, Дица рижана жужахIалъе женаздасанги гIадамаздасанги гIемерал [ай, жужахIалъул гIазабалъе]. Гьезул ракIал руго хIакъаб бичIчIуларел, Аллагь лъай тIалаб гьабиялде кантIи гьечIел. Гьезул гIундулги руго, Къуръаналъул аятал ругониги, вагIза-насихIат бугониги жедеда рагIуларел, [ай, рагIунилан гьелдаса пайда босуларел]. Бералги руго гьезул, Жив вукIиналде, ай Аллагь цо вукIиналде, ва Аллагьасул къудраталде тIоритIел гьабулел гIаламатал: бакъ-моцI, цIваби, гьезул хьвади, зобалракьал, гIалам батигIадал, – жедеда рихьуларел. Гьал рехсарал сифатазул гIадамал, хIакъаб бичIчIиялъулъ, гIилмо-лъаялъулъ, жедеего заралияб ва хайирияб жо батIа гьабиялъулъ, хIайваназда релъон руго, жиги хIайваназдаса тIокIалцин руго».

ТIокIал кин рукIинарел, бегьулареб бакIалде ина бугони хIайван, гьаракь гьабуниги, нахъ буссуна, гьелда лъала, нахъ буссинчIони, жинда кьабулеблъи. Гьединго хIайваналда лъала жиндирго ватIан, масала, рехъадаса бачIунелъул гьеб битIахъе рокъобе бачIуна. Гьединго хIайваналда лъала жиндирго бетIергьан ва гьесие мутIигIлъула, хIатта, бетIергьанчияс ахIани, данде жавабгицин гьабула, чахъдаца «багI», абун, хIайваналъ «гIумо», абун, кетоялъ «мив», абун ва гь.ц.

Гьанжи ножоцаго борцеха, бусурбаби, цебе рехсохъе, ТIадегIанав Аллагьас инсан ахIула вугев куц жиндиего лъикIлъиялде. ЛъикIав вукIаниги, квешав вукIаниги, ханасул рагIияталдасан мурад букIуна, гьес гьездасан пайда босула. РагIиятги гьечIони, гьездасан пайдаги босичIони, досда ханлъи цIунизе кIоларелъул. ХIасил, жиндирго нафакъаялдалъун чIобого рагIият хьихьулев хан вукIунаро. ТIадегIанав Аллагьасин абуни, щибго Жиндие гьелдасан

хIажатаб жоги гьечIеб хIалалъ, нилъ чIорого хьихьун руго. Бицеха, бугеб батани, ТIадегIанав Аллагьас нелъехъа бахъулеб, нелъеда тIад лъураб магъалойищ бугеб, нилъ Жиндие хIалтIизе гьарулайищ ругел, нелъеде караб жо щиб Аллагьасул бугеб? ТIадегIанав Аллагьас нелъедасан, ай инсанасдасан тIалаб гьабулеб жо буго цохIого цо – Жив БетIергьан вукIин лъан, Жиндие мутIигIлъун, Жинца манлъухъе нилъ хьвади. Гьебги, гьелдасан цо батIаяб мурад Жиндир букIун, Жиндие гIоло горо, нелъеего гIоло буго. Гьадин лъикIабщинабги манлъун, чIорого нилъ хьихьулев БетIергьан Аллагь, ханзабазулги хан, гьев лъай тIалабги гьабуларев, гьесиеги мутIигIлъуларев чиясде хIайваналдаса къосаравги, гIакъло гьечIевги, квешавиланги горони тIокаб кин абилеб?

Гьанжиги добго тавбо, воре кIочонге, воре нечоге, воре чIухIуге тавбоялде рачIине. КигIан кIудиял мунагьал лъил ратаниги, тавбоялъ гьел чурула, Аллагьасдаги Аварагасдаги ﷺ божулевлъун гьев чи ватани.

*ГьанжирачIа гIадамал, гIибраталде[1] руссинин,*
*ГIажаибул-махлукъат – фикро гьелъул гьабизин!*
*Гьаб гIалам батизаби, зобал-ракьазул гIуцIи,*
*ГIорал, лъарал, ралъадал, лъалищ лъица рижарал?*

*Лъеца гъанкъулев – инсан, ракъдада холеб – ччугIа*
*Ракъдадаги ралъдалъги хьвадулеб цойги хIайван,*
*Цинги роржунел хIанчIи, хIутI-хъомор, гIалхул чундул –*
*ГIумро гьабизе гьазда манлъарав мугIалим щив?*

*МугIрул, щобал, гъойтI-рохьал, гъваридал гонгал-кIкIалал,*
*ГохI-щобго бихьуларел цIан ритIарал авлахъал,*

[1] ГIибрат – пикро гьаби, рагIаралдасан пайда боси*

*Ракьул чохьонир ругел тIабигIиял магIданал, –*
*ТIолалго гьел рижине хIал кIвараб къуват лъилдай?*

*Росабалъан байбихьун, пачалихъазде гIунтIун,*
*Щибаб вилаятлалъул цо-цо малик*[1] *вукIуна.*
*Цинги, кинабго гIалам данде жинца бачарав,*
*Дунялалъулго малик щивха вукIине кколев?*

*Щибаб радал баккулеб, бакъанида тIерхьунеб*
*Бакъул гордо ургъарав инженерасул цIар щиб?*
*ЦIвабзаз берцин гьабураб гьадаб зобалъухъ балай,*
*Бугищ гъоркь чIвараб хIуби – лъил къуваталъ ккун бугеб?*

*Къассе сордо канлъизе канлъи кьолеб моцIалде*
*ЦIараб телго бихьулищ, ток бачIунеб киссандай?*
*Кавно бижаралдаса сверулелго чIоларел,*
*Ремонт хIажалъулареб хIикмат щиб бакъ-моцIалъе?*

*Къоялъ сордо хисулеб, хасел ун, их бачIунеб, –*
*Унго гьадинаб низам халкъалъе гIуцIицIарав щив?*
*Зодосахун цIцIадал кьун, ракьулъан ризкъи бижун,*
*Ракьалда бугебщинаб махлукъ хьихьулеб лъица?*

*Цинги хадуб, хал гьабе хаслихъе къункърабазул,*
*Хинал улкабаздехун къокъаби ккун роржунел?*
*Жигиги ургъун рихье: роржиналъул берцинлъи,*
*Балагье гIадлоялъухъ, дол лъицадай куцана?*

*Цойги, тIалил наязул низамалде балагье,*
*Беразда бихьаниги, инсан хадув гъоларев!*
*Азде гIилмо манлъулев, гIадлоялде куцулев*
*ГIалим гьечIого рес щиб, щивха гьанжи гьев кколев?*

---

*[1] Малик – хан**

*Гьаб, бижанщинаб къойил, роолил фусулазда*
*ТIугьдул цIцIун, гьоцIо тIезе гьал тIамурав хIаким щив?*
*ТIадеги, гьезул гьоцIо, гьаб гIаламалда гурхIун,*
*Дару бугин бицарав цо тохтор вугин, — лъалищ?*

*Цо балагье, бихьизе: гъабуца чIор беччала,*
*Мичилалда жемизе дегIеналда кин лъалеб?*
*Ралъдалъ ругел ччугIбузда ракь багъаризе букIин*
*Бихьуларищ, лъалеб куц, – кинав мухбирас бицун?*

*Кинабгоги тIагIел-гIучI, тIолабго алаталъул*
*Ургъарав, гьеб гьабурав, санигI вукIине ккола.*
*СанигI гьечIого алат батулеб гIадат гьечIо,*
*Материалистазул пикро мекъса ккун буго.*

*Рехсон арал суалал цо жавабалъ рорхула,*
*Цо Аллагь киназулго Халикъ – Мудаббир ккола,*
*Халкъун гIалам бижарав, гьезул тадбир гьабулев,*
*Гьев хан – ВахIидун АхIад вугин, нуж кантIуларищ?*

*КантIи гьечIеб къавмалъул мисалги рехсон индал,*
*Атеистал, ножойги ригьине мех щун гьечIищ?*
*Радал, къо къалъидалги, бакъалде инкар ккуни,*
*Беццав чиян горони, гьесде щибин абилеб?*

*Аллагьгунги дагIбадун, динги гьереси гьабун,*
*Гьедин живго жинцаго гуккизе чи бегьилищ?*
*БетIергьанги лъайчIого, лагълъиги гьабичIого,*
*Гьаб дунялалъул рокъов гIакъилав хьвадиларо.*

*ГIакъло гьечIес горони, беразе бихьи гьечIеб –*
*ГьечIеблъун чIезе гьабун, хабарги бицинаро.*
*Хонжрол ругъун лъуниги, мехтун гIакъло арасда*
*Унтул хIалги лъаларо, вигьун хадув горони.*

*Гьедин ишги бугелъул, къабул гьабе насихIат,*
*Рес букIаго, босун те гIумроялдасан пайда!*
*Дун материалистин, гьедин къвакIун мун чIоге,*
*Малакул-мавт вачIиндал, тамахлъизе кколев чи!*

*Чанги жиб букIин, хIакъаб беразда бихьулареб,*
*Бугебин Халикъасул махлукъат, ургъун вихье!*
*РухI дурго чорхолъ букIин балъго дуе гьечIелъул,*
*Бихьанищ дур беразда, – бице, гьудул, битIахъе?*

*Нахъеги, гьорол хехлъи, гьелъул кутакал гьаркьал,*
*Гьединго гучаб къуват борцине рес букIуна;*
*БукIунищ, гьудулав чи, гьелъул черх бихьизе рес,*
*Бихьун дуда батани, бицун те нежееги.*

*Жиги дуе цо суал, гIемерлъун бихьичIони,*
*ГIайибги дида чIваге чIалгIаде кIалъанилан;*
*ЧIалгIаде дуй кканиги, кколарелги ругелъул,*
*РекIелъ бижараб гъотIол пихъ къватIибе кьезе те!*

*Токги телги лъалареб лъимерцин гьанжи гьечIо,*
*Гьеб жаниб камураб рукъ кулабахъцин гьечIелъул,*
*Цинги гьеб токалъулги къуват – киловатаца,*
*Напряжение – вольтаз борцунеб гIадат буго.*

*Ток бугеб, гьечIеб лъайзе, щаклъи нелъер ккун хадуб,*
*Индикаторги босун балагьиги гьабула;*
*Лампочкаби ракула, резеткаби хIалтIула, –*
*ТIолалго гIаламатаз ток букIин хIакъ гьабула.*

*ГьедигIан букIин хIакъаб, щаклъизе бакI тIагIараб,*
*БитIун бице, дир гьудул, дуда гьеб ток бихьанищ?*

*Далилаз чIезе гьабун, букIин мухIканлъаниги,*
*Бихьизе имкан[1] гьечIеб токалъул хIисаб гьабе!*

*Токги гьелъул къуватги лъалев чияс абуни,*
*Инкар гьелде ккойларо, кверги гьелда хъваларо.*
*Кверал хъван, балъаргъани, гьелъ гьабулеб бичIчIулес*
*Гьелда квал-квадиялъул кайфиятги[2] цIунила.*

*Бералда бихьулареб, токан абун цIар бугеб*
*Цо къуват букIин нелъей далилаз чIезабуна.*
*Далилгойищха гьечIеб, дур беразда бихьулеб,*
*Дунял-гIалам бижарав Халикъ цо вукIиналъе?*

*Цогидаб жоялдехун балагьизего ккелищ,*
*Беразда цебе бугеб дурго черхги букIаго;*
*Чан лага-саналдалъун мун берцин гьавун вуго,*
*Гьезул цо камуниги, кин дур гьайбат сурула?*

*РекIелъ пикро хIалтIула, ботIролъ гIакъло букIуна,*
*КIиялъулго цоябцин бихьулищ дур беразда?*
*Щибаб пихъ, тIагIамалъул махI батIа-батIа буго,*
*МегIералъ гьеб босула, бихьулищ дур беразда?*

*Вусса, гьудул, диналде, дурго БетIергьанасде,*
*БетIергьан лъаларев лагъ вукIине бегьуларин;*
*Гьабун те, гьудул, тавбо, таллагь, мун витIун ккела,*
*Тохлъун чIоге, дир гъарин, дуе ахират щвела!*

*Аллагьас мун вачаги таввабиназде гъорлъе!*
*Тавбоялда хварасе рохел кIудияб бугин.*
*РахIматалъул малайкас мугъалда цIалги кьабун*
*Кьеги нахъа-талихI дуй динул Ислам бичIчIизе!*

---

*[1] Имкан – рес.**
*[2] Кайфият – къагIида (правило).**

# الباب الثالث

# ЛЪАБАБИЛЕБ БЕТІЕР

## КАФУРЗАБАЗУЛГУН ГЬОРКЬОБЛЪИ ЦІУНИЯЛЪУЛ БАЯН

Маккаялъул мушрикиназул рахъалъан жедее зарал-къварилъи цIакъго цIикIкIиндал, муъминзабаз гьелъул хIакъалъулъ Аварагасде ﷺ шикаят[1] гьабуна. Гьебги букIана рагъул аят рещтIинегIан цебе мех. Аварагасе ﷺ куфаразулгун рагъ гьабизе изноги букIинчIо. Гьеб мехалъ рещтIарал руго гьал хадур рехсарал аятал:

قَالَ تَعَالَى: ﴿ وَقُل لِّعِبَادِى يَقُولُوا۟ ٱلَّتِى هِىَ أَحْسَنُ ۚ إِنَّ ٱلشَّيْطَٰنَ يَنزَغُ بَيْنَهُمْ ۚ إِنَّ ٱلشَّيْطَٰنَ كَانَ لِلْإِنسَٰنِ عَدُوًّا مُّبِينًا ﴿٥٣﴾ رَّبُّكُمْ أَعْلَمُ بِكُمْ ۖ إِن يَشَأْ يَرْحَمْكُمْ أَوْ إِن يَشَأْ يُعَذِّبْكُمْ ۚ وَمَآ أَرْسَلْنَٰكَ عَلَيْهِمْ وَكِيلًا ﴿٥٤﴾ ﴾ الإسراء: ٥٣ - ٥٤

«Дуца абе, Авараг ﷺ, дир муъминал лагъзадериде, гьел Маккаялъул мушрикиназде берцинаб рагIи абеян. – Ай, мушрикиназулгун дагIба-къецалда гьоркьоб, гьезда релъон, гьезде данде квешаб, хъачIаб каламалдалъун жаваб гьабичIого, берцинаб каламалдалъун кIалъай, "Аллагьас нуж тIоритIаги берцинаб нухаре", – абун. Гьаб аят, жинда Аллагь разилъаяв ГIумар асхIабасул хIакъалъулъ рещтIарабинги абуна: мушрикиназул цояв ГIумариде хьандарав мехалда, дов мушрик тIаса лъугьун теян. – ХIакълъунго, щайтIаналъ мушрикиназдаги

---

*[1] Шикаят – зигарди.**

муъминзабадаги гъоркьоб фасалъи ккезе гьабула, дагІба-къец, тущманлъи бижизе гьабун. – Ай, дозда релъон муъминзабиги лъугьани. Гьединлъидал, ТІадегІанав Аллагьас муъминзаби ахІана саброялде. – ХІакълъунго, гьеб щайтІан буго инсанасе баянаб тущман». Гьелъ киданиги гьабуларо инсанасе лъикІлъи, кІванагІан квешлъи гьабун горони, Адам авараг ﷺ алжаналъуса къватІиве вахъине гьавизе гІоло хІалтІараб гІадин.

Доб берцинаб рагІиги, ТІадегІанав Аллагьас муъминзабаде абеян манлъараб: «Ножор БетІергьанасда, ай Аллагьасда, нежедаялдаса лъикІ лъала ножор хІал, букІинесеб. Жиндие бокьани, Дов ножода гурхІила, нуж иманалдеги тІоритІила, ялъуни Дос ножое гІазаб гьабила, нуж купруялдаго хвезеги гьарун».

**ولا تصرحوا بأنهم من أهل النار فإنه مما يهيجهم على الشر مع أن العاقبة مما لا يعلم إلا الله فعسى يهديهم إلى الإيمان**

ХІасил, цебе рехсохъе, ТІадегІанав Аллагьас муъминзаби ахІун руго саброялде, мушрикиназда релъон лъугьиналдасан, зарал горони, пайда гьечІеблъун букІиналъе гІоло. ХІатта гьезде абулеб буго чІванкъотІун, гьезде, нуж жужахІалъул агьло руго абугеян. Гьедин горониги, мушрикиназул гІакъибат, ай ахир, кин ккезе бугебяли Аллагьасда горони лъаларелъул. ХІакъикъаталдаги, жедеда Аллагь разилъаял ХатІабил ГІумар, Халид гІадал чІахІиял асхІабзаби Исламалъул байбихьуда мушрикиналгунлъидал рукІарал. Гьединго, Аварагасде ﷺ данде, хъанчалги Аллагьлъун ккун, кутакаб тущманлъиялда рукІаразулги, Макка бахъулагоги, бахъун хадубги, дагьалищ Исламалде рачІарал? Гьединлъидал, жакъа нелъееги рекъоларо, ай бусурбабазе, капуравин, гІасияв-фасикъавин абун инсан

сансикъ гьавизе, гьев инжит гьавизе, гьесда тIад чIухIизе. ГьелъулгIаксалда, гьединавлъун живговатунгутIиялдалъун Аллагьасе щукру-рецц гьабизе ккола, ва гьезулгун хIал рекъезе гьабун рукIине ккола, ТIадегIанав Аллагьас Исламалъул байбихьуда Аварагасдеги ﷺ муъминзабаздеги манлъараб куцалъ. Хассго гIалимзаби халкъалда гъорлъ рукIине кколеб къагIидаялъул хIакъалъулъ нелъеде манлъулеб буго, нелъеда цере рукIарал чIахIиял гIуламаалгIарифуназ гьадин:

**فينبغي لعقلاء كل زمان أن يكونوا في باب النصيحة مثل الأصحاب رضي الله عنهم بحيث أن حالهم ومعاملتهم مع أهالي زمانهم لا يتفاوت على حالهم لو كانوا في زمن الرسول ﷺ . «روح البيان» جـ ٥ ، صـ ١٧٢**

«Щибаб заманалъул гIукъалаазе, ай гIалимзабазе рекъараб буго халкъалъе насихIатчагIилъун рукIине, Аварагасул ﷺ асхIабзаби рукIарал гIадин. Жедер рукIарахъин, хьвада-чIвади букIиналдалъун жедер заманаялъул агьалигун цадахъ. Агьали пасалъани, гьелгун цадахъ пасалъун горо, рагIудалъун гореб, лъикIалщинал афгIалаздалъун[1] агьалиялъе жал мисаллъун рукIун».

ТIадегIанав Аллагьас хадубги абулеб буго, рехсараб аяталъулъ: «Дица мун витIун гьечIо, Авараг, хIал гьабун гьел Исламалде ахIизе, витIун вуго иман лъуразде алжаналдалъун рохел бицине, лъечIезе жужахIалдалъун хIинкъи кьезе. Дуца мушрикиназулгун хIал рекъезе гьабе, дурго асхIабзабазде амроги гьабе, “Гьел мушрикиназулгун хIалги рекъезе гьабе, гьезулгун дагIбаги гьабуге, гьездасан бугеб къварилъи, захIмалъиги бачче” – ян». Гьаб рехсараб магIнаялда бугеб Аварагасул ﷺ хIадисги буго:

*[1] Пишабаздалъун, хьвада-чIвадиялдалъун.**

**((إن الله أمرني بمدارات الناس كما أمرني بإقامة الفرائض))**

«ТІадегІанавав Аллагьас диде амро гьабуна, гІадамазулгун хІал рекъезе гьабеян, фараизал тІорайзе гьариялдалъун гьабураб гІадин». Гьаб цебе рехсараб аят насхо гьабуна гьаб хадуб рехсраб аяталъ:

﴿يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّبِيُّ جَٰهِدِ ٱلۡكُفَّارَ وَٱلۡمُنَٰفِقِينَ وَٱغۡلُظۡ عَلَيۡهِمۡ﴾ التوبة: ٧٣

«Я, гьав МухІаммад Авараг! Дуца капурзабадехун рагъ гьабе хвалчадалъун, мунафикъзабаздехунги гьабе кІалмацІалдалъун. Ай, хвалчадалъун гореб, гьезие жалго мекъал рукІин чІезе гьабун, баянал хІужаби-далилаздалъун, хІеренлъи гьечІеб, хъачІаб каламалдалъун ва гьезие хІинкъи кьеялдалъун, ццин бахъин загьир гьабун».

Цебе рехсон араб: «Дуца абе, Авараг ﷺ, дир муъминал лагъзадериде», – ян ТІадегІанав Аллагьас абиялъулъ буго ишара, муъминзабиян ругелщиназда гъорлъан Жиндир хассал, рацІцІадал, хІакъикъиял лагъзал рукІиналде ва, гьезде Жинца гьабураб мехалъ рахІматалъулаб балагьи, гьезул ракІазе гьелъ асар гьабулеб букІиналде. ТІадегІанав Аллагьас гьеб балагьиги жедеде гьабун, ракІал тамахлъарал мехалда, гьезул рагІиги букІуна берцинаб, тамахаб, гьабулеб ишги букІуна берцинаб, тІабигІат-хулукъги букІуна берцинаб. Ай, гьал пишаби жиндилъ рижиналъ тІоритІел гьабулеб буго ТІадегІанав Аллагьасул рахІматалъулаб балагьи щварав вукІинелде. ТІалаб гьабурал щинал гьеб Аллагьасул назрат къотІун хутІугеги! Амин, я Аллагь!

Гьез абулеб, абизе жал ругьунлъулеб, жал жинда даимлъулеб берцинаб рагІи гьеб ккола: *«Ла илагьа илла ллагь»*!

Берцинаб хьвади, фигIло-пишайин абуни, – гьеб ккола бацIцIадаб шаригIаталъул нухалда, тIарикъаталъул ада-балги цIунун, хьвади. Берцинаб тIабигIатин абуни, Алла-гьасулгун гьабулеб, ай цIунулеб, – гьеб ккола ТIадегIанав Аллагьасе мутIигIлъи, данде мухь тIалаб гьабичIого, ба-цIцIадаб ихласалда, Аллагь Жиндие лагълъи гьабизе му-стахIикъав вукIин лъан, гIибадат гьаби.

Халкъалъулгун тIабигIат берцин гьабийин абуни, – гьеб ккола кIалалдалъун букIа, кверaлдалъун букIа, боцIи-малалдалъун букIа гьезие лъикIлъи, комек гьаби, гьезул жоялде щибниги хьул лъейи гьечIого, гIицIго Аллагьасе гIоло. Цойги гьезул бакIал хIалал, гьездасан бачIунеб зарал, – гьеб кинабго баччи. Ва гьединго халкъалда гъорлъ насихIатчилъун вукIинги, гьезда лъикIалдалъун амро гьабун, гьебги берцинго, хIеренго, рекIелъе бортун къабул гьабилеб хIалалъ, вагъун, ахIдон, хъачIго гореб, хIал кIвараб куцалда гьел квешалдаса нахъ чIван. Гьебги, халкъалда гьоркьоб абун, гьев суризе гьавун, къватIив чIвайзе гьави мурадалда гореб, балъго, живго вугев бакIалда абун, гьев кантIизе гьави мурадалда. Хассго гьаб нелъер заманалда гIадин гIадамал гуккун, долаpазухъ гьел ричун росун горо.

Рехсон арал аятазда хадубги абулеб буго ТIадегIанав Аллагьас:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ وَرَبُّكَ أَعْلَمُ بِمَن فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِۗ وَلَقَدْ فَضَّلْنَا بَعْضَ ٱلنَّبِيِّـۧنَ عَلَىٰ بَعْضٖۖ وَءَاتَيْنَا دَاوُۥدَ زَبُورٗا ﴿٥٥﴾ ﴾ الإسراء: ٥٥

Маккаялъул къурайшияз Аварагасул ﷺ рисала-талде инкар гьабун, гьеб бегьичIого, АбутIалибил

ятимасухъейищ авараглъи кьолеб, бечедал ханзабаздасан цоясухъе кьечIого, нахъ рилълъарал асхIабзабиги гьадинал, ретIине, кванайзе жо гьечIел мискинзабиййищ рукIунелилан абидал, гьезул рагIи нахъ чIван, абуна Аллагьас: «Дур БетIергьан Аллагь Жинда лъалев вуго зобалаздаги ракьалдаги бугебщинаб жо». Ай, Аллагьасда лъала щивав инсанасул загьириялги батIиниялги ахIвалал. Гьединго лъала рисалаталъе, вилаяталъе, щиб жоялъе щив мустахIикъав вугевялиги.

Гьединго ТIадегIанав Аллагьас: «Дур БетIергьанасда лъала щив сундуе мустахIикъав вугев», – абун течIого, «... зобалазда жаниб бугебги..», – ян абуна, гьел къурайшияз абидал Аварагасдехун ﷺ:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿لَوْلَآ أُنزِلَ عَلَيْنَا ٱلْمَلَـٰٓئِكَةُ أَوْ نَرَىٰ رَبَّنَا﴾ الفرقان: ٢١

«Нежехъе щайха рещтIунарел малаикзаби, дур рисалатги дуда нахъ рилълъаралги хIакъаб букIин бицине, ай, гьеб тасдикъ гьабизе, ялъуни нежеда Аллагь Живго щай вихьуларев, дудаги дур асхIабзабаздаги нахъ рилълъаян нежеда амро гьабизе?»

«...Ракьалда бугеб лъала...», – янги абуна ТIадегIанав Аллагьас, къурайшиязул рагIи нахъ чIван, гьез абидал: «Гьаб Къуръан рещтIун букIарабани Маккаги ТIаифги – кIиябго кIудияб росолъан бечедал ханзабаздасан цоясухъе», – ян. Къуръан рещтIинги цогидал мугIжизаталги дозие гIун гьечIо Аварагасул ﷺ рисалат хIакъаб букIин лъайзе, тIалаб гьабун буго малаикзабиги рещтIун, гьез нугIлъи гьабизе ва гьединго, вачIун цевегун, Аллагьас амро гьабизе Расуласда нахъ рилълъаян.

Гъаб рехсараб аятalъулъго, хадубги абулеб буго ТIадегIанав Аллагьас:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿وَلَقَدْ فَضَّلْنَا بَعْضَ ٱلنَّبِيِّـۧنَ عَلَىٰ بَعْضٍۢ وَءَاتَيْنَا دَاوُۥدَ زَبُورًا﴾ الإسراء: ٥٥

«ХIакълъунго, Дица тIокI гьаруна, ай хира гьаруна, Аварагзабазул цоял цогияздаса. Гьел хира гьариги ханлъи-кIодолъиялдалъун, боцIи-мал, руччаби-лъимал гIемерлъиялдалъун гореб, гьезухъе кьурал тIахьаздалъун буго. Масала, Ибаргьим авараг ﷺ хира гьавуна *«Халилуллагь»*, абураб цIаралдалъун [ай, хирияв гьудул], цойги, Намрузил цIаялъ вухIунгутIиялдалъун. Муса авараг ﷺ хира гьавуна Таврат жиндихъе кьеялдалъун, *«ТIур»*, абураб магIарда ТIадегIанав Аллагь живгун кIалъаялдалъун, мугIжизатлъун гIанса кьун, квер – хъахIаб, жиндасан нур балеблъун лъугьине гьабун. ГIанса кьабун гамчIидасан лъин бачIун, ай чвахун, ралъад хъвалхьун нух гьабиялдалъун. Сулайман авраг ﷺ – лъиениги кьечIеб ханлъимулкалдалъун. ГIиса авараг ﷺ – эмен гьечIого, «Кун», абураб лафзалдалъун вижиналдалъун, Инжил кьеялдалъун, киниялда вукIаго кIалъаялдалъун, жинца дугIа гьабун, хварал чагIи чIаго гьариялдалъун, хIарщалъул хIинчI гьабун, гьеб рухIги лъун, къохьо-лъалкIачги лъугьун боржиналдалъунги. СалихI авараг ﷺ – гамачIалдасан къватIибе варани бачIине гьабиялдалъун. Гьуд авараг ﷺ – къавм гьалаг гьабизе, мугIжизатлъун, гъорлъ балагь бугеб бецIаб гьури кьеялдалъун. Юсуф авараг ﷺ – берцинлъи ва макьо къотIизе гьунар кьеялдалъун. Давуд авараг ﷺ – жиндихъе Забур кьеялдалъун. Гьеб Забуралда букIана нусиялда кIикъоялда анцIго [150] *сурат* ай, бисмила. Гьеб киналдаго жаниб букIана Аллагьасе рецц, щукру гьаби, дугIа. Гьеб Забуралда жаниб букIинчIо бицен хIалал-хIарамалъул, фаризаял жалазул, ахIкамазул.

Гьаб аяталда ТІадегІанав Аллагьас: «Дица аваргзабазул цоял цогидасдаса хира гьаруна», – абун гороли, цІаралги рехсечІого бугеб хІалалъ, хасс гьабун Давуд аварагасул ﵇ цІар рехсеялъул хІикматин абуни, гьеб Забуралда жаниб ТІадегІанав Аллагьас бицун букІана МухІаммад авараг ﷺ – аваргзабазул хатам вуго, ай ахирисев авараг вуго, гьесул умматги умматазул бищун хирияб буго, – абун. Гьелъие гІоло, ай Аварагасулги ﷺ гьесул умматалъулги хиралъи лъайзе гІоло рехсана Давуд аварагасухъе Забур рещтІин.

КІиабилеб хІикмат: ягьудияз дагІба балеб букІана, Муса аварагасда ﵇ хадув тІокІав аварагги вахъинчІо, Таврат горони тІехьги рещтІинчІо, абун. Гьезул гьеб дагІбабай гьереси гьабун ТІадегІанав Аллагьасги абуна, ай баян гьабуна, Жинца авараглъун Давуд ﵇ витІиги, гьесухъе тІехь Забур кьейиги.

Гьаб рехсараб аяталъулъ буго ишара МухІаммад авараг ﷺ киналго аваргзабаздаса хирияв вукІиналде, гьадинаб магІнаялда: «ХІакълъунго, Дица мун витІана, я МухІаммад, Авараглъун кинабго гІаламалде, – ай гІамм гьабун, – Дица мунги гьавуна мурсалиназул имамлъун». Киналниги аваргзабазда гъорлъ, бищунго атбагІал[1] гІемеравлъунги ккола МухІаммад авараг ﷺ. Гьелъул хІакъалъулъ буго гьадинаб хІадисги:

**((أَهْلُ الْجَنَّةِ عشرون ومائة صف ، ثمانون منها أمتي)) . «روح البيان» جـ ٥ ، صـ ١٧٤**

«Алжаналъул агьлоялъул буго нусиялда къого кьер, гьезда гъорлъан ункъого кьер дир уммат буго».

*[1] АтбагІал – нахърилълъарал чагІи.**

ТIадегIанав Аллагьас МухIаммад авaрагги гьесул умматги киналниги аваргзабаде рещтIарал тIахьазда жанирги рехсана реццун, лъикIал сифатаздалъун.

Ибну ГIаббасидасан бицана ﵄: «Цо къоялъ Аварагасул ﷺ асхIабзаби данделъун гIодор чIун рукIана. Гьез байбихьана ТIадегIанав Аллагьас цересел аваргзабазе кьурал мугIжизатазул бицине, гьел ракIалде щвезе гьаризе. Цояс, гIажаиблъи гьабун рехсана Ибрагьим авараг Аллагьас гьудуллъун ккой. Цойгияс, гьелдасаги гIажаибаб гьечIищ абун, ракIалде щвезе гьабуна Муса аваргун ﵇ ТIадегIанав Аллагь кIалъай. Гьединго цойгияс ракIалде щвезе гьабуна ГIиса аварагасул ﵇ мугIжизатал. Цойгияс рехсана ТIадегIанав Аллагьас Адам авараг ﵇ тIаса вищи. Гьедин гьез харбиде байбихьараб мехалда, гьезда тIаде вачIина вукIарав Авараг ﷺ лъалхъун гIенеккана. Гьел харбидаса тIорайдал, тIадеги вачIун, саламги кьун, абуна: «Ножоца бицараб битIараб буго, гьел аваргзаби гьедин хира гьаруна. Амма нуж кантIе! Дун вуго ХIабибуллагь, гьелдалъун дие чIухIиги гьечIо. Къиямасеб къоялъ "*Ливаул-хIамд*"ги дида кодоб букIине буго, гьелдалъунги дие чIухIи гьечIо. Дун ТIадегIанав Аллагьасе цере араздасаги хадур рачIинездасаги хириявги вуго, гьелдалъунги дие чIухIи гьечIо. ТIоцове алжаналъул нуцIил гIекI ккоевги дун вуго, гьебги рагьун жаниве лъугьуневги дун вуго, мугьажиразул фукъараалгун цадахъ, гьелдалъунги дие чIухIи гьечIо». Цойги хIадис буго Аварагасул ﷺ:

**وفي الحديث : ((إن الله اختارني على الأنبياء ، واختار أصحابي على جميع العالمين سوى النبيين والمرسلين ، واختار من أصحابي أربعا ابا بكر وعمر وعثمان وعليا)) رضي الله عنهم . «روح البيان» ، جـ ٥ ، صـ ١٧٤**

«ТІадегІанав Аллагьас киналниги аварагзабаздаса, мурсалиназдаса дун тІаса вищана, дир асхІабзабиги тІаса рищана, аварагзаби тун, нахъеяб гІаламалдаса. Дир асхІабзабазда тІасаги рищана ункъго асхІаб: Абубакар, ГІумар, ГІусман ва ГІали». Рукъ ункъабго таналдалъун бахъун чІолебгІадин, Исламияб динги ункъавго асхІабасдалъун бахъун чІараб буго. Гьединлъидалин абураб Аварагас ﷺ:

**((عليكم بسنتي وسنة الخلفاء الراشدين من بعدي))**

«Ножоца тІадчІей гьабе дир суннаталда, дидаса хадуб *хулафау-рашидина*зул суннаталдаги», – ян. Жедеда Аллагь разилъаял, жедер суннат ккойзе ТІадегІанав Аллагьас нелъее тавфикъги кьеял гьав ункъавго асхІаб ккола *хулафау-рашидин*ал, битІараб, хІакъаб куцалъ Аварагасул ﷺ суннатги жедеца ккурал, халкъги жедеца гьелде тІоритІарал.

ТІадегІанав Аллагьасда аскІоб жиндир хиралъи баян гьабун рицарал батІа-батІаял хІадисал руго Аварагасул ﷺ. Гьел, данде гьарун, Юсуфу Набагьанияс хъванги руго. Амма гьел хІадисал Аварагас ﷺ – живго жинцаго веццун хІисабалда, чІухІун рицарал гьечІо. ТІадегІанав Аллагьасда аскІоб жиндир хиралъи, макъам, даража лъазе гІоло гьеб бицине тІадаб букІун, балъго тезе бегьулареб букІун, бицараб буго. Щаян абуни, Аварагасул ﷺ хиралъиги гьесул кІодолъиги лъанагІан умматалъул гьесдехун рокьи цІикІкІунелъул, гьесул къадроги цІунулелъул. Гьев Аварагасул ﷺ къадро цІуниги гьев вокьигиян абуни, ккола диниял умуразул бищунго кІвар цІикІкІараб амролъун, Живго ТІадегІанав Аллагьас гьесул къадро цІуниги гьев вокьиги умматалда тІад гьабун бугелъул.

Гьединго Аварагас ﷺ бицунеб буго жиндир хириял хIадисазулъ, Адамил зурияталъул саййид живго вукIин ва къиямасеб къоялъ шафагIатги тIоцобе жинца гьабизе букIин. Гьеб бициналдасанги Аварагасул ﷺ мурад гьадинаб буго: Къиямасеб къоялъ гIарасат майданалда ракъи-къеч, бакъул багIари захIмалъараб мехалда, шафагIат тIалаб гьабун аварагзабазухъе хьвадулаго, гIемераб къо бихьула; киназго нахъги чIван, ахиралдаги гьел рачIине ккола МухIаммад аварагасухъе ﷺ. Ай, киналго аварагзабаз халкъ гьесухъе битIула. Гьедин рахъ-рахъалде хьвадун, умматалда гIакъоба бихьизе бокьичIого, ай умматалда гурхIун, Аварагас ﷺ дунялалдаго умматалда лъайзе гьабун буго, тIоцобе шафагIат жинцаго гьабизе букIин. Ай, жинца шафагIат гьабизегIан рахъ-рахъалде хьвадичIого, уммат мавкъифалдаго саброялда чIун рукIине гIоло.

## МУХIАММАДИЯБ УММАТАЛЪУЛ ХИРАЛЪИ

*Гьанжиги цо аят, АхIмад вокьулел,*
*Аллагьас гьесие нигIматлъун кьураб.*
*Нахъеги цо рохел, хирияб уммат,*
*Ухраялда нелъей букIине бугеб.*

*Бижанщинаб гIалам жинде хIажатав,*
*ХIабибуллагь абун цIар жиндий щварав, –*
*МахIшаралъул къоялъ гьабизе бугеб*
*Гьесул шафагIатин нелъей доб рохел!*

*Рохел бицаралъухъ жоги кьолелъул,*
*Кьезе барахщуге дийги сайигъат:*
*Дун хванин рагIидал, хириял вацал,*
*Хадуб лъабго «Къулгьу...» цIалун кири кье!*

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ وَلَسَوْفَ يُعْطِيكَ رَبُّكَ فَتَرْضَىٰٓ ۝٥ ﴾ الضحى: ٥

«Дур БетIергьанас дуе кьезе буго, ва гьав МухIаммад Авараг, ахираталда нигIмат, гьеб мехалъ мун разилъизеги вуго». ТIадегIанав Аллагьас Аварагасе ﷺ кьезе бугеб гьеб кIудияб нигIмат ккола шафагIат гьабизе изно кьей. Цо къоялъ Авараг ﷺ, умматалъул ургъелалъ, Аллагьасде, цере квералги ккун, гIодулев вукIана. Гьеб мехалъ ТIадегIанав Аллагьас Жабраил малаикасде абуна: «Мун а МухIаммадихъе ва гьикъе гьесда, “Щай мун гIодулев?” – абун». Жабраил малаик ана Аварагасухъе ﷺ ва гьикъана: «Мун щай гIодулев?», – абун. Аварагас ﷺ бицана Жабраиласе, жив щай гIодулев вугевяли, гьесул жавабги босун Жабраилги тIад вуссана. КIиабилевги ТIадегIанав Аллагьас Жабраил витIана Аварагасухъе ﷺ ва абуна: «Дуца абе МухIаммадиде: “Дица мун рази гьавизе вуго ахираталда, дуца ургъел гьабулеб умматалъул хIакъалъулъ”, – илан». Ай, шафагIат гьабизе изно кьеялдалъун.

Цойги Аварагас ﷺ абулеб буго:

**عن عوف بن مالك أن رسول الله صلى الله عليه وسلم قال : ((أتاني آت من عند ربي فخيّرني بين أن يدخل نصف أمتي الجنة وبين الشفاعة ، فاخترت الشفاعة فهي نائلة إن شاء الله من مات لا يشرك بالله شياء))، أخرجه الترمذي . «خازن» جـ ٤ ، صـ ٣٨٤**

«ТIадегIанав Аллагьасул рахъалдасан дие кьуна эхтияр, умматалъул бащадаб алжаналъуб битIиялдаги шафагIаталъе изно кьейги, – кIиялъулго бокьараб тIаса бищизе, дица шафагIаталъе эхтияр тIаса бищана», – ян.

Буго цойги хIадис:

**وفي الحديث : ((أشفع لأمتي حتى ينادى لي أرضيت يا محمد ؟ فأقول : يا رب قد رَضِيتُ)) . «روح البيان» جـ ١٠ ، صـ ٤٥٥**

Аварагас ﷺ абулеб буго: «Дица умматалъе шафагIат гьабизе буго, ТIадегIанав Аллагьасул рахъалдасан: “Гьанжи мун разилъанищ, я МухIаммад”, – абун абизегIан, дицаги абизегIан: “Я дир БетIергьан! Гьанжи дун разилъана”, – абун». КигIан кIудиял мунагьал гьарурав вугониги, жиндир умматалъул цохIо чи вугониги жужахIалъув тун, Авараг ﷺ разилъуларо. Гьелдаса кIудияб рохел умматалъе щиб букIинеб?

Амма нилъ кантIизе ккола, гьаб хIадисалде мугъги чIван, шаригIатги цIуничIого, Аварагасул ﷺ суннатги тун, бокьухъе хьвадулев вугони, гьелъ гьев чи вачине бегьула ахир рухI бахъиялъулъ мекъса ккеялде. РухI бахъиялда аскIов мекъса ккеялде инсан вачуневго квешал гIамалазлъидал, лъикIал гIамалаз горелъул. Гьединав чи релъона, ихдал хурги бекьичIого, хасалихъе хIалбахъин бакIариялде хьул гьабулев чиясда. Гьеб букIунищха?

*Цинги ХIабибасул уммат абуни,*
*Умматазул бищун хирияб буго.*
*Хиралъи тIокI гьабун, тIаса бищараб*
*Умматалъул вати – талихI горебдай?!*

*ТалихIин абуни, нелъер гIакълоялъ*
*Къимат кьезе кIолеб борхалъийищ гьеб –*
*БоцIи-мал, бечелъи, ханлъи, кIодолъи*
*Лъалез, нахъе рехун, босулеб давла.*

*Исламияб нухде вачІаравщинас*
*ЧІобого босулеб бусурманаб цІар.*
*Балагье Полосин ГІали вихьизе,*
*ГІакъло жиндир бергьун, жагьло хъамурав!*

*Нахъа гІажал бугеб гІумродул къоял*
*ГІадада тарасул талихІ къосина.*
*Тавбоялъул гъафу рагьун букІаго,*
*Гьениве кІанцІарав пащманлъиларо.*

*Фахруль-анамасул умматалда гъорлъ*
*Ватиялде талихІ, таллагь, щоларо;*
*ШафигІ вокьулезул мухъилъ ратидал,*
*Рецц гьелъий гьабизе хІалги кІоларо.*

*ХІабиб-МухІаммадил хІакъикъат лъайчІез*
*Лъолел бугьтаназе нугІ – Аллагь вуго,*
*Исламалде данде къеркьолел бугъби,*
*Къоял лъугІун хадуб лъала ножор хІал!*

*ХІакъаб хвел тІаде щун унтуца ккойдал,*
*Киве ворчІизедай дур хивал буго;*
*Хирияб рухІ босзе ГІизраил щведал,*
*ГІарац-месед кьунищ дов нахъе чІвалев?*

*Дуда дун гурхІула, талихІ къунгеяв,*
*Те гьеб дагІба-къецги, вусса диналде!*
*Дуда кІочаниги мун кІочонарев*
*Бечед дур вугелъул, кантІуларев щай?*

*Квеш мун хьваданиги, дуда гурхІулев*
*РахІманасул лъикІлъи лъайзе ккеларищ!*

*Куллу-гIалам жиндир цIобалъ хьихьулев,*
*Бегьиларо, гьудул, Разакъ лъайчIого!*

*Гьанжи мун гIенекке, гьаб умматалъул*
*Аллагьасда аскIоб хиралъи лъайзе.*
*Хириязда гьоркьоб бокьун батани,*
*Тавбо — гьелъул багьа, балагьун вихье!!!*

## КЪИБЛА ХИСИЯЛДА ХУРХАРАБ БАЯН

ТIадегIанав Аллагьасул салат-салам жинда лъеяв Аварагас гьижра гьабун, Мадиналде вачIун хадувги, анцIила анкьго моцIгIан заманаялъ как бана Байтуль-мукъаддасалдеги вуссун, ай къиблалъун букIана Байтуль-мукъаддас. Цинги къаде какил кIиго ракагIат бан хадуб [какилъго, рукугIалда рукIаго], ТIадегIанав Аллагьас къибла хисана, къиблалъун КагIба гьабуна. Гьелдаса нахъе бусурбабазул къиблалъун КагIба хутIана, дуниял паналъизегIан. Гьеб мехалда ягьудиязе гьеб къибла хиси цIакъ захIмалъана, хисизегIан цебе, къибла нелъераб ккун, дин жиндиргояб гьабун, МухIаммад вихьуларищ, абун, гьеб балъаргъулел рукIаниги.

Къибла хисизе букIиналъул хIакъалъулъ жедер Тавраталда бицун букIаниги, гьезул руасаар [бутIруз] абуна, МухIаммадица къибла хисана нелъедехун хIасад гьабунилан. Гьеб мехалда ТIадегIанав Аллагьас, аят рещтIун, абуна: «Дуца абе, Авараг, гьел ягьудияздe: “Бакъ баккул рахъги бакъ тIерхьул рахъги, ай гьоркьоб бугеб ракьги ТIадегIанав Аллагьасул мулк буго, Жиндир кверщаликь бугеб. Дос амроги гьабила, Жиндие кинаб рахъалдехун бокьаниги, гьенирехун руссаян”». Ай, кинабго

ракь, бакI, рахъ цохIо буго, цоялдаса цоялъул хиралъи, хасслъи гьечIо, Аллагьас хира гьабиялдалъун горони. Гьединлъидал къибла буго ТIадегIанав Аллагьас бихьизе гьабураб рахъ, кинаб бугониги. Дос гьабила Жиндие бокьараб, Досде: «Щай гьабураб?», – абун гьикъулев чи гьечIо, Дос гьикъун горони. Дос, ай Аллагьас, тIовитIила Жиндие тIовитIизе бокьарав чи битIараб, хIакъаб нухалда, Жиндир хIикматалдалъун ва маслахIат ххал гьабун. Къибла Байтул-мукъаддасалдехун гьабун бугониги, КагIбаялдехун гьабун бугониги, махлукъаталда тIадаб буго Халикъасул амроялда нахъ рилълъин.

Ягьудияз къиблалъун ккуна бакътIерхьул рахъ. ТIадегIанав Аллагьгун кIалъалев мехалда ТIурасайнаъ магIарда Муса авараг ﷺ мегIералъул бакътIерхьул рахъалдехун вукIун, гьебги кьочIое босун, жедерго гIакълоялда нахъ рилълъун ккуна гьез магъриб къиблалъун.

Насранияз къиблалъун ккуна бакъбаккул рахъ, гьезги кьочIое босана ГIиса авараг ﷺ гьавизе гьесул эбел-Марям бакъбаккул рахъалде ийин. Гьезги гьеб гьабуна жедерго гIакълоялда нахъ рилълъун. Бусурбабаз къиблалъун ккуна КагIба, Ибрагьим аварагасулго ﷺ къиблалъунги, МухIаммад авараг ﷺ жанив гьавураб Макка букIингун цадахъ, ТIадегIанав Аллагьасул амроялда нахъ рилълъун, Досие мутIигIлъун.

## МУХIАММАДИЯБ УММАТАЛЪ КЪИЯМАСЕБ КЪОЯЛЪ ЦОГИДАЛ УММАТАЗЕ НУГIЛЪИ ГЬАБИ

Гьаб къибла хисиялъул хIакъалъулъ рещтIараб аяталда хадуб рещтIана гьаб, МухIаммадияб умматалъул хиралъи бицараб, аят:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ وَكَذَٰلِكَ جَعَلۡنَٰكُمۡ أُمَّةٗ وَسَطٗا لِّتَكُونُواْ شُهَدَآءَ عَلَى ٱلنَّاسِ وَيَكُونَ ٱلرَّسُولُ عَلَيۡكُمۡ شَهِيدٗاۗ ١٤٣ ﴾ [١] البقرة: ١٤٣

«Ибаргьим аварагасул диналда, ай динул Исламалдаги тIоритIун, бищунго хирияб, магърибалдаги машрикъалдаги гьоркьоб бугеб, ай бакьулъ бугеб, Ибрагьим аварагасулм къиблалъунги букIараб, КагIба къиблалъун кьун хира гьарурал гIадин [ва уммата МухIаммад!], Дица нуж гьаруна гIадилаб, умматазул бищунго хирияб умматлъунги. Нуж рукIине руго къиямасеб къоялъ халкъалъе, ай цересел умматазухъе, русулаз Дир рисалат щвезе гьабун букIиналъе нугIзаллъун. Гьединго МухIаммад аварагги вукIине вуго нуж рацIцIадал рукIиналъе нугIлъун».

ТIадегIанав Аллагьас къиямасеб къоялъ цересел умматазул капурзаби, цо бакIалдеги ракIарун, гьезде гьикъула: «Ножоца щай Диде иман лъечIеб, ножохъе рачIун рукIинчIищ Дир русулал, гьез ножохъе щвезе гьабичIищ Дир рисалат?», – абун. Гьез жаваб гьабула: «Я нежер БетIергьан! Нежехъе вачIун вукIинчIо гьев», – абун. Ай, гьез инкар гьабула, жал тавхIидалде ахIун, расул вачIиналде. Гьанжи ахIула аварагзаби ва гьикъу-ла гьезде: «Ножоца ножорго умматазухъе Дир рисалат щвезе гьабунищ, гьабичIищ?» – абун. Аварагзабазги абула: «Я нежер БетIергьан! Нежеца Дур рисалат гьезухъе щвезе гьабуна, гьабуниги гьез иман лъечIо, инкар гьабуна», – абун. Гьанжиги абула ТIадегIанав Аллагьас аварагзабаде: «Дир рисалат умматазухъе щвезе гьабиялъе ножор нугIзал ругищ?» – абун. Аварагзабаз жавабги гьабула: «Нежеца Дур рисалат неже-нежерго умматазухъе щвезе гьабиялъе

[1] وقوله : عليكم شهيدًا أي على كفاركم . ويحتمل أن على بمعنى اللام والضمير عائد على العدول الشاهدين على الأمم السابقة من حيث تزكيته لهم . صاوي جـ 1 صـ65

нугІзал – МухІаммад аварагасул ﷺ уммат буго», – абун. Гьанжиги ТІадегІанав Аллагьас, МухІаммадияб умматги ахІун, гьикъула: «Гьал Аварагзабаз жеде-жедер умматазухъе Дир рисалат щвезе гьабиялъе ножоца нугІлъи гьабулищ?» – абун. МухІаммадил умматалъ жавабги гьабула: «Гьел аварагзабаз умматазухъе Дур рисалат щвезе гьабиялъе нежеца нугІлъи гьабула», – абун.

Цинги гьел цересел умматазул капурзабаз дагІба бала МухІаммадил уматалда ва абула: «Гьаз нежее нугІлъи кин гьабулеб, гьел нежедаса хадур рачІаралги рукІаго?» – Ай, гьезда щиб лъалеб, ниж рихьизего рихьичІел чагІазда? – абун. Гьазде данде МухІаммадил уматалъги абула: «Нежер БетІергьан! Дур рахъалдасан бачІараб тІехь, ай Къуръаналдасан, нежер Аварагас ﷺ нежее бицана гьел Аварагзабаз рисалат тІобитІи, Дуцаги Дур Аварагасги бицараб нежее битІараб буго», – ян. Гьанжи ТІадегІанав Аллагьас МухІаммадил умматалде гьикъула: «Гьаб нугІлъи гьабиялъулъ нуж лъица ритІухъ гьарулел?», – абун. Гьезги абула: «Нежерго Аварагас ﷺ гьарула», – ян. Гьанжи гьикъула Аварагасде ﷺ, гьесги абула: «Дица нугІлъи гьабула дир уммат гІадилаб букІиналъе», – ян, цинги гьел капурзабиги ритІула жужахІалъуре.

ТІадегІанав Аллагьас, кинабго лъалевлъун Живго вукІаго, гьел капурзабазе нугІзал чІезе гьариялъул мурад буго – дозие хІужа чІезе гьаби, нугІзал чІезе гьариялде Жив хІажалъун гуро. ТІадегІанав Аллагьасул гІадат гьединаб буго. Масала, ТІадегІанав Аллагьас киналго аварагзабазухъа азалалда къотІи босана, МухІаммад авараг ﷺ жедеда вихьани, гьесие квер бакъизе. Гьел аварагзабада чІаго МухІаммад аварагги ﷺ гьесул заманги бихьулареблъи лъаларого гуро ТІадегІанав Аллагьас дозухъа

къотIи босараб, босана МухIаммад аварагасул ﷺ Жинда аскIоб бугеб кIодолъи, хиралъи дозда лъайзе гIоло. Гъалдаго релъон рукIуна цогидал мисалалги.

Аварагасул ﷺ гъаб хIадисалъги бицуна цересел умматазде данде гъаб умматалъул бугеб хиралъи:

**((علماء أمتي كأنبياء بني إسرائيل))**

«Дир умматалъул гIалимзаби руго, ай умматалъулъ, Бану исраилазулъ аварагзаби гIадин», – абураб. Хиралъидаражабазул рахъалъ горо.

## МУХIАММАДИЯБ УММАТ ДУНЯЛАЛДЕ АХИРАЛДА РАЧIИНАЛЪУЛ ХIИКМАТ

Гъаб *«Умматун-мархIуматун»*[1] дунялалде рачIине бищун нахъе ккезе гъаруна кIиго гIиллаялъе гIоло:

***ТIоцобисеб*** – цебе рехсохъе, цересел умматазе нугIзаллъун рукIине гIоло.

***КIиабилеб*** – киналниги цересел умматал, жедер хобазда жанир, гъаб уммат бачIиналъухъ ралагьун чIун рукIине гIоло, дол рачIиналъухъ ралагьараллъун нилъ, ай гъаб уммат, гъабичIого. Гъал гIаламатаз тIоритIел гъабула, МухIаммад аварагги ﷺ гъесул умматги бищунго хирияблъун рукIиналде.

* * * * *

*Халикъас хасс гьавурав ХIабибасул хиралъи*

*[1] Аллагь жедеда гурхIараб, МухIаммадияб уммат.**

*Халкъалъ бицун, къимат кьун, рагIалде бахъунаро!*
*БахIрул-мухIитIалдасан рагIа-ракьан лъаларел*
*Расуласул асрараз инсан хIайран гьавула.*

*Авалалда вижарав, ахиралда вачIарав,*
*Адам вижилелдего авараглъун вукIарав.*
*«Аласту бираббикум?»*[1] *БетIергьанас гьикъулеб*
*Къоялъ, тIоцобе жаваб, жинца «Бала»,*[2] *— ян кьурав.*

*Жиндий гIоло тIолабго махлукъат бижиналъул*
*Бицен тIахьазда жаниб бокьарасда батулев.*
*Анкьалго зобалазда, хирияб ГIарш, Курсалда,*
*Алжаназда жанирги, – жиндир цIар кибго хъварав.*

*Киналниги цересел русулазде рещтIарал*
*ТIахьазда жаниб рехсон, рохел жиндир бицарав.*
*Дунялалъул букIназда бусурманаб агьлоялъ*
*Азан–икъаматалъулъ исмо жиндир рехсолев*[3]*.*

*Аллагь-ТагIалаясул асмаазда*[4] *гьоркьосан*
*Лъабкъоялда анцIго цIар жиндий гIахьал гьабурав.*
*Гьел киналго данде къан, мустахIикъал цIаразул*
*ГIадад*[5] *азаргоялде жив горесул бахинчIев.*

*Халикъас жив вижарав сураталда Жабраил*
*Жиндир беразда вихьун, хассаисал тIокIлъарав.*

*ТIадеги, кIиго нухалъ Халикъ жинда вихьарав,*

---

[1] *Халкъалъул заррабазде: «Дун ножор БетIергьан гьечIищ?» – абун.**
[2] *«Вуго Мун нежер БетIергьан», – абун.**
[3] *Как ахIулагоги къамат гьабулагоги жиндир цIар рехсолев.**
[4] *ЦIараздасан.**
[5] *РикIкIен.**

*Хварал эбелгин эмен чIаго жиндий гьарурав.*

*Гьел хун жив ятимлъарав, умиявлъун[1] вукIарав,*
*Аллагьас кIодо гьавун, гIалимавлъун вахъарав.*
*Малакун-мукъаррабун яги набиййун-мурсал –*
*Гьезда бихьичIеб макъам – такъарруб камиллъарав[2].*

*Киналниги адянал жиндалъун насхулъараб,[3]*
*Хиси жиндие гьечIеб Къуръан кодобе кьурав.*
*Кутубазул магIнаби киналго жанир лъураб*
*МугIжизатазул асло – гьеб Халикъас цIунарав.*

*Къад гIадин, бецIаб сардилъ кинабго жо бихьулев,*
*Жиндица хIацIо туни, цIам ун, лъин гьуинлъулев,*
*Гьуинаб мискалъул махI гIемIалдасан бахъунев,*
*Нахъа бугеб жамагIат цебе гIадин бихьулев.*

*РагIад жиндир лъугьинчIев, ретIелалда тIутI чIечIев,*
*Вакъун жив кьижаниги, гIорцIун тIаде вахъунев.*
*ГIадамазда кидаго хIажат жиндир бихьичIев,*
*Жив макьилъ вихьанани, – хIакълъунго вихьи кколев.*

*Вихьун жинде бер щварав, ракIалда унти гьечIев*
*Инсан – тIаса жагьло ун, гIалимавлъун лъугьарав,*
*ГIадамазе, жиндаса гьаракь борхун кIалъайзе,*
*Гьединго жив нахъа тун такъдим хIарам гьабурав[4].*

*МухIталимлъун лъугьинчIев, гьакIасдизе байинчIев,*

[1] *Хъвазе, цIализе лъаларевлъун.**
[2] *Цониги малаикасе яги Аварагасе щвечIеб макъам — такъарруб (ай, Аллагьасде гIагарлъи) жиндие камиллъарав.**
[3] *Киналниги динал жиндалъун Аллагьас хисараб.**
[4] *Гьевги нахъа тун гьесдаса цере ине хIарам гьабурав.**

*Гьеб кIиялдасаго жив гIумроялъго вацIцIадав.*
*Дунял тун, жив накълолъун, уммат бесдаллъаниги,*
*Барзахияб чIаголъи кидаго тIаса инчIев.*

*Умматалъул киналго квешал-лъикIал гIамалал,*
*КамичIого жиндихъе малаикас рачIунев.*
*РачIарал гIамалазул лъикIалдаса вохулев;*
*Сайиатал рачIани*[1] *– гьел чуреян гьарулев.*

*Гьединго Равзаялде зияраталъ вачIарав –*
*ЧIаго жиндихъ зиярат гьабуравлъун вукIунев.*
*Магъриб-машрикъалдасан умматалъул бокьарас*
*Свалат-салам битIани, гьеб буссине гьабулев.*

*Явмул-къияматалда*[2] *халкъ тIаде бахъинелде,*
*ТIоцобе ГIизраилас хитIаб жинде гьабулев;*
*Жив тIаде вахъинчIого, нахъеяб гIаламалъул*
*Анбияал-русулал – гьелгицин рахъунарев.*

*Цинги гIарасаталда, сиратIгин мизаналда*
*Жиндир шафагIаталде гIаламго хIажалъулев.*
*Алжаналъул кавaби кверялъ жинца рагьулев,*
*Жив жанив лъугьинчIого цойги чи лъугьунарев.*

*Гьединав ХIабиб вуго, хIавзалъул малик*[3] *вуго,*
*ХIажаталъув ватулев ракIчIарав ШафигI вуго.*
*ШафагIат гьабулезул имамлъунги жив вуго,*
*Аллагьасе хирияв Хайрул-бариййат*[4] *вуго.*

---

*[1] Умматалъул квешал гIамалал рачIани.**
*[2] Къиямасеб къоялъ.**
*[3] БетIергьан.**
*[4] Халкъалъулго бищун лъикIав.**

*Хирияб жиндир уммат, цересезе рукIинчIел*
*Рухсаби гIатIид гьарун, бигьалъиялда тарав,*
*Такбир-таъминалдалъун, рукугI-сужудалдалъун,*
*ЖамагIатгун как бай кьун Каримас тIокI гьавурав.*

*Гьединго рузман къо кьун, сагIатул-ижабат кьун[1],*
*Азарго моцIалдаса Рамазан хира гьабун;*
*Хиралъи-тIокIлъиялъул бицун хIалго кIолареб*
*Лайлатул-къадриялъул сордоги сайгъат гьабун;*

*КIал беччан къо, Къурбан къо, кIиябгоги гIидлъун кьун;*
*ГIидалъул хIурмат гьабун кIал ккойи хIарам гьабун[2];*
*Кафарату-санатайн савму-гIарафат гьабун,[3]*
*ГIашураалъ ккураб кIал соналда барщад гьабун;*

*Гьарурал мунагьазе истигъфар тавболъун кьун,*
*ИжтимагI къосиналда ккеялдаса жал цIунун[4];*
*Цересел уматазе гIазаблъун жиб букIараб,*
*РахIматлъун ихтилафги Аллагьас жедей кьурал[5].*

*Ракъул балагьалдалъун гьалаг гьариларилан*
*Рижарав Халикъасул къотIи жедее бугел,*
*Жал горел, цойгидазул тущманасул рахъалъан,*
*Истиъсал[6] букIинарин БетIергьанас абурал.*

---

[1] *Рузман къоялъ дугIа къабул гьабулеб сагIат кьун.**
[2] *Ай, гIидалъул къоялъ кIал ккойи хIарам гьабун.**
[3] *ГIарафа къоялъ ккураб кIалалъ кIиго соналъул (гIисинал) мунагьал чурулеблъун гьабун.**
[4] *Ай, тIолго умматго къосараб нухалде ккеялдаса цIунун.*
[5] *Имамзабазда гьоркьоб ккарал хилафал (мисалалъе,ункъабго мазгьаб) умматалъе рахIматлъун кьурав. Мазгьаб ункъго букIиналдалъун нухал гIатIилъун.**
[6] *Тущбабаз кьучIдасанго тIагIинари.**

*Нисян-хатIаялдаса[1] Аллагь тIаса лъугьарал,*
*Дагьабго гIамалалъухъ гIемераб ажро хъвалел;*
*ГIамал гьабиялдаса гIажизаллъун хутIани,*
*Нияталда данд битIун кири жедее кьолел.*

*Умматазда гьоркьосан бищунго гIумро къокъал,*
*ГIилмо – авалиналгун ахириназул кьурал;*
*Ахиралде щвезегIан шаргIалъул нухда чIарал*
*ТIаифатун гIалал-хIакъ[2] жедер камизе гьечIел.*

*Гьезда гъорлъ акътIабалги, автадал, нужабаал,*
*Абдалал рукIиналда ракI чIезеги бегьулел;*
*Дунял зулмуялъ цIедал, дин-Ислам цIи гьабизе*
*Абулкъасим МухIаммад, Магьдиги жеделъ вугев.*

*Мунагьалгун жал холел, хабалъе гьедин унел,*
*Хадуб муъминзабаца дугIа жедей гьабулел,*
*Гьелъ мунгьалги чурун, рацIцIадаллъунги гьарун,*
*Къиямсеб къояца тIадеги жал рахъунел.*

*ТIаде рахъинги жедер, тIолалго умматазул*
*Анбияазда хадуб, бищун цебе букIунел.*
*Бакъ-моцI гIадал гьормалгун, гьайбатаб нур-гвангъигун,*
*Халкъго хIайранаб куцалъ гIарасалде рачIунел.*

*ГIарасат майданалда, хIисаб тIоцобе гьабун,*
*ТIоцоре алжаналъур жал лъугьине гьарулел.*
*Жал жанир лъугьинчIого, цогидал умматазе*
*Алжаналъур лъугьине эхтияр букIунарел.*

---

*[1] КIочон, лъайчIогун гьабура жоялдаса.**
*[2] битIараб нух ккун чIараб къокъа**

*Уммат гьединаб буго, гьезда гъорлъа нилъ руго,*
*Гьелда рекъараб щукру гьабизе кIолеб гьечIо.*
*ГьабичIого хутIараб гIибадат квеш ккун буго,*
*ГIадада арал къоял ракIалда къалел руго.*

*Къоял дагьлъун кканагIан хIинкъи цIикIкIунеб буго,*
*БачIин хIакъаб хвелалъул ургъалица ккун вуго,*
*Ургъалил гьаб донкIоги дида чIалгIунеб буго,*
*БетIергьангун дандчIвазе нечараб хIалги буго.*

*Нечонин, хIинкъунилан ворчIизе бакIги гьечIо;*
*БачIун, тIаде щун хадуб, нахъ чIван хвелги унаро;*
*Хун, рукъулел гIадамал къойил рихьулел руго,*
*Къваридаб лахIдоялъул суратги цебе буго.*

*Цебеса лахIдо араб сагIат-минутги гьечIо,*
*Малакул-мавт кидаян интизаралда[1] вуго.*
*Аллагьасул рахIмат-цIцIоб гIорхъи гьечIеб бугелъул,*
*ЛъикIаб занно[2] гьесдехун мискинав дирги буго.*

## АЛЛАГЬАС ХАЛКЪАЛДЕ БАЛАГЬАЛ РЕЧЧАЯЛЪУЛ ХIИКМАТАЛ

قَالَ تعَالَى: ﴿ أَحَسِبَ ٱلنَّاسُ أَن يُتْرَكُوٓاْ أَن يَقُولُوٓاْ ءَامَنَّا وَهُمْ لَا يُفْتَنُونَ ﴿٢﴾
وَلَقَدْ فَتَنَّا ٱلَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ ۖ فَلَيَعْلَمَنَّ ٱللَّهُ ٱلَّذِينَ صَدَقُواْ وَلَيَعْلَمَنَّ ٱلْكَٰذِبِينَ ﴿٣﴾ ﴾

العنكبوت: ٢ - ٣

*[1] балагьун чIун**
*[2] лъикIаб хиял, ракIелчIей**

ТІадегІанав Аллагьас абулеб буго: «ГІадамазда ракІаздейищила кколеб жал телин, нежеца иман лъунаян абураб рагІиялда гІей гьабун, батІа-батІаял балагьаздалъун жедер иманалъул хІалбихьи гьабичІого. ХІакълъунго Дица хІал бихьи гьабуна, гьединал балагьал тІаде реччаялдалъун, цересел умматазул иманалъулги. Цоял маххул гьоркьоялъ хашана, цойгиял хъухъадероялъ хъухъана, гьединги гьел иманалдаса руссинчІо. Гьелдалъун ТІадегІанав Аллагьасда лъала, ай загьир гьарула, ратІа гьарула, иманалъулъ жал ритІарал свадикъиналги гьересиялги гІадамал». ТІадегІанав Аллагьасда азалалдаго лъалаан, ай халкъ бижинелдего, лъица щиб гьабизе бугебяли. Гьединлъидал, ракІалде ккезе бегьуларо гьединал имтихІанал[1] гьарун горони, Аллагьасда ﷻ гьел лъаларелилан.

Рехсараб аят рещтІана, Маккаялъул къурайшияз, Аварагасде ﷺ иман лъун Исламалде рачІарал гІадамазе гьелдалъун гІакъоба-гІазаб гьабулеб заманалда, гьеб захІмалъун лъугьарал муъминзабазул хІакъалъулъ, гьезул ракІал лъикІ лъугьине, гьез гьелде саброги гьабизе гІоло. РещтІин гьел сабаблъун кканиги, гьаб аяталъул магІнаян абуни, умматалъе гІаммаб буго, гІумроялъго.

Рехсараб аят рещтІиналъе сабаб гьадинги бицана: Бадроялъул рагъулъ тІоцове шагьидлъун вуго МагьжагІ абурав асхІаб ؓ. Гьев хвеялдалъун гьесул эбел-эмен ва хъизан гІода-чІвадун лъугьиндал, рещтІун буго гьеб, гьезие сабро бачІине ва гьел кантІизе. Ясирил ва ГІаммарил [رضي الله عنهما] хІакъалулъ рещтІарабинги буго.

*[1] ХІалбихьиял.**

Гьеб аят рещтIиналъе сабаб гьадинги бицана: Аварагасде ﷺ иманги лъун, Исламги къабул гьабун, Маккаялдаго чIаразде Мадинаялдасан асхIабзабаз битIун буго кагъат: «КIал мукIурлъиялдалъун ножор Ислам къабул гьабуларо, гьижра гьабун Мадинаялде райинчIони», – ян. Цинги гьел, Маккаялдаса Мадинаялде гьижра гьабун, къватIире рахъиндал, хадурги ун, къурайшазул куфараз гьезие кIудияб къварилъи гьабун буго. Цоял чIван руго, чIвазе щвечIел тIурун рорчIун руго. Гьеб мехалъ гьаб аятги рещтIун буго.

Кинаса батаниги, ТIадегIанав Аллагьас МухIаммадияб уммат ахIулеб буго балагьалде сабро гьабиялде, ва кантIизе гьарулел руго кинаб букIаниги захIмалъи-къварилъиялдалъун, батIа-батIаял балагьаздалъун Жинца иманалъул хIалбихьи гьабиялде. ГIилмоялъ жедер курмулги гIатIид гьарурал, иманалъ ракIалги гвангъарал чIахIиял гIуламааз нелъее, Къуръан-хIадисалдасан босун, чанги гIакъло кьола, мисалал рачун, кантIизе гьарула. Гьез кьолел гIакълабиги къабул гьарурал, рачунел мисалаздасан пайдаги босарал киданиги мекъса кколаро. Гьезул кантIизе гьариялъги, насихIатазги, рачунел мисалазги муъминзабазул ракIазе гьабула кIудияб асар, ккола Къуръан-хIадисалъ жедедасан тIалаб гьабулеб жо бичIчIиялъе сабаблъунги, бижуна Исламалдехунги Исламалъул агьлоялдехунги кIудияб рокьиги. Масала, Ибну-ГIатIаиллагь абулев кIудияв гIарифуназул чияс абулеб буго:

**قال ابن عطاء الله : يتبين صدق العبد من كذبه في أوقات الرخاء والبلاء . فمن شكر في أيام الرخاء وصبر في أيام البلاء فهو من الصادقين . ومن بطر في أيام الرخاء وجزع في أيام البلاء فهو من الكاذبين . «روح البيان» جـ ٦ ، صـ ٤٤٦**

«Лагъасул иманалъул рахъалъ бугеб ритIухълъиги гьересиги баянлъула, ай батIа гьабула, жив эркенлъиялъулъеги

балагьалъулъеги ккарав кIиябго заманаялъ. Щив чи вугониги, жив эркенго рахIаталда вугев хIалалъ ТIадегIанав Аллагьасе рецц гьабулевлъун ва балагь-къварилъиялъулъе ккарав мехалда гьелде сабро гьабулевлъунги, – гьев ккола иманалъулъ ритIухъав чи. Ай, хIакъикъияв муъминчи. Щив чи вугониги, жив рахIат-эркенлъиялда вугев хIалалъ ТIадегIанав Аллагьги ракIалде щоларев, щукруги нигIматазе гIоло Аллагьасе гьабуларев, жив горев чи ракьалдаго гьечIев гIадин, чIухIунги хьвадулев, балагь-къварилъи тIаде бачIиндал гьебги хIехьоларев, чIварчIвадулев, зигардулев, сабро гьечIевлъун, – гьев чи ккола жиндир иманалъулъ гьересияв чилъун, ай иман камилав горев чилъун».

**واعلم أن البلاء كالملح يصلح وجود الإنسان بإذن الله تعالى كما أن الملح يصلح الطعام . وإذا أحب الله عبدا جعله للبلاء عرضا أي هدفا وكل محنة مقدمة لرحمة ، ولكل شدة نتيجة شريفة . «روح البيان» جـ ٦ ، صـ ٤٤٦**

«Дуда лъай, ай гIакъилав чи! Балагь, жинца инсанасул вужуд, ай жиндир вати, гIумро лъикI гьабиялъе, ТIадегIанав Аллагьасул изноялдалъун, койн, ай тIагIам жинца лъикI гьабулеб цIам гIадаб жо букIин. Ай, цIамуца гьабураб асаралдалъун гIадин, квен цойги жоялъ лъикI гьабулареб гIадин, инсанги лъикIлъулев гьечIо балагьалде ккеялдалъун горони. ТIадегIанав Аллагьасе вокьарав мехалъ Жиндир цо лагъ, гьев лагъ гьавулила балагьалъе гIужие гъураб чIчIеллъун. Ай, гьесде тIаде реччалила балагьал. Кинабниги балагь ккolила рахIаталъул мукъаддималъун. Ай, гьелда хадуб рахIат батулила, букIунила. Щибаб къварилъи-захIмалъиялъулъги букIунила лъикIаб хIасил. Ай, къварилъиялда хадуб гIатIилъи букIуна ва захIмат бихьичIого рахIат букIунаро; наяз хIанчIи хIехьечIони, гьоцIо щолароян абулеб гIадаб мисал.

**وفي الحديث : ((أشد الناس بلاء الأنبياء ثم الأولياء ثم الأمثل فالأمثل)). ((البلاء موكل بالأنبياء ثم الأولياء ثم الأمثل فالأمثل))**

ХIадисалъ бицунеб буго: «Балагьал, тIоцоре Аварагзабазде тIаде, хадур вализабазде тIаде, хадур бищун гьезде гIагараздe, хадур гьездеги гIагаразде рачIуна», – ян.

**وفي الحديث : ((إذا أحب الله عبدا ابتلاه فإن صبر اجتباه وإن رضي اصطفاه))**

Цойги хIадисалда абулеб буго: «ТIадегIанав Аллагьасе вокьарав мехалъ Жиндирго цо лагъ, гьесул хIал бихьи гьабула, ай цо балагьалъулъе ккезе гьавула. Гьелде сабро гьабуни – гьев тIаса вищула, ай Аллагь разилъула; гьеб балагьалдаса гьев лагъ разилъани – тIаса вищун цIакъго хира гьавула». Гьединлъидал, балагь щварав чиясе рекъараб буго гьеб балагь бачIиналдаса разилъизе. Гьебни нилъ-тайпаялда кисса кIолеб, сaброниги гьабичIони, дунялалда балагьалъул гIакъоба-къварилъи баччаралде тIаде, ахираталда ажроги щвечIого хутIилаха.

ГIасаса ГIабдурахIман хIажияс [قدس سره] гIадада абун гьечIо: «Жинде балагь щварав чи – балагь щварав чи горо. Балагь щварав чи вуго, балагьги щварав гьелде саброги гьабичIев чи», – абун. ХIакъикъияб балагьлъун кколеб буго, сабро гьабунгутIиялдалъун, ахираталда ажро щвечIого хутIи. Цойги буго аби: имтихIаналда аскIоб инсанасул къадро борхула, гьев тIадегIанлъула, яги гIодовегIанлъула, – абун. Аллагьас кьеги сабро киналго бусурбабазе!

ТІадегІанав Аллагьас хадубги абулеб буго:

قَالَ تَعَالَى: ﴿ وَلَنَبْلُوَنَّكُم بِشَيْءٍ مِّنَ ٱلْخَوْفِ وَٱلْجُوعِ وَنَقْصٍ مِّنَ ٱلْأَمْوَٰلِ وَٱلْأَنفُسِ وَٱلثَّمَرَٰتِ ۗ وَبَشِّرِ ٱلصَّٰبِرِينَ ﴿١٥٥﴾ ٱلَّذِينَ إِذَآ أَصَٰبَتْهُم مُّصِيبَةٌ قَالُوٓا۟ إِنَّا لِلَّهِ وَإِنَّآ إِلَيْهِ رَٰجِعُونَ ﴿١٥٦﴾ ﴾ البقرة: ١٥٥ - ١٥٦

«Дица ножор иманалъул хІалбихьи гъабизе буго, ва МухІаммадил уммат, ножоца балагьалде саброги гъабулищ, Дир хІукму-къадаралда нахъги рилъунищали бихьизе, тущманасул рахъалъан дагьабго хІинкъиялдалъун». Гьеб хІалбихьи гъабиялдалъун горони Аллагьасда нилъ лъаларого горо, нелъее загьирлъиялъе гІоло буго, нелъер Аллагьасе мутІигІавги гІасиявги чи, ай гьел ратІа рахъизе лъайзе гІоло. Дагьабго хІинкъиялдалъунин абиялъе гІиллаги буго, ТІадегІанав Аллагьасул рахъалдасан тущбабаздаса цІуни умматалъе азарго нухалъги цІикІкІараб бугелъул.

«Гьединго хІалбихьи гъабизе буго ножор иманалъул ракъиялдасан дагьабго къадаралдалъунги, цІцІадал къотІун ракъдаллъи ккезе гьабун [ракъдаллъи хІаллъидал хур бачІунаро, ракъиги ккола]. БоцІи-мал дагь гьабиялдалъунги хІалбихьи гьабизе буго ножор иманалъул, бикъун бугониги, зулмучагІаз бахъун бугониги, тІагІун, хун букІаниги. Ножорго нафсаздалъунги хІалбихьи гъабизе буго ножор иманалъул, унтиялдалъун бугониги, хвелалдалъун бугониги, херлъиялдалъун бугониги. Пихъал хойзе гьариялдалъунги хІалбихьи гъабизе буго ножор иманалъул, гьородалъун, цІер-квачалдалъун, гарцІалдалъун, ай кинал рукІаниги тІабигІиял балагьаздалъун гьел хвезе гьарун».

Хадубги абулеб буго ТIадегIанав Аллагьас Аварагасдехун ﷺ: «Дуца бице, Авараг, рохел Дир рахъалдасан, гьадал рехсарал балагьал, къварилълъаби, захIмалъабада дандчIвайдал, жедеца сабро гьабурал гIадамазде. Гьел гIадамалила, Авараг, гьел балагь-къварилъи жододе тIаде бачIиндал жодоца абулел: "Ниж Аллагьасул лагъзал руго. Лагъги лагъасул кодоб бугеб щинабги саййидасул букIуна. Бокьани нелъехъ тела Аллагьас, бокьани нахъе босила, гьеб нелъер иш горо, нелъеда тIадаб буго сабро гьабизе. Нилъ чIаго ругелгIан заманаялъ нелъее ризкъи кьезе Дов гъоркье чIарав вуго, хведал нилъ Досдеги руссуна, нелъее ажроги букIина, нилъ гьаб киналдаго рази ругони", – ян».

## БАЛАГЬ-КЪВАРИЛЪИ ЩВЕДАЛ «ИННА ЛИЛЛАГЬ» АБИЯЛЪУЛ ПАЙДАБИ

﴿إِنَّا لِلَّهِ وَإِنَّآ إِلَيْهِ رَٰجِعُونَ﴾

Гьал рехсарал рагIабазул магIна жаниб бачараб гьаб калима абиялъулъ руго батIа-батIаял пайдабиги.

***ТIоцебисеб –*** гьаб рехсараб калима абиялъ, жинде тIаде балагь-къварилъи щварав чи машгъул гьави буго цоги рекъечIеб, сабро гьечIеб калам гьабиялдаса.

***КIиабизеги –*** гьев чиясул гьеб калима абиялдалъун ракIалъе бигьалъи бачIина, пащманлъи-ургъел дагьлъила.

***Цойги,*** щайтIаналъул хьул къотIила гьев чи сабро гьечIолъиялда хурхараб калам-хабаралде ккезе гьавизе кIолдаса.

***Цойги,*** гьев чияс гьаб калима абула рагIаразеги мисаллъун букIина, гьединаб хIал ккани, гьесго гIадин гьадаб калима абизе. Аварагасул ﷺ хIадисги буго:

**((إنا لله وإنا إليه راجعون ، اللهم اجرني من مصيبتي واخلف لي خيرا منها))**

«Жинде тIаде балагь-къварилъи бачIарав чияс гьал рехсарал берцинал рагIаби абуни кIалалъ, ракIги разилъун, гьев чиясе гьеб мусибаталда рекъон кириги хъвала, гьелдаса лъикIаб тIадеги кьела», – абун.

Гьадаб берцинаб калимаялде «*ИстиржагI*», абула. Балагь-къварилъи щварав чияс жиб абиялдалъун гьесие ажро-кири хъвалеб гьединаб калимаги гьаб МухIаммадияб умматалда хассаб буго, ай цересел умматазе букIинчIеб, букIарабани гьеб абизе букIана ЯгIкъуб аварагас ﷺ Юсуфида хадуб ракI бухIун вугев мехалъ, [يا أسفا على يوسف] «Ва дир пащманлъи Юсуфида хадуб», – илан абичIого.

Гьаб рехсараб аяталъул тафсиралъулъ ШафигIияв имамас ﵁ абулеб буго: «ХIинкъиялдалъун хIалбихьи – Аллагьасдаса хIинкъи; ракъиялдалъун хIал бихьи гьаби – Рамазан моцIалъ кIал ккой тIад гьаби; боцIи-мал дагь гьабиялъул хIал бихьи гьаби – закат бахъи; нафсаздалъун, ай нелъерго чурхдуздалъун, хIал бихьи гьаби – батIа-батIаял унтаби тIаде тIамиялдалъун; пихъал хойзе гьариялдалъун хIал бихьи гьаби – лъимал хойзе гьари кколилан». Лъимал эбел-инсуе рекIел тIугьдуллъун, пихъаллъун кколелъул, ай гьедагIанги эбел-инсуе гьел хириял ругелъул.

Абу-Муса аль-АшгIариясдасан ﵁ бицараб Аварагасул ﷺ хIадисги буго гьеб магIнаялда хурхараб:

**عن أبي موسى الأشعري رضي الله عنه قال : قال رسول الله ﷺ : ((إذا مات ولد العبد قال الله تعالى لملائكته : أقبضتم ولد عبدي ، قالوا نعم . قال : أقبضتم ثمرة فؤاده؟ قالوا : نعم . قال : فماذا قال؟ قالوا : حمدك واسترجع . قال : ابنوا له بيتا في الجنة وسموه بيت الحمد)) . أخرجه الترمذي وقال : حديث حسن . «خازن» جـ ١ ، صـ٩٦**

Цо чиясул вас [ай, лъимер] хварав мехалъ, ТIадегIанав Аллагьас абулила малаикзабазде: «Ножоца Дир лагъасул васасул рухI босанищ?» – абун. Гьезги абула босанаян. Хадубги абулила ТIадегIанав Аллагьас: «Ножоца Дир лагъасул рекIел пихъ нахъе босанищха?» – абун. Босанаян гьазги абулила. Хадубги гьикъулила малаикзабазде БетIергьанас: «Дир лагъас щибинха абураб?» – ян. Цинги гьаз абулила: «Дуе реццги гьабунаха, БетIергьан, *истиржагI*ги гьабуна», – абун, ай дол берцинал, рекъарал рагIаби абунаян. Гьанжи ТIадегIанав Аллагьас абулила малаикзабазде: «Гьев Дир лагъасе алжаналъуб рукъ бай, гьелде цIарги лъе «*Байтуль-хIамд*», абун».

**تنبيـــه**

## КАНТIИЗЕ ГЬАРИ

***ТIадегIанав Аллагьас балагь-къварилъи тIаде беччаледего умматалда хIалбихьи гьабизе бугоян лъазе гьабиялъул хIикмат щибан абуни:***

***ТIоцебесеб –*** ракIалдаго гьечIого цо балагь-къварилъи тIаде бачIараб мехалда, гьелде сабро гьабизе захIмат букIунелъул, умматалда ТIадегIанав Аллагьас лъайзе гьабуна гьединал хIалбихьиял Жинца гьаризе рукIин, гьелдалъун гьел сабро гьабиялде хIадурлъун рукIине ва гьезие сабро гьабизе бигьа букIине.

***КІиабилебги –*** къварилъи-балагь жододе бачІараб мехалъ муъминзаби, доб цебего хІалбихьи гъабизе бугин бицун букІиналъул комекалдалъун, сабро гъабун, жедерго диналдаса руссинчІого капурзабазда рихьарал мехалъ, гьеб динул-Ислам битІараб букІин капуразда лъайзе, гьебги гьел Исламалде рачІиналъе сабаблъунги букІине гІоло.

***Лъабабизеги –*** Аварагас ﷺ бицараб щиналда хадуб хъаравуллъи ккун капурзаби рукІунел рукІиндал, ай уяб бахъунищан, гьел гьаризе ругел хІалбихьиязул хІакъалъулъ Аварагас ﷺ цебе жедее бицунги букІун, цинги гьеб гьес бицухъе лъугьараб мехалъ, Аварагасе ﷺ мугІжизатлъун букІинеги.

Хадубги, мунафикъаз Ислам загьир гьабулебго жедер боцІи-мал цІунизе, гъаниматалъе гІоло букІунелъул, боцІи-мал чуризе букІиналъул хабар гьазие бокьилищ? Гьеб хІалбихьи гьабиялдалъун гьел хІалагъуна, гьезда сабро гьабизе кІоларо, гьелъ ратІаги гьарула муъминзабиги мунафикъазбиги, иман лъеялъулъ ритІаралхІакъалги гьересиялги.

Цойги, инсанасда Аллагь ракІалде щола, Аллагьасдеги кІанцІула, жив цо кинаб бугониги балагькъварилъиялъулъе ккарав мехалда; эркенго, рахІаталда вугев мехалда щолелдаса гІемерго цІикІкІун. Гьединлъидал, ТІадегІанав Аллагьас умматалда лъайзе гьабуна, гьеб хІалбихьи гьабиялъе Жинцареччайзе ругел балагьал, къварилъаби; гьелдаса цІуни Жинде гьарулел, Жив рехсолеллъун гьел рукІине бокьун, доб балагьалъулъе ккараб мехалъго гІадин.

Гьадал, рехсарал аятазда хадубги абулеб ТIадегIанав Аллагьас:

قَالَ تَعَالَى: ﴿أُوْلَٰٓئِكَ عَلَيۡهِمۡ صَلَوَٰتٞ مِّن رَّبِّهِمۡ وَرَحۡمَةٞۖ وَأُوْلَٰٓئِكَ هُمُ ٱلۡمُهۡتَدُونَ ١٥٧﴾ البقرة: ١٥٧

«Гьадал, цере рехсарал сифатал жеделъ ругел саброялъул агьлоялъе буго ТIадегIанав Аллагьасул рахъалдасан дунялалда мунагьал чури, лъикIал сифатаздалъун гьел рехсей, гьединго гьезие руго нахъаса къотIи гьечIел батIа-батIаял нигIматал-рахIматалги. Ва гьел руго жал битIараб, хIакъаб нухалдаги тIоритIарал, лъикIлъиялда жедер кверщелги батарал, Аллагьасул хIукму-къадаралдаги разиял, балагь-къварилъиялде ккани, гьелде саброги гьабулел *истиржагI*алъул агьло».

**عن ابن مسعود رضي الله عنه : لأن أخر من السمآء أحب إلي من أن أقول في شيئ قضاه الله ليته لم يكن**

Жинда Аллагь разилъаяв Ибну-МасгIудица абулеб буго: «Дие бокьила зодосан гIодове ракьалде вортизе, дица абиялдаса цо кинаб бугониги ТIадегIанав Аллагьасул хIукму-къадаралда тIасан, "Гьаб жо гьадин букIинчIебани", – ян».

**قال علي ﵁ : من ضرب بيده على فخذه عند مصيبة فقد حبط أجره أي بطل ثوابه .**

ГIали асхIабасги ﵁ абулеб буго: «Щив чи вугониги цо балагь-къварилъи тIаде бачIараб заманалда, жинца жиндир кверал мачIазда кьабун, ай накаби рухун, гьев чиясе Аллагьасул рахъалдасан щолеб ажро-кири хола», – ай, щвечIого хутIула.

**قال الحسن ﷺ : سمعت جدي رسول الله صلى الله عليه وسلم يقول : ((يا بني عليك بالقنوع تكن أغنى الناس ، وأداء الفرائض تكن من أعبد الناس ، يا بني إن في الجنة شجرة يقال لها شجرة البلوى يؤتى بأهل البلاء يوم القيامة فلا ينشر لهم ديوان ولا ينصب لهم ميزان يصب عليهم الأجر صبا)) ثم قرأ : ﴿إِنَّمَا يُوَفَّى ٱلصَّٰبِرُونَ أَجْرَهُم بِغَيْرِ حِسَابٍ﴾ . «روح البيان» جـ ١ ، صـ ٢٦١**

Жиндасвалат-салам лъеяв Аварагасабулеб буго жиндир ясалъул вас ХIасаниде: «Я бунаййа! [Ай, ва дир гьитIинаб лъимер!] Дуца тIад чIей гьабе ТIадегIанав Аллагьас кьуралда гIей гьабун чIеялда, – мун вукIина гIадамазул бищунго бечедавлъун! Дуца тIад чIей гьабе ТIадегIанав Аллагьас тIад лъурал фараизал тIорайзе гьариялда, – мун вукIина гIадамазул бищунго гIибадат цIикIкIаравлъун. Я, бунаййа! Алжаналъуб буго цо гъойтI, балагь щваразул гъойтI абун жинде цIар бугеб, дунялалда балагь щвараб агьло къиямасеб къоялъ гьеб гъотIокье рачIуна, гьезул хIисаб-суалги гьабуларо, гIамалал цIайзе цIадирабиги лъоларо, балеб цIад гIадин чвахула гьезде тIаде Аллагьасул рахъалъан ажро-кириги». Цинги цIалана гьаб аят:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿إِنَّمَا يُوَفَّى ٱلصَّٰبِرُونَ أَجْرَهُم بِغَيْرِ حِسَابٍ﴾ الزمر: ١٠

Гьаб аяталда абулеб буго: «Исламияб дин сабаблъиялдалъун, ай ккоялдалъун, батIи-батIиял балагьал, къварилъаби, унта-шокълъаби, захIмалъаби тIаде рачIунел рукIаниги, гьелъие гIоло чучичIого жедерго динги ккурал, гьебги течIел, гьел балагьал-къварилъабазе жедеца саброги гьабурал гIадамазе буго ажро-кири, Аллагьасда горони гIорхъи лъаларебгIан гIемераб».

Гьаб аяталдалъун ТIадегIанав Аллагьас гьесизе гьарулел руго, цо бакIалда загьирлъани магIсият, ресги

рекъолеб гьечIони Ислам цIунизе, гьениса цойги бакIалде гьижра гьабиялде. Ай, доба гьанибалдаса лъикI бугони.

ХIасил: вугелъув сабро гьабе, рес къотIани – гьижра гьабе, Исламалдаса вуссунге . КигIан гIемераб къварилъи мушрикуназ жедее гьабуниги, Исламги течIел, гьебги цIунарал, рес къотIидал дин-Исламалъе гIоло ватанги тун, ХIабашаталде жедеца гьижраги гьабурал, ГIали-асхIабасул вац ЖагIфар ва гьесул гьалмагълъиялъул хIакъалъулъ рещтIарабинги абула гьаб рехсараб аят.

**وفي الحديث : ((أنه تنصب الموازين يوم القيامة لأهل الصلاة والصدقة والحج ، فيوفون بها أجورهم ولا تنصب لأهل البلاء بل يصب عليهم الأجر صبا حتى يتمنى أهل المعافاة في أن أجسادهم تقرض بالمقاريض مما يذهب به أهل البلاء من الفضل))**

Аварагасул ﷺ цойги хIадисалда абулеб буго, къиямасеб къоялъ, какил, садакъаялъул, хIажалъул, ай гьадинал гIамалазда даимал, тIадчIей гьабулеб агьлоялъе цIадераби лъола, гьезул гIамалалги цIала, жеде-жедер гIамалалда рекъон гьезие ажроги тIобайзе гьабула. Амма дунялалда балагьаздалъун жедер хIал бихьарал, гьелде саброги гьабурал, гьеб агьлоялъейин абуни, цIадерабиго лъоларо, гьезда тIаде реччала рахIматал-ажро, гIалам хIайранаб хIалалъ. Гьезие бугеб кири-ажро бихьараб мехалъ, гьезда хIайранлъун, дунялалда балагь-гIакъоба бихьичIеб агьлоялда кколилила, гьез анищ гьабулила жал дунялалда ругел анийин, жедерги гьан маххул, ялъуни цIадул кIвекьмахаз буссинейилан.

**عن أبي هريرة رضي الله عنه قال قال رسول الله صلى الله عليه وسلم : ((ما يزال البلاء بالمؤمن والمؤمنة في نفسه وولده حتى يلقى الله وما عليه خطيئة)) .**

**عن عبد الله قال : قال رسول الله صلى الله عليه وسلم : ((ما من مسلم يصيبه أذى من مرض فما سواه إلا حط الله به عنه من سيئاته كما تحط الشجرة ورقها)) . عن سعد بن أبي وقاص قال : قلت يا رسول الله صلى الله عليه وسلم أي الناس أشد بلاء؟ قال : ((الأنبياء ثم الأمثل فالأمثل يبتلى الرجل على حسب دينه ، فإن كان في دينه صلبا اشتد بلائه ، وإن كان في دينه رقة هوّن عليه فما يبرح البلاء بالعبد حتى يتركه يمشي على الأرض وما عليه خطيئة)) .** «خازن»

Цойги хIадисалда буго: «Балагь тIаса унаро бусурманав чиясда ва чIужуялда, жеделъгониги, я лъималазулъниги мунагь-хатIаялдаса рацIцIалъун жал Аллагьасда данд-чIвайзегIан», – ай хойзегIан.

Цойги хIадисалда абулеб буго: «Бусурманчиясде тIаде бачIани унта-щокълъи бугониги цогидаб кинаб бугониги къварилъи, гьелдалъун гьев чиясда тIаса Аллагьас гъине гьарула квешлъаби, ай мунагьал, гъотIодаса тIамах гъунеб гIадин».

Цойги хIадисалда бицунеб буго, Аварагасде ﷺ гьикъун буго гIадамазул бищунго балагьал тIаде рачIунел щал абун. Аварагас ﷺ бицун буго гьадин: «Бищунго жедеде балагьал рачIунеллъун ккола Аварагзаби, гIалайгьиму ссалам, хадур – бищун гьезде гIагарал, хадур – гьездеги гIагарал», – абун.

«Чиясде тIаде балагь беччала жиндир диналда рекъон. Диналъулъ къвакIарав, щулияв чиясде балагь захIматаб, ай кIудияб беччала, диналъулъ чучав, бошав чиясде бигьаяб беччала. ЧIаго вугевгIан мехалъ балагь лагъасда тIаса унаро, гьелдалъун гьев киналниги мунагьаздаса вацIцIалъизегIан».

Цойги машгьураб хIадис буго [дица хъвайчIого тана]: «ХIатIида зазцин къаларо, мунагь чуризе горони», – ай гьелъгицин чурула мунагьал, абун.

## ХIИКАЯТ

Сулайман аварагасул عليه السلام заманалда цо чияс бичун босун буго цо хIинчI, азарго диргьамги кьун, гьелъулги гьелъул гьаракьалъулги берцинлъиялда бахиллъун. Цо къоялъ, гьаб жаниб бугеб сеткаялда тIадги чIун, цогидаб хIинчI, бакъанги бачун, боржун ун буго. Гьелдаса нахъе гьаб хIинчIалъ бакъан бачинги тун буго. Гьанжи гьалъул бетIергьанчияс гьабун буго гIарз Сулайман аварагасде عليه السلام, гьалъ бакъан бачин теялда тIасан. Гьас жиндихъе бачун вачIаянги абун, гьабги бачун щун вуго бетIергьанчи Сулайманихъе عليه السلام. Гьас гьикъун буго хIинчIалде: «Мун кIудияб багьаги кьун, бичун босунги букIаго, дуца щай бетIергьанчиясе бугеб хIакъ тIобайзе гьабулареб, щай бакъан бачунареб?», – абун. ХIинчIалъ Сулайман аварагасде абулеб буго гьадин: «Я Набиййаллагь! Дуца гьасде абе, гьасул хьулги къотIизе гьабе, дица гьаб сеткаялъуб бугебгIан заманаялъ бакъан бачине гьечIо», – абун. Сулайман аварагас гьикъун буго гьалде: «Щай?» – абун.

Гьанжи гьалъ бицун буго: «Гьел бакъанал рачин букIана дир тIанчIазухъги ватаналъухъги чIалгIун, сабро гьабизе кIоларого букIараб зигара. Цинги доб диде тIадеги бачIун, чIичIидараб хIинчIалъ дида бицана, дун гьев чияс гIицIцIго бакъаналъе гIоло хьихьун буго абун. Гьанжи дица саброги гьабизе буго, дица бакъанги бачине гьечIо», – абун. Гьалъул жаваб Сулайман аварагас عليه السلام гьав чиясе бициндал, гьасги абун буго: «Я Набиййаллагь! Гьеб хIинчIалъ бицунеб хабар битIараб буго, дица гьеб босун букIана гIицIцIго

бакъаналъе гIоло, гьеб беччан те», – абун. Цинги Сулайман аварагас гьеб хIинчIги беччан тун буго, гьав чиясе азарго диргьамги нахъ буссине гьабун буго жинцаго. Гьеб жиндирго туснахъ – сеткаялдаса къватIибеги борчIун, гьаваялде боржиндал, хIинчIалъ абун буго:

**سبحان من صوّرني وفي الهواء طيّرني ثم في القفص صبّرني**

«ТIадегIанав Аллагь дица вацIцIад гьавиялъ вацIцIад гьавула, дун камилаб сураталда бижарав, гьаваялда боржунеблъунги дун гьавурав, къафсалъуб дие саброги кьурав», ай сеткаялъуб саброги кьурав.

Гьанжи хал гьабеха, гIадамал, тIанчIазухъги ватIаналъухъги чIалгIун букIаниги, тIокIаб гьабизе кIолеб жоги гьечIого, гьаб пакъиралда букIун бугеб хIал. Хадубги, жинда лъайдал сабро гьабиялъулъ бугеб лъикIлъи, маслахIат, гьелъ сабро гьабун бугеб куцги. Сабро гьабиялдалъун гъолъие щвараб хIуриятги. Нелъееги бицуна буго сабро гьабиялъулъ букIунеб маслахIаталъул, хадуб букIине бугеб рахIаталъул, къварилъиялда хадуб гIатIилъи букIуниланги, сабро гьабиялдалъун чурулел мунагьазулги. Гьабеха нелъецаги сабро, босе вагIза-насихIаталдасан пайдаги!

Цойги абулеб буго Къуръаналда:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ مَآ أَصَابَ مِن مُّصِيبَةٍ إِلَّا بِإِذۡنِ ٱللَّهِۗ وَمَن يُؤۡمِنۢ بِٱللَّهِ يَهۡدِ قَلۡبَهُۥۚ وَٱللَّهُ بِكُلِّ شَيۡءٍ عَلِيمٞ ١١ ﴾ التغابن: ١١

«Унта-щокълъи букIаниги, хвел букIаниги, боцIималалъул рахъалъ букIаниги, кигIан гьитIинаб букIаниги, кIудияб букIаниги дунявияб балагь-къварилъиялъул

щибниги жо тIаде бачIунаро, ТIадегIанав Аллагьасул изноялдалъун, Гьесул хIукму, къадар, ирадаталдалъун горони. Щив чи, вугониги гьаб рехсараб хIалалда, Аллагьасде иманги лъун, жинде бачIараб къварилъи, захIмалъи, балагь ТIадегIанав Аллагьасдасан бачIараб букIин жинца ритIухъ гьабун, гьеб лъан, гьев чиясе тавфикъ кьола гьеб балагь-къварилъи тIаде бачIараб заманалда ракI саброялда чIезе гьабизе». Ай, гьев чиясда лъала якъинго, ТIадегIанав Аллагьас жиндие къадар гьабураб жо жинде тIаде байинчIого букIунареблъи ва къадар гьабичIеб жо жинде тIаде бачIунгутIиги. Цинги гьев Аллагьасул хIукму-къадаралдаги разилъула, *«Инна лиллагьи ва инна илайгьи ражигIун»*, إنا لله وإنا إليه راجعون – ги абула, гьеб мусибаталдалъун ТIадегIанав Аллагьас мунагьал чурун, кири-ажро кьун, Жив разиял лагъзадеридасаги гьавула. «Аллагь – кинабго жо Жинда лъалев вуго», ай – балагь лъиде беччалеб, щив гьелдаса цIунилев, лъил кинаб ракI, хIал бугеб, лъие щиб жо маслахIатаб бугеб.

Кафурзабаз абулеб букIана: муслимунал хIакъаб диналда рукIаралани, Аллагьас гьал цIунизе рукIана дунялалъул балагьаздаса», – абун. Гьединлъидал, ТIадегIанав Аллагьас баян гьабуна, гьеб кинабго Жиндир хIукмукъадаралда рекъон лъугьунеб букIин ва гьелда жаниб Жиндаго горони лъалареб хIикмат букIинги. Гьел хIикматаздаса ккола, бусурбабазда лъайи, щибниги жедер хIал кIолеб, жедер гьунаралдалъун лъугьунеб, гьабун бажарулеб жо гьечIолъи, гIицIцIго Аллагьасдалъун горони. Ай, гьелдалъун гьел Аллагьасул рахIмат-цIцIобалде хIажаталлъун даимго рукIине.Цойги, цебе рехсохъе, муъминзабаца, ТIадегIанав Аллагьасул хIукму-къадаралдаги разилъун, балагь-къварилъиялде сабро гьабиялдалъун гьезул мунагьал чуризе, ажро-кири гьезие хъвазе гIоло.

«ТIадегIанав Аллагьасде иман лъун щив чи вугониги, гьесул ракI якъиналда чIезе гьабула», – абураб аяталъул магIнаялда сверухъ гьадин абулеб буго: щив чи вугониги, жинца Аллагьасде иман лъун, жив балагь-къварилъиялъулъе ккарав мехалъ, ай гьев чиясда лъани, гьеб жинда ккараб гIайиб, гьабураб мунагьалъе гIоло ТIадегIанав Аллагьас жиндие гьабула букIин, гьев чиясул рекIелъ цIикIкIуна якъин, якъин цIикIкIанагIан балагьалде сабро гьабизеги къадаралда иман лъезеги бигьалъула.

Цойги, щив чи вугониги ТIадегIанав Аллагьасул заталде иман лъун, ай Аллагь вукIин жинца хIакъ гьабун, гьев чиясул ракI гвангъула Аллагьасул асмаал, сифатал лъаялдалъун хIасуллъараб нуралъ. Ай, Аллагь лъаялъ тIад гьабула Аллагьасул асмаал, сифатал лъай. Масала, цо хан, ялъуни цо хIаким лъаялъ тIад гьабулеб гIадин досул тIабигIатал, хасиятал лъайи. Лъайзего лъаларев ханасе сифат кинха гьабилеб. Жиндаго вихьичIониги, вихьарас ялъуни дов лъалез бицуна рагIун, цо чиясда, хIакълъунго хан вукIин лъан хадуб, гьанжи гьас жигар бахъила досде гIагарлъизе. Гьелдалъун лъала ханасул тIабигIатал, хасиятал, бигьалъила досде аскIовегIан гIагарлъизе, аскIове гIагарлъанагIан рес гьечIого цIикIкIуна гьав чиясул рекIелъ ханасдехун бугеб рокьи; жиги, гьав чиясул жигаралда рекъон, гьав лъугьинеги бегьила бищунго ханас цере ккурал божарал гIадамаздаса.

Гьеле гьелда релълъон буго, тIоцове Аллагьасде иман лъедал, хадуб асмаал, сифаталги лъан, гьел лъаялъул анвараз ракI гвангъиялъул мисал. Ялъуни ТIадегIанав Аллагьасде иман лъейи жиндир хIакъикъияб, щулияб бугони, гьев чиясе ТIадегIанав Аллагьас кьола тавфикъ Аварагасул ﷺ суннаталда нахъ вилълъине. Гьеб Аллагьасде

иман лъейи хIакъикъияб букIиналъе гIаламатлъунги ккола гьеб Аварагасул ﷺ суннаталда нахъ вилълъин даимлъи, ва гьава-нафсалда нахъ вилълъун мекъаб рахъалдехун унгутIи.

ГIиял гIухьбузул аби букIуна, роцIцIараб мехалда рехъаде ясалги унел, роччараб мехалъин вехь къварагIунев, – абун. Гьелъухъего, Аварагасул ﷺ суннат, бокьараб мехалъ цIунун, чIалгIараб мехалъ тун букIунеб жо горо. Суннат цIуниялъул кутакалъ, течIого бегьизего бегьуларого рукIарал вагьабиязул мугжул, кIкIваян абулев чиго гьечIониги кIкIвайзе бегьана. Гьединаб Аллагьасде иман лъеялдейин абулеб гьересияб иман лъейиян.

Цойги аяталда абулеб буго гьадин:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿وَمَآ أَصَٰبَكُم مِّن مُّصِيبَةٍ فَبِمَا كَسَبَتۡ أَيۡدِيكُمۡ وَيَعۡفُواْ عَن كَثِيرٍ ٣٠﴾ الشورى: ٣٠

ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: «Ножоде щвараб балагь-къварилъи ножоцаго гьарурал магIсиятаздалъун буго, гIемерисел мунагьал Аллагьас тIаса лъугьунги тола», – абун.

Цебехун рехсон араб аяталда абун букIана, нелъеде тIаде щибниги мусибат бачIунаро, ТIадегIанав Аллагьасул изноялдалъун горониян. Гьаб аяталдайин абуни, абула буго нелъеде бачIунеб мусибат нелъерго магIсиятаздалъун бугоян. Кинха бичIчIилеб?

БичIчIизе гьаниб балъгояб, захIматаб жо гьечIо. Гьаб аяталъ хойзе гьабуларо, доб цебе рехсон араб аяталъул, ТIадегIанав Аллагьасул изноялдалъун горони щибго жо лъугьунаро, ай мусибат-къварилъи бачIунаро,

абураб магІна. Кинин абуни, нелъеца гьабуни цо мунагь, цинги тІаде бачІани цо къварилъи, ургъел, балагь; доб мунагь букІуна гьаб къварилъи-балагь щвеялъе ккараб сабаблъун, ракьалдасан хур-хер бижиналъе сабаблъун кколеб цІадалда релълъон. Ялъуни цо вагъулев чияс, кьабураб жо щоялдалъун живго цІунизе цебе кколеб турсалда[1] релъон. Доб турс батизе гьабуравги цІад байзе гьабуравги ТІадегІанав Аллагь вугев гІадин, гьаб балагь-къварилъи тІаде бачІиналъе сабаблъун ккараб мунагь батизе гьабуравги ТІадегІанав Аллагь вугелъул; гьеб мунагь гьабурав лагъ вугониги, гьебги Аллагьасул изноялдалъун бачІараб букІуна. Халкъ бижараб гІадин, халкъалъул пишаби, лъикІал-квешал гІамалал, – кинабго бижаравги ТІадегІанав Аллагь вуго. Гьедин букІиналъе гьаб хадуб бугеб Къуръаналъул аят далилги буго:

**قَالَ تَعَالَىٰ:** ﴿وَٱللَّهُ خَلَقَكُمْ وَمَا تَعْمَلُونَ ﴿٩٦﴾﴾ الصافات: ٩٦ . **وظهر من فحوى الآية أن الأفعال مخلوقة لله تعالى مكتسبة للعباد حسبما قالته أهل السنة والجماعة وبالاكتساب يتعلق الثواب والعقاب . «روح البيان» .**

«ТІадегІанав Аллагьас рижана нуж ва ножоца гьабулеб гІамал», ай кинабго; лъикІаб букІа, квешаб букІа гІамал-пиша бижарав Халикъ – ТІадегІанав Аллагь ккола. Гьеб гІамал хІалтІизаби, лагъасдасан букІуна. Лагъас хІалтІизабиялдалъун хурхуна гьеб фиша-гІамал ажро-кириялда яги гІазаб-гІакъобаялда. Масала, лъикІаб гІамал хІалтІизабиялдалъун ажро-кири щола, квешаб хІалтІизе гьабиялдалъун гІазаб-гІакъобаялде ккола. Гьаб буго агьлу-суннаталъул гІакъида, ай халкъалъул гІамалалги Аллагьас рижарал рукІин.

---

*[1] цебе кколеб щит*

**وفي الحديث : ((لا يرد القدر إلا بالدعاء ولا يزيد في العمر إلا البر ، وإن الرجل ليحرم الرزق بالذنب يصيبه)) . قوله : لا يرد الخ. لأن من جملة القضاء رد البلاء بالدعاء فالدعاء سبب لدفع البلاء وجلب الرحمة كما أن الترس سبب لدفع السلاح والماء سبب لخروج النبات من الأرض .**

Аварагасул ﷺ хIадисалда буго: «Къадар нахъчIваларо, дугIаялъ горони, гIумроги цIикIкIунаро, лъикIал гIамаldaздалъунгорони[садакъа-хайраталъулбищунголъикIаб – гIагарлъи хурхине гьаби]». Доб дугIаялдалъун балагь нахъ чIвайи, рахIматал тIаде цIайи, лъикIал гIамалаздалъун гIумро халалъи, – гьеб кинабгоги ТIадегIанав Аллагьасул хIукму-къадарлъун ккола. РечIчIа-кьабураб жоялдаса цIуниялъе сабаблъун цебе кколеб щиталда релълъон, ва хур-хер бижиналъе сабаблъун цIад-лъим кколебгIадин.

## БАЛАГЬАЗ МУНАГЬАЛ ЧУРИ

**قال ابن عباس رضي الله عنه : لما نزلت هذه الآية قال رسول الله صلى الله عليه وسلم : ((والذي نفسي بيده ما من خدش عود ولا عثرة قدم ولا اختلاج عرق إلا بذنب وما يعفو الله عنه أكثر))**

Ибну-ГIаббасидасан [رضي الله عنهما] бицана, гьаб рехсараб аят рещтIараб мехалъ Аварагас ﷺ абуна: «Дир нафс Жинда кодоб бугев АллагьасхIа, цо бакI хъарсарабгIан, ялъуни хIетIе хъущтIарабгIан, къаркъала тIуркIарабгIан, сорарабгIан къадаралдацин мусибат бачIунаро, мунагьалдалъун горони [ай гьеб мунагь чуризе горони]. ТIадегIанав Аллагьас захIмалъи-къварилъиялдалъун гIакъоба гьабичIого чурулел мунагьал [ай, тIаса лъугьун толел] – гIакъоба гьабулелдаса гIемерал руго».

Гьаб рехсараб аят Къуръаналда жанибго бищун нилъ рохизе ккарал аятаздасаги буго. Гьаб рехсараб, нелъее жиндилъ гIемераб рохел бугеб, аяталъул хIакъалъулъ ГIали асхIабас ﵁ бицунеб буго, Аварагас ﷺ бицухъе:

**((يا على ما أصابكم من مصيبة أي من مرض أو عقوبة أو بلاء في الدنيا فبما كسبت أيديكم والله أكرم من أن يثني عليكم العقوبة في الآخرة وما عفى الله عنه في الدنيا فالله أحلم من أن يعود بعد عفوه))**

Аварагас ﷺ абулеб буго: «Я ГIали! Ножоде щолеб щинаб мусибат, унта-щокълъи букIа, цогидаб гIакъоба-къварилъи букIа, – ножодасан ккарал мунагъаздалъун буго. ТIадегIанав Аллагь хирияв вуго, дунялалдаго гIакъоба-балагьалдалъун чурараб мунагьалдалъун ахираталда гIазаб гьабуларо, гIафву гьабун дунялалда тараздеги тIад вуссунаро», ай гьелги тола тIаса лъугьун.

ГIикраматицаги абуна ﵁: «КигIан гьитIинабниги, кIудиябниги захIмалъи-къварилъи, балагь чиясде бачIунаро, гьелдалъун горони чурулареб мунагь букIун, гьеб чуризелъун горони. Ялъуни, гьелдалъун горони щолареб даража букIун, гьеб щвезе гIоло горони», – ян.

Ибну-ГIатIаъ абурав гIарифуназул цоясги абулеб буго: «Жинде щвараб балагь-къварилъи, ай дагьаб, гьитIинаб букIа, яги гIемераб, кIудияб букIа, – жиндир мунагьаздалъун бачIараб букIинги лъаларев, гьеб балагь-къварилъиялдалъун хIалбихьиго гьабичIого ТIадегIанав Аллагьас гIафво гьабун тарал, доздасаги гIемер рукIинги лъаларев чи ккола, БетIергьанас жиндие гьарула ругелщинал лъикIлъабаздехун балагьи дагьав, ай гьелъул пикро гьабуларев, щукру дагьав чи», – ян.

Гьаб аяталъулъ буго жедеде тIаде балагь-къварилъи щварал чагIазул ракIазе рахIмат, гIодоре реччай. Щаян абуни, ахираталъул рокъоб жиндие кьезе букIараб гIазабалъул бакIалда, дунялалдаго къварилъи бихьизе гьабун тIаса ккола бугелъул. ХIакъикъаталда, дунялалъул балагьал кигIан чIахIиял, захIматалин кканиги, ахираталъул гIазабалде данде ккун, бигьаяблъун ккола. Муса аварагасде عليه السلام цо чияс абун буго: «ТIадегIанав Аллагьасдасан жиндие бечелъи-мал гьаре», – ян. Муса аварагас عليه السلام, гьев чиясул аманат тIобан, ТIадегIанав Аллагьасде досул мурад бицун буго. Цинги Аллагьас عز وجل гьикъун буго Мусаде عليه السلام: «Дов чияс бечелъи-мал дагьаб къадарищ гьарула бугеб, яги гIемерищ?», – абун. Муса аварагас عليه السلام жавабги гьабун буго, гIемер гьарула буго, абун. Нахъеяб къоялъ радалалде дов, бечелъи гьарула вукIарав чи, кIиябго бералдаса канлъиги ун бецлъун ватун вуго. Гьанжи вахъун вуго гьав Мусахъе. Инаго нухав, бацIцIаз тIадеги руссун талагьун вуго, ай рукьби хутIун руго. Хадусан Муса аварагас عليه السلام ТIадегIанав Аллагьасде гьелъул хIикмат цIехедал, Аллагьас гьадин абулеб буго: «Дов чияс гьарун букIарабани дагьаб бечелъи, Дица дов гьебги кьун, телаан. Дос гIемер гьаридал Дицаги гIемер кьуна. Дунялалъул бечелъи-мал, кинабго бугебщинаб данде гьабун кьуниги, гIемер букIунаро, дагьаб букIуна. ГIемераб бечелъи-мал букIунеб бакI ахират буго. Дов чияс тIалаб гьабула букIараб, ахираталъул бечелъи щвезе ккани, досие додин горони щолароан», – илан.

Бихьулищха, дунялалъул нигIматал, боцIи-мал, – кинабго данде ккуниги, гIемераблъун рикIкIунеб гьечIеб. Гьалдагорелъулъон,дунялалъулбалагьал-къварилълъабиги, кигIан чIахIиял, бакIал ругониги, дагьаллъун, бигьаялльун ккола. Щаян абуни, дунялалъул балагьал даимал, тIаса

унареллъун гьечIелъул, гьелъие ахир батулелъул. Ахиратин абуни, лъугIиго гьечIеб буго; гьениб букIунеб рахIат яги гIазаб, кигIан дагьаб букIаниги, кIудияб ккола.

ХIасил, гьаб аяталъ бусурбаби ахIулел руго, жедедасанго ккараб мехалъ магIсият, гьелдаса тавбо гьабизе хехлъи гьабиялде. Капурзабазейин абуни, квешал гIамалаздалъун дунялалда гIазаб гьабун, гьеб бецIизе БетIергьан гIедегIуларо, гьезда гьеб ахираталда бецIизе тола. Аварагзаби, мунагьалго гьаричIел ругониги, велизаби, – гьезде рачIунел балагьалги, сабро гьабиялдалъун гьезул даражаби цIикIкIиналъе букIуна. ГIисинал лъималазде рачIунел балагьалги, гьезие даражаялъе, эбел-инсул мунагьал чуриялъе руго.

**فعلى العاقل أن يسأل العفو والعافية في الدين والدنيا والآخرة فإذا ابتلي بشيئ من البلايا صبر عليه ليكون مأجورا ومكفرا عنه ذنوبه ... الخ . «روح البيان»**

ГIакъилав чиясе рекъараб буго, дунял-ухраялъулъ тавфикъ, сахлъи-саламалъи даимго Аллагьасде гьарулевлъун вукIин, ва, кинаб букIаниги балагь-къварилъи тIаде щвараб мехалъ, гьелде саброги гьабизе, гьелдалъун жиндир мунагьалги чуризе, кирилъунги хъвазе.

## АЛЛАГЬАС ЖИНДИР ХIУКМУ ХИСИЯЛЪУЛ БАЯН

ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго, цойги аяталда:

قَالَ تَعَالَى: ﴿ يَمْحُوا۟ ٱللَّهُ مَا يَشَآءُ وَيُثْبِتُ ۖ وَعِندَهُۥٓ أُمُّ ٱلْكِتَٰبِ ﴾ الرعد: ٣٩

Аварагас ﷺ мушрикиназе хIинкъи кьолеб букIана, Исламалде рачIунгутIиялъе гIоло жедее гIазаб щвезе букIиналдалъун. Гьеб, Расулас ﷺ хIинкъи кьолеб гIазаб,

хехго рещтIине тIалаб гьабулеб букIана гьез, ай уяб батани, рещтIине гьабеха, абун, балъаргъулеб хIисабалда. Ва гьединго абулеб букIана, цо хIукму насхо гьабураб мехалъ, гьав авараг вукIаравани, гьас Тавраталъул ва Инжилалъул гIемерисел хIукмаби хисизе гьарилароанилан, ай гьел хIукмаби Аварагас ﷺ живго лъикIав лъугьун хисизе гьарула ругеллъун кIалъалел рукIана. Цинги ТIадегIанав Аллагьас гьезул рагIи нахъ чIван, абуна: «Аллагьас хIукму гьабураб щинаб жоялъе буго чIезе гьабураб заман ва къадар. Гьеб заман-къадар цохIо лахIзаталъги нахъе-цебе бахъуларо, ками-цIикIкIинги букIунаро». Ай, ножоца хехго щай тIалаб гьабулеб, гIазабалъеги бугеб бихьизе гьабураб заман ва къадар, – абураб мурад буго. «Гьеб хIукму-къадаралъул Аллагьас, Жиндие бокьараб хъвагIала, ай хойзе гьабула, Жиндие бокьараб хойзе гьабичIогоги тола. Дов Аллагьасда аскIоб буго *"Уммуль-китаб"*ги», ай киналго аслиял хIукмаби жинда жанир хъвараб тIехь; хойзе гьаби, хисизе гьаби, тIаде жобай, тIаса бахъи жиндие гьечIеб. Гьеб ккола азалияб гIилмо, Живго ТIадегIанав Аллагь горони, кигIан кIудиял малаикзаби рукIа, аварагзаби рукIа, жинде раккулареб.

**قال ابن عباس رضي الله عنه : هما كتابان ، كتاب يمحو الله منه ما يشاء ويثبت ما يشاء ، وأم الكتاب الذي لا يغير شيئ منه . «خازن» جـ ٣ ، صـ ٦٧**

Ибну ГIабасица абуле буго: «ХIукму-къадар хъвараб тIехь кIиго буго. Цояб ТIадегIанав Аллагьас Жиндие бокьараб жо хъвагIан хойзе гьабулеб, бокьараб хойзе гьабичIого толеб. Цогидаб *"Уммуль-китаб"*, – хIукму-къадаралъе хиси гьечIеб».

«ТIадегIанав Аллагьас Жиндие бокьараб хойзе гьабула, бокьараб тола», – ян абураб аяталъул магIнаялда сверухъ

тафсиралъул гІалимзаби батІа-батІа кІалъан руго. Тавраталда ругел хІукмаби хисизе гьариялда тІасанлъидал ягьудиязул дагІба букІараб, гьезде данде ТІадегІанав Аллагьас абун буго: «ШараигІазулги, фараизазулги, хІукмабазулги Жинца бокьарб хисизе гьабила, бокьараб хисизе гьабичІого тела», – абун.

Ялъуни, гьелъул магІна: тавбо гьабурав чиясул мунагьал чурула, ай гьеб мунагь хъвагІала гІамал хъварал тептералдаса, гьелъул бакІалда хъвала лъикІаб гІамал гьабураблъун.

Ялъуни, инсанас гьабураб щинабги абураб щинабги, гьоркьоб рагІи беччайчІого, – кинабго хъвалел малаикзаби ругелъул щивав чиясда цадахъ, гьел гІамалал ТІадегІанав Аллагьасде цере рачІуна щибаб Хамиз къоялъги Итни къоялъги. Гьеб кІиябго къоялъ Жинде цере рачІунелъул, гьел гІамалазда гъорлъа ТІадегІанав Аллагьас хъвагІала жедедалъун кириги щоларел гІакъобаялдеги кколарел рагІаби. Масала: «Дун кванана», «дун рокъове лъугьана», «дица лъин гьекъана», – абурал гІадал, ай гьел рагІаби гьереси батичІони. ХІасил, гІамалал хъварал кагътал ТІадегІанав Аллагьасде цере рачІуна рацІцІадго, жедедалъун кири щолел, ялъуни гІакъобаялде кколел гІамалаздалъун.

**وقيل : إن الله يثبت في أول كل سنة حكمها فإذا مضت السنة محاه وأثبت حكما آخر للسنة المستقبلة**

Ялъуни доб аяталъул магІна: ТІадегІанав Аллагьас щибаб лъагІалил авалалда чІезе гьабула хІукму. Гьеб лъагІел ахиралде щведал, гьеб хІукмуги хойзе гьабун, чІезе гьабула цойги хІукму, бачІунеб лъагІалие.

**وقيل هو في المحن والمصائب فهي مثبتة في الكتاب ثم يمحوها بالدعاء والصدقة**

Ялъуни гьеб буго тIаде балагьал-гIакъобаби рачIиналъул хIакъалъулъ. Масала, цо балагь тIаде бачIине хъвараб хIукму бугони, гьеб хIукму хъвагIала балагь жиндие хъван букIарав чиясул дугIаялдалъун яги садакъаялдалъун.

**وقيل ان الله يمحو ما يشآء ويثبت ما يشآء لا اعتراض لأحد عليه يفعل ما يشاء ويحكم ما يريد . «خازن» ، جـ ٣ ، صـ٦٧**

Цойги абулеб буго гьадабго аяталъул хIакъалъулъ: «ТIадегIанав Аллагьас Жиндие бокьараб хIукму хъвагIайла, ай хойзе гьабила, нахъе босила доб китабалдаса, бокьараб хъвагIайчIого тела, гьелде данде чIолев чи щив вугев, ай цониги гьечIо, Дос гьабила бокьараб». ХIакъикъаталдаги, ТIадегIанав Аллагьас щиб гьабуниги, Гьесда дагIба лъица балеб, щив Довгун дагIбадилев? ДагIбадун щив бергьарав?

*Махлукъаталда цадахъ гIамалалги рижарав,*
*ГIадлогин гIафво-рахIмо Жиндир кверщаликь бугев;*
*«Кун» – абураб лафсалда ирадат[1] билъланхъулев,*
*ДагIбадун, къец гьабизе мугIариз[2] Жиндий гьечIев.*

*Жинца гьикъун горони, Жиндиде гьикъуларев,*
*Жаббарун, ХIаййун, Къаййум, яхIкуму ма юриду, –*
*ДагIба гьелде гьабулев лагъ вацIцIадав вукIинищ?*
*ВацIцIадав гьечIони лагъ Сайидасе вокьилищ?*

---

*[1] Жиндие бокьараб хIукму «Мун буголъе» – абураб рагIиялдалъун.**
*[2] Жинде данде вахъунев чи.**

## МАЛАИКЗАБАЗ РЕКІЕЛ ЗИКРО ХЪВАЯЛЪУЛ БАЯН

ГІалимзабазул хилаф ккана, гІамалал хъвалел малаикзабаз [ذكر القلب] ракІалъул зикро хъвалищ, яги хъваларищ, абураб суалалда тІасан. Имаму Нававияс ﷺ асахІаблъун[1] гьабуна гьеб хъвалеб букІин.

**قال الشيخ عز بن عبد السلام : اَلْمَلَكُ لا سبيل له إلى معرفة باطن العبد في قول أكثرهم .**

ГІиззуддин бину ГІабдусалам абурав гІалимас абулеб буго: «ГІемерисел гІалимзабазул рагІуда бан, малаикасе нух гьечІо лагъасул батІин лъайзе, ай малаик ваккуларо инсанасул рекІелъ бугеб гІилмоялде». ГІарифуназги гьединго абула. Цойги рагІи буго: «Малаикасда лагъасул рекІел гІилмо лъала, амма тептералда хъвазе изно букІунаро, кІалалъ абураб горони», – ян. Кинниги, агьлоялда гІадин лъикІ жо лъаларелъул, рекІел зикро малаикасда лъалеб батаниги, лъалареб батаниги, гьез гьеб хъваларо, накъшубандиязда аскІоб.

**ويؤيد ما في «ريحان القلوب» أن ذكر الخفي هو ما خفي عن الحفظة لا ما ينخفض به الصوت وهو خاص به ﷺ ومن له أسوة حسنة . «روح البيان» جـ ٤ ، صـ ٣٨٥**

РекІел зикро малаикзабаздаса балъгояб букІин мухІ-кан гьабулеб буго гьаб рехсараб накълоялъги: «РекІел зикроян абулебго гьеб зикроялде буго, хІафазатаздаса[2] жиб балъгояб. Гьаракь беччайчІого, ай нафсалда рагІиледухъ бачаниги, кІалалъ бачунеб зикро горо. Гьеб рекІел зикроги буго Аварагасда ﷺ хассаб зикро ва гьесда нахъ рилълъараздаги».

---

*[1] КьучІаблъун.*

*[2] ГІамалал хъвалел малаикзабаздаса.**

**وروي أن عمر ﷺ أنه كان يطوف بالبيت وهو يبكي ويقول : اللهم إن كنت كتبتني في أهل السعادة فاثبتني فيها ، وإن كنت كتبتني في أهل الشقاوة فامحني وأثبتني في أهل السعادة والمغفرة لأنك تمحو ما تشآء وتثبت وعندك أم الكتاب . «روح البيان» جـ ٤ ، صـ ٣٨٥**

Аллагь жинда разилъаяв ГIумар асхIабас КагIбаялда сверун тIаваф гьабун буго, гьаб дугIаги гьабулаго: «Я дир Аллагь! Дуца дир цIар хъван батани сагIадаталъул агьлоялда гъорлъ, ай дун гьездаса ватани, дир цIар гьенибго те. Шакъаваталъул, ай къосараб агьлоялда гъорлъ хъван батани дир цIар – гьениса хъвагIан, сагIадаталъул агьлоялда гъорлъ хъвай, Мун вукIиналъе гIоло дуе бокьараб хъвагIалевлъунги хъвагIайчIого толевлъунги», ай бокьараб гьабизе хIалкIолевлъун.

ТIадегIанав Аллагьас цойги аяталда абулеб буго:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ وَلَوْلَا دَفْعُ ٱللَّهِ ٱلنَّاسَ بَعْضَهُم بِبَعْضٍ لَّفَسَدَتِ ٱلْأَرْضُ وَلَـٰكِنَّ ٱللَّهَ ذُو فَضْلٍ عَلَى ٱلْعَـٰلَمِينَ ﴾ البقرة: ٢٥١

«Аллагь вукIинчIевани Жинца гIадамал цуцаздаса, цоял цояздалъун, нахъчIвалевлъун, ракьалда тIад фасалъи лъугьинаан. – Ай, муъминзабаздалъун, свалихIуназдалъун мушрикунал, фужарал Жинца нахъчIвалевлъун ТIадегIанав Аллагь вукIинчIевани, мушрикинал бергьун, бусурбаби гъурун, масжидал, шагьраби хараблъизе гьарун, наслаби, хур-хер, магIишат пасат гьабун, гьединаб пасалъи ккелаан дунялалда тIадго. – Кинниги, Аллагь фазло-цIцIоб гIатIидав вукIиналъ, гIалам гьединаб пасалъиялдаса цIунула цоял цоязе сабаблъун тIамун».

**قال رسول الله ﷺ : ((إن الله ليدفع بالمسلم الصالح عن مائة أهل بيت جيرانه البلاء)) . «روح البيان» جـ ١ ، صـ ٣٩٢ . وقال ابن عمر رضي الله عنهما : سمعت رسول الله ﷺ يقول : ((إن الله ليدفع بالمسلم الصالح عن ألف بيت من جيرانه البلاء)) ثم قرأ : ﴿ولولا دفع الله الناس بعضهم ببعض﴾ الآية . «مستطرف» جـ ١ صـ ١٩٢**

Аварагасул ﷺ хIадис буго: «Цо лъикIав муъминчиясдалъун ТIадегIанав Аллагьас мадугьаллъиялъул нусго рукъалдаса балагь нахъ чIвала», – абун. Цойги хIадисалда, азарго рукъалдаса нахъ чIвалинги буго.

**وقيل الدين والملك توأمان ففي ارتفاع أحدهما ارتفاع الآخر لأن الدين أساس والملك حارس وما لا أساس له فمهدوم وما لا حارس له فضائع ... الخ . «روح البيان»**

## ХІУКУМАТАЛЪУЛГИ ДИНАЛЪУЛГИ МИСАЛ

ХIукуматги динги рельлъон буго кIиго эгизалда, цояб хойзе тун, цояб хьихьун бегьулареб, ай тIобалареб. Гьединлъидал кIиялъулго, ай хIукуматалъулги диналъулги, цояб борхиялдалъун цогидаб борхиги букIуна. Дин ккола халкъалъул гIумроялъул асло-кьучIлъун, хIукумат ккола гIаламги гIаламалъул гIумро-яшавги, гIадло-тадбирги цIунизе чIезе гьабураб низамияб гIуцIцIи. ЧIванкъотIун абуни, гьелъул магIна буго, дин гьечIого хIукуматги, хIукумат гьечIого динги тIобаларо, абураб. Жиндие асло-кьучI [фундамент] гьечIони, бараб бакI бихxула; цIунулев чи гьечIони, ай хIукумат гьечIони, гIаламги гIаламалъул гIадло-низамги, – кинабго пасалъула. Гьеле гьедин асло-кьучI гьечIого, «религия – враг народа», – абураб [халкъалда рагIун абичIониги] ахIиялда гъоркь гIуцIцIараб букIиналъ, совет хIукумат биххана, паналъана. ХIукумат

биххун хадуб халкъги пасалъиларищ, гъозда «Дин», абураб щинаб жо кIочон букIиндал.

Цинги, гьеб атеизмаялъул унтиги тIаса ун, рес щведал, гIадатияб халкъ диналдехун буссана. Бищунго гIажаиблъи гьабизе ккараб жо: Совет хIукумат биххун хадуб анцIго соналъ рукIана вагьабиял, «Ле!», – ян абулев чи гьечIого, реччан тун. Щивалиго чиясул кесениб патрон батанила, киналигоясухъ таманча батанила, гьебги бахъун, гьев судалда цевеги чIезе гьавунилаян радиоялъ бицуна дирго гIиналда чанги рагIана. Вагьабиялин абуни, колонна гьабун, рагьараб къагIидаялда, автоматалгун, пулеметалгун, гранаталгун трассаздасан хьвадулел рукIана. ГАИялъулги гьезде кIалъалев чи вукIунароан, постаздаги гьел чIезе гьарулароан, гьеб кинабго халкъалда беразда бихьараб жо буго.

Гьедин гьеб букIаниги, хIакимзабийин абизего абиларо, журналисталин, атеисталин, хъвадарухъабийин абун, цо гIадан гьезда тIасан кIалъалев чиги лъугьинчIо, дида лъалебгIан къадаралда. Амма ЦIумаде, Болъихъе, ЦIияб Лак районалде, ахиралда вагьабиял кIанцIарал мехалдайин абуни, нежее умумузул дин горони вагьабиязул дин къварагIун гьечIилан добго радиоялдасан халкъалъго ахIи бана.

ХIасил, анцIго соналъ Динияб идараялъги Исламиял гIалимзабазги бицуна букIаниги ричIичIел вагьабиял, халкъалда рихьана ва ричIчIана, дандеги рахъана. Гьенир гIахьаллъарал милиция, ОМОН, ополченцал абун, – гьел гIолохъабазе баркалаги кьуна халкъалъги хIукуматалъги, биял гIодоре тIолеб питнаялдаса цIунун Дагъистанги хутIана.

Гьелдаса хадуб гьоркьоб моцI инелдего, журналистал лъаларо, атеистал лъаларо, цо-цо дагъистаниял рагьун Динияб Идара какизе лъугьана, жакъаги какулебги буго Исламияб динги Динияб Идараги. Вай тамаша, гIаламат! Цо жо какизе ккани, гьелдасан бугеб квешлъи, зарал букIине ккеларищ? Бихьизе гьабеха Динияб Идараялъ гьабула бугеб зарал хIукуматалъе яги халкъалъе. ЦIогьордизе, гIадамал чIвайзейищ манлъула бугеб, хIукуматалъул мина, тIадеги кIанцIун, Динияб Идараялъищ талагьараб, халкъ жаниб чIарал минабийищ Идараялъ къвагьизе гьарурал? Гьаб рехсараб щинаб хIакъикъат халкъалда лъаларебинищ гьезда кколеб? РагIал гьечIеб майдан букIунаро, кида-къадниги гьаб киналъего къимат битIараб кьолеб заман бачIине батила, иншааллагь.

Хал гьабураб заманалда, Идараги Исламги какизе гьезие хIужа гьечIелъул, гьезие захIмалъараб жо – Дагъистаналда Ислам тIибитIула букIин. Ункъого проценталдаса цIикIкIун бусурбаби ругеб Дагъистаналда Ислам горони, щибха тIибитIизе кколеб? Исламияб дин горони, Дагъистаналда цогидал динал гьечIогойищ ругел, гьелги тIиритIун горони, дагьлъулаго ратиларогури? Дагъистаналда, цогидал бакIаздаго гIадин, бусурбабаз гьабула буго Исламияб дин, христианаз гьабула буго христианазул дин, жугьутIаз гьабула буго жедерго дин, ножоца щиб динха гьабула бугеб, атеистал!? Дагъистаналда Ислам гIатIилъи ккола халкъалда гьорлъа чуруклъаби-квешлъаби дагьлъи. Щайда гьаб гьазие бегьула гьечIо? Гьез щай хал гьабулареб, дагьабниги Исламияб бичIчIи щварал гIолохъабазда гьорлъ ругищ наркоманал, ватулищ гьезда гьорлъан цонигияв саяхъ хьвадулел къокъабазда гьорлъ, бикъа-хъами, цIогьалъул гIахьалчагIилъун. Гьоркьов чи

хутIичIого, Дагъистаналъул халкъ лъугьунебани Ислам бичIчIулеллъун, лъугIизе букIана гIолохъабазда гьоркьоса квешал щинал хьвада-чIвадиял, руссине рукIана лъикIаб рахъалдеги.

Гьанжиги ургъе мун, Дагъистаналда Ислам тIибитIи захIмалъарав чи! Дуда щиб жо рихун бугеб, сунде дуца инкар гьабула бугеб, дуе Дагъистаналъул халкъ, сундасаги буссун, кибехун балагьизе бокьун бугеб? Халкъалъул ургъелни нелъеде тIаде кколеб жо горо, халкъ бижарав БетIергьан вугелъул, Дос вачаралъуве инчIого инсан вукIинаро, амма ножода лъай, хIалкIолев Аллагьас цо къоялъ ножодаги кьабизе бугеб къагьроялъул цIал! Гьелдаса ножое рорчIизе бакIги гьечIеб, ножоде щвезегIан цере рукIаралги рорчIичIел гьелдаса.

Революциялъул заманалда, рухIаниял абун цIарги лъун гIалимзаби, – гьелги расги гIайиб жедеда гьечIел, гьединго кулакалин абун цIарги лъун бечедал чагIи гъурараб куц лъалареб жо горо. Гьел ана ахираталде, зулмуялъ чIван хваразул даражаялда. Гьел бусурбабаз жакъаги ракIалде щвезе гьарула, гьезие дугIа-алхIамги букIуна. ГIицIго хъулухъалъе, чадие гIоло гьеб зулмуги гьезда гьабун кутакаб ракIчIеялда, чIухIун, властги кодобе щун рукIарал ЧК – аялъул, «тройка», – ялъул гIахьалчагIи ва гьел горелги мунафикъзаби кире арал?! Вугищ гьезул нахъе хутIарав чи, щиб гьезул ккараб?! Нелъееги рес гьечIеб гьезда хадур инчIого. Гьеб хвелги бугеб, рухIбахъиялда витIун ккарав алжаналъуве, мекъса ккарав жужахIалъуве лъугьунеб баб, ай нуцIа. Гьеб жужахIги бугеб, мекъса ккарасе абадияб туснахъ. Туснахъалъуве лъугьун хадуб горони, эркенлъиялъул къиматги лъалареб. ГIакъло камилав инсанас гIумроги гьабулеб туснахъалъуве ккеларев хIалалда.

Аллагьги лъаларев, динги лъаларев цо гІолилас щибаб сордойил, кьижулелъул, аскІоб таманча лъолеб букІун буго, ГІизраил нагагь вачІанииян абун. Цо сордоялъ гьев радалалде хун ватун вуго. Молодаги лъун, гьев вукъизе унаго, гьесул пиша жинда лъалев вукІарав мадугьалас абун буго, молода хадувги валагьун: «Гьай хъахІбал вас! Нолъ тохлъун ккарав къагІида вугоха», – абун. Гьединаб хвел нелъеда дагьабищ бихьула бугеб, нелъер ракІаз ричІад гьабуниги, гьеб хвел нелъеда нахъа чІун буго, гьеб ножодаги кІочонге.

*Жагьлоялъ къвал байдал къун ккараб талихІ*
*Къоял тІагІун хадуб нахъ буссинаро;*
*Рии чІедалниги хур бекьичІони,*
*Хаслихъе хІалбахъин бакІариларо.*

*БетІер хъахІлъун, мегеж чарлъидалниги,*
*Чара гьечІеб хвалий къачІазе ккела.*
*Къуватаб черхалъул тату холелде*
*Тавбоялъул шартІал цІехон лъикІ, гьудул!*

*Дурго кІал-мацІалда кверщел букІаго*
*Шагьадат битІани, мун витІун ккела.*
*Малакул-мавт вачІун, печать чІвалелде*
*Пайдаялъе кІалъай, гІакъил ватани.*

*ГІадада Жинца нуж рижун гьечІилан,*
*Рижарав Аллагьас абулеб буго;*
*Анбияал ритІун, тІахьалги рещтІун,*
*ШараигІал цІуни тІадги къан буго.*

*ТІолго гІаламалъул заррабазухъа*
*Явмул-мисакъалда къотІи босана,*
*Къудратав Аллагьас: «Дун ножор Бечед*
*Вугищ?» – илан гьикъун, къабул гьабуна.*

*Гьеб къотIиги босун, Халикъас гIалам*
*Хадуб дунялалда загьир гьабуна.*
*ГIаламул-мулкалда тагIалукъ ккедал*[1]
*ЛатIаифал пурччун, къотIи кIочана.*

*Рахъ чIунтун, лъим къотIун, ракъван хутIарал*
*АлтIафазул мисал хIоразул ккана.*
*ХIузур жамгIияталъ рахъ ислахI гьабун,*
*Гьел къачIайзе лъалев чи хIажалъана.*

*Чорхол лугбазда тIад вехьлъун гьабураб*
*РекIел матIу бацIцIин фарзлъун тIад чIана.*
*Фирасат гвангъизе, илагьияб нур,*
*ГьечIого гIолареб магIданлъун ккана.*

*Машаихзабазе анбияазул*
*Варисзабийилан, сифат гьабуна.*
*Гьезул тарбиятги муъминзабазе –*
*Агьаммул-мугьиммат*[2] *бугин бицана.*

*Цинги, дунялалде вачIун хадуса,*
*Инсанасул гьелда хурхен лъугьиндал,*
*Гьеб сабаблъун жиндир аслияб ватIан –*
*ГIаламул-зараги гьесда кIочана.*

*Гьанжи, кIочон тараб аслияб ватIан*
*РакIалде щвеялъе хIалтIизе ккана,*
*Ругел бакI лъаларел, ракъван хутIарал*
*ЛатIаифазе доб нур хIажалъана.*

*Нуранияб файзалъ рацIцIадги гьарун,*
*Гьел хIалтIизарулеб зикро манлъана;*

---

*[1] Ай, дунялалда хурхен ккедал.*
*[2] КIвар бугездасаги кIвар бугеб.*

*Зулматал тIаса ун, ругел бакIал лъан,*
*РакI чIаголъарасул гьелги хIалтIана.*

*Гьанжи ракIалде щун, аслияб ватIан –*
*ТIад руссине кколеб рукъ букIин лъана.*
*Лъан хадуб, Халикъас тIоритIанщиназ,*
*Щибго жо рехон тун, зад[1] хIадурана.*

*Заррабаз гьабураб къотIиги кIочон,*
*Гьелда хутIаразда  Халикъ ватичIо;*
*ВатIанги гIалахги, хвел-чIаголъиги*
*ЧIаго ракIал хварал, гьезда бихьичIо.*

*Ижараялъ кьураб ракь-мулкалда тIад*
*Кверги лъун, ахIмакъаз дунял гIуцIцIана.*
*Доб аслияб ватIан – абадияб рукъ,*
*Элъул хабар гьазий маргьолъун ккана.*

*Маргьабазда гIумро араб къавмалда*
*Къуръаналъул вагIза берцин бихьичIо;*
*Бакъги моцIги гIадаб гвангъараб Ислам*
*Сардил бецIлъиялде гьазий сверана.*

*Аварагзабазул шараигIалги,*
*ЩайтIаналъ хадур цIан, гьезда рихана.*
*Гьавагин нафсалъ жал лагъзаллъун кведал,*
*Лагълъи тIадав МагIбуд гьечIилан чIана.*

*Гьалги, гьал горелги, куллу гIаламги, –*
*Кинабго бижарав Халикъ цо вуго.*
*Халкъалъул тадбирги хIукму-къадарги*
*Досда кодоблъидал, АлхIамдулиллагь!*

---

*[1] Зад – сапаралде унес цадахъ босулеб нахърател.**

# الباب الرابع
# УНКЪАБИЛЕБ БЕТIЕР

## ДУГIАЯЛЪ БАЛАГЬАЛ НАХЪЧIВАЙ ВА ХIАЖАТАЛ ТIОРАЙ

Балагьал нахъчIваялъе ва хIажатал тIораялъеги дугIаялъул букIуна кIудияб пайда. ТIадегIанав Аллагьас Къуръаналдаги абулеб буго: «Жинде гьаре, дугIа гьабе», – ян. Гьелъул хIакъалъулъ руго Аварагасул ﷺ хIадисалги ва гьединго гIалимзабаздасан рачIарал харбалги.

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ وَإِذَا سَأَلَكَ عِبَادِي عَنِّي فَإِنِّي قَرِيبٌ ۖ أُجِيبُ دَعْوَةَ الدَّاعِ إِذَا دَعَانِ ۖ فَلْيَسْتَجِيبُوا لِي وَلْيُؤْمِنُوا بِي لَعَلَّهُمْ يَرْشُدُونَ ﴿١٨٦﴾ ﴾ البقرة: ١٨٦

Аят рещтIиналъе сабаб бицана батIа-батIайиса. Аллагь жинда разилъаяв Ибну ГIаббасица абуна: Мадинаялъул ягьудияз абуна свалат-салам лъеяв Аварагасде: «Дуца горищ абулеб, “Нелъедаги зобалдаги гьоркьоб щунусго соналъул манзил буго ва щибаб зобалда гьоркьобги гьедигIанго буго”, – ян. Гьединги букIаго, нелъер дугIа Аллагьасда кин рагIулеб?» – абун.

Цойгияс абуна: «Жедеда Аллагь разилъаял асхIаб-забазул цояс гьикъана свалат салам лъеяв Аварагасде: “Аллагь нелъеда гIагардайищ вугев, нежеца гьавугьин, ай щурараб гIадин, гьаризе, яги ричIадайищ вугев, нежеца ахIун гьаризе?”». Ялъуни цояс гьикъана свалат салам лъеяв Аварагасде: «Аллагьасде щиб заманалда гьарилеб?» – абун. Ялъуни гьикъана: «Нелъер Аллагь кив вугев?» – абун. Гьал рехсарал суалазе, киналъе батаниги, жаваб гьабун, рещтIараб буго цебехун рехсараб аят.

ТIадегIанав Аллагьас шаригIатги шаригIаталъул арканалги умматалда тIад къана дагь-дагьккун, гьебги Исламалде рачIине захIмалъичIого букIине гIоло. Масала, цадахъго, цохIо къоялъ киналго Иман-Исламалъул арканал тIад къан рукIаралани, Исламалде рачIине бигьаго букIинароан. Хъанчазул КагIба рукъги цIезе гьабун рукIарал Маккаялъул агьлоялдаги гьединго цойгидаздаги, ТIадегIанав Аллагьас свалат-салам лъеяв Аварагасде Къуръанги рещтIун, гьес гIадамазеги бицун горебани, шаригIат кинха лъалеб букIараб.

ТIадегIанав Аллагьас Къуръаналъул аятал, свалат-салам лъеяв Аварагасе, ягьудияз бугониги, насранияз бугониги, гьел горел цойгидаз бугониги кьурал суалазе жаваб гьабун, мушрикиназ ва цогидал куфараз свалат-салам лъеяв Аварагасе гьабулеб хиянат, гьезул макрохIилла, гьерсал къватIир чIвазе гьарун, хIалалаб-хIарамаб баян гьабун, эбел-инсуца лъималазде гIадин берцинго, лъикIаб-квешаб, кинабго манлъун, гьедин, хIажат бихьун, дагь-дагьккун рещтIарал руго. Гьединлъидал, Аллагь гIагардайищ вугев, рикIадайищ вугев абун, жодода Аллагь разилъаял асхIабзабаз суал кьунилан, гьезде жагьло гIунтIизе гьабизе лъугьине бегьуларо.

Аяталъул магIна: «Дуда гьикъараб мехалъ Дир лагъзадерица Дир рахъалдасан, дуца гьезде абейила, Авараг: “Дун [ай, Аллагь] гIилмо-къудраталъул рахъалъ ножода гIагарда вуго, Дидаги жедер дугIаялдаги гьоркьоб пардав гьечIо, Дица жавабги гьабула Диде ахIарав чиясе,” – ян. Гьезги гьабе абе Дир ахIиялъе жаваб, иманалде рачIун, амроялда нахъ рилъун, Дие мутIигIлъун, лъикIал гIамалал

гьарун, Дица жодое гьабулеб гIадин[1]. Диде иманги лъе абе гьезда, хIакъаб иман лъеялъ, ай гьелда чIаян абе. Гьелдалъун нуж тIоритIизе диналъулги дунялалъулги маслахIат бугебщиналде».

Ай, ТIадегIанав Аллагьасул ахIиялъе жедеца жавабги гьабураб мехалъ, хIакъикъияб иман лъеялъ иманги лъураб мехалъ, гьел чагIи ккола диналъулги дунялалъулги маслахIаталде тIоритIараллъун.

**واعلم أن عدم الدعاء بكشف الضر مذموم عند أهل الشريعة والطريقة لأنه كالمقاومة مع الله**

Балагь, зарал тIаса борхиялъе дугIа гьабунгутIи, ай ТIадегIанав Аллагьасде гьаричIого чIей – шаригIаталъулги тIарикъаталъулги агьлоялда аскIоб какараб буго, Аллагьасдасан щибго жоялде хIажалъуларев чилъун кколев вугелъул.

**فالسبب واجب للعوام والمبتدئين في السلوك والتوكل افضل للمتوسطين وأما الكاملون فليس يمكن حصر أحوالهم فالتوكل والتسبب عندهم سيان**

ГIавамаздаги, ай нилъ гIадал загIифал гIадамазеги, сулукалъул байбихьиялда ругезеги сабабазда хурхин тIадаб буго. Сулукалъул гьоркьохъеб даражаялда ругезе ТIадегIанав Аллагьасде таваккал тIами хирияб буго. Амма камилал гIадамазейин абуни, сабабалда хурхинги таваккал Аллагьасде тIамун чIейиги цого гIадин буго.

**روي أن ابراهيم عليه السلام لما القي في النار لقيه جبريل عليه السلام في الهواء فقال : ألك حجة؟ فقال : أما إليك فلا . فقال : فاسأل الله الخلاص . فقال عليه**

[1] *Ай, «Дица гьезул ахIиялъе жаваб гьабулеб гIадин».*

**السلام : حسبي من سؤالي علمه بحالي . وهذا مقام أهل الحقيقة من الكمّلين الفانين عن الوجود وما يتعلق به والباقين بالرب في كل حال فأين أنت من هذا فاسأل الله عفوه ومغفرته وقد كان رسول الله صلى الله عليه وسلم يكلم الناس بقدر مراتبهم ولذا قال لأعرابي أرسل إبلا له توكلا عليه تعالى : ((اعقلها وتوكل على الله)) . «روح البيان» جـ ١ ، صـ ٢٩٧**

Намрузица цIадаве рехун унаго, гъаваялда, Ибрагьим аварагасде ﷺ дандеги вачIун, Жабраил малаикас ﷺ абун буго: «Дуе хIажатаб жо бугищ?» – абун. Жаваб гьабун буго Ибрагьим гIалайгьи саламас: «Дудасанни гьечIо», – абун. «Гьедин батани, Аллагьасде гьареха», – ян абун буго Жабраилас ﷺ. Гьелде дандеги гьабун буго жаваб: «Дие гIела, дица гьаричIониги, Аллагьасда лъалеб букIин», – абун.

Гьадинаб таваккалалъул, саброялъул бетIергьабазде абула *«Агьлул-хIакъикъат»*, – илан. Гьазие къварагIунароваситIа. Амма нилъ гIадал загIипал гIадамаца гьаризе ккола ТIадегIанав Аллагьасде, васитIаги нелъее къварагIуна.

## ДУГIА ГЬАБУНИГИ ЖАВАБ ГЬАБУНГУТIИЯЛЪУЛ ХIИКМАТ

**ثم اجابة الدعاء وعد صدق من الله لاخلف فيه ومن دعا بحاجة فلم تقض بحال فذلك لوجوه:**

«Ножоца гьаре, Дица жаваб гьабила», – ян ТIадегIанав Аллагьас абун бугелъул, нелъее дугIаялъе жаваб гьабичIого толеб гьечIо. Амма цо чияс жиндирго мурадлъун бугеб, балагь тIаса боси букIаниги, ялъуни цо кинаб бугониги жиндие хIажатаб жо тIалаб гьабун бугониги, гьарараб мехалда, гьеб сагIатго жаваб гьабичIони, гьелъие рукIуна батIа-батIаял гIиллаби.

ДугIаялъе жаваб гьабиялдаги гьарун лагъас тIалаб гьабураб жо гъосие кьеялдаги гьоркьоб батIалъи буго. Жиндир муъминав лагъас: «Я Рабби!», – ян абураб мехалда, ай ахIараб мехалда, «Лаббайка, – ай, – гьале Дун, Дир лагъ! Щиб дур мурад?», – илан аби, – гьеб бугоха жаваб гьаби. Гьаб жаваб ТIадегIанав Аллагьасул лагъасе кидаго буго. Амма дов лагъас гьарараб жо досие кьейи – гьеб буго лагъасул мурад тIобай. ГIицIго жаваб гьабун теялдаги гьарараб жо кьеялдаги гьоркьоб батIалъи гьечIишха?

ТIадегIанав Аллагьас гьарараб жо лагъасе кьейиги букIуна батIа-батIайиса. ТIадегIанав Аллагьас лагъас гьарараб жо гьеб сагIаталдаго кьезеги бегьила, заман ун хадуб кьезе тезеги бегьила, ахираталда кьезе тун букIинеги бегьила, ялъуни кьезего кьечIого тезеги бегьила, кьеялъулъ маслахIат батичIони. ТIадегIанав Аллагьасе бокьуларо лагъ: «Дица гьарана, жаваб гьабичIо», – ян гаргадулевлъун вукIине. Гьединав чиясул дугIа къабулги гьабуларо, дугIа гьабулесул ракIчIей букIине кколелъул къабул гьабиялда. Цойги, ТIадегIанав Аллагьас къабул гьабуларо шаргIалда рекъоларeб, мунагьалъулъе кколеб дугIа ва гIагарлъи тIезе гьабизе гьабулеб бугониги.

ТIадегIанав Аллагьас лагъасул дугIаялъе жаваб гьабиялъе ругел шартIаздаса ккола, доб аяталъ абухъе, лагъас Аллагьасул ахIиялъе жаваб гьаби, ай Исламалде вачIун, амро-нагьюялда нахъ вилълъун, лъикIал гIамалал гьарун. ДугIаялъе жаваб гьаби жинда бараб, бищунго кIвар бугеб шартIлъун ккола гьарулев чияс черх бацIцIад гьаби, хIалалаб, бацIцIадаб тIагIам кванаялдалъун. ХIарамаб кваналаго, гьекъолаго гIуравги вугони, гьанжи кваналебгьекъолебги хIарамаб бугони, гьев чиясул дугIаялъе жаваб гьабуларо.

**وقد قيل : الدعاء مفتاح السمآء وأسنانه لقمة الحلال**

Абула, дугIа буго зобал рагьулеб кIул, хIалалаб кванил лукъма – гьеб кIулалъул цаби, ай кертаби, – ян.

Куфа шагьаралда букIун буго цо къокъа гIадамазул, жедер дугIа къабулалл. Гьез шагьаралъул бетIерлъуде ккарав хIакимасе гьабулеб букIун буго дугIа, гьев холевги вукIун вуго. Куфаялъул бетIерлъун ХIажаж ккарав мехалъ, гьес ургъун буго гьезие хIилла. Гьел киналго ахIун руго кванде, гьаз гьесул квенги кванан буго. Цинги ХIажажица абун буго: «Гьанжи дун гьазул дугIаялдаса божаравлъун лъугьана, гьезул ургьибе хIарамаб тIагIам ккедал», – илан.

Гьединго дугIа гьабулев чияс, квешал, какарал ахлакъаздаса нафсги гьабизе ккела бацIцIад. БатIа-батIаял пикрабаздаса батIа гьабун, ракIги буссине гьабизе ккела ТIадегIанав Аллагьасдехун. Гьал рехсарал, халалъизехъин букIун дица рехсечIого таралги, шартIаздаса цохIо шартI камунигиги, дугIа къабул гьабулеб гьечIо ТIадегIанав Аллагьас, рукну камуни, как къабул гьабулареб гIадин. Кин бугониги, шартIал камиллъичIогойилан дугIа гьабичIого теялдаса, гьаби лъикIаб буго, лагъасул гIунгутIаби ТIадегIанав Аллагьас тIаса лъугьун тезеги бегьулелъул, Жиндирго фазло-цIцIобалдалъун.

ТIадегIанав Аллагьас дугIаялъе жаваб гьаби нахъе бахъиялъулъ букIуна цойги хIикмат. Жиндие вокьулев лагъас цо щиб бугониги жо Жинде гьарулеб мехалъ, ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго Жабраил малаикасде: «Гьав дир лагъасул хIажат тIобай нахъе бахъе, ай гьев Диде гьардезе те, Дие бокьун буго гьесул гьаракь рагIизе», – ян. Жинда

рихарав лагъас гьарулеб мехалдаги абулила ТІадегІанав Аллагьас: «Я Жабраил! Гьев Дир лагъасул мурад хехго тІобай, гьесул гьаракь Дида рагІичІого букІине», – ян.

Бицен буго, Багъдад шагьаралда цІцІадал райчІого, дунял ракъдаллъараб мехалда, Багъдадалъул халифаяс бусурбабазул жамагІат бахъине гьабун буго цІад гьаризе, гьез гьарун цІад бан гьечІо. Цинги цІад гьаризе рахъине гьарун руго ягьудиял. Гьез гьаридал цІадги бан буго. Гьанжи халифа гІажаиблъун вуго ва Исламалъул гІалимзабазде цІехон буго, гьаб хІикмат щиб абун, гьезда жаваб кьезеги лъан гьечІо. Хадусан вачІун вуго ГІабдуллагьил вас Сагьло, гьев ккола чІахІиял вализабалъа чи. Гьес абун буго: «Я амирал муъминин! Нилъ руго бусурбаби, ТІадегІанав Аллагьас Исламалдеги тІоритІарал, гьесиеги рокьулел. Гьединлъидал Досие бокьула нелъер дугІа, гьаракь ва Жиндехун бугеб зигара рагІизе, гьелъ бахъараб буго бусурбабазул дугІаялъе жаваб гьаби нахъе. Гьел ягьудиялин абуни, ТІадегІанав Аллагьасдаги рихарал рахІматалдасаги рачахъарал рукІиналъ, гьезул дугІа рихун, рагІизе бокьичІого , ай гьел тІаса рихьизе гьарун, гьабураб буго гьезул дугІаялъе жаваб», – ян.

## ДУНЯЛ ККУРАБ УНКЪГО ЖО

**قال عليه الصلاة والسلام : ((قوام الدنيا بأربعة أشياء ، بعلم العلماء وعدل الأمراء وسخاوة الأسخياء ودعوة الفقراء))**

Свалат-салам лъеяв Аварагас абун буго: «Дунял ункъго жоялдалъун ккун буго: гІалимзабазул гІилмоялдалъунги, умараазул, ай тІадчагІазул, гІадлоялдалъунги, бечедал чагІазул сахавалъиялдалъунги ва фукъараазул, ай агьлу-

лагъазул дугIаялъги», – ян. ГIадилал хIакимзабини гьанжи дунялалда тIад ратиларо, гIилмоялда гIамал рекъарал гIалимзабиги, дугIа къабулалал фукъараалги, сахаватал бечедал чагIиги камуларелъул, гьезул баракаталъниги ккун батила гьаб дунял, горебани гьадин нилъ хутIи – щакаб жо буго.

ДугIаги ТIадегIанав Аллагьасул цIараздалъун, цересел салафуназдасан рачIарал гьаруни лъикIаб буго.

**وينبغي أن يتوصل إلى الله تعالى بالأنبياء والأولياء والصالحين ، وللدعاء أماكن يظن فيها الإجابة... الخ . «روح البيان»**

ТIадегIанав Аллагьасде гьарулелъул, Аварагзаби, авлияал, свалихIинал гьоркьор ккун гьаризеги цIакъго рекъараб буго, цо-цояз дугIаялъул шартI-лъунги гьабун буго.

## ДУГIАЯЛЪУЛ ХИРАЛЪИ ВА ГЬЕЛЪИЕ ХИРИЯЛ БАКIАЛ ВА ЗАМАНА

ДугIа къабул гьабиялде хьул бугел бакIалги рукIуна: КагIба-рукъ бихьиялда аскIоб, Масжидул-ХIарамалда, Масжиду-Набавиялда ва Масжидул-Акъсаялда жаниб, Къуръан цIалулелъул, *«Сурату АнгIам»* алъул ТIадегIанав Аллагьасул кIиябго цIаралда гьоркьоб, КагIбаялда сверун тIаваф гьабулаго, Мултазамалда, КагIба рукъалда жаниб, Зам-замалда аскIоб ва гьеб гьекъолелъул, Сафа-Марваялда гьоркьор хьвадилаго, Ибрагьимил ﵇ макъамалда нахъа, мизабалда гъоркь[1], ГIарафа магIарда, Муздалифаялда, Минаялда, чIимхал речIчIулеб бакIалда, аварагзабазул, авлияазул, сулахIаазул хобазда аскIобги.

[1] *КагIбаялъул рогIороялда гъоркь.**

Руго дугIа гьабизе хириял гIужалги: Рузман сордо-къо, как ахIиялдаги къамат гьабиялдаги гьоркьоб, хутIба гьабизе имам вахарав мех, фаризаял каказда хадуб, радакье гIуж, рогьалил какалда цебе ратибаталда хадуб, рогьалил какалда хадубги, кIиябго гIидалъул къо сардалгун цадахъ, соналъул тIоцобисебги ахирисебги къо, МигIражалъул сордо, Бараатаалъул сордо, цIад балаго, маркIачIода кIал беччалеб мех, какилъ суждаялда, АрбагI къоялъ къаде какалдаги бакъанил какалдаги гьоркьоб ва гь. ц. Гьал хирияк гIужаз ва хирияк бакIаздаги дугIа гьабизе тавфикъ кьеги.

**وعن أبي هريرة رضي الله عنه أن رسول الله ﷺ قال : ((ليس شيئ أكرم على الله من الدعاء)) . أخرجه الترمذي . عن أنس رضي الله عنه أن النبي ﷺ قال : ((الدعاء مخ العبادة)) . وعن ابن عمر رضي الله عنه أن رسول الله ﷺ قال : ((من فتح له باب من الدعاء فتحت له أبواب الرحمة ، وما سئل الله شيأ أحب إليه من أن يسأل العافية ، وان الدعاء ينفع مما نزل ومما لم ينزل)) . وله عن سلمان رضي الله عنه أن رسول الله ﷺ قال : ((لا يرد القضاء إلا الدعاء ، ولا يزيد في العمر إلا البر)) . وله عن أبي هريرة رضي الله عنه أن رسول الله ﷺ قال : ((من لم يسأل الله يغضب عليه))**

ДугIаялъул хиралъабазул ва пайдабазул хIакъалъулъ свалат-салам лъеяв Аварагасул хIадисал гIемер руго. Гьезда гъорлъа цо-цоял рехсезин.

«ТIадегIанав Аллагьасе дугIаялдаса хирияб жо гьечIо».

«ДугIа буго гIибадаталъул нах».

«ТIадегIанав Аллагьас дугIаялъул баб рагьарав чиясе рахIматалъул бабги рагьула [ай, дугIаялъул баб рагьарав чи – рахIматалъул баб рагьарав чи ккола]. ТIадегIанав Аллагьасе бокьула сахлъи ва балагьаздаса цIуни гьаризе. ДугIаялъ мунфагIат гьабула балагь рещтIиндал тIаса босизеги рещтIунеб нахъчIвазеги».

«ТIадегIанав Аллагьасул хIукму-къадар нахъчIваларо дугIаялъ горони, гIумроги халалъуларо, лъикIлъи, ай садакъа-хайрат гьабиялъ гурони». Ай, дугIаялъ балагь нахъчIвайзе яги гIумро халалъизе садакъа-дугIа сабаблъун ккола, хIукму-къадарги гьедин букIиналдалъун.

«Жинде гьардоларев чиясда Аллагьасул ццим бахъуна», ай гьаричIого теялдаса гьаризе бокьула.

## ДУГIА КЪАБУЛЛЪИЯЛЪЕ РУГЕЛ ШАРТIАЛ

Басра шагьаралда базар къватIнасан унаго, Адгьамил Ибрагьимида сверун руссун, жамагIаталъул цо къокъаялъ абун буго гьесда: «Я Аба-ИсхIакъ! Нежеца ТIадегIанав Аллагьасде гьарула, жаваб гьабуларо», – ян. Ай, гьезие бокьун буго гьасдасан лъайзе жаваб гьабунгутIиялъе гIилла. Гьас жаваб гьабун буго гьадин:

***«Ножор ракIал хун руго анцIго жоялдалъун,*** – илан. –

***ТIоцобисеб –*** ножода Аллагь лъала, амма Досул амро тIобайзе гьабулеб гьечIо;

***КIиабилеб –*** ножоца абула, нежее Авараг ﷺ вокьулилан, амма гьесул суннат ножоца тун буго;

***Лъабабилеб –*** ножоца Къуръан цIалула, амма гьелда гIамал гьабуларо;

***Ункъабилеб –*** ножоца ТIадегIанав Аллагьасул нигIматал кванала, щукру гьабуларо;

***Щуабилеб –*** ножоца абула, щайтIан нежер тущман бугоян, гьелъие бокьухъеги хьвадула;

***Анлъабилеб –*** ножоца абула, алжан хIакъаб бугилан, ай букIиналда божула, амма гьелъие мустахIикъаб гIамал гьабуларо;

***Анкьабилеб –*** ножоца абула, жужахI букIин хIакъаб бугоян, амма гьенире ккеялдаса цIунулеб гIамал гьабуларо;

***Микьабилеб –*** ножоца абула хвел хIакъаб бугилан, амма гьелъие нуж хIадурлъуларо;

***ИчIабилеб –*** нуж макьидаса рорчIула, ай радал тIаде рахъуна, ва нуж машгъуллъула гIадамазул гIайибал цIехеялда, ай гьелда хадур лъугьуна, ножорго гIайибалин абуни жахIалго тола, ай гьел рихьуларо, гьезул кIварги гьабуларо;

***АнцIабилеб –*** ножоца ножорго хварал чагIи рукъула, амма эзул пикро гьабуларо».

Гьаб анцIабго вагIзаялда жаниб камураб жого гьечIо. ХIакъикъаталдаги, жакъа нилъеда аскIов гIодов чIун вукIарав гьудул, гьалмагъ, вац, вас къасеялде хабалъе ун нелъеда чанги рихьула, гьелдалъун ракIалъе щибго асарги лъугьинчIого, гьевги вукъун, рокъоре тIадги руссуна.

**وكان يحي بن معاذ يقول : من أقر لله بإسائته جاد الله عليه بمغفرته ، ومن لم يمن على الله بطاعته اوصله إلى جنته ، ومن أخلص لله في دعوته منَّ الله عليه بإجابته . وقال علي رضي الله عنه : ارفعوا أفواج البلايا بالدعاء . عن أنس رضي الله عنه برفعه : لا تعجزوا عن الدعاء فإنه لن يهلك مع الدعاء أحد . «مستطرف» جـ ٢ ، صـ ٣٦١**

## АЛЛАГЬАС КЪАБУЛ ГЬАБУЛЕБ ДУГIА

ТIадегIанав Аллагьасда цебе жиндирго квешал гIамалазе мукIурлъун щив чи вугониги, гьев чиясе Аллагь сахаватлъула, гьесул мунагьал чуриялдалъун. Жиндирго мунагьал жиндаго рихьи, Аллагьасда цеве гьелъие мукIурлъи – хIакъикъаталда тавбо ккола. Жинца гьабулеб гIибадат-тIагIаталъулъ ТIадегIанав Аллагьасдасан данде нигIмат тIалаб гьабуларев, гьеб тIагIат гIемерлъун бихьуларев чи Аллагьас щвезе гьавула алжаналъуве. ТIадегIанав Аллагьасде гьарулелъул, дугIа гьабулелъул, жиндир ният

бацIцIадав мухлисасе Аллагьас кьола нигIмат, жаваб гьабиялдалъун. Жинда Аллагь разилъаяв ГIали асхIабас абулеб буго: «Ножоца балагьал тIаса рорхизе гьаре дугIаялдалъун», – илан. Аллагь разилъаяв Анасидасан бицана: «Нуж дугIа гьабиялдаса гIажизлъуге, дугIагун вугев чи киданиги гьалаглъиларо».

***ХIикаят («МустатIраф» ж.2 гь. 361)***

ХIажизабазул цо къокъа букIун буго, кутакалда хIелун, ТIадегIанав Аллагьасде гьарун, дугIа гьабулел. Гьезда гьоркьов вукIун вуго дугIа гьабизе лъаларев [мацI лъаларев вукIун ватизеги бегьила] цо хIажи, Туркменисталдаса, вуцIцIун чIун. Цинги жиндирго гьечIеб гьунаралда ракIги бакъван, кутакалда ракI бекун гIодилаго, гьес жиндирго мацIалдалъун ТIадегIанав Аллагьасдехун гьабун буго гьадинаб мунажат: «Я дир Аллагь! Дуда лъала, бихьула дир дугIа гьабизе гьечIеб гьунарги дир загIифлъиги. Гьал хIажизабаз дудасан тIалаб гьабулеб жо щиб батаниги, дицаги гьарула дуде», – ян. Хадуб гьеб къокъаялъул цо лъикIав чиясда бихьанила макьилъ, гьев гIараб мацIги лъаларев хIажиясул дугIаялъе жаваб гьабун, ТIадегIанав Аллагьас халкъалъул хIаж къабул гьабун.

ГIакъилав чиясда гьалдасан бичIчIила дугIа гьабизе кинав чи мустахIикъав вукIуневяли, ва гIарабалъ, фасахIатаб кIал-мацIалдалъун, тIаде жоялъе гIадамазда чIалгIинегIан халатги гьабун, гъапулаб ракIалдалъун гьабун дугIаялъул хIасил кколареблъи.

**وقيل : ادعوا بلسان الذلة والاحتقار ولا تدعوا بلسان الفصاحة والانطلاق وكانوا لا يزيدون في الدعاء على سبع كلمات**

Цояс нелъеде манлъулеб буго: «Ножоца дугIа гьабе ТIадегIанав Аллагьасда цеве басрияв, гIодовегIанав, чIухI гьечIев чиясул мацIалдалъун, фасахIатаб мацIалдалъун халатаб гьабуге», – ян. Цересел чIахIиял гIарифуназул гIадат букIана гьабулеб дугIа анкьго калимаялдаса цIикIкIине гьабулареб, жамагIаталъе гьабулеб мехалда. Живго вугев бакIалда, ялъуни цо хассаб жамагIат бугони, батIияб иш буго. Цебе рехсей гьабурав Адгьамил Ибрагьим, гамидаги рекIун, ралъад къотIун унаго, кутакаб гьуриги бахъун, ралъад багъарун буго. Цинги тIад букIараб гIалам, хвасарлъиялдаса хьулги къотIун, гIодунчIвадун лъугьун руго. Гьезул гIодиялъухъе ворчIун вуго Ибрагьим, гъапуллъун ккун вукIарав чи. Гьеб сагIат гIодовги чIун, Ибрагьимица ТIадегIанав Аллагьасдехун абун буго: «БетIергьан! Дуца Дурго къудрат бихьизе гьабуна, ай кантIуларел кантIизе, гьанжи Дурго гIафвоги бихьизе гьабеха», – ян. Гьеб сагIат гьуриги чIун буго, ралъадги гIодобе беччан буго.

**عن أبي عبد الله رضي الله عنه قال : الدعاء يرد القضاء بعد ما ابرم ابراما كثيرا فاكثروا من الدعاء فإنه مفتاح كل رحمة ، ونجاح كل حاجة ، وما ينال ما عند الله إلا بالدعاء . وليس باب يكثر قرعه إلا يوشك أن يفتح لصاحبه . «كنوز الامان» صـ ٧**

## ДУГIАЯЛЪ АЛЛАГЬАСУЛ ХIУКМУ-КЪАДАР НАХЪ ЧIВАЯЛЪУЛ БАЯН

ДугIаялъ нахъ чIвала хIукму-къадар, ТIадегIанав Аллагьасда аскIоб мухIкан гьабураб, ай нелъеца хисуларебилан бицуна бугеб бугониги. Ножоца дугIа гIемер гьабе, дугIа буго кинабниги рахIматалде нуцIа рагьулеб кIул,

кинабниги жиндие хIажатаб жоялъулъ бергьенлъиги! ТIадегIанав Аллагьасда аскIоб бугеб жо, ай мурадлъун бугеб жоялде щоларо, дугIаялдалъун горони. Даимго кIутIулакIутIула бугони, нуцIа рагьичIого толаро. Ва гьединго:

**ومعنى كونه مبرما متقن محكم لا انه لا يغير اذ ذاك لا ينفع فيه الدعاء . «كنوز الامان» . الدعاء يرد البلاء إذ لولا أراد الله رده ما فتح له باب الدعاء .**

«Мубрамун»алъул магIнаги – «хисиго гьечIеб», горо, «мухIкан гьабураб», буго. «ДугIаялъ балагь нахъчIвала. ТIадегIанав Аллагьасе балагь нахъ чIвазе бокьун букIун горебани, лагъасе дугIаялъул гъапуго рагьилароан, ай дугIа гьабизе лагъасе тавфикъго кьелароан».

**وحكي أن رجلا كان يعبد الله تعالى في الزمن الأول ...الخ . بهامش «كنوز الامان» نقلا من كتاب «مصباح الضلام» جـ ١ ، صـ ٥**

Цересел умматазул заманалда цо чи вукIун вуго, ТIадегIанав Аллагьасе кутакалда бацIцIадго даимго гIибадат гьабулев. Гьесда тамашалъарав Жабраил малаикас ТIадегIанав Аллагьасдасан изно тIалаб гьабун буго гьев чиясухъе зияраталъ ине. Зияраталъ ине Жабраиласе изноги кьун буго БетIергьанас, унаго *ЛавхIулмахIфуз*алде валагьеянги абун буго. Гьениве ваккидал, Жабраиласда гьев чиясул цIар батун буго ашкъияазда гъорлъ, ай къосарал чагIазда гъорлъ. Цинги гьев чиясухъе щвейдал, Жабраилас бицун буго гьев чиясде, дур цIар ашкъияалъ буго абун, гьас «АлхIамду лиллагь», абун буго. Гьасда рагIичIебан ккун, Жабраилас кIиабизеги такрар гьабун буго. Гьанжиги гьабун буго гьас гьадабго жаваб, ай абун буго гьас: «Рецц Аллагьасе буго, гьеб агьлолъун вукIинчIевани дун, Дос гьездаса гьавилароан, Аллагьасе рецц – къварилъиялде ккедалги гIатIилъиялде ккедалги»,

– ян. Гьанжиги Жабраил цIакъго гIажаиблъана гьасул ихласалда. Хадуб ТIадегIанав Аллагьас абуна Жабраиласде, гьанжиги валагье ЛавхIалдеян; валагьидал Жабраиласда гьав чиясул цIар хъван батана сугIадаазулъ, ай бахьи къураб, ритIун ккараб агьлоялда гъорлъ.

Гьанжи хал гьабеха, лъида лъалеб гьав чиясул кIиябго хIалалъул *къазаун мубрам*, ай хиси гьечIеб къадар, кинаб букIарабяли?!

**قال النبي صلى الله عليه وسلم : ((السعيد قد يشقى والشقي قد يسعد)) ، فإذا غلبت الحسنات يكون سعيدا وإذا غلبت السيئات يكون شقيا ، وأما المقدور في الأزل من السعادة والشقاوة لكل أحد جامع . «كنوز الامان» صـ ٢٧**

Свалат салам лъеяв Аварагас абун буго: «СагIидияв[1] шакъиявлъунги[2] лъугьуна, шакъияв сагIидавлъунги лъугьуна», – ян. ЛъикIал гIамалал цIикIкIиндал, гьев чи сагIидиявлъун вукIуна; квешлъаби цIикIкIани, шакъиявлъунги вукIуна, амма доб азалияб хIукмуялда къадар гьабураб шакъават ва сагIадат щивав чиясул гьевгун цадахъ буго, ай ахир нелъеда лъаларо.

**قال النبي ﷺ : ((السعيد سعيد في بطن أمه ، والشقيّ شقيّ في بطن أمه)) . فليس لأحد فيه بحث لأنه من سرّ القدر ولا يجوز أن يحتجّ بسرّ القدر لأنه لا يعلم إلا بالنسبة لما مضى ، وإنما اللازم علينا السعي في أسباب الخروج من الشقاوة .**

Аварагас ﷺ абуна гьадинги: «СагIидияв инсан эбелалъул ургьивго, ай дунялалде вачIинегIанго, сагIидияв вуго, гьединго шакъияв шакъиявлъунги вуго».

---

*[1] Бахьи бугев, ахираталъул талихI къурав чи.**
*[2] Къосарав, ахираталъул талихI къаравлъунги.**

Гьелъул хIакъалъулъ бахIс гьабизе цониги чиясул эхтияр гьечIо, гьеб букIиналъе гIоло ТIадегIанав Аллагьасул хIукму-къадаралъулъ бугеб балъголъи. ХIукму-къадарги гьелъулъ бугеб балъголъиги, – гьелда тIасан дагIбадизеги бегьуларо. Хал гьабе иблисалъул, ТIадегIанав Аллагьас, Жиндир хIукму-къадаралда тIасан кIалъайзе лъугьиндал, рахIматалдаса бачахъараб. Ва гьединго хал гьабе, жиндирго гIайибалдеги мукIурлъун, гьаридал, ТIадегIанав Аллагьас Адам аварагасул ﷺ тавбо къабул гьабиялъул!

**واعلم أن تبديل الشقاوة إلى السعادة أو عكسه يكون بالتربية كما قال النبي عليه الصلاة والسلام : ((كل مولود يولد على الفطرة ولكن أبواه يهوّدانه وينصّرانه ويمجّسانه)) . والحديث يدل على كل واحد قابليّة السعادة والشقاوة فلا يجوز أن يقال هذا الرجل سعيد محض وشقي محض ، بل يجوز أن يقال : سعيد إذا غلبت حسناته وكذا عكسه...الخ . «كنوز الامان» صـ ٢٨**

Хадубги свалат-салам лъеяв Аварагас цойги хIадисалда абулеб буго гьадин: «Кинабниги лъимадул гьаби, ай рижин, букIуна Исламияб диналда, кинниги лъимер эбел-инсуца лъугьине гьабула, ай гьел сабаблъиялдалъун лъугьуна ягьудияв, насранияв, мажусияв». Ай, гьеб лъимадул шакъават – сагIадаталде, сагIадат – шакъаваталдеги буссин-свери бараб буго эбел-инсул тарбияталда, абураб мурад буго.

Гьаб хIадисалъ тIоритIел гьабулеб буго, щивав чиясул шакъаватги сагIадатги къабул гьабулеб хIал [ай, къабилият] букIиналде. Гьединлъидал абизе бегьуларо мухIканго, гьав чи шакъияв вугин, ялъуни сагIидияв вугилан. Амма бегьула абизе цо чиясул лъикIал гIамалал цIикIкIун рихьараб мехалда, гьав чи сагIидияв вугоян, квешлъаби цIикIкIун рихьараб мехалда, шакъиявиланги.

Гьелъул магIна кколаро гьав чи гьадинав вугоян нугIлъи гьаби. Гьеб ккола, лъикIавги квешавги чи ватIа гьавулеб гIаламатлъун лъикIабги квешабги гIамал бугелъул, гIамал бихьун гьев чиясе къимат кьей, гьесие сифат гьаби, ай нелъерго гIадат хIисабалда. ТIадегIанав Аллагьасги къотIи гьабун бугелъул лъикIал чагIазе алжан кьезе, гIисяналъул агьлоялъе, капурзабазе, мушрикиназе жужахI кьезе, Къуръаналдаги лъикIлъабазул агьло беццун, квешлъиялъул агьло какун ругелъул, нелъееги лъикIал гIамалазул бетIергьабазде лъикIалин, ва гьелъул гIаксалдаги абизе бегьилеб батила, иншааллагь!

**قال الشيخ أبو عبد الله في «الدّرر النظيم في خواص القرآن العظيم» ما لفظه : ان العبد إذا كان دائم الذكر والدعاء والتضرع إلى الله فإن الملائكة تحفظه من جميع المكاره ، فإذا جاءه ضرر ومكروه من أحد منعته الملائكة وصدت عن وجهه المكاره ، ولا يزال محفوظا من جميع الجهات إلا من جهة الفوق فإن القدر والقضاء نازلان منه...الخ . «كنوز الامان» صـ ١٦**

Даимго зикроялда, дугIаялда, ТIадегIанав Аллагьасе хIелун вугевгIан заманалда, лъидасан, киссан, кинаб зарал-балагь бачIунеб бугониги, гьелдаса лагъ цIунула малаикзабаз кинабниги рахъалдасан, зодосахун, ай тIасанхун бачIунеб хутIизегIан. Гьеб зодосахун бачIунеб хIукму-къадаралда цере малаикзаби чIоларо, гьеб рахъ цIунизе ккола живго лагъас, жиндир лъикIал гIамалаздалъун. Кинин абуни, щивав инсанасул буго, зодобе жиндир гIамалалги рахунеб, жиндир ризкъиги рещтIунеб, бахъун хадуб жиндир рухIги зодобе бахунеб хассаб нух. Цинги, дов лагъ вугони гIибадат-тIагIаталда даимав, дугIа жиндир гIемеравлъун, доб жиндир зобалазде бугеб хассаб нух лъикIал гIамалаз къачIала ва лъикIал гIамалаз цIола. Нух цIураб къагIидаялда, цуцада цун, на-

хъаса къотIичIого цояб рахъалде унел машинаби ругони, данде рачIунезе гьез нух къалеб гIадин, гьесул гIибадат-тIагIаталъ зодосахун рещтIунеб балагьалъе нух къала, ай балагьалъе нух щоларо гьев чиясде тIаде бачIине. ДугIайин абуни, жиндирго гьудуласда нахъасан вахъун цойгиявгун вагъизе вахъарав гьудул гIадин, гьеб балагьалде данде чIола. Гьелъул хIакъалъулъ свалат-салам лъеяв Аварагасги абун буго гьадин:

**قال عليه الصلاة والسلام : ((لا يزال البلاء والدعاء يقتتلان إلى يوم القيامة)) ، فهذا معنى كون الدعاء سببا لردّ البلاء**

«Лагъасде рещтIунеб балагьги гьесул дугIаги къиямасеб къо чIезегIан, кьабгIолев кIиго чи гIадин, цуцалъ багъулеб букIуна», ай гьев чи хвезегIан. Цо-цо мехалъ дугIа бергьун, балагь тIад буссун уна; цо-цо мехалъ гьалдаса балагь бергьун, лагъасде рещтIуна. ХIасил, балагьаздаса цIунун хутIизе бокьарав муъминчияс балагьал рещтIунеб нух къай, цебе рехсохъе, даимго гIибадат-тIагIат, дугIаялда чIеялдалъун. Цойги хIадисалда абулеб буго Аварагас, гIалайгьи свалату ва ссалам:

**قال ﷺ : ((البلاء يتعلق بين السمآء والأرض مثل القنديل ، فإذا سأل ربه العافية صرف الله عنه البلاء))**

«Балагь зобалдаги ракьалдаги гьоркьоб далун, чирахъ гIадин букIуна, лагъас ТIадегIанав Аллагьасде балагьаздаса цIуни гьарараб мехалъ, ай дугIа гьабураб мехалъ, гьеб балагь гьесдаса нахъе чIвала».

**كان سيدي عليّ الخواص رحمه الله يقول : من أراد أن يسأل الله تعالى شياء فليكثر من الاستغفار ثم يدعو فإن الاستغفار في الأعمال كالعينين في الرأس ، ومن خطر له في نفسه في وقت من الأوقات أنه مستغن عن الاستغفار أو ثقل على لسانه فليعلم أن ذلك من استحواذ على قلبه . «كنوز الامان» صـ ١٣**

ГIали ал-Хавас абун вукIана живгоги уммияв, ай хъвайцIали гьечIев, гIарифуназулъа кIудияб макъамалъул чи. Гьес абулеб буго: «ТIадегIанав Аллагьасдасан цо щиб бугониги гьаризе бокьараб мехалъ, гьелда цебе гьев чияс *истигъфар* гIемер гьабе, ай тавбо гьабе, цинги гьаре мурадлъун бугеб жо. *Истигъфар* ккола, лъикIал гIамалазулъ, бетIералъе беразул мисалалда. Кинаб букIаниги заманалда цо чиясда ракIалде ккани, жив *истигъфар* гьабиялдаса гIей гьабуравлъун вугилан, ай гьелде жив хIажат гьечIилан, ялъуни гьеб *истигъфар* гьаби кIал-мацIалъе бакIлъани, гьев чиясда лъай щайтIан жиндаса бергьун букIин, ай гьелъ жиндир ракIалда кверщел гьабун букIин».

ТIадегIанав Аллагьасде цо кIудияв валияс гьарун буго, Адамил лъимадул рекIелъ щайтIан чIолеб бакI жинда бихьизе гьабеян. Цинги гьесда бихьун буго макьилъ цо чиясул черх, къватIисан балагьун жаниса рахъ бихьулеб, хъахIаб жавгьаралда релъон. Гьев чиясул кIиябго кIигъежалда гьоркьоб, мугъзада, къверкъалъул сураталда гIодоб чIун иблисги бихьун буго. Гьелъ жиндирго халатаб, тIеренаб мегIерги, бихьун буго, мугъалъул квегIаб рахъалдасан дов чиясул рекIелъе беччалеб, ай рокIкIен чIвалеб гIадин, дов чиясул рекIелъ вас-вас ккезе гьабизе. Дов чиясда Аллагь ракIалде щварав мехалда, яги истигъфар гьабураб мехалда, гьаб малгIуналъ жиндирго халатал къалал нахъе цIалел рукIанила, дов гъапуллъаравго рекIелъе беччалебги букIанила.

**عن جابر بن عبد الله عن النبي ﷺ قال : ((يدعو الله بالمؤمن يوم القيامة حتى يوقفه بين يديه فيقول الله تعالى : عبدي إني أمرتك بالدعاء ووعدتك أن استجيب لك)) ... الخ**

ТIадегIанав Аллагьас къиямасеб къояца Жиндир муъминав лагъасде, цевеги чIезе гьавун, абула: «Я Дир лагъ! Дица дуде амро гьабун букIана дугIа гьабеян, ай Диде гьареян, Дица дуе къотIиги гьабун букIана жаваб гьабизе, дуца гьабунищ дугIа, гьаранищ Диде?», – ян. Лагъас жавабги гьабула: «Гьабуна, БетIергьан, дица дугIа», – абун. Гьанжиги абула ТIадегIанав Аллагьас гьев лагъасде: «Гьалеха, Дир лагъ, дуца гьабураб дугIаялъе жаваб гьабичIого Дица цониги течIебха. Цо пуланаб къоялъ, пуланаб ургъел тIаса босеян дуца Дида гьаричIищ, гьеб ургъел Дица дуда тIасаги босичIищ?», Лагъас жаваб гьабула: «Гьарун букIана, БетIергьан, дица, Дуца жавабги гьабун букIана, доб ургъелги тIаса босун букIана», – ян. Гьанжиги абула ТIадегIанав Аллагьас: «Гьеб дугIаялда дандбитIун Дица дуе лъикIаб жаза дунялалда гьабуна, гьеб тIаса ккана», – абун. Гьанжиги абула БетIергьанас гьев лагъасде: «Дуца пуланаб къоялъги Диде гьарун букIинчIищ, пуланаб къварилъи тIаса босеян, гьелъие Дица жавабги гьабун букIинчIо, гьеб къварилъиги дуда тIаса босун букIинчIо, лъалищ дуда?», – ян. Лагъас жавабги гьабула: «Лъала, БетIергьан, дица дугIаги гьабун букIана, Дуца жавабги гьабун букIинчIо», – ян. Гьанжи БетIергьанасги абула: «Гьеб дунялалда Дица жаваб гьабичIеб дур дугIаялъухъ ажроялъе дуе буго гьанжи алжаналъуб гьабги гьабги», – ян рикIкIуна алжаналъул нигIматал. Гьаб хIалалда ТIадегIанав Аллагьас гьев муъминав лагъасе рикIкIуна дунялалда жив чIаго вугевгIан заманалда гьес гьабурабщинаб дугIа, ай Жинде гьес гьарарабщинаб. Дунялалда жаваб гьабун, данде лъикIаб жаза гьабурал ду-

гІаби, – киналго ракІалдеги щвезе гьарун, гьал дораго тІоранаянги абун, БетІергьанас, жаваб гьабичІел щинал дугІабиги ракІалде щвезе гьарун, гьезухъ дуе алжаналъур гьадиналги гьадиналги нигІматал, даражаби руго хІадур гьарунилан абураб мехалъ, гьев муъминав лагъасда ракІалде ккола: гьай аман дунялалда дие цониги дугІаялъе жаваб гьабун букІинчІеб анищан.

**حكاية عجيبة**

## ГІАЖАИБАБ КЪИССА

**روي أن ملكين التقيا في السماء الرابعة فقال لأحدهما صاحبه : إلى أين تقصد... الخ . «موعظة حسنة» ، صـ ٢٩٦**

Ункъабилеб зодор дандчІван вуго кІиго малаик, цояс гьикъун буго цоясде, мун кивехун ва сунде вахъарав? – абун. Гьас абун буго, дун унев вуго дидаго тІад къараб цо гІажаибаб амро тІобайзе гьабизе, ва бицун буго: цо пуланаб шагьаралда хвалилъе лъугьун вуго цо ягьудияв, гьесде ракІалде ккун буго ччугІа. Гьеб гьесде ракІалде ккараб тайпаялъул ччугІа гьениб бугеб гІурулъги гьечІого, дида тІад къан буго, бугеб бакІалдаса гьеб, гІурулъеги рехун, цинги гьеб ччугІихъанасухъеги щвезе гьабун, гьеб хІалалда дов ягьудиясе гьеб ччугІа щвезе гьабизе. ГІилла щибан абуни, гьев ягьудияс гІумроялда жаниб гьабураб щинаб лъикІаб гІамалалъул, данде ТІадегІанав Аллагьас лъикІаб жаза гьабичІого хутІараб гІамал букІун гьечІо цохІо горони, гьеб цохІо гІамалалъухъги дунялалдаго данде жаваб гьабун, ай гьесие гьелда данд битІун лъикІаб жаза гьабун букІине гІоло букІана.

ХIасил, ТIадегIанав Аллагьас капурчиясе, кигIан гьитIинабги лъикIаб гIамалалда данд битIун, лъикIаб жаза дунялалдаго кьола, ахираталда кьезе толаро. Гьанжи гьав малаикас гьикъана дов цояв малаикасде: «Мун киве вахъарав?», – абун. Гьасги абуна, дунги унев вуго гьеб дуралдасаги гIажаибаб амро тIобайзе гьабизе ян, ва бицана: цо пуланаб шагьаралда вуго муъминчи, хвалилъе лъугьарав, гьесда ракIалде ккун буго рахь. Гьесулги гIумроялда жанир ккарал щинал мунагь-хатIабаздаса кафаратлъун ургъел, къварилъи, балагь тIаде беччан, чуричIеб цониги хутIун букIинчIо. Ахиралда цо хатIа букIана гьесул ккараб, гьелдасаги кафаратлъун букIине гIоло, доб рахь досие гьекъезе беччайчIого, гIодобе тIезе унев вугилан бицана гьасги. Ай, гьеб, ракIалде ккараб рахь, гьекъезе щвечIолъиялдалъун гьесие ккараб ракIбакъвай доб хатIаялъе кафаратлъунги гьабун, гьав лъикIав муъминчиясе ахираталда кьезе гIазаб букIунгутIизе гIоло.

ХIасил, муъминзаби, лъикIал свалихIунал ТIадегIанав Аллагьас, ккарал щинал мунагь-хатIабаздаса кафаратлъун букIине гIоло, къварилълъаби-балагьал тIадеги реччан, рацIцIад гьарун, рачуна ахираталде, гъоба жужахIалъул гIазаб гьезде щвечIого букIине гIоло. Гьаб хадуб бачIунеб Къуръаналъул аяталдаги абулеб буго гьадин:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿مَن يَعۡمَلۡ سُوٓءٗا يُجۡزَ بِهِۦ﴾ النساء: ١٢٣

«Щив чи вугониги, жинца квешаб, къабихIаб гIамал гьабун, гьелда рекъон гьев чиясе жаза гьабизе буго». Ай, капурчиясе ахираталда гьеб хIакъаб буго, тавбоги гьабичIого хвани, гIасиясул амро ТIадегIанав Аллагьасе бокьухъе букIина: бокьани жаза гьабила, бокьани тIаса лъугьун тела. Гьаб аят рещтIараб мехалъ, Аллагь раз-

илъаяв Абубакар асхIабас абун буго свалат-салам лъеяв Аварагасде: «Я Аллагьасул Расул! Квешаб, ай къабихIаб гIамал гьабуларев чиго щив нежер вугев?», – абун. Гьединго Аллагь разилъаяв Абу-Гъурайратидасанги бицана: «Гьаб аят рещтIараб мехалда, ниж цIакъ ургъалилъе ккана ва гIодана», – абун. Цинги свалат-салам лъеяв Аварагас абун буго Аллагь разилъаяв Абубакариде:

**فقال عليه الصلاة والسلام : ((أما تحزن أما تمرض أما يصيبك البلاء))؟ قال : بلى يا رسول الله . قال : ((هو ذلك))**

«Дуде тIаде пащманлъиго бачIунарищ, мун унтуларищ, дуде тIаде балагь-къварилъи щоларищ?», – абун. «Щола, я Расулаллагь!», – илан Абубакараица абидалги, абун буго Расулас ﷺ: «Гьел киналго, мунагьаздаса кафарат ккола», – ян. Цойги риваяталда абулеб буго Расулас ﷺ Абубакарида ؓ:

**فقال رسول الله صلى الله عليه وسلم : ((اما أنت وأصحابك المؤمنون فتجزون بذلك في الدنيا حتى تلقوا الله وليس عليكم ذنوب ، وأما الآخرون فيجمع لهم ذلك ليجزوا به يوم القيامة)) . «صاوي» صـ ٢٤٧ ، جـ ١**

«Дуеги дур муъминал гьалмагъзабазеги, ай киналго муъминзабазе, мунагьазда данд битIун жаза дунялалдаго гьабула, ахираталда нуж, мунагьаздаса рацIцIадго БетIергьангун данд чIвазе гIоло. Амма цогидазе, ай капурзабазе, ахираталда гьабизе тола», – ян.

**وروى جعفر بن محمد رضي الله عنه قال : عجبت لمن ابتلي بأربع كيف يغفل عن أربع ، عجبت لمن ابتلي بالهم كيف لا يقول لا إله إلا أنت سبحانك إني كنت من الظالمين ، لأن الله تعالى يقول : فاستجبنا له ونجيناه من الغم وكذلك ننجي مؤمنين . وعجبت لمن يخاف شيئا كيف لا يقول حسبي الله ونعم الوكيل ...اخ وعجبت لمن**

**خاف الناس كيف لا يقول : وأفوّض أمري إلى الله إن الله بصير بالعباد... اخ وعجبت لمن رغب في الجنة كيف لا يقول : ما شاء الله لا قوة إلا بالله . «بستان العارفين»**

Гьал цере рехсарал гIараб жумлабазул магIна гьабун, дица халат гьабиларо. Мурад баян гьабун тела: ургъел-пащманлъи тIаде бачIарав чиясе кутакалда лъикIаб буго абизе:

﴿ لَّآ إِلَٰهَ إِلَّآ أَنتَ سُبۡحَٰنَكَ إِنِّي كُنتُ مِنَ ٱلظَّٰلِمِينَ ﴾

Цо сундаса бугониги хIинкъарав чиясе абизе лъикIаб буго:

﴿حَسْبِيَ اللهُ وَنِعْمَ الْوَكِيلُ﴾

ГIадамаздаса хIинкъарав чиясе абизе лъикIаб буго:

﴿ وَأُفَوِّضُ أَمۡرِيٓ إِلَى ٱللَّهِۚ إِنَّ ٱللَّهَ بَصِيرُۢ بِٱلۡعِبَادِ ﴾

Ахираталъул рокъоб алжаналде жиндир хьул лъолев чияс гIемер абизе рекъела:

**مَا شَاءَ اللهُ لاَ قُوَّةَ إِلاَّ بِاللهْ**

**قال بعض المتقدمين : من تضافرت عليه النعم فليكثر من الحمد لله ومن كثر همه فليكثر الاستغفار ، ومن ألحّ عليه الفقر فليكثر من قول لا حول ولا قوة إلا بالله**

ТIадегIанав Аллагьасул рахъалдасан нигIматал гьарзалъун, гIемерлъун щив чи вугониги, гьес Аллагьасе рецц гIемер гьабе. Ай, «*АльхIамду лиллагь*», гIемер абе. Ургъалаби, фашманлъи гIемерлъун щив вугониги, гьес истигъфар гIемер гьабе, ай «*Астагъфируллагь*», гIемер абе. Мискинлъи-факъирлъи тIаде бачIарав чияс гIемер абе «*Ла хIавла ва ла къуввата илла биллагь*».

## АЛЛАГЬАСУЛ ХIУКМУ-КЪАДАРАЛДА ТIАСАН БАХIС ГЬАБИЗЕ ГЬУКЪАРАБ БУКIИНАЛЪУЛ БАЯН

**وروى عبد الله بن مسعود عن النبي صلى الله عليه وسلم أنه قال : ((إذا ذكر القدر فامسكوا ، وإذا ذكر النجوم فامسكوا ، وإذا ذكر أصحابي فامسكوا))**

Свалат-салам лъеяв Аварагас абуна: «ТIадегIанав Аллагьасул хIукму-къадаралъул бицунеб бугони, нуж руцIцIун чIа, цIвабзазул гIилмоялъул бицунелъулги нуж руцIцIун чIа, дир асхIабзаби рехсолелъулги нуж руцIцIун чIа», – ян. Ай, жодода Аллагь разилъаял асхIабзаби какунниги, гьезде гIайиб гIунтIизе гьабунниги, гьезда тIасан кIалъагеян абулеб буго нелъеда свалат-салам лъеяв Аварагас. Гьединго абулеб буго, ТIадегIанав Аллагьасул хIукму-къадаралда тIасан гаргадугеян, бахIсал гьаругеян. Ва абулеб буго цIвабзазул, ай нужум гIилмоялъул, бицунеб мехалда руцIцIун чIаян. Гьал рехсарал жалазда тIасан кIалъай гьаби нелъер иш горелъул, нелъеда гьеб тIад гьабунги гьечIелъул. ТIад гьабураб къагIидаялда, свалат-салам лъеяв Аварагас манлъухъе, гьес бицухъе, гьес абухъе ТIадегIанав Аллагьасул амро-нагьюги кIвараб хIалалда цIунун рукIин – нелъее лъикIаб букIиналда ишкал гьечIо, бегьарабгIан заманаялъ.

**وذكر في الخبر أن عزيرًا النبي عليه السلام سأل ربه عن القدر فقال : يا رب إنك قدرت الخير والشرّ وتعاقبهم على الشر إن فعلوه؟ فأوحى الله تعالى إليه : يا عزير لا تسألني عن هذه المسألة فإنك إن سألتني بعدما نهيتك عن ذلك محوت اسمك من ديوان الأنبياء . «بستان العارفين» لأبي الليث**

ГIузайр аварагас ﵇ ТIадегIанав Аллагьасде гьикъун буго къадаралъул хIакъалъулъ ва абун буго: «Я БетIергьан Аллагь! Дуца къадар гьабун буго лъикIлъиги квешлъиги;

квешлъи гъабуни, Дуца гIакъобаялдеги ккезе гьарулел руго», – ян. Цинги ТIадегIанав Аллагьас гьесде, вахIю рещтIун, абун буго: «Я ГIузайр! Дуца тIокIаб гьеб масъалаялда тIасан гьикъуге; гьикъани, Дица мун аварагзабазул диваналдаса хъвагIайла», – ян.

Гьаб хабаралдасанги бихьулеб буго, доб *къазаун мубрам*, ай тасдикъ гьабун, мухIкан гьабун тIобараб, жиндие хиси гьечIебилан абулеб доб хIукму-къадарги, БетIергьанасе бокьани, хисулеб букIин. Кинин абуни, нелъеда лъала, Къуръаналъ бицун, ГIузайр ﷺ – авараг вукIаравлъи ва гьев гьелда хойиги. Нелъее абичIого ресги гьечIо, гьеб Аллагьасул хIукму бугоян. Гьанжи хал гьабе, ТIадегIанав Аллагьас ГIузайр аварагасде ﷺ абун буго, къадаралда тIасан хадубги гьикъани, аварагзабазул мухъилъа хъвагIалилан; гьадин абидал, досги гьикъун гьечIо, дов аварагзабазул мухъилъги тун вуго. Хадубги дос гьикъун букIарабани, масала, – ТIадегIанав Аллагьас хIукму хисизехъинги букIун буго, ГIузайр ﷺ аврагзабазул мухъилъа вахъиялдалъун. Гьалдасан бичIчIулеб буго, хIукму-къадар, *мубрам* букIаниги, БетIергьанас, Жиндие бокьидал, хисизе гьабулеб бугоян абураб магIна. Цойги нухалъ абуниги, хIукму Жиндие бокьухъе хисизе гьабизе толарев чи щивха вугев ТIадегIанав Аллагьасда? Лъил рахъалдасанха Досие гIайиб щвезе бугеб? Гьадинабго магIнаялда руго гьал хадур рехсарал аяталги:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ لَا يُسْـَٔلُ عَمَّا يَفْعَلُ وَهُمْ يُسْـَٔلُونَ ﴿٢٣﴾ ﴾ الأنبياء: ٢٣

«ТIадегIанав Аллагьасде гьикъуларо Жинца гьабулеб жоялдасан, лагъзалин абуни – жедеде гьикъулел руго».

**وفي «بحر العلوم» : إنما لا يسأل عما يفعل لأنه رب مالك علام لا نهاية لعلمه وكل من سواه مربوب مملوك جاهل لا يعلم شيئا إلا بتعليم ، فليس للمملوك الجاهل أن يعترض على سيده العليم بكل شيئ فيما يفعل ويقول لم فعلت ، وهلا فعلت مثلا وهم يسئلون لأنهم مملوكون ...الخ . «روح البيان» جـ ٥ ، صـ ٤٦٥**

ТIадегIанав Аллагьасде Жинца гьабулеб жоялдасан кин гьикъилеб, Жиндир къадимияб гIилмоялъе гIорхъиго гьечIев, Жив горебщинаб жоги Жинца бижарав, бижанщиналъул тадбирги, гIадло-низамги, рахIмо-гурхIелги Жинда кодоб бугев, ханзабазул ханлъунги вукIаго?! Жагьилал, манлъун горони гIилмоги лъаларел лагъзадерие эхтияр букIунаро, кинабго рахъ камилав жедер саййидасда тIасан кIалъайзе, ай щай гьабураб, кин гьабураб абун, масала. Лагъзадериде саййидас гьикъула гьезул пишабаздасан, гьел лъай гьечIел, гIемер хатIалъулел рукIунелъул, щай гьабураб? – абун.

Цойги абулеб буго гьаб аяталда:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ يَوْمَ يَأْتِ لَا تَكَلَّمُ نَفْسٌ إِلَّا بِإِذْنِهِۦ ۚ فَمِنْهُمْ شَقِيٌّ وَسَعِيدٌ ﴿١٠٥﴾ فَأَمَّا ٱلَّذِينَ شَقُوا۟ فَفِى ٱلنَّارِ لَهُمْ فِيهَا زَفِيرٌ وَشَهِيقٌ ﴿١٠٦﴾ خَـٰلِدِينَ فِيهَا مَا دَامَتِ ٱلسَّمَـٰوَٰتُ وَٱلْأَرْضُ إِلَّا مَا شَآءَ رَبُّكَ ۚ إِنَّ رَبَّكَ فَعَّالٌ لِّمَا يُرِيدُ ﴿١٠٧﴾ ﴾ هود: ١٠٥ - ١٠٧

Къиямасеб къоялъ щивниги чи кIалъаларо, шафагIат гьабуларо, ТIадегIанав Аллагьас изно кьун, амро гьабун горони. Гьеб къоялъ халкъалъул букIуна кIиго батIаяб тайпа: бахьи къосарал шакъиялги, бахьи кьурал сагIидиялги. Гьеб бахьи къосараб агьлойин абуни, ай ТIадегIанав Аллагьас *гIилмул-азал*алдаго шакъияллъун хъварал, рукIине руго жужахIалъур. Цинги, рихха-хичиялъги, гIазабалъул

цIакълъиялъги, хIинкъиялъги гъезул гьеб жужахIалъуб рукIунел рокьукъал гьаркьалги гьуя-гьарайги релълъене гьабун буго хIамаялъул хIакъдиялда.

Дунялалда цо чи лъелъ гъанкъула вугони, цIадаве ккола вугони, кварида вала вугони, цогидаб кинаб букIаниги хIинкъи кутакаб балагь тIаде щола бугони кинаб, хIал гьесул букIуна? КигIан кIудияб бугониги дунялалъул гIазабалде данде ккун, жужахIалъул гIазаб азарго нухалъги цIикIкIараб буго. ТIадегIанав Аллагьасул рахIмо-цIобалдалъун цIунаги МухIаммадияб уммат гьелдаса!

Гьаб рехсараб тайпа гIаламалъул букIуна жужахIалъур, зобал-ракьал руголъаралгIан заманаялъ, ай даимго, абадиялъго рукIуна абураб мурад буго.

**والمعنى مدة دوامهما وهو عبارة عن تأبيد ونفي الانقطاع على عادة العرب وذلك أنهم إذا وصفوا شيئا بالأبد والخلود قالوا ما دامت السموات والأرض...الخ . «روح البيان» جـ ٤ ، صـ ١٨٨**

Зобалги ракьалги руголъаралгIан заманалдаян абураб аяталъул магIна гьадинги гьабула, ай, гьеб аяталдасан мурад буго ахираталъул зобалги ракьалги абураб, гьелъие далилги буго гьаб аят:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ يَوْمَ تُبَدَّلُ ٱلْأَرْضُ غَيْرَ ٱلْأَرْضِ وَٱلسَّمَٰوَٰتُ ﴾ إبراهيم: ٤٨

«Къиямасеб къоялъ дунялалъул зобалги ракьги хисун цоги зобал-ракьалде сверизе гьарула».

**نقل القرطبي عن صاحب «الافصاح» : ان الأرض والسماء تبدلان مرتين ، المرة الأولى : تبدل صفاتهما وذلك نفخة الصعق فتتناثر كواكبها وتخسف الشمس والقمر أي يذهب بنورهما ويكون مرة كالدهان ، ومرة كالمهل وتكشف الأرض وتسير جبالها**

**في الجو كالسحاب وتسوى أوديتها وتقطع أشجارها وتجعل قاعا صفصفا أي بقعة مستوية . والمرة الثانية : تبدل ذاتهما وذلك إذا وقفوا في المحشر فتبذل الأرض بأرض من فضة لم يقع عليها معصية وهي الساهرة ، والسماء تكون من ذهب ، كما جاء عن علي رضي الله عنه .«روح البيان» جـ ٤ ، صـ ٤٣٦**

Гьел хиса-сверизе гьариги кIиго нухалъ букIунинги абула. ТIоцобисеб нухалъ зоб-ракьалъул хисизе гьаби букIуна гIицIго сифаталдалъун, ай рукIухъе жалгоги рукIун, сифат хисизе гьабула. Гьебги букIуна, къиямасеб къо чIун, дунял паналъиялда цебе. Зобалаздасан цIваби гIодоре гъуна, ялъуни далула, бакъ-моцI ккола, ай кIиялъулго нур суна; цин багIарлъун лъугьуна, цинги чIегIерлъун лъугьуна, гьеб хIалалда зобалъул сифат хисула. Ракьалъги магIданал къватIире рехула; мугIрул-щобалги, накIкI киниги, гьаваялда роржанхъула; гъойтI-рохьги тIатIала ккола; кIкIалалги жанир цIун, кинабго ракьалъул авлахъ лъугьуна, – гьедин хисула ракьалъул сифатги.

КIиабилеб зоб-ракьалъул хисизе гьаби букIуна, къиямасеб къоги чIун, халкъги тIаде бахъине гьабун, гьел махIшаралде данде гьарураб мехалъ. Гьеб мехалъ ракь гIарацалде сверизе гьабула, жиндир, ай гьеб гIарацалде сверизе гьабураб чIабаралъул гьомер Адамил лъималаз жинда тIад мунагьал гьаричIеб, бацIцIадаблъун букIине гIоло. Зобалги гьеб мехалда ТIадегIанав Аллагьас, жинда Аллагь разилъаяв ГIали асхIабас бицухъе, сверизе гьабулеб буго меседалде.

Цебе рехсараб аяталъулъ даимго жужахIалда хутIулеллъун жедее сифат гьабурал, бахьи къосарал агьлоялда гъорлъа ТIадегIанав Аллагьас бахъизе гьабун буго цо тайпа [«Жиндие бокьарални горо», – ян абураб калимаялдалъун], гьел ккола фасикъзаби.

**ويجوز اجتماع الشقاوة والسعادة في شخص واحد باعتبارين كما قال في «التأويلات النجمية» : قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿إِلَّا مَا شَآءَ رَبُّكَ ۚ﴾ هود: ١٠٧ من الأشقياء . وذلك لأن أهل الشقاوة على ضربين شقي وأشقي . فيكون من أهل التوحيد شقي بالمعاصي ، سعيد بالتوحيد ، فالمعاصي تدخله النار ، والتوحيد يخرجه منها . ويكون من أهل الكفر والبدعة أشقى يصليه كفره وتكذيبه النار فيبقى فيها خالدا مخلدا**

Цо чиясулъ данделъизе бегъула шакъаватги сагIадатги, шакъаваталъул агьло[1] букIиналъе гIоло кIиго батIияб: къосараб, ай шакъияб тайпа цо, цIакъго къосараб цойги тайпаги. Гьединлъидал, тавхIидалъул[2] агьло жедер гIисян хал гьабун – шакъияллъун, тавхIид хал гьабун – сагIидияллъун ккола. Жедер гIасилъабаз рачун жужахIалъуре уна гьел; гIасилъабазда-мунагьазда рекъон жужахIалъуб кигIан гIемер заман бан тун хадубги, тавхIидалъ гьел гьеб жужахIалъуса къватIире рахъула, ай хвасарлъула.

Куфруялъул агьло цIакъго къосараб тайпаялдаса ккола. Гьел куфруялъ, ТIадегIанав Аллагьасда, свалат-салам лъеяв Аварагасда божунгутIиялъ, жужахIалъуре рачун уна ва гьениса къватIире рахъин букIунаро, абадалъго гьенир хутIула. Аллагьас цIунаги гьеб тайпаялдаса!

**وعن ابن مسعود رضي الله عنه : ((ليأتينّ على جهنم زمان ليس فيها أحد بعدما يلبثون فيها احقابا)) . وعن أبي هريرة وعبد الله بن عمر وابن العاص مثله . ومعناه عند أهل السنة أن لا يبقى فيها أحد من أهل الإيمان فتبقى طبقتهم خالية ، وأما مواضع الكفار فممتلئة أبدًا .«روح البيان» جـ ٤ ، صـ ١٨٩**

*[1] Ай, талихI къосараб агьло.*
*[2] Ай, Аллагьасда божулел, Аллагь цо гьавулел.*

Свалат-салам лъеяв Аварагасул хIадисалда абулеб буго: «ГIемер заманалъ жаниб цIунги букIун, хадуб цо заман бачIинила жужахIалъе, жанив цохIониги чи гьечIого чIобоголъараб». Ай, гIасилъабаз-мунагьаз гьенире рачарал тавхIидалъул агьло, цо заманалданиги киналго къватIиреги рачун, гьезул тIабакъатал, ай гьезие бихьизе гьабураб бакI, чIобого хутIулила. Капурзабазул тIабакъаталин абуни даимго цIун рукIуна. Гьаб рехсараб хIалалда, куфарал жужахIалъур даималлъун гьарун, фусакъазул бокьарал гьениса къватIире рахъун, хIакълъунго БетIергьан Аллагь Жиндие бокьараб гьабулев вуго, Жинда тIад кIалъалев, дагIба балев чи гьечIого. ХIасил:

﴿إِنَّ رَبَّكَ فَعَّالٌ لِّمَا يُرِيدُ﴾ هود: ١٠٧ . **ويفعل ما يشاء ويحكم ما يريد**

Хадубги абулеб буго ТIадегIанав Аллагьас: «СагIадаталъул агьлойин абуни,[1] гьел рукIине руго алжаналъур, зобал-ракьал рugoгIанлъараб заманаялъ», ай даимго, Жиндир рахIмат-цIцIобалдалъун, разилъиялдалъун; бахьи къосараб агьло, куфарал, Жиндир гIадлоялдалъун жужахIалъур рукIунел гIадин. Цинги гьезда гъорлъаги бахъизе гьабулеб буго ТIадегIанав Аллагьас цо тайпа халкъалъул, цебехун рехсарабго гIадин [«Жиндие бокьарал хутIизегIан», – абураб калимаялдалъун]. ТIадегIанав Аллагьас гъорлъа бахъизе гьабураб тайпаялъул хIакъалъулъ абулеб буго:

**وقال أهل الكبار : أهل الجنة يبقى في المرتبة الجنة وأهل الترقي يتجاوز ويترقى إلى ما فوقها ، وحقيقته على ما في التأويلات النجمية ان أهل السعادة على ضربين سعيد وأسعد . فالسعيد من يبقى في الجنة ودرجتها وغرفاتها إلى العليين بحسب**

---

*[1] Бахьи кьурал.*

**العبادة والعبودية . والأسعد من يدخل الجنة ويعبر عن درجاتها وغرفاتها على المقامات القربية بحسب المعرفة والتقوى والمحبة . «روح البيان» جـ ٤ ، صـ ١٩٠**

СагIадаталъул къокъаги букIуна кIиго тайпаялда: цо тайпа – сагIидияб, ай бахьи кьураб, цойги тайпа – цIакъго бахьи кьураб. Бахьи кьураб агьло [ай, сагIидиял] хутIула алжаналда жанир, ай жеде-жедер гIибадат-гIамал бихьун, батIа-батIаял даражабазул маназилазда, ай чIолеб бакIазда, *ГIилиюн*алде щвезегIан; тIокIаб тIа-дехун рахин [ай, *таракъкъи*] гьезие букIунаро. ЦIакъго сагIидияб тайпайин абуни, алжаналде жанireги лъугьуна, гьелъул киналго даражаби-маназилалги къотIун, жеде-жедер Аллагь лъай, Аллагьасдаса хIинкъи, Аллагь вокьиялъул къадаралда *макъамул-къурбат*алде, ай цIакъго тIадегIанаб, Аллагьасде гIагараб макъамалде щвезегIан.

ТIадегIанав Аллагьас бахьи кьуразда гъорлъа рахъизе гьабураб тайпаялъул хIакъалъулъ гьадинги бицунеб буго:

**عن أبي هريرة رضي الله عنه عن النبي صلى الله عليه وسلم أنه قال : الاستثناء في الآيتين لأهل الجنة . ومعناه ما ذكرنا أنه لا يكون للمسلم العاصي الذي دخل النار خلود في النار حيث يخرج منها ، ولا يكون له أيضا خلود في الجنة لأنه لم يدخل الجنة ابتداء . والمعتزلة لما لم يروا خروج العصاة من النار ردوا الأحاديث المروية في هذا الباب وكفى به إثما مبينا . بهامش «خازن» جـ ٢ ، صـ ٣٤٥**

Ай, «Даимго алжаналъур рукIуна», – ян абуразда гъорлъа гьел чагIини горелила, магIсиятаздалъун жужахIалъуре рехунги рукIун, гьениса къватIиреги рахъун, алжаналъуре рачарал. Цойги аяталдаги абулеб буго гьадин:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ ذُو ٱلْعَرْشِ ٱلْمَجِيدُ ﴿١٥﴾ فَعَّالٌ لِّمَا يُرِيدُ ﴿١٦﴾ ﴾ البروج : ١٥ - ١٦

«ГIаршалъул БетIергьанлъун Жив вугев, Жиндие бокьараб гьабиялдаса Жив сунцаго нахъ чIваларев [ай, ТIадегIанав Аллагь]».

Жинда Аллагь разилъаяв Абубакар асхIаб унтарав мехалъ, гьесухъе раккизе араз гьесде абун буго: «Тохторниги вачун лъикI горищ духъе?» – абун. Гьас данде жавабги гьабун буго: «Дун тохторасда вихьана», – ян. «Щибинха дос абураб?», – ян гьаз гьикъидалги, абун буго: «Дос диде абуна: “Дун Диего бокьараб гьабулев вуго”, – ян абунилан». Танбигь: ТIадегIанав Аллагьасул хIукму-къадаралда сверухъ бугеб хабар, *агьло-суннат вал-жамагIат*, гьазул гIакъидаялда рекъон, гьазда нахъ рилълъун бугеб нелъерги, гьелдеги кантIе!

## ЩАКЛЪИ ГЬЕЧIОГО КЪАБУЛ ГЬАБУЛЕБ ДУГIА

**قال النبي ﷺ : ((ثلاث دعوات مستجابة لا شك فيها : دعوة المسافر – إن كان السفر حلالا – ، ودعوة المظلوم ودعوة الوالد لولده)) . وفي رواية : ((ثلاث دعوات حق على الله أن لا يردها : دعوة الصائم حتى يفطر ، والمظلوم حتى ينتصر ، والمسافر حتى يرجع)) . وعنه ﷺ : ((دعوة الوالد لولده مثل دعاء النبي لأمته))**

Свалат-салам лъеяв Аварагас абуна: «Лъабго дугIа буго ТIадегIанав Аллагьас, щаклъи гьечIого, къабул гьабулеб: сапаралда вугев чиясул дугIа цо [сафар хIалалаб бугони], жинда зулму гьабурав чиясул дугIа кIиабилеб, лъималазе эбел-инсул дугIаги». Цойги хIадисалда кIал ккурав чиясул дугIаги тIаде жобан буго рехсараб лъабалдего. Цойги хIадисалда абулеб буго: «Васасе инсуца гьабулеб дугIа – аварагас умматалъе гьабулелда релъон буго», – абун.

## АЛЛАГЬАСУЛ ХIУКМУ-КЪАДАРАЛДА ТIАСАН БАЯН

**قال صاحب «المختصر الصغير» ما نصه : أما معنى الإيمان بالقدر فهو أن تعتقد أن جميع ما يجري في العالم خيرا كان أو شرا كلها بتقدير الله تعالى وإرادته ، ولكن للعباد اختيار . فالتقدير من الله والفعل من العباد بسبب اختيارهم . وهما أي الفعل والتقدير يجريان معا ، لكن التقدير تابع للفعل ، فأي فعل اختار العبد يقدر الله تعالى ذلك الفعل له ، وإلا أي وإن لم يكن للعباد اختيار فيكون بعثة الأنبياء وإنزال الكتب عبثا لا فائدة فيهما ، لأن الغرض من البعث والإنزال بيان طريق الإسلام للعباد لينقادوا لها وينزجروا عن المعاصي والشر . فلو لم يكن لهم اختيار لم يحصل هذه الفائدة ، إذ يكون بعثة الأنبياء وإنزال الكتب والأمر بما فيها على الانسان كبعثتها وإنزالها والأمر بما فيها على الجمادات التي لا اختيار لها وانه سفه يجب تنزيه الله تعالى عنه . «كنوز الامان»**

ТIадегIанав Аллагьасул хIукму-къадаралъул хIакъалъулъ гъаб хадуб рехсараб баян цIакъго берцинаб, буго. ТIадегIанав Аллагьасул къадаралде иман лъеялъул магIна – гьеб ккола дуца ракI чIезе гьаби кинабниги гIаламалда жаниб билълъанхъулеб щинаб лъикIлъиниги квешлъиниги, – кинабго ТIадегIанав Аллагьасул къадаралда ва Гьесие бокьиялда рекъон хьвадулеб букIиналда.

Кинниги лагъзадерие буго эхтияр бокьараб тIаса бищизе. Гьеб эхтияр букIин сабаблъиялдалъун, цо жо такъдир гьаби – ТIадегIанав Аллагьасдасан буго; фигIло, ай доб Аллагьас къадар гьабураб жо гьаби, – лагъасдасан буго. Гьеб кIиябго, ай ТIадегIанав Аллагьасул къадарги лагъасул фигIлоги цадахъ билълъанхъула, ай цадахъ хьвадула. Кинниги ТIадегIанав Аллагьасул къадар

лагъасул фигІлоялда нахъ билълъун букІуна. Гьелъул магІна ккола, ТІадегІанав Аллагьас, Жиндир къадимияб гІилмоялдалъун лъан, дунялалде вачІун хадув жинца гьабизе лагъас тІаса бищараб фигІло хъвала, – абураб.

Гьеб эхтияр лагъзадерие букІинчІебани, свалат-салам жедеда лъеял аварагзаби ритІиги тІахьал рещтІинги букІинаан пайдаго гьечІеб, гІададасеб жолъун. Щаян абуни, аварагзаби ритІиялдасанги тІахьал рещтІиналдасанги мурад бугелъул лагъзадерие Исламалъул нух баян гьаби, гьел гьелда нахъ рилълъине, лъикІаб гьабизе ва квешаб тезе. Лагъзадерихъ эхтияр букІинчІебани, шаргІалда нахъ рилълъиналъул, амро-нагью цІунrealиялъул, лъикІаб гьаби, квешаб теялъул пайдаби хІасуллъилароан. Гьел свалат-салам лъеял аварагзаби ритІиги тІухьдул рещтІинги, – гьебги букІинаан жедее эхтиярги гьечІел рухІги гьечІел жамадатазде рещтІин гІадаб жолъун.

ХІасил, ТІадегІанав Аллагьас лагъзадериде амро гьабулеб буго, ножоца гьабги гьабги гьабе, гьаб цояб гьабуге абун. Гьабизеги гьабичІого тезеги лагъзадерие эхтияр букІинчІебани, амро гьабилаанищ ТІадегІанав Аллагьас гьеб эхтиярго гьечІеб жо гьабеянги теянги?

**جوابا لسؤال : أقول لم يجبر الله تعالى على أحد من خلقه الكفر والإيمان ولا خلقهم مؤمنا ولا كافرا...الخ يعنى أن الله تعالى لا يخلق الكفر و الإيمان في قلب العبد بطريق الجبر والإكراه ، بل يخلقهما باختيار العبد . كذا في «شرح الفقه الأكبر» ، أي كل واحد من طاعة الإنسان ومعصيته واهدائه وضلالته وإن كان منوطا بمشيئة الله تعالى وإرادته ، إلاّ أنّ تلك المشيئة إنما تتعلق بها إذا اختار العبد وقصده وسعى في حصول ذلك . «كنوز الامان» نقلا من «شرح الفقه الأكبر»**

ТIадегIанав Аллагьас цониги чиясда куфруялдалъун хIал гьабуларо. Ай, ТIадегIанав Аллагьас цониги чиясул рекIелъ куфру яги иман бижунаро, гьесда хIал гьабун. Гьеб куфру яги иман инсанасул рекIелъ бижизе гьабула ТIадегIанав Аллагьас, гьев чияс гьеб тIаса бищун хадуб.

ХIасил, щивав инсанасул витIун ккей, мекъса ккей, лъикIлъи гьаби, квешлъи гьаби, – кинабго ТIадегIанав Аллагьасул бокьиялдалъун бугониги, гьеб бухьараблъун букIуна инсанас тIаса бищиялда.

**واعلم أن مشيّة الله تعالى وعلمه بما يكون للمشركين والعصاة لا يصح أن يكون علة موجبة للكفر والعصيان لأن مشية الله تعالى تابعة لعلمه ، وعلمه تابعة لما يرتكب المكلف عليه من الطاعات والسيئات . «كنوز الامان»**

ТIадегIанав Аллагьасе бокьараб горони, щибго жо букIунаро ва лъугьунаро, гьалда щибниги ишкал гьечIо. Амма мушрикиназул ширкги гIусатазул гIисянги ТIадегIанав Аллагьасул бокьиялдалъун ва гIилмоялдалъун букIин, – кафурзабазда куфруги гIусатазда гIисянги тIад гьабиялъе гIиллалъун кколаро. Щаян абуни, ТIадегIанав Аллагьасе бокьи букIиналъе гIоло Жиндир гIилмоялда нахъ билълъун, гIилмоги букIиналъе гIоло дунялалде вачIун хадув инсанас гьабизе тIаса бищараб касбо-гIамалалда нахъ билълъун. Гьаб хадуб бугеб аяталъги бицунеб буго гьедин:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿وَلَوْ شَآءَ ٱللَّهُ مَآ أَشْرَكُوا۟﴾ الأنعام: ١٠٧

«ТIадегIанав Аллагьасе бокьарабани мушрикиназул тавхIид, ай гьел тавхIидалде рачIин, гьел мушрикиназ ширк гьабилароан».

Гьаб рехсараб аят чIолеб буго далилллъун ТIадегIанав Аллагьасе кафурчи тIовитIи бокьунгутIиялъе, ай гIицIго гьаб аятги цIалун, гIей гьабурасда аскIоб. Тафсираздайин абуни, гьадин бицунеб буго:

**وهو دليل على أنه تعالى لا يريد إيمان الكافر لكن لا بمعنى أنه تعالى يمنعه عنه مع توجهه إليه ، بل بمعنى أنه تعالى لا يريده منه لعدم صرف اختياره الجزئيّ نحو الإيمان واصراره على الكفر . «روح البيان» جـ ٣ ، صـ ٨٢**

ТIадегIанав Аллагьасе кафурчи иманалда тIовитIизе бокьунгутIи – гьев капурчиясе иманалде вачIине бокьунги букIун, гьебги гьес тIаса бищун букIун бугеб хIалалъ, гьев гьелдаса нахъе чIваялдалъун горо бугеб. Гьеб буго дов капурчияс ТIадегIанав Аллагьас жиндие кьураб цо къадаралъул эхтияр иманалъул рахъалдеги буссине гьабичIого, купруги тIаса бищун, гьелда гьев даимлъиялдалъун.

***ХIасил, ТIадегIанав Аллагьасе кафурчи тIовитIизе бокьунгутIиялъе гIилла – гьев кафурчияс куфру тIаса бищи ккана.***

**﴿ وَلَوۡ شَآءَ ٱللَّهُ مَآ أَشۡرَكُواْۗ ﴾ بين أنهم لا يشركون على خلاف مشيئة الله ، ولو علم منهم اختيار الإيمان لهداهم إليه ، ولكن علم منهم اختيار الشرك فشاء شركهم فأشركوا بمشيئة الله . «مدارك التنزيل» بهامش «خازن» صـ ٤٢ ، جـ ٢**

ТIадегIанав Аллагьасул машиаталде, ай бокьиялдехун, хилифлъиги гьабун, мушрикиназ ширк гьабунгутIи гьаб аяталъ баян гьабуна, ай гьез ширк гьабун буго, ТIадегIанав Аллагьасе бокьидал. Гьанжи, ТIадегIанав Аллагьасе бокьиялдалъунлъидал гьез ширк гьабун бугебан абуни, гьезда гIайибго гьечIебищха? ТIадегIанав Аллагьасда, Жиндир азалияб, къадимияб гIилмоялдалъун лъан, дол ратаралани иман тIаса бищаралллъун, дол ТIадегIанав

Аллагьас иманалде тIоритIизе рукIана. Кинниги Жинда лъайдал доз ширк тIаса бищи, гьеб мехалъ бокьана БетIергьанасе дол ширкалда тейи. Ай, ТIадегIанав Аллагьасул машиат хурхана яги нахъ билълъана лагъас тIаса бищараб касбоялда. Цинги гьеб Аллагьасул бокьимашиаталдалъун доз ширкги гьабуна.

ХIасил, нелъеда лъала, «ТIадегIанав Аллагьасе бокьидал горищ дица пуланаб жо гьабураб?» – ян абизе, амма лъаларо, кантIуларо доб Аллагьасе бокьи жиндир зарраялъ тIаса бищараб касбоялда нахъ билълъун букIунеблъиялде.

**وفي «جراب الممنون» في كلامه على قول : مريد الخير والشر ، ما حاصله : إن الأشاعرة قائلون بأن إرادته تعالى في أفعال عبيده تابعة لعلمه ، وعلمه تابعة لمعلومه . والمعلوم ما يفعله العبد باختياره حال اقتداره بقدرة خلقه تعالى ، فلهذا يجازى العبد بعمله ، إن خيرا فخيرا ، وإن شرا فشرا . ولعدم الجائه تعالى العبد لفعل واحد منهما وامتناعه من الآخر أطلقوا أنه تعالى مريد الخير والشر ولكن لا يرضى بالشر . مثاله ان واحدا من عباد الله الصالحين كثر الله تعالى أمثالهم يعرف بالمكاشفة أن زيدا يفعل غدا أمرًا كذا فلا يتعرّض فيما يفعله وإن كان ما يكره تحقيقا لمعنى قوله تعالى : ﴿ليبلوكم أيكم أحسن عملا﴾ ، وكذلك كم مرات قال تعالى في كتابه : ﴿فافعلوا ما تؤمرون﴾ ، فهل يكون قوله عبثا ، وهل يخاطب العبد بفعل شيئ ماّ أو يأمر بعد سلب الاختيار منه فافهم وتفطن مثاله أيها الملحد المعاند في الدين وفي القدر خاصة أنه لو كتب الفُرَافِسُورُ الرُّوسيُّ في كلندارهم وجرائدهم أن الشمس تكسف في يوم كذا من شهر كذا وذلك يكَون بتوسط القمر تمامًا بينها وبين الأرض ، ثم انكسفت الشمس في ذلك اليوم الذي قال بالانكساف فهل يقول أحمق فضلا عن عاقل أن الشمس إنما انكسفت لكتبه الفُرَافِيسُر في كلندارهم كسوفها ، كذلك بل تقولون أن كسوفها كانت بواسطة القمر تمامًا بينها وبين الأرض...الخ . «كنوز الامان»**

Масала, цо лъикIав чиясда лъайла цойги пуланав чияс бачIунеб къоялъ гьабизе бугеб цо иш, жиндир кашфоялдалъун. Гьас дов чиясде гьелъул хIакъалъулъ щибго жо абиларо, дос гьабизе бугеб иш кигIан жив разияв гьечIониги. Ай, гьелда жив разияв гьечIониги. ТIадегIанав Аллагьас: «Жинца бижана хвелги чIаголъиги, ножор хIал бихьизе гIоло, ихласалъул, лъикIал гIамалал гьариялъул, хIарамал жалаздаса цIуниялъул рахъалъ бищунго тIокIал кинал ругоян балагьизе», – абураб ТIадегIанав Аллагьасул каламалъул магIна тахIкъикъ гьабун. Ай, гьаб мисалалда релълъон буго ТIадегIанав Аллагьас, Жинца лъикIабквешабги бижун, кIиялъулго бокьараб тIаса бищизе эхтиярги кьун, инсан веччан тейи. Гьединго ТIадегIанав Аллагьас чан нухалда абула гьечIеб Къуръаналда:

قَالَ تَعَالَى: ﴿ فَٱفْعَلُوا۟ مَا تُؤْمَرُونَ ﴿٦٨﴾ ﴾ البقرة: ٦٨

«Ножоца гьабе ножоде амро гьабураб жо», – абун. ТIадегIанав Аллагьасул гIадада рагIи букIунищ? Ва гьединго лагъасдехун хитIаб гьабилищ, яги амро гьабилищ цо кинаб бугониги иш гьабеян, гьев лагъасухъа гьеб гьабизе эхтиярги бахъун букIун хадуб?!

Цойги мисал, диналда, хассго ТIадегIанав Аллагьасул къадаралда тенколев чи! Цо профессорас хъвани календаралда яги газеталда, пуланаб моцIалъул пуланаб къоялъ бакъ кквезе буго абун, ай бакъ-моцIалъул гIилмоялдалъун жинда лъан, доб къоялъ бакъалдаги ракьалдаги гьоркьобе тIобанго моцIги ккун, доб бакъ кквезе букIин. Цинги доб бакъги ккуна дов профессорас абураб заманалда. Гьанжи хал гьабе, гIакъилав чиясни кисса абулеб, ахIмакъасцин абилищ, дов профессорас ккойзе бугилан календаралда хъвайдал ккунин бакъилан? Ай,

гьав чиясул гIакълоялда борцани, доб бакъ ккун буго, профессорас ккавезе бугилан хъваялдалъун. ГIакъиласдайин абуни лъаларищ профессорас бакъ ккавезе букIин кин ва кида хъварабали.

Эхтияралъул цо къадарниги жиндихъе кьечIев лагъасде гьаб гьабе, гьаб теян ТIадегIанав Аллагьас амро гьабилищ? Ай, гьеб амро гьабулеб букIиналдасан бичIчIуларищ ТIадегIанав Аллагьас лагъасулъ цо къадар эхтияр бижун букIин. Гьединго, ТIадегIанав Аллагьас хъван букIинчIебани, дица мунагь гьабилароан, – ян абиялъ лагъ ворчIилищ такъсиралде ккеялдаса, доб мунагь гьаби жиндирго эхтиярадалъун гьабунги букIун бугеб хIалалъ?

## ТIАДЕГIАНАВ АЛЛАГЬАСУЛ КЪАДАРАЛДАГИ ЛАГЪАСУЛ ФИГIЛОЯЛДАГИ СВЕРУХЪ ЦОЙГИ ЛЪИКIАБ МИСАЛ:

**وفي «أساس الدين» للحاج عبد الرحمن الأختي ما لفظه : فالتقدير من الله تعالى والفعل من العبد وهما يجريان معا زمنا وإلا فالفعل أصل للقدر ومقدم عليه ذاتا أعني أن الفعل بمنزلة الإصبع والقدر بمنزلة الخاتم فمتى تحرك الإصبع تحرك الخاتم معه زمنا لا على العكس وإلا ليصير إنزال الكتب إلى الناس عبثا . «كنوز الأمان»**

Къадар ТIадегIанав Аллагьасдасан буго, фигIло лагъасдасан буго, кIиябго цадахъ билълъанхъула заманалъул рахъалъ. ФигIло ккола къадаралъе аслолъун ва къадаралдаса цебе ккараблъунги, заталъул рахъалъ. Ай, фигIло буго килищгIадин, къадар буго килищалда хураб баргъич гIадин. Килищ багъаридал, цадахъ багъарула баргъичги, заманалъул рахъалъ. Баргъичалъ килищ багъаризе гьаби букIунаро. Гьалда релълъон буго, ТIадегIанав Аллагьасул къадарги лагъасул фигIлоги цадахъ хьвадиялъул мисал.

ХIасил, ТIадегIанав Аллагьас, Жиндир къадимияб гIилмоялдалъун лагъас кинаб фигIло тIаса бищизе бугебяли лъайгун цадахъ, цо фигIло къадар гьабула, ай хъвала, гьев лагъас гьеб фигIло тIаса бищун хадуб. Горони, ТIадегIанав Аллагьас лагъасда хIал гьабун, ай гьев лагъас тIасаги бищун букIун гьечIеб хIалалъ, кинаб бугониги лъикIлъиялъе яги квешлъиялъе къадар хъваларо. ТIадегIанав Аллагьас гьеб фигIлоялъе цо къадаралданиги эхтияр кьун букIинчIебани, аварагзаби ритIиги тIахьал рещтIинги гIададесеб жолъун букIинаан. Щаян абуни, жиндие эхтиярго гьечIеб жо гьабеян ТIадегIанав Аллагьас лагъасда хIал гьабуларелъул. Масала, Къуръаналда: «Ножоца как бай», «Ножоца кIал ккой», «Гъибат гьабуге», «Гьереси бицунге», – ян абуралда релълъон.

**وفائدة الدعاء فيما قضى الله تعالى بالوقوع مع أن القضاء لا مردّ له قال الشيخ الإمام الغزالي قدس سره في الإحياء ما نصه ونقله الإمام النووي في الأذكار : فإن قلت فما فائدة الدعاء والقضاء لا مرد له فاعلم أن من القضاء رد البلاء بالدعاء فالدعاء سبب لرد البلاء واستجلاب الرحمة كما أن الترس سبب لرد السهم والماء سبب لخروج النبات من الأرض ... الخ**

ТIадегIанав Аллагьасул хIукму-къадар нахъ чIвалеб жоги букIунарелъул, дугIа гьабун пайда щибилан абуни, ТIадегIанав Аллагьасул хIукму-къадаралдаса буго балагь дугIаялъ нахъ чIвайги. ДугIа ккола балагь нахъ чIваялъеги рахIмат тIаде цIцIаялъеги сабаблъун. РечIчIун бачIунеб чIор нахъе чIваялъе сабаблъун турс [ай, рагъухъанас цебе кколеб щит] ккола гIадин, ва гьединго ракьулъан хур-хер бижиналъе сабаблъун лъин, ай цIад ккола гIадин. Ва гьединго, ТIадегIанав Аллагьасул къадаралда разиявлъун вукIиналъе шартIлъун ккола ярагъ цадахъ букIунгутIи. ТIадегIанав Аллагьас Жинцагоги манлъулеб буго ярагъ босеян ва тущбабаздаса цIодорлъи гьабеян.

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ خُذُواْ حِذۡرَكُمۡ ﴾ النساء: ٧١

Жинда Аллагь разилъаяв ХатIабил ГIумарида дагIба бан буго цо цIогьорас, ТIадегIанав Аллагьасул хIукму букIун горищ дица бикъарабилан. Цинги ГIумарица ﵁ абун буго, ТIадегIанав Аллагьасул хIукму букIунин дур кверги къотIула бугебилан.

**وعن وهب بن منبه أنه قال : نظرت في القدر فتحيرت ثم نظرت فيه فتحيرت ووجدت أعلم الناس بالقدر أكفّهم عنه وأجهل بالقدر أنطقهم فيه**

Вагьбо абун кIудиял чагIазул цояс абулеб буго: Жив валагьанила къадаралде, ай гьелда тIад пикро хIалтIизе гьабунила, жив хIайранлъанила. Хадувги валагьанила, цевего гIадин, гьанжиги хIайранлъанила. Гьелъул хIасилалда жинда ратанила ТIадегIанав Аллагьасул къадар лъаялъул рахъалъ гIадамазул бищун гIилмо цIикIкIарал – бищунго гьелда тIасан кIалъай гьабиялдаса жал ккурал, ай руцIцIун чIчIарал. Гьединго, къадар лъаялъул рахъалъ бищунго жагьилалги ратанила, бищунго гIемер гьелда тIасан кIалъай гIемерал. Ва гьединго буго свалат-салам лъеяв Аварагасул хIадисги:

**((إذا ذكر القدر فامسكوا)) يعني عن بيان حقيقته لا عن الإيمان به وحقيقته**

«Нуж къадаралъул бицунеб мехалъ руцIцIун чIа», ай долъул хIакъикъат баян гьабизе лъугьиналдаса, долде иман лъеялдаса горо.

ХIасил, нелъеда гъварилъи борцине кIолареб ралъдалъе лъугьунгеян абула буго. Ва тIалаб гьабула буго нелъедесан, лъикIаб букIа, квешаб букIа, ТIадегIанав Аллагьасул къадаралде иман лъейи. Дицаги гьаб къадаралъул

хIакъалъулъ хъвайлада хъвайлародаян, ай мунфагIат букIинада букIинародаян ишкал ккедал, кIицIолго истихараги гьабун, бачIиндал, хъвараб буго. ТIадегIанав Аллагьас муъминал вацсазе пайдаяблъун гьабеги. Амин! Амин! Амин!

*Къуръаналъул аятаз, Аллагьасул каламалъ*
*Уммат лъикIаб щиналде ахIун бачунеб буго.*
*Исламалде райинчIел мушрикиназде данде,*
*Дол гIадин, лъугьунгеян саброги кьолеб буго.*

*Сабро – алжаналъул кIул бугилан, ХIабибасги ﷺ*
*ХIадис бицун, халкъалъе баян гьабулеб буго.*
*Баян гьабун щиналъул ургъел нелъее ани,*
*Гъваридал ралъадалги хIоралльун рукIинаан.*

*Исламалде инкар ккун, купруялда чIаразде*
*ЧIван-къотIун жужахIалъул агьло абугейилан,*
*Аллагь-РахIман-РахIимас иман лъурал чиязде,*
*Эбел-инсуца, гIадин манлъулеб куц бихьулищ?*

*Балагье, ГIумар асхIаб, Валидил вас дов Халид –*
*Халкъалда цIар рагIарал боязул церехъаби;*
*Цере мушрикиналгун купруялдаги рукIун,*
*РакIазулъе иман тIун, Аллагьас тIоритIарал!*

*Рижарасда гIадин лъикI лагъзалги лъаларелъул,*
*Лъил гIакъибат[1] кин ккелеб – кинха жаваб гьабилеб!*
*Жагьлоялъул къабихIлъи гIилмоялъ къватIиб чIвала,*
*ГIилму, нафигI гьечIони, гьебги добго букIуна[2].*

[1] Ахир (рухI бахъиялда аскIоб)*
[2] ГIелму, мунфагIатаб гьечIони, жагьиллъиго гIадин къабихIаб букIуна*

*Дин бичун дунял боссе, диналъул вац гуккулев*
*Гавурасул гIилмоялъ рекIелъ нух бахъуларо.*
*Хиянатаб харбида ругьуназул кIал-мацIалъ,*
*Загьро, гьоцIоги жобан, гIаламалъе бикьула.*

*ГIалимав, гIакъилав чи, гIаламалъе мисаллъун,*
*ЛъикIалщинал пишабалъ цеве вукIине ккола.*
*Царал махI бахъарални, цо иш жедеде ккедал,*
*Церени кисса горин, нахъацин ратуларо.*

*Цинги гьаб ахир-заман, нелъер берда бихьулеб,*
*Бахьи къосараб къавмалъ питнаби рагъарулеб;*
*Гъазаватан цIар ахIун, хIутIаму-ддуня[1] бокьун,*
*Дин лъаларел гъачагъаз жагьилаб халкъ гуккулеб;*

*Жакъа гIадин гIилмоги гIакълоги къварагIараб*
*ГIасроялда жанибго бачIанадай замана?!*
*Заялъизе течIого, бачIунеб гIел куцизе*
*Комек хIажалъун бугин, хIал кIварас кIвараб гьабе!*

*КIвар гьечIого, киназго гьаб хIалалъ реччан тани,*
*ХIисаб гьабе, умумул, лъималазул щиб кколеб?*
*Ккараб букIинебилан, ургъел тун, нилъги чIани,*
*Умумузда тIад бугеб хIакъалда щиб гьабилеб?*

*ХIакъги дида тIад гьечIин, гьебги дида лъаларин*
*Абулевлъун ватани, таллагь, мун мекъса вуго.*
*Къиямасеб къоялде инкар дур батичIони,*
*Дунялалда гьабураб гьениб дуда батула!*

*[1] Дунялалъул боцIи.**

*Дуца квер хьвагIун тарал лъималаца гьеб Къоялъ,*
*Гьас нежеде манлъичIин, мун вихьизе гьавула.*
*Мунги жужахIалъув ун, жалго хвасарлъиялъе*
*Жигар бахъун, хIал кIвараб гIамалги гьез гьабула.*

*ГIумро жагьиллъуда ун, гIажизлъарал умумул,*
*Исламияб диналда наслаби ругьун гьаре!*
*ГьебгIан ножор унтуе рекъараб дару гьечIин,*
*Дару тIалаб гьабизе боцIуда барахщуге!*

*БоцIийищ ножор холеб, харжищ ножор бахъулеб,*
*Рушватищ кьезе кколеб, вас вугони гIоларищ?*
*ГIилмо цIалараб насло нахъеги тун, хвеялда,*
*Хассго гьаб заманалда, инсуй щиб барщалъилеб?*

*Эбел-инсуца горищ лъимал лъугьинарулел*
*Насраниял, ягьудал, – гьелде нуж кантIулярищ?*
*Гьаб жагьилаб хIалалда гIумро нелъергоги ун,*
*Наслабиги хойзе тун, хойзе нилъ рекъон бугищ?*

*Къурущалъул хал гьабе – гIанчIи[1] билагьулел куц;*
*ГIанкIабазулгIан гьунар гьечIого, нилъ бегьилищ?*
*Нелъеда гIадин таклиф дозда букIараб ани,*
*Доз жужахIалъуб ине цо гIинчI беччайлароан.*

*Аллагьас тIоритIулеб гIамал-хасият кьеги!*
*ГIилмоялъулъ бичIчIи щун, шаригIат гьуинлъаги!*
*ШафигIасул нух кквезе тавфикъ даим гьабеги!*
*Тавбату-насухIалда рухI боссе хъван батаги!*

*Амин! Амин! Амин! Я Мужиб!*

---

[1] ГIанкIудал тIанчIи.*

*Лъималазул лъикIав-квешав кинав вугев лъайзе гIоло*
*ГIадат буго умумузул эзул цо-цо хIал бихьулеб.*
*ХIехьолищан хал гьабизе, бищунго цIакъ вокьулесда,*
*Бокьараб жо тIад къаниги, тIад инсуда щив кIалъалев?*

*Щибаб лъимадул гIамалги, гIакъло, тадбир, хасиятги –*
*ИнсудагIан гьеб лъикI лъайзе цойгиязе рес букIинищ?*
*Цинги лъимал лъикIал лъугьин лъикIав инсуй цIакъ бокьула,*
*ЛъикIаб-квешаб баян гьабун, гьезие цо гIадло лъола.*

*ГIадло хойзе гьабурасе гьабун толеб тамихI бицун,*
*Туснахъалъур ккезе, воре чIогейилан гIакъло кьола.*
*ГIакъло къабул гьабун, цояс берцин гIумро тIобитIула,*
*ГIайиб чIвалеб хьвада-чIвади киданиги гьабуларо.*

*Гьесда туснахъ бихьуларо, тамихIалде жив цIаларо,*
*ВацIцIадав вас хIисабалда инсуеги хиралъула.*
*Инсул гIакъло, насихIатал, нахъе рехун, цогидав вас,*
*Цебе ккара-ккараб гьабун, квешлъиялда ругьунлъула.*

*Гьелъул хIасилалда мискин туснахъ-сибиралде ккола,*
*Инсул адаб-хатир теялъ талихI къосун, мекъса уна.*
*Мекъса гьев вас ийиналъул инсудайищ гIайиб бугеб,*
*Яги инсухъ гIенеккизе чIухIарав гьав васасдайищ?*

*Вас, инсуда нахъги вилълъун, манлъарабги къабул гьабун,*
*Къадроялда чIарав ани туснахъалъув ккелаандай?*
*Туснахъалъув кколев гIамал, бокьун, тIаса асги бищун,*
*Инсудехун гIайиб рехи – гIакълоялда данде кколищ?*

*ГIилмогин Жив къадимияв къудраталъул Аллагьасги*
*Иман лъунин абураб, цо рагIуда лагъ толев гьечIо.*
*Гьесул иман хIал бихьизе, хIехьолищан балагьизе,*
*Балагь, ургъел, къварилъаби тIаде реччай – гIадат буго.*

*ГIарац-месед бацIцIад гьаби цIаялдалъун бугеб гIадин,*
*ГIабидасе ибтилаъги*[1] *эбго хIалалъ кколеб буго.*
*Балагьазул бищун цIакъал, – анбияал, авлияал,*
*Эзда хадур рачIаразде рачIунилан, хIадис гьечIищ?*

*ХIисаб гьабун бихье гьанжи нелъер сабро-иманалъул,*
*«Инна лиллагь...» абулев чи, балагь щведал, щив вукIунев?*
*Лъималазул рухIи бихьун, хIехьон, сабро гьабун хадуб,*
*Гьезий бугеб ажро-кири къагътида хъван хIал кIоларо.*

*Куллу-гIалам хIайранлъараб, хIисаб-суал захIмалъараб*
*МахIшаралъул къояца цо къокъа баккун бачIунила.*
*Бакъ-моцIгIадалгьезулгьормазгьабхалкъхIайрангьабулила,*
*Гьадаб къокъа анбияал, русулалищ, гьикъулила.*

*Къадирасул рахъалдасан мунадияс*[2] *ахIулила,*
*Агьлул-балаъ*[3] *гьадал ругин, гьезул хабар бицунила.*
*Гьезий хассаб, алжаналъуб макъам бугин абулила,*
*Эл горелаз хIетIе чIезе хIукму Халикъасул гьечIеб.*

*ХIисаб-суал гьазий гьечIин, гьелдаса гьал хвасарлъанин*
*Лъайзе гьабун, махIшаралъул агьло хIайран гьабулила.*
*Гьал жалгоги, алжаналъуб жедей щвараб макъам бихьун,*
*Бишасе рецц кин гьабилеб лъаларого хутIулила.*

*ТIадеги жал дунялалда, цIадал кIвекьмаххалги росун,*
*Русс-руссун ран анищилан щивав чиясда кколила.*
*Наслабазул рухIалаби хIехьезе къо тIаде ккарал,*
*ТIолалгоги эбел-эмен, алжан щвела, сабро гьабе!*

---

*[1] Балагьалде ккей, хIалбихьи гьаби.**
*[2] АхIулев чияс.**
*[3] Дунялалда жедеде тIаде балагь щвараб агьло.**

*Саброялда нилъ теларин тущман-иблис чIолеб буго,*
*Нафсул-аммараталъулги гьелъий цIакъаб комек буго.*
*«Киналниги нафсалда жал рихансщинал ахлакъацIа[1]*
*Алжан сверун ккун бугилан», – Расуласул хIадис буго.*

*Нафсалдехун рагъги гьабун, гьелъий бокьанщинабги тун,*
*щайтIаналде кIалги гьикъун, гьабе тавбо, ккаралдаса.*
*Наяз хIанчIи хIехьарасе хIал хьезегIан гьоцIо щола,*
*ХIехьон бажаричIонани, щвараб давла борчIун ккола.*

*Балагье нуж, ГIумар асхIаб, ГIусман, гьесда хадув ГIали ﷺ –*
*Хулафаун рашидунал, дозул ккараб къисматалъухъ.*
*Къадирасда дол цIунизе хIалдай кIола букIун гьечIо,*
*ЧIаго алжаналъул рохел бицаразул церехъаби.*

*Цинги Расулуллагьасул саййидзаби – ХIасан, ХIусен, –*
*ХIисаб гьабе гьазде тIаде тIамун тараб балагьалъул.*
*ТIаде, ЯхIя – Аллагьасул аварагги, жиндир къавмалъ*
*Къурбаналъе, чахъу гIадин, хъун рехичIищ, гIодовги лъун?!*

*Хъарщи гIадин, гьесул эмен – Закария аварагги*
*Аллагьасул тущбабаца, кIалги гьикъун, кIи хъухъайчIищ?!*
*МашитIатги Асиятги, Аллагь живин дагIба барав,*
*Дунялалда цIар рагIарав фиргIавница рухIун, хойчIищ?!*

*ЧIахIиялги гIисиналги балагьазул къадаралда*
*Данд ритIунин алжаналда даражаби рикьулелго.*
*Дунялалда рахIат гьабун РахIманасде щолелани,*
*ХIатIал гьоройзегIан Расул къиямалда чIелароан[2].*

---

[1] ТIабигIатаца.*
[2] Сардилъ вахъун чIун какал рала чIелароан.*

*Алжаналъул даражаби жедей кьезе горелани,*
*Аллагь лъалел гIадамазде балагьалги щвелароан.*
*Балагьалги, мунагь бихьун, гьезий кафаратлъун гьабун*
*Реччалелги гIадатлъидал, – гьаб лъайчIого бегьиларо.*

*Балагьалги реччайчIого, мунагьалги чуричIого,*
*Чурхдулги рацIцIалъичIого хванийищха лъикIаб бугеб?!*
*ЛъикIаб лъайзе, нелъер гIилмо гIоларого букIаниги,*
*БетIергьанас квешаб нелъей киданиги гьабуларо!*

*Какалъулги, хIажалъулги, садакъалъул агьлоялъе, –*
*Ажро кьезе, хIисабалъе цIадераби лъолел руго.*
*Дунялалда балагь щварал гIадамалин абунани –*
*Эзул гIамалал цIайзени цIадераби лъолел гьечIо;*

*Балеб цIцIадул хIисабалда, хIалхьезегIан ажроги хъван,*
*Аллагьасул рахIмат-цIцIобалъ алжаналде унел руго.*
*Дунялалда, дозде гIадин, балагь щвараб анийилан*
*Агьло-мугIафатал[1] гьезда хIайранлъухъе хутIулила.*

*ХIадис гьечIищ Расуласул: «Аллагьасда данд чIвайзегIан,*
*Муъминазда тIаса балагь араб мехго гьечIебилан,*
*Гьесул ккараб мунагь-хатIа – тIаса ине кафаратлъун*
*Унта-щокълъи лъималазулъ я жеделъго тIамулила».*

*ТIадегIанав Аллагьасде, дунялалъул, ухраялъул*
*ЛъикIаб щинаб гьарун, дугIа гьаби – нелъей лъикIаб буго.*
*Гьединго, бачIун хадуса, балагьалде сабро гьаби –*
*БетIергьанги разилъулев цIакъ кIудияб амро буго.*

---

*[1] Ай, Аллагьас дунялалда жал балагьаздаса цIунун тарал гIадамал.**

*Балагьалги тIаде реччан саброялде тIамичIого,*
*ЧIорого нигIматалги кьун, щукруялда даим гьаре!*
*Дур шаригIат цIуниялъулъ загIифал ниж ратаниги,*
*Тавбо-истигъфаралдаса махIрум гьарун, нахъе чIваге!*

*Амин! Амин! Амин! Я, Мужиба дагIават!*

*МагIна-мурад цоял, гIуламаазул,*
*ГIибаратал ана нелъеца рицун.*
*Аллагь-РахIманасул къадаралдасан*
*Къавлаби[1] рехсана батIа-батIаял.*

*Бицине эрга щун гьечIонаниги,*
*Гьаб фасло мугьмалго тезе рес гьечIо;*
*ТавхIид – Исламалъул асло бугелъул,*
*Асло бичIчIичIони, шаргI билълъанхъилищ?*

*Щулияб, ракIчIараб кьучI гьечIонани,*
*ЧIабаралда къед бан, рукъ камиллъилищ?*
*Роолил цIадазгин хасалил гьураз*
*Гьеб хIалада телин божи букIунищ?*

*Божи гьечIеб рокъоб гьабураб яшав,*
*Гьороца хIур гIадин, ине рес гьечIищ?*
*Асло бичIчIичIого гьабулеб динги*
*Гьелдаго релълъене сунца нахъ чIвалеб?*

*Нахъеги мун кантIе, тIинав гIолилав,*
*ГIилмо гьечIолъиялъ чIван лъезе горин;*
*ЧIухIуге гьикъизе лъай бугелазде,*
*ЛъавукълъигIан гучаб факъро гьечIебин.*

*[1] РагIаби.**

*ЛъикIазул хьибил ккун мун ругьунлъани,*
*Гьеле дуе рохел кIиябго рокъоб.*
*КъватIул ракьаялда ругьунлъун хадуб,*
*Гьоялъ ватан толин, тохлъизе чIоге.*

*Тохтурзабаз гьанжи дунял цIун бугин,*
*Дуйго багъилияв валагьизе лъай.*
*Вичун мун восизе макро ургъулел*
*Гъачагъал лъайчIони, мун асирлъулев!*

*Аллагьасул хIукму-къадаралдасан,*
*ГIакъил мун ватани, бахIсал гьаруге;*
*БахIрун гIамикъалъул[1] гъварилъиялде*
*Гъаввасал[2] горони, раккуларел лъай!*

*Нелъерго гIайибги чидаде рехун,*
*РитIухълъи балагьун, мун дагIбадуге!*
*Дур зарраялъ тIаса бищун горони,*
*Бичас хIукму-къадар дуй хъваларебин.*

*Хъван букIиндал, горищ дица гьабураб*
*Гьаб магIсиятилан[3] дуца абуге!*
*Дуда хIалги гьабун, хъван доб гьечIелъул,*
*Гьалде кантIичIого гьечIо дуе рес.*

*РахIманас бижараб лъикIлъигин квешлъи,*
*Кинаб бокьаниги, тIаса бищизе,*
*Жиндаго рекъараб эхтиярги кьун,*
*Ракьалде веччарав Адамил лъимер, –*

---

*[1] БахIрун гIамикъ – гъваридаб ралъад.**
*[2] Гъаввас – водолаз.**
*[3] МагIсият – мунагь.**

*Азалалда жинца тIаса бищараб*
*Щибаб гIамалалъул жавабчи ккола.*
*Жаббарасда цебе гIарасаталда*[1]
*ГIайиб рехизе бакI лагъасе гьечIо;*

*Русулалги ритIун, тIахьалги рещтIун,*
*ШаргIалъул ахIкамал баянги гьарун,*
*Гьал щинал нигIматал чIорогоги кьун,*
*ЧIалгIаде вижарав чи мун горев лъай.*

*ЛъикIав инсуе вас квешав лъугьине*
*Бокьуларин горищ цебе рехсараб;*
*Цинги, бицаралъухъ гIин тIамичIони,*
*ГIайиб – васги вацIцIун, – лъиде рехилеб?*

*Халикъасеги мун берцин хьвадизе,*
*Дурго инсудаса цIикIкIун вокьула;*
*ЦIцIоб-рахIмуги дуе БетIергьанасул*
*ТIаса инго гьечIеб, даимаб буго.*

*Дос дулъ бижун бугеб эхтияралъул*
*ЛъикIабгин квешалъул батIалъи гьечIо;*
*Бокьараб бищизе мунго веччайдал,*
*Квешаб дуца бищи – Досул гIайибищ?*

*Гьанжи дугIаялъул дагьабго хабар,*
*Къалбун салим*[2] *бугез пайда босизе,*
*БетIергьан Аллагьас гьаб умматалъе*
*Сайгъатлъун гьабураб гьебги рехсезин.*

---

[1] *Къиямасеб къоялъ Аллагьасда цебе.**
[2] *Квешал тIабигIатаздаса бацIадаб, Аллагьасе мутIигIаб ракI.**

*Расулуллагьасде асхIабзабаца*
*Яги мушрикиназ суал кьун хадуб,*
*Гьелъий жаваб гьабун, Жабраил витIун,*
*Жаббарас рещтIана чIванкъотIун аят.*

*Гьезде бицейилан берцинго абун,*
*Аллагь-ТагIалаяс баян гьабуна:*
*Гьез Диде гьарани, жаваб гьабизе*
*Гьале дун гIагарда вугин бицана;*

*ГIагарлъиялъегин ричIалъиялъе*
*РахIманасе манзил букIунарилан,*
*Бицун цебе инчIеб хабар горелъул,*
*Халат гьабичIого, къокъ гьабун тела.*

*Гьанжи, хIакимасде цо жо гьаризе*
*Цо мискин-факъирас къасд гьабунани,*
*Гьесий къварагIунел документазул*
*Дица хъвайчIониги, ножода лъала.*

*Жакъаги метерги, тIобан анкьалъги,*
*ТIаде комекалъе гьоркьов чиги ккун,*
*Кьарияб кесегун, сумка-къайигун,*
*Гьесул рокъобе нух бахъизе ккола.*

*Гьал хасияталгун ханлъи билагьи –*
*Гьанжи заманалъул закон лъугьана,*
*Заман ахирлъидал тIатине ругел*
*ТIолго гIаламатал берда рихьана.*

*Жинде гьарейилан ахIулев – Аллагь,*
*ХIакинзабазухъе кIанцIулеб – гIалам;*
*ГIаламги бижарав ризкъиги кьолев*
*Раззакъ кIочон тарал, – Досги теларищ?*[1] *.*

*Къаваму-дунялъун*[2] *ункъго жо буго,*
*Ункъабгоги камун нилъ хутIугеги!*
*ТIоцобисеб – дугIа фукъараазул,*
*Къадирасда цере кверал ккун чIолел;*

*Цинги – умараал*[3]*, ай гьезул гIадло,*
*ГIалам билагьизе чараго гьечIеб;*
*Гьединго, рацIцIадал гIалимзабазул*
*ГIилмоги, шаригIат бацIцIад гьабизе;*

*Бечедал чагIазул сахавалъиги,*
*Исламияб уммат данде бачине,*
*Аллагьас жедее кьураб боцIуда*
*Данд битIараб щукру гьабизе лъалел.*

*Щивав инсанасул имангин ихIсан*
*Цо даражаялда букIунарелъул,*
*Дунял-ухраялъул хIажатаб щинаб*
*ХIал кIварабгIан гьаре БетIергьанасде!*

*Инсанасда инсан гьардон чIалгIуна,*
*ГIемер гьаранагIан Аллагь вохула,*
*Гьариялъул магIна – тавазугIлъидал,*[4]
*Даим Халикъасе хIели лъикI гьечIищ?*

---

*[1] Ай, Аллагьас хIакинзабаде тIамун теларищ.*
*[2] Дунял жиндалъун цIунун хутIараб.**
*[3] ХIакинзаби.**
*[4] Ай, Аллагьасе хIели.**

*ХIелун РахIманасде гьаридал, Адам عليه السلام*
*Аллагьас халкъалъул эмен гьавуна,*
*Гьаризе чIухIараб иблису лагIин[1] –*
*Адамил лъимадуй тущманлъун ккана.*

*Шарик гьечIев магIбуд[2] лъалев лагъасе,*
*Досде гьаричIого, чара-гIамал щиб?*
*Гьаризе ккараб жо дир гьечIин чIчIани,*
*Рубубияталда[3] дагIба бай гьечIищ?*

*Гьарараб сагIаталъ жаваб щвечIони,*
*Жабарасдехун дур занну[4] квешлъуге.*
*КигIан гьараниги, кьолеб гьечIилан,*
*ЧIалгIун, дугIа-алхIам рехонги тоге!*

*Дуй жакъа тIобайзе бокьараб мурад,*
*МаслахIат гьечIони кьечIого толеб.*
*Кьолеб болжалалде хIукму щвезегIан*
*ЯхI-сабро гьабизе цIакъ жигар бахъе!*

*Жигиги, Аллагьас лагъасул дугIа*
*Дунялалда жаваб кьечIого толеб,*
*Досий хайиралъе, хазина гIадин,*
*Ухраялда кьезе цIунун букIунеб.*

*Кьезе бегьулебги бегьуларебги, –*
*БукIунищ сибяназ[5] гьарулареб жо;*

*[1] РахIматалдаса бачахъараб иблис.**
*[2] ГIахьалчи гьечIев, хIакълъунго Жиндие лагълъи гьабизе тIадав Аллагь.**
*[3] Ай, аллагьлъиялда.**
*[4] Занну – хивал.*
*[5] Сибян – гIисинлъимал.**

*Гьез гьарулайилан, росун инсуца,*
*РекIинарун, нусал гьезухъе кьолищ?*

*Гьал лъавуде щвечIел лъимал кинниги,*
*Лъара-лъараб гьабун, нилъги бегьилищ?*
*ШаргIалда рекъараб къагIидаялда*
*ГIорхъи-рахъ цIунизе рекъараб гьечIищ?*

* * * * *

# الباب الخامس

# ЩУАБИЛЕБ БЕТІЕР

## «ШАГЬИДА-ЛЛАГЬУ...» – ЯЛЪУЛ ХИРАЛЪИ

قَالَ تَعَالَى: ﴿ شَهِدَ ٱللَّهُ أَنَّهُۥ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ وَٱلْمَلَٰٓئِكَةُ وَأُوْلُواْ ٱلْعِلْمِ قَآئِمَۢا بِٱلْقِسْطِۚ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ ٱلْعَزِيزُ ٱلْحَكِيمُ ﴿١٨﴾ إِنَّ ٱلدِّينَ عِندَ ٱللَّهِ ٱلْإِسْلَٰمُۗ ﴾ آل عمران: ١٨ - ١٩

«ТІадегІанав Аллагьас халкъалъе баян гьабуна, загьир гьабуна мухІканал, баянал далилаздалъун, хІакълъунго, Жиндие лагълъи гьабизе тІадав, мустахІикъав магІбуд гьечІолъи, цохІо Жив горони. Малаикзабацаги гьабуна нугІлъи, жал мукІурлъун, мутІигІлъун, Аллагь цо вукІиналда, Досул тІадегІанлъи, кІодолъи, къудрат[1] жедеда бихьун. Ва гьединго аварагзабаз, гІуламааз, муъминзабазги гьабуна нугІлъи, жиндие лагълъи гьабизе тІадав магІбуд, цо ТІадегІанав Аллагь горони, гьечІолъиялъе, ракІаз тасдикъ[2] гьабиялдалъун ва кІалал мукІурлъиялдалъун».

ТІадегІанав Аллагьас халкъалъе баян гьабуна, магІбуд Жив горони гьечІолъи, Жив чІун вугев хІалалъ халкъалъул тадбир-гІадло гьабиялда. Ай, халкъалъул гІумро, ажал, гьезул ризкъи, лъикІаб гІамалалъухъ ажро,

[1] *Къудрат – хІалкІолъи.**
[2] *Тасдикъ – ритІухъ гьаби.**

квешалда данд битIун гIазаб, – кинабниги жоялъул тадбиралда Жив вукIун вугев хIалалъ.

КIиабизеги абулеб буго ТIадегIанав Аллагьас такрар гьабун, гьелде кIвар буссинабун:

﴿ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ ﴾

«ХIакълъунго, жиндие лагълъи гьабизе тIадав магIбуд, цохIо Аллагь горони гьечIо», – абун. ТIоцобисеб нухалда ТIадегIанав Аллагьас халкъалда лъайзе гьабуна Жив цо вукIин ва Жиндирго сифат. КIиабилебги, гьебго калима такрар гьабуна халкъалда бичIчIи-лъайи мурадалда, гьеб калима гIемер абизе лъикIаб букIин, гьеб калимату-ттавхIид[1] букIиналъе гIоло бищунго тIадегIанаб, хирияб калималъун. Ай, ТIадегIанав Аллагьас Жиндир лагъзал гьесизе гьарулел руго гьеб калимату-ттавхIид гIемер абиялде ва гьелда даимлъиялде. Гьелда даимлъарав чи бищунго хирияб гIибадаталда даимлъаравлъун вукIуна.

﴿ ٱلْعَزِيزُ ٱلْحَكِيمُ ﴾

«Жив къуватав, гучав, Жинда тIад кIалъалев чи гьечIев вуго дов Аллагь, щибаб жоялъулъ Жиндие бокьухъе хIукму гьабулевги вуго».

Ва гьединго ТIадегIанав Аллагьас баян гьабуна халкъалъе, хIакълъунго, Жинда аскIоб Жинца къабул гьабулеб, Жив разияб дин – динул-Ислам букIин. Ай, Исламияб дин горони, Жинца къабул гьабулареблъи. Ислам ккола, гIалайгьи-ссалам Адам аварагасдаса бахъараб, гIа-

*[1] Аллагь цо гьавиялде тIоритIель гьабулеб рагIи (Ла илагьа иллаллагь).*

лайгьи свалату ва ссалам, нелъер Аварагасде щвезегIан жиб бачIараб тавхIидалъул, ай Аллагь цо гьавиялъул, кьучIалда бугеб, бацIцIадаб, хIакъаб дин. Ай, щибаб заманалда, щивав аварагасул шараигIазда гьоркьоб, ТIадегIанав Аллагьас бихьизе гьабухъе, батIалъи бугониги, аварагзабиги ритIун, тIахьалги рещтIун, гьелда рекъон халкъ тавхIидалде[1] ахIулеб диналде Ислам абула. Ислам гореб, цогидаб дин, кинаб батаниги, гьеб ТIадегIанав Аллагьасда аскIоб дин букIунаро, гьелдалъун гьев чиясе ахираталда пайдаги гьечIо, гIазаб буго.

Гьаб рехсараб щинаб, кинав вугониги инасанас ургъун бижизе гьабураб хабар горо, гьалъие нугI Живго ТIадегIанав Аллагь вуго. Хал гьабе:

﴿ إِنَّ ٱلدِّينَ عِندَ ٱللَّهِ ٱلۡإِسۡلَٰمُ ﴾

Гьаб аяталъулъ ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго, ахIулеб буго, Жинца Исламияб дин горони къабул гьабуларо, абун.

Исламияб гореб дин гьабулеб агьло! ТIадегIанав Аллагьас къабулги гьабулареб, лъица къабул гьабизегIаги ножоца гьеб гьабула бугеб?! Нуж гьалде щай кантIуларел? Щиб жоялде ножор мугъчIвай бугеб?! Гьаб рехсараб Къуръаналъул аяталъ халкъ ахIулеб буго Исламияб диналде, ножоца гьаб аяталъе кинаб жаваб кьола бугеб? Гьале, Къуръан рещтIаралдаса нахъе азаралда ункънусго соналдасаги ун буго, жиги цониги инсанасда гьелъул рагIияли кисса, цохIо хIарфцин хисизе гьабизе кIун гьечIо, гьанжиялдаса, къиямасеб къо чIезегIан кIвезеги гьечIо!

[1] *ТавхIид – Аллагь цо гьави.**

Щаян абуни, ТIадегIанав Аллагьас гьеб цIунизе Жинцаго тIаде босун бугелъул. Нуж гьелде кантIуларел щай? Дагьабниги пикри гьабун, ургъарал гIакъилал гIадамаца Ислам босула буго гури. Гьеб лъие гIоло, дуе гIолойищ, дие гIолойищ? Гуро, жедего гIоло буго. Ножода гьединал гIадамалго рихьуларищ?

Гьаб рехсараб аят рещтIиналъе сабабин абуни, Шамалъул чIахIиял ахIбараздаса кIигояв вачIун вуго свалат-салам лъеяв Аварагасухъе. Мадинаялде щведал, гьез абун буго цуцаде, ахир-заманаялда вахъине вугев Аварагасул букIине бугеб шагьаралда релълъен бихьуларищ гьаб шагьаралъулилан. Ай, гьезда лъалеб букIун, ахирисев Авараг вахъине вукIинги гьес гьижра гьабизе бугеб шагьаралъул ва живго Аварагасулги ﷺ сифат-сурат, тIахьаздасан. Цинги гьев кIиявго чи вачIиндал свалат-салам лъеяв Аварагасухъе, гьесда бер чIварабго сифаталдасан гьевги лъан гьез гьикъун буго: «Мун МухIаммад горищ?» – абун. «У», – ян жаваб гьабун буго Расулас ﷺ. Гьанижиги гьикъун буго гьаз: «Мун АхIмад горищ?» – абун. Свалат-салам лъеяв Аварагас абун буго: «У, дун МухIаммадги вуго АхIмадги вуго», – ян. Гьанжи гьаз абун буго: «Нежеца дуде гьикъила цо жо, жаваб дуца кьуни нежеца дуде иман лъезе буго», – ян. «Гьикъе ножорго», – ян Расуласги ﷺ абун буго. Гьикъун буго гьаз: «Аллагьасул тIахьазда жаниб бищун тIадегIанаб шагьадат щиб?» – абун. Цинги рещтIун буго гьаб рехсараб аят Аварагасде ﷺ. Аварагас ﷺ гьазиеги цIалун буго, гьалги бусурманлъун руго.

Гьаб рехсараб аяталъул хиралъиййин абуни, жинда свалат-салам лъеяв Аварагас абун буго, къассе вегулев мехалъ гьаб рехсараб аят цIалун щив чи вугониги, ТIадегIанав Аллагьас гьеб аяталдасан вижуна лъабкъоялда

анцIазарго малаик, гьеб цIаларасул жедеца, къиямасеб къо чIезегIан, мунагьал чури тIалаб гьабулел ТIадегIанав Аллагьасдасан. Амма, хадуб рехсезе бугеб хIалалъ, гьеб аят цIаланийин абуни, ТIадегIанав Аллагьас къиямасеб къоялъ абула: «Гьав пуланав лагъасул буго Дида аскIоб вадигIат, – ай аманат, – Дихъе цIунизе кьураб, Дица гьеб тIобайзе гьабизе буго, гьев Дир лагъ лъугьине гьаве алжаналъуве», – ян. Гьале гьеб цIалулеб куцги, щибаб какда хадубги цIалила гьаб бажарарав чияс:

﴿ شَهِدَ ٱللَّهُ أَنَّهُۥ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ وَٱلْمَلَٰٓئِكَةُ وَأُوْلُواْ ٱلْعِلْمِ قَآئِمَۢا بِٱلْقِسْطِۚ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ ٱلْعَزِيزُ ٱلْحَكِيمُ ﴾ وَأَنَا اَشْهَدُ بِمَا شَهِدَ اللهُ بِهِ وَأَسْتَوْدِعُ اللهَ هَذِهِ الشَّهَادَةَ وَهِيَ لِي عِنْدَ اللهِ وَدِيعَةٌ ﴿ إِنَّ ٱلدِّينَ عِندَ ٱللَّهِ ٱلْإِسْلَٰمُۗ ﴾

ТIадегIанав Аллагьас цойги аяталдаги абулеб буго гьелдаго релълъараб магIнаялда, ай лъайзе гьабулеб буго халкъалда, Исламияб гореб дин тIалаб гьабизе бегьунгутIи.

قَالَ تَعَالَى: ﴿ وَمَن يَبْتَغِ غَيْرَ ٱلْإِسْلَٰمِ دِينًا فَلَن يُقْبَلَ مِنْهُ وَهُوَ فِي ٱلْأٓخِرَةِ مِنَ ٱلْخَٰسِرِينَ ٨٥ ﴾ آل عمران: ٨٥

«Щив чи вугониги Исламияб гореб дин [ай, Исламинги абун цогидаб жо] жинца тIалаб гьабун, гьесул гьеб ТIадегIанав Аллагьас къабул гьабуларо». Щаян абуни, бацIцIадаб дин ккола, ТIадегIанав Аллагьас, аварагзабиги ритIун, халкъалде манлъараб, гьабеян амроги гьабураб, гьабурасда Живги разияб ва гьабурасе Жиндир рахъалдасан ажроги щолеб дин. Гьеб бацIцIадаб дин буго динул-Ислам. Исламияб гореб, цогидаб дин жинца тIалаб гьабурав чи, – гьев вуго ахираталъул рокъов жив базаралъулъ къарав чи. Аллагьасул рахъалдасан жиндие щолеб ажро-

ялдасаги[1] махIрумлъарав, гIазаб-гIакъобаялъеги жив хIакълъарав. Дунялалъул рокъоб дин гьабулаянги вукIун, жинда бихьараб гIакъоба батаниги, свак батаниги, – гьеб кинабго гIададаги хун, ахираталда цIакъ пащманлъила гьев чи. Аллагьас цIунаги гьелдаса!

Гьаб, «Ислам гореб дин къабул гьабуларо», – ян абураб аят рещтIараб мехалда, ягьудияз абун буго нижги муслимунал ругоян. Цинги ТIадегIанав Аллагьас свалат-салам лъеяв Аварагасде абун буго: «Дуца абейила, Авараг, гьел ягьудиязде, ТIадегIанав Аллагьас бусурбабазда хIаж тIад гьабун буго, нуж бусурманал ратани, ножоца хIаж щайха гьабуларебилан».

Хадубги абулеб буго ТIадегIанав Аллагьас: «Аллагьас кинила тIобитIулеб[2] гьеб къавм, иман лъун хадусала жал капурлъарал». Гьаб аят рещтIиналъе сабабин абуни, Исламалдеги рачIун рукIун, хадусала муртадалги лъугьун, ай Исламалдасаги руссун, гьебги тун, Мадинаялдасан Маккаялде ун руго анцIго, ялъуни анцIила кIиго чи мушрикиназде гъорлъе.

Хадубги абулеб буго ТIадегIанав Аллагьас гьел муртадазул хIакъалъулъ: «Жедеца МухIаммад хIакъав расул вукIиналъе нугIлъиги гьабун хадуб, гьев хIакъав авараг вукIиналде тIоритIел гьабулел хIужаби, мугIжизаталги рихьун хадурги, жедеца ширк тIаса бищараб мехалда, гьел кинила тIоритIулел Жинца, тIоритIуларила». Хадубги абулеб буго ТIадегIанав Аллагьас: «Жинца тIоритIуларила гьеб къавм, жедеца жедерго нафсазда зулму

[1] *Ажро – кири.**
[2] *Ай, тIоритIуларила.*

гьабурал, ай [жедеего бокьун] Исламалъул бакIалда жодоца купру лъураб къавм, ай хIакъаб, битIараб нух тIаса бищизе гьезие тавфикъ кьоларила Жинца», – ян абулеб буго ТIадегIанав Аллагьас, къадимияб гIилмоялдаго Жинда лъалеб букIун, гьез жедецаго жедеда зулму гьабизе букIин, ай куфру тIаса бищизе букIин.

**فالمراد من الهداية خلق الاهتداء قد جرت سنة الله في دار التكليف على أن كل فعل يقصد العبد إلى تحصيله فإن الله تعالى يخلقه عقب قصد العبد فكأنه قال تعالى : كيف يخلق فيهم المعرفة والاهتداء وهم قصدوا تحصيل الكفر وأرادوه . «روح البيان» ، جـ ٢ ، صـ ٥٩**

ТIадегIанав Аллагьасул гIадат буго, лагъасул цо пишагIамал бижизе ккани, лагъас гьеб пиша тIаса бищизе ккей. Масала, магIрифат, ай Аллагь лъай, ТIадегIанав Аллагьас лагъасулъ бижине гьабула, лагъас гьеб пиша тIаса бищун хадуб.

ХIасил, Аллагьас ﷻ абулеб буго: «Дица тIовитIуларила жив тIовитIи жинца Дидасан тIалаб гьабичIев лагъ». Ай, бокьун жинцаго куфру тIаса бищарав лагъ ТIадегIанав Аллагьас гьелда толев вуго, тIалаб гьабурасе гьидаятги нахъ чIвалеб гьечIо, кьолеб буго. Гьанжи тIокIабги лъикIлъи кинха БетIергьанас гьабилеб лагъасе, тIадежоялъе тIахьалги жедехъе кьун, лъикIаб гьабеянги квешаб теянги манлъизе аварагзабиги ритIун рукIаго?!

«Дунялалда гьеб куфруги жедецаго тIаса бищун, гьелда хварал гIадамазеги – ян абулеб буго ТIадегIанав Аллагьас, – гьезие бугеб жаза, Жиндир рахъалдасан алжаналдаса махIрум гьариги, жужахIалъеги, гьениб букIунеб гIазабгIакъобаялъеги агьлолъун гьари буго. Малаикзабазул ва

муъминзабазул нагІанаги буго гьезие. Гьеб жужахІалъул гІазаб-гІакъобаги малайкзабазулгун муъминзабазул нагІанаги гьезда тІаса унаро, даимго гьелъулъ рукІуна гьел».

ТІадегІанав Аллагьас цІунаги тІоцове дунги хадур нужги, киналго диналъул вацал ва яцал, гІамм гьабун МухІаммадияб умматги гьеб жужахІалъул гІазаб-гІакъобаялъулъ ва малайкзабигун муъминзабазул нагІанаялъулъ хутІиялдаса. Амин!

Гьанжи, муртадаллъунги лъугьун, Мадинаялдаса Маккаялде мушрикиназухъе араб доб къокъаялда гъорлъан ансарияв, Сувайдил вас ХІарисида муртадлъи ракІалда бухІун, гьелдаги пащманлъун, гьес битІун буго хабар Мадинаялде, жиндирго къавмалъухъе, свалат-салам лъеяв Аварагасде, жиндие тавбуго букІунищан гьикъе абун. Гьез ХІарисил хабар Расуласе ﷺ бициндал, ТІадегІанав Аллагьас рещтІана аят:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ إِلَّا ٱلَّذِينَ تَابُواْ مِنۢ بَعۡدِ ذَٰلِكَ وَأَصۡلَحُواْ فَإِنَّ ٱللَّهَ غَفُورٞ رَّحِيمٌ ﴿٨٩﴾ ﴾ آل عمران: ٨٩

«Гьел гІадамални горелила жодоца, куфруялдаги рукІун, ялъуни муртадаллъунги лъугьун, хадуса тавбо гьабурал, тавбо гьабиялда цадахъго жедеца загьирги батІинги бацІцІадги гьабун, лъикІал гІамалалги гьарурал, хІакълъунго, ТІадегІанав Аллагь гьезул мунагьал чурулев вуго», – абураб.

Цинги, гьаб аятги босун, Расулас ﷺ витІана Маккаялде ХІарисил вац, ХІарисги вачІана тІад вуссун Мадинаялде, Расулас ﷺ къабулги гьавуна, Исламалда хойзеги хвана. رزقنا الله حسن الخاتمة

Сарий СакъатIий абурав, чIахIиял вализабазул цояс цо къоялъ абун буго: «Дица гIажаиблъи гьабула загIифав чиясда, къуватасде жив гIасилъулев», – абун. Нахъеяб къоялъ, рогьалил какда гьав вукIаго, вачIун вуго рекIаворчун цо гIолохъанчи ва гьикъун буго жамагIаталде: «Ножор Сарий СакъатIий кинав?» – абун. ЖамагIаталъ, килищ битIун, вихьизе гьавун вуго гьав. Цинги гIолохъанчияс абун буго гьасде: «Дида рагIана дуца абунин: “Дица гIажаиблъи гьабула загIипав чиясда, къуватасде гIасилъулев”, – илан, – гьелдасан дур мурад щиб, ай гьелъул магIна щиб?» – абун.СакъатIияс жаваб гьабун буго: «ЗагIифаб щинаб жоялда гъорлъан бищунго загIифав ккола Адамил лъимер, къуватазул бищунго къуватав ккола ТIадегIанав Аллагь. Гьеб загIиплъигун цадахъ, Адамил лъимер гIасилъула Аллагьасде», – ян. Гьеб мехалъ гIолилав гIодун вуго ва абун буго: «ДунгIадав мунагьазулъ тIерхьарав чи Аллагьас къабул гьавулищ?» – ан. «Мунагьазулъ тIерхьун, гъанкъарав чи лъица хвасар гьавулев, ТIадегIанав Аллагьас горони?» – ян абун буго СакъатIияс. Гьанжиги абун буго гIолилас: «Дида тIад руго гIемерал чияр хIакъал, гьезда дица щиб гьабизе кколеб?» – илан. СакъатIияс абун буго гIолиласде: «Гьеб Аллагьасде вуссин дур сахIихIаб[1] батани, къиямасеб къоялъ дур дагIбадулал ТIадегIанав Аллагьас рази гьарула», – ян, ва гьелъул хIакъалъулъ бачIараб гьаб хIадисги цIалун буго гIолиласе:

**بلغنا عن النبيّ صلى الله عليه وسلم : ((إذا كان يوم القيامة واجتمع الخصوم على ولي الله تقول الملائكة لهم : لا تروّعوا ولي الله فإن الحق اليوم على الله فيهب الله لهم مقامات عالية بدل حقوقهم فيتجاوزون عن الوليّ)) . «روح البيان» جـ ٢ ، صـ ٥٩-٦٠**

---

*[1] СахIихIаб – ай, битIараб, унго-унгогояб.**

Къиямасеб къоялъ ТIадегIанав Аллагьасул валиясда сверухъ гьесда хIакъ бугел дагIбадулал сверун лъугьиндал, малаикзабаз абулила гьел дагIбадулазде: «Гьев Аллагьасул валиясул рахIат хвезе гьабуге, гьев хIинкъизе гьавуге, гьесда бугеб хIакъ жакъа ножое Аллагьасда тIад буго, ай Аллагьас кьезе буго», – ян. Цинги ТIадегIанав Аллагьас, гьев Жиндир валиясул дагIбадулазе, гьезда ракIалдаго гьечIел, кIудиял, тIадегIанал макъамалги кьун, рази гьарулила.

СакъатIияс гьаб хIадис цIалидалги гIолилав тIадеги цIакъ гIоданила, ва абунила: «Манлъе диде дица гьабизе кколеб жо, бице дие дун ине кколеб нух», – илан. СакъатIиясги абун буго: «Дуе бокьун батани гьоркьохъел гIадамазул нух, дуца тIадчIей гьабе кIалал кквеялда, сардилъ тIаде вахъиналда ва мунагьал теялда. Дуе бокьун батани вализабазул нух –

**فاقطع العلائق واتصل بخدمة الخالق :**

дуца, дунялалдасаги ватIалъун, хурхен гьабе ТIадегIанав Аллагьасе хидмат, ай гIибадаталда тIадчIей гьабиялда, даимго».

Гьаб калимаялъулъ буго ишара, тIарикъатги босун, устарас манлъухъе хьваде, абураб.

ХIисаб гьабун бихье, бусурбаби, ТIадегIанав Аллагьасул цIцIобалъул гIатIилъи: капурчи Исламалде вачIани, гьесул цере рукIарал щинал мунагьал чурулел руго! Исламалдаги вукIун ккарал мунагьалин абуни, унго-унгояб, бацIцIадаб тавбоялъ чурун горелги, гьел мунагьал лъикIлъабилъун сверизе гьарулел руго. Исла-

малдаги вукIун, хадув муртадлъунги лъугьун, хадуб тавбо гьабуниги, гьебги къабул гьабулеб буго. Цо лъикIлъи гьабуралде данде анцIго нухалъ цIикIкIун, ажро хъвалеб буго. Гьеб жинца ният гьабураб лъикIаб гIамал, гIузруялдалъун гьабичIого хутIани, гьебгицин гьабураблъун хъвалеб буго.

Цо квешаб гIамал гьабизе къасдги гьабун, хадуб гьеб квешлъи гьабуни, гIицIго гьеб гьабуралъул горони мунагь хъвалеб гьечIо. Гьеб квешаб гIамал гьабичIого хутIани, ай гьабизе къасдги букIун, гьеб хъвазего хъвалеб гьечIо. Гьединго, килищалда заз къараб гIанасеб, бакараб чирахъ свараб гIанасебцин ургъел, къварилъи, захIмалъиги бачIунеб гьечIо, нелъерго гIайибалдалъун нелъецаго гьабураб мунагь чуризе гIоло горони. РетIине кьун, кваназе кьун гьал щинал нигIматазулъ тунги рукIаго, ТIадегIанав Аллагьасде гIасилъиялъул гIайиб инсанас кибе рехилеб? Гьанжиги добго тавбо, нахъойги тавбо, нахъойги тавбо!

*Гьанжи гIин тIаме гIолохъабаца*
*ГIалам бижарасул рахIмо бихьизе,*
*Бицинин цо къисса, гIакъло бугелаз*
*ГIадада теларин хьул-анищалда.*

*Аллагьас, Живги лъан, цеве чIарав лагъ*
*ЧIвалев гьечIо нахъе жавабалдаса,*
*Лагълъи хъанчий гьабун, гIумро аниги,*
*Гьесий хIажалъидал, ватулев вуго.*

*Таввабги РахIманги БетIергьанасул*
*Сифатал ругелъул, гьеб лъайзе ккола,*

*Лъан хадуб, гьелдасан пайда босарав*
*СагIадаталдаса[1] вахъун ккеларо.*

*Хъанчий лагълъиялда шайхун гьаримас[2]*
*Лъабкъоялда анцIго сон бахъун буго,*
*Нахъа цо захIмалъи, къварилъи ккедал,*
*Комек гьарун, гьелда цеве чIун вуго.*

*Цинги, жиндир бугеб мурадги бицун*
*Бераз магIоги тIун, цIакъ гIодун вуго,*
*ГIумроялъго дуде жо гьаричIев дун*
*Жакъа нахъ чIвагеян хIелунги вуго.*

*ХIелун гьараниги, гьаричIониги,*
*Гьасий щиб гьабизе хъанчалда кIвелеб?*
*КIалъайзе кIал-мацIищ, берал-гIиндулищ*
*Бихьизе, рагIизе гьаб пакъиралъул?*

*Инсанлъун ракьалда вижунги вукIун,*
*Жиндирго квераца цо хъанчги гьабун,*
*Гьелъий лагълъиялда гIумро тIамулев, –*
*ТIованго ахIмакъав чи вукIинарищ?*

*Аллагь гьечIин абун цо тайпа чIолеб,*
*Цогидаз Аллагьлъун хъанч билагьулеб;*
*Бихьулищ, доб гIакъло баршат гьечIеб куц,*
*БутIрул киназдаго цо ругониги!*

*БетIергьанас бищун Жиндий вокьулев*
*Лагъасе жиб кьолеб жавгьарин гIакъло,*

[1] *СагIадат – талихI.**
[2] *Шайхун гьарим – херав чи.*

*Жиндир гIакълоялда рекъон борцунин*
*БукIунеб гIамалги щивав чиясул.*

*Цинги, доб хъанчалде щайхун гьаримас*
*Лъабкъоялда анцIго нухалъ гьарана,*
*Гьелъ жаваб гьабичIо, гьари тIобайчIо,*
*Гьанжи лъана гьасда хъанч щиб жояли.*

*Хъанчалдаса тIобан хьул къотIун ккана,*
*ТIокIаб гьариларин, гьебгун барщана,*
*БетIергьан Аллагьас гьасул ракIалде*
*Гьанжи рахIматалъул балай гьабуна.*

*Гьаб санамги[1] рехун, Самадасдехун[2]*
*Цо гьарани щибан, херав ургъана,*
*Цинги, зодобехун гьомерги буссун:*
*«Я Самад!» – ан абун, ахIун беччана.*

*Гьале Дун, я Дир лагъ, гьаре дургоян*
*РахIманас гьеб сагIат жаваб гьабуна.*
*Гьанжи малайкзаби гIода-чIвадана,*
*ГIажаиблъи гьабун, хIайранлъун ккана.*

*«Я нежер БетIергьан! ТIолабго гIумро*
*Хъанчий лагълъиялда жинца тIамурав*
*Гьав лагъасе жаваб, цохIо гьаригун,*
*Гьабураб кин?» – илан суал баккана.*

*БетIергьан кIалъана, жаваб гьабуна,*
*Жиндир тIадегIанлъи гьезий бицана,*

---

*[1] Санам – хъанч.*
*[2] Самад – Аллагь (Аллагьасул цIар).*

*Гьарарасе кьезе бахиллъуларев*
*Халикъ Живго вукIин баян гьабуна.*

*«Я Дир малайкзаби! Доб хъанчалъ гIадин,*
*Дирго лагъ нахъ чIвайзе Дица бегьилищ,*
*Дов нахъ чIваравани, санамалдагин*
*Самадасда гьоркьоб батIалъи ккелищ?»*

*ЛъикIлъи гьабурасе кираби хъвалев,*
*Квешлъи гьабурасул мунагь чурулев,*
*Махлукъат хьихьулев, ризкъи бикьулев,*
*Марзукъиназде[1] Жив хIажалъуларев;*

*ХIелун гьарарасе жаваб гьабулев,*
*Жиндий мутIигIасе рахIмат гIемерав,*
*Тавбо гьабун, Жиндир гъапудухъ чIарав*
*Гъуфран щун горони,[2] нахъ вуссунарев;*

*Инсан хира гьавун, гьесие гIоло*
*Гьалщинал нигIматал Жинца рижарав,*
*Алжанги жужахIги букIин лъайзабун,*
*Бокьараб бищизе нилъ реччан тарав;*

*Русулалги ритIун, шаргIал манлъарав,*
*Ширк тун, тавхIид ккоян амро гьабурав,*
*Амро-нагьюялъе гIорхъабиги лъун*
*ЛъикIабги квешабги баян гьабурав;*

*Бекьулеб куц манлъун, ахираталъе*
*Дунял мазрагIатлъун[3] Жинца гьабурав,*

[1] *Ай, халкъалде.*
[2] *Гъуфран – мунагьал чури.**
[3] *МазрагIат – хур.**

*Гьеб мазрагIаталда бекьараб гореб*
*БакIаруларилан лъайзе гьабурав;*

*Ралъдада, ракъдада, тIад зобалазда*
*Живгун дагIбадулев хан-хункар гьечIев,*
*Ханзабазулги хан – Халикъун Жаббар,*
*Халкъун гIаламалъул магIбудлъун вугев!*

*МагIбуд цойги ккойзе хIарамлъиялъул*
*ХIукму жаниб камун тIахьал рещтIинчIев;*
*ТIахьал жедехъ кьурал анбияазда,*
*Умматал гьелде цIай – борчлъун гьабурав;*

*Бищун ахиралда, анбияазул*
*Хатамлъунги гьавун, АхIмад витIарав,*
*Адянал, – киналго насхоги гьарун,[1]*
*Гьесда нахъ рилълъаян Къуръан рещтIарав!*

*Къуръаналъул ахIи нахъе чIванщинал*
*Нахъа пащманлъила, щай кантIуларел?!*
*Ширкалдаса вуссун, Ислам босарав,*
*Биллагьи, вохила, щаклъуге гьелда!*

*Хъанчалдаса ракI ун, херав барщигун*
*РахIматалъул балай, хал гьабе, щвараб,*
*БетIергьанасул лагъ жив вукIин лъайдал,*
*Жаваб бихьуларищ, ахIигун кьураб?!*

*Аллагьасда цеве чIун гьардоларев –*
*Гьардохъан вукIинищ хIакъикъаталда;*
*Гьарун цеве чIезе чIухIун хадуса,*
*ЧIухIарав лагъасда саййид гурхIилищ?!*

[1] *Киналго диналги хисизе гьарун (ай, гьел гьариялдаса нахъги чIван).**

## ЛАГЪ БИТIАРАБ НУХАЛДЕ АЛЛАГЬАС ТIОВИТIУЛЕВЛЪИ БАЯН ГЬАБУЛЕЛ АЯТАЛ

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ مَن يَهْدِ ٱللَّهُ فَهُوَ ٱلْمُهْتَدِى ۖ وَمَن يُضْلِلْ فَأُو۟لَـٰٓئِكَ هُمُ ٱلْخَـٰسِرُونَ ﴿١٧٨﴾ ﴾ الأعراف: ١٧٨

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ وَلَقَدْ بَعَثْنَا فِى كُلِّ أُمَّةٍ رَّسُولًا أَنِ ٱعْبُدُوا۟ ٱللَّهَ وَٱجْتَنِبُوا۟ ٱلطَّـٰغُوتَ ۖ فَمِنْهُم مَّنْ هَدَى ٱللَّهُ وَمِنْهُم مَّنْ حَقَّتْ عَلَيْهِ ٱلضَّلَـٰلَةُ ﴾ النحل: ٣٦

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ وَمَن يَهْدِ ٱللَّهُ فَهُوَ ٱلْمُهْتَدِ ۖ وَمَن يُضْلِلْ فَلَن تَجِدَ لَهُمْ أَوْلِيَآءَ مِن دُونِهِۦ ۖ ﴾ الإسراء: ٩٧

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ مَن يَهْدِ ٱللَّهُ فَهُوَ ٱلْمُهْتَدِ ۖ وَمَن يُضْلِلْ فَلَن تَجِدَ لَهُۥ وَلِيًّا مُّرْشِدًا ﴿١٧﴾ ﴾ الكهف: ١٧

Гьал рехсарал аятазул, бакIалда рекъарал мурадал ругониги, магIанаби цого гIадал руго: «ТIадегIанав Аллагьас тIовитIарав чи – тIовитIарав вуго, тIовитIичIев чи – тIовитIичIев вуго», – абураб къагIидаялда.

БитIараб буго, Аллагьас тIовитIичIони инсан лъицаниги тIовитIуларо. Кинниги, гьаб рехсараб хIалалда, гьалги, гьазда релълъаралги аятазул магIнаги гьабун, дун ТIадегIанав Аллагьас тIовитIаравани къосинароанилан абураб гIузруги бачун, инсан гIайибалдаса ворчIунгутIи, бокьун буго цойги нухалда баян гьабизе, цебего рехсон араб букIаниги. Масала:

﴿ مَن يَهْدِ ٱللَّهُ فَهُوَ ٱلْمُهْتَدِ ﴾ الكهف: ١٧

Гьаб аяталъул магIна, рагIа-ракьанде щвараб, гIарифуназ гьадин гьабула: «Щив чи вугониги, жинца ТIадегIанав Аллагьасдасан тавфикъ тIалаб гьабун, гьев чи вуго Аллагьас тIовитIарав чи». Ай, гьев чи тIовитIула Аллагьас. Хал гьабе асхIабул-кагьфазул, къавмалда гъорлъан ТIадегIанав Аллагьас жал тIоритIарал! Гьадазе – гьидаят, цогидаб къавмалъе – куфру ТIадегIанав Аллагьас бикьа-къотIунищха кьун букIараб? Къавмалда рекъон, дозда гъорлъ чIун рукIаралани гьалги куфруялдаго хутIилаангури. ГьазгIадин тIалаб гьабун букIарабани, къавмги тIобитIилаангури.

Гьале «*Сурат ал-АгIраф*алъул», 178 аб. аяталъул тафсирги, «РухIул-баяналда», бугеб:

﴿مَن يَهۡدِ ٱللَّهُ﴾ أي يخلق فيه الاهتداء ﴿فَهُوَ ٱلۡمُهۡتَدِ﴾ لا غير كائنا من كان وإنما العظة والتذكير من قبيل الوسائط العادية في حصول الاهتداء من غير تأثير لها فيه سوى كونها دواعي إلى صرف العبد اختياره في تحصيله ﴿وَمَن يُضۡلِلۡ﴾ بأن لم يخلق فيه الاهتداء بل خلق الله فيه الضلالة لصرف اختياره نحوها .

Щив чи вугониги, ТIадегIанав Аллагьас жиндилъ тIовитIи тIалаб гьаби бижун, гьев чи вуго Аллагьас тIовитIарав чи. Аллагь тун, батIияв чиясда инсан тIовитIизе кIоларо, гьаб кинавго бусурманав чиясда лъайзе кколеб жо буго. Цогидал васитIабийин абуни, гьел ккола, ТIадегIанав Аллагьасул изнояллдалъун горони, щибниги жо гьабизе гьунар жедер гьечIел сабабал. ТIадегIанав Аллагьас къосине гьавурав чи – къосарав ккола. Ай, жиндилъ БетIергьанас къосин бижизе гьабун, жиндихъе БетIергьанас кьураб дагьа-макъабго эхтияр-къудрат жиндица сверизе гьабиялъе гIоло мекъаб рахъалдехун.

ХIасил, ТIадегIанав Аллагьас лагъ къосине гьавиялъе сабаблъун кколеб буго, гьев лагъас жинцаго, бокьун, къосараб рахъ тIаса бищи. Цебе рехсохъе, гIаламул- зарраялдаго ТIадегIанав Аллагьас зеррабазде тIаде беччараб гьидаяталъул нур тIаде щварал, гьеб нур бихьараб агьло – бахьи кьурал, жал тIоритIарал ккола. Гьеб нур жедеда бихьичIел – къосарал ккола. Жедер заррабаздаго гьидаяталъул нур бихьичIел, гьеб бихьизе тIалабги гьабичIел, бихьаразде инкарги жодоца гьабураб къавмалда, дунялалде рачIиндал, гьидаяталъул нух батилищ, батизе тIалабги гьабилищ, зарабазго тIалаб гьабичIеб.

ЦIунаги ТIадегIанав Аллагьас, кьураб эхтияралдасан пайда босизе лъангутIиялдаса!

**وفي الحديث : ((إنما أنا رسول وليس إليّ من الهداية شيء ولو كانت الهداية إليّ لآمن كل من في الأرض . وإنما إبليس مزين وليس له من الضلالة شيء ، ولو كانت الضلالة إليه لأضل كل من في الأرض ، ولكن الله يضل من يشاء ويهدي من يشاء)) . «روح البيان» صـ ٢٠٥ ، جـ ٥**

Свалат-салам лъеяв Аварагас абун буго: «Дун вуго ТIадегIанав Аллагьас халкъ Исламалде ахIизе витIарав расул. Гьел гьидаят гьариялъул щибниги кверщел дихъ гьечIо. Дихъ букIарабани кверщел, ай кIолеб букIарабани дида гьел тIоритIизе, ракьалда вугев щинав чияс иман лъелаан, – ай жинца гьел киналго тIоритIилаан битIараб нухалде, абураб магIна. – Иблисги буго жинца квешаб, сурукъабщинаб берцин бихьизе гьабулеблъун. ГIадан къосине гьавизе гьелдаги кIоларо, кIолеб букIарабани гьелда, гьелъги къосине гьавилаан ракьалда вугев щинав чи. Кинниги ТIадегIанав Аллагьас Жиндие бокьарав тIовитIизеги тIовитIула, къосинеги гьавула», – ян.

КъурЪаналда батIи-батIиял бакIаздаги абулеб буго ТIадегIанав Аллагьас Аварагасде ﷺ : «Дуе бокьаралщинал дуда тIоритIизе кIоларо, Авараг, Дица тIоритIарал горони», – ян. Амма ТIадегIанав Аллагьас халкъ тIобитIула аварагзабаздалъун. ГIалам жедеца битIараб нухалда тIоритIизе горищ Аварагзаби ритIунго ругел? Аварагзабада нахърилълъун, жеде-жедер заманалда, жеде-жедер макъамалда рекъон, имамзабаз, гIуламааз, муршидзабаз, муъминзабазги тIоритIула гIалам. Цебе рехсохъе, ТIадегIанав Аллагьас, Жинца тIовитIулев лагъ, квер ккун, нухаве вачунев гIадат букIунарелъул, гьал киналго ккола васитIаби, ТIадегIанав Аллагьас жал сабабалъе тIамурал. ХIакъикъияв гьадиййин абуни, гIицIго ТIадегIанав Аллагь вуго, гьабги киназдаго лъайзе ккола.

КигIанго халалъун кканиги, гьале «*Сурат Ибрагьималдасан*», цойги аят, «РухIул-баяналдасан», тафсиргун цадахъ. ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго Аварагасде ﷺ:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ وَمَآ أَرۡسَلۡنَا مِن رَّسُولٍ ﴾ إبراهيم: ٤

«Дуда цере рукIарал аварагзабазулги Дица цонигияв витIичIо, Авараг,

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ إِلَّا بِلِسَانِ قَوۡمِهِۦ ﴾ إبراهيم: ٤

къавмалъул мацIалда горони, гьезие баян гьабизе гIоло Жив разияб, битIараб, хIакъаб дин, ай тавхIид». Ай, ТIадегIанав Аллагьас цересел умматазухъе расул витIичIо, гьеб къавмалъул мацIалъ кIалъалев горони, мацI бичIчIулареб бугони, иршад хIасуллъуларелъул.

Амма гьалъул магІна кколаро, гІицІго мацІ бичІчІулел гІадамазда дов расуласул рисалат къокълъула, абураб. Масала, Муса ﵇ ва ГІиса ﵇ – кІиявго витІун вукІана бану исраилазухъе. Мусаде ﵇ рещтІараб Таврат букІана гІибрани мацІалда, рукІана къавмалда гъорлъ гьеб мацІ бичІчІуларел жамагІаталги. ГІиса аварагасде ﵇ рещтІараб Инжил букІана сиряни мацІалда, гьесул къавмалъулъги рукІана сиряни мацІ бичІчІуларел. Нелъер Аварагги ﷺ вуго гІарабияв, Къуръанги рещтІана гІараб мацІалда. Расул жедехъе витІарав къавмалда дин бичІчІун хадуб, доз бичІчІуларезухъеги щвезе гьабиларищха, дунялалъул букІназдего Ислам щвараб гІадин.

**﴿فَيُضِلُّ ٱللَّهُ مَن يَشَآءُ﴾ إضلاله ، أي يخلق فيه الكفر والضلال لمباشرة الأسباب المؤدية إليه**

ТІадегІанав Аллагьас Жиндие бокьарав лагъ къосун ккезе гьавула, ай гьесулъ бижуна куфру, къосин, гьеб куфру-къосиналде тІоритІел гьабулел сабабазда гьев хурхиналъе гІоло. Ай, ТІадегІанав Аллагьас гьав къосине гьавулев вуго, гьас гьеб тІаса бищидал. Масала, цІадерабазул кІиябго рахъ баршат букІуна. КигІан гьитІинабниги жо цояб рахъала лъуни, гьеб рахъалде цІанги уна. Инсанасе эхтияр кьун бугелъул бокьараб рахъ тІаса бищизе, кинаб рахъ гьес тІаса бищаниги, ТІадегІанав Аллагьас гьев гьенив толев вуго. Ай, нелъеца абулеб гІадин, масала: «Дир гьадият[1] къабул гьабуларев, дица кьураб жо босуларев чиясе дица гьадият гьабуларо, жоги кьоларо, дидаса вуссарав чиясдаса дунги вуссана», – ян.

*[1] Гьадият – сайгъат.*

*Гьанжиги хал гьабе, хириял вацал,*
*Хабар бугин ножой бицине бокьун,*
*Балагье, чIобого, боссе лъарасе*
*БетIергьанас кьолеб нигIмат бихьизе!*
*НигIмат дунялалда гIемераб буго,*
*Бичула, босула, багьа букIуна;*
*Багьа-къадар гьечIеб, даран чIолареб –*
*Дие бокьун буго гьелъул рехсезе.*
*Исламияб гореб, дин тIалаб гьаби –*
*Гьеб ахираталда хусранлъун[1] ккола,*
*Халкъалъе рахIматлъун витIарав ТIагьа –*
*Гьесде инкар ккурав – капур вукIуна.*
*Капурзабазецин, Ислам босидал,*
*Цере гьарун арал хIасанатазда[2]*
*Данд битIараб ажро[3] хъвалин, абураб,*
*Аварагасдасан хIадис бачIана.*
*БоцIи-мал гIемерав, цIар ДихIят бугев,*
*Тухумги кIудияв цо хан вукIана,*
*Цинги, Исламалде гьев вачIин бокьун,*
*Расуласулги цIакъ анищ букIана.*
*БетIергьан Аллагьас, вахIюги рещтIун,*
*ХIабибасда хабар лъайзе гьабуна,*
*Гьеб рохелги босун Расуласухъе*
*Рогьалил какида Жабраил щвана.*
*РахIманас рекIелъе иманги тIинкIун,*
*Исламалде къасд, лъун къачIана ДихIят,*
*Къадар тIаде щведал иш билъунелъул,*
*Ана Мадиналде ТIагьаясухъе.*
*Масжидалде жанив ДихIят лъугьиндал,*
*ХIабибас тIад чIвараб халгIат бахъана,*

*[1] Хусран – дармилъ къин.**
*[2] ХIасанат – лъикIал гIамалал.**
*[3] Ажро – кири.**

*ГӀодоб гьебги рехун, тӀаде вахаян,*
*Халкъалъул хирияс килищ битӀана.*
*ШафигӀасул курму жинда бихьидал,*
*Живго жинхъа нечон, ДихӀят гӀодана,*
*ГӀодосаги босун, убачги гьабун,*
*Гьомер бахчизабун, ботӀрода чӀвана.*
*БетӀергьан цо гьавун, ТӀагьада божун,*
*Шагьадатги битӀун ДихӀят гӀодана,*
*ГӀодиялде тӀаде гӀодиги цӀикӀун,*
*ЦӀакъго ракӀ бекараб сурат лъугьана.*
*Гьанжи Аварагас: «Мун щай гӀодулев,*
*ДихӀят?» – илан абун, суал гьабуна.*
*«Я Бишасул Расул! Дидасан ккарал*
*Кабаирал[1] ругин», – жавабги кьуна.*
*«Жиндие гьездаса кафаратниги*
*БукӀунарищ?» – илан, тӀаде жобана.*
*ТӀаса гьел мунагьал кколеб кафарат*
*Кинаб тӀад къаниги, гьав рази вуго.*
*Гьале, бокьани, дун дицаго чӀвала,*
*Яги боцӀудасан садакъа кьела,*
*Сундалъун жиндие буйрухъ кьуниги,*
*Расуласе ДихӀят мутӀигӀав вуго.*
*ГӀаламул-гьудаяс ДихӀятидехун,*
*Дур гьел мунагьалго щал? – ан гьикъана,*
*Гьес жиндирго ккарал мунагьал рицун*
*Расуласде данде жаваб гьабуна.*
*Ислам бачӀинелде, вас гьавуни – тун,*
*Яс гьаюни – чӀаго ракьулъ юкъулеб, –*
*Гьеб вахӀшияб пиша гӀарабиязда*
*Гьоркьоб билъанхъараб гӀадат букӀана.*
*БатӀаго чӀухӀарал ханзабадаги*

*[1] Ай, чӀахӀиял мунагьал.**

*Багьана букIинищ ясал рукъизе,*
*Къадро-къимат бугев ханлъун вукIиндал,*
*ДихIятги вахъилищ гьезда гьоркьоса?!*
*«Я Расулаллагь!» – ан байбихьи гьабун,*
*Гьел мунагьал рицун, ДихIят кIалъана,*
*Лъабкъоялда анцIго яс, дирго квералъ,*
*Дирго наслабазул чIванин бицана.*
*Цинги ХIабибуллагь хIайранлъун ккана,*
*ВахIюгун Жабраил жиндихъе щвана,*
*Дуца ДихIятиде гьадин абеян,*
*Аллагьас абухъе, гьесде манлъана.*
*«Дун цо вукIинги лъан, ШафигI хIакъ гьавун,*
*Шагьадат битIидал, Дица ДихIятил,*
*Лъабкъоябго соналъ гьарурал щинал*
*Мунагьалги чурун ругеб хIалалда,*
*Дурго ясаллъидал дуца чIван ругел,*
*Дица чуричIого гьеб кинан толеб?!»*
*Гьале БетIергьанас, Жибрилги витIун,*
*ТIагьаясде, кьеян манлъараб жаваб.*

* * * * *

*Жавгьар-якъуталъул къимат гьабулел!*
*ТавхIидалъул къимат лъанищ ножода?*
*Щибаб ярагъалъул къуват букIунин,*
*Нафю-исбаталъул бихьанищ къуват?!*
*Бича-хисиялъул, тижараталъул[1]*
*Багьа-къадар лъалеб агьло батула,*
*Аллагь цо гьавиги нафю-исбатги, –*
*Гьалъул багьа цIехе гIалимзабазде!*
*ГIурулъе гьин рехун хармуз кквеларо,*
*Хур бекьун ракьулъа ччугIби щвеларо,*

*[1] Тижарат – даран-базар.**

*Чундул гIалахалда гIемер рихьула,*
*РечIизе лъайчIони, чIвайзе щоларо!*
*Ширкалдаса[1] инсан ворчIизе ккани,*
*«Ла илагьа иллаллагь» абизе ккола,*
*Зобалазул нуцIби рагьулел кIулал, –*
*Гьеб, къебелъухъ гьабун, щолеб жо гьоро.*
*Шагьадатги битIун, тавхIид тIобайдал,*
*ТIаде иманалъул арканал ругел,*
*Аллагьасул Расул – ХIабиб МухIаммад ﷺ –*
*ХIакъав вугин, нугIлъи букIине кколеб.*
*КIиябго шагьадат камиллъарасде*
*Капурчиян аби – бугьтан букIунеб,*
*Бинаъги камиллъун, жанив вахъарав,*
*Авлахъалда вугин аби рекъелищ?*
*Ралъадалъеги щуб къваригIунелъул,*
*«Ла илагьа иллаллагь» абе киназго,*
*АбунагIан рекIелъ жиб щулалъулеб,*
*Щукру гьабун, баче хирияб зикро!*
*Зобал рагьулеб кIул кIочене тоге,*
*ТалихI-рохалида нуж даимлъаял,*
*Давла бугин нелъей, чIобого щвараб,*
*ЧIухIичIого баче бидгIачагIаца!*
*БетIергьан рехсезе тавфикъ кьечIони,*
*ТалихI къин горебищ гьеб инсанасул?*
*Тавфикъгин талихIалъ нилъ ралагьилищ,*
*Нилъго лъикIал лъугьун, балагьичIони?!*
*БетIергьан-Аллагь дуй къваригIинчIони,*
*Дов, мун гьечIониги, гIоларев чийищ*
*Дун къварагIунарев дийги щайилан,*
*Дуца абуларищ, ургъуларев щай?!*

---

[1] Ай, куфруялдаса.*

# САДАКЪАЯЛЪУЛ ХИРАЛЪИ БАЯН ГЬАБУЛЕЛ ЦО-ЦО АЯТАЛ ВА ХIАДИСАЛ

ТIадегIанав Аллагьас садакъа-хайраталъул хIакъалъулъ рещтIарал аятал рехсон руго Къуръаналъул батIабатIаял бакIазда. Гьале гьездаса цо аят:

قَالَ تَعَالَى: ﴿مَّثَلُ ٱلَّذِينَ يُنفِقُونَ أَمْوَٰلَهُمْ فِي سَبِيلِ ٱللَّهِ كَمَثَلِ حَبَّةٍ أَنۢبَتَتْ سَبْعَ سَنَابِلَ فِي كُلِّ سُنۢبُلَةٍ مِّاْئَةُ حَبَّةٍۗ وَٱللَّهُ يُضَٰعِفُ لِمَن يَشَآءُۗ وَٱللَّهُ وَٰسِعٌ عَلِيمٌ ٢٦١﴾ البقرة: ٢٦١

«Жедеца жедер боцIи-мал лъикIаб рахъалдехун буссине гьабулел гIадамазул, ай, гьез лъикIаб рахъалде буссине гьабураб боцIи-малалъул мисал буго, [фаризаяб закат бугониги суннатаб садакъа бугониги] гьез бекьун ракьулъан баккараб цо мугьалъул, жинда анкьго тIорги бижунеб, щибаб тIоралда жаниб нус-нус мугьги букIунеб». Ай, ТIадегIанав Аллагьас муъминчияс кьураб садакъаялъул кири бахине гьабулеб буго цоялдаса бахъараб анцIгоялде, лъабкъоялда анцIгоялде, анкьнусиде щвезегIан.

«Жиндие вокьарав лагъасе ТIадегIанав Аллагьас анкьнусгоялдаса тIадеги цIикIкIине гьабулеб буго, гьеб кири Жиндаго горони гIорхъи-хIад лъаларебгIан къадаралдеги. ТIадегIанав Аллагь сахаватав, бечедав, цIикIкIун кири кьеялдалъун Жиндие ками кколарев, садакъа кьурасул ниятги, кьураб садакъаялъул къадарги, гьесие кьезе мустахIикъаб ажроги Жинда лъалев вуго».

Масала, цо чиясда лъани, жинца бекьараб цо мугьалдасан жиндие анкьнусго мугь бачIунеблъи, гьев чияс гьелда тIад кIвар кьечIого телищ? Гьелдаго релъон, жинца

къураб садакъаялъул кири ТIадегIанав Аллагьас анкьнусиде бахинегIан цIикIкIине гьабулеблъи лъан хадуб, БетIергьанас жиндие къуралда рекъон, лъикIаб рахъалде боцIи-мал буссине гьабиялъулъ тохлъизе бегьилищ?

ХIасил, хIалбихьи бугев, лъикIав хурухъанги вугони, барщуд ккараб, лъикIаб, бацIцIадаб хьонги бугони, ракьги лъикIаб бугони, гьениса хIалбахъин цIикIкIун бачIунеб букIин лъалеб жо буго. Гьелдаго релълъон, садакъа кьолев чиги вацIцIадав муъминав вугони, боцIи-малги хIалалаб бацIцIадаб бугони, Аллагьасе гIоло бацIцIадаб ниятги бугони, гьеб садакъа мустахIикъаб бакIалдеги ккани, гьев чиясе ТIадегIанав Аллагьас кьолеб ажро гьелда рекъараб букIинги лъалеб жо буго.

## САДАКЪАЯЛЪ БАЛАГЬАЛ НАХЪЧIВАЯЛЪУЛ БАЯН

Свалат-салам лъеяв Аварагасул хIадисги буго:

**وفي الحديث ((صدقة المؤمن تدفع من صاحبه آفات الدنيا وفتنة القبر وعذاب القيامة))**

«Муъминчиясул садакъаялъ гьесдаса нахъчIвала дунялалъул балагьал, хабалъ букIунеб къварилъи-гIакъоба ва къиямасеб къоялъул гIазабги». Гьале цойги хIадис:

**وفي الحديث ((السخاوة شجرة أصلها في الجنة وأغصانها متدليات في دار الدنيا ، فمن تعلق بغصن منها يسوقه إلى الجنة ، والبخل شجرة أصلها في النار وأغصانها متدليات في دار الدنيا فمن تعلق بغصن منها يسوقه إلى النار))**

«Сахаватлъи буго гъойтI, жиндир асло алжаналъуб бугеб, гIаркьалабиййин абуни, дунялалде даладаб. Гьеб гъойтIалъул гIаркьел ккун, гьелда хурхун, щив чи вугониги, гьеб гIаркьелалъ гьев цIала алжаналъуве. Бахиллъиги буго гъойтI, жиндир асло жужахIалъуб бугеб, гIаркьалабиййин абуни дунялалде даладаб. Щив чи вугониги, гьеб гъветIалъул гIаркьел ккун, гьелда хурхун, гьеб гIаркьелалъ гьев вачуна жужахIалъуве».

Гьале цойги хIадис:

**وفي الحديث ((الساعي على الأرملة والمساكين كالمجاهد في سبيل الله)) أي الكاسب لتحصيل مؤنتهما كالمجاهد لأن القيام بمصالحهما إنما يكون بصبر عظيم وجهاد نفس لئيم فيكون ثوابه عظيما**

«Бесдалал хьихьарай эбелалъеги мискинзабазеги садакъа бакIаризе хьвадулев чи, ай жедер боцIудаса закат бахъулел чагIазухъа гьеб бакIаризе хьвадулев, ялъуни гьезие комекалъе жиндирго рахъалъан кIвараб жигар гьабулев, гьев чи релъон вуго Аллагьасул нухалда жигьадгъазават гьабулев чиясда».

Щай гьев мужагьидасда релълъене гьавун вугеван абуни, гьезие маслахIаталъе, комекалъе чIей, гьеб тIаде боси, – гьелъие къваригIунеб букIиналъе гIоло кIудияб сабро, щулияб иман [ай, жиндирго магIишаталъе дагьабниги мукъсанлъи ккечIого, гьеб лъугьунарелъул]; кIиабизеги, гьеб букIиналъе гIоло жиндирго хIалихьатаб, квешаб манлъун горони, лъикIалде жив гьесизе гьавулареб нафсалде данде гьабулеб гъазаватлъун. Гьединаб захIматаб иш гьеб букIиналъе гIоло, ТIадегIанав Аллагьас гьев чиясе кьола цIакъ цIикIкIараб ажро. Аллагьас гьареги нилъ гьединаздаса!

## САДАКЪА КЬЕЗЕ ККОЛЕБ КЪАГІИДА

Хадусеб аяталдаги абулеб буго:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ ٱلَّذِينَ يُنفِقُونَ أَمْوَٰلَهُمْ فِي سَبِيلِ ٱللَّهِ ثُمَّ لَا يُتْبِعُونَ مَآ أَنفَقُوا۟ مَنًّا وَلَآ أَذًى ۙ لَّهُمْ أَجْرُهُمْ عِندَ رَبِّهِمْ وَلَا خَوْفٌ عَلَيْهِمْ وَلَا هُمْ يَحْزَنُونَ ﴿٢٦٣﴾ ﴾

البقرة: ٢٦٢ - ٢٦٣

«Жедеца жедер боцIи-мал, Аллагь разилъи тIалаб гьабун, садакъадае кьолел, цинги гьеб кьураб садакъаялда нахъ регIизеги гьабуларел гьеб садакъаялъул ажро-кири холеб гIамал, – гьел гIадамазе Аллагьасул рахъалдасан ахираталда буго ажро-кири, гьезие гIазаб щвеялда хIинкъиги гьечIо, гьел пащманлъизеги гьечIо».

Масала, жиндие садакъа кьурав чиясдасан, гьелде данде, цо щиб бугониги жо тIалаб гьабун, дица дуе гьаб гьабичIищ абун, гьесда бадиб чIван, гIайиб гьабун, гIадамазда цебе гIемер бицун, гьев нечезе гьавун. Жакъа, нелъер заманалда, гIадат билълъухъе, цо чиясе садакъаялъул цIаралда гъурущ кьун, метер досдасан томен щоялде хьулалда, яги гьесдасан жиндирго цоги батIаял мурадал рилълъанхъизариялъе, пайда босизе гIоло; цинги гьев чиясдасан, жинца кьураб «садакъаялъул», къадаралдагIаги пайда щвечIони, хIал кIолеб бугони, доб кьураб «садакъа», нахъе бахъизе лъугьун; кIолареб бугони, бадибчIвай гьабун, гьевгун барщун, гьадинал ниятал-къасдаздалъун кьураб, бикьараб мал, – садакъа букIунаро. Гьелъул ажро-кири босизе гьев къиямасеб къоялъ витIула ТIадегIанав Аллагьас доб боцIи-мал жедее кьурал чагIазухъе. Дозухъаги доб кин бахъилеб, доз доб бикъунги букIинчIелъул, бахъунги букIинчIелъул, хIатта гьарунгицин букIинчIелъул дуде?

Хассго районазул, шагьаразул бутIрул, депутатал рищулеб заманалда букIунеб жоялъул бицинего ккелищ. Гьал халкъалда хадур хьвадула, комек тIалаб гьабун; халкъ жедедаго хадуб хьвадизе гьабизе гьазда лъаларо. Хъулухъги гьаз балагьула, хъулухъалъ жалго ралагьулеб хIалалда гIумро тIамизеги гьазда лъаларо. Бечелъиги гIемерисеб халкъалъе бокьулеб жо буго, гьелдасан пайда босизе лъалелин абуни, цIакъго дагьал горони, рукIунаро.

БацIцIадго, ТIадегIанав Аллагьасе гIоло, садакъа кьолев чияс, дов жиндие садакъа кьурасдасан щибниги жо тIалаб гьабуларо. ХIатта гьев вихьизегицин бокьизе кколаро. Жиндаги лъаларев, живги лъаларев, вихьичIев, рагIичIев, хадусан вихьизе, лъай-хъвай гьабизе ракIалдаги гьечIев чиясе, сундалъун бугониги, гьев хIажатаб жоялдалъун комек гьабизе щвеялдаса кIудияб рохел гьечIо муъминчиясе.

Рехсараб кIиябго аят рещтIиналъе сабабин абуни, свалат-салам лъеяв Аварагасе бищунго хIажатаб заманалда, Табукалъул гъазаваталде хIадурлъулаго [цо риваяталда], Аллагь разилъаяв ГIусман асхIабас бачIана кьолараб азарго варани ва азарго динар ярагъьгун цадахъ. Гьеб мехалъ Расулас ﷺ квералги цере ккун дугIа гьабуна: «Я дир Аллагь! Гьав ГIусманидаса дунги разилъана, Мун разиявлъунги гьаве!», – абун. Гьединго, Аллагь разилъаяв ГIавфил ГIабдурахIманицаги бачIана ункъазарго динар ва абуна: «Я Бишасул Расул! Дир букIана микьазарго динар, ункъазараго, диегоги хъизаналъеги тана, гьаб ункъазарго Аллагьасе гIоло садакъадаеги босана», – ян. Свалат-салам лъеяв Аварагас гьесиеги гьабуна дугIа: «Дуца кьуралдаги лъеги баракат, таралдаги лъеги», – ян. Гьелдаса хадуб гьесул боцIи ракьгIан гIемерлъунги буго.

## САДАКЪА КЬОЛЕЗУЛ ТАЙПАБИ

***Садакъа кьеялъулъ гІадамазул буго лъабго батІаяб тайпа.***

ТІоцобисеб тайпаялде абула [أقوياء] «*акъвияал*», ай ТІадегІанав Аллагьасде иман лъеялъулъ, таваккал тІамиялъулъ бищунго къуватал. Жинда Аллагь разилъаяв Абубакар асхІабасда релълъон, гьес, щибниги нахъе течІого, бугеб щинаб мал Расуласухъе ﷺ кьуна. КІикъо-азарго динар тІатун, кІикъо-азарго динар балъго, садакъадаеги кьун, гьев хутІун вуго рокъов, къватІиве вахъине рес гьечІого, гІаврат бахчизецин ретІине ретІел гьечІого. Дуего щиб тарабилан Расулас ﷺ гьикъидалги, гьес абун буго: «Аллагьги Аллагьасул Расулги тана», – абун.

ГІаврат бахчизецин ретІине жо гьечІого гьев вугин асхІабзабаз бициндал, свалат-салам лъеяв Авараг ун вуго, Аллагь разилъаял жиндирго руччабазул рукъзабахъе, Абубакарие битІизе жеdедасаго тІокІаб партал гьечІодаян тІалаб гьабун. Гьезулги батичІого, Расул ﷺ ун вуго жиндирго яс ПатІиматихъе ва, гьелъие ургъел бикьун, бицун буго бугеб ахІвал-хІал. Гьалъги щибха гьабилеб, Расулас ﷺ гьай, Аллагь разилъаяв ГІалие кьолей мехалъ, гьелъул рукъалъул къай-цІа ГІалил добе щвезе гьабизе Расулас ахІун руго, жеdеда Аллагь разилъаял Ясирил вас ГІаммар, Абубакар сиддикъ, ХатІабил ГІумар, Салманулфарис ва Усамат. Гьез щвезе гьабун буго ГІалил рокъобе. цо кверзул гьобо [кверхен], дабагъ гьабураб цо тІом, ай цІоко-тІехь, жанибе чамарсакил гьотІол хъалги бан гьабураб къандалъо, чамарсакил гагаялъул гьарурал чІумал, цо гулгун, цо гъадаро. Гьаб къай-цІа бихьараб мехалъ Абубакар гІодун вуго: «Гьабищха ФатІиматил къай-цІа?», – йиланги абун. Цинги Расулас ﷺ абун буго: «Я Абу-

бакар! Гьабги гIемераб буго дунялалда вугев чиясе», – ян. Рукъалде унаго Расуласул ﷺ ПатIиматида букIун буго хъачIаб квасул гьабураб цо халгIат, жинда анцIила кIиго рукъиги бараб. Рукъалде ун хадусаги гьелъ замана кин тIамулеб букIарабин абуни, кверал рукIунаан пурчIина хине кверхен сверулел, кIал-мацI букIунаан Къуръан цIалулеб, ракI букIунаан цIалараб Къуръаналъул тафсир гьабулеб, хIетIе букIунаан кини кIибикIулеб, берал рукIунаан гIодилел.

Черх бацизе ретIелцин гьечIого хутIарав Абубакарил ургъелги жиндие бикьун, эмен пащманго нахъ вуссун индал, Аллагь разилъаяй ПатIиматица къасд гьабуна, рукъалде унаго инсуца жиндиего кьун букIараб, анцIила кIиго рукъи бараб доб халгIат Абубакарие битIизе. Жиндирго гъаравашги ахIун, гьеб халгIатги босун, йитIана Абубакарие.

Расуласул ПатIиматица дуе гьаб босун йитIанаянги абун, Абубакарил рокъобе, гордонисан гьеб халгIатги рехун гъаравашги нахъ юссун йиго. Лъабго къо Расуласул гьомер бихьичIого ун, гьесухъ чIалгIун вукIарав Абубакарица, гьебсагIат тIадги ретIун, халгIат данде бачана, чамарсакалъул гIаркьелаздаса, рукIкIби гIадин, гIисинал гIучIалги чIван ва хехго, бетIералда тIагъурги гьечIого, хIатIида гIицIго къватIиве вахъана.

Гьеб сагIаталда вачIана Расуласухъе ﷺ Жабраил малаик, ботIрода жоги гьечIого, хIатIидаги гIицIго, чамарсакалъул гъотIол гIучIал чIван, данде бачараб халгIатги ретIун. Расулас ﷺ абуна Жабраиласде: «Я Жабраил! Гьаб щиб жакъа дуца ретIун бугеб ратIлил батIаяб къагIида», – йилан. Жабраилас жавабги гьабуна: «Я Расулаллагь! Дуда

цо дун вуго гьадин вихьулев, зобалаздайин абуни, гьечIо цониги малаик, гьаб къагIидаялда ретIел ретIинчIев, Абубакарида релълъенлъи гьабун, гьев вокьиялъ». Хадубги абуна Жабраилас: «Я Расулаллагь! ТIадегIанав Аллагьас дуде абулеб буго: “Дуца абе Абубакариде, жив Дидаса рази вугищан, Дун гьесдаса рази вуго”, – ян». Гьеб сагIат тIаде щвана Абубакар ﵁ , ва Расулас ﷺ бицана гьесие ТIадегIанав Аллагьасул рахъалдасан жиндихъе щвараб хабар. Цинги, Аллагь разилъаяв Абубакарица, гIодилаго лъабцIол такрар гьабуна: «Дир БетIергьан! Дун Дудаса рази вуго, Мун разиявлъунги гьаве дун», – абун.

Садакъаялъул рахъалъ гIадамазул кIиабилеб тайпайин абуни, гьел руго мутавасситIунал, ай гьоркьохъеб тайпа. Гьезда бугеб-гьечIеб мал – цадахъго садакъаде кьезе кIоларо, кодоб цIунула. Амма гьелдасан, квана-гьекъон, кеп босун, исраф гьабун хойзе гьабизе гIоло гореб, хIажат бихьун, бакI бихьун кьезе кодоб букIин мурадалда цIунула гьаб тайпаялъ мал, чара гьечIебгIан къадар горони жедецаго жедеего хвезеги гьабичIого.

Садакъа кьолезул лъабабилеб тайпайилан абуни, гьел руго [الضعفاء] – бищунго загIипал, нахъе ккарал. Гьез жедер бугеб боцIи-мал, бечелъиялдаса фаризаяб закат бахъула, тIокIаб табарругI, ай суннатаб садакъа-хайрат гьазда лъаларо. ЗакагIатги бахъулареб боцIи-малин абуни, гьеб гьев чиясе дунялалда ургъалиеги ахираталда гIазабалъеги букIуна, тIокIаб пайда гьелдасан бихьуларо.

Гьанжи щивав рес бугев, бечедав чияс, хал гьабеха, жив кинаб тайпаялда гъорлъадай вугоян. Мун сахаватлъанагIан Аллагь дуеги сахаватлъила, дуца квер беччанагIан Аллагьас дуеги беччала, дуца ккунагIан Аллагьас дуеги

кквела. Жинда Аллагь разилъаяв ГІали асхІабас абун буго: «Мискинав чиясе боцІи-мал цІикІкІине бокьани, Аллагьасулгун гьабе даран-базар», – илан. «Алжан сахаватал чагІазул рукъ буго, бахилав чи алжаналъуве лъугьунаро», – абун Расуласул ﷺ хІадисалги гьелъул хІакъалъулъ хІикаяталги гІемер руго. Аллагьас кьеги тавфикъ! Амин!

## ИБРАГЬИМ АВАРАГАСУЛ عليه السلام САХАВАЛЪИ

Цо нухалда Ибрагьим авараг عليه السلام щуазарго чахъу бугеб гІиял рехъенгун, меседил рахъсал гамунир рарал, гьеб гІи хьихьулел гьабигун, авлахъалда вукІаго, гьесие гьенив загьирлъана цо гІадан, ай гьев вукІана инсанасул сураталда вугев малаик. Цинги гьев малаик кІалъана гьаб тасбихІалдалъун: سُبُّوحٌ قُدُّوسٌ رَبُّ الْمَلآئِكَةِ وَالرُّوحِ . Гьесул тасбихІ рагІидал, гьевги вокьун, гьеб тасбихІги рагІизе бокьун Ибрагьимица عليه السلام абун буго, цойги такрар гьабе гьеб тасбихІ, дица дуе гьаб дуда бихьулеб рехъадул бащадаб кьелаян. Малаикас гьеб тасбихІ такрар гьабун буго кІиабизеги. Гьанжиги абун буго Ибрагьимица عليه السلام, цойги такрар гьабе гьеб тасбихІ, гьаб тІолго рехъен дуе бугоян. Цинги гьезухъ зобалаздасан рагьун рукІарал маликзабаз гІажаиблъи гьабун буго ва абун буго Ибрагьимидехун عليه السلام: «Мун ТІадегІанав Аллагьас Халиллъун ккезе мустахІикъавги вукІун вуго», – ян.

**قوله تعالى ﴿وَٱتَّخَذَ ٱللَّهُ إِبۡرَٰهِيمَ خَلِيلٗا﴾ قيل سماه بذلك لافتقاره إليه سبحانه في كل حال . «المفردات في غريب القرآن»**

Хал гьабе Ибрагьим аварагасул عليه السلام ТІадегІанав Аллагьасдехунги Аллагь рехсон тасбихІ гьабулесдехунги бугеб рокьиялъул, тасбихІ гьабуралъухъ гІиял рехъен кьезе гъосул бугеб гъираялъул.

***«Жедеца садакъа кьурал, кьун хадуб гьеб жедеца хвезеги гьабичIел гIадамазе, Аллагьасул рахъалдасан ахираталда буго ажро-кири, гьезие гIазаб щвеялда хIинкъиги гьечIо, гьел пащманлъизеги гьечIо».***

## БОЦIУДАЛЪУН ГОРЕБГИ БУКIУНА САДАКЪА

ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго хадусеб аяталдаги:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ ۞ قَوْلٌ مَّعْرُوفٌ وَمَغْفِرَةٌ خَيْرٌ مِّن صَدَقَةٍ يَتْبَعُهَآ أَذًى ۗ وَٱللَّهُ غَنِىٌّ حَلِيمٌ ﴿٢٦٣﴾ ﴾ البقرة: ٢٦٣

«Гьарун вачIарав чи, гьесул ракI лъукъулареб берцинаб каламалдалъун, масала, Аллагьас кьелеб дуе ризкъиян абиялда релълъон, ракI батун, ва гьариялдалъун гьесдасан жиндие ккараб бакIлъиялда тIаса лъугьун, [ай гьарулев чи кьуралда разилъуларев, цогидаб жо гьарулев, гьариялъулъ цIакъго инжитго, хIелхIедулев вукIине бегьулелъул, гьединал жалазда тIаса лъугьун], нахъе витIи лъикIаб буго, рехсон араб хIалалда, бадибчIвай гьабун, ракI бакъвайзе гьабиялдаса».

***МагIна гьадинги букIине бегьула:*** «Жиндир диналъул вацасдехун берцинаб калам гьаби, гьев гьечIев бакIалда гьесие лъикIаб дугIа гьаби, лъикIалдалъун гьев рехсей, ва, гьесдасан жиндие ккараб зулму-зарал батани, гьесдаса тIаса лъугьин лъикIаб буго, цебе рехсараб хIалалда, кьун хадуб хвезе гьабулеб садакъа кьеялдаса. ТIадегIанав Аллагь бечедав вуго, кьун хадуб хвезе гьабулеб садакъа кьолезде хIажатав гьечIо. Аллагь хIалимав, гьединал гIадамазе гIакъоба гьабизе гIедегIуларевги вуго».

ХIасил, боцIи-мал кьеялдалъун горониги, берцинаб рагIиялдалъун чиясул ракI бати, лъикIлъиялъе комек гьаби, сундалъун бугониги хIажат тIобай, унтарасде зияраталъ ийин, хварав чи вукъизе ийин, – гьаб кинабго садакъа буго, бацIцIадго, Аллагь разилъи тIалаб гьабун, гьабулеб бугони.

**وعن الحسن قال : خرج رسول الله ﷺ ذات يوم على أصحابه فقال : ((هل منكم من يريد أن يذهب الله عنه العمى ويجعله بصيرا ، ألا إنه من رغب في الدنيا وطال أمله فيها أعمى الله قلبه)) ...الخ . «روح البيان» صـ ٤٢١ ، جـ ١**

Свалат-салам лъеяв Аварагасул хIадисалда абулеб буго: «Дунялалде ракI гьетIун, гьелдехун хьул халалъун щив вугониги, гьелъул къадаралда ТIадегIанав Аллагьас ракI бецц гьабила. Гьединго, щив чи вугониги жив дунялалдаса вуссун, гьелдехун хьул къокъ гьабун гьев чиясе ТIадегIанав Аллагьас гIилмо кьела, манлъичIого, цIаличIого, гьев битIараб нухалдеги тIовитIила».

Свалат-салам лъеяв Расулас абулеб буго асхIабзабаздехун: «Нуж кантIе! Ножода хадуб бачIине буго къавм, жедеца жедер ханлъи цIунизе битIараб нухлъун гIадамал чIвайи, зулму гьаби кколел, – ай жедерго ханлъи гьедин цIунулел, – чIухIи-бахиллъиялдалъун горони жедер бечелъиги гьечIел, – ай, бечедал чагIиги чIухIарал, бахилал рукIина абураб магIна. – Гьаваялда, [ай дунялалда] нахъ рилълъиналдалъун горони, гьудуллъи, махIаббатги[1] букIинаро. Гьеб заманалда нахъ регIун щив чи вугониги [ай, гьеб заман жинда бихьун] гьес сабро гьабе факъроялда[2], жинда баччизе хIал кIола

---

[1] *МахIаббат – рокьи.**

[2] *Факъро – мискинлъи.**

букIаго. Жив рихарав, жиндехун тущманлъиялда вугев чиясдеги сабро гьабе, гьесулгун тущманлъи гьабизе кIолеб бугониги. Жив гIодовегIанавлъун вукIиналдаги сабро гьабе, тIадегIанлъи балагьизе кIолеб бугониги. Гьал рехсарал жалазде сабро гьабиялдасанги гьесие бокьуге, [ай, мурадлъун букIунге] гIицIго ТIадегIанав Аллагь разилъи горони. Гьединав чиясе ТIадегIанав Аллагьас кьола кIикъоялда анцIго сиддикъасул ажро».

ХIадис тIобана. Дицаго абила, рехсараб хIалалда гьев чи хьвадун хадув, дуниял гьесда хадуб жибго бачIуна. КIодолъиги, бечелъиги, тIадегIанлъиги балагьун, хадув лъугьун, щваралдаса жибго хадуб бачIараб бацIцIадабги тIаса унаребги буго, щукру гьабизе лъарасе.

Свалат-салам лъеяв Аварагасухъе бачIун буго цо къокъа гIадамазул, хIакимлъи тIалаб гьабун. ГIалайгьи свалату ва ссалам, Аварагас абун буго гьезде: «Нежеца тIалаб гьабурав чи гIамиллъун толаро, гьеб тIалаб гьабурав ТIадегIанав Аллагьас жиндирго нафсалде тIамун тола. ТIаде босизе гьабурасе – Аллагьасул гIавно-квербакъи, къуват букIуна», – ян.

## САДАКЪАЯЛЪУЛ КИРИ ХВЕЗЕ ГЬАБУЛЕЛ ПИШАБИ

Рехсарал аятазда хадубги абулеб буго:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ يَـٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ لَا تُبْطِلُوا۟ صَدَقَـٰتِكُم بِٱلْمَنِّ وَٱلْأَذَىٰ كَٱلَّذِى يُنفِقُ مَالَهُۥ رِئَآءَ ٱلنَّاسِ وَلَا يُؤْمِنُ بِٱللَّهِ وَٱلْيَوْمِ ٱلْـَٔاخِرِ ۖ فَمَثَلُهُۥ كَمَثَلِ صَفْوَانٍ عَلَيْهِ تُرَابٌ فَأَصَابَهُۥ وَابِلٌ فَتَرَكَهُۥ صَلْدًا ۖ لَّا يَقْدِرُونَ عَلَىٰ شَىْءٍ مِّمَّا كَسَبُوا۟ ۗ وَٱللَّهُ لَا يَهْدِى ٱلْقَوْمَ ٱلْكَـٰفِرِينَ ﴿٢٦٤﴾ ﴾ البقرة: ٢٦٤

«Ва иман лъурал гIадамал! Ножоца хойзе гьабуге ножорго садакъаялъул ажро, [цебе рехсохъе] гьарулесда бадибчIвай гьабун, гьесдасан цогидаб жо данде тIалаб гьабун, [ва гь.ц.]».

Гьарулесе зарал гьабиялъ, гьесда бадибчIвай гьабун гьев нас гьавиялъ (ай, хIакъир гьавиялъ), садакъаялъул ажро-кири кванала, цIаялъ цIул гIадин.

«Гьединал гIадамазгIадин хойзе гьабуге ножоца ножорго садакъа, – ян абулеб буго муъминзабазде, – жодоца жодор боцIи садакъадае кьолел рихьдае [ай, гIадамазда жив лъикIав, садакъа кьолев чилъун вихьизе гIоло, ай рияалъе гIоло]. Жал Аллагьасдаги божуларел, къиямасеб къоялдаги божуларел».

ХIасил, Аллагьасдаги божуларел, къиямасеб къоялдаги божуларел, жедеца жедер боцIиги кьолел, Аллагь разилъи тIалаб гьабун гореб, гIицIго рияалъе гIоло, – гьаз гIадин, ножоцаги хвезе гьабуге ножор садакъа, – ян таъкид гьабун абулеб буго БетIергьанас муъминзабазде.

«Садакъа рияалъе гIоло кьолев, цогидаб гIамалги рияалъе гьабулев чиясул мисал буго ахираталда, тIеренабго ракьул хъалги тIад бугеб, къвакIараб, цIвакараб гамачIалъул, кутакаб, чIахIияб цIад тIаде бараб мехалъ, гьеб цIадалъ тIад букIараб ракьул гъатги чурун ун, гIицIго цебе лъун хутIараб».

ХIасил, садакъа кьурав мунафикъ, рияъ-чи, ва, гьарулесе зарал гьабун, бадиб чIван, кьураб садакъа хвезе гьабун бугони, муъминчиги, релълъене гьавун вуго къиямасеб къоялъ, гьадаб гамачIалда, тIад букIараб ракьалда

садакъаги релълъене гъабун буго. Доб кутакаб цІад байдал, бугеб-гьечІеб ракьги тІаса цІадалъ чурун ун, цебе лъун гІицІго хутІараб гамачІгІадин, къиямасеб къоялъ гьел рехсарал гІадамалги къватІир чІвала.

«Дунялалда рияъ-сумгІаталъе гІоло[1] гъабун букІараб гІамалги, садакъа букІа, цойгидаб гІамал букІа, доб цІадалъ гамачІалда тІаса чурун араб ракьгІадин, гІадада хун батула. Цинги гьезда хІалги кІоларо, дунялалдагІадин, гъабураб гІамалалъул ажро батизе, балагьизе. ТІадегІанав Аллагьас тІобитІуларо кафураб къавм, ай жедер зарабазго куфру тІаса бищун букІун хадуб».

ГІуламаазул цо-цояз, рияъ-сумгІаталъе гІоло гІибадат гъабулев чи релълъене гъавула чІимхазул, ай гІисинал гамчІазул, кесеги цІезе гъабун, базаралде вахъарав чиясда, жиндир цІураб кесеялда гІадамалги хІайранлъарав, ай гІарцул кесе цІурав чи хІисабалда. Базаралдаса бичун жо босизе лъугьиндал, доб цІураб кесеги гІадада хварав.

## ЖЕДЕДАЛЪУН ЖУЖАХІ БОРКЬУЛЕЛ ЛЪАБГОЯЛ

Свалат-салам лъеяв Аварагас бицана: «ТІадегІанав Аллагьас къиямасеб къоялъ, киналго умматалги данде ракІарун, хІисаб-суал гъабизе байбихьидал, тІоцоре ахІула Къуръан цІалулев чиги, Аллагьасул нухалда, ай гъазаваталда, чІван хварав чиги, бечедав чиги.

Къуръан цІаларасде гьикъулила ТІадегІанав Аллагьас: «Дица дуда лъайзе гъабунищ Дир Расуласде Дица рещтІараб калам?» – абун. «Лъайзе гъабуна, БетІергьан», – илан лагъас жаваб гъабидалги гьикъулила БетІергьанас:

[1] *Рияъ – гІадамазда берцин вихьизе; сумгІат – цІар тІибитІизе гІоло.**

«Гьеб Дица лъайзе гьабураб Къуръаналда гIамал кинха дуца гьабураб?» – абун. Лагъас абулила: «Дун гьеб релъедаги къадги цIалулев вукIунаан», – илан. ТIадегIанав Аллагьас абулила гьесде: «Гьереси буго дур», – абун. Гьасул гIамал хъвалев вукIарав малаикасги абулила: «Гьесул гьереси буго», – ян. Хадубги ТIадегIанав Аллагьас абулила: «Дуца Къуръан цIалана пуланав чи Къуръан цIалулев чи вугоян абизе гIоло, гьеб дудеги абуна, [ай Къуръан цIалулев чиян], Дие гIоло цIаличIо», – ян.

Гьединго ахIулила бечедав чи, гьикъулила гьесдеги: «Дуе Дица бечелъи кьунищ?» – абун. «Кьуна, БетIергьан», – илан гьевги мукIурлъулила. «Щибха дуца гьелда гьабураб», – илан гьикъидалги, лагъас абулила: «ГIагарлъи хурхине гьабуна, садакъадае кьуна», – ян. Гьесдеги абулила БетIергьанас, дур гьереси бугоян, гьединго малаикасги гьабулила нугIлъи, лагъасул гьереси букIиналъе. Хадубги абулила БетIергьанас: «Дуца садакъа гьабулаан гIадамаз сахаватав чи вугоян абизе гIоло, гьеб дуде абуна», – ай, дуе Дица кьезе жо гьечIоян абураб магIна.

Цинги ахIулила гъазаваталда чIварав ва гьикъулила: «Мун щибжоялъе гIоло вагъарав, чIварав?» – абун. Гьесги гьабулила жаваб: «Дир БетIергьан! Дуца амро гьабун букIана Дуе гIоло гъазават гьабеян, гьединлъидал дица гъазават гьабуна, вагъана, дунги чIванаха», – абун. Гьасдеги абулила БетIергьанас: «Дур гьереси буго, мун вагъана бахIарчи абураб цIарарлъе гIоло, гьеб дуеги щвана», – ян.

**ثم قال رسول الله صلى الله عليه وسلم : ((أولئك الثلاثة أول خلق الله تسعر بهم النار يوم القيامة )) . «روح البيان» صـ ٤٢٣ ، جـ ١**

Гьаб рехсараб къисаги бицун, абунила свалат-салам лъеяв Аварагас: «Рехсараб лъабабго тайпа халкъалъул тIоцорисел руго, жедедалун жужахI боркьулел», – илан.

Ахираталда, бищун жив хIажатав бакIалда, дунялалда гьабураб лъикIаб гIамалги жиндаго бадиб кьабун, пащманлъиялде ккезе бокьун батичIони, гьабулеб щинаб лъикIлъиги гьабизе ккола гIицIго Аллагьасе гIоло. Аллагьасе гIоло гьабиялдаса вуссиналъул магIна ккола, батIулаб, мекъаб рахъалде гьетIи, мекъаб рахъалде гьетIун хадуб, гьабулеб гIамалалъулъ цIунизе кколеб хIакъ батIуллъула, гьеб хIалалда гьабураб гIамалги, ай хIакъьги шартIги батIуллъидал, гьабураб гьебги, цебе рехсохъе, бадиб кьабула.

**فمن عمل عملا لله ثم يشوبه بغرض في الدارين فقد أبطل عمله بأن يكون لله فافهم جدا ،كذا في «التأويلات النجمية» . «روح البيان»**

ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго хадусеб аяталдаги:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿وَمَثَلُ ٱلَّذِينَ يُنفِقُونَ أَمْوَٰلَهُمُ ٱبْتِغَآءَ مَرْضَاتِ ٱللَّهِ وَتَثْبِيتًا مِّنْ أَنفُسِهِمْ كَمَثَلِ جَنَّةٍۭ بِرَبْوَةٍ أَصَابَهَا وَابِلٌ فَـَٔاتَتْ أُكُلَهَا ضِعْفَيْنِ فَإِن لَّمْ يُصِبْهَا وَابِلٌ فَطَلٌّ ۗ وَٱللَّهُ بِمَا تَعْمَلُونَ بَصِيرٌ ﴿٢٦٥﴾﴾ البقرة: ٢٦٥

«Жедеца жедер боцIи-малалдаса закатги бахъулел, цогидаб лъикIаб рахъалде садакъа-хайратги гьабулел, ракI разилъун, бацIцIадго Аллагьасе гIоло, Аллагьасул рахъалдасан жедее гьелдалъун ажро-кири букIиналда ракIги чIолел, гьединал муъминзабазул садакъаялъул мисал буго, ракьги лъикIаб, битIараб бакIалдаги бугеб, жинде тIаде чIахIиял къатIрабазул берцинаб, лъикIаб цIадги щун, кIиго нухалъ цIикIкIун пихъ бачIараб ахалъул; чIахIияб, гIемераб гореб, гIисинаб цIад баниги, бачIине

кколеб гIанасеб къадар пихъилги байинчIого букIунареб. ТIадегIанав Аллагь ножор гIамалал рихьулев вуго, ай лъица щиб мурадалда лъие гIоло кинаб лъикIаб гIамал гьабуниги, гьеб лъалев вуго».

**قال رسول الله صلى الله عليه وسلم : ((لولا الفقراء لهلك الأغنياء))**

Свалат-салам лъеяв Аварагас абун буго: «Фукъараал рукIинчIелани агъниял гьалаглъилаан», – илан. Ай, бечедал чагIазда Аллагьасде гIагарлъи тIалаб гьабизе василат, ай комекчагIи ратилароанилан.

Свалат-салам лъеяв Аварагасул цойги хIадис:

**(( اليد العليا خير من يد السفلى ))**

Гьаб хIадисалъул магIнаги буго, «ТIаде ккураб квер лъикIаб буго гъоркье ккуралдаса», – абураб. Амма гIуламаазул цояз гьеб хIадисалъул магIна гьабулеб буго гьадин:

**يد العليا هي يد الفقير والسفلى يد الغني تعطي السفلى وتأخذ العليا**

«ТIаде ккураб квер буго факъирасул, гъоркье ккураб квер буго бечедасул, гъоркье ккураб квералъ ай мискинасул квералъ кьола, тIаде ккураб квералъ босула, ай бечедасул квералъ», – абун.

Доб, мискинзаби рукIинчIелани бечедал гьалаглъилаанилан абураб хIадисги гьаб хIадисалъул гьаб магIнаги данде ккураб мехалъ, гьаб магIна цIакъ данде кколеблъун бихьулебги буго, кIиябго магIна битIараб буго.

**قال عبد الرحمن بن زيد : كان أبي يقول إذا أعطيت رجلا شيأ ورأيت أن سلامك يثقل عليه فلا تسلم عليه**

Цо кIудияв гIалимас абулеб букIун буго васасде: «Дуца цо пуланав чисе кьуни цониги жо, цинги дуда гьев вихьани дуца салам кьеялдалъун духъа нечолевлъун, дуца гьесие салам кьоге», – ян. ТIадегIанав Аллагьас кьеги тавфикъ муъминзабазе, лъикIаб щинаб гIамал гьабизе ва гьеб цIунизе! Амин!

*ХIабибасул ПатIимат цо нухалда унтидал,*
*Аллагь разилъи щваяв ГIали гьелъухъе щвана.*
*Щиб дуе бокьилебан гьелда гьикъа-бакъана,*
*Гьелъ, руман[1] бокьун бугин, жаваб ГIалие кьуна.*

*ГIалихъ, руман босизе шагьи-капек букIинчIо,*
*Щибдай гьабила абун, ургъалилъе тIерхьана.*
*ТIадеги вахъун, ГIали базаралде къокъана,*
*Къарзалъ[2] цо диргьамги щун, руман гьелъухъ босана.*

*Руманги босун, ГIали рокъов тIад вуссунаго,*
*КъватI бакьулъ гIодов рехун херав мариз[3] ватана.*
*ГIали гьесухъе ана, сагIаталъ аскIов чIана,*
*Унтарасул хIал цIехон, гьикъа-бакъи гьабуна.*

*Гьалеха, гьаб хIалалда гьанив рехун вугоян,*
*Херав чи ГIалидехун, ракI чучун, гаргадана.*
*Дуда анищан ккараб щиб бугоян гьикъидал,*
*Гьес, руман бокьун бугин, данде жаваб гьабуна.*

---

*[1] Руман – гранат.**
*[2] Къарз – налъуде боцIи боси.**
*[3] Мариз – унтарав чи.*

*Гьанжиги ГIали-асхIаб ургъалилъе рехана:*
*Руман гьасие кьуни, ПатIимат махIрумлъулей,*
*ПатIиматий аб тани, асий щвезехъин гьечIеб,*
*Аллагь-Аварагасде хилифлъиги дир кколеб.*

*Хадув ГIали ургъана, руман кIихIи къотIана,*
*Бащдаб гьасиеги кьун, кьабун рокъове ана.*
*Амма бащадаб руман ГIалица гьасий кьейгун,*
*Расуласул ПатIимат гьеб сагIаталъ сахлъана.*

*Сахаб цо румангIаги ПатIиматий гьечIелъул,*
*Гьелдаса цIакъ намусго ГIали рокъове щвана.*
*Пащманго ГIали вихьун, щиб дуеян гьикъана,*
*Гьесда дандеги яхъун, каранде жинца къана.*

*Дуца дов унтарасе бащдаб руман кьурабго,*
*Дир долде букIараб хьул нахъ буссанин абуна.*
*Руманго щвечIониги, гьелдаса хьулги буссун,*
*Сахлъун Загьраъ ятидал, ГIалиги цIакъ вохана.*

*Хадуб, нуцIида кIутIун, ГIали тIаде вахъана,*
*«КIалтIа вугев щив? – абун, хитIаб жинца гьабуна.*
*«КIалтIа вугев дун вугин», – Салман данде кIалъана,*
*«Дие нуцIа рагье», – ян хадуб тIаде жобана.*

*ТIад квербацIги бараб тIутI гьесда кодоб букIана,*
*Гьаб лъица битIарабан, ГIалица суал кьуна.*
*Салманул-фарисияс: «Аллагьасул рахъалъан*
*Расуласухъе бачIун, дуй битIанин», – абуна.*

*Цинги ГIали асхIабас тIутIалъул хал гьабуна,*
*ТIаса квербацIги босун, жаниве валагьана.*
*Гьелда жаниб ГIалида ичIго руман батана,*
*АнцIго гьечIеб кинилан, махсароде кIалъана.*

*Салман данде велъана, дуда лъанин абуна,*
*Лъороса къватIиб бахъун, тIутIалда руман лъуна.*
*Цо лъикIлъи гьабурасе данде анцIго кьолилан,*
*Аллагьас абуралда руманал рарщалъана.*

*Балъго кьураб садакъа хиралъи тIокIаб буго;*
*ТIатун кьуни, бергьунеб заман-бакIги букIуна.*
*КIиябго рахъги борцун, маслахIатаб гьабуни,*
*Гьев чиясул садакъа ГIалил гIадаб букIуна.*

*ГIолон гьабураб лъикIлъи, – садакъа букIунаро,*
*Садакъа къабуллъизе ихлас букIине ккола.*
*Ихласги камиллъани, шурутIалги тIорани,*
*ТIадегIанав Аллагьас гьеб нахъеги чIваларо.*

*Рес бугесе садакъа гьабизе бигьа буго,*
*Гьабун хадуб гьеб цIуни, – цIакъго захIмат букIуна.*
*БадибчIвай гьабуниги, гIиваз[1] балагьаниги,*
*Гьеб гIадада холебин, тохлъуге муъминзаби!*

*Анкьнусиде щвезегIан кири цIикIкIун хъваледухъ,*
*Кье ножоца садакъа, Аллагьасе гIололъун;*
*Садакъаялда жаниб щуго лъикIлъи бугебин,*
*Щвезе бокьун батани, бугелда барахщуге!*

*Бугебщинаб бикьеян абулаги гьечIелъул,*
*Бикьулелъул, кьолелъул къадарги дудаго лъай.*
*Дуда кодоб бугеб мал дудаго лъикI лъалелъул,*
*ЛъикIаб рахъалде кьолеб гIемерлъунги бихьуге!*

*Бечедазул сахават, умараазул гIадло,*
*ГIалимзабазул гIилму, фукъараазул дугIа, –*

*[1] Жинца гьабураб лъикIлъиялде данде цойги жо.**

*Дуниял гьаб ункъалъго ккураб жоян абулин,*
*Аллагьас тавфикъ кьеги ункъабгоги синфалъе[1].*

*Садакъаялъул бугеб пайдайилан абуни:*
*БоцIи-мал гьев чиясул тIадеги гIемерлъила,*
*Балагьал нахъе чIвала, унтуе дарулъила,*
*Дунялалда нелъеца гьеб горищ балагьулеб!*

*Гьединго ухраялда, ситатIалъул кьодасан,*
*Пирхараб пири гIадин, вахине гьунар щвела.*
*Щуабилеб пайдаги, ахираталда бугеб:*
*ХIисаб-суал гьечIого алжаналъув витIила.*

*Алжанги насиблъизе, сиратIги бигьалъизе,*
*Садакъа-хайраталда ниж ругьун гьаре, Аллагь!*
*Унтабиги сахлъулел, боцIи-малги цIобалеб,*
*Балагьалги нахъ чIвалеб гIамалалъе квер бакъе!*

*Кинниги, хал гьабуни, чIахIиял балагьазе*
*ГьитIинаб садакъаялъ гIей гьабилин кколаро.*
*Балагье, цо кIудияб кьуру тIаде гьетIани,*
*Гьеб кквезе къуват бугеб букIине ккеларищ тIох?*

*БетIергьанас дуе кьун, гIемер боцIи бугони,*
*ГIабсал садакъадай кьун, сахават камиллъилищ?*
*Сахаватав чиясул рукъ – алжанин бугелъул,*
*Алжан къварагIарав чи къарун гIадин вукIунге.*

*Къолоца борцун, месед дуца бикьананиги,*
*Балагь тIаде бачIунеб къагIидаги букIунеб.*
*Доб садакъаялъ балагь щайха нахъ чIвайчIеб абун,*
*ЩайтIаналъ дур рекIелъе вас-вас ккезе гьабулеб.*

---

*[1] Рехсараб ункъабго тайпаялъе.**

*Воре, гьелъул макроялъ гуккизе мун вукIунге;*
*Гуккун гьелъул макроялъ чанги чи къосуневин!*
*Къадирасул афгIалалълъ хIикмат гIемер букIунеб,*
*ХIикматазда хадур нилъ дунялалда гъоларел.*

*Дур ратани мунагьал, гьеб горелъ чруларел,*
*Гьел чурийищ дуе лъикI, чуричIого хойийищ?*
*Хал гьабе, тохтурасги унтарасе кьун толел*
*КьогIал щинал дараби, досий заралалъейищ?*

*Ялъунани, цо балагь тIаде беччан горони,*
*Ухраялда щолареб хассаб макъам батани;*
*Халикъасе гьеб макъам дуй кьезеги бокьани,*
*Дове щведал, дуе гьеб кин ккела: лъикIиш, квешищ?*

*Кинабго лъикIаб-квешаб – Къадирасдасан лъидал,*
*Къадаралда разилъи – нелъеда тIадаб буго.*
*ТIагьаясул шаригIат, Аллагьас лъураб къанун,*
*Мекъса инчIого, ккойзе умматалъе рес щваги!*

## САДАКЪАЯЛЪУЛ КИРИ ЦIИКIИНЕ ГЬАБИ ВА ГЬЕЛЪИЕ РУГЕЛ ШАРТIАЛ

Цойги аяталдаги абулеб буго гьадин:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ مَّن ذَا ٱلَّذِي يُقْرِضُ ٱللَّهَ قَرْضًا حَسَنًا فَيُضَٰعِفَهُۥ لَهُۥ وَلَهُۥٓ أَجْرٌ كَرِيمٌ ﴿١١﴾ ﴾ الحديد: ١١

ТIадегIанав Аллагьас гьаб аяталъулъ, лъикIаб рахъалде садакъа кьей релълъене гьабун буго къарзалда, ай боцIи-мал бекIеде кьеялда, гьединлъидал абулеб буго:

«Щив вугев ножор, бацIцIадаб нияталда хIалалаб боцIи-мал, ракI разиго, садакъаде кьолев чи, Дица гьесие гьеб цIикIкIине гьабизе, – ай анцIгоялдаса бахъараб анкь-нусгоялде щвезегIан ва жиги Жиндаго горони гIорхъи лъаларебгIан къадаралде щвезегIанги. – Гьеб ажроги гьесие алжаналда гьедагIанго цIикIкIун кьезе бугеб, цIикIкIунго кьечIониги, данд битIун кьун тананигицин, хиралъи-тIокIлъиялъул рахъалъ жиб гIемералъул бакIалда чIолеб».

Хирияб букIинарищха гьеб алжаналъул нигIматаздасаги бугони, кьолев чиги Живго БетIергьан вугони.

ХIасил, мискин-пакъирасе кьураб садакъа кколеб буго ТIадегIанав Аллагьасухъе къарзалъ кьураблъун, щай абуни, къиясмасеб къоялъ, додагIанго цIикIкIинеги гьабун, нелъеего тIад буссине гьабулелъул; лъикIав, иман бугев чияс, жиндихъего къарзалъ кьураб мал тIад буссине гьабулелъул лъикIаб, жиги дагьаб тIаде цIикIкIинеги гьабун кьолеб гIадин.

Хал гьабеха, бусурбаби, ТIадегIанав Аллагьасул рахIмат-цIцIобалъул нелъее бугеб гIемерлъи! Жинцаго нелъее кьураб боцIи нелъеца садакъадае къедал, гьеб нелъее тIад буссине гьабулеб буго ахираталда додагIан цIикIкIинеги гьабун.

Гьаб аят рещтIиндал Абу-ДахIдахI абурав, Аллагь жинда разилъаяв, цо асхIабас жиндир бугебщинаб жо-ялдаса бащда-бащдаб садакъадае кьун буго, хIата цояб хьитгицин кьун буго, цояб жиндиегоги тун.

ТIадегIанав Аллагьас гьаб аяталъулъ ишара гьабулеб бугоянги абулеб буго цо-цо гIалимзабаз, тIалаб гьабурав

чиясухъе, шаргIияб къагIидаялда къарзалъ боцIи-мал кьеялде, ай гьеб кьеялъул хиралъилде. Суннатаб садакъаялдаса къарзалъ кьей хириябин абиялъе гIиллаги буго, къарз рес къотIарав чияс горони тIалаб гьабуларелъул. ТIалаб гьабурав чиясухъе къарзалъ мал кьечIони, ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: «Дир лагъ! Дица дуде гьарана, амма дуца кьечIоха», – абун. ХIасил, къарзалъ кьураб боцIи-мал ТIадегIанав Аллагьасухъе кьураблъун буго.

***Гьаб рехсараб хIалалда, гIемераб кириги жиндалъун щолеб къарзлъун садакъа ккеялъе, цо-цо гIалимзабаз абулеб буго, гьелъулъ данделъизе ккола анцIго шартIилан.***

- ☑ ТIоцобисеб – садакъа кьолеб мал хIалалаб, бацIцIадаб букIин. Цоясул бикъун, я досухъа бахъун, хъамал гьабун, цойгиясе гьеб кьей – садакъа букIинищха гьасул?
- ☑ КIиабилеб – жиндир малалъул лъикIалдаса кьей, хвараб, къадараб гореб;
- ☑ Лъабабилеб – живгоги хIажатав вукIаго кьей;
- ☑ Гьеб садакъа хIажатаб, мустахIикъаб бакIалде ккезе гьаби;
- ☑ БегьанагIан балъго кьей;
- ☑ Кьун хадуб гьеб хвезе гьабунгутIи;
- ☑ БацIцIадго, ТIадегIанав Аллагьасе гIоло кьей, рияъсумгIат гъорлъ жобайзе гьабичIого;
- ☑ Жинца кьураб гьеб садакъа, цIакъ дагьаб, къабихIаб жолъун бихьи, кигIан цIикIкIараб бугониги;
- ☑ Бищун дуего бокьулеб кьейи;
- ☑ Ва мискин-факъир къабихIавлъун, живго къадро тIадегIанавлъун вихьунгутIи.

Гьал рехсарал сифатал жиндилъ данделъараб садакъа кколеб буго лъикIаб, кьурав чи бергьарав къарзлъун.

Жинда Аллагь разилъаяв ГIали асхIабас, боцIи-мал къварагIарав чияс даран Аллагьасулгун гьабеян абураб гIадин, къарзалъ кьолебги, ТIадегIанав Аллагьасухъе кьейгIан мухIканаб жо букIинаро. ДовгIан цIикIкIун тIад буссине гьабулевги ватиларо. Амма кIочене бегьуларо, къарзалда релълъенеги гьабун, риба хIалтIизе гьаби хIарамаб букIин. Гьелъулги рехселеб батила, Аллагьас тавфикъ кьуни.

ТIадегIанав Аллагьас гьабго сураталъул 18 аб. аяталдаги абулеб буго:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ إِنَّ ٱلۡمُصَّدِّقِينَ وَٱلۡمُصَّدِّقَٰتِ وَأَقۡرَضُواْ ٱللَّهَ قَرۡضًا حَسَنٗا يُضَٰعَفُ لَهُمۡ وَلَهُمۡ أَجۡرٞ كَرِيمٞ ١٨ ﴾ الحديد: ١٨

«ХIакълъунго, жедеца жедер боцIи-мал садакъаде кьолел бихьинал ва руччаби, лайикъаб-къадараб гореб, лъикIаб, ракI разияб хIалалда, бацIцIадаб нияталда, ай батIияб мурад гьечIого, гIицIго Аллагьасе гIоло, мустахIикъаб бакIалде [гьадин кьураб садакъаялде абула Аллагьасухъе кьураб къарзилан], – гьезие гьеб хъвала, гIамалал хъвалел тIамчазда, анцIгоялдаса анкьнус-гоялде ва жиги, ТIадегIанав Аллагьасда горони къадар лъаларебгIанги, цIикIкIун. Ажроги кьола гьезие ахиралда, гьеб садакъа кигIаналде щвезегIан цIикIкIун хъваниги тIамчазда, гьелда рекъон. Ай, гьезие буго алжан ва алжаналъул даражаби, ТIадегIанав Аллагь разилъигун цадахъ».

## АВАРАГАС ﷺ РУЧЧАБИ САДАКЪА КЬЕЯЛДЕ ГЬЕСИЗАРИ

**وفي الحديث ((يا معشر النسآء تصدقن فإني أريتكن أكثر أهل النار))**

Свалат-салам лъеяв Аварагас абулеб буго руччабаздехун: «Ножоца садакъа кье, дида ножор гІемерисел рихьулел руго жужахІалъул агьлолъун», – илан.

**وروى مسلم عن جابر ﷺ أنه قال : شهدت مع رسول الله ﷺ صلاة العيد فبدأ بالصلاة قبل الخطبة بغير آذان ولا إقامة ثم قام متوكئا على بلال ﷺ فأمر بتقوى الله وحث على طاعته ووعظ الناس وذكرهم ثم مضى إلى النساء فوعظهن وذكرهن فقال : ((تصدقن فإن أكثركن حطب جهنم)) قالت امرأة : لم يا رسول الله ؟ فقال : ((لأنكن تكثرن الشكاية وتكفرن العشير)) أي المعاشر وهو الزوج فجعلن يتصدقن من حليهن ويلقين في ثوب بلال حتى اجتمع فيه شيء كثير فقسمه على فقراء المسلمين . «روح البيان» صـ٣٦٧ ، جـ٩**

Свалат-салам лъеяв Аварагас гІидалъул какги бан, Аллагь жинда разилъаяв Билал асхІабасда кверги чІван, ай гьесдехунги хьван, гІадамазе вагІза гьабун, гьел Аллагьасдаса хІинкъиялде гьесизе гьарун руго. Цинги руччабазухъехунги ун, гьезиеги гьабун буго вагІза ва абун буго: «Ножоца садакъа кье, ножор гІемерисел жужахІалъ рухІулеллъун руго», – ян. Гьеб мехалда цо чІужу кІалъан йиго: «Сундалъун, я Аллагьасул Расул?», – илан. Гьелъие жавабги гьабун буго гьадин: «Нуж рукІиналъе гІоло гІемер зигардулеллъун, россабаз гьабураб лъикІлъи гІолареллъун, кигІан гьабуниги, гьес гьабураб магІишат гІолареллъун, щукру гьечІеллъун», – илан. Гьеб мехалъ руччабаз, бугелъ бугеб тІаса бахъун, баргъич-кІиликІ бан буго Билал асхІабасул кварчІинибе, данделъун буго гІемераб мал ва бикьун буго фукъараазе.

## РУЧЧАБАЗЕ БИГЬАГО АЛЖАН ЩОЛЕБ НУХ

Руччабазе алжан цIакъ бигьаго щолеблъун бугоан, гьезда гьеб босизе лъалебани. Кин гьеб бигьаяб бугебин абуни, къол щуябго какги, камил гьабун, бани, Рамазаналъ кIалги ккуни, хIал кIун хIажги гьабуни, закат-сахIги тIобитIани, росасеги мутIигIлъани, тIокIаб чIужугIадамалдасан тIалаб гьабулеб жо гьечIо Исламияб шаригIаталъ, гьелда гьел чIолелани.

ЧIечIого руччабаз щиб гьабула бугебилан абуни, модаби руччабаз раккулел; ригьин-цIаялда жанир гьарулел гIадаталги, шаригIатги хвезе гьабун, руччабаз цIунулел; россабаз батараб боцIи-малалда гIейги гьабун рокъор чIезеги руччабазда лъалареб; дибирзабаз кигIан гIемер бицаниги, вагIза-насиаталдасан пайдаги босулареб; шаргIалда данде кколарел сапарал гьаричIогоги гьел чIоларел; цинги гьезул ретIунеб ратIлил къагIидаялъул, даран-базар гьабиялъул ритIухълъи-рацIалъи цIуниялъул бицинего бицинарин. Гьадинаб хьвада-чIвадиялъул, тIабигIат-гIамалалъул руччабазда бусурманав инсан кинха разилъилев. РекIелъ иман бугей чIужугIадамалъе, гьадаб рехсараб, свалат-салам лъеяв Аварагасул хIадис гIела, тIокIаб жо къваригIинаро.

## МУГЪЧIВАЙ АЛЛАГЬАСДЕ ГЬАБИЗЕ ККЕЯЛЪУЛ БАЯН

Цойги аяталда абулеб буго:

قَالَ تَعَالَى: ﴿ وَهُوَ ٱلَّذِى خَلَقَ مِنَ ٱلْمَآءِ بَشَرًا فَجَعَلَهُۥ نَسَبًا وَصِهْرًا ۗ وَكَانَ رَبُّكَ قَدِيرًا ﴿٥٤﴾ ﴾ الفرقان: ٥٤

«Гьединав БетIергьан вуго [ТIадегIанав] Аллагь, инсан Жинца вижарав лъиналдасан [ай, Адам ﷺ вижизе хIарщ гьабураб лъим, – абураб мурад, ялъуни Жинца халкъ бижарав бихьинчиясдасанги чIужугIадамалдасанги, ай маниялдасан]. Гьеб халкъги Жинца гьабурав кIиго тайпаялда, насаб жедеде гIунтIизе гьабулел бихьиналлъунги, гIагарлъи жедедалъун лъугьунел руччабилъунги. ТIадегIанав Аллагь вуголъана, Жинда хIалкIолевлъун, цохIого маниялдасан наслабазул гьеб кIиябго тайпа Жинца бижине». Ай, ТIадегIанав Аллагьас Жиндие бокьухъе рижуна гьел наслаби, цоязе васал кьун, цогиязе ясал кьун, ва цогиязе кIиялго кьун, кьезего кьечIого тун, яги васги ясги кIиялго цадахъ кьун, ай эгзал кьун.

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿وَيَعْبُدُونَ مِن دُونِ ٱللَّهِ مَا لَا يَنفَعُهُمْ وَلَا يَضُرُّهُمْ ۗ وَكَانَ ٱلْكَافِرُ عَلَىٰ رَبِّهِۦ ظَهِيرًا ﴿٥٥﴾﴾ الفرقان: ٥٥

«Гьел мушрикуназ, ТIадегIанав Аллагьги тун, лагълъи гьабулеб буго, лагълъи гьабунилан жедее щибниги мунфагIат-комек гьабизе, лагълъи гьабичIого тунилан зарал гьабизеги, жедер кигIан дагьабниги гьунар-къуват гьечIел хъанчазе. Гьев капурчи вуго, ТIадегIанав Аллагьасде гIасилъиялъе жинца щайтIаналъе комек гьабулевлъун», ай Исламалдаса, Аварагасда ﷺ иман лъеялдаса гIадамал нахъе чIван, хъанчазе лагълъи гьабиялда гьел даим гьариялъе квер бакъулевлъун.

**وما ليس من شأنه النفع والضر أصلا وهو الأصنام وما في حكمها من المخلوقات إذ ما من مخلوق يستقل بالنفع والضر فلا فائدة في عبادته والاعتماد عليه واتباعه .**

**«روح البيان» ، صـ ٢٣٣ ، جـ ٦**

Хириял бусурбаби! ЦІалун тун гореб, ножоца пикро гьабе! Жакъа нелъеда гьоркьосан цо къокъа гІадамазул чІани, жедерго квераздалъун маххул, гамчІил, цІулал, ай бокьараб материалалъул суратал, ай хъанчалги гьарун, гьелги Аллагьаллъун ккун, гьезие лагълъиги гьабун, гьал горони, тІокІав БетІергьан-Аллагь гьечІиланги чІун, жедеего хІажатаб щинаб жоялъе гьездасан комек-квербакъиги тІалаб гьабун, гьеб къокъаялде ножоца щибилан абилеб? Халкъалда жаниб, гьездаса талихІ къараб, ахІмакъаб къавм букІинищ? Гьеле гьедин рукІана Ислам бачІинелде цере гІарабал, Маккаялъул агьло. Щибаб тухумалъ жеде-жедеего хъанчалги гьарун, яги ричун росун, гьел хъанчал аллагьаллъунги ккун, гьезие лагълъиги гьабун, гьезда цереги чІун, жедерго мурадлъун бугебщинаб жоялъе комек-квербакъиги гьездасан тІалаб гьабун.

Цинги ТІадегІанав Аллагьас жедедаго гьорлъан, жедерго мацІалъул, свалат-салам лъеяв МухІаммад Авараг расуллъунги витІун, гьел ахІана тавхІидалде, ай Аллагь цо гьавиялде. Гьел хъанчазе лагълъи гьабизе бегьунгутІиялъул хІакъалъулъ рещтІана гІемерал батІа-батІаял аятал, бицана, баян гьабун, лъагълъи жиндие гьабизе тІадав БетІергьан – цо Аллагь горони гьечІолъи. Аллагьас тІоритІарал тавхІидалде рачІана, хъанчалги рехон тана, талихІ къараб, ахІмакъаб тайпа куфрялдаго хвана. Гьединаб къисмат ккана цересел умматазулги жеде-жедер аварагзабазулгун, – тавхІидалде рачІарал ритІун ккана, райинчІел къосун ккана, гьалаг гьаруна. ХІасил, ТІадегІанав Аллагьас русулал ритІана, гьел умматал хъанчазе, ялъуни цІадуе, бакъ-моцІалъе лагълъи гьабиги тун, тавхІидалде ахІизе.

Бусурбаби! Ножоца гьанжиги пикро гьабе! Нелъеда гьоркьосан баккани цойги батІияб къокъа, гьадаб жа-

гьилаб, ахIмакъаб къокъаялъ жал аллагьлъун ккурал хъанчазда жедеца релълъене гьарулел хъанчаздаса ва цоги батIа-батIаял жалаздаса ратIаги гьарун, умматал тавхIидалде ахIизе ТIадегIанав Аллагьас ритIарал аваргзаби, хассго Аваргзабазул хатам – ХIабибуллагь, свалат-салам лъеяв МухIаммад авараг ва гьесул ирс жодое щварал варисзаби, ножоца гьазие кинаб къимат кьолеб?

Гьадаб хъанчазе лагълъи гьабулеб къавмалъулги, хъанчазда аваргзаби, машаихзаби, гIарифунал, имамзаби релълъене жедеца гьарулеб къокъаялъулги, гIакълоялъул рахъалъ, релълъен бихьулищ? Умматаз лъалареб, бичIчIулареб жедедеги гьикъизе, умматал жедеда нахъги рилълъине, умматаз жедедасан комек-квербакъиги тIалаб гьабизе горелищ аваргзаби ритIунго ругел?

Къуръан-хIадисалда горони, жедеца гIамал гьабуларин чIарал! Гьедин батани, ножоца щайха бихьизе гьабулареб Къуръан-хIадисалда, нуж имамзабазда, щайихзабазда, гIарифуназда, гIуламаазда нахъги рилълъунге, гьезда аскIореги къаге, гьеб жо ширк буго, – абун бицараб бакI?! Къуръан-хIадисалъул ахIиго гьезда нахъ рилълъаян горищ бугеб, ножода Къуръан-хIадис бичIчIулеб батани? Нужго къосаралги гIечIого, ножоца щай гьаб гIаламги къосине гьабулеб?! ТIадегIанав Аллагьасул изноялдалъун, Расуласги ﷺ гьесда нахъ рилълъарал муъминзабазги, жеде-жедер даражаялда рекъон, къиямасеб къоялъ шафагIат гьабулеб букIин, – Къуръан-хIадисалда бицинчIогойищ бугеб?! Ножоца щай гьелъул хал гьабулареб?!

ТIадегIанав Аллагьасул вализабаздехун рагъ бай – живго чIвалеб загьро бугилан хъвараб бакIгойищ бихьичIеб ножода? ТIадегIанав Аллагьас къудусияб

хIадисалда: «Дир валиясе заралалъе чIарав чиясда Дица рагъ лъайзе гьабула», – ян абун гьечIищ, нуж щай ножорго нафсазда гурхIуларел?! ТIадегIанав Аллагьгун рагъун, бергьинейищ ножое бокьун бугеб?! Ножорго гIакъидаги ножоего тун, питнаялде халкъ ахIичIого чIезениги щай ножода лъалареб?! ХъанчазулгIан мунфагIат, хун хадур аварагзабаздасанги цойгидал умматалъул сулахIааздасанги букIунарилан, гьересияб нугIлъи ножоцаго ножоего гьабизе, нуж сунцагIагидай тIамуна?

БитIараб буго, ножое гьеб шафагIат щвелин дицаги абиларо, щай горелъул, нужго гьеб щунгутIиялъе нугIзаллъун ругелъул. *Агьлу-суннат вал-жамагIат*ин абуни, ТIадегIанав Аллагьасул рахIматалдеги Расуласул ﷺ шафагIаталдеги хьулалда рукIуна, иншааллагь, гьезие гьеб букIинеги буго. ТIадегIанав Аллагьас *агьлу-къиблат*алъул чи, кив ватаниги, щив ватаниги, тIовитIаги битIараб, хIакъаб нухаве, гьеб хIакъаб нух кибехун батаниги! Дир тIокIаб мурад гьечIо гьаб горони, кинав вукIаниги инсанасе зарал бокьарав чиги дун горо. Диналъул вацазе дугIадул аманатги буго, бакI горебгIадаб бакIалда бицун, халалъараб гьаб хабаралда тIасаги лъугьа.

Хадусеб аят:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿وَمَآ أَرۡسَلۡنَٰكَ إِلَّا مُبَشِّرٗا وَنَذِيرٗا ٥٦﴾ الفرقان: ٥٦

«Дица мун витIичIо, Авараг, тавхIидалдеги рачIун [ай, Аллагь цо гьавун], дуда нахъ рилълъарал муъминзабазе, алжаналдалъунги Дир рахIматалдалъунги рохел бицинелъун ва капурзабазе, жужахIалдалъунги Дир ццин бахъиналдалъунги хIинкъи кьезелъун горони».

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ قُلْ مَآ أَسْـَٔلُكُمْ عَلَيْهِ مِنْ أَجْرٍ إِلَّا مَن شَآءَ أَن يَتَّخِذَ إِلَىٰ رَبِّهِۦ سَبِيلًا ﴿٥٧﴾ ﴾ الفرقان: ٥٧

«Дуца абе, Авараг, гьел капурзабаде: “ТIадегIанав Аллагьасул рахъалдасан дихъе бачIараб вахIю, ай рисалаталъул амро, ножохъе щвезе гьабуралъухъ дица ножодасан тIалаб гьабулеб мухь гьечIо, кинниги ТIадегIанав Аллагь разилъи тIалаб гьабун, садакъа кьезе бокьарав чияс – кье[1], дица гьеб нахъ чIваларо” – ян».

## АЛЛАГЬАСДЕ МУГЪЧIВАЙ ГЬАБИЯЛЪУЛ ДАРЖАБИ

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ وَتَوَكَّلْ عَلَى ٱلْحَىِّ ٱلَّذِى لَا يَمُوتُ وَسَبِّحْ بِحَمْدِهِۦ ۚ وَكَفَىٰ بِهِۦ بِذُنُوبِ عِبَادِهِۦ خَبِيرًا ﴿٥٨﴾ ﴾ الفرقان: ٥٨

ТIадегIанав Аллагьас, Жиндир рисалат щвезе гьабуралъухъ гьездасан щибго жо тIалаб гьабугеян амро гьабун хадуб, свалат-салам лъеяв Аварагасде абулеб буго: «Дуца таваккал тIаме, ай мугъчIвай гьабе, киналниги умуразулъ Жив чIагояв, хвел гьечIев, даимав, абадияв БетIергьан-Аллагьасде. Дуца, нигIматазе щукру гьабиялдалъун, дур БетIергьан вацIцIадги гьаве, Жиндие рекъоларелщинал сифатаздаса».

Жив холев инсанасде тIамураб таваккал, гьабураб мугъчIвай, дов инсан хойдал, тIаса унеб бугелъул, ТIадегIанав Аллагьас манлъулеб буго, мугъчIвай Жив горесде гьабугеян.

[1] *Ай, мискин-факъирасе.**

Свалат-салам лъеяв Аварагас абулеб буго:

**قال ﷺ : ((من قال كل يوم سبحان الله وبحمده مائة مرة غفرت ذنوبه ولو كانت مثل زبد البحر))**

«Щив чи вугониги, щибаб къойил нусго нухалъ *“СубхIаналлагьи ва бихIамдигьи”* абун, гьев чиясул мунагьал чурула, ралъдал полопгIан гIемерал ругониги», – ян. Ай, гьеб тасбихIалъ жанире рачуна, БетIергьанасе гьарулел киналниги камилал сифатал. «БетIергьан Аллагь, Жиндир лагъзадерил киналниги загьиралгун батIиниял, мунагьал лъалев вуго».

ТIадегIанав Аллагьасде таваккал тIамиялъулги рукIина даражаби. Масала, сапаралде вахъунев чияс квен, лъин цадахъ босиялдалъун БетIергьан Аллагьасде таваккал тIами холаро. Амма квен-лъиналде мугъчIвай букIине бегьуларо. Гьеб квен-лъинги цIогьорас бикъун, яги гъачагъас бахъун, бортун хутIизеги бегьула, ялъуни, кодоб квен-лъинги букIун хвезеги бегьула. Гьединлъидал, бусурманчиясул мугъчIвай букIине ккола гIицIго ТIадегIанав Аллагьасде.

Унго-унгояб хIалалда БетIергьан-Аллагьасде таваккал тIамулев чиясул хIакъалъулъни, цо-цояз гьадинаб мисал бачунеб буго. Гьев чи вукIуна эбелалъул каранда хахулеб лъимералъул мисалалда, ай гьеб лъимада, гIицIго эбелалъул карандасан горони ризкъи тIалаб гьабизе лъаларебгIадин, гьев чиясдаги лъаларо, гIицIго БетIергьан-Аллагьасдасан горони, жиндие хIажатаб жо тIалаб гьабизе, абураб магIна. Гьаб даража-макъамалъул гIадамал цIакъго дагьал, балъгоялльун ккола. Гьединазул дугIаялдаса нилъ БетIергьанас махIрум гьаругеги!

## АЛЛАГЬАС ЗОБАЛ-РАКЬАЛ АНЛЪГО КЪОЯЛДА ЖАНИР РИЖИНАЛЪУЛ ХIИКМАТ

Хадусеб аят:

قَالَ تَعَالَى: ﴿ ٱلَّذِى خَلَقَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضَ وَمَا بَيْنَهُمَا فِى سِتَّةِ أَيَّامٍ ثُمَّ ٱسْتَوَىٰ عَلَى ٱلْعَرْشِ ۚ ٱلرَّحْمَٰنُ فَسْـَٔلْ بِهِۦ خَبِيرًا ﴿٥٩﴾ ﴾ الفرقان: ٥٩

«Зобалги, ракьалги, зобал-ракьазда жаниб бугебщинабги Жинца бижарав вуго БетIергьан-Аллагь, анлъго къоялда жаниб», – ай гьедагIанасеб заманалда жаниб. Гьеб заманалда жаниб сордоги къоги лъайзе бакъ-моцI букIинчIин абулеб буго тафсиразда. ТIадегIанав Аллагьас, цо лахIзаталда жаниб гьеб кинабго бижине хIал кIолевлъунги вукIун, гьеб бижин халат бахъине гьабуна халкъалъе мисалалъе. Ай, сундулъго, хехдаричIого, гIодоре реччай, сабро беццараб буго, гьелъулъ батула кинабго маслахIатги лъикIлъиги. Свалат-салам лъеяв Аварагас абулеб буго:

**((العجلة من الشيطان))**

«Хехдари щайтIаналдасан буго», – ян.

Руго шаригIаталъ хехлъи гьаби беццарал бакIалги: гьоболасе хъулухъ гьаби, гIурай яс рукъалде кьей, хварав чи вукъи, фаризаял какал гIуж щварабго рай, жинда тIад бугеб налъи бецIи, сапаралда вугев чи, хъулухъ тIобан хадуса, нухав регIи, мунагьаздаса тавбо гьаби. Гьал рехсарал умуразулъ хехлъи гьаби беццараб буго.

Мискинлъизе бокьарав чияс, кIиго шагьиялъул бу-

гониги, налъи гьабеян абула, ай мискинлъи тIаде цIайзе, налъиялъул кIиго шагьи бугониги гIолеб буго. ГIемераб налъи тIад бугони, кинха букIинаро. Жинда тIад чияе налъи гьечIев чи, мискинав вугониги, бечедавлъун рикIкIуна, ай гIадаталда.

**﴿ثُمَّ ٱسۡتَوَىٰ عَلَى ٱلۡعَرۡشِۖ﴾ أصل الاستواء الاستقرار والتساوي واعتدال الشيء في ذاته ومتى عدى بعلى اقتضى معنى الاستيلاء والغلبة كما في «المفردات» وهو المراد هنا . ومعنى الاستيلاء عليه كناية عن الملك والسلطان ، والمراد بيان نفاذ تصرفه فيه وفيما دونه . لكنه خص العرش بالذكر لكونها أعظم الأجسام . «روح البيان» ، صـ ٢٣٤ جـ ٦**

«ТIадегIанав Аллагьас кверщел гьабуна, ай Жиндир тасарруф билълъанхъизе гьабуна, ГIаршалда ва гьединго зобалазда, ракьазда, жаниб бугеб щиналдаги».

БетIергьанас, хасс гьабун, ГIарш рехсана, гьеб бищун кIудияб махлукъат букIиналъе гIоло, гьеб рехсеялъ цогидаб щинаб махлукъатги жанибе бачунелъул. Гьеб ГIаршги, Курсги, зобал-ракьалги, жаниб бугебщинаб махлукъатги РахIманас, ай ТIадегIанав Аллагьас, бижараб буго, гьеб батизе гьабуравги Аллагь вуго.

## КЪУРЪАН-ХІАДИСАЛЪУЛ МАГІНА ЛЪАЛЕСДЕ ГЬИКЪИЗЕ ККЕЯЛЪУЛ БАЯН

БетIергьанас абулеб буго: «Дуца гьикъе, Авараг, Аллагьасул сифатаздасанги, ГIарш-Курсалдасанги, истиваалдасанги, гьеб кинабго жинда лъалесде». Расулас ﷺ гьеб гьикъулев, гьеб лъалев, бицунев чиги – Живго БетIергьан вуго, Жинцаго бицаниги, Жибрил витIун бицаниги, ай Расуласде ﷺ бицунев.

**والخبير يختلف باختلاف السائل فإن كان السائل النبي ﷺ فالخبير هو الله ، وإن كان السائل أصحابه فالخبير النبي ﷺ ، وإن كان السائل التابعين فالخبير الصحابة ﵃ عن النبي ﷺ عن الله وهكذا . «صاوي» جـ ٣ ، صـ ١٦٣**

ТIадегIанав Аллагьасул сифатаздасан, ГIарш-Курс, истиваалдасан бицунев чиги гьикъулев чи хал гьавун вукIуна. Масала, цебе рехсохъе, гьикъулев чи свалат-салам лъеяв Авараг вугони, бицунев чи Живго БетIергьан ккола, Аварагасде ﷺ бицунев чи щивха тIокIав вукIинев? Гьикъулев чи вугони сахIабияв, – жинда лъалев, бицунев чи свалат-салам лъеяв Авараг ккола. Гьикъулев чи вугони табигIиназдаса, – ТIадегIанав Аллагьас Расуласе ﷺ бицун, Расулас ﷺ жинде бицарав, сахIабияв ккола.

Лъай тIалаб гьабиялъул рехсараб тартибалдасан нелъеда бичIчIулеб буго, киналниги, гIакъидаялда хурхарал рукIа, фикъгьиялда хурхарал рукIа, Къуръан-хIадисалда тIасан букIа, нелъедаго бичIчIулареб, лъалареб масъала, нелъедаго бичIчIухъе, нелъеего бокьухъе борхичIого, лъалезде гьикъизе ккей.

Жакъа гьединал суалал нелъеца кьезе ккани, свалат-салам лъеяв Аварагасдасан жодоца гIилмо босарал, жодода Аллагь разилъаял асхIабзабиги, гьездасан гIилмо босарал табигIиналги гьечIелъул, гьанжи щибха гьабизе кколеб? Щиб гьабизе кколеб, – рехсараб тартибалда, табигIиназдасан жодоца гIилмо-лъай босарал, рацIцIадал, мугIрул гIадал чIахIиял гIалимзабаз, гьоркьоса къотIичIого, щибаб гIасроялда цуцахъе кьолаго, нелъехъе щвараздасан, гьез хъварал тIахьаздасан босила.

Мазгьабалъулункъавго имамгIадал ва жакъа къоялде щвезегIан гьезда нахъ рилълъарал *агьло-суннат*алъул гIалимзабаздасан цонигияс киданиги абичIо Аллагь ГIар-

шалда тIад вугилан, абулел бидгIачагIазул рагIи къабулги гьабичIо. Жакъайин абуни, Куръаналъул магIнаби гьариялда сверухъ бугеб ахIвал-хIал бихьараб мехалъ, битIахъе ракI гIодула. Масала, вагьабиязе Къуръаналъул магIнаби гьаризе, гIилмого къваригIунеб гьечIо. «*Дурусушифагьият*ги», цIалун, бокьарав чияс, жиндиего бокьухъе, магIна гьабизе гьез бегьизабулеб буго. Гьезул амро ТIадегIанав Аллагьасде тIамун тана.

## АГЬЛОЛЪУН ГЬЕЧIЕЛ ГIАДАМАЗ КЪУРЪАНАЛЪУЛ МАГIНАБИ ГЬАРИЯЛЪЕ МИСАЛ

ГIалимзаби ругониги, щибаб гIилмоялъул букIуна агьло. Гьал спутникалги гьарун, гьел космосалде реччалел, гьел хьвадизе гьарулел гIадамал, – гьездаса чIахIиял гIалимзаби щал рукIинел? Гьеб горебги, жакъа дунялалда бугебщинаб техника, технология, аппаратал, – гьаб кинабго ургъулел гIадамалги, гьаздаса чIахIиял гIалимзаби щал рукIинел? Медицинаялъул профессорал, гьалщинал дараби жедеца ургъулел, гьел дараби хIалтIизе гьаризе лъалел, – гьал гIалимзаби горелищ?

Гьанжи суал: гьал рехсарал гIалимзаби цIаларал институтаздаги цIаличIев, гьезул гIилмабазулгун бухьенги жиндир гьечIев, газета-журналаздасан, яги гьел гIалимзабаз хъван, къватIибе беччараб тIехьалдасан бихьатараб жоги цIалун, цо шаргIияв гIалимчи, вачIун, гьадал гIалимзабаз гьабураб гьабизе лълъугьани, гьев чиясе кинаб къимат кьезе бегьилеб? Релълъенищ гьесул хIалтIи дозулазда? Гьабун лълъугьунебилан бугониги, камилищ гьелъулъ гIунгутIи? Жаваб цо буго, гьел гIалимзабазул хIалтIуде гьоркьове гьев чи лълъугьинеги бегьиларо;

лълъугьаниги бажаризеги бажариларо, бажарарабгІан къадаралъулъ гІунгутІабиги рукІина кигІанги гІемер.

Гьалдаго релъон букІинарищ, Исламияб кьучІалда авалалдасан байбихьун, шаргІияб гІилмоги цІаличІев, СССР бихизегІан атеизмаялъул тарбияталдаги вукІарав, цо кинаб бугониги, жинца цІаларaб гІилмоялъул профессор вукІаниги, академик вукІаниги, ТІадегІанав Аллагьасул калам – Къуръаналъул магІна гьабизе лълъугьин?

ХІоцоса Нажмудин, гІилмоялъул рахъалъ, Дагъистан бахун къватІивехун, ГІарабустаналдаги, машгьурав чи вуго. Гьев гІалимчияс, тафсиралде балагьун горони, Къуръаналдасан цохІо аяталъулги магІна гьабун гьечо. Гьел тафсиралги киналин абуни, *агьло-суннат*алъул киналниги гІалимзабаз бегьизе гьарурал, ай къабул гьарурал. ХІасил, Къуръаналъул аятазе магІна гьабизе ккола, Аллагь ГІаршалда вугилан абулезул тафсираздасан гореб, цебе рехсохъе, хІакъикъиял *агьло-суннат*алъул гІуламаазул тафсираздасан.

Цойги мисал. ГІабдурахІман Сугъуриясул хІакъалъулъ [рахІимагьуллагь] гІурус мацІалда къватІибе беччараб тІехьалдеги абизе бегьула, хвезе гьабун бугилан, гьеб тІехьалда гьев мубарак релълъене гьавун вуго Рашид-риза абурав цо бидгІачиясда.

Гьединго Шамил имам веццун гьабураб цо назмоялда абулеб буго, [гьеб назмо магІарул радиоялъги ахІула]: «Мун магІарулазул лъалев авараг», – абун. Гьаб авараг абураб сифатги, нелъер Аварагасда ﷺ хадув авараг вукІунарелъул, кинав вугониги инсанасе гьабизе бегьуларо. Гьединлъидал, радиоялдасан ахІулеб бугони, доб «авараг», абураб

рагIиялъул бакIалда лъуни цойги, масала, «мужтагьид», «бодул цевехъан», «бахIарчи», абураб рагIи, – цIакъ лъикI букIинаан. Щаян абуни, нелъер гIайибал рикIулел, гьезда хадур чIаралги дагьал горелъул рукIунел, гьадаб сифат имамасе гьабиялъ, рехсараб тайпаялъе рес щолелъул Дагъистаналъул тIолалго магIарулазда гIайиб чIвайзе, гьезде жагьло гIунтIизе гьабизе, гьеб берцин букIиницха?

Гьединлъидал, хадурккунги хъвадарухъабаз, поэтаз хъвалел ругони тIахьал Исламалда, гIалимзабазда хурхарал, гьезие цIакъго лъикIаб букIинаан шаргIиял гIалимзабазулгун бухьен бугеллъун ругони. Гьеб батIаго рогьо-ничги горо, чIухIизеги кколаро, гьелдалъун гьезул ва гьез хъвалел асаразул халкъалда гьоркьобги ТIадегIанав Аллагьасда аскIобги къадро-къиматги борхизеги буго, иншааллагь. Хъвадарухъаби, поэтал, шагIирзаби кколелъул халкъалъул гьормаллъун, ялъуни гьеб халкъ жанисан бихьулел матIабилъун, гьел матIаби тIадеги рацIцIадал, камилаллъун рукIине, лъугьине бокьи мурадалда кIалъарав дида тIасаги лъугьа.

*Исламалъул ритIухълъи, гьелъул камиллъи-тIокIлъи,*
*МатIу бацIцIалъанагIан, бацIцIадго бихьиларищ?*
*БацIцIадго гьеб халкъалда бихьизе гьабиялъулъ*
*БутIа лъезе ножое кIудиял ресал гьечIищ?*

*КIал-мацIалъе фасихIлъи, бицине, хъвайзе гьунар –*
*Гьеб РахIманас ножое цIакъго гьарза кьун гьечIищ?*
*Гьелъий щукру гьабуни, гьеб ножор талихI гьечIищ?*
*Тавфикъги талихIги кьун щваги нуж мурадалде.*

*ШаригIаталъул гIорхъи бахине беччайчIого,*
*Хъвадаризе ругьунлъе, гьунар кьурал гIолилал!*

*РагIаби рекъезарун, фасахIалъи гIоларин,*
*МагIнаялъул хал гьабе, халкъиял шагIирзаби!*

*Ножор бегIераб къалам – къуватаб ярагъ буго,*
*КъварагIел гьечIеб рахъалъ хIалтIизе гьабичIони.*
*Гьелъ хъвараб тIехь абуни, тIугьдузул ах букIуна,*
*Исламияб диналде данде кколеб батани.*

*Дунял-ахираталъе хайир жиндалъун гьечIеб*
*Харбида ругьунлъини, гIакъиласул иш горо.*
*ГIилмоялда рекъечIеб гIадатазул нухалда*
*ГIумро пана гьабурав нахъа цIакъ фашманлъила.*

*Нахъа гьабизейилан дунял толареб гIадин*
*Диналъул къимат лъалес тавбо нахъ бахъиларо.*
*Тавбо гьечIого хвани, букIунелда божулев*
*БетIергьан-Аллагьасде вуссинчIого чIеларо.*

*Ралъадазе щуб гIадаб дир гьитIинаб насихIат*
*Нил гIоралъул бакIалда чIаги шугIараазе!*
*Щибаб рагIи хъвалелъул хъвадарулел щиназе!*
*ГIилмоялда борцине комекалъе батаги!*

*Амин! Амин! Амин!*

## АЛЛАГЬ ГІАРШАЛДА ТІАД ВУГИН АБУЛЕЗУЛ ГІАКЪИДАТ МЕКЪАБ БУКІИНАЛЪУЛ БАЯН

Гьоркьобе ккола букIаниги, бакI ккун букIаго, гьаб, ТIадегIанав Аллагь ГIаршалда вугин абулеб, гIакъидат мекъаб букIин лъайзе мурадалда, бокьун буго, тIахьаз бицунеб, битIараб гIакъидаялда, гьелда тIасан дагьабги гIатIидаб баян гьабизе, ТIадегIанав Аллагьасул комекалдалъун.

**وفي «الفتوحات المكية» : لما كان الحق تعالى هو السلطان الأعظم ولا بد للسلطان من مكان يكون فيه حتى يقصد بالحاجات مع أنه تعالى لا يقبل المكان اقتضت المرتبة أن يخلق عرشا ثم ذكر أنه استوى عليه حتى يقصد بالدعاء وطلب الحوائج منه كل ذلك رحمة للعباد وتنزلا لعقولهم ولولا ذلك لبقي العبد حائرا لا يدري أين يتوجه بقلبه وقد خلق الله تعالى القلب ذا جهة فلا يقبل إلا ما كان له جهة . «روح البيان» صـ ٢٣٥ جـ ٦**

ТIадегIанав Аллагь вуголъидал, Жив горев цойги гьечIев, ханзабазулги ханлъун, ханасе цо чIолеб бакIги букIунелъул, ай дунялалъул ханзабазе, рагIияталъ жедедасан хIажатал тIалаб гьабиялъе букIине гIоло, ТIадегIанав Аллагьас, Жив чIолев бакI къабул гьабуларев, ай Жиндие чIолев бакI гьечIев вукIингун цадахъ, бижана ГIарш, ва бицана, аятги рещтIун, Жинца гьелда квершел гьаби, ай цебе рехсохъе, тасарруф гьаби, Жиндие бокьухъе, Жиндир лагъзадерида Жиндир тIадегIанлъи-кIодолъиги, гьелда нахъ гIунтIизе кIоларел гIакъло, загIипаллъун жалго рукIинги гьезда лъайзе гIоло. Гьединго лагъзадерие гьеб кинабго ккола рахIматлъунги. Щаян абуни, нелъеца дугIа гьабулеб мехалъ кверал зодорехун рорхула, зобалаздаги тIадлъидал ГIарш бугеб, гьелдаса кIудияб махлукъатги гьечIелъул, нелъеца дугIа гьабулеб мехалда кверал рорхун рукIуна, хIакъикъаталда, ГIаршалде. ГIадада абун гьечIо : «Какил къибла – КагIба буго, дугIаялъул къибла – зоб буго», – ян. ТIадегIанав Аллагьас бицинчIебани, Жинца ГIарш бижинги гьелда кверщел гьабиги, Аллагьасул лагъзал хутIилароанищ, дугIа гьабулеб заманалда, жедеца ракIал кирехун руссине гьарилел-яли лъаларого?

ТIадегIанав Аллагьас Жиндирго нафсалде тIадегIанлъи-кIодолъи гIунтIизе гьабун буго, цо ГIарш рехсеялдалъун горониги. Масала, абун буго:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ فَأَيْنَمَا تُوَلُّوا۟ فَثَمَّ وَجْهُ ٱللَّهِ ﴾ البقرة: ١١٥

«Бакъбаккудехун рукIаниги, бакътIерхьудехун рукIаниги, кинаб рахъалдехун нуж руссаниги, – гьеб рахъалда вуго ТIадегIанав-Аллагь, – ай кибго буго гьесул къудрат, тасарруф. – Гьелдалъун ножоеги хIасуллъула вусул», – ай Аллагьасде гIагарлъи.

Гьаб аят хвезе гьабула буго гори ТIадегIанав Аллагь ГIаршалда тIад вугоян абулезул рагIиялъ. Ножоца пикро гьабе, тIоцове свалат-салам лъеяв Аварагас как балеб букIана Байтул-мукъаддасалдехунги вуссун, хадуб, гьеб къиблаги хисун, как байзе бай бихьана КагIбаялдехунги руссун. Гьанжи гьалъул хIасил щибха ккараб? ТIадегIанав Аллагь, цевеккун Байтул-мукъаддасалдаги вукIун, хадув КагIбаялде гочиййищ?

**وعن بعض العارفين : قبلة البشر الكعبة ، وقبلة أهل السماء البيت المعمور ، وقبلة الكروبيين الكرسي ، وقبلة حملة العرش العرش ، ومطلوب الكل وجه الله سبحانه وتعالى . «روح البيان» ، صـ ٢١٣ جـ ١**

ГIарифуназул цоясдасан бицана: Ракьалда ругел гIадамазул къибла – КагIба буго, зобалазул агьлоялъул къибла – Байтул-магIмур буго, Курубиюназул къибла – Курс буго, ГIарш баччарал малаикзабазул – къибла ГIарш буго, киназулго матIлубги – ТIадегIанав Аллагьасдехун руссин буго.

Хадубги пикро гьабе, нелъеца как бала КагIбаялдеги руссун, БетIергьан Аллагь гьеб КагIбаялда жанив вукIунищха нилъ гьенире руссунел, яги БетIергьанас руссеян амро гьабураб рахъалдейищ руссуна ругел? БетIергьан Аллагьас кинаб рахъ бихьизе гьабун букIарабаниги, гьеб рахъ нелъее къибла букIана, ай свалат-

салам лъеяв Аварагасеги гьесул умматалъеги. Гьединго, КагIбаялдеги руссун как бухьиндалги, нелъеца цIалула «*Важжагьту...*», ай абула, «дица дир гьомер буссине гьабула зобал-ракьал Жинца рижарав Аллагьасдехун», – илан. Гьабги КагIбаялда жанив Аллагь вукIунищха абулеб?

**وقال المجاهد والحسن : لما نزل ﴿ وَقَالَ رَبُّكُمُ ٱدۡعُونِيٓ أَسۡتَجِبۡ لَكُمۡۚ ﴾ قالوا أين ندعوه فأنزل الله ﴿ وَلِلَّهِ ٱلۡمَشۡرِقُ وَٱلۡمَغۡرِبُۚ ﴾ ...الخ بلا جهة وتحيز**

ТIадегIанав Аллагьас аят рещтIараб мехалъ: «Ножоца Диде гьаре, Дица жаваб гьабила», – абун, асхIабзабаз гьикъун буго: «Кирехун руссун гьарилеб», – абун. Цинги рещтIун буго гьаб рехсон араб аят.

**فإن قيل : ما معنى رفع الأيدي إلى السمآء عند الدعاء مع أنه تعالى منزه عن الجهة والمكان ؟ قلنا ان الأنبياء والأولياء قاطبة فعلوا كذلك لا بمعنى أنه تعالى في مكان بل بمعنى أن خزائنه تعالى في السمآء كما قال تعالى :﴿ وَفِي ٱلسَّمَآءِ رِزۡقُكُمۡ وَمَا تُوعَدُونَ ﴾ وقال تعالى ﴿ وَإِن مِّن شَيۡءٍ إِلَّا عِندَنَا خَزَآئِنُهُۥ وَمَا نُنَزِّلُهُۥٓ إِلَّا بِقَدَرٖ مَّعۡلُومٖ ﴾ فالعرش مظهر لاستواء الصفة الرحمانية فرفع الأيدي إذا إلى السماء وقت الدعاء بمنزلة أن يشير السائل إلى الخزينة السلطانية ثم يطلب من السلطان أن يعطي له عطاء من تلك الخزينة . «روح البيان» صـ ٢١١ جـ ١**

ТIадегIанав Аллагь, Жив чIолев рахъ-бакIалдаса вацIадавги вукIун вугев хIалалъ, дугIа гьабулелъул, кверал зодоре ритIизе гьариялъул магIна щибха – ян абуни, киналниги аварагзабазги авлияазги гьедин кквей буго, ТIадегIанав Аллагь цо бакIалда вукIун абураб магIнаялда горо. ТIадегIанав Аллагьас абула бугелъул:

قَالَ تَعَالَىٰ:﴿ وَفِي ٱلسَّمَآءِ رِزۡقُكُمۡ وَمَا تُوعَدُونَ ﴿٢٢﴾ ﴾ الذاريات: ٢٢

«Ножор ризкъи зодоб буго», – абун. Ай, ракьалдасан бижунеб щинаб жо, хур-хер букIа, пихъал рукIа, – гьеб киналъего букIуна бакъ-моцIалдасан асар, цIвабзада-сан босула пайда халкъалъ, цIцIадал зодосан райчIони гIалам пасалъиларищ, – гьеле халкъалъул арзакъал зодор рукIиналъул магIна.

Гьединго абулеб буго БетIергьанас: «Ножое кьезе къотIи гьабураб жоги буго зодоб», – абун. Гьебги ккола алжан, гьебги анкьабилеб зобалда тIад, ГIаршалда гъоркь бугин абун буго. Гъоркь чи течIого, МухIаммадияб умма-талъе насибаблъун гьабеги Аллагьас!

Гьелде тIадеги, зобал ккола нелъер лъикIал-квешал, киналго гIамалал рахунеб бакIлъунги. Аварагзабазде рещ-тIаралщинал тIахьалги зобалаздасанлъидалха рещтIарал. Гьадинал хассабазе гIоло, зоб релълъене гьабун буго, цебе абухъе, киналго хазаиназул магIданалда. ТIадегIанав Ал-лагьас цойги аяталда абулеб буго гьадинги:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿وَإِن مِّن شَيْءٍ إِلَّا عِندَنَا خَزَآئِنُهُۥ وَمَا نُنَزِّلُهُۥٓ إِلَّا بِقَدَرٍ مَّعْلُومٍ ﴿٢١﴾﴾ الحجر: ٢١

«Жиндасан лагъзадерица пайда босулел щинал жал – Дир хазинабаздасан, Дица ратизе гьариялдалъун, Дир къадаралдалъун руго. – Ай, киналниги хазаиназул кIулал Жиндихъ руго. – Дица гьеб кинабго рещтIинеги гьабула, хIажатаб къадар бихьун».

Щибаб соналъ балеб цIцIадал къадар букIунеб буго цого къадаралда бащад, цояб рахъалдехун раччдаллъи, цогидаб рахъалдехун ракъдаллъи кколеб бугониги.

Нелъер заманалда гIемер бихьулеб гIадин, балеб цIадги ралъдалъе, гIурул-лъаразул, кIкIалал-мухъалъе ай, пайда гьечIеб щинаб рахъалде байиги – БетIергьанасул халкъалда ццин бахъиналъе гIаламат ккола. ТIадегIанав Аллагьасул ццин бахъараздаса гьаругеги!

Гьанжи дов, зодоре квералги ккун, ТIадегIанав Аллагьасде гьардолев чиясул мисал ккола, ханасул хазинарукъалдехунги вуссун ханасде гьардолев чиясул. Свалат-салам лъеяв Аварагасул цойги хIадисалдаги абулеб буго:

**((لا تفضلوني على يونس بن متى فإنه رأى في بطن الحوت ما رأيته في أعلى العرش))**

«Ножоца дун тIокI гьавуге Юнус аварагасдаса, ччугIил чохьонив, ралъдал тIинда, досдаги бихьана дида ГIаршалда тIад бихьараб». ТIадегIанав Аллагь ГIаршалда вугоян абулезул мекъал пикраби къватIир чIвазе гьариялъе, гьаб хIадисги гIунги тIокIаб далил буго.

**وروي أن إمام الحرمين رفع الله درجته في الدارين نزل ببعض الأكابر ضيفا فاجتمع عنده العلماء والأكابر فقام واحد من أهل المجلس فقال : ما دليل على تنزهه تعالى عن المكان وهو قال : ﴿الرحمن على العرش استوى﴾ فقال : الدليل عليه قول يونس عليه السلام في بطن الحوت ﴿لا إله إلا أنت سبحانك إني كنت من الظالمين﴾ . فتعجب منه الناظرون فالتمس صاحب الضيافة بيانه ، فقال الامام : ههنا فقير مديون بألف درهم ، أدِّ عنه دينه حتى أبيّنه . فقبل صاحب الضيافة دينه فقال : إن رسول الله ﷺ لما ذهب في المعراج إلى ما شاء الله من العلى قال ((لا أحصي ثناء عليك أنت كما أثنيت على نفسك)) ولما ابتلي يونس عليه السلام بالظلمات في قعر البحر ببطن الحوت قال ﴿لا إله إلا أنت﴾ ...الخ ، فكل منهما خاطبه بقوله أنت وهو خطاب الحضور فلو كان هو في مكان لما صح ذلك ، فدل ذلك على أنه ليس في مكان . «روح البيان» ، صـ ٢١١ جـ ١**

Цо нухалда Имамул-хIарамайни рещтIун вуго чIахIиял гIалимзабалъан цо гIалимасухъе. Гьенире данделъун руго гIемерал чIахIиял гIалимзабиги. Гьезда гьоркьосан вахъун, цояс кьолеб буго суал: «ТIадегIанав Аллагь Жив чIолев бакIалдаса вацIцIадав вукIиналъе далил щиб, досги абун букIаго: “Аллагь ГIаршалда вуго”, – ян?» – абун.

ХIакъикъаталда, ТIадегIанав Аллагьас, «Жив ГIаршалда вуго», – ян абун гьечIо, суал кьурав чиясул бичIчIи мекъса букIун горебани, доб суал дос кьезе ресги букIинчIо. Гьев чиясе жаваб гьабун Имамуль-хIарамайнияс абулеб буго: «Гьелъие далил буго, ралъдал тIинда, ччугIил чохьонив Юнус аварагас ﷺ гьабураб тасбихI», – абун. ГIенеккарал тамашалъун руго, рукъалъул бетIергьанас дагьабги цIикIкIун баян тIалаб гьабун буго. Имамуль-хIарамайнияс абулеб буго, рукъалъул бетIергьанасде: «Нелъеда гъорлъ вуго цо факъир, жинда тIад азарго диргьам налъи бугев, гьеб гьесул налъи бецIе, дица баян кьелелде», – ян. Рукъалъул бетIергьанас гьеб налъи бецIизе тIадеги босун буго, гьас гьадин баянги кьун буго: «ХIакълъунго, свалат-салам лъеяв Авараг мигIражалде арав сордоялъ, ТIадегIанав Аллагьас вачаралъуве щведал, гьес абун буго:

((لا أحصي ثناء عليك أنت كما أثنيت على نفسك))

«Дида Дуе рецц гьабизе хIал кIоларо, БетIергьан, Мун Дуцаго веццухъе вуго», – абун. Ва гьединго Юнус аварагасги ﷺ абун буго рехсараб тасбихIалъулъ: «БетIергьан! Аллагь гьечIо цо мун горони», – абун. ТIадегIанав Аллагьасде свалат-салам лъеяв Аварагасги гьабун буго хитIаб «Мун», абун, ралъдалъ, ччугIил чохьонив Юнусицаги ﷺ

гьабун буго гьебго хитIаб, «Мун», абун. «Мун», абураб рагIиялдалъун хитIаб гьабуларо аскIов вугев чиясде горони. Гьединлъидал, гьаб буго далил, РахIманасе макан гьечIолъиялъе», – ян абун буго Имамул-хIарамайнияс. Гьалде тIадеги Расуласул ﷺ цойги хIадис:

**((إن الله في قبلة أحدكم))**

«ТIадегIанав Аллагь ножор щивасул къиблаялда вуго». Дунялалъул ункъабго букIуналда ругел щинал бусурбабаз, жиндехун руссун как байзе къиблалъунги гьабун, КагIба хира гьабурав щив? ТIадегIанав Аллагь горищ? Гьеб КагIбаялдеги руссун как балеб заманалда, бусурбаби ТIадегIанав Аллагьасе мугъ кьунищха рукIунел? ТIадегIанав Аллагьасе, ГIарш букIа, цогидаб букIа, – макан[1] чIезе гьабизе кин бегьулеб, Живго БетIергьанас абунги букIун бугеб хIалалъ: ﴿ليس كمثله شيء﴾ «Жинда релъараб жо щибго гьечIо», – абун.

## МУТАШАБИГЬАЛ АЯТАЗУЛ МАГIНА ГЬАБИЯЛДА ХУРХАРАБ БАЯН

Муташабигьатал абун жедеде абулел, ай ТIадегIанав Аллагьас Жиндаго горони таъвилал, магIнаби лъаларо, абун жедее сифат гьабурал аятазул мекъал магIнаби гьаризе лъугьунезул хIакъалъулъ ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго гьадин:

قَالَ تَعَالَى: ﴿ هُوَ ٱلَّذِىٓ أَنزَلَ عَلَيْكَ ٱلْكِتَٰبَ مِنْهُ ءَايَٰتٌ مُّحْكَمَٰتٌ هُنَّ أُمُّ ٱلْكِتَٰبِ وَأُخَرُ مُتَشَٰبِهَٰتٌ ۖ فَأَمَّا ٱلَّذِينَ فِى قُلُوبِهِمْ زَيْغٌ فَيَتَّبِعُونَ مَا تَشَٰبَهَ مِنْهُ ٱبْتِغَآءَ ٱلْفِتْنَةِ

[1] *Макан – бакI.*

وَٱبۡتِغَآءَ تَأۡوِيلِهِۦۖ وَمَا يَعۡلَمُ تَأۡوِيلَهُۥٓ إِلَّا ٱللَّهُۗ وَٱلرَّٰسِخُونَ فِي ٱلۡعِلۡمِ يَقُولُونَ ءَامَنَّا بِهِۦ
كُلّٞ مِّنۡ عِندِ رَبِّنَاۗ وَمَا يَذَّكَّرُ إِلَّآ أُوْلُواْ ٱلۡأَلۡبَٰبِ ﴿٧﴾ آل عمران: ٧

«Гьединав Аллагь вуго, Авараг, дур БетIергьан, Жабраил малаикги гьоркьов ккун духъе Къуръан рещтIарав, жиндилъги ругел мухIканал, хIукму баянал, гIибарат загьирал аятал. Гьел аятал ккола хIукмабазулъ, хIалалаб-хIарамаб батIа гьабиялъулъ Къуръаналъул аслабилъун. Ва цойги, жинда жанир ругеб гьеб Къуръан, аятал, муташабигьатал абун жедеде абулел. – Ай, цо аяталъул лафз цойги аяталъул лафзалда релъарал, магIнабазул рахъалъин абуни, цоялъ цоялде хилифлъи гьабулел. – Гьел гIадамалин абуни, жедер ракIазулъ бугел хIакъаб, битIараб рахъалдаса мекъаб, батIулаб рахъалдехун гьетIи, – гьел нахъ рилълъуна жедерго мекъал пикрабаздалъун, – магIнаби баянал аятаздасаги руссун, – муташабигьал абулел, цере рехсарал, магIнаби ричIчIизе цIакъго захIматал аятазда. Гьел аятазул тафсирал-магIнабиги гьез гьарула жедерго раъю-гIакълоялъ борцухъе, мекъаб, батIулаб хIалалда. Гьелдалъун гьез тIалабги гьабула, ай гьезул мурад букIуна, битIараб, хIакъаб диналдаса гIадамал руссине гьари, гьел фитнаялъулъе ккезе гьари, ва диналъулъ гьел рикь-рикьизе гьари. Гьез гьел аятазул мекъал таъвилалги тIалаб гьарула, жедерго мурадазде данде кколеб хIалалъ. Таъвилал тIалаб гьарун, гьезул магIнаби гьаризе киданиги жедеде эрга щоларел, жагьилал жалго рукIингун цадахъ. Гьел муташабигьал жедеде абулел, аятазул таъвилал, ай гьездасан мурад, лъаларо ТIадегIанав Аллагьасда горони.

[Жал гIилмоялде гъорлъеги ккарал, гьеб гIилмоги жедедабичIчIарал, гьелдагIамалгигьабуралгIалимзабазде

абула расихунал абун]. Гьал гIалимзабазин абуни абула рехсарал муташабигьал аятазул хIакъалъулъ: “Нежер БетIергьан! Нежеца иман лъола, ниж божарал руго, кинабго Къуръан Дуца рещтIараб Дур калам букIиналда; киналниги Къуръаналъул аятал, магIнаби лъалел, лафс мухIканал рукIаниги, магIнаби-таъвилал лъаларел, муташабигьал рукIаниги, батIа гьечIого, БетIергьанасул рахъалдасан рещтIарал рукIиналдаги”.

Гьеб Къуръаналъул вагIза къабул гьабуларо жедер гIакълоги камилал, кинабго Къуръан ТIадегIанав Аллагьасул калам букIиналде жедеца иманги лъолел, муташабигьазул магIнабиги Лъалесде тIамун толел гIалимзабаз горони [гьаб берцинаб сифаталда реццулел руго ТIадегIанав Аллагьас гьел расихунал]. Жедецаги абула, ай гьел расихуназ, ай мекъал батIулал магIнаби муташабигьазул гьарулел гIадамал рихьараб мехалъ:

قَالَ تعَـالَىٰ: ﴿ رَبَّنَا لَا تُزِغْ قُلُوبَنَا بَعْدَ إِذْ هَدَيْتَنَا وَهَبْ لَنَا مِن لَّدُنكَ رَحْمَةً ۚ إِنَّكَ أَنتَ ٱلْوَهَّابُ ﴿٨﴾ ﴾ آل عمران: ٨

“Нежер БетIергьан! Дуца нежер ракIал гьетIизе, таризе гьаруге хIакъалдаса, долазул гьетIизе гьарурал гIадин, нежее рекъоларел мекъал таъвилал тIалаб гьариялдалъун, батIулаб рахъалдехун; хIакъаб нухги баян гьабун, Дуцаго ниж гьидаяталъул нухалда тIоритIун хадур. Дуца нежее тавфикъ кье ва чIезе гьаре гьаб, нижго ругеб, иманалда, ай гьидаяталъул хIакъаб нухалда. ХIакълъунго, Мун гьарилелдего, чIобого щивав чиясе нигIматал, гьадиятал кьолев вуго”».

ХIасил, Къуръаналда руго аятал, жал мухIканал, магIнаби баянал, батIаяб рахъалде магIнаби цIайзе рес гьечIел.

Масала: ﴿وَإِلَٰهُكُمْ إِلَٰهٌ وَاحِدٌ﴾ . «Ножор Аллагь цо вуго». Гьаб аяталъул батIаяб магIна гьабизе рес гьечIо, ва гьалдаго релълъарал цогидал аяталги.

Цойгиги аятал руго Къуръаналда цIакъго гъваридал, пикрабаздалъун хал гьабун, балагьун, ургъун горони, магIнаби жедер ричIчIизе кIоларел, ай муташабигьал. Гьале гьединал аятаздасанги цо мисал:

ومثال ذلك : ﴿ٱلرَّحۡمَٰنُ عَلَى ٱلۡعَرۡشِ ٱسۡتَوَىٰ ۝٥﴾ طه: ٥

Гьаб аяталъул магIна гьабулеб буго вагьабияз ва цогидал бидгIаялъул агьлоялъги: «ТIадегIанав Аллагь гIодов чIана ГIаршалда», – абун.

**فالاستواء يكون بمعنى الجلوس وبمعنى القدرة والاستلاء ولا يجوز الأول على الله تعالى بدليل المحكم وهو قوله تعالى : ﴿لَيۡسَ كَمِثۡلِهِۦ شَيۡءٞ﴾. «مدارك التنزيل» بهامش «خازن» . صـ ٢١٠ ، جـ ١**

Амма жал гIилмоялъулъе камилго лъугьарал, унгоунгоял гIалимзабаз абулеб буго гьадин: «*Истиваъ*», абураб рагIул магIна букIуна, ай хIалтIизе гьабула «гIодов чIана», абураб магIнаялда, кIиабилебги хIалтIизе гьабула, цо сунда тIад бугониги кверщел гьабун, гьелда тIад къудрат билълъанхъизе гьабуна, абураб магIнаялдаги. Гьаб рехсараб, Аллагь ГIаршалда тIад вуго – абураб, тIоцобисеб магIна гьаб аяталъул гьабизе бегьуларо, гьаб хадуб рехсезе бугеб, Къуръаналъул мухIканаб аяталъул далилалдалъун:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿لَيْسَ كَمِثْلِهِۦ شَىْءٌ﴾ الشورى: ١١

«ТIадегIанав Аллагьасда релъараб жо щибго гьечIо», – абураб.

ГIаршалда тIад вугоян абураб сифат гьабунахъа, ТIадегIанав Аллагь Жинда релълъараб жо щибго гьечIевлъун кин вукIунев? ГIаршалда тIад вугоян сифат БетIергьанасе гьабуни, гьелъ гьаб, хадуб рехсараб, аят гьереси гьабула гури, гIакъилав чи гьелдениги кантIизе ккеларищ?

ТIадегIанав Аллагьас, гьаб рехсараб аяталда баян гьабулеб буго Къуръаналда жанир рукIин жедер магIнаби лъалел ва магIнаби лъаларел, ай лъайзе захIматал аяталги. Ва гьединго бицунеб буго, гьел аятазул магIнаби гьариялъулъ гIадамазул кIиго тайпа букIинги. Муташабигьазул магIнаби лъалезде тIамун толел реццунги руго, жедерго гIакълабаздалъун, асло гьечIел, мекъал магIнаби гьел аятазул гьарулел какун, къватIир чIвазе гьарунги руго.

## ЩАЛ ККОЛЕЛ МУТАШАБИГЬАЛ АЯТАЗЕ МЕКЪАЛ МАГIНАБИ ГЬАРУЛЕЛ ГIАДАМАЛ?

Гьаб рехсараб аятальулги ва цогидал, гьалда релъарал, муташабигьаталлъун ругел аятазулги магIнаби мекъса гьарулел тайпа кинацаго рехсаниги, амма гьез мухIканго, щал гьел ккоалеляли чIван-къотIун, бицун бихьуларо. Доз дол кин рицинел, жалгоги гъозда гъорлъа рукIаго? Гьел ккола, жакъа нелъер вилаяталда, вагьабиял ва гьезда нахъ рилълъарал, цебе рехсохъе, кир ратаниги киналго бидгIаялъул агьлоги. Гьез абула, ТIадегIанав Аллагь ГIаршалда вугоян. Аллагьас цIунаги гьадинаб «гIакълогун», «гIилмоялдаса»!

Рехсараб аят рещтIиналъе рицарал сабабаздаса ккола гьаб сабаб:

**قيل : سبب نزولها أن وفد نجران قالوا للنبيّ ﷺ : ألست تقول أن عيسى عليه السلام روح الله وكلمته فقال : ((نعم)) ، فقالوا : حسبنا أي يكفينا ذلك في كونه ابن الله . وقوله روح الله وكلمته من المتشابه الذي لا يعرفون معناه ولا يفهمون تأويله بل معنى ذلك انه روح من الله أي نوره وكلمته بمعنى أنه قال له كن فكان فهو عبد من جملة العباد ميزه الله بالنبوة والرسالة . ((صاوي)) صـ ١٣٩ جـ ١**

Свалат-салам лъеяв Аварагасде Нажраналдаса цо къокъаялъ абуна, ай насранияз: «“ХIакълъунго, ГIиса عليه السلام Аллагьасул РухI ва Гьесул калима вуго”, – ян абичIищ дуца?» – ян.

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿إِنَّمَا ٱلْمَسِيحُ عِيسَى ٱبْنُ مَرْيَمَ رَسُولُ ٱللَّهِ وَكَلِمَتُهُۥٓ أَلْقَىٰهَآ إِلَىٰ مَرْيَمَ وَرُوحٌ مِّنْهُ﴾ النساء: ١٧١

[Гьаб аяталъул, загьиралда гьабуни, магIна гьаб рехсараб хIалалда бачIуна.] Свалат-салам лъеяв Аварагас гьезие жаваб гьабуна: «У буго, дица гьедин абуна», – ян. Цинги нажраназ абуна: «Гьеб гIола нежее ГIиса عليه السلام Аллагьасул вас вукIиналъе хIужжа-далилллъун», – илан.

ХIакъикъаталда гьеб аят ккола гьезда магIнаги лъалареб, таъвил-мурадги жедеда бичIчIулареб, дол муташабигьал абулел аятаздаса. Загьиралда мекъаб магIнаги гьеб аяталъул гьабун, Аллагьасул васлъун ГIисаги عليه السلام чIезе гьавун, мекъса ккана насраниял.

Дол, расихунал абулел, хIакъал гIалимзабаз гьабураб битIараб магIнайин абуни, гьаб аяталъул гьадин буго:

«ТIадегIанав Аллагь, Жив чIагояв, хвел гьечIев, Жиндие бокьухъе, бокьараб жо рухI лъун чIаго гьабизе кIолев вугелъул, Жиндир рухIалдасан, нуралдасан, ай Жиндир къудраталдалъун вижарав, чIаголъарав вуго ГIиса ﵇», – абураб мурад буго аяталъул. ГIиса ﵇ ТIадегIанав Аллагьасул калам кколаян абураб рагIиялъул магIнаги буго, ТIадегIанав Аллагьас «Кун», ай «мун вуголъе», – абураб магIнаялда бугеб амро гьабиялдалъун ГIиса ﵇ вуголъи, ай, гьев вижин.

ТIадегIанав Аллагьас Адам авараг ﵇ вижиналъул хIакъалъулъги абун буго Къуръаналда:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ فَإِذَا سَوَّيْتُهُۥ وَنَفَخْتُ فِيهِ مِن رُّوحِى ﴾ ص: ٧٢

ХIарщалдасан инсанасул суратги гьабун, гьелда рухIги лъун, гьев Адам авараг ﵇ чIаго гьави буго нелъее баянаб жо. Гьелъул хIакъалъулъ тIокIаб нелъеда лъайзе кколеб жо щиб бугеб? Гьединго ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго иблисалде, Адам аварагасе ﵇ сужда гьабизе гьелъ инкар гьабураб мехалда:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ قَالَ يَٰٓإِبْلِيسُ مَا مَنَعَكَ أَن تَسْجُدَ لِمَا خَلَقْتُ بِيَدَىَّ ﴾ ص: ٧٥

«Я иблис! Мун щиб жоялъ нахъ чIвараб, сунца ахIараб Дир квералдалъун, ай эбел-эмен гьоркьор гьечIого хасс гьавун, Дица вижарав Адамие сужда гьабиялдаса?» – абун. Гьадин вижарав Адам аварагги ﵇ башаразул эменлъунги Аллагьасул лагълъунги горони гьечIев мехалда, эбелваситIаги гьаюн вижарав ГIиса аварагасде ﵇ Аллагьасул васин аби кинаб гIакълоялдаха рекъолеб?

ХIасил, ГIиса ﷺ ккола тIадегIанав Аллагьасул лагъзадеридаса цо лагъ, эменги гьечIого Жинца вижарав ва, нубуват-рисалаталда хассги гьавун, кIодоги гьавурав.

**قال ابن عباس رضي الله عنهما : تفسير القرآن أربعة أقسام قسم لا يسع أحدا جهله كقوله تعالى : ﴿ قُلْ هُوَ ٱللَّهُ أَحَدٌ ﴾ ، وقسم يتوقف على معرفة لغاة العرب كقوله : ﴿ قَالَ هِيَ عَصَايَ أَتَوَكَّؤُا۟ عَلَيْهَا وَأَهُشُّ بِهَا عَلَىٰ غَنَمِى ﴾ ، وقسم تعرفه العلماء الراسخون في العلم ، وقسم لا يعلمه إلا الله ودخل تحت القسمين الأخيرين المتشابه . «صاوي» صـ ١٣٩-١٤٠ ، جـ ١**

## КЪУРЪАНАЛЪУЛ ТАФСИРАЛЪУЛ ТАЙПАБИ

Жинда Аллагь разилъаяв Ибну ГIабасица бицана: ***«Къуръаналъул тафсир буго ункъго къисмоялда:***

☑ ***ТIоцобисеб къисмо*** – щивав чиясда магIна лъайчIого гIолареб. Масала, ﴿قل هو الله أحد﴾ Ай, «ТIадегIанав Аллагь цо вуго, Жиндехун релълъенлъи, гIахьаллъи гьабулев щибго жо гьечIев». Гьаб аяталъул магIна батIаяб рахъалдехун цIайзе ресги гьечIо, щивав бусурманчиясда магIна лъайчIого гIоларебги буго.

☑ ***КIиабилеб къисмойин абуни,*** гьеб ккола тафсир гьаби, гIараб мацI лъаялда бараб. Масала, ТIадегIанав-Аллагьас Муса аварагасде ﷺ гьикъараб мехалда, «Дур кваранаб квералъухъ бугеб щиб?», – абун, гьес гьабураб жавабалда релъон: «Гьаб буго дир гIанса, дун жинда тIадги чIвалев, ай дица гIунтIулеб, дица жиндалъун гIияе гъутIбуздаса тIамахги гъине гьабулеб», – абун. Гьаб аяталъул тафсир гьабизе гIараб мацI лъани гIола, ай гьеб аяталъулъ гьечIелъул батIаяб, бичIчIизе кIолареб, гъваридаб магIна.

☑ ***Лъабабилеб къисмо*** ккола, нелъеца жедер хIакъалъулъ рехсей гьабурал, расихунал абун жедее БетIергьанас сифат гьабурал, рацIцIадал, камилал гIалимзабазда горони тафсир гьабизе лъалареб.

☑ ***Ункъабилеб къисмо*** ккола Живго ТIадегIанав Аллагьасда горони магIна-мурад лъалареб. Гьаб ахирисеб кIиябго къисмо, ай расихуназдаги Живго БетIергьанасдаги горони магIна жедер лъаларел, – гьел ккола муташабигьал абулел аятазде гъорлъе. Гьаб, нелъеца тIасан хабар бицуна бугеб, аяталда жаниб бицунеб буго, Къуръаналда жанир рукIин магIнаби лъалел мухIканал ва магIнаби лъайзе захIматал муташабигьал абулел аяталги.

Ва гьединго ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго цойги аяталда:

قَالَ تَعَالَى: ﴿الٓر كِتَٰبٌ أُحۡكِمَتۡ ءَايَٰتُهُۥ ثُمَّ فُصِّلَتۡ مِن لَّدُنۡ حَكِيمٍ خَبِيرٍ﴾ هود: ١

«Гьаб Къуръан гьабуна ТIадегIанав Аллагьас кинабго мухIканаблъун», ай мухIкан гьабиялъул магIна ккола, нукъсанлъи, гIунгутIи, халалалдаса[1] жиб бацIцIадаблъун букIин. ХIасил, гьаб аяталъ хвезе гьабуларо, «Къуръаналда жанир руго муташабигьал абурал аятал», – абураб магIна. Цинги гьаб аяталда жаниб ТIадегIанав Аллагьас баянги гьабуна, батIа-батIа гьабун, цересел уматазул ккарал къиссаби, къиямасеб къо чIезегIан лъугьине ругел, къиямасеб къо чIедал букIине бугеб, алжан, жужахI, сиратI, мизан ва цогидаб, хIалал-хIарамаб, халкъалъе маслахIатаб кинабго баян гьабуна.

---

*[1] Халал – жагъаллъи.**

## АЛЛАГЪАСДА ГОРОНИ ЛЪАЛАРЕЛ БАЛЪГОЛЪАБИ

ТIадегIанав Аллагъасул руго балъгоял гIулумал, щивниги чиясе Жинца лъай кьечIел. Масала, дунялалъул гIумро, Къиямасеб къо чIолеб заман, ГIиса ﷺ зодоса гIодове рещтIунеб заман, Магьди загьирлъулев заман, бакъ тIерхьунеб рахъалдасан баккулеб заман, – гьадинал чIахIиял гIаламатазул баян БетIергьанас халкъалдаса балъго гьарун руго. РукIуна ТIадегIанав Аллагьас гьел муташабигьал абулел аятазул магIнаби жедее рагьулеб агьлоги. Тафсиралъул агьлоялъул гIемерисез гьезул магIнаби ТIадегIанав Аллагьасде тIамун тола ва абула:

**وقالوا : الله أعلم بمراده من الحروف المقطعة فإنها من الأسرار المكتومة ، كما قال الشعبي حين سئل عنها فلا تطلبوا والله تعالى لا يظهر على غيبه أحدا إلا من ارتضى من رسول أو وارث رسول . «روح البيان» ، صـ ٩٠ جـ ٤**

«Гьездасан мурад ТIадегIанав Аллагьасда лъала», – ян. Масала, суратазул авалалда ратулел – [ الر - ص - ق ] – гIадал хIарфазул хIакъалъулъ. ШагIабий абун кIудияв гIалимас абулеб буго, гьел, суратазул авалалда ругел хIарфазда тIасан гьикъидал: «Гьел хIарфазул магIнаби ножоца тIалаб гьаруге, гьел ТIадегIанав Аллагьасул балъголъабаздаса ккола, Жиндир балъголъабазде БетIергьанас ваккизе толаро авараг яги аварагасул варис горони», – ян.

**وفي الحديث : ((ان من العلم كالهيئة المكنون لا يعلمه إلا العلماء بالله فاذا نطقوا به لا ينكره إلا أهل الغرة بالله)) رواه أبو منصور الديلمي وأبو عبد الرحمن السلمي كما في «الترغيب»**

Свалат-салам лъеяв Аварагасул хIадисалда абулеб буго: «ХIакълъунго, цо балъгояб гIилмо буго ТIадегIанав

Аллагьасул, Жив лъалел гIалимзабазда горони жиб лъалареб, – ай гьезие горони БетIергьанас рагьулареб. – Гьеб гIилмоялдалъун гьел кIалъарал мехалда, гьезде инкар гьабиларо, Аллагь лъаялдаса гъафулаб агьлоялъ горони».

**قال الرقاشي : هي أسرار الله يبديها إلى أمناء أوليائه والسادات النبلاء من غير سماع ولا دراسة وهي من الأسرار التي لم يطلع عليها إلا الخواص ، كما في «فتح القريب»**

Цойги кIудияв гIалимасги абулеб буго: «Гьел хIуруфал руго ТIадегIанав Аллагьасул асрарал [ай балъголъаби], Жиндир авлияазул бищунго божаразе ва гIакъло-лъай камилал, цIакъго тIадегIанал гIадамазулги садатазе горони загьир гьарулареб», – абун.

**عن أبي هريرة رضي الله عنه أنه قال : حفظت من رسول الله صلى الله عليه وسلم وعائين فأما أحدهما فبثثته فيكم ، أما الآخر فلو بثثته قطع هذا البلعوم . «روح البيان» ، صـ ٩٠ ، جـ ٤**

ТIадегIанав Аллагь жинда разилъаяв, Абу-Гьурайрат асхIабасги абулеб буго: «Дица босана [ай, цIунана] свалат-салам лъеяв Аварагасдасан кIиго гIилмо. Цояб гIилмо ножое тIибитIана, кIиабилеб гIилмойин абуни, гьеб ножое бицани дир мукъулукъ къотIула, [ай бицине изно гьечIо] – абун.

ХIасил, гьаб аяталъги хвезе гьабуларо, «Къуръаналда руго муташабигьал аятал», абураб магIна. Гьалъул магIна ккола: «Къуръан кинаб бугониги гIунгутIиялдаса бацIцIадаб буго», – абураб. Цойги хадусеб аяталдаги абулеб буго ТIадегIанав Аллагьас:

قَالَ تَعَالَى: ﴿ٱللَّهُ نَزَّلَ أَحۡسَنَ ٱلۡحَدِيثِ كِتَٰبٗا مُّتَشَٰبِهٗا﴾ … الخ الزمر: ٢٣

«ТІадегІанав Аллагьас гьаб Къуръан рещтІине гьабуна берцинаб, бацІцІадаб каламалдалъун. Гьеб Къуръаналъул берцинлъиги буго лафсазул [ай рагІабазул] гІуцІцІиялъул рахъалъги магІнабазул рахъалъги. – Гьаб Къуръаналъулалде балагъат-фасахІатги цогидаб, кинаб букІаниги каламалъул бахинчІо. Гьелда жанир руго цересел умматазул хІакъалъулъ къиссаби. Алжан-жужахІалъул, сиратІ-мизаналъул хІакъалъулъ биценал, амро-нагью, лъикІаб квешаб, – кинабго халкъалъе маслахІатаб щинаб. Гьеб Къуръан релълъонаро шугІараазул шигІрабазда ва хабарчагІазул харбаздаги. – Гьеб Къуръанги рещтІана берцинлъиялъулъ цуцада релълъарал, цояб цоялъ ритІухъ гьабун горони, цуцадехун хилифлъи гьабуларел аятаздалъун, ай муташабигьаздалъун».

ХІасил, гьаб аяталъги хвезе гьабуларо, Къуръан кинабго рещтІана мухІканал аятаздалъун, абураб магІна.

## КЪУРЪАНАЛДА ЖАНИР МАГІНАБИ РИЧІИЗЕ ЗАХІМАТАЛ АЯТАЛ РЕЩТІИНАЛЪЕ ХІИКМАТ

**فإن قلت : إنما نزل القرآن لبيان الدين وإرشاد العباد وهدايتهم فما فائدة المتشابه وهلا كان كله محكما . «خازن» صـ ٢١١ ، جـ ١**

Гьанжи бачІана суал: Къуръан – халкъ битІараб нухалда тІобитІизе, гьезие дин-Ислам баян гьабизе рещтІарабги букІун бугеб хІалалъ, магІнаби ричІчІизе захІматал, ай муташабигьиял аятал рещтІиналдасан бугеб пайда щиб, щай гьаб Къуръан рещтІинчІеб киназдаго магІнаби ричІулел, мухІканал аятаздалъун? – илан. Гьаб суалалъе гІуламааз кьуна батІа-батІаял жавабал:

ГIараб мацI ккола цIакъ бечедаб мацI, ва гьеб буго кIиго батIиябкъагIидаялда. ЦокъагIидабугозагьираб, бичIчIулеб гореб магIнаги гьечIеб, мухIканал рагIабаздалъун бицунеб. КIиабилебкъагIидабуго, батIи-батIиялгъваридалмагIнаби жанир рахчарал ишарабаздалъун бицунеб. Гьаб кIиабилеб къагIида рикIкIуна фасахIатаблъунги. Масала, гIарабазул шигIраби гьединаб пасахIатаб къагIидаялда гIуцIцIарал рукIуна. Гьединлъидал, Къуръан рещтIун букIарабани, киназдаго магIнаби лъалел, мухIканал аятаздалъун, гIарабаз абизе букIана, гьаб Къуръан щай рещтIинчIеб магIнаби гъваридаб, фасахIатаб мацIалдалъунилан.

Муташабигьал абулел, магIнаби жанир рахчарал, жедер фасахIалъи тIокIал, берцинал аятаздалъун Къур-ъан рещтIиналъулъ буго цойги хIикмат. Свалат-салам лъеяв Аварагасде Къуръан рещтIунеб мехалда, назмокаламалъул фасахIалъиялъул рахъалъ гьелда релълъарал яги гьелдаса тIокIал шигIраби хъвайзе, хабар бицинеян шугIараал, фусахIаал лъугьунел рукIиндал, ТIадегIанав Аллагьас гьел гIажиз гьаруна гьел гIажизлъулеб назмокаламалдалъун Къуръан рещтIиналдалъун.

ХIасил, мухIканал, баянал аятазул магIнаби лъаниги, гьел гIажизлъана Къуръаналда релълъараб калам гьабиялдаса. Муташабигьазин абуни, гьел гIажиз гьаруна жедеда релълъараб калам гьабиялдаса ва магIнаби ричIчIиялдаса.

Гьел муташабигьал абулел аятаздалъун Къуръан рещтIиналъулъ буго цойгиги хIикмат: гьеб ккола ТIадегIанав Аллагьас Жиндир лагъзадерил хIалбихьи гьаби. Жедеда ричIчIуларел муташабигьазул магIнаби гьаризе лъугьинчIого, лъалезде тIамун гьелги тун чIаразе ажро-кири цIикIкIине гьабиялдалъун, ва гьединго гьелго

аятазул таъвилал-магІнабазда хадур лъугьиналдалъун мунафикъзаби къосунги ккун, гьел гІазаб-гІакъобаялде ккезе гьарияллдалъунги. Муташабигьазул магІнаби гьари лъалезде тІамун теялъул тартибги нелъеца цебе рехсон ана.

Гьел муташабигьал абулел аятал Къуръаналда жанир рачІиналъулъ буго цойги кІудияб пайдаги. Гьебги щибан абуни, гьел, расихунал абун жедее сифат гьабурал хІакъикъиял гІалимзаби, гьел аятазда тІад машгъуллъун, ургъун гІемераб къо бихьизе гьабун, битІарал, Аллагь разиял магІнабазда хадур гъезе цІакъ бахъиялдалъун, гьезие гІибадат гьабиялда релълъараб ажро кири ТІаде-гІанав Аллагьасул рахъалдасан щвей буго.

ХІасил, Къуръан рещтІун букІарабани гІалимав жагьилав ватІа гьавичІого, киназдаго магІнаби ричІчІулел, мухІканал аятаздалъун, гІалимзаби жагьилзабаздаса сундалъун ратІа гьарилел рукІарал? Ай, жагьилзабаздаса батІаяб жо гІалимзабазул щиб букІине букІараб?

ХІужжатул-Ислам имам Гъазалиясин абуни, муташабигьаллъун ругел аятаздалъун Къуръан рещтІиналъул хІакъалъулъ бачунеб буго цІакъго баянаб, мухІканаб мисал:

**فإن قلت : فأي فائدة في مخاطبة الخلق بما لا يفهمون؟ فجوابك أنه قصد بهذا الخطاب تفهيم من هو أهله وهم الأولياء والراسخون في العلم وقد فهموا وليس من شرط من خاطب العقلاء بكلام ان يخاطبهم بما يفهم الصبيان والعوام بالإضافة إلى العارفين كالصبيان بالإضافة إلى البالغين ولكن على الصبيان ان يساءلوا البالغين عما يفهمونه وعلى البالغين أن يجيبوا الصبيان بأن هذا من شأنكم ولستم من أهله فخضوا في حديث غيره . «الجام العوام عن علم الكلام» للإمام حجة الإسلام الغزالي**

Жедеда бичIчIулареб жоялдалъун, ай магIнаби ричI-чIуларел аятаздалъун, халкъалде хитIаб гъабиялъулъ бугеб пайда щибан абуни, ТIадегIанав Аллагьасул къасд, мурад ккола, гьел аятал ричIчIи гьелъие агьлолъун ругел гIадамазда, гьелги ккола Аллагьасул вализаби ва расихуналлъун ругел гIалимзабиги, гьезда гьел аятазул магIнаби ричIчIула. ГIукъалааздехун хитIаб гьабун кIалъалев чиясе шартIлъун гьечIо, гьездехун гьабулеб кIалъай, гIисинал лъималаздаги бичIчIулеблъун букIин. ГIарифуназде данде ккун гIавамал, ай жагьилаб халкъ, релъ-лъона балугъалде рахарал, чIахIиял гIадамазде данде ккун гIисинал лъималазда. ГIисинал лъималазе рекъола жедеца чIахIиязде гьикъизе, цIехезе. ЧIахIияздаги тIалъула лъималазде абизе, нуж гьелъул агьлолъун гьечIо, ай гьеб бичIчIулеб даражаялде нуж щун гьечIо, абун. ХIакъикъаталдаги, пачалихъазул бутIруз рахъулел, хъвалел законалцин рукIунарел мехалда кинабго халкъалда ричI-чIулеллъун, ТIадегIанав Аллагьасул Калам кигIанги мустахIикъаблъун букIинарищ гьединаблъун букIине?

Муташабигьазул магIнаби битIараб, хIакъаб куцалда жедеца гьарурал расихуназда нахърилълъараллъун рукIин, нилъ гIадазе кIудияб рохел ва давлалъун ккола. ТIадегIанав Аллагьас гьаб агьлоялда гъорлъа рахъизе гьаругеги муъминзаби.

**عن عائشة رضي الله عنها قالت : تلا رسول الله ﷺ: ﴿ هُوَ ٱلَّذِىٓ أَنزَلَ عَلَيۡكَ ٱلۡكِتَٰبَ مِنۡهُ ءَايَٰتٌ مُّحۡكَمَٰتٌ ﴾ إلى ﴿ وَمَا يَذَّكَّرُ إِلَّآ أُوْلُواْ ٱلۡأَلۡبَٰبِ ﴾ فقال : ((إذا رأيتم الذين يتبعون ما تشابه منه فأولئك الذين سماهم الله فاحذروهم)) . «خازن» صـ ٢١٢ ، جـ ١**

Жинда Аллагь разилъаяй ГIаишатица абуна: «Свалат-салам лъеяв Аварагас цIалана гьаб, нелъеца жинда сверухъ калам гьабула бугеб, аят ва абуна: “Ножода рихьарал

мехалъ муташабигъазда нахърилълъунел гІадамал, гьел руго ТІадегІанав Аллагьас жедеда цІар лъун рехсарал, ай какарал гІадамал, нуж гьездаса ричІалъе", – ян».

**روي عن ابن عباس رضي الله عنه انه كان يقول : أنا من الراسخين في العلم . وعن مجاهد عنه أنه قال : أنا ممن يعلم تأويله ووجه هذا القول ان الله تعالى أنزل كتابه لينتفع به عباده ولا يجوز أن يكون في القرآن شيء لا يعرفه أحد من الأمة . «خازن» صـ ٢١٢ ، جـ ١**

Жинда ТІадегІанав Аллагь разилъаяв Ибну-ГІабасица абуна: «Дун расихуназдаса вуго», ва гьединго абуна: «Дун муташабигьазул таъвилал лъалездаса вуго», – янги. Расихуназдасаги таъвил лъалездасаги Ибну-ГІабас [رضي الله عنهما] вукІин тамаша гьабизе ккараб иш горо, щаян абуни, свалат-салам лъеяв Аварагас гьасие дугІа гьабун букІиндал, гІилмоялъулъ бичІчІи кьеян.

Аллагь разилъаяв Ибну-ГІабасил рагІабаздаса бичІчІулеб буго гьадинаб магІна-мурад: ТІадегІанав Аллагьас Къуръан рещтІана, гьелдасан Жиндир лагъзадерица мунфагІат босизе гІоло, гьелда жанибги букІунаро щибниги жо [ай, аятаздаса] умматалда гъорлъан цохІонигиясда бичІчІулареб. Ай, умматалда гъорлъан, киназдаго бичІчІичІониги, бичІчІулев чи гьечІого хутІуларо.

Щибаб гІасроялда жанир гьединал, ТІадегІанав Аллагьас тавфикъ жедее кьурал расихунал камун толарелъул умматалда гъорлъан, гьединавлъун вукІиндалгІаги батила нелъер заманалда Санкьадаса багьавдиница абураб гьадин: «Дида ракІалде кколеб буго, Аварагасдаги ﷺ гьаб Къуръаналъул магІна тІобанго бичІчІулареб букІун батилилан».

Гьадинаб даража-макъамалде гIакълоги гIилмоги щун хадуб инсанасул щибха букIинеб?

Гьаб рехсараб калам гьес гьабураб буго МагIлиса ШугIайб-апандиги аскIов вукIаго. ШугIайб-апандияс Мурадаса ХIасанил вас МухIаммадие бицун, МухIаммадица бицараб буго диеги гьаб хабар. Гьединал гIарабистаздаса цIунейилайин нелъеде абула бугеб свалат-салам лъеяв Аварагас, Аллагь разилъаяй ГIаишатидасан бицараб хIадисалда.

Свалат-салам лъеяв Аварагасдаги Къуръан бичIчIун букIун батиларин абун бусурманчиясде ракIалдего кин ккезе бегьулеб? Гьаб хадуб рехсараб аятгIагийищ гьесда бихьулареб?

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ وَمَآ أَنزَلْنَا عَلَيْكَ ٱلْكِتَـٰبَ إِلَّا لِتُبَيِّنَ لَهُمُ ٱلَّذِى ٱخْتَلَفُوا۟ فِيهِ ۙ وَهُدًى وَرَحْمَةً لِّقَوْمٍ يُؤْمِنُونَ ﴿٦٤﴾ ﴾ النحل: ٦٤

«Дица духъе рещтIинчIо, ва гьав МухIаммад Авараг, гьаб Къуръан, ва мун расуллъун витIичIо, дуца халкъалъе баян гьабизе горони гьезул хилаф жиндилъ ккараб щинаб, – ай диналъул ахIкамазул, куфру-гьидаяталъул, хIалалаб-хIарамалъул ва хIакъабгин батIулалъул хIакъалъулъ ккарал хилафал халкъалъе баян гьаризе гIоло горони. – Мекъаб, къосараб нухдаса гьидаяталъул нохде халкъ тIобитIизелъунги ва гьединго жодоца мунфагIат босарал, – ай Къуръаналъул вагIза къабул гьабурал, – муъмин-забазе рахIматлъунги горони», – ай Къуръан гьелъие гIоло рещтIараб буго абураб магIна.

## АНКЬИЛ КЪОЯЗУЛ БАЯН

Свалат-салам лъеяв Аварагасде гьикъараб мехалъ, *щамат* къоялъул хIакъалъулъ, гьес абуна:

**((يوم مكر وخديعة)) ، لأن قريشا مكرت فيه في دار الندوة ولا يقطع اللباس يوم السبت والأحد والثلثاء . «روح البيان »جـ ٤ ، صـ ٨**

«Щамат къо макро-хIиллаялъул къо буго», – ян. Гьеб къоялъ данделъана къурайшиял свалат-салам лъеяв Аварагасе макро ургъизе. Щамат-патIан къоялъги Талат къоялъги лъикIаб гьечIо ретIел къотIизе, ай лъутIизе.

Свалат-салам лъеяв Аварагасде гьикъана *патIан* къоялъул хIакъалъулъ ва гьес жаваб гьабуна:

**((يوم غرس وعمارة))**

«ПатIан къо буго гъутIби чIолеб ва мина-ватан, рукъзал ралеб къо», – абун. Гьеб къоялъ байбихьана ТIадегIанав Аллагьас дунял бижизе. Цо риваяталда буго, гьеб къоялъ бижана алжан ва чIана алжаналъур гъутIби, абунги.

Свалат-салам лъеяв Аварагасде гьикъана *итни* къоялъул хIакъалъулъ, ва гьес жаваб гьабуна:

**((يوم السفر والتجارة))**

«Гьеб къо сафаралъул ва тижарат-базаралъул къо буго», – ян. Гьеб къоялъ гьабуна ШугIайб аварагас ﷺ сафар ва щвана базаралъул хайир.

Свалат-салам лъеяв Аварагасде гьикъана *талат* къоялъул хIакъалъулъ ва гьес жаваб гьабуна:

**((يوم دم))**

«Гьеб къо буго биялъул, ай би тІеялъул къо», – абун. Гьеб къоялъ щвана ХІава эбелалде хІайиз ва гьеб къоялъ чІвана Адам аварагасул ﷺ вас Къабилица жиндирго вац Гьабил, Жаржис авараг, Закария авараг ва гьесул вас ЯхІя авараг, гІалайгьиму ссалам. Гьеб къоялъ чІвана фиргІавница жиндирго сахІаратал, Муса аварагасде гьез иман лъеялъе гІоло. Ва гьединго чІвана фиргІавница жиндирго лъади Асият, гьейги Муса аварагасде иман лъеялъе гІоло. Гьеб къоялъ хъуна бану исраилаз гІакаги. Гьединго Свалат-салам лъеяв Аварагас нахъ чІвана гьеб къоялъ би чІвайзе ва лълъар чІезеги ва абуна,

**((فيه ساعة لا يرقأ فيها الدم))**

«Гьеб къоялъулъ буго цо сагІат, ай цо гІуж би чІвани, лълъар чІвани, би чІолареб, чІун хадубги, инсан хвезе бегьулев», – илан. Гьеб къоялъ рехана ТІадегІанав Аллагьас иблис алжаналда жаниса ракьалде. Гьеб къоялъ бижана ТІадегІанав Аллагьас жужахІ. Аллагьас цІунаги нилъ гьеб жужахІалдаса! ТІадегІанав Аллагьас ГІиз-раил малаикасда гьеб къоялъ тІадкъана Адамил наслабазул рухІал рахъи. Гьеб къоялъ ккана Аюб авараг ﷺ балагьалъулъе. АрбагІ къоялъ ккаравинги абуна.

Свалат-салам лъеяв Аварагасде гьикъана *арбагІ* къоялъул хІакъалъулъ ва гьес жаваб гьабуна:

**((يوم نحس))**

«Гьеб къо буго жиндилъ талихІ къосин бугеб къо», – ян. Гьедин абиялъе гІиллайин абуни, гьеб къоялъ гьан-

къана ралъдалъ фиргIавн ва гьесул къавм. Ва гьединго, гьеб къоялъ гьалаг гьаруна ГIадил, Самудил ва СвалихI аварагасул ﷺ къавмал. ХIакъикъаталда, бусурманчиясе талихI къосараб, баракат гьечIеб къолъун ккола, жиндилъ гьев чияс мунагьал гьарураб, жив квеш хьвадараб къо, кинаб къо гьеб букIаниги. Жив лъикI хьвадарав къо лъикIаб буго. ЛъикIаб щинаб гьабизе тавфикъ даимго кьеги МухIаммадияб умматалъе!

Гьаб арбагI къоялъ малъал къунцIизеги нахъчIван буго, гьелдалъун барас унти кколин абун буго. Цо-цо гIалимзабаз, арбагI къоялъ унтарав чиясухъ вихьизе ийин карагьатаб бугиланги абун буго.

**وفي «منهاج الحليميّ» ان الدعاء مستجاب يوم الأربعاء بعد الزوال قبل وقت العصر لأنه عليه الصلاة والسلام استجيب له على الأحزاب في ذلك اليوم في ذلك الوقت**

Гьединго, арбагI къоялъул къалъудаса хадуб, бакъанил какил гIуж щвелелде цебе заман, дугIа къабулаб гIужиланги абун буго. АрбагI къоялъул рехсараб гIужалда гьабуна свалат-салам лъеяв Аварагасул дугIаялъе жаваб, жинде данде рагъизе данделъарал къабаилазе гьабураб. Къисаялъул хIакъалъулъ хадуб рехсела, иншааллагь. АрбагI къоялъ байбихьараб иш бетIералде бахъинчIого хутIуларинги буго.

***Гьединлъидал, гIилмо цIализе, тIехь цIализе байбихьи арбагI къоялъ гьабизе рекъараб буго.***

Свалат-салам лъеяв Аварагасде гьикъана *хамиз* къоялъул хIакъалъулъ ва гьес жаваб гьабуна:

**((يوم قضاء الحوائج والدخول على السلطان))**

«Хамиз къо буго, жиндилъ хIажатал тIоралеб ва ханзабазде, хIакимзабазде тIаде ине лъикIаб къо», – ян. Гьеб къоялъ ана Ибрагьим авараг ﷺ Мисриялъул ханасде тIаде, тIобана гьесул мурадги ва ханас гьесие кьуна гьадиятлъун Гьажарги, ИсмагIел аварагасул ﷺ эбел.

Свалат-салам лъеяв Аварагасде гьикъана *рузман* къоялъул хIакъалъулъ ва гьес жаваб гьабуна:

**((يوم نكاح))**

«Рузман къо буго никахI-магьариялъул къо», – ян.

Гьеб къоялъ гьабуна Адам аварагасул ﷺ ва ХIавал никахI-магьари, Юсуф аварагасул ﷺ ва Зулайхал никахI-магьариги, Муса аварагас ﷺ ШугIайб аварагасул ﷺ ясалъулгун, Сулайман аварагас ﷺ Билкъисилгун никахI-магьариги. Свалат-салам лъеяв Аварагас, жедеда Аллагь разилъаял, Хадижатилгун ва ГIаишатилгун никахI-магьариги.

Нелъер къагIидаялда абуни, магьари лъей хирияб буго Рузман къоялъ, ригьин гьабийин абуни бокьараб заманалда гьабизе бегьула, моцIазул къоязул хал гьабичIого.

**عن ابن مسعود رضي الله عنه : من قلم أظفاره يوم الجمعة أخرج الله منه داء وأدخل فيه الشفاء**

Ибну ГIабасидасан ؓ бицана, рузман къоялъ малъал къунцIун щив чи вугониги, ТIадегIанав Аллагьас гьев чиясул чорхолъа унти бахъила ва гьесул чорхолъе лъугьине гьабила дару. Кида къунцIаниги малъал къунцIун хадуб кверал чуризе кIочонге!!!

## ХАНДАКЪАЛЪУЛ РАГЪАЛЪУЛ БАЯН

Свалат-салам лъеяв Аварагасул дугIа ТIадегIанав Аллагьас къабулги гьабун ахIзабал рихизе гьариялъул хIакъалъулъ:

*Вижарав росуги тун, Халикъас амро гьабун,*
*Гьижра гьабун, Авараг Мадиналде щун хадув,*
*Дандеги рахъинчIого, рекъон, цадахъ рукIине*
*Бану-къурайзаталгун ХIабибас сулхI гьабуна [1] .*

*Бану-назирилазе[2] гьебго къотIи гьабуна,*
*Гьал, гьеб къотIиги биххун, ТIагьае хилифлъана.*
*Хилифлъиялъе ккараб гIилла-сабаб абуни,*
*Авараг ﷺ рихин гореб, батIияб жо букIинчIо.*

*Бадруялъул къояца ХIабибуллагь бергьиндал,*
*Бану-назирилазул гьесдехун божи ккана.*
*Гьав, Тавраталда жанив жиндир сифат бицарав,*
*Расул вугилан абун цуцаде гаргадана.*

*Цинги, гьелдаса хадув, УхIудалъул къояца,*
*Руматазул[3] гъалатIалъ ибтилаалде ккедал[4],*
*Авараг вукIиналда ракIчIей букIарал гьазул,*
*Гьанжи ХIабибасдехун щакдари загьирлъана.*

*[1] Мадина сверухъ рукIарал ягьудиязул къабаилал. (Гьезулгун ракълилаб къотIи гьабуна*). Гьезул хIакъикъат ахиралда бицина инашааллагь.*
*[2] Мадина сверухъ рукIарал ягьудиязул къабаилал. Гьезул хIакъикъат ахиралда бицина, инашааллагь.*
*[3] ЧIор речIизе тарал чагIазул.**
*[4] Аллагьасул рахъалъан хIалбихьиялде.**

*Гьелдаса хадув ХIабиб, асхIабзабигун цадахъ,*
*Загьиратан абулеб гьезул росулъе ана.*
*Умаятил ГIамроца дозул кIиго чиги чIван,*
*Дият[1] бецIизе комек ТIагьай хIажат букIана.*

*Бану-назирилаца ХIабиб тIаде восана,*
*Дият бецIизе комек гьабилин рагIи кьуна.*
*Расулуллагь цо къадал ракьанда гIодов чIана,*
*Кьураб гьазул рагIиги уйилан ккун букIана.*

*Амма ягьудаз хIукму батIайиса гьабуна,*
*БатIа руссун, цо тайпа щурщудизе лъугьана.*
*ГьадагIанго санагIат нелъехъе гьав щоларин,*
*Щвараб ресалдаса гьал пайда боссе лъугьана.*

*Босун, кIудияб гамачI гьесда тIаде рехизе*
*Гьаб тIохде вахунев чи гьечIищилан кIалъана.*
*ЖахIашил вас ГIамроца дун вахинин абуна,*
*Машкамил Салам гьазул хIукмуялда рекъечIо.*

*«Ла тафгIалу[2]», – абуна, «Валлагьи», – ян гьедана,*
*Гьав чиясде ножор къасд бицунин, – гIакъло кьуна,*
*– Цинги нелъергун гьесул гьоркьоблъиги квешлъила,*
*Гьелдалъун, зарал гореб, къавмалъеги ккеларо.*

*Кинниги гьаз Саламил гIакъло къабул гьабичIо,*
*ГIамро, кьураб рагIи ккун, тIохде тIаде вахана.*
*ТIагьаясухъ гьеб сагIат Жабраилги рещтIана,*
*Машкамил Саламица бицарабги у-лъана.*

*[1] Чи чIварас кьезе кколеб боцIи.**
*[2] Нужеца гьеб гьабуге.**

*Бану-назирилаца ургъараб хIиллаялъул*
*ХIабибуллагьасухъе тIобараб баян кьуна.*
*ТIохде вахун ГIамроца гьабизе бугеб бицун,*
*Гьаб къавмалъул макраби къватIир чIвайзе гьаруна.*

*Гьеб сагIат Хайрул-анам хехго тIаде вахъана,*
*Нахъ валагьичIого жив цояб рахъалде ана.*
*Ли къазаил хIажати уневлъун ккезе гьавун[1],*
*Гьалмагълъиги гъоркьго тун, Мадиналде вачIана.*

*ВачIине ХIабиб кватIун, рахIат хун, асхIабзаби*
*Гьесда хадур цадахъго хабар лъайзе рахъана.*
*Мадиналъул рахъалъан вачIунев ражуласда[2],*
*Дуда данде кканищан гьикъа-бакъи гьабуна.*

*Гьес, Расул Мадиналда вихьанилан бицана,*
*Цинги асхIабзабазги гьенибе нух босана.*
*Бану-назирилазул букIараб къасд ТIагьаяс ﷺ*
*ТIолго асхIабзабазе, баян гьабун, бицана.*

*Гьаб, рехсараб, хIалалда ХIабиб живго тIад вуссин,*
*МаслахIат гьелъулъ букIун, гьабурабги букIана.*
*Бану-назирилазул хиянат жинда лъайи*
*Балъгого хутIизе нух, гьеб горони, букIинчIо.*

*Гьанжи ягьудиязда жал къватIир чIвайи лъана,*
*Къасдалги хIорго хутIун, пащманлъиялде ккана.*
*Машкамил Саламица бицараб хIалалъ къавмги*
*ХIинкъиги тIаде бачIун ургъалилъе тIерхьана.*

*[1] ХIажат тIобайзе унев вугилан гьезда ккезе гьабун.**
*[2] Ражул – бихьинчи.**

*Аварагасе гьезул хиянат захIмалъана,*
*Масламатил МухIаммад гьезухъе витIун ана.*
*Гьаб дир баладалдаса[1] къватIире лъугьайилан,*
*КъвакIизабун, ТIагьаяс ﷺ гьезда лъайзе гьабуна.*

*Гьаз данде жаваб кьечIо, жалго жеделъ ургъана,*
*ИртихIалалда[2] хIукму гьабиялда рукIана.*
*Гьеб Мадиналде рагIун, мунафикъазул бетIер*
*Убаюл ГIабдулаца хабар дозде битIана:*

*Нуж къватIире рахъунге, ножорго рукъзабахъ чIа,*
*Нежерги ножой комек бугебин, рагIи кьуна,*
*Нуж къватIире рахъани, цадахъ нижги рахъунел,*
*Рагъ ножоргун гьабуни, нижги цадахъ рагъулел.*

*Цинги, гьадинал харбал мунафикъазул щведал,*
*КъватIир рахъиналдаса ягьудиял руссана.*
*Росо-рукъзал жалго тун, ниж къватIир унарилан,*
*Аварагасе жаваб гьазги къвакIараб кьуна.*

*Къурайшияздa гьоркьов Абужагьал гIадинав,*
*Аварагасде жиндир кутакаб хIасад бугев,*
*ХIуяю ибну АхтIаб – ягьудазул цевехъан, –*
*Гьасул хIаракат цIикIкIун, хIукму гьадалда чIана.*

*Гьанжи хирияв ХIабиб хIарбуялъе[3] къачIана,*
*ХIадураб боги бачун, Загьираталде щвана.*
*Бакъанил как гьениб бан, бала-гъалай гьабуна;*
*Бану-назирилазул къвакIи чучун букIинчIо.*

---

[1] *Балад – шагьар (улка-ракь).**
[2] *ИртихIал – къокъин, нахъе гочин.**
[3] *ХIарбу – рагъ.**

*Рукъзабада жанир чIун, чIорал рехун, гамачI бан,*
*Бегьараб дандечIейи гьабизе жал къеркьана.*
*Къоло цо сордо-къоялъ Расулас сверун ккуна,*
*Анлъго къоялъ ккунилан абуралги лъугьана.*

*Мунафикъзабаз кьураб рагIи гьересилъана,*
*Гьезул комекалдаса хьулги жедер къотIана.*
*ХIинкъи ракIазулъ рехун рекъел тIалаб гьабуна,*
*Расулас, жалаъ[1] гореб ножой гьечIин, абуна.*

*Гьеб жодой къабуллъана, анцIго къо болжал цIана,*
*Къай-матахI данде гьабун, хIадурлъизе лъугьана,*
*Лъаб-лъаб рукъалда гьоркьоб цо-цо варани цIураб*
*Цадахъ бокьараб къайи боссе изноги кьуна.*

*Амма къолдаби, ярагъ гъорлъа бахъизабуна,*
*Нухда хIурасалги тун[2], цохIониги беччайчIо.*
*Руччабазул кIиликI-махх, ретIараб дарай-махмар,*
*ТIад кIалъай гьабичIого, гьеб кинабго беччана.*

*Бачун щвараб балагьалъ къватIир гъезе кканиги,*
*Къавмалда Аварагас ﷺ зулмугин хIал гьабичIо.*
*РухI бугев чи течIого, жал гъуризе рес щварав*
*Расуласул рахIмоялъ, эркен гьарун, реччана.*

*АхтIабил ХIуяюги гьесда нахърилълъаралги –*
*Гьаб къокъа, битIахъего, Хайбаралде руссана.*
*Хадусеб агьалиги бакI-бакIалда риххана,*
*Димищкъи Куфаялъул рахъалде цоял ана.*

---

*[1] Жалаъ – къватIир рахъин.*
*[2] ХIурас – хъаравулзаби.**

*Суфян бину ГIамирги СагIдо бину Вагьбоги, –*
*Гьав кIиясго абуни, Ислам тIаса бищана.*
*БоцIи-малги цIунана, куфруги тIаса ана,*
*Иманалдеги рачIун асхIабзаби лъугьана.*

*Гьалдалъун иш тIобайчIо, ТIагьае хIалхьи течIо,*
*ХIуяю бину АхтIаб хадувги вагъарана;*
*Бану-назирилазул къокъаги цадахъ бачун*
*Цер кинниги, сихIирго, Маккаялде къокъана.*

*Къурайшиял ракIарун, хабар гьезий бицана,*
*Расуласулгун рагъде гьал гьесизе гьаруна.*
*Нижги цадахъ рахъинин, къотIи гьезий гьабуна,*
*Къисас цадахъ босилин щулияб рагIи кьуна.*

*Мушрикинал рохана, «МархIаба, – ян абуна, –*
*Нуж гIадал чи нежее цIакъ рокьулин», – кIалъана.*
*РакIал цуцалъе жоран, вацал гIадин лъугьана;*
*Вацаз вацазде гIадин, къурайшияз гьикъана:*

*«Я магIшарал ягьуди[1], нуж агьлу-китаб ругин[2],*
*Гьаб нежер динищ хIакъаб, яги МухIаммадилищ?*
*Ножор дин хIакъаб бугин ягьудияз абуна,*
*Аллагьас аят рещтIун, жал суризе гьаруна.*

*Гьал Маккаялде щведал, «Щиб ножор мурад?» – абун*
*Абусуфян гьаздехун гьикъарданинги буго.*
*Гьаз, МухIаммадилгун рагъ гьабизе бокьун бугин,*
*Гьесулгун сулхI-рекъелги бихханин бицун буго.*

*[1] Я жугьутIазул къокъа!**
*[2] Аллагьас Таврат рещтIарал чагIи.**

*Цинги, ножор рагIуда ниж божуларин абун,*
*Абусуфян гьанжиги гьаздехун кIалъан вуго.*
*Нижги цадахъ рахъине ножой бокьун батани,*
*Нежер хъанчазе сужда гьабеян, шартI лъун буго.*

*ШартIги къабул гьабун, гьаз хъанчий сужда гьабидал,*
*Гьанжи къурайшиязул рагъде гъира бан буго.*
*Дунял гIалам гвангъарав, чирахъ гIадав Авараг ﷺ*
*Инсул росо таниги, тезе гьазул къасд гьечIо.*

*Гьединаб къотIи-къайи къурайшазеги гьабун,*
*Ягьудиязул къокъа ГъатIфаназухъе ана.*
*Къурайшиялги жалгун цолъун ругин бицана,*
*Цадахъ рахъине, гьазги рагIи кьун, къотIи ккана.*

*Къурайзат, бану-назир – ягьудалги данде къан,*
*Къурайшал ГъатIфаназул ахIзабал[1] данделъана.*
*АнцIила кIиазарго чиясде гьел рахана.*
*Гьал киназулго бетIер Абусуфян гьавуна.*

*Аварагасде данде, гьеб къуватги бакIарун,*
*Гьанжи къватIир рахъине Къурайшал хIадурлъана.*
*ХIабибуллагьасухъе гьеб хабар щвезабизе*
*ХазагIатилацаги цIакъаб жигар гьабуна.*

*Къурайшазул хIадурлъи ХIабибасде бицине,*
*Цо рекIаразул къокъа къокъидго нухаб лъуна.*
*Къабаилал данделъун, ягьудиялгун рекъон,*
*Къуват бакIарун бугин баян ТIагьахъе щвана.*

*[1] Къокъаби.**

*Тущманасде данде рагъ кин гьабундай лъикIилан,*
*Гьанжи ХIабибуллагьас мушавара гьабуна.*
*Мадиналда жанир чIун, яги къватIире рахъун,*
*Къурайшиял нахъ чIвайзе санагIатал ургъана.*

*Салманул-фарисияв Расуласде кIалъана,*
*Фурсазул гIадат бицун, раъю[1] загьир гьабуна.*
*Гьез тущманасде данде хандакъал рухъулаан,*
*Амма гIарабияздагьеб хIилла лъалароан.*

*ЛъикIаб раъю бугилан, Расул гьелда рекъана,*
*Мадина тун къватIибе гIаскар жинца бачана.*
*Тущман вачIунев рахъалъ, щулалъи ккун, тIорана,*
*ТIолабго гIаскаралъул лъабазар чи вукIана.*

*Зайд бину ХIарисатихъ – мугьажиразул байрахъ,*
*ГIубадатил СагIдухъе – ансариязул кьуна.*
*АнцI-анцI чиясе, цадахъ кIикъо-кIикъого натI кьун,*
*Кьабизе бай бихьана хандакъалда газа-бел.*

*КIикъого натI гIеблъуда, анцIго натI гъварилъуда –*
*Расулас гIорхъиги лъун, бухъизе бай бихьана.*
*Бухъизе гьелги тIамун, живго нахъегIан чIчIечIо,*
*Жиндирго мугъалда лъун, ракь къватIибе баччана.*

*Ракъи бугеб, къваридаб замана букIаниги,*
*РекIелъ бугеб иманалъ асхIабзаби чучичIо.*
*Эзий бугеб захIмалъи ХIабибасда бихьидал,*
*Бигьалъи гьабейилан Аллагьасде гьарана.*

*[1] Раъю – гIакъло-пикро.**

*Салманиде цебе ккун, цо согIаб кьуруялъе,*
*Кьабуниги, газаялъ щибго асар гьабичIо.*
*Расуласде бицана, щиб гьабилеб гьикъана,*
*Гьединго кьуру тезе санагIатги букIинчIо.*

*Салманида кодоса газа жинца босана,*
*Бишасул цIаралдалъун, кIвараб хIалалъ кьабуна.*
*Кьабиялъул кутакалъ газаялда цIа бана,*
*Кьуруялъул сулусги*[1] *хъвалхьун, батIалъун ана.*

*БецIаб сардилъ бакараб чирахъалъул киниги,*
*Яманалъул рахъалъан, гвангъун, нурги баккана.*
*Расулас, такбир бачун, рохел загьир гьабуна,*
*МафатихIул Ямани*[2] *дихъе кьунин абуна.*

*Аллагьасул цIар бахъун, хадувги жив гьедана,*
*СангIаалъул абвабал*[3] *жинда рихьи бицана.*
*Берда цере гьаб сагIат, анябул-килаб гIадин*
*Киналго гьел ругилан кIалъай жинца гьабуна.*

*КIиабилеб нухалъги, цебего гIадин, кьабун,*
*Кьурул сулусги тIуна, газаялъ цIаги бана.*
*Румазул рахъалдасан добго нурги баккана,*
*Добго хIалалда такбир ШафигIасги бачана.*

*Шамалъул мафатихIал дихъе кьунин абуна,*
*Дида гьелъул хъулбиги рихьулилан гьедана.*
*Лъабабилеб нухалъги, ХIабибуллагьас кьабун,*
*Кьуруялъул хутIараб миччил гIадин лъугьана.*

---

*[1] Сулус – лъабил бутIа.**
*[2] Еменалъул кIулал.**
*[3] Ай, кваби.**

*Пирхараб пири гӀадин, газаялъ цӀаги бана,*
*Фурсазул рахъалдасан добго нурги баккана.*
*Расулас, такбир бачун, рохел загьир гьабуна,*
*Ферсазул мафатихӀал дихъе кьунин абуна.*

*Анябул-килаб гӀадин, Кисрал мадаиналги[1]*
*Дида рихьулин абун, Расулуллагь гьедана.*
*Ферсазул тах-бакӀбазул сифат жинца гьабуна,*
*Салманица, гӀин тӀамун, битӀун бугин абуна.*

*Аллагьасул Авараг ﷺ Салманиде кӀалъана,*
*Рехсарал улкабазул къисмат жинца бицана:*
*«ЯфтахӀу ллагьу багӀди я, Салман»[2] – ин абуна,*
*Абухъе, хулафааз[3] гьел квердеги росана.*

*Гьаб рохалилаб хабар Аварагас бициндал,*
*Агьло-нифакъ, данделъун, жалго жеделъ кӀалъана.*
*Ножода МухӀаммадил хабар рагӀанищилан,*
*Хвел щваял мунафикъаз махсароде гьеб ккуна.*

*Кисрал шагьраби гьасда, гьанисангоги рихьун,*
*Хьулазухъ балагьеян, балъаргъун, шуршудана.*
*Хандакъ цебехун бухъун, нахъехун чӀун горони,*
*Вагъизе къуват гьечӀев гьасул къотӀи бихьулищ?*

*Гьас гьабулеб къотӀиги бицунеб гьаб хабарги,*
*Гьересияб жо бугин, жалго жеделъ рекъана.*
*Нифакъалъул цӀакълъиялъ ракӀал беццлъарал гьазул,*
*Расуласул харбида божизе гьунар гӀечӀо.*

---

*[1] Кисрал (ай, Персазул ханасул) шагьрабиги.**

*[2] Ай, дун хун хадур Аллагьас гьел улкаби бусубазе рагьила, ай бусурбабаца рахъила, я Салман**

*[3] Ай, Аварагасул ﷺ халифабаца.**

*Гьаб рехсараб хIалалда ХIабибасул гъалбацIаз,*
*Бухъун, анлъго къоялде хандакъ тIобайзабуна.*
*ТIолабго гIаскаралъе щулалъаби гIуцIцIана,*
*МегIералъул ракьан ккун, хандакъ цебе гьабуна.*

*Цинги къурайшиялгун Абусуфян вачIана,*
*УхIудалъул рахъалде ГъатIфаналги рещтIана.*
*Расуласдагин гьазда гьорокьобе хандакъ ккана,*
*Гьеб бихьидал, гIарабал гIажаиблъун хутIана.*

*Хандакъалда Расулас ﷺ моцIгIан заман бахъана,*
*Зарал, камиял ккараб кьаба-тунки букIинчIо.*
*Кинниги цуцадехун чIорал, гамчIал речIчIулеб,*
*ЧIамучIаб, хIалхьи гьечIеб хIисабалда рукIана.*

*Гьаб чIамучIаб рагъ чIалгIун, чIухIарав Навфалица,*
*ЦIал кьабун, жиндирго чу хандакъалъубе гъуна.*
*Хадувго жанив кIанцIун, Асадуллагь-ГIалица*
*Кьабураб цо хвалченалъ малгIун кIихIи къотIана.*

*Хадурги, жал бодулъго машгьурал бахIарзазул*
*Цо тайпа, цере рачIун, чуязда хIал гьабуна.*
*Гьезулги хандакъалъур рещтIин мурад букIана,*
*МалгIун-Вуддил вас ГIамро гьев цIакъго вортанхъана.*

*Диде данде вахъунев чи вугищан ахIана,*
*Аварагас изно кьун, ГIали цеве вачIана.*
*«Я ибна ахи,[1] – абун, ГIамро чIухIун кIалъана, –*
*Мун чIвайзе дие бокьун гьечIин», – хIинкъаби кьуна.*

[1] Ай, «Дир вацасул вас».*

*ХIайдарица ГIамрое данде жаваб гьабуна,*
*Дие мун чIвайзе бокьун бугилан кIал гьикъана.*
*Къавмалъулъго машгьурав, бахIарчияв ГIамрода*
*ГIалица гьикъараб кIал кIвечIо кинго хIехьезе.*

*Чодаса гъоркье кIанцIун, кIутIун хвалчен бахъана,*
*Хвел балагьулев ГIамро ГIалидехун вортана.*
*ГIажлие гъурав досде данде ГIалиги ана,*
*ГIодосан багъарараб хIуралъ сверун росана.*

*ХIайдарида ГIамроца бачIинаго хьвагIана,*
*БетIералда букIараб даркъаталдаги щвана.*
*Даркъат хъвалхьун рехана, хъарсараб ругъун лъуна,*
*Расуласул дугIаялъ ГIалил бетIер цIунана.*

*ГIамрое жаваб гьабун, ццин бахъарав ГIалица*
*Цо кьабураб хвалченалъ хвалилаб ругъун лъуна.*
*Ракьалда гIодов ккана, ГIамрое ахир лъуна,*
*«Акбар» бачун, гIаскаралъ рохел загьир гьабуна.*

*Расуласда рагIана, ГIамро чIваравлъи лъана,*
*ГIемерго жив вохиялъ, ГIалие рецц гьабуна.*
*ГIали горони, – фата[1], Зул-факъар[2] – гореб, хвалчен*
*ГьечIилан, Аварагас гьеб мехалда абуна.*

*Гьалмагълъи, ГIамро чIвайдал, гIанкIал гIадин, тIурана,*
*ГIалида данде гьезул мубаризги[3] ватичIо.*
*Тущбабазулгун тунки цIакъго цIикIкIун, цо къоялъ,*
*Бакъанил как байчIого, гIуждаса борчIун ана.*

*[1] Фата – гIолохъанчи.**
*[2] Зул-факъар – ГIалил ﵁ хвалченалда цIар.**
*[3] Мубариз – хвалчад вахъунев чи.**

*Жедер хобалгун рукъзал цIадул цIеял мушриказ*
*Бакъанил какалдаса нилъ машгъул гьарунилан,*
*Гьезие квешаб дугIа Аварагас гьабуна.*
*СанагIат рекъарабго бецIун, доб какги бана.*

*Бану-къурайзатазул сайидлъун жив вукIарав*
*Асадил вас КагIбохъе малгIун-ХIуяю щвана.*
*ХIабибасулгун ракълил къотIиялда вукIарав,*
*КъотIи бихиялде гьев вачине гаргадана.*

*Дида, гьев МухIаммадил, къотIи биххизе ккани,*
*Квешаб рахъ бихьичIилан КагIбоца инкар ккуна.*
*Иблис гIадин, ХIуяю гьесул ургьив лъугьана,*
*Гьес къотIи биххизегIан, хабар лъугIизе течIо.*

*Хадув, КагIбо ахIана Расулгун вагъиялде,*
*Вагъизе рагIиги кьун, ХIуяю разилъана.*
*Бану-къурайзатаца къотIи биххи рагIидал,*
*ГIавамил вас Зубайир Расулас витIун ана.*

*Эз къотIи биххиялъул хабар уяб батана,*
*Хандакъалда ругезе хIинкъи цIакъго цIикIкIана.*
*ХIарисатил Зайидги Асламил Масламатги,*
*Мадина цIунизелъун, Расулас ритIун ана.*

*Бану-къурайзатилаз къотIи бихун хадуса,*
*Къурайшиялгун рекъон, Мадина талагьизе,*
*Тохал рахъал ралагьун, хIадурлъула рукIин лъан,*
*ХIажалъана Авараг ﷺ къуват гьениб рехизе.*

*Хандакъалъул бодулъа щунусго чигун цадахъ,*
*Цинги ритIана гьенир дов Зайдги Зубайирги.*

*Зайтун-тиналъул магъилъ хIанзалаталда релълъон,[1]*
*Гъорлъ ругел мунафикъал, – гьелги цIакъ хIалагъана.*

*МухIаммадица нелъей къотIи гьабун рукIарал*
*Къайсарил хазинаби гьанже росе абуна;*
*Рокъоре тIад руссине багьанабиги ратун,*
*Расуласдасан изно тIалабги гьез гьабуна.*

*Гьединаб къваридаб хIал асхIабзабазде щведа,*
*Аллагьасул Расулас сулхIалде[2] къасд гьабуна.*
*ХIарс бину ГIавф, ГIуяйнат бину ХIасин – кIиялго*
*ГъатIфаназул къаидал[3], гьезухъе чи витIана.*

*Къурайшияздаса нуж, ратIалъун, нахъе ани,*
*Мадинаялъул пихъил сулус[4] кьелин абуна.*
*Амма нугIзал чIезарун къотIи гьабун букIинчIо,*
*ТIагьаяс гьелъул хабар хадуб баян гьабуна.*

*ГIубадатил, МагIазил, – кIиявго СагIдудехун*
*Расулас мушавара, гьеб гьоркьоб лъун, гьабуна.*
*Гьазий гьеб къабуллъичIо, къвакIун чIарал, чучичIо,*
*Чармилал ракIаздалъун, кьезе гьечIин абуна.*

*Бичун босун, я къарзалъ кьураб горони, гьезда*
*Бихьулареб букIараб Мадинаялъул тамру[5];*
*Нилъ БетIергьан Аллагьас Исламалде тIоритIун,*
*КIодо гьаридал, гьезий гьеб щай кьолебан чIана.*

---

*[1] Ай, пихъил гъутIбузда гъорлъ зазил хъархъазда релълъон.**
*[2] Ай, капурзабазулгун рекъел гьабиялде**
*[3] Къаид – цевехъан, бетIер.**
*[4] Сулус – лъабил бутIа.**
*[5] Тамру – чамарсакI.**

*Гьезул щулалъи, къвакIи ШафигIасда бихьана,*
*Саброялде гьел ахIун, тIадеги жив кIалъана.*
*РакIалдаго гьечIого, ГъатIфаназул рахъалъан*
*АшжагIияв МасгIудил НугIайм тIаде вачIана.*

*Ислам къабул гьабуна, Расуласде кIалъана,*
*Дуйго бокьараб дида тIад къайилан абуна.*
*Къурайшиял, ягьудал, – гьезда жив лъикIго лъалев,*
*ЛъикIаб гьоркьоблъи бугев гьудулги жив вукIана.*

*Жиндиргун рагъ гьабизе данделъарал ахIзабал*
*Рихизе гьарейилан Аварагас гьарана.*
*Аллагьас Расуласул дугIа къабул гьабуна,*
*Къурайшиял, тIад руссун, басраго ине ккана.*

*АхIзабал рихххиялъе, дудаго хIал кIванани,*
*КIвараб иш гьабейилан НугIаймида тIад къана.*
*ТIагьаясе квербакъи жинца тIаде босана,*
*Бану-къурайзатазул къавмалде тIаде ана.*

*Я бану-къурайзатал, ножода дун лъикI лъала,*
*Нождехун рокьиги дир кидаго букIуна,*
*Буго гьанжи дий бокьун ножой цо гIакъло кьезе, –*
*Гьадинаб магIнаялъул калам жинца гьабуна.*

*Бану-къурайзатаца НугIайм къабул гьавуна,*
*Къавмалъ: Дуца бицунеб битIун бугин, – абуна.*
*Ниж дуда щаклъуларин, божаралги ругилан,*
*НугIаймие кIалъайзе изно киназго кьуна.*

*Къурайшал-гъатIфаналгун гьав чиясде[1] данде нуж*
*Рагъизе бегьуларин, гьал кантIизе гьаруна.*

---

[1] *Ай, Аварагасде ﷺ .**

*Рагъул хIасил ккечIони, дол нахъе тIурун ина,*
*Дозул гIумругин яшав кинабго доба буго.*

*Долги гьедин нахъе ун, нужго гьанир хутIани,*
*Хадусан щиб букIинеб? – ургъейилан абуна.*
*ГъатIфанал-къурайшияз рагьноялъе[1] цо къокъа*
*Ножохъе кьун горони, рагъугеян манлъана.*

*Бану-къурайзатазе гьаб гIакъло цIакъ бокьана,*
*БитIараб буго абун, тIолалго разилъана.*
*Рази гьарун гьалги тун, гьанжи НугIайм къокъана,*
*Къурайшиязухъе ун, Абусуфян данд чIвана.*

*Ашрафал[2] ракIарана, НугIайм гьазде кIалъана,*
*Гьаб хабар балъго теян аманатги гьабуна.*
*«Нужода ракI букIиналъ бицунеб буго» ,– абун,*
*Цинги къурайшиязде гIин тIамеян абуна.*

*Бану къурайзатилал, МухIаммадгунги кьаллъун,*
*Нужгун рекъеялдаса рекIекъ ругин абуна,*
*Рагьноялъе ашрафал ножоца кьун горони,*
*Нужгун цадахъ рагъизе гъозул ракIалда гьечIо.*

*Ножодасан гъоркьлъалий ашрафал тIалаб гьарун,*
*Дозул чапар вачIани, цо чи кьоге абуна.*
*Кьуни, гьел къурайзатаз балъго, МухIаммадихъе*
*ЧIвазе кьелин, гьабураб къотIи бугин бицана.*

*Ножоргин гъатIфаназул ашрафал гъурун хадур,*
*ХутIаразде цадахъго, дол тIаделъизе ругин, –*

[1] *Рагьну – гъоркьлъалие, божилъиялъе цо жиб бугониги кьей.**
[2] *Ашрафал – церехъаби, бутIрул.**

*ТIобараб гьерсил къвачIа гьазие чIехьонги тун,*
*Гьанжи НугIайм къокъана жиндирго къавмалъухъе.*

*Ва гъатIфанал, дир агьло, дирго тухумгин кьибил!*
*Щаклъи гьечIого дида нуж божулелги лъала,*
*Бицине хабар бугин къавмалдехун абуна,*
*КъватIиб бицунгейилан, балъго тей шартI гьабуна.*

*Бану-къурайзатилал Къурайшазегин ножой*
*Гьади-гьадин гьабизе ургъун ругин бицана.*
*Гьездаса цIодорлъеян лъайзе жинца гьабуна,*
*Лъайзе гьабиялдаса ГъатIфаналги рохана.*

*ГъатIфанал, къурайшияз гIакълодо гьанжи данд бана,*
*НугIаймил хабаралъул хIасил тIалаб гьабуна.*
*Абужагьлил ГIикримат бетIерлъунги чIезавун,*
*Къурайшал, ГъатIфаназул цо къокъа хIадурана.*

*Гьеб къокъагин ГIикримат къурайзатазухъ щвана,*
*Щамат сордо букIана, хIукму гьезий бицана,*
*МухIаммадилгун къитал[1] метер букIине бугин,*
*Рахъине къачIайилан, чIванкъотIун лъайзабуна.*

*Ягьудиязул, щамат – щибго жо гьабулареб,*
*РахIматалъул къо кколин къурайзатаз абуна,*
*Метер къо ун хадубги, цадахъ рагъизе ккани,*
*Цо шартI ножой бугилан, рагьноялъул бицана.*

*Нуж, МухIаммадилгун иш тIобан хадур горони,*
*ТIад руссунгутIиялъе божи нежей букIине,*
*Ножор ашрафаздасан цо къокъа рагьноялъе*
*Нежехъе кьезе ккелин, къвакIун, гьазги абуна.*

*[1] Къитал – рагъ.**

*Гьаб хабаргун ГІикримат къавмалъухъе вуссана,*
*Къурайзатазул жаваб жинца гьазий бицана.*
*Цинги къурайшиялги ГъатІфаналги кІалъана,*
*НугІайманил насихІат хІакълъанилан абуна.*

*Бану къурайзатазухъ гьанжиги чи витІана,*
*Гьедун, цохІониги чи кьеларин, лъайзабуна.*
*Рагъизе къасд батани, рахъайилан абуна,*
*БатичІони, бокьараб гьабеян жалго тана.*

*Гьаб хабар босун чапар къурайзатазухъ щвана,*
*Къурайзатазги НугІайм цІакъго ритІухъ гьавуна;*
*Гьесул насихІат нелъей хІакъаб букІун бугилан,*
*БукІаралде тІадеги божи гьазул цІикІкІана.*

*БетІергьанасул макро кІияздаго жемана,*
*НугІайманил хІиллаялъ ахІзабазул гуч хвана.*
*АсхІабзабазде тІаде бачІун букІараб хІинкъи,*
*ХІавло гьабун,[1] Къадирас къурайшазде тІамуна.*

*Къурайзаталгун цолъун, ТІагьаясул гІаскарал*
*ТІаде кІанцІиялдаса мушрикинал хІинкъана.*
*Къудраталъул Аллагьас тІадеги, гІарабазде*
*БецІаб, цІорораб сардилъ гучаб гьури беччана.*

*Гьелъ, чудрул рахъ-рахъун ран, хьагал регизе гьарун,*
*Ракарал цІаялги ссун, гІала-гъважа лъугьана.*
*Гъоркьгоги хІинкъарал гьал хІалагъине рекІана,*
*ХІарбоялъе[2] къачІараб къуватги чучун ана.*

---

*[1] Ай, сверизе гьабуна.**
*[2] Ай, – рагъуе.**

*Авараг, гьеб бициндал, цаби рихьун хьимана,*
*Цинги асхІабзабазде, рохел бицун, кІалъана,*
*КІвараб-тараб къай-цІагун, бакІаб щинаб гъоркьги тун,*
*ГъатІфаналгин къурайшаз къасего нух босана.*

*Расуласдасан къисас босичІого чІеларин,*
*ЧІухІун къватІир рахъарал капуразул гІаскарал,*
*Малайкзабаз сверун ккун, балагьалъул гьури пун,*
*РакІазулъ хІинкъи тІамун, тІурана, цІогьал гІадин.*

*ТІагьа чІаго теларин, жал къватІире рахъарал*
*Къурайшиял Аллагьас рагъде регІизе течІо.*
*Рагъги кьалги кІочон тун, кІудияб рогьо-ничгун,*
*РухІал цІунун, хандакъ тун, басраго нахъе ана.*

*Аллагьас Жиндир лагъзал басраги гьаруларо,*
*Басра гьарулеб гІамал хІалтІизе гьабичІони.*
*Гьабураб къотІи тІобай – Къуръаналда рехсараб*
*Къанун буго халкъалъе, Халикъасго жиб лъураб.*

*Хиянат-рекІкІ гьабиги манзил къокъаб жо буго,*
*Ахир-къадги ритІухълъи бергьин – хІакъикъат буго.*
*ХІакъикъат гьечІеб бакІалъ ритІухълъи букІунаро,*
*РитІухълъиялъ горони, сагІадатги*[1] *щоларо.*

*ШаригІаталъ горони, инсанги гьавуларо,*
*Аллагьасул нух тарав, талихІ кьун, вохуларо.*
*Тасавуфалъ*[2] *горони, батІинги къачІаларо,*
*БатІин бацІцІалъичІесул суфиги лъугьунаро.*

*[1] СагІадат – талихІ.**
*[2] Тасавуф – тІарикъат.**

*Суфизабазул матIлуб – БетIергьан лъайи буго,*
*БетIергьанго лъаларев лагъ вукIине рес гьечIо,*
*Лагълъи гьабизе ккани, МагIбуд[1] лъайи – шартI буго,*
*ШартI камуни, гIибадат гIадада хвараб буго.*

*ГIадада холеб гIамал гIакъилас гьабиларо,*
*ГIакълогIан къимат тIокIаб жавгьарги бижун гьечIо.*
*Жагьлоялъе гIиллалъун гIакъло дагьлъи букIуна,*
*ГIакъло бергьани, жагьло, къун, жибго нахъе уна.*

*Жагьло къунеб гIакъло кьун, гIилмоялъулъ бичIчIи кьун,*
*ГIамалалъе тавфикъ кьун, тавбоялъе гьунар кьун,*
*Вагьбияб гьидаят[2] кьун, гьава къунеб ихIсан кьун,*
*Аллагь, Дуца тIоритIе ниж битIараб нухалда!*

## МАДИНАЯЛДЕ СВЕРУХЪЕ ЖУГЬУТIАЛ ККЕЯЛЪУЛ БАЯН

Назмоялда рехсараб бану-назир, бану-къурайзат ва къайнакъагI абурал тухумал ккола ягьудиял, Муса аварагасул вац Гьарунил [عليهما السلام] вас Кагьинил наслабаздаса. Гьел рукIана Мадиналда сверухъ, ХIижаз гIарабиязда бакьулъ. Гьел гьенире ккеялъул хIакъалъулъ бицунеб буго гьадин: церего бану исраилал фитнаялъулъе ккарал мехалда, гьел къабаилал рачIун руго гьанире, нахъзаманалъул Авараг, ай нелъер авараг МухIаммад ﷺ вахъине ва, гьижра гьабун, гьев вачIине вугев бакI гьеб букIиналдалъун, гьев вахъиналъухъ интизаралда[3] рукIин мурадалда.

*[1] Ай, жиндие лагълъи гьабулев – Аллагь.**
*[2] Аллагьас чIобого битIараб нухалде тIоритIи**
*[3] Интизар – балагьун чIей.**

Цойги бицунеб буго, гьел гьенире ккеялъе сабаб, гьадинги: Ясрибалъул, ай Мадинаялъул ва ЖухIфат абураб бакIалдаса гIебедеги рукIун руго, ГIамаликъатал абун цо миллат. Гьез гьабулеб букIун буго бану исраилазе инжилъи, ай масала гьел ругел бакIалде чабхъен гьабун. Бану-исраилаз гьелъул хIакъалъулъ гьабун буго гIарз, гIалайгьи салам, Муса аварагасде. Цинги Муса аварагас ﷺ битIун буго гIаскар гIамаликъатазухъе, ва гьабун буго гьезде амро, цо инсан нахъе течIого, гIамаликъатал гъуреян. Мусаца абухъе, гIаскаралъ гIамаликъатал гъурун руго, гIадан нахъе течIого, цохIо дозул ханасул гьитIинав вас хутIизегIан. Гьев, чIвазе барахщун, тун вуго. Гьениса тIад руссун, Мусал гIаскар Шамалде ун руго. Гьезда Мусаги ﷺ хун ватун вуго. Бану-исраилаз абун буго гьазде, нуж гIасилъана ва хилифлъана абун [Мусаца нахъе чи тогеян абун букIиндал, дозул ханасул вас чIаго тедал абун батизеги бегьула].

ХIасил, гьал тIаде росизе бану исраилазе бокьичIеб сурат буго. Гьанжи гьаз хIукму гьабун буго, жедецаго рагъун, бергьенлъи босараб Ясрибалде тIад руссине. Гьенире тIадги руссун, гьениб ватанги ккун, чIун руго, наслабиги гIемерлъун руго. Хадусан гьезде тIаде рачIун руго, гьелго гIадин, Хазражал ва Авсал абун кIиго къбилалъул дагьалго гIадамал. Гьал киназго цадахъ гIумроги гьабун буго гьениб, Ислам бачIинегIан. Гьижра гьабун, Маккаялдаса Авараг ﷺ вачIинегIан, Мадинаялъул ракьалде «Ясриб», абулаан. Хадуб Аварагас ﷺ гьелде «ТIайбат» лъуна.

Авсал ва Хазражал ккола Еменалдаса «Сабаъ» абураб къабилаялъул. Гьезул насабалъул бачIинги НухI аварагасул ﷺ вас Самидасан КъахIтIаниде, КъахIтIанил вас

ЯгIрубидасан Сабаиде буго. Гьав Сабаил цIар хутIун буго гьезул къабилаялдеги. ТIадегIанав Аллагьас гьезул хIакъалъулъ бицун буго Къуръаналдаги:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿لَقَدْ كَانَ لِسَبَإٍ فِي مَسْكَنِهِمْ ءَايَةٌ ۖ جَنَّتَانِ عَن يَمِينٍ وَشِمَالٍ ۖ كُلُوا مِن رِّزْقِ رَبِّكُمْ وَاشْكُرُوا لَهُ ۚ بَلْدَةٌ طَيِّبَةٌ وَرَبٌّ غَفُورٌ ﴿١٥﴾﴾ سبأ: ١٥

Аяталъул хIасил: гьаб къавмалъул рукIун руго росаби, росабазул кваранаб-квегIаб рахъалъан рукIун руго батIа-батIаял пихъазул, кутакал ахалги. Ялъуни гьезул росабиги ахалги рукIун руго, бакьулъан эхебе лъарги унеб, гIатIидаб жаниблъиялъул кваранаб рахъалъанги квегIаб рахъалъанги. Гьениб букIун буго кутакалда лъикIаб гъойтI-рохь, хур-хер хIалтIулеб ракьги, кутакалда бацIцIадаб гьава-бакъги. Гьава-бакъалъул рекъон ккеялъги бацIцIалъиялъги, гьезул гьениб букIунареб букIун буго кIкIара, тIутI, чIетI, гарцI, гIанкъра, борохь, – гьел горел цогидал, кинал ругониги, инсанасе зaралиял рухIчIаголъабиги. ХIатта гьенисан къотIун унев нухлуласул ратIлида бугони нацIцI, гьебгицин холеб букIун буго. Гьединго гьава-бакъ инсанасе данде кколеб букIиналъ, гьениб букIун гьечIо, кинаб бугониги, унтащокълъиги. ТIадегIанав Аллагьас гьедин рахIаталда хьихьараб къавмалъул букIун буго анцIила лъабго росо, ва гьезухъе витIун вуго анцIила лъабго авараг, гьел тавхIидалде ахIизе. Гьел аварагзабаз гьезде абулеб буго, ножоца кванай ТIадегIанав Аллагьас ножое кьурал нигIматал, гьал батIа-батIаял пихъал, ножоца щукруги гьабе гьал нигIматал ножое кьурав Аллагьасеян. Ва гьединго абулеб букIун буго гьезде: «Гьаб балад[1] буго лъин гьуинаб, гьава рекъараб

[1] *Балад – шагьар.**

бакІ. Ножор БетІергьанги вуго, Жиндие мутІигІав ва нигІматазе щукруги гьабулев чиясул Жинца мунагьал чурулевлъун», – илан. Гьел аварагзабазул дагІват, вагІза, насихІат къабул гьабичІеб мехалда, ТІадегІанав Аллагьас гьезда тІаде беччан буго цойидасан гІемераб лъин. Кинин абуни, гьезул букІун буго лъим жаниб сверизе гьабураб борхатаб сангар [плотина]. Дов Сабаъ абурав чиясго байбихьиги гьабун, гьев хун хадув, нахъеяз тІобайзеги гьабураб. Гьеб сангаралъ хІехьоларел, гучал иххал рахъараб цІадги бан, БетІергьанасул къудраталъ гьеб сангарги тІезе гьабун, доб кІудияб хІор цойидасан беччан буго гьезде тІаде. Гьелъул хІасилалда, гьезул ахал, хурзал, росаби, кинабго магІишат, – мугІрузде тІаде тІурун бажарарал цо къадар хутІизегІан, халкъгун цадахъ, гъанкъун буго. Гьелдаса хадуб цебе букІараб баракатги ун буго, пихъил гъутІбиги тІад заз гІемерал, татукъал лъугьун руго. Гьеб балагьалдаса хадур, гъанкъичІого чІаго хутІараб къадар гІадамазул рахъ-рахъалдехун риххун унги руго. Гьезда гъорлъа ккола ТІайбаталъул ракьалде бану-назирилазде ва къурайзатазде тІаде рачІарал Хазражалги Авсалги, – кІиябго тухум, гьел ккола Еменалъул гІарабиял.

Гьел Еменалъул гІарабиязул тІоцове гІараб мацІалъ кІалъарав, ай гІараб мацІ гьениб байбихьарав, Еменалъул гІарабиязул эменилан жинде абулев чи ккола ЯгІруб. Гьев жиндалъун кІалъарав гІараб мацІги букІун буго фасахІатаб-битІараб гореб. ИсмагІил аварагсдеги عليه السلام абула гІарабазул эменилан абунги, гьаб кІиялъго цоялъ цояб гьереси гьабуларо, ай ЯгІрубги ИсмагІел аварагги عليه السلام «Абул-гІараб» аби битІараб ккола. Щаян абуни, ЯгІруб ИсмагІел аварагасдаса عليه السلام цеве вукІана, мацІги фасахІатаб букІинчІо, гІараб букІаниги. ИсмагІел авараг عليه السلام ккола тІоцове фасахІатаб, къурайшиязул, Къуръан жин-

далъун рещтIараб, бацIцIадаб гIараб мацIалдалъун жив кIалъарав, ХIижаз-гIарабиязул, къурайшиязул эменлъун.

Гьел Сабаазул сангар биххизе, ТIадегIанав Аллагьас, ччугIбузе лъин гIадин, жедее ракь гьабурал, ай ракьалда жаниб горони, гIумро-чIаголъи жедеца гьабуларел, маххул гажалги ругел, чIахIиял, беццал гIункIкIал тIамуралинги буго. Лъалев Аллагь вуго. والقصة بالتمام في [[روح البيان]] فراجعه

Гьал Сабаазухъе аварагзаби ритIиги гьазул къиссаги ккун буго ГIиса аварагасда ﷺ хадуб. ГIиса аварагасдаги ﷺ МухIаммад аварагасдаги ﷺ гьоркьов авараг вахъинчIоян абиялъул магIнаги ккола, жиндихъе тIехь рещтIарав, хассаб шаригIаталдалъун витIарав расул вукIинчIо, абураб. Гьаб рехсараб къавмалъухъе ритIарал аварагзабиийин абуни, – ккола жал ГIисал ﷺ диналда рукIарал, гьесул дин-шаригIат цIи гьабизе ритIаралльун. Гьелъул хIакъалъулъ бицунеб буго гьадин:

**وما قيل من أنه لم يكن بينهما نبيّ يعني نبيّ ذو كتاب كذا في «بحر العلوم» فلا يشكل قوله ﷺ : ((ليس بيني وبينه نبيّ)) أي رسول مبعوث بشريعة مستقلة بل كل من بعث كان مقررا لشريعة عيسى ﷺ . «روح البيان» صـ ٢٨٤ ، جـ ٧**

Свалат-салам лъеяв МухIаммад аварагас: «Дидаги ГIиса аварагасдаги гьоркьов авараг вукIинчIо», – ян абиялдаса мурад ккола, жиндихъе тIехь рещтIарав, хассаб шаригIаталдалъун витIарав авараг вукIинчIо, абураб. Сабаалде ритIарал – гьединал рукIинчIо, ГIисал ﷺ диналда ругел, гьесул дин цIи гьабулеллъун рукIана.

* * * * *

# الباب السادس

# АНЛЪАБИЛЕБ БЕТIЕР

## АЛЛАГЬАСЕГИ АВАРАГАСЕГИ ﷺ МУТIИГIЛЪИЯЛДЕ АХIУЛЕЛ АЯТАЗУЛ БАЯН

Гьанжиги хал гьабизин, диналъул вацал, ТIадегIанав Аллагьас халкъ Жиндиеги, Жиндир Аварагасеги ﷺ мутIигIлъизе ккеялде ахIула ругеб куцалъул:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ قُلْ أَطِيعُوا۟ ٱللَّهَ وَأَطِيعُوا۟ ٱلرَّسُولَ ۖ فَإِن تَوَلَّوْا۟ فَإِنَّمَا عَلَيْهِ مَا حُمِّلَ وَعَلَيْكُم مَّا حُمِّلْتُمْ ۖ وَإِن تُطِيعُوهُ تَهْتَدُوا۟ ۚ وَمَا عَلَى ٱلرَّسُولِ إِلَّا ٱلْبَلَٰغُ ٱلْمُبِينُ ﴿٥٤﴾ ﴾ النور: ٥٤

«Дуца абе, ва гьав МухIаммад авараг ﷺ, гьел мунафикъзабазде [ай, кIалалъ иман лъурал, ракIал бусурманлъичIеб агьлоялде], нуж ТIадегIанав Аллагьасе мутIигIлъе, гьабеян абураб гьабун, теян абураб тун. Ва гьединго нуж мутIигIлъе свалат-салам лъеяв Аварагасе, гъорлъ нифакъ гьечIеб, бацIцIадаб, битIараб, хIакъаб мутIигIлъиялъ [кIалалъ уянги абун, ракIалъ инкар гьабун горо]».

ХIасил, ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго свалат-салам лъеяв Аварагас манлъухъе, гьесда нахъги рилълъун, гьесие мутIигIлъун, Жиндир рахIмат-цIцIобалде хьулалда, фаризаял рукIаниги, суннатал рукIаниги, гIамалазда хьвадеян.

Гьаб рехсараб куцалда ТIадегIанав Аллагьасеги свалат-салам лъеяв Аварагасеги мутIигIлъиялдаса жал руссани, гьезда лъай, свалат-салам лъеяв Аварагасда тIад къараб, гьесда амро гьабураб жо буго рисалат тIобитIи [ай гьеб Исламияб дин ножохъе щвезе гьаби]. Ножода тIадаб буго Расулас ножохъе щвезе гьабураб рисалаталъул амроялъе жаваб гьаби, гьесда нахъ рилълъин.Нуж Свалат-салам лъеяв Аварагасе мутIигIлъани, гьес манлъараб гьабун, гьесда нахъги рилълъани, битIараб нухалда тIоритIарал-лъунги ТIадегIанав Аллагь разилъиялде ва ахираталъул рокъоб, алжаналдаги квершел батараллъун рукIина.

Расуласда тIадаб жо гьечIоян абулеб буго БетIергьанас гьанжиги, Жиндир рисалат мухIкан гьабун, баян гьабун, халкъалъухъе щвезе гьаби горони. Гьеб свалат-салам лъеяв Аварагас щвезе гьабуна, ай гьес Дир амро тIобайзе гьабуна. Гьанжи ножода тIадаб буго, гьеб ТIадегIанав Аллагьасул рисалаталъул амро тIобайзе гьаби. Расулас манлъухъе гьеб амро тIобайзе гьабуни – ножоего лъикI, гьабичIониги – ножоего квеш, ай бокьараб гьабе.

**تَنْبِيهٌ قال أبو عثمان رحمه الله : من أمّر السنة على نفسه قولا وفعلا نطق بالحكمة ، ومن أمّر الهوى على نفسه نطق بالبدعة لأن الله تعالى قال : ﴿وان تطيعوه تهتدوا﴾**

Щив чи вугониги Аварагасул ﷺ суннаталдалъун жиндир нафсалде амро гьабулевлъун, гьеб нафс гьелда куцун, ругьун гьабулевлъун, щибаб рагIулъги гьабулеб фишаялъулъги, гьев чи кIалъала хIикматалдалъун. Жиндир нафс дунялалъул гьаваялда нахъ билълъарав, гьелда гьеб ругьун гьабун, беччан тарав чи абуни, – кIалъала бид-гIаялдалъун. Щаян абуни, ТIадегIанав Аллагьас абулеб бугелъул: «Свалат-салам лъеяв Аварагасе мутIигIлъани,

нуж тIоритIила», – абун, Расуласул ﷺ суннаталда нафс куцарав чи Расуласе ﷺ мутIигIавлъунги кколелъул.

**يقال ثلاث آيات مقرونة بثلاث لا تقبل أحد منها بغير قرينها أولها قوله تعالى قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿وَأَقِيمُوا۟ ٱلصَّلَوٰةَ وَءَاتُوا۟ ٱلزَّكَوٰةَ﴾ فمن صلى ولم يؤد الزكاة لم يقبل منه الصلوة ، والثانية قوله تعالى ﴿أَطِيعُوا۟ ٱللَّهَ وَأَطِيعُوا۟ ٱلرَّسُولَ﴾ من أطاع الله ولم يطع الرسول لم يقبل منه ، والثالثة قوله تعالى ﴿أَنِ ٱشْكُرْ لِى وَلِوَٰلِدَيْكَ﴾ فمن شكر الله في نعمائه ولم يشكر الوالدين لا يقبل منه ذلك ، فإطاعة الرسول مفتاح باب القبول ويرشدك على أشرف الاطاعة . «روح البيان» جـ ٦**

***Абулеб буго: «Лъабго аят буго Къуръаналда, лъабгоялда жиб хурхараб, ай, цояб камуни, жинда хурхараб цояб ТIадегIанав Аллагьас къабул гьабулареб.***

☑ ***Гьезул тIоцобисеб***: «Ножоца фаризаял какал рай щибаб гIужда, боцIи-малалдаса закатги бахъе», – абураб. Ай, абулеб буго, боцIи-малалдаса фаризаяб закат бахъулеб гьечIони, гьев чиясул бараб какги ТIадегIанав Аллагьас къабул гьабуларилан, кIиябго цуцада хурхараб бугелъул.

☑ ***КIиабилеб аят:*** «Нуж мутIигIлъе ТIадегIанав Аллагьасе ва Аллагьасул Расуласеги, ай свалат-салам лъеяв Аварагасе». ТIадегIанав Аллагьасе мутIигIлъун, Аллагьасул Расуласе мутIигIлъичIогун щив чи вугониги, гьесул иман къабул гьабуларо, гьеб кIиябгоги цуцада хурхараб бугелъул.

☑ ***Лъабабилеб аят:*** «Диеги гьабе щукру, дурго эбел-инсуеги гьабе», – абураб. ТIадегIанав Аллагьасул нигIматалде щукру гьабун, эбел-инсуе гьабичIого щив чи вугониги, гьесул ТIадегIанав Аллагьасе гьабураб щу-

круги къабуллъулеб гьечIо. Хал гьабе, ТIадегIанав Аллагьас эбел-инсуе щукру гьаби Жиндие щукру гьабиялда хурхине гьабун бугеб куцалъул.

**قال حاتم الأصم رحمه الله : من ادعى ثلاثا بغير ثلاث فهوكاذب ، من ادعى حب الجنة من غير انفاق ماله فهو كاذب ، فمن ادعى محبة الله من غير ترك محارم الله فهو كاذب ، ومن ادعى محبة النبيّ ﷺ من غير محبة الفقراء فهو كاذب**

ХIатам аль-Асамм абурав чIахIиял вализабалъа цояс абулеб буго: «Лъабго жоги цадахъ гьечIого лъабго жо жиндие бокьулаян дагIба жинца барав чи гьересичи ккола, – абун.

☑ ТIоцовисев. Жиндие алжан бокьулин дагIба балев, ай абулев, чи вугони, жиндир боцIи-малалдасан садакъа-хайрат, ай лъикIаб рахъалде хIалтIизе гьабиги, гьечIев, гьебги ккурав чи. Гьев чиясул жиндие алжан бокьулин аби гьереси ккола, щаян абуни свалат-салам лъеяв Аварагас абун бугелъул: "Алжан буго сахаватал чагIазул рукъ", ва "Бахилав чи алжаналде лъугьунаро", – абун.

☑ КIиабилев. Щив чи вугониги жиндие Аллагь вокьулин дагIба балев, ТIадегIанав Аллагьас хIарам гьабурал жалаздасаги цIуничIого, амро-нагьюялда нахъги вилъ-лъинчIого, гьев чиясулги Аллагь вокьулин аби гьереси ккола. Щаян абуни, жиндие вокьулев ханас тIад къараб, гьабеян абураб жо абухъе гьабулелъул.

☑ Ва гьединго, щив чи вугониги свалат-салам лъеяв Авараг жиндие вокьулаян дагIба балевлъун, фукъ-араал рокьулевлъун живги гьечIого, Авараг ﷺ вокьулин аби гьесулги гьереси ккола. Щаян абуни, свалат-салам

лъеяв Аварагасе фукъараал рокьулаан, гьединлъидал, Авараг ﷺ вокьарасе рокьизе ккола фукъараалги».

## ТIАДЕГIАНАВ АЛЛАГЬАС АВАРАГАСЕГИ УММАТАЛЪЕГИ КЪОТIИ ГЬАБУРАЛ НИГIМАТАЛ ВА ТIОЦОРЕ ГЬЕЛ НИГIМАТАЗДЕ ГIАСИЛЪАРАЛ ГIАДАМАЛ

قَالَ تَعَالَى: ﴿ وَعَدَ ٱللَّهُ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ مِنكُمْ وَعَمِلُوا۟ ٱلصَّـٰلِحَـٰتِ لَيَسْتَخْلِفَنَّهُمْ فِى ٱلْأَرْضِ كَمَا ٱسْتَخْلَفَ ٱلَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ وَلَيُمَكِّنَنَّ لَهُمْ دِينَهُمُ ٱلَّذِى ٱرْتَضَىٰ لَهُمْ وَلَيُبَدِّلَنَّهُم مِّنۢ بَعْدِ خَوْفِهِمْ أَمْنًا ۚ يَعْبُدُونَنِى لَا يُشْرِكُونَ بِى شَيْـًٔا ۚ وَمَن كَفَرَ بَعْدَ ذَٰلِكَ فَأُو۟لَـٰٓئِكَ هُمُ ٱلْفَـٰسِقُونَ ﴿٥٥﴾ ﴾ النور: ٥٥

«ТIадегIанав Аллагьас свалат-салам лъеяв Аварагасе къотIи гьабуна, ва гьесул асхIабзабазеги, Исламияб дин тIадегIан гьабизе ва щула гьабизе, гIарабиязулниги гIажамиязулниги – капурзабазул ракьалда жал хулафааллъунги гьаризе, гьезул ракь-мулкалда жедер кверщел батизе гьабизеги, жинда цере рукIарал аварагзабазе ва гьезда нахъ рилълъаразе гьабураб гIадин». Давуд, Сулайман [عليهما السلام], куфаралги гьалаг гьарун, гьезул ракь-мулкалда хулафааллъун гьарурал гIадин. Ва гьединго фиргIавнги гьесул къавмги гьалаг гьарун, бану-исраилал гьезул ракьазе, мулкалъе ирсилаллъун гьарурал гIадинги.

Хадубги абулеб буго ТIадегIанав Аллагьас: «Дун разияб, Дица тIаса бищараб Исламияб динги гьабила Дица гьезие щулияб, чIараб, жиндир ахIкамал рилълъанхъизе гьари даимаблъун, [ай лъугIел гьечIеблъун]. Ва гьединго капурзабазул рахъалдасан бугеб хIинкъиги Дица жедее бадал гьабила, [ай сверизе гьабила, тIаса босила] жиндилъ

хIинкъи гьечIеб божиялде, рахIаталде, Дие гьабулеб гIибадаталъулъ щибго жо гIахьал гьабичIого [ай ширк гьабичIого], бацIцIадго гьабизе рес бугеб хIалалъ. Гьал рехсарал щинал нигIматал жедее кьезе къотIи гьабун хадуса гьел нигIматазде капурлъун щив вугониги, – ян абулеб буго ТIадегIанав Аллагьас, – гьел ккола фасикъзаби [ай, Аллагьасул нигIматазде гIасилъарал чагIи]».

Свалат-салам лъеяв Аварагас, жедеда Аллагь рази-лъаял асхIабзабигун цадахъ, жиндихъе вахIю рещтIун хадуса, Маккаялда бахъана анцIго сон. Куфаразул рахъалъан кигIан кIудиял къварилъаби рукIаниги, релъедаги къадги, даимго, хIинкъиялда гъоркь рукIаниги, свалат-салам лъеяв Аварагас гьел ахIулел рукIана сабро гьабиялде, ТIадегIанав Аллагьасул амро гьедин букIун. Гьелдаса хадуб, Расуласул ﷺ амроялдалъун, асхIабзаби ана гьижра гьабун Мадинаялде. Гьенибги гьезие букIинчIо щибго хIалхьи, рещтIараб рагъул аят, релъедаги къадги тIад бараб ярагъ бахъизе букIинчIо рес. ХIатта цояс абуна, хIинкъиги тIаса араб, черхалдаса ярагъ бахъизе ресги щвараб къого нелъее кидадай бачIинаян. Гьеб мехалда рещтIараб буго гьаб цебе рехсараб аятги.

ТIадегIанав Аллагьас гьезие гьарурал къотIабиги тIорайзе гьаруна, румазул улкабазда кверщелги батизе гьабуна. Гьедин Жиндирго къотIи тIадегIанав Аллагьас жедее тIобайзе гьабуниги, гьел Аллагьасул нигIматазде гIасилъараб къокъаги баккана. Тафсиралъул агьлоялъ бицухъе, тIоцоре гьел Аллагьасул нигIматазде гIасилъарал фасикъзабиги ккола, жинда Аллагь разилъаяв ГIусман асхIаб чIварал чагIи. Гьев ГIусман асхIаб чIван хадув, гьезда гьоркьоб божиги тIагIана, цуцалъ рагъизеги байбихьана, Исламалъ жал вацал гьарун рукIун хадуса.

Гьев ГIусман асхIаб чIвайзе гьесул рукъ сверун ккураб заманалда, гьесда тIаде вачIанин буго ГIабдуллагь бину Салам ﵁, Аварагасул ﷺ асхIаб, жугьутIазул кIудияв гIалим. Гьесде ГIусман асхIабас гьикъидал: «Мун щибизе вачIарав?» – абун, гьес абун буго: «Дуе комекалъе вачIана», – ян. ГIусман асхIабас ﵁: «Дур дие хайир гьанив вукIиналдаса къватIив вукIиналъулъ бугин, къватIивеги ун, гьел гIадамал риххизе гьаре», – ян абун буго ГIабдуллагьиде. Гьев, Аллагь разилъаяв ГIабдуллагь, къватIивеги ун, гьезие берцинаб насихIаталдалъун кIалъалаго, гьез ахIанин буго: «Гьав ягьудиявги чIвай, ГIусманги чIвай», – абун.

**وفي الحديث : ((إذا وضع السيف في اُمتي لا يرفع عنها إلى يوم القيامة))**

Свалат-салам лъеяв Аварагас абун букIана: ***«Дир умматалъул габуралда хвалчен лъуралдаса, къиямасеб къо чIезегIан, тIаса боссе гьечIо», – ян.***

Гьедин ккун буго, гьелда жаниб дагьаб батиларо ТIадегIанав Аллагьасул хIикмат ва умматалъе бугеб рохел.

Хадубги ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

﴿وَأَقِيمُوا۟ ٱلصَّلَوٰةَ وَءَاتُوا۟ ٱلزَّكَوٰةَ وَأَطِيعُوا۟ ٱلرَّسُولَ لَعَلَّكُمْ تُرْحَمُونَ﴾ النور: ٥٦

«Ножоца гIужда какалги рай, мустахIикъаб агьлоялъе ТIадегIанав Аллагьас фарз гьабураб закатги кье, нуж [свалат-салам лъеяв] Аварагасеги мутIигIлъе, гьес гьабеян абураб гьабун, теян абураб тун, ножодаго Аллагь гурхIизе». Цебеккунги рехсараб гьаб аят гьанибги рехсеялдасан бичIчIулеб буго, Расуласе ﷺ мутIигIлъиялъулги, как, закаталъулги бугеб кIудияб кIвар.

ТIадегIанав Аллагьас хадубги баян гьабулеб буго, Исламалде рачIине чIухIун чIарал гьел куфаразда, Жиндаса тIурун, рахчун, рорчIизе бакI гьечIолъи, ахир гьел руссунеб бакIги жужахI букIин.

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿لَا تَحْسَبَنَّ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ مُعْجِزِينَ فِي ٱلْأَرْضِۚ وَمَأْوَىٰهُمُ ٱلنَّارُۖ وَلَبِئْسَ ٱلْمَصِيرُ ٥٧﴾ النور: ٥٧

«Дуда ракIалде ккогейила, Авараг [ﷺ], гьел Маккаялъул кафурал, ракьалда тIад чIаго рукIаго, Дир гIазабалдаса тIурун, яги рахчун, рорчIилелилан. Гьезие рорчIизе бакI гьечIо. Ахираталдаги гьел руссунеб бакI жужахI буго. Гьел руссине ругеб жужахI – цIакъ квешаб, гIазабалъул рукъ буго». Гьел капурзаби дуняладаги гьаруна Аллагьас гьалаг, Бадроялда абужагьалил къокъаялда релълъон, ахираталдаги жужахI букIинарищха, Аллагьас къотIи гьабун бугелъул гьезие. Гьаб рехсараб аят живго абужагьалил ва гьесул атбагIазул хIакъалъулъ рещтIарабиланги буго.

**قال عليّ رضي الله عنه وكرم الله وجهه : أقل ما يلزمكم لله أن لا تستعينوا بنعمه على معاصيه**

ТIадегIанав Аллагь жинда разилъаяв ГIали асхIабас абун буго: «ТIадегIанав Аллагьасе ножода тIад бугеб бищун дагьаб къадар ккола Гьес кьурал нигIматаздалъун магIсияталъе комек гьабунгутIи», – ян. Масала, бикъахъамулезе, гIадамал чIвалезе, квана-гьекъолезе, саяхъго хьвадиялъе ва гьел горел цогидал квешалщинал пишабазе, БетIергьанас жиндие кьураб бищунго багьа тIадегIанаб жавгьар хIалтIизе гьабуни, – боцIи-мал, чорхол къуват, кIал-мацI, гьал киналго, магIсияталъе хIалтIизе гьарурав чи нахъа пацманлъизе вукIиналда щакалъи гьечIо. Амма

тавбоялъул гъапу рагьараб букIинги кIочонге. ТIадегIанав, хIал кIолев Аллагьас бацIцIадаб гIакълоги кьеги, сахIихIаб тавбоялъе тавфикъги кьеги.

**قال الحسن رحمه الله : إذا استوى يوماك فأنت ناقص قيل كيف ذاك قال إن الله زادك في يومك نعما فعليك أن تزداد فيه شكرا**

ТIадегIанав Аллагь гурхIаяв ХIасаница абун буго: «Дур араб къоги жакъа къоги кIиябго барщалъани, ай гьабулеб лъикIаб гIамалалъул рахъалъ, мун кколила накъисав ай, камуравлъун». Гьеб щай абун гьикъидалги абун буго гьес: «Щай горелъул, ТIадегIанав Аллагьас дуе кьураб гIумроялъул жакъа къо ва гьелъулъ ругел нигIматал, гьелъие гIоло дуца щукру гьабизе ккола ТIадегIанав Аллагьасе», – ян, ай щукру гьабизе тIадаб бугоян.

Хал гьабе, бусурбаби, нелъее кьураб гIумродул къоязул бугеб кIваралъул. Нелъеда лъазе ккола, сахаб къояли щиб горони, цо сагIат, минутги гIумроялъул гIадада кьураб гьечIолъи. БатIаяб мунагьго гьабичIониги, гьеб къо гъапаталда ийинги гIун буго мунагьлъун, гьелъул къимат лъалев чиясе. Воре, гьелъиеги тавбо бугеб, тохлъуге!

*Мунагь ккечIин, тавбо тейи, – тохлъиялъул гIаламатин,*
*Тохав чилъун мун вукIунге, рекIелъ иман щулалъаяв.*
*ЩайтIаналъги гьелдаса мун цIакъго гъапул гьавулевин,*
*Гъапуллъизе вукIинчIого, кIвараб бахъе тавбоялъе.*

## ЖЕДЕЦА ИСЛАМИБ ДИН БАЧЧАРАЛ ГІАЛИМЗАБАЗУЛ ВА ХУЛАФААЗУЛ ТАЙПАБИ

**فائدة . قال في «التأويلات النجمية» : يمكن كل صنف من الخلفاء أمانته التي ارتضى لهم من أنواع مراتب دينهم فإنهم أئمة اركان الإسلام ودعائم الملّة الناصحون لعباده الهادون من يسترشد في الله حفاظ الدين وهم أصناف : قوم هم حفاظ أخبار الرسول ﷺ وحفاظ القرآن وهم بمنزلة الخزنة ، وقوم هم علماء الأصول من الرادين على أهل العناد وأصحاب البدع بواضح الأدلة غير مخلطين الأصول بعلوم الفلاسفة وشبههم فإنها مهلكة عظيمة لا يسلم منها إلا العلماء الراسخون والأولياء القائمون بالحق وهم بطارقة الإسلام وشجعانه ، وقوم هم فقهاء الدين إليهم الرجوع في علوم الشريعة من العبادات وكيفية المعاملاة وهم في الدين بمنزلة الوكلاء والمتصرفين في الملك وآخرون هم أهل المعرفة وأصحاب الحقائق وأرباب السلوك الكاملون المكملون وهم خلفاء الله على التحقيق وأقطاب العالم وعمد السمآء وأوتاد الأرض بهم تقوم السماوات والأرض وهم في الدين كخواص الملك واعيان مجلس السلطان فالدين معمور بهؤلاء على اختلاف طبقاتهم إلى يوم القيامة . «روح البيان» صـ ١٧٣ ، جـ ٦**

ТІадегІанав Аллагьас, ракьалда, Жив разияв, Жинца тІаса бищараб аманат, ай Исламияб дин, жедеца баччарал, ай гьеб жедеда баччизе гьабурал хулафаал, гІалимзаби рукІуна батІа-батІаяб тайпа-навгІалъул ва батІа-батІаяб даражаялъул. Гьел киналго ккола Исламалъул арканал, Исламалъул хІубал, миллатазул насихІатчагІи, жедеца битІараб нухалде тІоритІел тІалаб гьабурал ТІадегІанав Аллагьасул лагъзал битІараб нухалде тІоритІулел, ай Исламияб диналъул хІуфазал, гьеб цІуни жедеда барал.

Гьездаса ккола свалат-салам лъеяв Аварагасдасан рачІарал харбал, хІадисал жедеца цІунарал хІадисалъул

имамзаби. Гьездасаго ккола ТIадегIанав Аллагьасул калам Къуръаналъул хIуфазал, гьеб ракIалда цIунарал, магIнаби ритIун ричIчIарал. Гьел релъльона ханасул хазина цIунарал хазиначагIазда. Гьел, Аллагь жедеда разилъаял, Къуръан-хIадис жедеда бичIчIарал тафсиралъул агьлоялъул жигаралдалъун горебани, жакъа нелъеда кодоб гьеб кIиялъулго хутIараб жого букIинароан.

Гьезул цойги тайпа руго *усул* гIилмоялъул гIалимзаби, бидгIачагIазде, мункириназде данде, баянал далаилаздалъун, хIужаби рачун, кIалъарал, дозул гIакъидаялдехун щибниги жедер жобайги гьечIел, шаргIиял гIулумазул аслоги жедеца бацIцIадго цIунарал. Гьел фаласафатазул ва цогидал бидгIиял усулаздехун жобай гьабийин абуни, цIакъго инсан гьалаглъиялда хIинкъараб ишлъун ккола, гIилмоялде гъорлъе ккарал, гьеб бичIчIарал *гIуламаун-расихун*ал, жал хIакъаб нухалда ругел ТIадегIанав Аллагьасул вализаби горони, жиндаса хвасарлъуларел. Гьелги ккола Исламалъул церехъаби, гьава-нафсалъулгун гьабулеб рагъда жедеца бергьенлъиги босарал бахIарзал.

Цойги тайпа ккола гьел Исламиял гIалимзабазул диниял фукъагьаал. Гьез тIобитIула, битIун ккезе гьабула Исламияб уммат, шаргIалда рекъон гIибадат-дин гьабиялъулъ, даран-базар, ай мугIамала, гьабиялъулъ ва цогидал умуразулъги. Гьелги релъльона ханас жиндирго рагIияталда жанир, лъикIаб-квешалъухъ ралагьизе, рагIият мекъса ккеялдаса цIунизе тIад къараб агьлоялда, ай ханасул вакилзабада.

Цойги тайпа буго гьезул – *агьлул-магIрифат*, *асхIабул-хIакъикъат* ва *арбабу-сулуки* жедеде абулел. Гьелги ккола тIарикъаталъул, сулукалъул, жалги камилал, жодоца агь-

лолъун ругел гIадамалги камил гьабулеб тIаифат[1]. Гьел ккола ТIадегIанав Аллагьасул хулафаал, ракьалда ругел, ва халкъалъул акътIабаллъунги. Исламияб диналъулъ гьел ккола, ай релълъона ханас халкъалда гъорлъан жиндаго хасс гьарурал хавасазда ва султIанасул мажлисалъул агIяназдаги, ай султIанасул мажлис жедеца цебе бачунел церехъабазда. Гьездалъун буго Исламияб дин данде бачараб, гIуцIцIарабго къиямасеб къо чIезегIан. Гьезул баракат, дугIа камун хутIугеги Исламияб уммат! Амин!

Диналъул вацал! РакIалде ккоге гьединал гIадамал ракьалда рукIунарилан. РукIунарин абулезда божизеги божуге, гьедин абулезда аскIореги къаге.

☑ Щибаб вилаяталда, щибаб къавмалъулъ рукIуна щибаб заманалда Исламияб диналъулъ жал цере ккарал, камилал, рацIцIадал, ТIадегIанав Аллагьас жал тIоритIарал, гIибадаталъулъ мухIканал, щулиял цо-цо хассал гIадамал, гьезде абула *акътIаб*алилан. Гьединав *къутIбу* вилаятазданиги шагьрабазданиги камураб заманги букIунареб.

☑ Гьединго вукIунев, дуниял паналъизегIан жив камизеги камуларев, *къутIбун-гъавс* абун жинде абулев чи. Гьев *къутIбун-гъав*с цо лахIзаталъ ТIадегIанав Аллагьасдаса гьапуллъани, дунялги паналъулеб. Гьесул равхIанияги букIунеб даимго Маккаялда.

☑ *Автад*ал абунги руго ункъго инсан, ТIадегIанав Аллагьас дунялалъул ункъабго букIуналда жал чIезе гьарурал, жедедалъун дунялалъул ункъабго рахъ цIунулел.

*[1] ТIаифат – къокъа.**

**البدلاء هم سبعة رجال يسافر أحدهم عن موضع ويترك جسدا على صورته فيه بحيث لا يعرف أنه فقد وذلك معنى البدل لا غيره وهم على قلب أبراهيم عليه السلام . متممات جامع الأصول .**

☑ *Будалаал* абунги руго, гьезул анкьгоял рукIунел руго [кIикъогоянги абула]. Гьезул цояв унев вуго сапаралъ, жиндир черхги бугелъуб тун, ай унеб буго гьесул равхIания. Гьедин гьев араврлъи гьалцоязда лъалебги гьечIо, асул черх гьаниб бугелъул.

☑ *Нужабаал* абунги руго ТIадегIанав Аллагьасул лагъзал. Гьелги кIикъого ругин абула. Гьезул хIалтIи-ишги буго халкъалъул умурал лъикI гьари, гьезие ругел захIмалъаби жедецаго, тIаде росун, раччи.

☑ *Нукъабаал* абунги руго ТIадегIанав Аллагьасул лагъзал, гьел лъабнусго ругин абула. Гьезул хIалтIи-ишги буго, халкъалъул батIиналде раккун, гьезул жанисел балъгоял хивалал-пикраби рекIелъа рахъиялде кIвар буссине гьаби.

ХIасил, ТIадегIанав Аллагьасул вализабазул къадар ва гьезул даражаби, макъамал, хасаисал лъаларо, Живго БетIергьанасда горони. Гьезул караматал рукIинги Къуръан-хIадисалъ бицараб хабар буго, гьелде инкарги гьабиларо ахIмакъас горони.

*Къуръаналъул ахIи буго, гIин тIаме,*
*ТIагьаясул дагIват бугин, нахъ рилълъа!*
*Рогьа-роцIцIун дунял бугин, квалкваде,*
*ЦIад-бакъ рекъон гьава бугин, хур бекье!*

*Ахир заман бачIун бугин, тохлъуге,*
*Тавбоялде хивал ккарав, кватIуге!*
*Хасел тIаде щвезе букIин кIочонге,*
*Щивав чияс жиндийго рукъ хIадуре!*

*Дунялалъул ханлъиялда божуге,*
*Хойзе вукIин ракIалдаса беччаге!*
*РухI бахъулеб сагIат цебе чIезабе,*
*ЧIаго даим хутIуларев лъан букIа!*

*ЛъикIаб агьло гьудуллъун ккой кидаго,*
*Квешаздаса цIунизеги цIакъ бахъе,*
*ЦIаялдегIан гьезда аскIовги къаге,*
*Къасаваталъ мехтараб къавм жибго те!*

*Алжан-жужахI букIиналда щаклъуге,*
*СиратI-мизан букIиналда ракIги чIа!*
*РекIелъ иман хIакълъунго дур батани*
*Къадирасул Каламалда мун божа!*

*Кавно жиндир нуралдасан бижарав,*
*БетIергьанас ХIабибилан цIар тарав,*
*Расулас жал рицун тарал хIадисал –*
*РитIухълъиялъ чIел босараб хIукму дуй.*

*Дунял-ухра берцинлъизе бокьарас*
*Босе гали Исламияб нухасан,*
*Халикъ жинда лъалев лагълъун ватани,*
*Тоге абе лагълъиялъул адабал!*

*Дурго жагьиллъиялдаса ракI бакъван,*
*Къадирасда цебе вукъуф гьабуни,*
*ГьебгIан дуе пайда-хайир цIикIкIараб*
*Даран-базар киданиги щвеларо.*

*Куфру-нифакъ рекІелъа къватІиб гъезе*
*Къуват дагьаб яргъидалъун кІолареб,*
*Ярагъалъул бищун къуват цІикІкІараб –*
*Къойил баче «Ла илагьа иллаллагь»!*

*Аллагь – магІбуд цІохІо вукІин бицунеб,*
*Цо абунги гІемер мунагь чурулеб,*
*ГІемер бачун кІалгин мацІ ругьун гьабе,*
*Гьелъ рекІелъе нух бахъулеб дагь-дагькkун!*

*Дару тІалаб гьабулев чи! ТІабиб ккой,*
*ТІабибасда унтабазул хІал лъалин,*
*ХІалбихьиго гьечІев тохтор вугони,*
*Гьесги дару мекъса кьолеб, кантІе мун!*

*Курсал лъугІун, гІелму щвечІев вугони,*
*Варачасул унтарасе пайда щиб?*
*Пайда гьечІев тохтургун дандчІвайзегІан,*
*Дуцаго дуй дару гьаби – гьеб гъулай.*

*Гьанжи гІадаб, ялгъанчагІи гьарзаяб*
*Заманаго букІанадай, лъаларо,*
*БитІараб нух тІарикъалъулъ манлъулев*
*ТІагьал варис валагьизе захІматаб?*

*ХІасан афандиясул таснифаца*
*Таждид гьабун гореб ани, тІарикъат,*
*ТІутІу-сусун бараб партал кинниги,*
*Инкар чагІаз гьабилаан лъугІизе.*

*Амма асло хисичІого хутІараб*
*ТІагьаясда рохьен жиндир бухьараб*
*БацІцІадаб гьаб Накъшубандил тІарикъат*
*АкътІабазул баракаталъ цІунана.*

## ТІАДЕГІАНАВ АЛЛАГЬАСДА АСКІОБ МУНАФИКЪАЗУЛ КЪАБИХІЛЪИ РЕХСОЛЕЛ АЯТАЗУЛ БАЯН

Гьанжи хал гьабе, хирияв вацал, ТІадегІанав Аллагьасда аскІор мунафикъзабазул къабихІлъи бихьизе. Гьезул хІакъалъулъ рещтІарал аятазул гьале цояб:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿إِنَّ ٱلْمُنَٰفِقِينَ يُخَٰدِعُونَ ٱللَّهَ وَهُوَ خَٰدِعُهُمْ وَإِذَا قَامُوٓاْ إِلَى ٱلصَّلَوٰةِ قَامُواْ كُسَالَىٰ يُرَآءُونَ ٱلنَّاسَ وَلَا يَذْكُرُونَ ٱللَّهَ إِلَّا قَلِيلًا ﴿١٤٢﴾ مُّذَبْذَبِينَ بَيْنَ ذَٰلِكَ لَآ إِلَىٰ هَٰٓؤُلَآءِ وَلَآ إِلَىٰ هَٰٓؤُلَآءِ ۚ وَمَن يُضْلِلِ ٱللَّهُ فَلَن تَجِدَ لَهُۥ سَبِيلًا ﴿١٤٣﴾﴾

النساء: ١٤٢ - ١٤٣

«ХІакълъунго, гьел мунафикъзаби рукІуна жодоца ТІадегІанав Аллагь гуккулевлъун [ялъуни гьез гуккула свалат-салам лъеяв Аварагъ, жедер биги боцІи-малги цІунизе гІоло, балъго рекІелъ куфруги бахчун, загьиралда иман лъуралллъун муъминзабазда гъорлъги хьвадун], хІакъикъаталда, ТІадегІанав Аллагь вугев хІалалъ Жинца гьел мунафикъзаби гуккулевлъун». Кинин абуни, дунялалда гьезие бокьухъе жедер би, боцІи-мал цІунаралллъунги тун, ахираталда бищунго гІазаб гучаб жужахІалъул тІино жедее руссунеб бакІлъунги къачІан. Гьелде тІадеги, дунялалда жал чІаго ругелгІан заманаялъ къватІир чІвазе гьари, гьелдалъун жал басралъи, ТІадегІанав Аллагьасул рахъалдасан ццин бахъин щвеялъул хІинкъиялда гъоркь рукІингун цадахъ.

Къиямасеб къоялъ гьел мунафикъзабазеги кьолеб буго нур, муъминзабазе гІадин, ай гьел махсароде ккун. Амма бищун къварагІараб мехалъ сиратІалъул кьоялде щведал, гьеб нурги ссун, чараги хун хутІулел руго, беццал чагІи гІадин.

«Как байзе рахъунеб мехалъги гьел мунафикъзаби цIакъ кIвахIалго рахъуна, – ян абулеб буго ТIадегIанав Аллагьас. – Как баялдасан гьезул мурадги букIуна гIицIцIго цадахъ ругел муъминзабада жал как балелллъун рихьизе гьари ва аскIор гьечIезда рагIиги. Живги гьел мунафикъзабаз рехсоларо, – ян абулеб ТIадегIанав Аллагьас, – цIакъго дагь горони» [гьаниб Аллагь рехсеялдасан мурад буго тасбихI, тагьлил, ай зикро «Ла илагьа иллаллагь», гьелдасан мурад как бай бугилан абунги буго].

ХIасил, мунафикъзабаз  зикро бачунаро, ялъуни какал раларо гIадамазда бихьулеб, рагIулеб бакIалда горони, щаян абуни, гьел гьеб как ТIадегIанав Аллагьас лагъзадерида тIад лъураб фарз букIиналда ва, гьеб байчIони, жедее гьелдалъун гIазаб-гIакъоба букIиналда божуларелъул. Нелъеца хал гьабе, хириял муъминзаби, мунафикъзабазул гьел хасиятал нелъелъгоги загьирлъула сафаралда, сардал-къоял цадахъ рахъизе ккарал бакIаздаги. ТасбихIтагьлил гьездасан рагIизего рагIуларо, дунялалъул боцIималалда хурхарал харбал горони. Каказулги гьез гьабула сура-хъурат рес къотIиялъ, гIицIго нелъеда аскIор как баларел чагIилъун рукIунгутIизе гIоло. Гьадинаб агьлоялде аскIоре къаялдаса, гьезулгун жобай гьабиялдаса, хIал кIванагIан, цIунизе муъминчиясе лъикIаб буго.

«Гьел мунафикъзаби рукIуна, – янги абулеб буго ТIадегIанав Аллагьас, – купруялдаги иманалдаги гьоркьор щакдарулелллъун. ТIадегIанав Аллагьасде ва свалат-салам лъеяв Аварагасде иманги лъун, бусурбабилъунги горел, рекIелъ бугеб нифакъги къватIибе загьир гьабун, капурзабазда цадахъги горел хIалалда». Хадубги абулеб буго ТIадегIанав Аллагьас: «Жиндир истигIдад, ай иманал-

дехун, гьидаяталдехун[1] хивалалъул гьетIи, гьеб тIалаб гьаби гьечIолъиялдалъун, Дица тIовитIичIев, мекъса ккарав чиясда битIараб, хIакъаб нух батуларо», – ян.

Цебеги рехсон ана, масала, жеде-жедер мурадал тIалаб гьарун, ханасухъе рачIаразда цадахъ жиндихъеги рачIун, жедер мурадлъун бугеб жоги жиндасан тIалаб гьабичIого, гьаричIого, нахъе унел ругони, ханасе гьел гIадамал щибизе къваригIарал? ГъодагIанго гъозул анищ гьечIеб жо босун, хан гъозда хадувищ инев?

Гьелдаго релълъон, Жиндасан гьидаят тIалаб гьабурав лагъ ТIадегIанав Аллагьас тIовитIула. ТIадегIанав Аллагьас, бецIлъиялда жанир халкъалъул заррабиги рижун, гьезде тIаде беччайдал [масала, хъухъачун балеб цIад гIадин] Жиндир нур, ай гьидаяталъулаб нур, гьеб нур бихьана ва гьелъул асар тIаде щвана муъминзабазде. Мунафикъзабаздайин абуни, гьеб нур ричIадегIанисанго, у-да, ялъуни города – ян ккараб хIалалда бихьана, гьелъул асар гьезде тIаде щвечIо. Капурзабаздайин абуни гьеб нур бихьизего бихьичIо.

Азалалдаго жедер заррабазда, ялъуни арвахIазда илагьияб нурги бихьарал, гьеб нур жедеде тIадеги щварал муъминзабаз Исламги къабул гьабуна, ТIадегIанав Аллагьасул ва свалат-салам лъеяв Аварагасул амронагьюги тIобитIана, битIараб нухги жедеда бихьана.

Доб нуралда жедер зарабазул берго чIвайчIел капурзабаз Ислам къабулго гьабичIо. РичIадегIанисанго доб илагьияб нуралде бер щун горони, долъул асар жедер

*[1] Гьидаят – битIараб нухалде тIовитIи.**

зуррабазде щвечІел, щвечІониги жедер заррабаз гьелъул кІварги гьабичІел мунафикъзабийин абуни гьоркьор хутІана, цебе рехсохъе, капурзабийин абун дозда гъорлъги горел, муъминзабиян абун гьазда гъорлъги горел. КІвахІалго, захІматго ругониги, как байзе рахъин, гъапулаб ракІалдалъун, дагьабго бугониги, зикро бачинги гьел мунафикъзабазул, доб азалалдаго жедер заррабазде тІаде щвечІеб, ричІадасанго халлъараб илагьияб нуралъул асаралдалъун буго. Амма ричІадасанго халлъиялдалъун доб нуралъ азалалда гІей гьабичІеб гІадин, дунялалдаги гьезие рихьдае, ххвалие гьабураб гІамалалъ гІей гьабичІо, гІадада хвараблъун лъугьана. ТІадегІанав Аллагьас цІунаги мунафикъзабазул гІамалал гьаризе тІамиялдаса.

## КАПУРЗАБАЗЕ ГЬАБУЛЕЛДАСА ЦІИКІКІАРАБ ГІАЗАБ МУНАФИКЪЗАБАЗЕ БУКІИНАЛЪЕ ХІИКМАТ

**فائدة : فإن قلت : لم كان المنافق أشد عذابا من الكافر ؟ قلت : لأنه مثله في الكفر وضم إلى كفره الاستهزاء بالدين والخداع للمسلمين ، فالمنافقون أخبث الكفرة . «خازن»**

Капурзабазе гьабулелдасаги гучаб щай гьабулеб ахираталда мунафикъзабазе гІазабилан абуни, щай горелъул, гьел мунафикъзаби куфруялъул рахъалъ кафурзабазда релълъонги ругелъул, гьелдеги тІаде, Исламияб дин жедеца балъаргъула букІиналъе гІологи ва гьединго бусурбаби гуккулеллъун жал рукІиналъе гІологи, нижги нужгогІадал бусурбаби ругоян абун, гІицІго жедер биги боцІи-малги цІуниялъе гІоло. Гьединлъидал мунафикъзаби киналго капурзабаздаса [насраниял рукІаниги, мажусиял рукІаниги, цогидал рукІаниги] хъубаллъун рикІкІуна, гьезие гІазабги бищун гучаб букІуна. Гьедин бу-

кIиналъе нугIлъиги жибго Къуръаналъ гьабула буго, нелъеца гьечIо. Аллагьас цIунаги гьазул гIамалалдаса.

**عن ابن عمر رضي الله عنهما عن النبيّ صلى الله عليه وسلم قال : ((مثل المنافق كمثل شاة العائر بين الغنمين تعير إلى هذه مرة وإلى هذه مرة))**

Свалат-салам лъеяв Аварагас мунафикъ релълъене гьавуна кIиго гIиял рехъеналда гьоркьоб хутIараб чахъуялда, цин добехун бекерун, цин гьанибехун бекерун, кибехун инебали лъаларгого, гьоркьоб хутIараб.

**وكان صلى الله عليه وسلم يضرب مثلا للمؤمنين والمنافقين والكافرين كمثل رهط ثلاثة وقعوا إلى نهر فقطعه المؤمن ووقف الكافر ونزل فيه المنافق حتى إذا توسط عجز فناداه الكافر هلم إليّ لا تغرق وناداه المؤمن هلم إليّ لتخلص فما زال المنافق يتردد بينهما إذ أتى عليه الماء فغرقه فكان المنافق لم يزل في شك حتى يأتيه الموت «روح البيان».**

Свалат-салам лъеяв Аварагас муъминчиясулги, мунафикъасулги, капурчиясулги хIакъалъулъ бачана гьадинаб мисалги: гьел релълъене гьаруна гIурул рагIалда чIарав лъабго чиясда. Цояв, гIорги бахун, доб рахъалде вахарав, гьаб буго муъминчиясул мисал. КIиабилев, гIурулъего лъугьинчIого, рагIалда чIарав, гьасул мисал буго капурчиясул. Лъабабилев, гIурулъеги лъугьун, бакьулъе щведал, жив гIажизлъун хутIарав. Цинги, гIурулъего лъугьинчIого, рагIалда чIарас жиндеги ахIарав, хехго тIад вуссун, дихъе вачIа, мунго гъанкъичIого вукIине – ян. ГIурул доб рахъалдехун вахарасги ахIарав, хехго дихъе вачIа, мунго хвасарлъизе – ян. КIиясулго кинасе жаваб гьабилеб, кинаб рахъалдехун иневяли лъаларого хутIун, цинги жив гъанкъарав – гьасул мисал буго мунафикъасул. Гьаб рехсараб мисалалда вукIуна мунафикъ Исламалдаги

куфруялдаги гьоркьов гIумроялъго, ай хвезегIан. ТIаде-гIанав Аллагьас цIунаги, гьединаб нифакъалда гIумроги ун, къосун хоялдаса!

## МУЪМИНЧИ ЩАЙТIАНАЛДАСА ЦIУНУЛЕЛ ЩУЛАЛЪАБИ

**يقال حصون المؤمن ثلاثة المسجد وذكر الله وتلاوة القرآن والمؤمن إذا كان في واحد من ذلك أي من الأشياء الثلاثة فهو في حصن من الشيطان .**

Муъминчиясул буго лъабго бакI, ай щулалъи, хъала, жив щайтIаналдаса цIунулев. Масжид, Аллагь рехсей, ай зикроялда вукIин ва Къуръан цIали. Гьаб лъабалъулго цо-нигиялъулъ вугевгIан заманаялъ, гьев чи щайтIаналдаса цIунаравлъун вукIуна. Амма шартI камураб жо букIу-нарелъул, гьебги кIочене бегьуларо. Масжидалъув гIо-довги чIун, цо чи вукIине бегьула, годекIанив гIадин ду-нялалъул харбида, гъибат-бугьтаналда, ялъуни Къуръан цIали, зикро бачин букIине бегьула дов мунафикъасу-лалда релълъараб. Гьаб хIалалда вугевгIан заманаялъ, щайтIаналдаса цIунаравлъунни кисса гьев вукIунев, щайтIаналъул кверщаликь вукIуна. ТIадегIанав Аллагь жинда разилъаяв ГIали асхIабас абулеб буго:

**يأتي على الناس زمان لا يبقى من الإسلام إلا اسمه ومن القرآن إلا رسمه يعمرون مساجدهم وهي خراب من ذكر الله شر أهل ذلك الزمان علماؤهم منهم تخرج الفتنة وإليهم تعود . «روح البيان» جـ ٢ صـ ٣٠٨**

«Цо заман бачIине буго гIадамазде тIаде, Исламалъул цIар тун, батIияб жо нахъе хутIичIеб. Къуръан цIали-ялъулги сурат гореб хутIичIеб. Гьеб заманалда къа-чIала, гIуцIцIила масжидал. Зикро, Аллагь рехсеялъул рахъалъин абуни масжидал рукIина хараблъаралльун. Гьеб заманалда халкъалъул квешалги гIалимзаби ру-

кIина. Гьездасан багъарила фитнаги ва гьеб фитна жедедегоги буссина».

*Жакъа дунялалда дин Исламалъул*
*Исму[1] гореб гьечIин кин абилареб?*
*Агьалиялда гъорлъ гIалимзабиги*
*Рихьула ругелъул, бицун пайда щиб.*

*Цинги масжидазул гIуцIи абуни,*
*ГIалица абухъе ﵁ рихьулел гьечIищ?*
*Гьединго хирияб Каламун-къадим –*
*Къуръаналъул гIадло лъий бокьун бугеб?*

*БитIараб нух ккурал гIалимзабиги*
*ГIибадат бацIцIадал муъминзабиги,*
*БидгIа-гIадатазул дуниял цIедал,*
*КъанцIилъ хIурпул гIадин кин рукIинарел?*

*РекIелъ иман гьечIел мунафикъзабаз*
*Дин чурук гьабидал, чара хвеларищ?*
*ШаригIат рихарал фасикъзабазул*
*Фискъо гIемерлъидал, гIалам лъикIлъилищ?*

*ГIадло диваналда къоно тIамидал,*
*ТIасан рорчIиларищ намус-яхI гьечIел?*
*Гьавагин нафсалъ жал квегъун хадуса,*
*Квеш гIолилал хьвади – тамаша горо.*

*Тавбоялъул гъапу рагьун букIаго,*
*РачIа гIолохъаби, гьенир кIанцIизин!*
*Гьидаяталъул нур кодоб букIаго,*
*Босе, гьудулзаби, гьелдасан пайда!!!*

*[1] Исму – цIар.**

*Гьаб дунялалъул рукъ дагьаб жо бугин,*
*Динул-Исламалде, воре, мугъ кьоге!*
*Метер гьабизеян тавбго нахъ бахъи,*
*Таллагь, гIакъиласул пиша гьеб горо.*

*Шагьи-капекалъулъ паналъарав чи!*
*Чанги мунгIадасги гьеб бакIарараб.*
*БукIани щиб, тIолго гьебги нахъе тун,*
*Нахъвуссинго гьечIеб сафарарлъ арав.*

*Аллагьас тIад лъураб къол щуябго как*
*Кин толеб мугьмалго муъминав лагъас?*
*Расуласул суннат нахъеги рехун,*
*Нахъе щиб хутIулеб дур иманалъул?*

*Иман, Исламалъул къимат лъалареб*
*Къавмалдасан дуе пайда щвеларо;*
*Къавлоги фигIлоги*[1] *данде кколарев*
*Диналъул базарган ричIадегIан те!*

*ЧIагIдал цIувухъе рагI дур батичIони,*
*Дир вагIза-насихIат дуй гьоцIо буго.*
*ЦIал сахаб чуялъе кIутIун гIолелъул,*
*ГIакъилав ватани, талихI дуего!*

## МУНАФИКЪЗАБИ КАКУН ВА ГЬЕЛ КЪВАТIИРЧIВАЗАРУН РЕЩТIАРАБ АЯТ

Хадубги хал гьабе, ТIадегIанав Аллагьас мунафикъзаби какула ругел ва гьел къватIир чIвайзе гьарула ругел куцалъул:

*[1] Ай, бицунебги гьабулебги.**

قَالَ تَعَالَى: ﴿إِذَا جَآءَكَ ٱلۡمُنَٰفِقُونَ قَالُواْ نَشۡهَدُ إِنَّكَ لَرَسُولُ ٱللَّهِۗ وَٱللَّهُ يَعۡلَمُ إِنَّكَ
لَرَسُولُهُۥ وَٱللَّهُ يَشۡهَدُ إِنَّ ٱلۡمُنَٰفِقِينَ لَكَٰذِبُونَ ١ ٱتَّخَذُوٓاْ أَيۡمَٰنَهُمۡ جُنَّةٗ
فَصَدُّواْ عَن سَبِيلِ ٱللَّهِۚ إِنَّهُمۡ سَآءَ مَا كَانُواْ يَعۡمَلُونَ ٢ ذَٰلِكَ بِأَنَّهُمۡ ءَامَنُواْ
ثُمَّ كَفَرُواْ فَطُبِعَ عَلَىٰ قُلُوبِهِمۡ فَهُمۡ لَا يَفۡقَهُونَ ٣ ۞ وَإِذَا رَأَيۡتَهُمۡ تُعۡجِبُكَ
أَجۡسَامُهُمۡۖ وَإِن يَقُولُواْ تَسۡمَعۡ لِقَوۡلِهِمۡۖ كَأَنَّهُمۡ خُشُبٞ مُّسَنَّدَةٞۖ يَحۡسَبُونَ كُلَّ صَيۡحَةٍ
عَلَيۡهِمۡۚ هُمُ ٱلۡعَدُوُّ فَٱحۡذَرۡهُمۡۚ قَٰتَلَهُمُ ٱللَّهُۖ أَنَّىٰ يُؤۡفَكُونَ ٤﴾ المنافقون: ١ - ٤

«Духъе рачIарал мехалъ, ва гъав МухIаммад авараг, мунафикъзаби,гъез дуде абуна ниж гъедула, ай нежеца нугIлъи гъабула, хIакълъунго, мун [ТIадегIанав] Аллагъасул авараг вуго абун. [ТIадегIанав] Аллагъасда лъала мун Жиндир авараг вукIин, мунафикъзабаз абуниги, абичIониги. Ва гъединго [ТIадегIанав] Аллагъасда лъала гъел мунафикъзабаз кIалалъ гъабулеб ногIлъи – гъереси букIин. Гъез дуда цере, гъедин гъересигун гъеди ккун буго, Авараг, жедер куфру бахчизе, би ва боцIи-мал цIуниялъеги пардавлъун. Гъез гIадамалги нахъчIвала иманалде рачIиналдаса, Расуласде [ай, дуде] иман лъеялдасаги ва жигъадалде рахъиналдасаги [ай, Исламалде рачIине бокьарал гIадамазе, гъев Авараг гороян, балъго харбал рицун]. Аллагъасе гIоло садакъа кьезе бокьарал гъелдаса нахъ чIваялдалъунги. Куфру тIаса бищун, [ТIадегIанав] Аллагъасул нухаре, ай Исламалде, рачIине бокьарал нахъчIвайзеги хIалтIун, гъез гъабулеб гIамал-пишаялъул къабихIлъи! Гъел мунафикъзабазул, Исламалде рачIиналдаса гIадамал нахъчIвай, макро, хиянат гъаби-гIадаб квешаб, къабихIаб хьвади буго, жал рукIиналъе гIоло, муъминзабаде аскIоре ккедал, иман лъураллъун гаргадулел, гъездаса ратIалъун, капурзабаде аскIоре ккедал, купру загъир гъабулеллъун. Цинги гъезул

ракІазулъ куфру щулалъана, кидаго иман жанибе лъугьинареб хІалалъ, ахираталда гьезие гІазаб-гІакъобаялъе. Гьезда бичІчІуларо иман щибжояли ва лъаларо гьелъул хІакъикъат, муъминзабада лъалеб гІадин».

ТІадегІанав Аллагь хадубги абулеб буго: «Дуда гьел мунафикъзаби [ай, ГІабдуллагь бину Убаю ва гьесул гьалмагълъи] рихьарал мехалъ, Авараг, мун гьезул чІахІиял, сахал чурхдуз ва фасахІатаб каламалъ гІажаиблъизе гьавула. Мун нежеда [ТІадегІанав] Аллагьасул авараг вукІин лъала, абун гьел кІалъалел мехалъ мун гьезухъги гІенеккула, ай гьез бицунеб хабар дуда битІараб, хІакъабилан ккола, жалги гьересиял рукІун ругеб хІалалъ. Гьел мунафикъзаби релълъона, къедалда райзеги гьарун, рахъун чІарал чІалабазда».

ГІабдуллагь бину Убаю [ай, Мадинаялъул мунафикъзабазул бетІер] вачІунаан, цадахъ гьалмагъзабигун Расуласул ﷺ мажлисалде ва гІодор чІолаан, къедалда мугъалги цуйзе гьарун. Гьединлъидал гьел релълъене гьаруна ТІадегІанав Аллагьас, рехсараб куцалъ, рахъун чІун ругел, жанисаги турарал, тІасан рихьизеги берцинал, цІвакарал, щибниги жоялъе пайдаги жеДедасан гьечІел чІалабазда.

ТІадегІанав Аллагьас хадубги абулеб буго: «Жедер рекІелъ бугеб куфру-нифакъ загьир гьабун, муъминзабазе жедер би, боцІи-мал хІалал гьабун тІасан аят рещтІине горилан, даимго рекІелъ хІинкъи букІиналъе гІоло, гьел мунафикъзабада ккола, Авараг, киссан ахІула рагІаниги, кинабго гьаракь жедее заралалъе ахІулеб бугебилан. Дуеги муъминзабазеги гьел мунафикъзаби тущбаби руго, Авараг, мун гьездаса цІуне, гьезда божуге, гьез ножор балъголъаби капурзабазухъе щвезе гьарула».

## КВЕШАБ АГЬЛОЯЛЪЕ КВЕШАБ ДУГIА ГЬАБИ

Хадубги, ТIадегIанав Аллагьас Жинцаго гьел мунафикъзабазе гьабуна квешаб дугIа, «Аллагьас жал чIваял, гьалаг гьареял», – абун. Гьелъул магIна, Аллагьас жал рахIматалдаса рачахъи ва гьалаг гьари жедеда тIад чIарал абураб буго.

**ويجوز أن يكون تعليما للمؤمنين بأن يدعوا عليهم بذلك ففيه دلالة على أن للدعاء على أهل الفساد محلا يحسن فيه فقاتل الله المبتعين الضالين المضلين فإنهم شر الخصماء وأضر الأعداء . «روح البيان» جـ ٩ ، صـ ٥٣٤**

Ва гьединго букIине бегьула гьадаб аяталдасан мурад, мунафикъзабазе гьадаб дугIа гьабеян муъминзабазда лъайзе гьаби. Цинги гьадаб аяталъ тIоритIел гьабула, мунафикъзабазего гIадин, фасалъиялда хьвадулеб квешаб агьлоялъе квешаб дугIа гьабизе бегьиялде. Гьединлъидал нилъецаги гьабизин гьеб квешаб агьлоялъе гьезие рекъараб дугIа: «ТIадегIанав Аллагьас гьалаг гьабеги битIараб, хIакъаб нухалдаса жал къосун ккарал, жедеца халкъги къосине гьабулеб квешаб къавм!»

Хадубги абулеб буго ТIадегIанав Аллагьас [гIажаиблъи гьабиялъул магIнаялда]: «Кин гьел мунафикъзаби руссунел хIакъаб, битIараб нухги тун, мекъаб, бецIаб нухаре [ай Исламияб нухги тун купруялде], жедее чIун хадуса кьучIал, мухIканал далаилал?» Ай, кин гьез гьез гьереси гьабулеб свалат-салам лъеяв Аварагасул нубуват ва Исламияб дин, ТIадегIанав Аллагьасул къуд-ратги Расуласул ﷺ мугIжизатал-караматалги жедеда рихьун хадусаги? Сагьлу абурав гIарифуназул цоясги абуна мунафикъзабазул хIакъалъулъ:

**قال سهل رحمه الله : أقروا بلسانهم ولم يعترفوا بقلوبهم فلذلك سماهم الله منافقين ومن اعترف بقلبه وأقرّ بلسانه ولم يعمل بأركانه ما فرض الله من غير عذر ولا جهل كان كأبليس .**

«Гьел мунафикъзабаз кIалалъ кIиябго шагьадат битIула, ай гьелдалъун кIалъала, ракIалъ тасдикъ гьабуларо, ай мукIурлъуларо, гьединлъидал абуна гьезде ТIадегIанав Аллагьас мунафикъзабийиланги. Щив чи вугониги, Ислам ракIалъ тасдикъ гьабун, кIалги мукIурлъун, Исламалъул арканалги жинца тIорайзе гьаричIого, жив лъалевлъунги вукIун, гIузруги гьечIого – гьев чи иблисалда релълъон вуго». ХIузайфат абулев асхIабасде гьикъидал мунафикъасул хIакъалъулъ, гьес абуна:

**سئل حذيفة رضي الله عنه من المنافق فقال : الذي يصف بالإسلام ولا يعمل به هم اليوم شرّ منهم لأنهم كانوا يومئذ يكتمونه وهم اليوم يظهرونه .**

«Гьел руго жал Исламалъул сураталда ругел, гьелда гIамал гьабуларел гIадамал», – илан. «Гьелги – йин абуна ХIузайфатица ﵁, – свалат-салам лъеяв Авараг чIаго вугев заманалда рукIараздаса жакъа ругел квешал руго, щаян абуни, доз куфру бахчулаан, гьанжи ругелин абуни, загьир гьабун хьвадулел руго», – ян. Ай, куфру загьир гьабизе гьазие рес щун, жедерго нафсазда, боцIи-малалда букIараб хIинкъи тIаса ун.

ХIасанул-Басриясде гьикъидал, гьанжи мунафикъзаби ругищилан, гьес абун буго: «Мунафикъзабада рачIал рижунелани, нелъее ракьалда хIетIе чIезе бакI щвелароан», – илан, ай гъозул рачIазда тIад горони. Жакъа, нелъер заманалда гьезул бицинего ккелищ, бокьарас бахчун, бокьичIес загьир гьабун, цIакъго эркенго ругел. ТIадегIанав Аллагьас, Жиндирго рахIмат-цIцIобалдалъун цIунаги,

муъминзаби нилъ, гьаб дуниялги ахиратги хвараб, нилъго нелъецаго гуккараб гIумроялдаса.

ХIасил, рехсарал аятаздасан нелъеда бичIчIулеб буго, кIалалъ Иман-Исламалъулги бицун уян рукIаниги, мунафикъзабазе дунялалъул боцIи-мал, кIодолъи-ханлъи горони, хIакъикъаталда, Ислам гьезие къварагIунареб букIин. Гьеб нелъеда беразда бихьулебги буго. ВагIза-насихIатги гьез тIадеги фасахIатго гьабула, гьеб гIенеккаразда уянги ккола. Хал гьабе, ГIабдуллагь бину Убаюл [мунафикъзабазул бетIер] ва гьесул гьалмагъзабазул бицунеб хабаралъул фасихIлъиялъ, свалат-салам лъеяв Авараг ва асхIабзаби гIажаиблъизе гьарулел рукIарал!

**وفي «التأويلات القاشانية» : المنافقون هم المذبذبون الذين يجر بهم الاستعداد الأصليّ إلى نور الإيمان والاستعداد العارض الذي حدث برسوخ الهيأت الطبيعية والعادات الرديئة إلى الكفر وإنما هم كاذبون في شهادة الرسالة لأن حقيقة معنى الرسالة لا يعلمها إلا الله والراسخون في العلم الذين يعرفون الله ....الخ . «روح البيان» جـ ٩ صـ ٥٣١**

Цойги бицунеб буго мунафикъзабазул хIакъалъулъ гьадин. Гьел руго жедер аслияб истигIдадалъ, ай Ислам къабул гьабизе букIараб аслияб хIадурлъиялъ, къачIаялъ, жал иманияб нуралдехун цIалел; тIаде бачIараб, нафсаниял, дунявиял квешал, нахъегIанал, къосарал пишаби-гIамалал къабул гьариялдехун бижараб истигIдадалъ купруялдехун цIалел. Гьедин, кирехун инел лъаларго, гьоркьор хутIарал гIадамал. Гьез свалат-салам лъеяв Аварагасул рисалат гьереси гьабурабго, хIакъикъаталда, рисалаталъул магIна – ТIадегIанав Аллагьасда ва Аллагьас жедее тавфикъ кьурал гIилмоялъул бичIчIи щварал [ай, расихунал], Аллагьги жедеда лъарал

ва Аллагь лъаялдалъун Аллагьасул Аварагги ﷺ жедеда лъарал гIалимзабада горони, – лъалареб букIиналъе гIоло буго. Цевеккун Аллагь лъан горони, Аллагьасул Расул ﷺ лъайзе рес букIунаро. Гьев Авараг ﷺ лъаялъул къадарги Аллагь лъаялъул къадаралда букIуна. Гьединлъидал свалат-салам лъеяв Авараг лъаларо хIакъикъияб лъаялъ расмияб гIилмоги нахъе рехун, гьелдасаги вацIцIалъун [ай, ананият, – «дун, дица» абиги тун], хIакъикъияб лъаялъ ТIадегIанав Аллагь лъалевлъун жив лъугьарав гIалимасда горони. Гьединал гIалимзабадайин абулебги «*ГIуламаул ахират*»-илан. ТIадегIанав Аллагьасдаги жедедаги гьоркьоб нафсаниял зулматаз, ай бецIлъабаз, пардав лъугьарал мунафикъзабада свалат-салам лъеяв Аварагасул хIакъикъат-кIодолъи кин лъалеб?!

**قال الشيخ أبو العباس قدس سره معرفة : الوليّ أصعب من معرفة الله فإن الله معروف بكماله وجماله حتى ومتى يعرف مخلوقا مثله يأكل كما يأكل ويشرب كما يشرب**

Абуль-ГIаббас аль-Мурси абурав тIарикъаталъул кIудияв щайихас абулеб буго: «Аллагьасул вали лъайзе захIматаб буго, ТIадегIанав Аллагь Живго лъаялдасан. Щаян абуни, ТIадегIанав Аллагь лъала Жиндир камалатаздалъун, сифатаздалъун. Живго гIадин кваналев, живго гIадин гьекъолев, жиндаго релълъарав гIадан, махлукълъун вукIиналъ, Аллагьасул вали лъайзе гIадамазе захIматаб букIуна». Киналниги аварагзабадеги инкар, мекъса ккарал къавмаз, гьединлъидал гьабураб: кваналев, гьекъолев, базаралдеги унев, гьадинав чийищ авараг вукIунев, абун.

ТIахьалги кьурал, кIуди-кIудиял мугIжизаталгун цадахъги жал рачIарал аварагзабаде ва гьезул рисалаталде гьабураб инкар, вализабаде, щайихзабаде кин гьабиларо? Авараг, гIалайгьи свалату ва ссалам, лъайчIезда гьесул

варисзабиги кин лъалел? Амма аслияб истигIдадалда рекъон, ТIадегIанав Аллагьас тавфикъ кьун, тIоритIарал сагIадаталъул агьлоялдани гьел щайихзаби, бер чIван рихьаралго, лъала, Аллагь разилъаял асхIабзабазда Авараг ﷺ лъарав гIадин.

ТIадегIанав Аллагь лъаялъул макъамалдеги жал рахарал, Расуласул ﷺ рисалаталъул магIнаги жедеда бичIчIарал гьесул варисзаби рокьулезда гъорлъа РахIманас нилъ рахъизе гьаругеги, гьезул адаб цIунизе тавфикъги кьеги нелъее, муъминзаби! Амин!!!

**تنبيه**

ТIадегIанав Аллагьас, свалат-салам лъеяв Аварагасул мажлисалда къедалда мугъалги цуйзе гьарун, мунафикъзаби гIодорчIей бицараб аяталъулъ буго ишара, чIахIиял гIуламаазул гIилмоялъул мажлисалда гIахьаллъарал, къадазда мугъги цуйзе гьабун, гIодорчIей адаб теялдаса букIиналде. Гьединлъидалин имам Маликица Гьарун-Рашид мажлисалда, къеда мугъги цун, гIодов чIезе нахъчIваравги.

## АВАРАГАС ﷺ ЖУВАЙРИЯТ ЯЧИН

Рехсарал аятал рещтIиналъе ккараб сабабин абуни, Бану-мустIалакъ абураб къабилат, къурайшиялгунги цолъун бусурбабигун рагъизе хIадурлъула рукIиналъул хабарги рагIун, свалат-салам лъеяв Авараг вахъана къватIиве, гIураб гIаскаргун цадахъ. Гьединго рахъана Расуласда ﷺ цадахъ мунафикъзабиги, кидаго рахъинчIел гIадин, Бану-мустIалакъалги къун, щолеб давлаялде хьулалда. Нухда унаго, Расуласда ﷺ дандчIвана цо чи. ЦIехана гьесде дансиял тущбабазул хIал-хIукму, кьечIо жаваб. Ра-

сулас ﷺ амроги гьабун, рехана чIван, гьев вукIана жасус. Свалат-салам лъеяв Авараг вачIина вукIин ва жиндир жасус дос чIваялъул хабар жиндихъе щведал, Бану-мустIалакъ къибилалъул сайид ва бодул бетIер ХIарис ва гьесул бо кутакалда хIинакъана. ХIатта цо тайпа гIадамазул, бодулъа ратIалъун, нахъегицин ана. КIиябго рахъалъул боял цуцаде данде щведал, свалат-салам лъеяв Аварагас гьел иманалде ахIана. Ислам гьез къабул гьабичIо ва цуцаде сагIаталъул заманаялъ чIорал рана. Гьелда хадуб бусурбабаз гьезда тIаде гьабуна гъужум, цадахъ цо чияс гIадин. Ккуна гьел сверун, кьечIо рес цохIониги чиясе тIуризе. Гьелъул хIасилалда, анцIго чиги чIван, хутIарал капурзаби киналго росана кверде. Давлаялъул щвана кIиазарго варани ва щуазарго чахъу. Асирлъуде ккарал къавмалъул руччабазда гъорлъ ккана ХIарисил къого сон барай яс Буратги.

Свалат-салам лъеяв Аварагас асирлъуде ккарал къавмалъул руччаби гIаскаралъе рикьана, Буратин абуни, тархъанги гьаюн, Расулас ﷺ лъадилъун ячана. Гьелъиеги букIана гьадинаб гIилла. Бану-мустIалакъ абураб гьеб къабилат букIана гIарабазда жанибго къадро бугеб, цебесеб тухум, гьелъ гьезул руччаби асирзабилъун ккой Расуласе ﷺ цIакъго захIмат букIана. Гьединлъидал, свалат-салам лъеяв Аварагас гьениб хIалтIизе гьабуна берцинаб, рекъараб сиясат. Ай, гьел гIаскаралъеги рикьун, Бурат, Жувайрият абун царги хисун, жинцаго ячин. Жувайрат тархъун, озденайлъунги гьаюн, Расулас ﷺ лъадилъун ячиндал, жедеда Аллагь разилъаял асхIабзабазги абуна цуцадехун: «Расул ﷺ жедер дурцлъунги лъугьараб Жувайратил гIагарлъи лагъзаллъун ккой гьанжи нелъеда рекъоларо, нелъецаги тархъизе руго», – ян. Гьалда киналгоги разилъун, киналго руччаби тархъун, озденаллъун гьаруна.

Расуласул ﷺ мурадги тIобана, къавмалъего жиндир баракат щварай, баракат бугейлъун Жувайратги лъугьана, баракат бугей Жувайратан Аллагь разилъаяй ГIаишатица абухъе. ГIаишатги Умму-Саламатги Расулас ﷺ, гъазаваталде унаго, цадахъ рачун рукIана.

## МУНАФИКЪЗАБАЗУЛ БЕТIЕР УБАЮЛ ГIАБДУЛА ГЬАЛАГЛЪИ

Гьеб гъазаваталда ккана цойги гьадинаб вакъигIатги. Лъел гъуй сверун руссарал гIадамазул гIанкъари лъугьун, гьелъул хIасилалда мугьажиразул Жагьжагь абуравги, Убаюл вас ГIабдулагьил чукъбузул Санан абуравги, кIиго чи вагъана, ай цуцалъ речIчIана. Цинги Жагьжагьица бана ахIи мугьажираздe, Сананица – ансараздe. Жагьжагьида нахъасанги вахъун, мугьажиразул ЖигIал абурав асхIабас кьабуна Сананида, ай гьормада хъат бана. Сананица бахъана гIарз жедерго [мунафикъазул] бетIер ГIабдулагьиде, гьесиейин абуни гьеб цIакъ захIмалъана ва абуна: «Нелъерго гьормазда хъатал райзе горони, нелъеца МухIаммадилгун гьамагълъи щибизе гьабун бугеб? АллагьасхIаги, гьечIо нелъерги гьезулги мисал, кьаралъидал дурго гьойца мун кваналаян абуралда релълъараб горони. АллагьасхIаги, гьаб сафаралдаса тIад руссун Мадинаялде щведал, къадро тIадегIаназ къадро гьечIел, гIодорегIанал, дагьал, къватIире гъезе руго», – ян, цIакъ къвакIизе гьабун, кIалъана гьев мунафикъазул бетIер ГIабдулагь. [Асул гIакълоялда къадро бугел, тIадегIанал – авги асул гьалмагълъиги; гIодорегIанал, къадро гьечIел, дагьал – муъминзаби]. Гьанжиги абуна гьас сверун ругезде: «Бихьулищ ножоца ножоего гьабураб жо. Ножоца гьазие ножорго ракьалги хIалал гьаруна, боцIиги бикьана, АллагьасхIаги, ножоца гьадав ЖигIалие ва гьев гIадазеги

кваназе жо кьечIеб ани, ножор гурбузда дол рекIинароан. Кьоге ножоца дозие щибго жо, МухIаммадидаса ратIалъани горого».

Гьав мунафикъас бицараб кинабго хабар рагIана аскIовегIан вукIарав, кутакалда жиндир иманги щулияв, гьитIинав гIолохъанчи Аркъамил вас Зайидида. Цинги Зайидица, хIехьезе кIвечIого, абуна: «АллагьасхIаги, басрияв, гIодовегIанавги, нахъ рилълъаразул рахъалъ дагьавги мун вуго. МухIаммад ﷺ ТIадегIанав Аллагьас кIодо гьавуравги вуго, нахърилълъаразул рахъалъ къуватавги вуго», – ян. Цинги, жиндир калам Зайидида рагIун батидал, чара хварав мунафикъазул бетIер Убаюл ГIабдулаца абуна Зайидидехун: «ВуцIцIун вукIа, дица гьеб махсародего абураб жо букIана», – ян. Гьанжи, гьав мунафикъас гьабурабщинаб калам Зайидица бицана свалат-салам лъеяв Аварагасде, Аварагасул ﷺ гьормал кьер тIуна. Цинги, аскIов вукIарав, Аллагь разилъаяв ХатIабил ГIумарица абуна: «Я Аллагьасул Расул! Дица гьев мунафикъасул бетIер къотIилищ?» – абун. Расулас ﷺ изно кьечIо. Хадубги ГIумарица абуна Расуласде ﷺ: «Дуе бокьун батичIони гьев мугьажирас чIвайзе, дица амро гьабилищ гьев чIваян ансариясде?» Гьеб мехалъги абуна Расулас ﷺ ГIумариде: «ГIадамал гаргадиларищ, МухIаммадица жиндирго асхIабзаби чIвала руго абун».

**وقال ﷺ لابن أبيّ : ((أنت صاحب الكلام الذي بلغني)) قال : والله الذي أنزل عليك الكتاب ما قلت من ذلك وان زيدا لكاذب . «روح البيان» جـ ٩ صـ ، ٥٣٧**

Цинги гьев Убаюл ГIабдулагьиде Расулас ﷺ абуна: «Гьаб дихъе щвараб калам дуца гьабураб бугищ?» – ян, гьас жавабги кьуна гьадин: «Духъе Къуръан рещтIарав АллагьасхIаги, дица абичIо щибго жо, Зайидица би-

цунеб жоги гьереси буго», – ян. Гьасул рахъ ккун, аскIор рукIарал мунафикъазги абуна Расуласде ﷺ: «Гьав – нежер кIудияв, гьав – нежер щайих[1], дуца ритIухъ гьабуге гьев гъуламасул[2] рагIи, гьесда мекъса бичIчIун батизеги бегьула», – ян.

Цинги Расулас ﷺ гьикъана Зайидиде: «Дуца гъосда ццин бахъунгIаги горебищ дие гьаб хабар бицараб?» – ян. Зайидица жавабги кьуна: «Гуро», – абун. Хадубги гьикъана Расулас ﷺ Зайидида: «Цогидас гьабураб калам дуда дос гьабурабингIаги горебищ ккараб?» – илан. Гьалъиеги кьуна Зайидица жаваб: «Гуро», – абун. Гьанжиги гьикъана Расул ﷺ: «Дуда абичIеб жо абурабилан ккунцин горебищ?» – илан, «Гуро», – ян жаваб Зайидицаги гьабуна. Гьеб мехалъ рещтIарал руго цере рехсарал аятал. Аят рещтIиндал, Расул ﷺ: «ТIадегIанав Аллагьас мун витIухъ гьавуна, мунафикъзаби гьереси гьаруна», – ян, Зайидиде рохелги бицана.

Хал гьабеха муъминзаби, мунафикъзабазул гIамал-хасияталъул. Гьереси бициналъулги гьерсие гьедиялъулги дозие гьечIеб кIваралъул! Адам авараг ﷺ къосине гьавизе гIоло, гьесдехун ккараб хIасадалъ, иблис гьедана гьересиялъе. Гьелъул атбагIаллъидал кколел мунафикъзабиги, гьел гьересиялъе гьедиялдаса сунца нахъ чIвалел? Хассго гьаб нелъер заманалда, воре муъминзаби, бицунелъухъ балагьун, инсанасе ножоца къимат кьоге, пиша-гIамалалъул хал гьабун горони! ЛъикIал гIамалал мунафикъзабазги гьарулелъул рихьдае, гьелда хал ккуни, гьел тIатинчIого рукIунаро, цIакъ цIодорго рукIа гьез гуккиялдаса!

---

*[1] Ай, «Гьав ГIабдуллагь нижер кIудияв чи вуго, щайих вуго, Мун гьас бицаралда божа».**

*[2] Гъулам – гьитIинав чи, лъимер.**

Мунафикъзабазул бетIер ГIабдуллагьица, жедедаго тIадегIанлъи-кIодолъи гIунтIизе гьабун гьабураб калам нахъ чIван, ай гьелде данде рещтIана гьаб аятги:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿وَلِلَّهِ ٱلۡعِزَّةُ وَلِرَسُولِهِۦ وَلِلۡمُؤۡمِنِينَ وَلَٰكِنَّ ٱلۡمُنَٰفِقِينَ لَا يَعۡلَمُونَ ٨﴾ المنافقون: ٨

«ТIадегIанлъи, кIодолъи, бергьенлъи, къуват, – кинабго ТIадегIанав Аллагьасе буго ва Аллагьас жив кIодо гьавурав Расуласеги муъминзабазеги буго, цойгиязе гьечIо [басралъи ва гIодобегIанлъи, щайтIаналъе ва гьелда нахъ рилълъарал мунафикъзабазе, капурзабазе бугеб гIадин]. Кинниги гьедин букIин мунафикъзабазда лъаларо, гIорхъолъа борчIараб жагьиллъиялъги щайтIаналъ гуккиялъги».

## СУНДАЛЪУН БУГЕБ ИНСАНАСЕ ДУНЯЛ-АХИРАТАЛЪУЛ ТIАДЕГIАНЛЪИ ВА ГIОДОВЕГIАНЛЪИ

**قال بعض الكبار : من كان في الدنيا عبدا محضا كان في الآخرة ملكا محضا ، ومن كان في الدنيا يدعي الملك الشيء ولو من جوارحه نقص من ملكه في الآخرة بقدر ما ادعاه في الدنيا فلا أعز في الآخرة ممن بلغ في الدنيا غاية الذل في جناب الحق ، ولا أذل في الآخرة ممن بلغ في غاية العزة في نفسه ولو كان مصفوعا في الأسواق .**
**«روح البيان» جـ ٩ ، صـ ٥٣٨**

ЧIахIиял гIуламаазул цояс абулеб буго: «Щив чи вугониги, дунялалда жив вацIцIадав лагълъун, ахираталда гьев вукIуна вацIцIадав ханлъун. Щив чи вугониги, дунялалда жинца сунда бугониги милклъи гьабулевлъун, жиндир лага-саналда букIаниги, ахираталда гьесие камизе гьабила жиндир мулкалдаса, ай даража-макъа-

малдаса. ТІадегІанав Аллагьасда цеве, дунялалъул рокъов живго жинцаго гІодовегІан гьавиялъул рахъалъ рагІа-ракьанде щварав чи, кигІан кІудияв хан вугониги, ахираталда гьесдаса къадро кІудияв, тІадегІанав чи гьечІо. Дунялалъул рокъов жиндир нафс кІодолъиялъул, чІухІиялъул рахъалъ рагІа-ракьанде щварав чигІан ахираталда басрияв, гІодовегІанав чиги гьечІо. Инсанасе хІакъикъияб тІадегІанлъи, кІодолъи гьечІо, гІицІго тІадегІанав Аллагьасе мутІигІлъи-тІагІаталдалъун горони, кигІан кІудияв хан гьев вугониги. Инсанасе басралъи-гІодовегІанлъиги гьечІо, ТІадегІанав Аллагьасде гІасилъиялъулъ горони [гьардохъан яги бачавехь вугониги]».

**قال والواسطي رحمه الله : عزة الله أن لا يكون شيء إلا بمشيئته وإرادته ، وعزة المرسلين أنهم آمنون من زوال الإيمان ، وعزة المؤمنين أنهم آمنون من دوام العقوبة**

ТІадегІанав Аллагьасул кІодолъи-хиралъи буго дунял-ахираталда махлукъаталъулъ щибго жо букІунгутІиялдалъун, Жиндие бокьиялдалъун горони. Аварагзабазул кІодолъи буго, жал иман тІаса унгутІиялда божаралльун рукІиналдалъун. Муъминзабазул кІодолъи буго, жал даимаб, абадияб гІазабалда хутІунгутІиялда божарал рукІиналдалъун. Ай, муъминчи магІсиятаздалъун жужахІалъуве аниги, тавхІидалъ кида-къадниги гьениса къватІиве вахъулелъул. Гьалдаса тІадегІанаб кІодолъи щиб букІинеб бусурманчиясе?

ТІадегІанав Аллагьасул кІодолъи, къудрат жинда лъарав чиясул адабалдаса ккола, жинца ракІ чІезе гьабунгутІи, ай мугъчІвай гьабунгутІи, махлукъаталде. Свалат-салам лъеяв Аварагас абун буго:

**قال عليه الصلاة والسلام : ((من تواضع لغنيّ لأجل غناه ذهب ثلثا دينه))**

***«Щив чи вугониги, жив бечедав чиясе хIелун, досул бечелъиялъе гIоло, гьев чиясул уна жиндир диналъул лъабго бутIаги гьабун, кIиго бутIа».***

Свалат-салам лъеяв Аварагас диналъул кIиго бутIа унаян абиялъе хIикматги буго, хIели лъабго жоялдалъун букIунелъул: мацIалдалъун, черхалдалъун, ракIалдалъунги. КIал-мацIалдалъун ва черхалдалъун, ай хIалтIи гьабиялдалъун, хIелун щив чи вугониги, ракIалъ досие кIодолъиги чIезе гьабичIого, ай мугъчIвай-таваккал дов бечедав чиясде гьабичIого, гьев чиясул уна диналъул кIиго бутIа. Амма, гьелде тIаде, досие ракIалъ кIодолъиги чIезе гьабуни, ай мугъчIвай-таваккал гьабуни, гьеб мехалъ гьев чиясул кинабго дин уна. Гьединлъидалин абулеб бугеб лагъасул рекIелъ ТIадегIанав Аллагь кIодолъарав мехалъ, ай кIодолъи лъараб мехалъ, гьесул беразе махлукъат гьитIинлъулилан. Ва гьединго, лагъасда лъараб мехалъ инсан кIодо гьавулев чи ТIадегIанав Аллагь вукIин, Дов горесдаса кIодолъиги тIалаб гьабуларилан.

**قال ذو النون قدس سره : لو أراد الخلق أن يثبتوا لأحد عزًا فوق ما يثبته يسير طاعته لم يقدروا ولو أرادوا أن يثبتوا لأحد ذلة أكثر مما يثبته اليسير من زلته ومخالفته لم يقدروا**

Халкъалъе бокьани цо чиясе чIезе гьабизе кIодолъи, ТIадегIанав Аллагьасе дагьабго тIагIат-гIибадаталдалъун чIолелдаса тIадехун, гьезда гьелъие хIал кIоларила. Масала, халкъалъ ханлъун вищун, цо чиясе кIодолъи чIезе гьабуни, БетIергьанасе дагьабго къадар тIагIат-гIибадат гьабиялдалъун щолеб кIодолъи-тIадегIанлъиялде гьеб ханлъиялъул кIодолъи бахунаро. Щаян абуни, гIицIго гьеб ханлъиялдалъун щвараб кIодолъиялъул гьев чиясе

ахираталда кигIан дагъабги пайда гьечIелъул, гIазаб-гIакъобаялъе батани горони. ГIабдулгIазизил ГIумар-гIадав вугонияли горо ﵁.

Гъединго халкъалъе бокьани цо чи гIодовегIан гьавизе, гьев чияс дагъабго къадаралда бугониги шаргIалдаса тари, гьелдехун хилифлъиялдалъун щвараб гIодобегIан-лъиялдаса цIикIкIараб къадаралъ, гьебги гьезда щвезе гьабизе кIвеларо.

***ХIасил, гьаб бакIалда нелъеда бичIчIизе ккараб кIиго жо буго:***

***ТIоцобисеб*** – ТIадегIанав Аллагьасдасан буго инсанасе тIадегIанлъи-кIодолъи ва гъединго гIодовегIанлъиги, цой-гиясдалъун гьечIо. Къуръаналда гьадин абулебги буго:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿قُلِ ٱللَّهُمَّ مَٰلِكَ ٱلۡمُلۡكِ تُؤۡتِي ٱلۡمُلۡكَ مَن تَشَآءُ وَتَنزِعُ ٱلۡمُلۡكَ مِمَّن تَشَآءُ وَتُعِزُّ مَن تَشَآءُ وَتُذِلُّ مَن تَشَآءُۖ بِيَدِكَ ٱلۡخَيۡرُۖ إِنَّكَ عَلَىٰ كُلِّ شَيۡءٖ قَدِيرٞ ٢٦﴾ آل عمران: ٢٦

«Дуца абе, Авараг: «Я дунял-ахираталъул кверщел кодоб бугев Аллагь! Дуца кьола мулк Дуй бокьарасе, Дуца гьеб мулк нахъеги босула Дуе бокьарасухъа. Дуца тIадегIанги гьавула Дуе бокьарав, гIодовегIанги гьавула Дуе бокьарав. Дуца гьабураб хIукму бихулев ва Дуца къадар гьабураб нахъчIвалев чи гьечIо. ХIакълъунго Мун кинабго жоялде хIалкIолев вуго». Ай, Мун гIажиз гьавуларо щибго жоялъ Дурго хIукму-къадар билълъан-хъизе гьабиялдаса.

***КIиабилебги*** кантIизе ккараб жо: кIодолъи-тIадегIанлъи ТIадегIанав Аллагьасе мутIигIлъиялъулъ, амро-нагьюялда нахъвилълъиналъулъ горони гьечIолъи лъай буго.

## КIВАР БУГЕБ КЪИССА

Цо чи вукIун вуго КагIбаялда сверун тIаваф гьабулев, цадахъ бугеб гьалмагъзабилъ жинда цере ккарал гIадамалги нахъе гъолаго. Гьелдаса хадуб заман гьоркьоб индал, гьевго чи вукIун вуго Багъдадалда, гIадамал хьвадулеб кьоялда тIадги чIун, гьардолев. Доб заманалда КагIбаялда сверун тIаваф гьабулев гьав вихьарав цойги пуланасда гьав гьардела вихьидал, гьав, цIакъ хал гьабун, гъосухъ валагьун вуго, доб тIаваф гьабула вукIарав чицин горевищ гьав абун. Гьардохъанас гьикъун буго гьасде, мун щай дихъ гьедагIан цIакъ валагьулеван. Данде гьасги гьикъун буго, пуланаб заманалда гьади-гьадинаб хIалалда тIаваф гьабула вукIарав чицин горищ мун, абун. Гьардохъанас жавабги гьабун буго гьасие: «У, гьадав дуца абулев чи дун вукIана», – ян. Хадубги абун буго гьардохъанас: «ГIадамал басраго, гIодорегIаналлъун хьвадулел бакIалда дун чIухIун хьвадана, гьелдалъун БетIергьанас дунги гIадамал чIухIун хьвадулел бакIалда гIодовегIанав, басриявлъун гьавуна», – ян.

**وفي الحديث ((إن ربكم يقول كل يوم أنا العزيز فمن أراد عز الدارين فليطع العزيز)) . «روح البيان» جـ ٧ ، صـ ٣٢٤**

Свалат-салам лъеяв Аварагас абуна: «ТIадегIанав Аллагьас щибаб къойил абула: “КIодолъи, тIадегIанлъи, къуват Дие буго, **والعزيز الذي يَقهر ولا يُقهر** . Щив чи вугониги, жиндие дунялалъулги ахираталъулги кIодолъи бокьун, гьев чи Дие мутIигIлъе, Дидасан тIалаб гьабе”, – ян». КIодолъи бокьарас Аллагьасдасан тIалаб гьабулеб жоги, иман ва лъикIал гIамалазе тавфикъ буго.

Цебе рехсей жиндир гъабурав, Мадинаялъул мунафикъзабазул бетIер Убаюл вас ГIабдулагьил вукIана вас, Исламалдеги вачIарав, кутакалда игIтикъадги щулияв. Расулас ﷺ гьесде, дур цIар щибан гьикъана, гьес ХIабаб бугилан абуна. Расулас ﷺ, ХIабаб щайтIаналъул цIар бугоянги абун, гьесде цIар ГIабдуллагь лъуна. Гьев ГIабдуллагьица, Бану-мустIаликъазул гъазаваталдасатIад руссун рачIунго, жиндирго эмен ГIабдулагь Мадинаялде жаниве лъугьиналдаса нахъчIвана ва, бахъун хвалченгун, гьесде абуна: «ТIадегIанав Аллагьасеги Аллагьасул Расуласеги ﷺ муъминзабазеги кIодолъи букIиналъе мун мукIурлъичIони, дица дур бетIер къотIизе буго», – ян. Инсуца гьасдехун: «Унго гьабилищ дуца гьеб хIалтIи», – ян абуна, «Гьабизе буго», – ян васас жавабги гьабуна. Цинги инсуда бичIчIана, васасул хIалахъ валагьун, гьес жив хIакъикъаталдаги чIвалевлъи ва абуна: «Дица нугIлъи гьабула: ТIадегIанав Аллагьасеги, Аллагьасул Расуласеги ﷺ, муъминзабазеги буго кIодолъи-тIадегIанлъи», – ян. Гьеб мехалъ абуна Аварагас ﷺ вас ГIабдуллагьиде: «Аллагьас гьабеги дуе лъикIаб жаза, Расуласдалъунги муъминзабаздалъунги», – ян.

## УБАЮЛ ГIАБДУЛАЦА АВАРАГАСДЕ ﷺ ЖИНДИЕ ГОРДЕ КЬЕЯН ВА ЖИНДЕ ЖАНАЗАЛЪУЛ КАК БАЯН ГЬАРИ

Гьабго гъазаваталдаса тIад руссун рачIунаго, Мадинаялъул рагIалде щведал, бахъана кутакаб гьури. Гьеб мехалда свалат-салам лъеяв Аварагас абуна, Мадинаялда жакъа нифакъалъул рахъалъ бищунго гучав мунафикъ хванаян, ай гьеб гьури бахъин гьев хведал бугилан. Расулас ﷺ абухъе, мунафикъзабазе жал рахчизе нохъоялъул бакIалда вукIарав, кIудияв мунафикъ РафагIатил вас Зайд хун ватана.

Мадинаялде щун, дагъал къоял инелдего, Убаюл ГIабдулагьги унтана. Жинда Аллагь разилъаяв Ибну-ГIаббасидасан бачIараб риваяталда гьесул бицунеб буго гьадин. ГIабдулагьица, гьаб унтулъ жив вукIаго, тIаде ахIана свалат-салам лъеяв Авараг ва гьарана Расуласде ﷺ жиндие дугIа гьабеян, хведал жаназалъул какги баян, хабадаги чIаян. Хадусанги гьес, хабар битIун, гьарана Расуласде ﷺ, хведал, баракаталъе ретIине дур горде кьеян. Расулас ﷺ гьесие битIана жиндирго тIасан горде, ГIабдулагьицайин абуни тIалаб гьабуна, гьебги нахъе битIун, Расуласул ﷺ гьаналда, ай черхалда, тIасан ретIараб горде. Цинги Аллагь разилъаяв ХатIабил ГIумарица абуна Расуласде ﷺ, гьев нажасав, хъубав чиясейищила дуца горде кьолеб. Цинги свалат-салам лъеяв Аварагас абуна:

**فقال رسول عليه الصلاة والسلام ((إن قميصي لا يغني عنه من الله شياء وأرجوا من الله تعالى أن يدخل به الف في الإسلام))**

«Дир гордеялъ ГIабдулагьие гIей гьабиларо Аллагьасул гIазабалдаса цIуниялъе ва дир хьул буго ТIадегIанав Аллагьасде, гьеб горде битIиялдалъун, азарго чи хазражазул Исламалде вачIиналде».

Убаюл ГIабдулагьица Расуласдасан ﷺ баракаталъе, гьелдалъун гIазабалдаса цIуниялде хьулалда, ретIине горде тIалаб гьабидал, мунафикъзабазул, Расулас ﷺ абухъе, азарго чи Исламалде вачIунги вуго. Цинги гьев ГIабдулагь хведал, гьесул вас ГIабдулгьица свалат-салам лъеяв Авараг ахIана инсудаса жаназалъул как байзе. Расулас ﷺ, гьесде какги бан вукъеян абидал, гьес Расуласде ﷺ гьарана, дуца байчIони, гьасде цониги чияс какги баларо, гьал тущбабиги роххизе гьарун дун гIодовегIанлъизе гьавугеян. Цинги свалат-салам лъеяв Аварагас ГIабдулгьиде

жаназалъул как банилан буго, гьесул вас ГІабдулагьил ракІалъе гІологи, хазражазда жанив къимат бугевлъун вукІиндал, гьезие гІологи, ай гьезул ракІазе гІологи, ва, гьединго ГІабдулагьидасан Ислам къабул гьабиялъул, тавбоялъул гІаламатал загьирлъун рукІиндал, гьелда Расуласул ﷺ занну цІикІкІиналдалъунги.

ГІабдулагьиде жаназалъул какги бан, гьесул хобалда дагьаб лъалхъиги гьабун хадуб, «Мунафикъзабазул цонигиясде киданиги жаназалъул какги баге, гьезул хобалдаги чІоге», – ян абураб магІнаялъул, рехсараб аятгун Жабраил малаикги рещтІана, гьелдаса хадуб тІокІаб Расулас ﷺ мунафикъасде жаназалъул какги байчІо, гьезул хобаздаги чІечІо. Гьаб буго цо риваят.

Цойги риваяталда абулеб буго, гьев ГІабдулагьиде жаназалъул как байзе Расулас ﷺ къасд гьабидал, Аллагь жинда разилъаяв ХатІабил ГІумарица Расуласде ﷺ абунилан, гьадинги гьадинги [гъос абураб щинаб Расуласе бицун] жинца абурав Аллагьасул тущманасде какищ балеб дуца, Аварагилан. Гьеб сагІат рещтІун, Жабраил малаикас рехсараб аятги цІалун буго Расуласе ﷺ, ва хІакълъун буго ГІабдулагь купруялда хой, какги гьесде бан гьечІо.

ХІасил, аят рещтІун буго Аллагь разилъаяв ГІумар асхІабасул раъюялда[1] рекъон. Гьедин, гьесул раъюялде данде ккун рещтІарал аятал гьаб горелги руго. Гьеб ккола Аллагь разилъаяв ХатІабил ГІумарил манакъибал ва тІадегІанаб даражаялъул макъам. Гьеб мехалда абун буго свалат-салам лъеяв Аварагас:

---

*[1] Ай, пикроялда.**

**فلذا قال عليه الصلاة والسلام في حقه : ((لو لم أبعث لبعثت نبياً يا عمر))**

«ТIадегIанав Аллагьас дун витIун вукIинчIевани авараглъун, мун витIилаан, я ГIумар», – илан.

Свалат-салам лъеяв Аварагас гьев Убаюл ГIабдулагьиде как бан батаниги, байзе къасд гьабун букIун батаниги гьелъие ккараб гIилла-сабаб цебе рехсана. Горде ретIиналъул хIикматин абуни, батIа-батIайиса бицана. Гьале гьездаса цояб. Бадроялъул гъазаваталда ХIабибасул ﷺ инсул вац ГIаббас ؓ асирлъуде восидал [гьелде щвезегIан ГIаббас Исламалде вачIун вукIинчIо] гьесда тIад горде батичIого, гьесда ретIине горде Расулас ﷺ балагьидал, ГIаббас ؓ ворхатав чиги вукIун, гьесие бегьулеб горде щвечIого, Убаюл ГIабдулгьги ворхатав чи вукIун, гьес кьун букIун буго ГIаббасихъе ؓ жиндирго горде. Гьеб горде нахъ буссине гьаби мурадалда битIун буго Расулас ﷺ досие жиндирго горде, дов кIодо гьавун горев.

КIиабилеб хIикмат: ТIадегIанав Аллагьас Расуласде ﷺ амро гьабун букIиндал, гьаб аятги рещтIун:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿وَأَمَّا ٱلسَّآئِلَ فَلَا تَنْهَرْ ﴿١٠﴾﴾ الضحى: ١٠

«Гьарарав чи нахъ чIваге», – ян, гьедин битIун букIун батизеги бегьула.

Цойги хIикмат букIине бегьула, ТIадегIанав Аллагьас жинде вахIю гьабун, «Дуца дурго горде досие битIани, гьелъ Исламалде вачина азарго мунафикъилан».

## ШАЙИХАС МУРИД МУНАГЬ-ХАТIАЯЛДЕ ЩАЙ ВЕЧЧАЛЕВ АБУРАБ СУАЛАЛЪЕ ЖАВАБ

**تنبيه . قال بعض الكبار : ما أمر الله عباده بالرفق بالخلق والشفقة إلا تأسيا به تعالى فيكونون مع الخلق كما كان الحق معهم فينصحونهم ويدلونهم على كل ما يؤدي إلى سعادتهم وليس بيد العبد إلا التبليغ قال تعالى : ﴿ وَمَا عَلَى ٱلرَّسُولِ إِلَّا ٱلْبَلَٰغُ ٱلْمُبِينُ ﴾ ، فعلى العارف إيضاح هذا الطريق الموصل إلى هذا المقام والإفصاح عن دسائسه وليس بيده إعطاء هذا المقام فإن ذلك خاص بالله تعالى قال تعالى : ﴿ إِنَّكَ لَا تَهْدِى مَنْ أَحْبَبْتَ ﴾ ، فوظيفة الرسل والورثة من العلماء إنما هو التبليغ بالبيان والإفصاح لا غير ذلك وجزائهم جزاء من أعطى ووهب والدال على الخير كفاعل الخير . «روح البيان» ، جـ ٩ صـ ٥٤٠**

ЧIахIиял гIарифуназул цояс абулеб буго: «ТIадегIанав Аллагьас Жиндир лагъзадерида амро гьабичIо халкъалъе комек, гурхIел, рахIмо гьабеян, Жинда релъьлъенлъи гьабизе, Жиндасан мисал босизе, Жинда нахъ-рилълъиналъе гIоло горони. Цинги жалги рукIине халкъалда цадахъ, ТIадегIанав Аллагь вукIунев гIадин, ай халкъалъе насихIат гьабизе, битIараб Исламияб нухалда гьел тIоритIизе. Гьелдаго цадахъ, лагъасда тIадаб гьечIо, халкъалъухъе Аллагьасул амро-нагью щвезаби горони. ТIадегIанав Аллагьас свалат-салам лъеяв Аварагасул хIакъалъулъцин абула бугелъул: «Расуласда тIадаб гьечIо, гIицIго халкъалъухъе Ислам щвезе гьаби горони», – ян.

Свалат-салам лъеяв Аварагасдаги гIицIго таблигъ тIад гьабун бугеб мехалда, гIарифасда, ай муршидасда тIадаб ишги ккола муридасе баян гьаби, манлъи, мурид Аллагьасде гIагарлъулеб тIарикъаталъул нух. Гьеб нух манлъи горони, щайихасда кодор гьечIо макъамазул эхтияр.

Макъамал, фатхІаби рагьи, ТІадегІанав Аллагьасда хассаб иш буго. Гьебги муридасул адаб, истигІдалада бараб буго. Къуръаналдаги ТІадегІанав Аллагьас абула бугелъул, "Дуе бокьарал щинал дуца тІоритІуларо, Авараг", – илан.

ХІасил, свалат-салам лъеяв Аварагасдаги гьесул варисзабилъун ругел гІуламааздаги тІад гьабураб жо буго халкъалде нух манлъи, лъаларел жал гьезие баян гьари. Нух манлъиялдалъун гьезие ТІадегІанав Аллагьасул рахъалдасан букІунеб лъикІаб жаза, ай ажро-кириги, гьез манлъараб гьабуразе букІунелда релълъон буго. Жинца лъикІал гІамалазде тІоритІарав чи, гьел лъикІал гІамалал гьаруразда релълъон вуго ажроялъул рахъалъ».

Гьанжи ххал гьабе, бусурбаби, ТІадегІанав Аллагьас Къуръаналда абула буго, баян гьабун, Жинца тІовитІарав горони, тІовитІизе лъиданиги кІоларилан. Гьаб Аллагьасул каламалде инкар гьабизе лъиениги рес гьечІо. Гьединги букІаго, ТІадегІанав Аллагьас халкъалъухъе аварагзабиги ритІун руго. Гьалде инкар гьабизеги гьечІо лъиего рес. Гьаб бакІалда балъгояб, бичІчІизе кІолареб жого щиб бугеб? Цебеги бицараб жо бугониги, аварагзаби руго ТІадегІанав Аллагьасдаги халкъалдаги гьоркьор ругел васитІаби, тавхІидалде халкъ ахІи тІадкъан ритІарал, тІокІаб гьездаса БетІергьанас тІалаб гьабулеб жоги гьечІо. Масала, пуланав Дир лагъ дуца къосине щай таравилан ТІадегІанав Аллагьас абиларо. Амма лагъасде абила, мун щай расуласда нахъ вилълъинчІевилан. Лагъас гьелъул жаваб кьезе ккола.

Аварагасул мисалалда руго гьесул варисзабиги, гьездеги гьикъизе гьечІо ТІадегІанав Аллагьас, пуланав мурид дуца щай веччарав магІсиятал гьаризейилан. Мурид

квеш хьвадиялдалъун муршидасе зарал гьечIо. Заралги хайирги живго муридасе буго. Амма муршидилан вугев чи хIакъикъияв гьечIони, гьес манлъулеб жоги асло гьечIеб, тIарикъатазул къавагIидазде, истIилахIалде данде кколарел ругони, ТIадегIанав Аллагьасда цеве чIарав къояца гьесдени гьикъизе буго, дуде лъица манлъараб, кисан босараб абун. Гьес жаваб кьезеги ккезе буго, иршадалъул агьлойин вугев чи гьалде кантIизе ккела.

Халкъалъул гьаб суалалда сверухъ бугеб бичIчIийин абуни, гьезие къварагIуна устарас мурид, кинаб букIаниги мунагь-хатIаялде веччайчIого, ккун чIезе гьавизе, ай гьазул гIакълоялда, устар вукIине ккола гьединав. Муридасдасан бихьани кинаб букIаниги гIунгутIи, гьелъиеги, гьезда аскIов, устар гIайибилав вукIуна. Ялъуни абула, пуланав чиясдегийищ тIарикъат манлъулебилан.

Гьедин абулеб тайпа гIадамазул, хIайваналдагIан тIарикъаталъулъ, шаригIаталъулъ бичIчIиги гьечIел, жалгоги гIадада хварал, халкъги жедедаго релълъене бокьараб тайпа буго, лъалел гIадамаз бицараб гьез къабулги гьабуларо. Гьедин гореб батани, хал гьабе Къуръаналъ бицунелъул, цIале тасавуфалъул тIахьал, тIалаб гьабе лъалездасан.

ХIасил, Адам аварагасул ﷺ вас Къабил къосана, кIвечIо Адам аварагасда ﷺ гьев тIовитIизе. Цойги къосана НухI аварагасул ﷺ вас, кIвечIо гьевги тIовитIизе инсуда. Гьединго къосана свалат-салам лъеяв Аварагасул инсул вац абулагьаб, кIвечIо Расуласда гьев ﷺ тIовитIизе. Гьал Аварагзабаз [عليهم الصلاة والسلام] гьабуна гьезиеги вагIза-насихIат, цогидазего гIадин, гьабичIо гьез къабул, хвана гьел киналго куфруялда. Гьелдалъун аварагзабазе [عليهم السلام] щварабищха гIайиб?

*Ва мунго дудаго вичIчIуларев чи,*
*ВорчIизе мех щвейчIищ дуй макьидаса?*
*Макьоги якъзатги[1] лъаларев гIадан,*
*Лъалеб гьечIо дида дуда лъезе цIар.*

*Дур гIадалнахалъулъ гIей батичIони –*
*ГIурулъениги щай мун кIанцIуларев,*
*ЩайтIабаца ккурав мажнун ватани –*
*МугIрулгин щобазда кинан чIоларев.*

*Дарвинил харбазда хадув ватани –*
*Халкъ унеб рахъалде бер щвезе гьабе,*
*Гьесул маргьабаца гуккун ватани –*
*Тавбоялде вусса, кьерилал гIадин.*

*Кьурал нигIматазе щукру гьаби тун,*
*Гьалаглъи щваразул хабар рагIичIищ!*
*Халикъас ритIарал русулазулгун*
*Рагъ гьабидал, къинчIеб къавмго букIаниш.*

*Бергьингин къиналъу хIасил гьабулев*
*Судияв нужеда жеги вихьичIев,*
*Жюри бугеб нелъер, очкаби хъвалеб, –*
*Огь, ээул дуруслъи, дуда щиб лъалеб.*

*ДиванчагIазухъе чурхдул ритIулев*
*Чапар вугев цойги, ГIизраил абун, –*
*Эсул тептералда сияхI камураб*
*РухI бугеб махлукъат ракьалда гьечIеб.*

*ЧIаголъиялдаса мун вахъиялъе*
*Гьес, тахIкъикъги гьабун, санкция кьедал,*

*[1] Якъзат – макьоялдаса ворчIи.*

*Дур берал къанщулел, лугбал щвакулел,*
*Щолеб гьанжи эрга росонив лъезе.*

*Росдал будун-дибир дандеги руссун,*
*Дур жаназа гьанжи, чурун, къачIалеб,*
*Къвалал-габур гьечIеб, лъутIи сурараб*
*Руччабазги дуе горде букъилеб.*

*Рукъ бакьулъ, чIарбида, гьебги тIибитIун,*
*ТIад, восун мунги лъун, данде бачинеб,*
*Вералгин гIундузда, хIатIал-квеpазда*
*Квас-квасги букIинеб, берцин тIупараб.*

*ТIара-ахадаса чIалицаги къан,*
*КъватIиве восизе мун хIадурилев,*
*ХIенехI щван, махI гьабун, мун тIован хадув,*
*МахIрамиял дуде тIаде реччалел.*

*Рукъалъул агьлоялъ, сверунги руссун,*
*Сабро тIагIун, дуда кверал рахъилел,*
*Нахъго вуссунарев сапаралъ ине*
*ХIадурлъарав дуде тIаде гIодилел.*

*ГIодун, руцIцIун агьло гьедин рукIаго,*
*Гьанжи гIолохъабаз цо чу бачIинеб,*
*БетIер-бохдол гьечIеб, чIолохъжо байчIеб,*
*Жиги мун рекIинчIев, цIулал гьабураб.*

*Гьанжи мунги тIад къан, ункъгоясги ккун,*
*Инеб гьеб чу бачун макъбараталде,*
*Макъбаратал абун росаби ругел*
*Ракьул чохьонир, жал хвараз гIуцIарал.*

*Хобилан цIар бугеб, бецIаб, къваридаб*
*Рукъ дуеги гьениб бухъун батилеб,*
*Вахъун чодасагун, жанивги вегьун,*
*Гьенив парахат мун рекъезавилев.*

*Рекъезабун, дуе къачIараб лахIдо*
*Къаналги тIаде чIван, щула гьабилеб,*
*Гьанжи гIолохъабаз, хъормаца гIадин,*
*Хъван тIаде ракьги бан, тIупа-куцилев.*

*ТIаде заниги чIван, мухIкан гьабилеб,*
*Мун кантIизавизе талкъен  цIалилеб,*
*ТIолго хIазируназ, дандеги руссун,*
*Дуй сайгъат гьабизе зикро бачинеб.*

*Гьанжи ахиралда, фатихIа тIамун,*
*ТIобайзе гьабилеб дургунисеб иш,*
*ВахIшаталъул рокъов гIицIго мунги тун,*
*ГIадамал тIолалго тIад руссун инел.*

*Эркенаб дуниял чIагоязе тун,*
*ЧIегIераб хоб дуе мустахIикълъараб,*
*Къазеги рагьизе нуцIа-баб гьечIеб,*
*Гьанжи щулалъарав мун туснахъалъув.*

*Туснахъ-сибиралъул болжал букIунеб,*
*Болжал тIобан хадув тIад жив вуссунев,*
*ТIад вуссинго гьечIеб агьвалазул рукъ*
*Абадалъго дуе хасс гьабун кьураб.*

*Хасслъи гьаб рукъалъул цойгиги бугеб,*
*Бицун тезин гьебги, гIин тIамун бихье,*
*ГIайиб-такъсир ккечIев туснахъалъуве*
*Кколеб гIадат гьечIеб гьаб дунялалда,*

*Гьаб рукъин абуни, халкъалъе гIаммаб,*
*ГIайиб-такъсир ккейи шартI гьечIеб бугеб,*
*Шуббанал, щуюхал, атIфалал, лъимал, –*
*ЛъикIалгин квешазе батIалъи гьечIеб.*

*БетIергьан Аллагьас тIаса рищарал*
*Халкъалъул хириял – аварагзаби,*
*Эзулги МустIафа – ХIабиб-МухIаммад ﷺ*
*ЛахIдоялъув лъурав, халкъалда релълъон.*

*Дуда, рихьичIого, рицун лъаларел,*
*Берцинлъи-сурукълъи гIорхъолъа арал,*
*Аллагьасул кIиго чапарги вачIун*
*Чанго суал кьелеб мискинав дуе.*

*Дур Аллагь, Авараг щиван гьикъилеб,*
*Щиб диналда хварав мунан цIехелеб,*
*Ахирияб хIохьал тавхIидалдалъун*
*Бахъарав ватани, тавфикъ дуй кьелеб.*

*Дуца, суалазе жавабги гьабун,*
*Жавгьар гIадаб рукълъун хобги лъугьинеб,*
*Жавабалъе тавфикъ дуе кьечIони,*
*Дур хоб жужахIалъул донкIлъун сверилеб.*

*Исрапил малайкас суралъубе пун,*
*ТIаде рахъинегIан, гьаб кIиябго рукъ,*
*КIиябго синфалъе гIазаб-рахIматлъун,*
*ТIаса ийин гьечIеб, гьалда щаклъуге.*

*Гьанжи гIарас майдан, сиратIгун мизан,*
*Хадуб – алжан-жужахI, хIурулгIинзаби,*
*Забаниятазул гIадлогин диван, –*
*Дагьаб ургъел гьечIеб нелъеда хадуб.*

*Аллагь къотIиялъе хилифлъуларин,*
*Къуръаналъул ахIи дуца нахъ чIваге,*
*Цинги ХIабибасул нубувваталда[1],*
*ТалихI дур къосараб, инкар гьабуни.*

*Инсан, хун хадуса, чIаголъуларин*
*ЧIараб къавмалде мун къаге аскIове,*
*Къуръангин хIадисалъ баян гьабураб,*
*Гьелда божичIони, мун гьалаглъулев.*

*Жиги, алжан-жужахI букIин хIакъабин,*
*ХIакълъунго дуца ракI гьелда чIезабе,*
*КIиябго рукъалъул цояб дуеги*
*КъачIан батулебин, гьебги кIочонге!*

## ЛУКЪМАНИЛ ВАСИЯТАЛ БАЯН ГЬАРУЛЕЛ АЯТАЛ

Лукъманица васасде гьабураб васияталъул хIакъалъулъ абулеб буго Къуръаналда:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ يَٰبُنَيَّ أَقِمِ ٱلصَّلَوٰةَ وَأۡمُرۡ بِٱلۡمَعۡرُوفِ وَٱنۡهَ عَنِ ٱلۡمُنكَرِ وَٱصۡبِرۡ
عَلَىٰ مَآ أَصَابَكَۖ إِنَّ ذَٰلِكَ مِنۡ عَزۡمِ ٱلۡأُمُورِ ١٧ وَلَا تُصَعِّرۡ خَدَّكَ لِلنَّاسِ وَلَا تَمۡشِ فِي
ٱلۡأَرۡضِ مَرَحًاۖ إِنَّ ٱللَّهَ لَا يُحِبُّ كُلَّ مُخۡتَالٖ فَخُورٖ ١٨ وَٱقۡصِدۡ فِي مَشۡيِكَ وَٱغۡضُضۡ
مِن صَوۡتِكَۚ إِنَّ أَنكَرَ ٱلۡأَصۡوَٰتِ لَصَوۡتُ ٱلۡحَمِيرِ ١٩ ﴾ لقمان: ١٧ - ١٩

«Я дир вас! Дуца как бай гIужда, шартIалги тIорайзарун, хIузуралда [ТIадегIанав Аллагьасде иман лъун хадуб,

[1] МухIаммад ﷺ – Аллагьасул авараг вукIиналда*

лугбаз гьабулеб гIибадаталъул бищун хирияб ва тIоцобе инсанасда тIалъулеб гьеб как бугелъул]. Дуца гIадамазде амроги гьабе, шаргIалъ беццараб, гIакълоялда рекъараб, лагъ жинца Аллагьасде вачунеб лъикIаб щиналдалъун. Дуца гIадамал нахъги чIвай, шаргIалъ хIарам гьабураб, какарал, гIакълоялда рекъоларел, ТIадегIанав Аллагьасдаса лагъ жинца машгъул гьавулел, къабихIал гIамалал-пишабаздаса. [ХIал кIолеб бугони – кверaлдалъун, кIолеб гьечIони – кIалалдалъун, гьединги кIвечIони – ракIалдалъун]. Дуца саброги гьабе дуде тIаде рачIарал дунялалъул ургъалаби-пащманлъабигIадал, унта-щокълъи гIадал, мискинлъи-факъирлъигIадал къварилъабазде. Хассго лъикIалдалъун амро, квешалдаса нагью дуца гьабулел гIадамаздасан бачIунеб захIмат-къварилъиялде. Гьал рехсарал умурал руго ТIадегIанав Аллагьас жедедалъун амро гьабурал, тIадал, кIвар цIикIкIарал умураздасан».

Гьаб рехсараб аят буго далиллъун цересел умматазеги тIагIат-гIибадаталъулъ рехсарал умурал бищунго цересел, кIвар цIикIкIарал рукIиналъе. Ва гьединго МухIаммадияб умматалъе баянги гьабулеб буго, жинца амро-нагью гьабулев чи, гьелдалъун бачIунеб захIматкъварилъи бугони, гьелде сабро гьабулевлъун вукIине ккейи.

«Мун гIадамаздехунги вусса, – ян абулеб буго Лукъманица васасде, – салам кьолелъул, кIалъай гьабулелъул; дандечIварав мехалъ берцинаб гьомергун, тамахаб рагIигун. ЧIухIарал чагIаз гIадин, дуца гьездаса гьомер буссине гьабуге, гьел хIакъирлъун рихьун, хассго фукъарааздехун, дуца ращадги гьаре фукъараалги бечедал чагIиги».

Хадубги абулеб буго Лукъманица васасде: «Мун ракьалда тIад чIухIунги хьвадуге, ТIадегIанав Аллагьасе рокьуларо чIухIарал чагIи. Дуца вилълъанхъиялъулъги цIуне гьоркьохъеб къагIида, ай цIакъго хехги гореб, цIакъго хIинцги гореб къагIида. Дуца, гIадамалгун кIалъалев мехалъ гьаракьги гIодобегIан гьабе [ай гьавугьин кIалъай, ахIдон кIалъайчIого], хассго дудасаго чIахIиялгун кIалъалев мехалъ. Жиндилъ пайда гьечIеб жоялъулъги гьаракь борхизе дуца гьабуге [масала, жамагIаталда рагIизе хIажатаб къадаралдаса цIикIкIун имамас гьаракь борхизе гьабунгутIиялда релълъон]. Бищунго къабихIаб, рагIизе бокьулареб гьаракь хIамаялъул буго».

**وفي الحديث : ((إذا سمعتم نهاق الحمير فتعوّذوا بالله من الشيطان فإنها رأت شيطانا ، وإذا سمعتم صياح الديك فاسألوا الله من فضله فإنها رأت ملكا))**

«Ножода рагIараб мехалъ хIамаялъул гьаракь [ай, хIакъди], ножоца ТIадегIанав Аллагьасдалъун гьаре щайтIаналдаса цIуни, гьеб хIамаялда бихьун букIуна щайтIан [ай хIама хIакъдула, ахIдола, щайтIан бихьараб мехалда]. Ножода рагIараб мехалда хIелкил гIигIиди, ножоца ТIадегIанав Аллагьасде гьаре лъикIаб щинаб, доб хIелекоялда вихьун вукIуна малаик [ай хIелеко гIигIидула малаик вихьарав мехалъ]». Гьеб хIамил хIакъди-ахIдей релълъенеги гьабула жужахIалъул агьлоялъул ахIдеялда.

Цойги хIадис буго Аварагасул ﷺ:

**وفي الحديث : ((سرعة المشي تذهب بهاء المؤمن))**

«Вилълъанхъиялъулъ гIорхъолъа араб хехлъиялъ муъминчиясул гьайбат ине гьабула», – ян.

## ЩИВ ККОЛЕВ ЛУКЪМАН АЛЬ-ХІАКИМ

Лукъмание хІикмат кьеялъул хІакъалъулъ буго гьадинаб къиссаги. Цо сордоялъ кьижун вукІаго, гьесде ахІун буго макьилъ: «Я Лукъман! Дуе бокьилищ дица мун ракьалда халифалъун гьавизе, цинги дуца халкъалда гьоркьоб хІукмуги гьабизе», – ян. Лукъманица жаваб гьабун буго: «БетІергьанас дие эхтияр кьуни диего бокьараб гьабизе, дица тІаса бищила рахІат, балагьги тун. БетІергьанас гьеб хІакимлъи дида тІад чІезе гьабуни, дица гьеб къабулги гьабила ракІ разиго, дида лъала ТІадегІанав Аллагьас гьеб дида тІад къани, Дос дие комек гьабула, дун цІунизеги цІунула». Цинги малаикзабаз ахІун буго гьасде: «Я Лукъман! Щай дуе бокьун гьечІеб ракьалда халифалъун вукІине», – ян. Лъукманица абун буго, данде жаваб гьабун: «ХІаким чІолев бакІ – бищун захІматал бакІаздасан буго. ХІукмуялъулъ хатІалъани, алжаналде унеб нухалъулъги хатІалъула, – ян. – Дунялалда басрияв, гІодовегІанавлъун вукІин лъикІаб буго тІадегІанавлъун вукІиналдаса. Ахиратги тун, дунял тІаса бищарав дунялалъ питнаялде ккезе гьавула, ахиратги гьесие щоларо», – ян. Лукъманил гІакъилаб каламалъ малаикзаби гІажаиблъизе гьарун руго. ТІадегІанав Аллагьас гьеб бакІалда гьесие кьун буго хІикмат, ворчІаравго хІикматалдалъун кІалъайзеги лъугьун вуго.

Гьелдаса хадуб, гьесдего гІадин, макьилъ ахІун буго Давуд аварагасдеги ﷺ, гьес гьеб халифалъи къабул гьабун буго, Лукъманица гІадин шартІиго гьабичІого. Гьелдалъун Давуд авараг ﷺ ТІадегІанав Аллагьас гьавуна халифалъун ракьалда, хатІабазулъеги ккана, Аллагь тІасаги лъугьана.

**وأما أمية بن أبي الصلت الذ كان كان يامل أن يكون نبيّ آخر الزمان وكان من بلغاء العرب فإنه نام يوما فأتاه طائر وأدخل منقاره في فيه فلما استيقظ نسي جميع علومه لسوء حاله مع الله تعالى**

Ва амма Абу-Султил вас Умаятин абуни, ахир заманаялъул авараглъиялде хьулалда вукІарав, цо къоялъ кьижидал цо боржунеб хІинчІ бачІун, гьесул кІалдибе гозо бегъун буго, ворчІидал, лъалеб щинаб гІилмо кІочон батун буго.

Лукъманил хІакъалъулъ бицен батІа-батІайиса буго. Цояз абула гьев авараг вукІанилан, цойгияз абула хІаким вукІанилан, цойгияз абула хІабашияв лагъ вукІанилан. Свалат-салам лъеяв Аварагас Лукъманил хІакъалъулъ гьадин абулеб буго:

**وما قال عليه الصلاة والسلام ((حقا أقول لم يكن لقمان نبيا ولكن كان عبدا كثير التفكر حس اليقين أحب الله فأحبه فمنّ عليه بالحكمة)) . «روح البيان» ، جـ ٧ ، صـ ٧٣**

«Лукъман вукІинчІо авараглъун, вукІана лагълъун, Аллагьасул ва Аллагьасул махлукъаталъулъ фикро гьаби гІемерав, жиндир якъинги камилав, жиндие Аллагь вокьиялдалъун Аллагьасе живги вокьарав, гьелдалъун хІикматги жиндие кьурав». Лукъман тІиб-гІилмоялъул хІаким вукІаниланги абулеб буго гІуламаазул гІемераз.

## ХІИКМАТАЛЪУЛ ХІАКЪИКЪАТ БАЯН ГЬАБИ, ВА ЛУКЪМАН ХІИКМАТАЛДАЛЪУН КІАЛЪАЯЛЪЕ МИСАЛ

ХІикмат сундеха абулеб? Гьалъул гьабула магІна батІа-батІайиса, амма киназулго мурад цохІо буго. Цояз абула: гІилмоялдеги гІилмоялда гІамал гьабиялдеги абулилан.

Гьеб кӀиябго жиндилъ данделъичӀев чиясде хӀакимин абуларилан. Цойгияз абулеб буго магӀрифат, ай ТӀадегӀанав Аллагь лъайиги цойгидал умуразулъ ритӀухълъиги бугилан. Цойгиязги абулеб буго, гьеб бугин ТӀадегӀанав Аллагьас лагъасул рекӀелъ лъолеб жо, жиндалъун ракӀ гвангъизе гьабулеб [ай, рукъ гвангъизе жаниб бакулеб чирахъ гӀадаб жо. Гвангъараб рекӀелъан бачӀунеб фикро бацӀцӀадаб, хӀакъаб букӀинарищ? Гьеб бацӀцӀадаб пикроялдалъун кӀалъай хӀикмат букӀинарищ?].

Лагълъун вукӀаго, жиндир мавлаяс: «Чахъуги хъун, гьелъул бищун лъикӀаб кӀиго сан босун вачӀа», – ян витӀидалги, ва: «Бищун квешаб кӀиго сан босун вачӀа», – ян витӀидалги, кӀиябго нухалъ мацӀги ракӀги босун гьев вачӀиндал, мавлаяс гьасде абун буго, «Гьаб мацӀги ракӀги бищун лъикӀабги бищун квешабги букӀунеб кин?» – илан. Лукъманица абулеб буго: «ЛъикӀлъани гьаб кӀиялдасаго лъикӀабги, квешлъани гьаб кӀиялдасаго квешабги лагасан гьечӀилан».

Лукъман анцӀила кӀиазарго хӀикматалъул бабалдалъун кӀалъан вуго, гьел киналго халкъалъ жедер каламалде гъорлъе лъугьинеги гьарун руго.

ХӀикматалдалъун кӀалъаялъе цойги мисал. Свалатсалам лъеяв Аварагас абулеб буго:

**((رأس الحكمة مخافة الله ؛ كن ورعًا تكن أعبد الناس ؛ وكن تقيا تكن أشكر الناس ؛ البلاء موكل بالمنطق))**

«ХӀикматалъул бетӀер Аллагьасдаса хӀинкъи буго. Мун вукӀа варагӀ бугевлъун [ай, шубгьа-хӀарамалдаса цӀунаравлъун], мун гӀадамазул бищунго гӀибадат цӀикӀкӀарав

вукIина. Мун вукIа ТIадегIанав Аллагьасдаса хIинкъаравлъун, вукIина мун гIадамазул ТIадегIанав Аллагьасе бищунго щукру цIикIкIаравлъун». «Балагь кIал-мацIалда хурхараб, гьелда бараб буго». [Ай, гьоцIо чвахулеб гIадин, кIал-мацIалдаса загьроги чвахулелъул, беччан тани].

ТIадегIанав Аллагь жинда гурхIаяв имам Гъазалияс абулеб буго хIикматалъул хIакъалъулъ гьадин:

**قال الإمام الغزالي رحمه الله : من عرف جميع الأشياء ولم يعرف الله لم يستحق أن يسمى حكيما لأنه لم يعرف أجلّ الأشياء وأفضلها ، والحكمة أجل العلوم وجلالة العلم بقدر جلالة المعلوم وجل من الله تعالى ومن عرف الله فهو حكيم وإن كان ضعيف المنة في سائر العلوم الرسمية كليل اللسان قاصر البيان فيها ومن عرف الله كان كلامه مخالفا لكلام غيره فإنه قلما يتعرف للجزئيات بل يكون كلامه جمليا ولا يتعرض لمصالح العاجلة بل يتعرض لما ينفع في العاقبة ... الخ**

«Дунялалда бугеб щинаб жо жинда лъаниги, ТIадегIанав Аллагь жинда лъайчIого щив вугониги, гьев чи *хIаким* абурав цIаралъе мустахIикъав вукIунаро. Щаян абуни, гьев вукIиналъе гIоло кинабниги жоялдаса тIадегIанав, хирияв, лъайчIого ресго гьечIев Аллагь лъаларевлъун. ХIикмат ккола гIулумазул бищунго тIадегIаганблъун ва хирияблъун. ГIилмоялъул хиралъиги букIуна, жиб лъай тIалаб гьабулеб жоялъул хиралъиялъул къадаралда, Аллагьасдаса тIадегIанаб жоги гьечIелъул, дов лъай тIалаб гьабиялдаса тIадегIагIанаб гIилмоги гьечIо.

ТIадегIанав Аллагь лъан щив вугониги, гьев ккола хIаким, цогидал расмиял гIулумазулъ баян кьезе гьунар гьечIев вугониги. ТIадегIанав Аллагь жинда лъарав чиясул каламги букIуна цойгидасул каламалде данде ккоалреб. Щаян абуни, гIарифасул калам букIуна гIе-

мерисеб мехалда жузъияб гореб [ай, цо жоялда чIараб гореб], гIаммаб, рагIа-ракьанде щвараб, ай пикро гъваридаб ва гIатIидаб. Гъединго гIарифасул калам букIуна дунялалъул масалихIаздехун балагьараб гореб, ахираталъе пайда бугеб рахъалде буссараб». ХIикматалъул хIакъалъулъ ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿يُؤْتِي ٱلْحِكْمَةَ مَن يَشَآءُ ۚ وَمَن يُؤْتَ ٱلْحِكْمَةَ فَقَدْ أُوتِيَ خَيْرًا كَثِيرًا ۗ وَمَا يَذَّكَّرُ إِلَّآ أُو۟لُوا۟ ٱلْأَلْبَٰبِ ﴿٢٦٩﴾﴾ البقرة: ٢٦٩

«ТIадегIанав Аллагьас хIикмат, ай Къуръаналъул вагIзаби, насихIатал, гьелъул магIнаби баянлъун, магIна бичIчIун хадуб, гьелда гIамал гьабизе тавфикъ кьола Жиндирго рахIмо-цIцIобалдалъун, лагъасул истигIдад[1] гьев лагъ вижинелдего лъалевлъун вукIун, Жиндие вокьарав лагъасе. Рехсараб хIалалда хIикмат [ай, гIилмоги гIилмоялда гIамал гьабизе тавфикъги] кьун щив вугониги, гьев вуго ТIадегIанав Аллагьас дунялалъулги ахираталъулги гIемераб лъикIлъи жиндие кьурав чи».

**فحقيقة الحكمة نور من أنوار صفات الحق يؤيد به عقل من يشاء من عباده ... الخ**

ХIасил, хIакъикъаталда хIикмат ккола ТIадегIанав Аллагьасул сифатиял нураздаса нур, Жиндие вокьарав лагъасул гIакъло жиндалъун цIакъ гьабулеб. Гьеб, жиндир хIакъикъат нурлъун бугеб, хIикмат рещтIине гьабула ТIадегIанав Аллагьас Жиндир вализабазде, аваргзабазде вахIю рещтIине гьабулеб гIадин. Ва, нубуват бугеб гIадин, лагъасул касбоялдалъун гореб, ТIадегIанав

[1] *Ай, гьеб хIикмат къабул гьабизе ракIалъул хIадурлъи.**

Аллагьас кьолеблъун,[1] гьединго хIикматги буго аварагзабаз жиб хIасуллъулеб, ай тIалаб гьабулеб, нух манлъиялдалъун горони, живго лагъасул касбоялдалъун хIасуллъулареблъун[2]. Ай, аварагзабаз жиб тIалаб гьабулеб нухги манлъун, ТIадегIанав Аллагьас кьун горони, щолареблъун; Свалат-салам лъеяв Аварагас манлъараб гIадин: «Щив чи вугониги, кIикъого къоялъ жинца бацIцIадаб ихласалда гIибадат гьабун, гьесул рекIелъан загьирлъула кIал-мацIалде хIикмат», – илан. Гьединго, аварагзабазул ракIал ругел гIадин жедеде вахIю рещтIунеллъун, вализабазул ракIалги руго жедеде хIикматал рещтIунеллъун. Гьелъие далилги нелъеца цебе рехсараб ТIадегIанав Аллагьасул рагIи: «Дица Лукъмание кьуна хIикмат», – абураб.

**وقال عيسى عليه السلام : أين تنبت الحبة؟ قالوا : في الأرض فقال : كذلك الحكمة لا تنبت إلا في قلب مثل الأرض هو موضع نبع الماء**

ГIалайгьи ссалам, ГIиса аварагас абун буго хIавариюназде, мугь киб бижунеб абун, гьез абун буго, ракьалда бижунаян, ай баккулаян. Цинги ГIиса аварагас ﷵ абун буго: «Гьединго хIикматги бижунаро, мугь бижунеб ракьалда релълъараб рекIелъ горони», – ян.

**وقال حسين بن منصور : الحكمة سهام وقلوب المؤمنين أهدافها والرامي الله والخطء معدوم .**

Мансурил вас ХIосен абурав гIарифуназул цоясги абулеб буго: «ХIикматалъул мисал буго чIоралъул,

*[1] Ай, аавараглъи бугебго гIадин, Аллагьас Жиндирго рахIматалдалъун кьун горони, лагъас тIалаб гьабун гьесие щолареб жолъун**

*[2] Ай, аварагзабаз хIикмат тIалаб гьабулеб нух лагъасде манлъун, Аллагьасги кьун горони, лагъасе хIикматги щоларо**

муъминзабазул ракIазул мисал буго чIелалъул[1], чIор речIчIулев чиги ТIадегIанав Аллагь, Аллагьас речIчIараб чIорги гIуждаса алхунаро».

**وفي الحديث : ((ما زهد عبد في الدنيا إلا أنبت الله الحكمة في قلبه وأنطق بها لسانه بصّره عيوب الدنيا وعيوب نفسه)). «روح البيان» جـ ٧ ، صـ ٧٤**

«Дунял жинца рехун тарав лагъасул рекIелъ ТIадегIанав Аллагьас бижине гьабула хIикмат, кIалъайзеги гьавула гьев лагъ хIикматалдалъун, гьесда рихьизеги гьарула дунялалъул ва жиндирго нафсалъул гIуюбал[2]».

## ЧIУХI ВА ЧIУХIУХЪАБИ ШАРГIАЛЪ КАКИЯЛЪУЛ БАЯН

ГЬанжи чIухIалъул хIакъалъулъ:

**قال بعض الحكماء : إن افتخرت بفرسك فالحسن والفراهة له دونك ، وإن افتخرت بثيابك وآلاتك فالجمال لها دونك ، وإن افتخرت بآبائك فالفضل فيهم لا فيك ولو تكلمت هذه الأشياء لقالت هذه محاسننا فما لك من الحسن شيء فإن افتخرت فافتخر بمعنى فيك غير خارج عنك . «روح البيان»**

ХIукамаазул цояс абуна: «Мун чIухIани дурго рекIунеб чодалъун, лъикIлъиги лебаллъиги дур чуялъе буго, дуе гьечIо. Мун чIухIани дурго ратIлидалъун цогидал алатаздалъунги, берцинлъи гьезие буго, дуе гьечIо. Мун чIухIани дурго умумуздалъун, хиралъи-кIодолъи дозие буго, дуе гьечIо. Гьал рехсарал жал кIалъалеллъун рукIаралани, гьез абилаан, гьал нежер лъикIлъаби-берцинлъаби руго, дур гьездасан щибго жо гьечIилан. Мун

[1] Ай, мишень.*
[2] ГIунгутIаби.*

чIухIа, чIухIулевлъун ватани, дулъ бугеб магIнаялдаса, дудаса кидаго батIалъулареб, ай дулъго ругел магIнавиял махIасиназдаса».

**قال رسول الله ﷺ: ((لا يدخل الجنة من كان في قلبه مثقال حبة من كبر)) .**
**((مستطرف)) جـ ١ ، صـ ١٧٨**

Свалат-салам лъеяв Аварагас абуна: «КигIан гьитIинабниги чIухI рекIелъ бугев чи алжаналъуве лъугьунаро», – ян. Цойги хIадис:

**قال رسول الله ﷺ : ((من جر ثوبه خيلاء لا ينظر الله إليه)) . ((مستطرف))**

Свалат-салам лъеяв Аварагас абуна: «Щив чи вугониги жинца жиндир ретIел чIухIдае хадуб бехъерхъизе гьабун, гьев чиясде ТIадегIанав Аллагь валагьуларо», – ай, рахIматалъул балагьиялъ.

ХIажарил вас Ваил вачIун вуго свалат-салам лъеяв Аварагасухъе ва бихьизе гьабун буго Аварагасе ﷺ ракь. Цинги гьас абун буго, Аллагь разилъаяв МугIавиятиде: «Гьеб ракьалъул гIорхъиги лъайзе кагъатги хъвайзе вилълъа», – ян. Варанииялда рекIун Ваилги, вилълъанхъун МугIавиятги унаго, бакъул багIариялъ вилълъанхъизе захIмалъарав МугIавиятица абун буго Ваилиде: «Дунги рекIине гьаве дудаго нахъа варанияллда», – ян. Ваилица жаваб гьабун буго: «Дун нахъа чагIи рекIине гьарулел ханзабаздаса гьечIо», – ян. Аллагь разилъаяв МугIавиятица хадубги абун буго Ваилиде, «Дур хьиталниги кье дихъе ретIине», – ян. Гьелде дандеги абун буго Ваилица: «Духъе ретIине кьезе хьитазда барахщунги гьечIо дун, кинниги дие бокьун гьечIо Еменалъул ханзабазда рагIизе, дуца дир хьитал ретIанилан. Мун вилълъанхъе гьаб дир

варанияльул рагIдукьан, гьеб гIела дуе кIодолъи ва тIадегIанлъи», – ян. Гьаб даражаялъул чIухIухъаби нелъер заманалдаги камун гьечIо. Тавфикъ кьеги Аллагьас бусурбабазе, нафсалъ гореб, нафсалда кьили лъезе!

**وقيل : لا يتكبر إلا كل وضيع ولا يتواضع إلا كل رفيع . «مستطرف» جـ ١ ، صـ ١٨٠**

Цо гIакъилав чияс абулеб буго: «ГIодорегIанал чагIи горони чIухIуларо», – ян. Ай, чIухI кколеб буго, гьев чиясда лъайчIониги, гIадамазда жанив жив гIодовегIанав, къадро-къимат гьечIев вукIиналъе гIаламатлъун, ТIадегIанав Аллагьасда рихарав, Къуръаналда какарав вукIиналда тIадеги. Жалго жедецаго гIодорегIаналлъун рикIкIунаро, ТIадегIанав Аллагьасда аскIор тIадегIанал гIадамаз горони.

ХIасил, ТIадегIанав Аллагьас Жиндир лагъ басра гьавуларо, живго жинца басра гьавун горони, гьелъул бетIер ккола чIухI. Живго жинцаго гIодовегIан гьавунагIан, ТIадегIанав Аллагьас лагъ тIадегIан гьавула. Хадув гIаламалъги кIодо гьавула.

***ХIасил, чIухI ккола инсанасул гIакъло дагьлъиялъул гIаламат, гореб батани, ТIадегIанав Аллагьасул лагъ, сундасан вижарав, кисан дуньялалде вачIарав чийилан чIухIизе кколев?***

**وكان ابن عوانة من أقبح الناس كبرا . روي أنه قال لغلامه : اسقني ماء ، فقال : نعم . فقال : إنما يقول نعم من يقدر أن يقول لا ، فأمر بضربه . وطلب خادما فكلمه فلما فرغ من كلامه دعا بماء فتمضمض به استقذارا لمخاطبته . «تحفة المرضية» صـ ٣٣**

Ибну-ГIаванат абун вукIун вуго цо чи, халкъалда гьорлъго чIухIиялъул рахъалъ къабихIав. Цо нухалъ гьес абун буго жиндирго хъулухъчиясде, гьекъезе лъин босеян.

Босилаян хъулухъчияс абидал, Ибну-ГІаванатица: «Босилаян аби – босилароян абизеги кІолев чиясул калам буго», – янги абун, гьев хъулухъчиясда, тагІзир гьабун, кьабеян буюрун буго. Хадусан цойги хъулухъчи тІалабги гьавун, гьесулгун кІалъай гьабун хадубги, гьас лъинги бачІине гьабун, кІал хулун буго, гъосде кІалъараб жиндирго кІалалда ракІкъан, гьеб бацІцІалъизе.

**قال أحنف بن قيس : ما تكبر أحد إلا من ذلة يجدها في نفسه ، ولم يزل الحكماء تتحامى الكبر وتأنف منه . ((مستطرف))**

АхІнаф абун гІарифуназдаса цояс абуна: «ЦохІониги чи чІухІичІо жиндир нафсалъулъ бугеб гІодобегІанлъибасралъиялдалъун горони».

ХІасил, нафсалъул чІухІ бергьанагІан, инсан ТІадегІанав Аллагьасда аскІов гІодовегІанав, басриявлъун вукІуна, ва гьединго – халкъалда гьоркьовги.

Нелъеца цебехун рехсей гьабурал хІукамаал кидаго тІаса инчІо чІухІалдаса цІунулеллъун ва гьеб чІухІ рихараллъунги горони. Ай, гьел хІукамаазда, гІакъилал гІадамазда аскІоб чІухІ цІахъ нахъегІанаб пиша буго. ЧІухІиялдаса цІунаги МухІаммадияб уммат!

Гьевго АхІнафица абулеб буго:

**عجبت لمن جرى مجرى البول كيف يتكبر**

«Дица гІажаиблъи гьабула кІицІолго лълъел тІагІараталъул каналалдасан вачІарав инсан чІухІиялда». Ай, кин гьев чІухІулев? АхІнафил гьаб калам лъица къабул гьабилареб, ялъуни лъица гьеб гьереси гьабилеб?

Свалат-салам лъеяв Аварагас абуна:

**قال رسول الله ﷺ : ((إن نبيكم واحد وإن أباكم واحد وانه لا فضل لعربيّ على عجميّ ولا حمر على أسود إلا بالتقوى))**

«Ножор Авараг цо вуго, эменги ножор цо вуго, ай Адам ﷺ. ТӀокӀлъи, кӀодолъи, хиралъи гӀарабиясе гӀажамиясдаса, багӀарасе чӀегӀерасдасаги ТӀадегӀанав Аллагьасда аскӀоб гьечӀо, гӀицӀго такъваялдалъун [ай, Аллагьасдаса хӀинкъиялдалъун] горони», – ян.

АсмагӀияс бицунеб буго, гьев цо сордоялъ КагӀбаялда сверун тӀаваф гьабула вукӀаго, гьесда вихьун вуго цо гӀолохъанчи, КагӀбаялдаги хурхун ТӀадегӀанав Аллагьасдехун мунажаталда. Цинги, кутакалда гӀодиялъ гӀодизеги гӀодун, гьев гӀолохъанчи гӀодовги ккун, тамахлъун вуго, ай кӀотун ккун вуго. АсмагӀи, аскӀовегӀанги ун, ххал гьабидал, гьев гӀолохъанчи ватун вуго ГӀали-Зайнул-ГӀабидин. Ай, Карбилаалда эмен ХӀосенги жиндирго кӀудияв вац ГӀали-акбарги чӀван, нахъе хутӀарав ГӀали-асгъар. Цинги АсмагӀи, Зайнул-гӀабидинил бетӀерги жиндирго кварчӀиниб лъун, гӀодун вуго. Гьасул беразул магӀу кӀаркьеналда тӀаде тӀинкӀараб мехалъ, Зайнул-гӀабидин вигьун вуго, бералги рагьун, гьасухъги валагьун, мун щиван гьикъунги буго. Дун АсмагӀи вугоян жавабги гьабун, гьас абун буго: «Я Расуласул рукъалъул агьло! Дур гьаб гӀодиго щиб, ножор хӀакъалъулъ ТӀадегӀанав Аллагьас абун гьечӀищ гьадин», – иланги абун, цӀалун буго гьаб Къуръаналъул аят:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ إِنَّمَا يُرِيدُ ٱللَّهُ لِيُذْهِبَ عَنكُمُ ٱلرِّجْسَ أَهْلَ ٱلْبَيْتِ وَيُطَهِّرَكُمْ تَطْهِيرًا ﴿٣٣﴾ ﴾ الأحزاب: ٣٣

ТIадегIанав Аллагьас гьаб 33 аб. аяталда Расуласул ﷺ руччабазде: «Ножоца какги бай, закатги бахъе, [ТIадегIанав] Аллагьасеги Аллагьасул Расуласеги мутIигIлъе», – ян абун хадуб, абулеб буго: «Гьедин нуж хьвадиялдалъун [ТIадегIанав] Аллагьасе бокьун буго ножода тIаса ине гьаризе мунагьал, я Расуласул рукъалъул агьло, нуж рацIцIадги гьаризе магIсиятаздаса ва магIсиятаздаса цIунараллъунги рукIине». Гьаб рехсараб аят АсмагIияс жиндие цIалидал, ЗайнулгIабидин-ГIалицаги абун буго: «Я АсмагIи! ТIадегIанав Аллагьас алжан бижун буго Жиндие мутIигIлъарасе, хIабашияв лагъ вугониги. ЖужахIги бижун буго Жинде гIасилъарасе, къурайшияв вугониги». Гьадинги абун, цIалун буго АсмагIиясе гьаб аят:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿فَإِذَا نُفِخَ فِي ٱلصُّورِ فَلَآ أَنسَابَ بَيۡنَهُمۡ يَوۡمَئِذٖ وَلَا يَتَسَآءَلُونَ ١٠١﴾ المؤمنون: ١٠١

«Исрафил малаикас [кIиабилеб] суралъубе пураб мехалъ [ай, къиямасеб къоялъ халкъ тIаде бахъине гьабураб мехалъ], цояв цоясда чIухIизе гьениб насабтухум цIехоларо, цIехезе регIарав чиги вукIунаро. Гьенив вац вацасдаса тIурула, эбел-эмен лъималаздаса тIурула, лъадудаса рос тIурула, цуцада рихьизецин бокьуларо. Гьенив щивав чи жиндаго машгъуллъун вукIуна. ГIагарлъиялдасан, тухум-кьибилалдасан комек жиндие гьечIолъиялъе гIоло».

## ТАВАЗУГIАЛЪУЛ, АЙ ЖИВГО ЖИНДАГО ГIОДОВЕГIАНАВЛЪУН ВИХЬИЯЛЪУЛ, ХИРАЛЪИ

**والتواضع سر من أسرار الله المخزونة عنده لا يهبه على الكمال إلا لنبيّ أو صديق فليس كل تواضع تواضعا وهو أعلى مقامات الطريق وآخر مقام ينتهى إليه رجال الله وحقيقته العلم بعبودية الفس ولا يصح من العبودية رياسة أصلا لأنها ضدّ لها ولهذا قال أبومدين قدس سره : آخر ما يخرج من قلوب الصديقين جب الرياسة . «روح البيان» ، جـ ٧ ، صـ ٧٤-٧٥**

ТавазугI, ай живго жиндаго гIодовегIанавлъун вихьи, ТIадегIанав Аллагьасул асрараздаса сирру буго, ай балъголъабаздаса балъголъи буго, Жинца хазиналъун цIунараб, аварагзабазеги сиддикъуназеги горони, куммалазецин жиб кьолареб. Куммалал гIисинал чагIи горо. Сиддикъ абураб цIар, жинда Аллагь разилъаяв Абубакариде ТIадегIанав Аллагьас лъураб буго. Гьев горони, гьеб цIар лъурав чи гьечIо. Гьединлъидал сиддикъунал абураб цIар тIадегIанлъиялъул рахъалъ бищун тIокIаб буго, аварагзабазда хадуб.

Гьеб тавазугI тIарикъаталъул макъамазул бищун тIадегIанабги ккола, ва, гьединго, *рижалуллагь*ал жинде щолеб ахирисеб макъамлъунги ккола. Гьеб тавазугIалъул хIакъикъатги ккола нафсалъул гIубудият, ай гьелъул мутIигIлъи, лъай. ГIубудияталъе бегьуларо риясат, риясат бокьи ккола нафсалъул кIодолъи, гьеб ккола тавазугIалъул гIаксалда. Риясатги ккола хIакинлъи, тIадчилъи. Гьединлъидал абуна Абу-Мадян къуддиса сирругьуяс: «Ахиралда сиддикъуназул ракIазулъа бахъулеб жо буго риясат бокьи», – ян. ХIасил, риясат бокьи жиндилъ бугебгIан заманалда, дунялалда бугеб

щинаб гIилмо цIаланиги, гьев чи сиддикъуназда гъорлъа вукIунаро. Живго жинцаго кIодо гьавун, тIадегIанлъи-кIодолъиялде инсанги щоларо киданиги.

## ИБЛИС КЪОСИНАЛЪУЛ БАЯН

Бицен буго бачIараб, Исрафил малаикасда ﷺ бихьарабила *ЛавхIул-махIфуз*алда хъван: «Курубиюназда гъорлъа вукIине вугоцояв, живгоги къосарав, жинца гIаламги къосине гьабулевлъун», – илан. Цинги Исрафил малаик, жиндирго нафсалда хIинкъун, гьас цогидал курубиюназде бицун, гьалги жинди-жиндир нафсалда хIинкъун, кутакалде ургъаликье ккаралила. Иблис абуни букIарабила жиндир гIибадаталъ зобалазул агьлого хIайран гьабурав, машгьурав гIабидлъун, ва ТIадегIанав Аллагьас жиндир дугIа къабул гьабулеблъунги. Гьанжи гьал киназго хIукмуги гьабун, иблис тIамурабила ТIадегIанав Аллагьасде гьаризе, «Жал, жибги къосараб, жинца халкъги къосине гьабулелдаса гьаруге», – ян. Жиндир рекIелъ бугеб бахчараб чIухIиялъул кутакалъ, малгIун-иблисалъ гьарарабила: «БетIергьан Аллагь! Дуца гьал гьаруге гьединаллъун», – илан. Ай, гьаб малгIунал абун гьечIо, ниж гьаругеян, щаян абуни, гьалда жибго малгIунлъун гьабулебилан ккунго букIинчIого, чIухIалъул кутакалъ. Цинги ТIадегIанав Аллагьас, гьалъул дугIаги къабул гьабун, курубиюнал [ай, бищунго хириял малаикзаби] киналго хвасар гьаруралила, гьаб жибго малгIунлъунги гьабурабила.

*ЧIухIараб хIелеко хIарщулъ къан, холин,*
*Халкъалда жанибго кици батана;*
*Кициги биценги, гIибрат бугесе,*
*ГIуламааз лъолеб дарслъун букIуна.*

*Дунял-ухраялъул лъикIаб щиналде*
*Лъай бугез, кантIизе, кици тIамула;*
*Квешабщиналдаса нахъегIан къайзе*
*Ният бацIцIадасе ярагълъун чIола.*

*Нусалда бичIчIизе ясалде аби –*
*Сиясат лъалезул гIакълолъун ккола;*
*ГIакъилас гьабулеб насихIат-вагIза*
*ГIарацгин меседалъ данде цIаларо.*

*«Дун», «Дица» абураб рекIел чIухIиялъ*
*ЧIвала чанги ахIмакъ, расги лъайчIого;*
*Расмиял гIулумаз загьирги къачIан,*
*ЧIаго хавараб рекIей хIаят[1] щоларо.*

*ШаригIат къачIайзе тIарикъат гьечIес*
*Гьава-нафс квегъизе кинго рес гьечIо;*
*Расулуллагьасул ахлакъал[2] кквезе*
*Комек къварагIарас – ирсилав цIехе!*

*ЦIаличIебги гIилмо лъайзе бокьани,*
*Лъаралда рекъараб гIамалгун хьваде!*
*ГIирфаналъул иццде щвезе хьул лъурас,*
*Щваразул хьибил ккун, нух тIалаб гьабе!*

*Халикъас вижарав лагълъунги вукIун,*
*Лагълъун чIеларилан, чIухIун хьвадуге!*

*[1] ХIаят – чIаголъи.**
*[2] Ахлакъ – тIабигIатал.**

*ЧIухIараб хьвадиялъ ханлъи щоларин,*
*Ханлъи къварагIарас ракьалде гIин бай!*

*Бихьулищ Лукъманил васият бицун,*
*БетIергьан-Аллагьас аят рещтIараб?!*
*Аварагасулги ﷺ хIадис байинчIищ,*
*ЧIухIарал чагIазе алжан гьечIилан?!*

*Ананият[1] какун, кисса-кибего –*
*Кутубазда жаниб бицунеб гьечIищ?!*
*Цинги гьеб баккараб асло цIехани,*
*Аллагьасул тущман-иблис батула.*

*Иблисалда рекъон хьвадулев гIадан,*
*ГIайиб гьечIищ дуе гьеб цIар босизе?!*
*Расуласул хIадис, Къуръаналъул насс,*
*Такъва дулъ батани, бугищ иттибагI?!*[2]

*Бичун босичIогун щолеб букIундай*
*Дунялалъул чIухIи тIаса бищулеб;*
*БоцIи-мал хвечIого бачIунелъулдай,*
*Данде кIанцIун, гьелда гьаз къвалал ралел?!*

*Ибну ГIаванатил гIамал бугев чи,*
*ГIакъло дур батани гIодове вусса!*
*ГIадамал релъараб дурго хасият*
*Сурун бихьуларев, мунго щив инсан!*

*Мун зодоса гъоркье вачIунги гьечIин,*
*ЧIухIун хьвадиялъе далилгIаги щиб?*
*Дур эбел-эменги малайкал горин,*
*Кида мун ворчIилев гьеб макьидаса.*

---

*[1] «Дун» «Дица» – ян аби, ай живго жиндаго кIодого вихьи.**
*[2] ИттибагI – нахъвилъин.**

Мунафикъзабазул хIакъалъулъ бицен Къуръаналда гIемер буго. Гьале бищунго кIвар бугездаса цойги аят, СагIлабатил хIакъалъулъ жиб рещтIараб:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿وَمِنْهُم مَّنْ عَٰهَدَ ٱللَّهَ لَئِنْ ءَاتَىٰنَا مِن فَضْلِهِۦ لَنَصَّدَّقَنَّ وَلَنَكُونَنَّ مِنَ ٱلصَّٰلِحِينَ ﴿٧٥﴾ فَلَمَّآ ءَاتَىٰهُم مِّن فَضْلِهِۦ بَخِلُواْ بِهِۦ وَتَوَلَّواْ وَّهُم مُّعْرِضُونَ ﴿٧٦﴾﴾ التوبة: ٧٥ - ٧٦

«Мунафикъзабаздасан руго гьел чагIиги, жедеца ТIадегIанав Аллагьасе къотIи гьабурал, боцIи-мал, бечелъи жедее кьуни, жедеца садакъаги кьела, лъикIаб рахъалдеги кьела, нижги рукIина сулахIааз гьарулел лъикIал гIамалал гьарулеллъунилан. Цинги ТIадегIанав Аллагьас гьезул мурадлъун бугеб, гьез тIалаб гьабураб боцIиги кьун, бечелъидал, жал садакъа кьезе бахиллъарал, ТIадегIанав Аллагьасе мутIигIлъиялдасаги руссарал, гьабураб къотIиги жедеца тIобайзе гьабичIел».

ХIасил, мунафикъзабазул сифатаздаса ккола гьабураб къотIиялъе хилифлъи, аманаталъе хиянат гьаби, гьереси бицин, ракIалда бугелъул гIаксалда кIалалъ хабар бицин ва гь.ц. МуъминчиясулракI илагьияб нуралъ гвангъизабун букIуна, рухIги гьесул ТIадегIанав Аллагьасдехун буссун букIуна. Жиндехун буссараб гьеб рухI БетIергьанас назрул-гIинаяталдалъун, ай рахIматалъулаб балагьиялдалъун, ва гIубудияталъе тавфикъ кьеялдалъун, цIакълъизе гьабула. Цинги гьесул рухIги гвангъула илагьияб нуралдалъун, ракIго гIадин. РакIги рухIги илагьияб нуралъ гвангъун хадуб, гьесулъ рижуна, фаризаял рукIаниги, суннатал рукIаниги, ай какал рай, кIалал ккой, садакъа-хайрат гьабигIадал, ТIадегIанав Аллагьасде, ай къурбаталде жедеца ахIулел РахIманиял хаватIирал.

**وفي الحديث : ((إن النافلة هديّة المؤمن إلى ربّه فليحسن أحدكم هديته وليطيبها))**

Свалат-салам лъеяв Аварагасул хIадисалада абулеб буго: «Черхалда хурхарал ругониги боцIи-малалда хурхарал ругониги, фаризаял тIоран, тIаде гьарулел гIамалал [ай, суннатал гIамалал] ккола муъминчияс жиндир БетIергьан Аллагьасе битIулеб гьадият, гьеб ТIадегIанав Аллагьасе битIулеб гьадият ножоца бацIцIад ва берцин гьабе», – ян.

Мунафикъасул ракIин абуни, илагьияб нур жаниб букIунгутIиялдалъун, нафсаниял сифатазул бецIлъалабаз бецIлъизабун букIуна. РухIги гьесул дунялалде ва гьелъул берцинлъиялдеги буссун букIуна, квешаб щиналдалъун жинца амро гьабулеб нафсалда нахъ билълъараблъун, гьелъие мутIигIаблъун букIиналъе гIоло, жиб ТIадегIанав Аллагьасул балагьиялдаса бахъун ккараблъунги букIуна, гьелъул гьалмагълъи щайтIаналъулгун букIиналъе гIоло. ЩайтIаналъулгун гьалмагълъи гьабиялъулги ва ТIадегIанав Аллагьасул балагьиялдаса бахъун ккеялъулги хIасилалда, гьеб нафсалъул зулмат, ай бецIлъи, цIикIкIуна, гучлъула, гьелъ ракI нахъги чIвала ТIадегIанав Аллагьасе ва Аллагьасул Расуласе ﷺ мутIигIлъиялдаса ва амро-нагью къабул гьабиялдасаги. Цинги гьесул рекIелъ рижуна нафсаниял, зулманиял хаватIирал, гьел хаватIираз гьев нахъги чIвала суннатал гIамалал гьариялдаса ва жиги фаризаял гIамалал гьариялдасагицин. Гьелде тIадеги, гьел лъугьуна суннатал гIамалал жедеца гьарулел гIадамал ралъаргъизеги, жакъа нелъеда бихьула бугеб гIадин, суннатал какал, ай ратибатал, райзе кколаро, азкарал гьаризе кколаро, чIумал сверизе кколароян, абулеб тайпа гIадамазул.

## АЛЛАГЬАС ДАВУД АВАРАГАСДА ГIАМАЛАЛ ЦIАЛЕЛ ЦIАДЕРАБИ РИХЬИЗЕ ГЬАРИЯЛЪУЛ КЪИССА

**وروي أن داود عليه السلام سأل ربه أن يريه الميزان فأراه إياه في المنام فلما رأى عظمته غشي عليه فلما أفاق قال إلهي من الذي يقدر أن يملأ كفته من الحسنات فقال يا داود إني إذا رضيت عن عبدي أملأها بتمرة**

Давуд аварагас ﷺ ТIадегIанав Аллагьасде гьарун буго, жинда, къиямасеб къоялъ гIамалал цIалел цIадираби, рихьизе гьареян. Гьесда гьел цIадираби ТIадегIанав Аллагьас рихьизе гьарун руго макьилъ. ЦIадерабазда тIад ругел гIамалал лъолел гъудрузул чIахIалъи бихьидал, Давуд ﷺ тамахлъун ккун вуго. Вигьиндал, гьас абун буго: «Я БетIергьан! ДодагIанго кIудияб гъадаро лъикIал гIамаламдалъун цIезе гьабизе кIолев чи щив вукIунев?» – абун. ТIадегIанав Аллагьас абун буго: «Я Давуд! Дун Жинда разияв лагъасул Дица доб гъадаро цохIо чамарсакалдалъунги цIезе гьабула», – абун.

Хал гьабеха, бусурбаби, ТIадегIанав Аллагь рази гьавиялъул бугеб кIудияб кIваралъул. Гьединлъидалин тIарикъаталъул имамзабаз нелъеде манлъулеб аврадазда хадуб: «БетIергьан! Дир мурад Мун лъайи буго, дица тIалаб гьабулеб жоги, [ай гIибадат-тIадгIаталдасан, тIарикъаталъул вирдаздасан] – Мун разилъи буго», – ян абизе. Ай, гьелдалъун дир мурад гьечIо дунялалъул ханлъи, кIодолъи, бечелъи, рецц-бакъ, алжан щой, жужахIалдаса цIуни.

КIикIуниса ГIалица абула, Аллагь разилъун хадув дие жужахIалъуве реханиги кIваричIоян. Гьеб цIакъ битIараб

рагIиги буго. Щаян абуни, Аллагь разилъун хадув, жужахIалде реханиги, цIадав Ибрагьим авараг ﷺ гIадин вукIинарищ? Нифакъ тIад гьабулел, гьелде рачунел гIамалаздаса ТIадегIанав Аллагьасул рахIмо-цIцIобалдалъун, цIунаги тIоцове дунги хадур диналъул вац-яцал ва тIолабго МухIаммадияб уммат.

## МУНАФИКЪАСУЛ ГIАМАЛ-ТIАБИГIАТАЛ

**وفي الحديث : ((ثلاث من كن فيه فهو منافق ، وإن صام وصلى وزعم أنه مسلم : إذا حدث كذب وإذا وعد أخلف وإذا ائتمن خان))**

Свалат-салам лъеяв Аварагасул хIадисалда абулеб буго: «Лъабго пиша-гIамал буго, щив чи вугониги гьеб лъабабго пиша-гIамал жиндилъ бугев, гьев чи мунафикъ вуго, жинца кIалал ккуниги, какал раниги, жив бусурманчи вугилан дагIба баниги: жинца хабар бицунеб мехалъ – гьереси бицин, гьабураб къотIи бихи, аманаталъе хиянат гьаби».

Гьаб хириб хIадисалъул магIнаялда тIасан руго батIабатIаял кIалъаялги:

**ومذهب الجمهور على أن هذه الخصال خصال المنافقين وصاحبها شبيه لهم فاطلاق اسم المنافق عليه على سبيل التجوز تغليظا كما أن الله تعالى قال : ﴿ومن كفر﴾ مكان ﴿ومن لم يحج﴾ لكمال قبحه . «روح البيان» جـ ٣ ، صـ ٤٧١**

ЦIикIкIарасел гIалимзабаз абулеб буго, хирияб хIадисалда рехсарал пишаби – мунафикъзабазул пишабаздаса ккола, гьел пишаби жиндилъ вугев чиги мунафикъзабада релълъон вуго. Мунафикъилан гьесде гIамм гьабун абуна, гьев мунафикъ вукIине бегьиялъул нухалда,

ай къвакІизе гьабун. ТІадегІанав Аллагьас «*Сурату али-ГІимран*»-алъул, 96 аб. аяталда абун бугеб гІадин: «ХІалги кІолаго, хІежги гьабичІого щив чи вугониги», – ян абулеб бакІалда, «Щив чи вугониги живкапурлъун», – илан, хІалги кІолаго, хІаж гьабунгутІи къабихІаб пиша букІиналъе гІоло. Гьелдаго релълъон, хирияб хІадисалдаги абун буго рехсарал сифатал жиндилъ вугев чиясде мунафикъилан, гьел пишаби къабихІал, нахъегІанал рукІиналъе гІоло. Свалат-салам лъеяв Аварагасул буго цойги хІадис:

**عن عبد الله بن عمرو بن العاص قال : قال رسول الله صلى الله عليه وسلم : أربع من كن فيه كان منافقا خالصا ومن كان فيه خصلة منهن كانت فيه خصلة من نفاق حتى يدعها : إذا حدث كذب وإذا عاهد غدر وإذا وعد أخلف وإذا خاصم فجر . قال الشيخ محي الدين النووي هذا الحديث مما عده جماعة من العلماء مشكلا من حيث ان هذا الخصال قد توجد في المسلم المصدق الذي ليس فيه شك وقد أجمع العلماء على أن من كان مصدقا بقلبه ولسانه وفعل هذه الخصال لا يحكم عليه بكفر ولا هو منافق مخلد في النار فإن إخوة يوسف ﷺ جمعوا هذه الخصال وكذا قد يوجد لبعض السلف ولبعض العلماء بعض هذا وكله . «خازن» جـ ٢ ، صـ ٢٤٦**

«Ункъго пиша буго, щив чи вугониги жиндилъ гьел пишаби ругев, гьев чи вуго вацІцІадав мунафикъ: хабар бицунелъул гьереси бицин, божуе хиянат гьаби, гьабураб къотІи хойзе гьаби, мекъаб жоялда тІад дагІбади. Щив чиясулъ бугониги гьадал пишабаздаса цояб, гьев чи вукІуна гьеб пишаялдалъун нифакъалъулъ, гьес гьеб пиша тезегІан».

Имаму нававияс [рахІимагьуллагь] абулеб буго, гьаб рехсараб хІадис гІуламаазул жамагІаталъ ишкалал гІемераб хІадис бугилан, щаян абуни, гьал рехсарал пишаби, жиндилъ щаклъи гьечІев, ритІухъав бусурманчиясулъги

рукIунелъул. ГIалимзабазул ижмагI ккана, Ислам ракIалъ къабулги гьабулев, кIалалдалъунги мукIурлъулев чи, рехсарал пишаби жиндилъ ругониги, гьесие куфруялда вукIиналъе ва даимго жужахIалъув хутIулев мунафикълъунги вукIиналъе хIукму гьабунгутIиялда. Юсуф аварагасул ﷺ вацазулъги данделъана гьадал пишаби, гьелдалъун гьел аварагзабазул мухъилъа рахъичIо. Гьединго гьел пишаби ратула цо-цо салафуназулъ ва цо-цо гIалимзабазулъги, гьел пишабазул цо-цоял, ялъуни киналго.

**قال الشيخ : هذا ليس بحمد الله إشكالا ولكن اختلف العلماء في معناه فالذي قاله المحققون والأكثرون هو الصحيح المختار أن معناه أن هذه الخصال خصال نفاق ، وصاحبها يشبه المنافقين في هذه الخصال ويتخلق بأخلاقهم ، فإن النفاق هو إظهار ما يبطن خلافه وهذا موجود في صاحب هذه الخصال فيكون نفاقه في حق من حدثه ووعده وائتمنه وخاصمه وعاهده من الناس لا أنه منافق في الإسلام فيظهره وهو يبطن الكفر ولم يرد النبي عليه الصلاة والسلام بهذا أنه منافق نفاق الكفار مخلدين في الدرك الأسفل من النار وقوله صلى الله عليه وسلم : كان منافقا خالصا معناه كان شديد الشبه بالمنافقين بسبب هذه الخصال قال بعض العلماء : وهذا فيمن كانت هذه الخصال غالبا عليه فأما من ندر ذلك منه فليس ذلك حاصلا فيه هذا هو المختار في معنى الحديث**

Хадубги имаму-Нававияс абулеб буго, гьаб хIадис ишкалаблъун кколаро, кинниги гIалимзабазул хилаф ккана хIадисалъул магIнаялда тIасан. МухIакъкъикъуназги гIемерал гIалимзабазги абураб, жиб сахIихIаб, тIаса бищараб магIнайин абуни, гьаб хIадисалъул: рехсарал пишаби руго жедеца нифакъ тIад гьабулел пишабаздаса, гьел пишаби жиндилъ ругев чи релълъон вуго мунафикъзабада, гьел пишаби жинца хIалтIизе гьариялъулъ. Гьев

чияс релълъенлъи гьабун буго ахлакъазул[1] рахъалъ мунафикъазабада. Нифакъ абураб жоги, ракIалда бугелъул хилафалда кIалалъ бицин бугелъул, гьебги гьев чиясулъ батун бугелъул. Цинги гьесул нифакъ букIуна, жиндие гьереси бицарав, жиндие къотIи хойзе гьабурав, жиндие хиянат гьабурав, жив мекъавги вукIун, щивгун дагIбадун вугониги, гьесулги гьал киназулгоги хIакъалъулъ, Исламалъул хIакъалъулъ горо. Ай, куфруги бахчун, Ислам загьир гьабурав мунафикълъун вукIунаро. Масала, гьадал пишаби жиндилъ ругев чияс цо пуланасе къотIи хойзе гьабуни, ялъуни досул аманат тIобайчIони, гьадав чиясул хIакъалъулъ вукIуна гьав жинца нифакъ загьир гьабуравлъун, абадиялъго жужахIалъув вукIунев гIаммав, ай капурав мунафикълъун вукIунаро. Свалат-салам лъеяв Аварагасулги мурад гьечIо, дол пишаби жиндилъ ругев чи абадиялъго жужахIалъув хутIулев, капурав мунафикъилан абураб. Дол пишаби жиндилъ ругев чиясде свалат-салам лъеяв Аварагас вацIцIадав мунафикъилан абиялъул магIнаги буго, гьадав чи цIакъго кутакалда капурав мунафикъасда релълъарав вугоян абураб.

ГIалимзабазул цояс абуна: «Рехсараб магIна, гьадаб хIадисалъул, гьел пишаби жиндилъ гIемерисеб заманалда хIасуллъулев чиясул хIакъалъулъ буго, нагагь-надир горони гьел пишаби жиндилъ хIасуллъуларев чиясул хIакъалъулъ гьечIо», – ян. Гьаб ккола хIадисалъул тIаса бищараб магIнаги.

---

*[1] ТIабигIатазул.**

## САГІЛАБАТ КЪОСИНАЛЪУЛ КЪИСА

*ХІабибуллагьасул масжидалъув жив*
*Релъедаги къадги даим вукІунев*
*Ансарияздаса ХІатІибил валад*
*СагІлабатин абун цо чи вукІана.*

*Цинги СагІлабатий асхІабзабаца*
*ХІамаматул-масжид[1] – цІаргицин кьуна;*
*Ракьалда суждаби гІемер гьариялъ,*
*Ка рукбатиль багІир[2] нодо лъугьана.*

*Рогьалил какдаса салам кьурабго,*
*СагІлабат рокъове унев вукІана;*
*Азкаралгин дугІа Расулуллагьас ﷺ*
*ГьаризегІан чІолеб гІадат букІинчІо.*

*Дур, мунафикъзабаз гьабулеб гІадаб,*
*Гьаб гІадатго щибан, Расул кІалъана ﷺ;*
*РахІманасдасан дуй хІажатаб жого*
*ГьечІогойищилан, гьесда гьикъана.*

*Цинги Расуласе СагІлабатица,*
*ГІузру загьир гьабун, хабар бицана;*
*Рокъов гІедегІизе далиллъун гІураб,*
*ГІилла баян гьабун, жавабги кьуна.*

*Жинца тІад ретІараб гьаб горде, бахъун,*
*Хъизаналъухъ кьезе кколин абуна;*

*[1] Масжидалъул микки.**
*[2] Варанияльул накаби гІадин.*

*КьечIони, как байзе гъолъий рес гьечIин,*
*Гъаятул-факъроги[1] цебе рехана.*

*Хадуб ХIабибасде: «Дий боцIи кьеян*
*ДугIа гьабе», – абун гьарун кIалъана;*
*Расулас: «ВайхIака, я СагIлабат», – ан[2]*
*МаслахIат гьечIолъи бичIчIизабуна.*

*Гьанжиги тIад вуссун, СагIлабатица*
*Расуласде: «Дий мал гьаре», – абуна,*
*«Мун Аварагасда релълъон вукIине*
*Рази гьечIищ?» – илан ХIабиб кIалъана ﷺ.*

*«Дир нафс кодоб бугев АллагьасхIаги,*
*Меседгин гIарацлъун гьал мугIрул дида,*
*Дий бокьани, цадахъ рилълъанхъула», – ян*
*Расулас хадубги тIаде жобана.*

*Жигиги СагIлабат, боцIи-малалде*
*ЦIан араб хивалалъ, хадув вачIана;*
*Хирияв ХIабибас гьабураб калам*
*Гьасул къалбуялъе[3] рекъонго ккечIо.*

*Расуласде вуссун, лъабабизеги*
*БоцIи жиндий гьари тIалаб гьабуна;*
*Гьеб кьунани, хIакъал тIорайзарилин,*
*ТIаде босун, факъир, гьедун, кIалъана.*

*Гьанжи СагIлабатил мурад тIобайзе*
*ТIаде ккеялъ, ХIабиб хIайран гьавуна,*

---

*[1] Ай, жиндир мискинлъи.*
*[2] Ай, «Балагь буго дуе» - ян абуна, ай боцIи кьуни.*
*[3] Къалбу – ракI.**

*«Гьав СагIлабатие боцIи-мал кье», - ян,*
*БетIергьанасдехун лъабцIол ахIана.*

*Аварагас гьарун, Аллагьас кьуна,*
*СагIлабатил гIиял Мадина цIуна;*
*ГIияде хьвадизе хIажалъи ккана,*
*«ХIамаматул-масжид» вехьлъун вахъана.*

*Мадина тун, къватIив вахъине ккана,*
*Как жамагIатгун бай къанагIалъана;*
*Къадегин бакъанил гIужалъ горони,*
*Масжидалде ине регIел лъугьинчIо.*

*Гьанжги гIи боргьун, гьанив хIебтIичIо,*
*Дагьавги ричIаде вахъине ккана;*
*Рузмангин жамагIат рехонго тана,*
*МегIер-гIалахалда СагIлабат чIана.*

*СагIлабат тIагIиндал, асхIабзабаде*
*Аварагас, цIехон, гьикъа-бакъана;*
*«Гьав нелъер СагIлабат киве ккарав?» - ян,*
*Ккара-тараб лъайзе тIалаб гьабуна.*

*Гьанжи асхIабзабаз, Расулас кьураб,*
*«Гьев гIиги гIемерлъун, гIалах къварилъун,*
*ГIатIилъи балагьун, ун рагIулилан»,*
*РагIарабги бицун, суал борхана.*

*СагIлабатил къисмат Расуласда лъан,*
*«Я вайхIа СагIлабат!» – жинца абуна;*
*Иблисалъул гIадаб гIакъибат бихьун,*
*ГIазаб щванин абун, гурхIун кIалъана.*

*Хадув ХIабибасухъ, закат тIад гьабун,*
*ТIасан, аят босун, Жабраил щвана;*

*Аллагьас манлъухъе гьеб бакIаризе*
*КIиго чи Расулас вакил гьавуна.*

*БоцIул бетIергьабаз кIиявго вакил,*
*Кирехун аниги, тIаде росана;*
*ТIадаб закагIатги, ракI разилъун кьун,*
*Роха-хинлъиялда тIадги руссана.*

*СагIлабатидеги эрга гIунтIана,*
*ТIагьаяс гьесухъе рисалат хъвана,*
*Рисалатгун цадахъ кIигояв ана,*
*КIудияб амрогун къватIир рахъана.*

*Къуръан-хIадисалъул хIукмуги босун,*
*СагIлабатихъе жал лебалго щвана;*
*ШафигIасул калам-кагъатги цIалун,*
*Кинаб жавабдаян, гIенеккун чIана.*

*ГIиядаса закат кьезе кколилан,*
*Кагътил мурад лъайдал, гьав хIалагъана,*
*Гьаб жо жизят[1] бугин, данде кIалъана,*
*Я гьелъул бацц бугин тIаде жобана.*

*Жинца Халикъасе гьабураб къотIи*
*Гьав къобухIадида кIочонго тана;*
*КIкIалал цIураб боцIи жиндие кьедал,*
*Жизяталда закат релълъенабуна.*

*Расуласе кьураб рагIиги хвана,*
*РекIелъ къарарлъараб нифакъ тIатана;*
*Дун ургъун вихьилин, цойги рачIаян,*
*ЧIового кIиявго нахъе витIана.*

---

[1] *Жизят – хIалица бахъулеб магъало (налог).**

*ТIагьаяс, чIорого гьел тIаде щведал,*
*«Я вайхIа СагIлабат», – кIицIол абуна;*
*БетIергьан Аллагьас аятги рещтIун,*
*Эв мунафикъ вукIин лъайзе гьабуна.*

*Аллагь разилъаяв ГIумар асхIабас,*
*СагIлабатихъе ун, хабар бицана;*
*Цинги дур хIакъалъулъ аят рещтIанин,*
*БадибчIвайги гьабун, хъачIго кIалъана.*

*КIвара-лъараб яхIалъ гьанжи СагIлабат*
*Садакъатул-мали кьезе ургъана,*
*Аварагасухъе гIиялги рачун,*
*Чара къотIун ккедал, ккана вачIине.*

*ВачIун тIаде щведал, Расулуллагьас*
*СагIлабатил закат къабул гьабичIо;*
*Къабул гьабизе дун нахъ чIван вугилан,*
*Нахъе рачун аян лъайзе гьабуна.*

*ЗакагIат нахъ чIварав чийилан абун*
*АсхIабзабазда гъорлъ гIар[1] жиндий щведал,*
*ГIодоса босун ракь сагIлабатица*
*БетIералде тIаде кквераца бана.*

*Рогьо щвей захIмалъун, ракь бухъичIого,*
*РакI бухIараб тавбо гьабурабани,*
*Тавбоялъул гъафу СагIлабатие*
*Таввабу-РрахIимас рагьун телаан.*

*Расулуллагьасе къадар щун хадуб,*
*Халифалъун тана Сиддикъун акбар.*

*[1] ГIар – рогьо-нич.**

*СагІлабат гьесухъе, закатги босун,*
*Къабул гьабейилан, гьарун вачІана;*

*Расулас нахъ чІвараб закат босизе*
*Дида кІоларилан, къабул гьабичІо;*
*РакІалда нифакъгун кІал гаргадиялъ,*
*Диналъулъ СагІлабат витІизавичІо.*

*Сиддикъ накълолъидал халафаталъе*
*ХатІабил ГІумарий къотІи гьабуна.*
*Гьесда аскІовеги, закат босеян,*
*СагІлабат вачІана, амма нахъ чІвана.*

*Аллагь разилъаяв ХатІабил ГІумар*
*Шагьидлъун хадуса, ГІусман вищана* ﵁
*ГІусман халифалъун тІамун хадувги,*
*Закатул-мал босун СагІлабат щвана.*

*Расул, Абубакар, ХатІабил ГІумар –*
*Гьаз нахъ чІвараб закат гьесги босичІо.*
*Гьалда СагІлабатил базар къокълъана,*
*Нифакъалъул цІаргун хабалъе ана*[1].

---

*[1] ГІусман асхІабас* ﵁ *гьесул закат босарабинги буго цо риваят* **والله أعلم**

## АЛЛАГЬАС НАГІАНА КЬУРАВ ЛЪАБГОЯВ

**وفي الحديث : ((ثلاثة لا يحبهم الله ورسوله وهم في لعنة الله والملائكة والناس أجمعين : البخيل والمتكبر والأكول)) . «روح البيان» ، جـ ٣ ، صـ ٤٧٢**

*ТІоцобе Аллагьас, хадуб Расулас ﷺ,*
*Цинги малайкзабаз, тІолабго халкъалъ*
*Лъабго чи вугила нагІана кьолев,*
*Кьогеги нелъее гьединаб гІамал!*

*Гьале гьезул цояв, цеве рехсарав*
*СагІлабат кинниги, бахилав гІадан,*
*Хадув, иблис гІадин, гІилла гьечІого,*
*ГІадада чІухІарав гІакъло гьечІев чи;*

*Чехьалъул горони, ургъелги гьечІев,*
*Кванан гІорцІуларев, хьвани гІадинав,*
*Дунялалъ гуккарав, хъантІи бергьарав, –*
*Гьавги лъабабилев, хІайвану-натІикъ[1]*

**وفي الحديث : ((ويل للأغنياء من الفقراء يوم القيامة يقولون ربنا ظلمونا حقوقنا التي فرضت لنا عليهم ، فيقول الله تعالى : بعزتي وجلالي لأبعدنهم ولأقربنكم)) . «روح البيان» صـ٤٧٢ ، جـ ٣**

*ТІагьаясул буго цойгиги хІадис,*
*Бечедал чагІазе факъираздасан*
*Къиямасеб къоялъ букІине бугеб*
*Къваридаб хІалалъул бицен гьабураб.*

[1] КІалъалев хІайван.*

*Гьел фукъарааца БетIергьанасде*
*ГIарз гьабулеб буго бечедаздасан,*
*Дуца жедеда тIад фарзлъун гьабураб,*
*Зулму гьабун, нежер хIакъ тIобайчIилан.*

*ХIакъ ножор тIобайчIел ричIадги гьарун,*
*Нуж Дица Дидего гIагар гьарилин,*
*Гьедин БетIергьанас фукъараазе*
*Рохел бицунила гIарасаталда.*

*Бечедав чиясда лъайзе тIад буго,*
*БетIергьанас жиндий кьураб малалъулъ*
*Мискин-факъирасул, къо бухIарасул*
*Къисмат букIунеблъи, гIакъло батани.*

*Къиямасеб къоялъ бецIизе кколин,*
*БетIер бугев чияс налъи тIад тоге!*
*Тавбоялъ чияр хIакъ тIаса кколарин,*
*ТIад буссинабизе цIакъ жигар бахъе!*

*Нахъа кьезейилан садакъа толев,*
*Тохлъукье гIажалалъ ккуни, щибилеб?*
*Щвейцариялъул банкалда лъурал*
*Долларал махIцани, цIам лъица щвалеб?*

*ШафагIат хIажатаб, хIинкъараб къоялъ*
*Къудратав Аллагьас ричIад гьавуни,*
*Гьанжи мун аскIове гIагар гьавулев*
*ГIадан ватуларин, тохлъуге гьудул!*

*Дуда лъикIаб-квешаб лъалеб батани,*
*Лъоге, воре, гали квегIаб рахъалде,*
*Кверал гIатIидасул рукъ – алжанлъидал,*
*Къарумавлъун вукIун, жужахI босуге!*

*Садакъа гьарун чи кIалтIе вачIани,*
*ЧIового витIуге, гIабаси кьунги!*
*ГIабаси кьезеги рес рекъечIони,*
*Къавлун-магIруф бицун[1], ракI батун витIе!*

## ГIАЖАИБАБ КЪИССА

*ВукIаравила цо цIакъ бечедав чи,*
*Бежараб гIанкIоги куйне хIадурун*
*ХIалилатгун[2] цадахъ гIодор чIолаго,*
*Рагьдохъан чиясул иш лъарабила.*

*Щивда вуго абун, ххал гьабейилан,*
*Гьас хъизан къватIие йитIарайила,*
*КъватIив нуцIил кIалтIа, эхетун чIарав,*
*Гьардохъан вугин, гьалъ бицарабила.*

*Цинги гьав, гьардохъан дида лъаларин,*
*ЛахIлъизаве абун кIалъаравила,*
*Росасул буюрухъ тIобайзе гьабун,*
*Гьалъги гьардохъан нахъ витIаравила.*

*Вакъарав гьардохъан нахъеги витIун,*
*Гьаз бежараб гIанкIо кIутIарабила.*
*Батун багьанаялъ, гьелдаса хадуб,*
*Гьасул боцIигин мал чурарабила.*

*Мискинлъиялде ккун, чара хванила,*
*Хадур лъадигин гьав ратIалъанила.*
*Гьанжи, гьардохъанлъи гьабун горони,*
*Гьасие хъат байзе бакI хутIичIила.*

---

[1] *Берцинаб рагIи бицун.**
[2] *Лъадигун.**

*Халкъалда цевесан къватIахъ хьвадизе*
*Гьав мискин, намуслъун, росу танила.*
*Росу бахун, къватIив, къвачIагун, тIилгун,*
*ТIобан гьардохъанлъи гьас гьабунила.*

*Гьадин хьвадулаго, цо сордоялъ гьав*
*Цо чиясул кIалтIа эхетанила.*
*Агьло-байталдехун, садакъа гьарун,*
*Гьардохъан вугевлъи лъайзабунила.*

*Бежараб гIанкIогун тIутIги цебе лъун,*
*Цо рос-лъади рокъор рукIарарила.*
*КъватIиб сас рагIидал росас лъадуде*
*Дов чи щиван бихье абурабила.*

*Амро тIобайзабун, къватIийги яхъун,*
*Гьардохъан вугин, гьалъ бицарабила.*
*Гьаб гIанкIоги босун, досий кьейилан,*
*Росас хадуйги гьай йитIарайила.*

*Гьардохъанасухъе гьеб гIанкIоги кьун,*
*ГIодилаго рокъой ячIарайила.*
*Росас: «Мун гIодулей щай?» – абунила,*
*Гьадинго йикIанин гьай кIалъанила.*

*Гьадинго гIодулел гIадат гьечIилан,*
*ГIилла бице абун, рос чIаравила.*
*Рукъалъ риххиялде иш ккола букIун,*
*Бихьараб хIикмат гьалъ бицарабила,*

*Гьадав гьардохъан дир цеве вукIарав*
*Рос ватанилан, гьай къварилъанила.*
*Къварилъахъдиялъе гIилла гьикъидал,*
*ГIилла бицунги, гьалъ жаваб кьунила:*

*Гьадав чиги дунги, къассе нилъ гIадин,*
*Бежараб гIанкIогун, тIутIги цебе лъун,*
*Кванайзехъинаго, рагьда иш рагIун,*
*Дуца гIадин досги къватIий йитIана.*

*КъватIив эхетарав гьардохъан вугин,*
*Гьадасеги дица баян гьабуна,*
*Гьардохъанго щиван, лахIлъизавеян,*
*РахIмо гьечIеб калам досги гьабуна.*

*Гьедин гьардохъанги, щибго кьечIого,*
*ЧIового тIад вуссун нахъе витIана,*
*Нахъа ниж ратIалъун, дун духъе ккана,*
*Досул ккараб къисмат къассе бихьана.*

*Рес бугев, бечедав чиги дов вукIун,*
*КIалтIа дов ватидал, тамашаго ккун,*
*Досда ракIги бухIун, гIодизе бачIун,*
*МагIо дир бераца ккойчIин абуна.*

*ЧIужуялъ гьеб къисса бицун бахъиндал,*
*Цинги, гьеб кIочараб, гьасги бицана,*
*Ножоца чIового нахъе витIарав*
*Гьардохъан дун вугин рагьун абуна.*

*Гьанжи муъминзаби, ххал гьабун бихье,*
*Халикъас гьабураб гьаб гIадлоялъул;*
*Гьардохъан чIового нахъе витIидал,*
*Досда бихьун бугеб баркат гьечIолъи!*

*ЧIужугин боцIи-мал кодоса босун,*
*Бихьулищ Аллагьас дов тун вугев куц?!*
*Цойги хIикмат гьечIищ, дос нахъе чIварав*
*Гьардохъанасде гьеб кинабго буссин?!*

*Аллагьасул нигIмат, щукру тун, квани,*
*Щаклъизе бакI гьечIо, нахъе босула,*
*Нахъе босичIого нагагь хутIани,*
*Истидраж букIуна, божун рукIунге!*

*Бер биххараб боцIи кодобе щведал,*
*Щукру тун хьвадиялъ гьебги паналъун,*
*Гьардохъаби гIадин, гIицIго хутIарал*
*ГIолохъаби жакъа дагьалищ ругел?!*

*Дунял-ухраялъул рохел бокьарас*
*Кьурал нигIматазе щукру цIакъ гьабе!*
*БоцIигин малалъул къиматго гьечIеб*
*Къо бачIунеб лъалес, – хIукъукъал тIорай!*

*ТIад налъи бугони, гьеб бецIичIого*
*ВорчIулищ гьудул мун кида-къадниги?!*
*Дуйго хайиралъе Халикъасухъе*
*Хьихьизе кьолелда кин барахщулев?!*

* * * * *

## АВАРАГАС ﷺ ЗАЙНАБ ЯЧИНАЛЪУЛ БАЯН

Гьанжи дагьабго баян свалат-салам лъеяв Аварагас Зайнаб [رضي الله عنها] ячиналъул хIакъалъулъ.

Зайнаб йикIана Расуласул ﷺ ункъгIалалъул яс, ай яцгIал. Расулас ﷺ гьей гьарана ХIарисатил вас Зайидие. Гьев Зайид вукIана Ислам бачIинелдего асирлъуде ккарав вас, Аллагь жинда разилъаяй Расуласул тIоцойисей лъади Хадижатица ункънусго диргьамалде вичун восарав, хадув жинца Расуласеги ﷺ кьурав, Расулас ﷺ тархъанги гьавурав.

Цо къоялъ Маккаялда гьев Зайидида дандчIвана жиндирго имгIал, гьев Зайидида къунчана ва гьикъана, мун лъихъ вугев абун. Зайидицаги бицана ГIабдуллагьил МухIаммадихъ вугоян. Гьанжи Расуласухъеги ﷺ ун, гьев Зайидил имгIалас абуна, гьав вас нежер вуго, нежехъего тIад вуссине гьавеян. Свалат-салам лъеяв Аварагас абуна, Зайидидеги кIалъан, гьесие бокьани, вачеха ножорго вас нахъеян. Гьеб мехалда Зайдица абуна ؓ: «Я Аллагьасул Расул! Мунги тун тIаса вищизе дие чи гьечIо», – ян. ИмгIалас Зайид жиндего цIана ва абуна: «Дуца гьабулеб жо щиб, Зайид, инсудасаги имгIаласдасагийищ дуца тIаса бищулеб лагълъун вукIин?» – илан. Зайидица ؓ жавабги гьабуна: «У, ножода аскIов вукIинегIан дие гьедин вукIине бокьила», – ян. Гьеб мехалъ свалат-салам лъеяв Аварагас Зайид васлъун гьавуна.

Гьав Зайидие Расулас ﷺ Зайнаб гьаридал, гьелъие ва гьелъул ва ГIабдуллагьие бокьичIо гьеб ригьин гьабизе. Зайнабица ؓ абуна Расуласде ﷺ: «Я Аллагьасул Расул! Дун ккола дур яцгIал, къурайшазул бищун тIадегIанай, дун рази гьечIо Зайидида», – ян. Гьеб мехалъ рещтIана гьезул хIакъалъулъ гьаб Къуръаналъул аят:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿وَمَا كَانَ لِمُؤْمِنٍ وَلَا مُؤْمِنَةٍ إِذَا قَضَى ٱللَّهُ وَرَسُولُهُۥٓ أَمْرًا أَن يَكُونَ لَهُمُ ٱلْخِيَرَةُ مِنْ أَمْرِهِمْ ۗ وَمَن يَعْصِ ٱللَّهَ وَرَسُولَهُۥ فَقَدْ ضَلَّ ضَلَٰلًا مُّبِينًا ﴿٣٦﴾﴾

الأحزاب: ٣٦

«Муъминзабаздасан бихьинчиясеги чIужугIадамалъеги бегьуларо, ТIадегIанав Аллагьасеги Аллагьасул Расуласеги бокьараб мехалъ цо иш гьабизе, гьелдаги разилъичIого, жедецаго цогидаб иш тIаса бищизе. Щив чи ву-

гониги, ТIадегIанав Аллагьасде ва Аллагьасул Расуласде гIасилъун, ай гьелда даимлъун, гьев чи ккола битIараб, гьидаяталъулаб нухалдаса тарараврлъун. Ай, хIакълъунго гьев чи вуссана битIараб, хIакъаб нухалдаса, къосана баянаб къосиналъ».

Гьаб рехсараб аят жедер хIакъалъулъ рещтIараб мехалда, Аллагь жодода разилъаял Зайнабги гьелъул вац ГIабдуллагьги разилъана Зайидилгун ﵁ ригьин гьабиялда ва абуна свалат-салам лъеяв Аварагасде: «Я Аллагьасул Расул! Ниж разиял руго дуца гьабураб хIукмуялда», – ян. Цинги Зайнаб [رضي الله عنها] Расулас ﷺ ячана Зайидие, гьелъие магьаридаеги кьуна анцIго динар, лъабкъого диргьам, горде-кIаз гIадал ретIунел жал, кIикъоялда анцIго муд тIагIам, лъеберго сахI чамарсакги. Рехсараб хIалалда Зайидие ﵁ Зайнаб [رضي الله عنها] ячун хадуб ккараб вакъигIаталъул хIакъалъулъ «Жалалалъул»[1] тафсиралда бицунеб буго гьадин:

**ثم وقع بصره عليها بعد حين قوقع في نفسه حبها وفي نفس زيد كراهتها ، ثم قال للنبي عليه الصلاة والسلام أريد أفارقها فقال : ((أمسك عليك زوجك))**

Зайнаб [رضي الله عنها] кьун хадуб, цо заманалдасан свалат-салам лъеяв Авараг ун вуго цо жиндирго къваригIелалъ Зайидихъе, Зайидги гьеб мехалъ рокъов вукIун гьечIо. Гьениб Зайнабида бер речIчIидал, Расуласул ﷺ рекIелъе гьей йокьи ккун буго, Зайдил рекIелъе гьей рихинги ккун буго. Цинги, Расуласуласухъеги ﷺ вачIун, Зайдица абун буго: «Дие Зайнаб ятIа гьайизе, ай еччазе бокьун буго», – ян. Расуласги ﷺ абун буго: «ЯтIа гьаюге, дурго чIужу билагье», – ян. Свалат-салам лъеяв Аварагасул ракIалде

[1] тIехьалде цIар*

Зайнаб йокьи кканаян абураб «Жалалалъул» тафсир къокъаб, гІей гьабулареблъун буго. Гьелда тІасан гьеб «Жалалалъул» хІашия – «Савиялда», абулеб буго гьадин:

**وهذا تفسير غير لائق بمنصب النبوة لاسيما بجتابه الشريف وأيضا يبعد أن النبي صلى الله عليه وسلم يخفى عليه حالها مع كونها بنت عمه وفي حجره .**

Гьаниб абулеб буго, рехсараб тафсир нубувваталъул, ай авараглъиялъул даражаялде данде кколареб, рекъолареб, хассго нелъер Аварагасул ﷺ тІадегІанлъиялда данде кколареб бугилан. Ва гьединго абулеб буго, свалат-салам лъеяв Аварагасда, жиндир яцгІалги йикІун йигеб хІалалъ, аскІой гІурайги йикІун йигеб хІалалъ, Зайнабил хІалхІукму лъалареб букІанаян абиги цІакъго ричІадасеб иш бугилан. Ай, бер чІварабго Зайнаб йокьизе ккани, Расуласда ﷺ гьей цейе лъаларей, йихьуларейлъунищ йикІарай, авалалда ячине рес гьечІогойищ букІараб абураб магІна.

Расуласе ﷺ Зайнаб йокьанаян абураб тафсиралъул хІакъалъулъ гьале «РухІул-баяналъул» гІибаратги:

**وبقيت بالنكاح معه مدة فجاء النبي عليه الصلاة والسلام إلى بيت زيد لحاجة فأبصر فأعجبه حسنها فوقع في قلبه محبتها بلا اختيار منه والعبد غير ملوم على مثله ما لم يقصد الإثم ونظرة مفاجأة التي هي النظرة أولى مباحة فقال عليه الصلاة والسلام عند ذلك : ((سبحان الله يا مقلب القلوب ثبت قلبي)) . «روح البيان»**

Цебе рехсохъе, Зайнаб Зайидие [رضي الله عنهما] ячун хадуб, заманалдасан свалат-салам лъеяв Авараг ун вуго цо къоялъ Зайидил рокъове, гьениб бер речІун буго Зайнабида, гІажаиблъизе гьавун вуго Зайнабил берцинлъиялъ, рехун буго ракІалде гьей йокьиги, жиндирго эхтиярго гьечІого. Гьедин, жиндирго эхтиярги гьечІого, ракІалде рехараб жо-

ялдалъун лагъасда гIайиб чIваларо, ракIалъ нахъ чIвараб бугони. Гъединго тIоцобе божкъаликьего речIчIараб бералъулги балагьиги хIалалаб буго, хIарамаб гьечIо, гьелдалъун лагъ мунагьалдеги кколаро. Жиндирго эхтиярги гьечIого, ракIалде гьадаб хивал ккедал, свалат-салам лъеяв Аварагас абун буго: «Дица вацIцIад гьавула ТIадегIанав Аллагь вацIцIад гьавиялъ, Жиндие рекъоларел щинал сифатаздаса. Я лагъзадерил ракIал сверизе гьарулев Аллагь! Дуца дир ракI чIезе гьабе, ай хIакъалда», – ян.

Гьениса Расулги ﷺ тIад вуссун вуго, цинги рокъове вачIиндал, Зайидиде Зайнабица бицун буго Расулас ﷺ гьабураб калам. Гьеб каламалъулъ цо хIикмат батиялдеги кантIун, Зайид ун вуго Расуласухъе ﷺ ва абун буго: «Я Аллагьасул Расул! Дие бокьун буго Зайнаб ятIа гьайизе, ай еччайзе», – ян. Расулас ﷺ гьикъун буго Зайидиде: «Щиб ккараб, Зайнабидасан бихьараб жогIаги горебищ дуда бугеб», – ан. Зайидицаги абун буго: «Валлагьи, дида гьелдасан щибниги лъикIаб горони, бихьараб жоги гьечIо, кинниги дие захIмат буго Зайнабил къадроялъул рахъалъ тIадегIанлъи ва дие зарални буго гьелъул мацIалдалъун», – илан. Свалат-салам лъеяв Аварагас Зайд нахъ чIвана Зайнаб ятIа гьайиялдаса, «Мун Аллагьасдаса хIинкъа Зайнабил хIакъалъулъ, дуца дурго чIужу, ай Зайнаб, ккой, билагье, ятIа гьаюге», – абиялдалъун. Рехсараб аяталъул тафсиралда тIасан гьадин абулеб буго «Хазиналдаги»:

**فإن قلت : ما ذكروه في تفسير هذه الآية وسبب نزولها من وقوع محبتها في قلب النبي صلى الله عليه وسلم عندما رآها وإرادته طلاق زيد لها في أعظم الحرج وما لا يليق بنصبه صلى الله عليه وسلم من مد عينيه لما نهى عنه من زهرة الحياة الدنيا**

Рехсараб хIалалда, свалат-салам лъеяв Аварагасул ракIалде, йихьарайго гьей йокьи ва гьединго, Зайдица еччани, гьей жинцаго ячине ракIалде ккейи – кIудияб мунагь гьечIищилан, гьединго свалат-салам лъеяв Аварагасул тIадегIанлъи, кIодолъи, жиндир даража-макъамалда рекъолареблъун кколарищ Зайнабиде балагьи, дунялалъул берцинлъиялде валагьиялдаса жив нахъчIваравлъунги вукIагоян абуни, – жаваб:

**قلت : هذا اقدام عظيم من قائله وقلة معرفة بحق النبي صلى الله عليه وسلم وبفضله ، وكيف يقال رآها فأعجبته وهي بنت عمه ولم يزل يراها منذ ولدت ولا كان النساء يحتجبن منه صلى الله عليه وسلم وهو زوجها لزيد فلا يشك في تنزيه النبي صلى الله عليه وسلم عن أن يأمر زيدا بإمساكها وهو يحب تطليقه إياها كما ذكر عن جماعة من المفسرين**

Свалат-салам лъеяв Аварагасе Зайнабил [رضي الله عنها] хIакъалъулъ рехсараб сифат жинца гьабурав чиясул, – гьеб ккола цIакъго тIасан ворчIи, Расуласе ﷺ рекъечIеб сифат гьаби, ва гьединго Расуласул ﷺ хIакъикъат, гьесул хиралъи, тIадегIанлъи лъангутIи. Кин абизе бегьулеб Расуласда Зайнаб йихьана, цинги гьев гIажаиблъизе гьавунаян, гьейги йикIаго жиндирго яцгIал, гьаюрай къоялдаса нахъе жинда цадахъ гIурай, жинцаго Зайидиеги ячарай. Щибго щаклъи гьечIо, Аллагьасул Расул ﷺ вацI-цIадав вукIиналда, жинца, Зайидиде амро гьабиялдаса, дурго чIужу билагье, еччагеян, еччайзе жиндир ракIалъе бокьунги букIун.

Гьал рехсарал тIахьазул гIибаратал нелъеда рихьана, гьездасан щибха нелъеда бичIчIизе кколеб? Нелъеда бичIчIизе ккола, Аллагь разилъаяй Зайнабил хIакъалъулъ свалат-салам лъеяв Аварагасда кигIан дагьабниги гIайиб

гьечIолъи, гьев кидаго, сундулъго вацIцIадав, ритIухъав вукIин. Нелъерго гIакълоялда борцаниги, Расуласда ﷺ Зайнаб йихьана, гьесие гьейги йокьанаян ва гьединго, Зайидица еччани, жинцаго ячинаян ракIалде кканилан абиги кигIан дагьабниги рекъон кколаро. «РухIул-баяналда» бугеб тафсиралъул гIибарат бищунго битIараб букIинеги рекъараб буго, Зайнаб йокьи ракIалде рехизе гьабуна ТIадегIанав Аллагьасин абураб.

ГIадамал, ножоца пикро гьабе! «Бокьана» ва «бокьизе гьабуна» абураб кIиябго рагIиялда гьоркьоб бугеб батIалъиялъул. Масала, цо чияс цо иш гьабуни, жиндирго ракIалъе бокьун, гьеб ккола бокьи. Амма тIад вугев хIакимас, ялъуни ханас цо иш гьабизе тIамуни, жиндирго ракIалъе бокьунго гьечIониги, гьеб ккола бокьизе гьаби. Гьелдаго релълъон, Расуласул ﷺ ракIалдеги гьеб рокьи [рехун батаниги] жиндиего бокьун рехараб горо, ТIадегIанав Аллагьас рехизе гьабураб буго. Балагье свалат-салам лъеяв Аварагасул хIадисалде бугелъухъги:

**((حبّب إليّ من دنياكم ثلاثة : الطيب والنساء وقرّة عيني في الصلاة))**

«ТIадегIанав Аллагьас дунялалъул дие бокьизе гьабуна лъабго жо: берцинаб махI, руччаби, ва дир беразул канлъи буго какилъ». Ай, мигIражалъул сордоялъ ТIадегIанав Аллагьасул хIазраталда букIараб унс, ай ракIгъей, рахIат, лазат Расуласе ﷺ гьабун буго какилъ. Свалат-салам лъеяв Аварагас абун гьечIо, дие бокьанаян, абун буго бокьизе гьабунаян.ТIадегIанав Аллагьас бокьизе гьабураб жо бокьи, гьелда разилъи, гьелдаса беццараб, тIадегIанаб тIабигIат-гIамал щиб букIинеб?

## АВАРАГАСУЛ ﷺ АДАБ ТЕЯЛЪУЛ БАРАКАТ ГЬЕЧIОЛЪИ БАЯН ГЬАБУЛЕБ КIВАР БУГЕБ КЪИССА

Щайхун акбар Ибнул-ГIарабияс [قدس سره] бицунеб буго, дун вукIана – ян абулеб буго гьас, – КъуртIубат абураб шагьаралда. Гьениб цо данделъараб бакIалда дида ТIадегIанав Аллагьас рихьизе гьаруна, Адам аварагасдаса عليه السلام бахъараб, нелъер Аварагасде ﷺ щвезегIан, рахъаралщинал аварагзаби данделъун. Гьезда гьоркьосан диде кIалъана Гьуд аварағ عليه السلام ва гьес диде бицана гьал аварагзаби данделъиялъе сабаб. Гьес абуна, гьал данделъун руго Мансур ХIалажиясдаса тIаса лъугьаян свалат-салам лъеяв Аварагасде гьаризе, гьесдасан ккараб адабтеялъе гIоло. Гьеб адабтей щибилан абуни, Мансур ХIалажияс, жив чIаго вугев заманалда, цо данделъараб мажлисалда абуна:

**إن رسول الله صلى الله عليه وسلم همّته دون منصبه**

«Свалат-салам лъеяв Аварагасул гьиммат-кIвар жиндир тIадегIанаб даражаялде щвечIо», – ян. Гьеб щай, кинилан гьесде гьикъидал, гьес абуна:

**قال : لأن الله تعالى قال : ﴿ وَلَسَوۡفَ يُعۡطِيكَ رَبُّكَ فَتَرۡضَىٰٓ ٥ ﴾ : فكان من حقه أن لا يرضى إلا أن يقبل الله شفاعته في كافر ومؤمن لكنه ما قال إلا : ((شفاعتي لأهل الكبائر من أمتي))**

«Щай горелъул, ТIадегIанав Аллагьас абуна: “Дур БетIергьанас дуе кьезе буго, ва гьав МухIаммад аварағ, дунялалъулги ахираталъулги лъикIаб щинаб, цинги мунги разилъизе вуго рагIа-ракьанде щвараб кутакаб разилъиялъ”, – илан. [ТIадегIанав Аллагьас Жинца къотIи гьабухъе, Аварагасе ﷺ гьеб кьуна жиндир заманалдаги,

гьединго хулафаазул заманалдаги, Ислам тӀадегӀанлъиялдалъун ва гӀатӀилъиялдалъун]. ТӀадегӀанав Аллагьас гьедин жинде абураб мехалда, свалат-салам лъеяв Авараг разилъизе кколароан, жиндир шафагӀат киналниги кафурзабазеги муъминзабазеги щвей къабул гьабун горони. Кинниги свалат-салам лъеяв Аварагас абичӀо, жиндир шафагӀат буго умматалъул чӀахӀиял мунагьазул агьлоялъеян горони».

ХӀасил, Мансур ХӀалажиясул ракӀалъе гӀун гьечӀо Расулас ﷺ ТӀадегӀанав Аллагьасдасан киналго кафурзабазеги шафагӀат гьабизе изно тӀалаб гьабунгутӀи, ай Расуласе ﷺ рес букӀанила гьеб тӀалаб гьабизегиян абураб магӀна. Гьаб калам гьабун хадуб, вакъигӀаталда, ай кьижунги горев, ворчӀунги горев хӀалалда жив вукӀаго, Мансурихъе вачӀун вуго свалат-салам лъеяв Авараг ва абун буго: «Я Мансур! Мунищ дир шафагӀаталда тӀасан кӀалъарав, инкар гьабурав чи», – ян. Мансурица жаваб гьабун буго: «Я Аллагьасул Расул! Ккана дихъа гьеб», – илан.

Гьанжиги абун буго Расулас ﷺ: «Я Мансур! Дуда рагӀичӀищ дица бицун, ТӀадегӀанав Аллагьас абураб: “Дие цо лагъ вокьарав мехалъ, Дун вукӀуна гьесие рагӀилъунги, бихьилъунги, кӀалъайлъунги, кверлъунги”. Ай, рехсарал щинал жал рукӀуна гьев лагъасул Дидалъун абураб магӀна. Гьелъиеги мукӀурлъун, Мансурица абун буго: «РагӀана дида, я Аллагьасул Расул», – илан. Хадубги абун буго Расулас ﷺ: «Дун вугев мехалъ ТӀадегӀанав Аллагьасул ХӀабиб, Дов вукӀуна дир кӀалъалеб мацӀлъун, ай дун вукӀуна Дос кӀалъайзе гьавуравлъун, Дов ккола шафагӀат гьабулевги, дун вуго Досул вужудалъулъ, ай Досул ватиялъулъ, гьечӀевлъун. Дидалъун щибго жо гьечӀо, Досдалъун горони, гьанжи дида бугеб гӀайиб щиб, я Мансур?»

Мансурица абун буго: «Я Аллагьасул Расул! Дица гьеб рагIиялдаса тавбо гьабуна, гьеб дидасан ккараб мунагьалъе кафарат щиб бугеб», – илан. Свалат-салам лъеяв Аварагас абун буго Мансуриде: «Дуца дурго нафс гIагар гьабе ТIадегIанав Аллагьасде къурбанлъун», – илан. Кин гьеб гьабилебан Мансурица гьикъидалги, абун буго Расулас ﷺ: «Дуца дурго нафс чIвай дир шафагIаталъул хвалчадалъун», – илан.

Гьаб хабарги бицун, Гьуд аварагас ﷷ абун буго Ибнул-ГIарабиясде: «Дунялалдаса ватIалъаралдаса нахъе Мансур гьанжелъизегIан Расуласдаса ﷺ вахчаравлъун вуго, ай Расулас ﷺ гьев довегIан тун вуго, жиги гьесда Расул ﷺ вихьунги гьечIо». Гьанжи гьаб аваргзабазул [عليهم السلام] жамагIат бакIарун буго свалат-салам лъеяв нелъер Аварагасде Мансурида тIаса лъугьаян гьаризе, Мансур дунялалдаса ватIалъаралдаса гьанжелъизегIан лъабнусгоялдаса цIикIкIун сонги ун буго. Къисса босана «РухIул-баяналдаса», 1 жузъу, 455 гьомер.

Хал гьабе, муъминзаби, Расуласул ﷺ адабтей ккараб рагIудалъун Мансур ХIалажи гIадав кIудияб даражамакъамалъул чияс, жив хун хадув лъабнусгоялдаса цIикIкIарал сонал рахъарал Расул ﷺ вихьичIого, гьес аскIов гIагар гьавичIого. Аллагьас гьаругеги нилъ Расуласул ﷺ адаб тараб къавмалдаса.

## ЦОЙГИ ГІАЖАИБАБ КЪИССА

**قصة أخرى : حكي عن بعض الكبار أنه قال : كنت في مجلس بعض العارفين فتكلم إلى أن قال لا مخلص لأحد من الهوى ولو كان فلانا عنى به النبي صلى الله عليه وسلم حيث قال ((حبّب إليّ من دنياكم ثلاث الطيب والنساء وقرّة عيني في الصلاة)) . فقلت له أما تستحي من الله تعالى فإنه عليه الصلاة والسلام ما قال أحببت بل قال حبّب فكيف يلام العبد على ما كان من عند الله بلا اختيار منه قال : ثم حصل لي غمّ وهمّ فرأيت النبي صلى الله عليه وسلم في المنام فقال : لا تغتم فقد كفينا أمره ثم سمعت أنه قتل في طريق ضيعة له . «روح البيان» صـ١٨٣ ، جـ ٧**

ЧІахІиял чагІазул цояс бицунеб буго, жив вукІана цо мажлисалда, гьенив кІалъайзе лъугьарав цояс абуна: «Гьава-нафсалдаса цІунизе кІолев чи цониги вукІунаро, фуланав, жинца дие дунялалъул лъабгго жо бокьизе гьабуна, берцинаб махІги, руччабиги, дир беразул канлъи какилъ бугоян абурав, чи вугониги» – ян. Ай, свалат-салам лъеяв Авараг вугонигиян, абураб магІна. Цинги жинца абунила гьев чиясде: «Мун нечоларищ, ТІадегІанав Аллагьасдаса, гьеб хабар бицине. Свалат-салам лъеяв Аварагас абун гьечІогури дие бокьанаян, БетІергьанас бокьизе гьабунаян горони. Жиндирго эхтиярго гьечІого ТІадегІанав Аллагьасдасан бачІараб жоялдалъун лагъасда гІайиб чІвайзе кин бегьулеб?» – илан. Цинги гьев чияс бицараб, Расуласул ﷺ адаб тараб, хабаралъ рахІат хун, жив цІакъ пащман гьавунила. Гьеб сордоялъ макьилъ аскІовеги вачІун свалат-салам лъеяв Аварагас абунила: «Мун пашманлъуге, дуца ургъелги гьабуге, дов чиясул иш дица гьабила», – ян. Нахъеял къоязго жинда рагІанила, дов чи, жиндирго хуриве инаго нухав чІван ватанилан.

Свалат-салам лъеяв Аварагас Зайдиде ﵁: «Дурго чIужу еччаге, билагье», – ян абун хадуб рещтIун буго гьаб аятги:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿وَإِذْ تَقُولُ لِلَّذِيٓ أَنْعَمَ ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَأَنْعَمْتَ عَلَيْهِ أَمْسِكْ عَلَيْكَ زَوْجَكَ وَٱتَّقِ ٱللَّهَ وَتُخْفِي فِي نَفْسِكَ مَا ٱللَّهُ مُبْدِيهِ وَتَخْشَى ٱلنَّاسَ وَٱللَّهُ أَحَقُّ أَن تَخْشَىٰهُ ۖ فَلَمَّا قَضَىٰ زَيْدٌ مِّنْهَا وَطَرًا زَوَّجْنَٰكَهَا لِكَيْ لَا يَكُونَ عَلَى ٱلْمُؤْمِنِينَ حَرَجٌ فِيٓ أَزْوَٰجِ أَدْعِيَآئِهِمْ إِذَا قَضَوْا۟ مِنْهُنَّ وَطَرًا ۚ وَكَانَ أَمْرُ ٱللَّهِ مَفْعُولًا ﴿٣٧﴾﴾

الأحزاب: ٣٧

«Дуде ракIалде щва, ва гьав МухIаммад авараг, дуца абураб, [ТIадегIанав] Аллагьас жиндие нигIмат кьурав [ай, нигIматазулго бищунго тIадегIанаб Исламалда тIовитIиялдалъун] ва гьединго дуцаги жиндие нигIмат кьурав, берцинаб тарбият гьабиялдалъун, тархъиялдалъун, ва васлъун гьавиялдалъунги, “Дуца дурго чIужу ккой, ай хьихье, еччаге, мун ТIадегIанав Аллагьасдаса хIинкъа гьелъул хIакъалъулъ кIалъайзе, ай гьей еччайзе” – ян абураб. Дуцаги балъгоги гьабун бугеб хIалалъ [ТIадегIанав] Аллагьас дуе загьир гьабураб жо». Щибха ккolеб Расулас ﷺ балъго гьабураб жо?

**وهو علم بأن زيدًا سيطلقها ويستنكحها يعني أنك تعلم بما أعلمتك انها ستكون زوجتك وأنت تخفي في نفسك هذا المعنى ...الخ . «روح البيان»**

Гьеб буго: ТIадегIанав Аллагьас Расуласда ﷺ лъайзе гьабун букIана, Зайдица ﵁ Зайнаб [رضي الله عنها] еччайзе йиго, дуца ячинеги йигоян. Ай, ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго свалат-салам лъеяв Аварагасаде [гIайиб гьабураб хIисабалда]: «Дица дуда лъайзе гьабун букIанагури,

Зайидица Зайнаб еччайзе ва дуца ячине йикIин, дуца гъеб щай балъго гъабураб», – абун. Свалат-салам лъеяв Аварагас балъго гъабураб жо, Зайнаб жиндиеги йокьун, Зайидица еччани, гьей жинца ячине ракIалдеги ккун, – гьал жал горел.

ТIадегIанав Аллагьас, цебе рехсохъе, Зайнаб Зайидица еччайзеги жинца ячинеги йикIин лъайзе гьабун букIиналъул хIакъалъулъ гьадин абулеб буго «Савиялъул» гIибараталдаги:

والصواب أن يقول أن الذي أخفاه في نفسه هو ما أخبره الله به من أنها ستصير إحدى زوجاته بعد طلاق زيد لها لما روى عن علي بن الحسين رضي الله عنهما أن رسول الله صلى الله عليه وسلم كان قد أوحى الله إليه أن زيدا يطلق زينب وانه يتزوجها بتزويج الله إياها فلما شكى للنبيّ خلق زينب وأنها لا تطيعه وأعلمه بأنه يريد طلاقها قال له رسول الله صلى الله عليه وسلم على جهة الأدب والوصية اتق الله في قولك أمسك عليك زوجك وهذا هو الذي أخفى في نفسه . «صاوي» صـ ٢٧٩ ، جـ٣

Свалат-салам лъеяв Аварагас балъго тараб жо: «ТIадегIанав Аллагьас жинде, “Зайидидаса ятIалъун хадуй Зайнаб дур руччабаздаса цояйлъун йикIине йиго” – ян бицун букIараб хабар буго», – ян аби битIараб буго, Зайнул-ГIабидин ХIосенил вас ГIалица бицараб хабаралъе гIоло ﵁. Гьес абун буго: «ТIадегIанав Аллагьас свалат-салам лъеяв Аварагасде вахIю гьабун букIана Зайнаб Зайидица еччайзеги йиго, дуца ячинеги йиго, [ТIадегIанав] Аллагьас Жинцаго кьун, зобалаздаго магьариги лъун. Зайидиде Расулас ﷺ дурго чIужу билагьеян абиги – адабалъул нухалда абураб букIана. Гьале гьаб рехсараб, ТIадегIанав Аллагьас бицараб, хабар буго Расулас ﷺ балъго тараб жо».

Расулас ﷺ балъго гьабураб жоялъул хIакъалъулъ гьале «Хазиналъул», гIибаратги:

**وأصح ما في هذا الباب ما روي عن سفيان بن عيينة عن علي بن زيد بن جدعان قال : سألني زين العابدين على بن حسين رضي الله عنهما ما يقوله الحسن (لعله حسن البصري) في قوله تعالى ﴿وَتُخْفِي فِي نَفْسِكَ مَا ٱللَّهُ مُبْدِيهِ وَتَخْشَى ٱلنَّاسَ وَٱللَّهُ أَحَقُّ أَن تَخْشَىٰهُ﴾ قلن لما جاء زيد إلى رسول الله صلى الله عليه وسلم فقال يا رسول الله إني أريد أن يطلق زينب اعجبه ذلك وقال أمسك عليك زوجك واتق الله فقال علي بن حسين ليس كذلك فإن الله عز وجل قد أعلمه أنها ستكون من أزواجه وأن زيدا سيطلقها فلما جاء زيد قال إني أريد أن يطلقها قال له أمسك عليك زوجك فعاتب الله تعالى وقال لم قلت أمسك عليك زوجك وقد أعلمتك أنها ستكون من أزواجك وهذا هو الأولى والأليق بحال الأنبياء . «خازن» صـ٤٧٠ ، جـ ٣**

Рехсараб бабалда тIасан къучIаб хабар буго ГIуяйнатил вас Суфяница жиб бицараб, гьес абулеб буго, ЗайнулгIабидин - ГIалил ХIосенил вас ГIалица ﷺ жинда гьикъанила, ТIадегIанав Аллагьас, свалат-салам лъеяв Аварагасде хитIаб гьабун, «Дуца рекIелъ бахчунги бугеб хIалалъ», – абураб аяталда тIасан ХIасаница щиб абула бугоян. Жинца абунила: «ХIасаница абула, Расуласухъеги ﷺ вачIун, Зайидица, “Дие Зайнаб еччайзе бокьун буго” – ян абидал, свалат-салам лъеяв Авараг гьеб рагIиялъ гIажаиблъизе гьавуна ва абуна: “Дуца дурго чIужу билагье, еччаге, мун ТIадегIанав Аллагьасдаса хIинкъа”, – ян». Цинги ЗайнулгIабидин-ГIалица абунила: «Гьеб гьедин гьечIо, ТIадегIанав Аллагьас Расуласда ﷺ лъайзе гьабун букIана, Зайнаб дур руччабаздаса цояйлъун йикIине йиго, Зайидица еччайзеги йигоян. Хадусан Зайид вачIун, “Зайнаб еччайзе бокьун буго” – ян абураб мехалда, “Еччайге, дурго чIужу билагье”, – ян абидал, гьеб сабаблъун ТIадегIанав Аллагьас Расуласда ﷺ гIайиб гьабуна ва абуна:

“Дуца щай Зайидиде абураб дурго чIужу билагьеян, Дица дуда лъайзеги гьабун букIаго Зайнаб дур чIужу йикIине йигилан”». Гьаб Аварагзабазул хIалалда рекъарабги буго.

Гьединго аяталъул хадуселда абулеб буго ТIадегIанав Аллагьас Расуласде ﷺ: «Мун хIинкъунги вуго гIадамазул гIайибалдаса [ай, МухIаммадица жиндирго васлъун вугев чиясул чIужу ячанаян абиялдаса]. ТIадегIанав Аллагь мустахIикъав вуго Жиндаса хIинкъизе, Аллагь горесдаса хIинкъизе кколаро», – ян. Кинабниги халкъалъулго, бищунго Аллагь лъалевлъунги бищунго Аллагьасдаса хIинкъаравлъунги жив вугев хIалалъ, щайха свалат-салам лъеяв Аварагас Зайидидаса балъго гьабураб, ТIадегIанав Аллагьас жинда лъайзе гьабураб жо, ай Зайнаб жинца ячине йикIин, гьединго гIадамаздасаги щайха хIинкъарав?

**قال في الأسئلة المقحمة قد اوحى إليه أن زيدا يطلقها وأنت تزوج بها فأخفى عن زيد سرّ ما اوحي إليه لأن ذلك السرّ يتعلق بالمشيئة والإرادة ولا يجب على الرسل الإخبار عن المشيئة والإرادة ...الخ. «روح البيان» صـ ١٧٩ ، جـ ٧**

ТIадегIанав Аллагьас Расуласда ﷺ вахIюялдалъун лъайзе гьабун букIана Зайидица ؓ Зайнаб [رضي الله عنها] еччайзе йикIин ва жинца ячине йикIинги. Гьединги букIаго, Расулас ﷺ Зайидидаса ؓ гьеб Аллагьасул сирру бахчана, бахчизе бегьулеб, загьир гьабизе аварагзабада тIадаб гьечIеб, машиат-ирадаталда хурхарал амрабаздаса букIиндал. Халкъалде бицине аварагзабада тIадаб букIуна ТIадегIанав Аллагьасул амраби ва нагьяби. Свалат-салам лъеяв Аварагас, еччайзе йикIинги жинда лъалаго, Зайидиде дурго чIужу билагье, еччагеян абураб гIадинго, ТIадегIанав Аллагьас, аят рещтIун, вуссунарев вукIин жинда лъалеб бугониги, Расулас ﷺ жиндир

инсул вац абулагьабидеги абулаан, дуца Аллагьасде иман лъеян. Гьединал бакIазда аврагасда тIадаблъун букIунаро ТIадегIанав Аллагьас жинда лъайзе гьаруралщинал асрарал[1] гIадамазе рицине.

**وفي «التأويلات النجمية» : أي تخشى عليهم أن يقعوا في الفتنة بأن يخطر ببالهم نوع انكار أو اعتراض عليه أو شك في نبوته بأن النبي من تنزه عن مثل هذه الميل وتتبع الهوى فَيخرجهم من الإيمان إلى الكفر فكانت تلك الخشية إشفاقًا منه عليهم ورحمة بهم أنهم لا يطيقون سماع هذه الحالة ولا يقدرون على تحملها . «روح البيان» جـ ٧**

ТIадегIанав Аллагьасул, «Мун гIадамаздасаги хIинкъулев вуго», – абураб рагIиялъул магIна-мурадги свалат-салам лъеяв Авараг гIадамазда хIинкъи буго, гIадамаздаса жив хIинкъи горо.

ТIадегIанав Аллагьасул сирру свалат-салам лъеяв Аварагас Зайидие ﵁ баян гьабунгутIиялъе гIилла букIана, гьеб сабаблъун, гIадамал фитнаялде ккеялда хIинкъи. Масала, Зайидица Зайнаб еччайзе бокьун бугин абураб мехалда, Расулас ﷺ абун букIарабани еччайха, гьей дийца ячине йигоян, гIадамазе рес букIана жиндирго васлъун гьаврав чиясе жинцаго ячарай чIужу, жинцаго еччайзеги гьаюн, жиндиего ячунев чи аварагищ вукIуневилан абизе, гьелда инкар гьабизе. Гьеб сабаблъун гьел иманалдаса ратIалъун, куфруялде иналда хIинкъана свалат-салам лъеяв Авараг.

ХIасил, Расуласул ﷺ гIадамазда хIинкъиги, гьездехун жиндир бугеб рахIмо-гурхIелалдалъун букIана. Горони, гьел куфруялде иналдалъунги Расуласул ﷺ нафсалъе

---

*[1] бальголъаби*

кколеб камийищ букIараб? ТIадегIанав Аллагьас, Жинца лъайзе гьабурб жо Зайидидаса бахчиялдалъун, Расуласда ﷺ гIайиб чIвайиги, инсуца васасде пуланаб жо, гьедин гьабичIого, гьадиниса щай гьабичIебан абиялда релълъон буго.

**قالت عائشة رضي الله عنها لو كتم النبي عليه الصلاة والسلام شيأ من الوحي لكتم هذه الآية ﴿إذ تقول﴾ ... الخ وما أنزل على رسول الله صلى الله عليه وسلم آية هي أشدّ عليه من هذه الآية**

ТIадегIанав Аллагь разилъаяй ГIаишатица абун буго, свалат-салам лъеяв Аварагас, жинде рещтIараб вахIюялъул щибниги жо балъго толеб букIарабани, гьаб рехсараб аят балъго телаанилан. Гьелдаса Расуласе ﷺ захIматаб аятги рещтIинчIилан. Аллагь разилъаяй ГIаишатица бицараб гьаб хабаралъги гьабула нугIлъи, свалат-салам лъеяв Аварагасул кигIан дагьабги жиндирго ракIалъе, нафсалъе бокьараб жо Зайнаб ячиналъулъ букIунгутIиялъе, жиндиего бокьараб жоялъул хIакъалъулъ рещтIараб аят Расуласе ﷺ гьедагIан цIакъ захIмалъизе букIинчIелъул.

Гьаб къиссаялда жаниб ТIадегIанав Аллагьасул букIун батизе бегьула цойги хIикмат, какилъ къибла хисиялъулъ букIарабго гIадаб, ай хIакъикъиял муъминзабиги, муъминзаби горелги ратIа гьаризе.

Рехсараб аяталъулъ хадубги абулеб буго ТIадегIанав Аллагьас: «Цинги Зайидицаги еччан, гIидда лъугIидал, Дица Зайнаб дур чIужулъун гьаюна [ай, дуе кьуна], муъминзабазе мунагь-хIакъ гьечIого букIине гIоло жедеца васаллъун гьарурал чагIаз реччарал руччаби, гIидда лъугIун хадур, рачиналдалъун».

Ислам бачIинелде цебе гIарабиязул гIадат букIана, ай гьезул хIукму букIана, насабалдалъун васасда васлъун гьавурав чи релълъене гьавулев. Васасе гIадин, васлъун гьавурасеги ирсги кьолаан, васас еччарайго гIадин, гьас еччарай чIужуги инсуца ячине хIарамлъулаан. ТIадегIанав Аллагьас гьеб хIукму хисизе гьабуна Исламалда жаниб.

Рехсараб аяталъул ахиралдаги абулеб буго ТIадегIанав Аллагьас:

**﴿وَكَانَ أَمْرُ ٱللَّهِ مَفْعُولًا﴾ أي ما يريد تكوينه من الأمور مكوّن لا محالة لا يمكن دفعه ولو كان نبيا . «روح البيان» صـ ١٨١ ، جـ ٧**

«Жиндие рукIине, лъугьине бокьарал, кинал ругониги, умураздаса амро ва гьединго, Зайнаб ячине йикIиналдалъун, дуде гьабураб вахIюги, къадар гьабун, тIобараб иш буго, гьеб лъугьинчIого рес гьечIо, нахъ чIвазеги лъидаго кIоларо, авараг вугониги».

**كما كان تزويج زينب وكانت كالعارية  عند زيد**

«Дуца Зайнаб ячиналда релълъон, Зайидида аскIой гIариятлъун йикIарай». Ай, заманаялъ хьвадизе гьабизе кьураб цIарагIлъун.

**ولذا قال حضرة الشيخ افتاده أفندي قدس سره : في اعتقادنا أن زينب بكر كعائشة رضي الله عنهما لأن زيدا كان يعرف أنها حق النبي فلم يمسها وذلك مثل زليخا**

Жигиги абулеб буго, Зайнаб Расулас ﷺ ячунелъул, рукъалде инчIей гIадам йикIанила, ГIаишатида релълъон رضي الله عنهما. Зайидида аскIой гьей йикIанила, ГIазизида аскIой Зулайха гIадин, Зайид гьелда хъванги вукIинчIилан. Гьесда лъалеб букIун, Зайнаб Расуласе ﷺ хIакъай йикIин.

**وروي أنها لما اعتدت قال رسول الله صلى الله عليه وسلم لزيد ما أجد أحدا أوثق في نفسي منك اخطب عليّ زينب .«روح البيان»**

Зайнабил гIидда лъугIиндал, свалат-салам лъеяв Аварагас абун буго, Аллагь разилъаяв Зайидиде: «Дида ватулев гьечIо Зайнабихъе витIизе дудаса божарав чи», – йилан. Зайидица ﷺ, Зайнабихъеги ун, абун буго: «Я Зайнаб! Дуе рохел буго, дун витIана Расулас ﷺ дуда гьеб лъайзе гьабизе [ай гьаризе]», – ян. Зайнаб йикIун йиго ханжу буцулей, гIемер йохиялъ гьелъ, ханжу буциги тун, абун буго: «Дица гьанжи щибго гьабизе гьечIо, Аллагьасул амро бачIинегIан», – илан. Яхъун жиндир масжидалъуеги ун гIодой чIун йиго. Гьеб мехалъ рещтIун буго доб Къуръаналъул аят, Зайнаб дица дуе кьуна абураб. Гьеб мехалъ свалат-салам лъеяв Авараг ун вуго Зайнабиде тIаде, гьелъухъа изноги босичIого. Гьей ячунелъул, свалат-салам лъеяв Аварагас гьабун буго бертинги, цогидал руччаби рачунеб мехалъ гьабичIеб гIадаб, гIадамазе кваназе кьун буго чедги гьанги.

ХIасил, Расулас ﷺ Зайнаб ячана ТIадегIанав Аллагьас зобалазда магьариги лъун, цогидазе гIадин, нугIзалги чIезе гьарун, валияс магьариги лъун, горей. Расулас ﷺ гьей ячунги йиго гьижрияб тарихалъул ункъабилеб соналъ , гIумруги гьелъул букIун буго лъебералда щуго сон.

Жабраил малаикасул нугIлъиялдалъун ТIадегIанав Аллагьас Жинцаго Зайнаб кьейиги Расуласул ﷺ хассаисаздаса буго, гьев горесе гьединаб кIодолъиги кьечIо.

**ويؤيده ما روى أنس رضي الله عنه أنها كانت تفخر على سائر أزواج النبي ﷺ وتقول زوَّجكُنَّ اَهاليكم وزوَّجني الله من فوق سبع سموات . «روح البيان»**

Гьедин, зобалазда магьариги лъун, жий ячарай йикІиналдаса Зайнаб чІухІарайги йикІана цогидал руччабазда. Гьелъ гьезде абулебги букІана: «Нуж кьуна ножорго агьлоялъ [ай, квершел кодоб бугел жедерго чагІаз], дун кьуна анкьалго зобалазда тІасан ТІадегІанав Аллагьас Жинцаго», – ян.

Аллагь разилъаяй ГІаишатица абулеб букІана Зайнабил хІакъалъулъ: «Дида ЗайнабгІан диналъулъ яцІцІадай, щулияй, Аллагьасдаса хІинкъарай, жиндаса харбилъ йитІарай, гІагарлъи хурхинабизе цІакъай, садакъа гІемерай гІадан йихьичІо», – ян. Зайнаб хвана гьажирияб тарихалъул къоабилеб соналъ Мадинаялда, юкъана БакъигІалда, Аллагь разилъаяв ГІумар асхІабас жаназалъул какги бан. ГІумроги гьелъул букІана кІикъоялда анцІила лъабго сон [разияллагьу гІангьа ва гІан асхІаби Расулиллагьи ﷺ ажмагІин. Амин! Амин! Амин! Я, Мужиб!].

Аллагь жинда разилъаяв Зайидилги ххал гьабеха, иманалъул щулалъи, Расулас ﷺ Зайнаб гьаризе витІидал, щибго хІал лъайзе течІого арав. Расулас ﷺ, цогидав витІичІого, гьев витІиялъулъги гьечІищ кІудияб хІикмат.

Ислам бачІинегІан цебе, жагьилаб заманалда, гІарабазул гІадат букІана, цуцаде тІаде кІанцІун, боцІи талагьулеб, гІадамал хъамулеб, гьедин хъамун щварал лъимал цуцазеги ричулеб. Гьедин ккарав вукІана Зайидги Расуласухъе ﷺ, цебе рехсараб хІалалъ. Расулас ﷺ тархъизеги тархъун, вас гьавун хадуб, Зайидиде абулаан МухІаммадил василан, гьедин абулебги гІадат букІун гІарабазул доб заманалда. ТІадегІанав Аллагьас, Исламияб нигІмат кьун, кІодо гьавиялде тІадеги, Расулас ﷺ васлъун гьавиги Зайидие кутакалда кІудияб рохел ва талихІ букІана. ТІаде,

Зайнабги жиндие ячун, гьеб талихI-рохел цIакъго тIадегIанаб къадро-къиматлъунги букIана Зайидие. Хадуб ТIадегIанав Аллагьас гьаб аятги рещтIун, Исламалда жаниб гьеб хIукму хвезе гьабуна, ай хьихьарав вас насабалъул васлъун рикIкIунеб хIукму.

قَالَ تعَالَى: ﴿ ٱدۡعُوهُمۡ لِأٓبَآئِهِمۡ هُوَ أَقۡسَطُ عِندَ ٱللَّهِۚ فَإِن لَّمۡ تَعۡلَمُوٓاْ ءَابَآءَهُمۡ فَإِخۡوَٰنُكُمۡ فِي ٱلدِّينِ وَمَوَٰلِيكُمۡ ﴾ الأحزاب: ٥

«Ножоца гьел [ножорго васаллъун гьарурал] лъималазде ахIе жедерго умумузул цIаралдалъун, гьедин ахIи – ТIадегIанав Аллагьасда аскIоб битIараб ва рекъараб буго. Ножода гьезул умумул лъалел гьечIони, гьел ножор диналъул вацал руго, ай гьезде диналъул вацалилан абе, гьел ножор миллаталъул ругони. Гьел ножор гIагарал чагIиги руго, ай гIагарав чи, яги вацгIалин абе».

Абу-ХIузайфатица Салим абун цIар бугев цо лагъ тархъун вукIун вуго, ва васлъунги гьавун вукIун вуго, гьесда абулебги букIун буго Абу-ХIузайфатил василан. Гьаб рехсараб аят рещтIун хадуб гьесде абун буго мавла-Аби-ХIузайфатилан, ай Абу-ХIузайфатица тархъаравилан.

Гьединго Зайидидеги абун буго ХIарисатил вас Зайидилан. Свалат-салам лъеяв Аварагасул вас абураб цIарги тIаса ун, тIаде Зайнабги ятIалъун, Зайидиде пащманлъи бачIун буго. Гьесул гьеб пащманлъи тIаса ине, тIаса араб кIодолъиялъул бакIалда ТIадегIанав Аллагьас, Зайид кIодо гьавун, гьесул цIар Къуръаналда рехсана, цохIониги асхIабасул рехсечIеб, къиямасеб къо чIезегIан, халкъалъ рехсолевлъунги гьавуна, ай Къуръан цIалулелъул досул цIарги цIалулелъулха. Гьелде тIадеги, ТIадегIанав Аллагьас Жинца нигIмат къуравилан абиялъги тIоритIел

гьабулеб буго Зайд алжаналъул агьло вукIин чIаго жив дунялалда вукIаго лъалеб букIиналде, ай Аллагьас лъайзе гьабун букIиналде.

**وابدل الله منها لزيد جارية في الجنة كما قال عليه الصلاة والسلام استقبلتني جارية لعساء وقد اجبتني قلت لها يا جارية أنت لمن قالت لزيد بن حارثة ... الخ**

Гьединго, ТIадегIанав Аллагьас Зайидиде, дунялалда Зайнабил бакIалда хисун, ахираталда кьуна хассай хIурулгIин, гьелъул хIакъалъулъ свалат-салам лъеяв Аварагас бицун буго гьадин: «МигIражалъул сордоялъ, анкьалго зобалги тун, тIадехун щведал, дида данд чIвана гIажаибай, берцинай хIурулгIин. Дица гьелде гьикъана, "Мун лъил?" – абун, гьелъ жаваб гьабуна, "Дун ХIарисатил вас Зайидил йигилан"».

Жиндирго нафсалъе бокьарабги тун, ТIадегIанав Аллагьасулги Аллагьасул Расуласулги ﷺ амро тIаса бищарасе тIаса унарел нигIматал руго. Гьел нигIматал кьолеб агьлолъун гьареги киналго муъминзаби! Хадусеб аяталдаги абулеб буго ТIадегIанав Аллагьас:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ مَّا كَانَ عَلَى ٱلنَّبِيِّ مِنْ حَرَجٍ فِيمَا فَرَضَ ٱللَّهُ لَهُۥۖ سُنَّةَ ٱللَّهِ فِي ٱلَّذِينَ خَلَوْاْ مِن قَبْلُۚ وَكَانَ أَمْرُ ٱللَّهِ قَدَرًا مَّقْدُورًا ﴿٣٨﴾ ﴾ الأحزاب: ٣٨

«[Свалат-салам лъеяв] Аварагасе мунагь гьечIо, ТIадегIанав Аллагьас хIалал гьабураб жо гьабиялдалъун. Жинца хIалал гьабураб жо гьабиялдалъун мунагьалде ккунгутIи [ТIадегIанав] Аллагьас цересел аварагзабазе лъураб нух буго, дуца Зайнаб ячингIадаб [Расуласде ﷺ хитIаб]. Гьеб буго [ТIадегIанав] Аллагьас къадар гьабураб жо, лъугьинчIого рес гьечIеб».

ХIасил, рехсараб аяталда сверухъ бицараб хабаралдасан мурад буго, свалат-салам лъеяв Аварагас Зайнаб [رضي الله عنها] ячиналъул хIакъикъат, гьелъулъ бугеб хIикмат, нелъеда битIун бичIчIи. Бусурманчи вукIун хадув, инсан лъугьине рекъоларо ТIадегIанав Аллагьасдаги гьесул Расуласдаги ﷺ гьоркьоб бугеб балъголъиялда тIасан бахIсал гьаризе.

Свалат-салам лъеяв Аварагасда инкар бугел, гьесда божуларел капурзабаз, мунафикъзабаз Расуласда ﷺ лъолел бугьтанал, рицунел харбал – гьезда божизе бегьуларо. МухIаммад авараг ﷺ руччаби гIемер рачунев чи вукIанаян, ва гьединго, гьес жиндирго васас еччарай чIужу ячанаян абун, гьез лъолел бугьтанал, рицунел гьерсал, гьаб рехсараб Къуръаналъул аяталъ къватIир чIвайзе гьарун руго, бусурманчияс гьалъул пикро гьабе. ТIадегIанав Аллагьас, Жинца хIалал гьарурал жалазулъ, – руччаби рачин букIа, цогидаб букIа, – аварагзабазе гьабун буго гIатIилъи. Свалат-салам лъеяв Аварагас ячун ятани ичIго чIужу, Давуд аварагасул йикIана нусго чIужу. Гьесул вас Сулайман аварагасул عليه السلام йикIана анкьнусго чIужу ва лъабнусго гъараваш. Гьалда тIад кIалъайзе эхтияр лъил бугеб?

Аллагь жинда разилъаяв Зайдги гьесул вас Усаматги свалат-салам лъеяв Аварагасе кутакалда рокьулаан. Зайнабида цее ячун йикIарай, Умму-Айман абурай, Аварагас ﷺ тархъарай, ялъуни Аварагсул эмен ГIабдуллагьица тархъун йикIарай, чIужуялъ гьавурав вукIана Зайидие Усамат. Зайд ккола тархъараздасан тIоцове Исламалде вачIарав, гIахьаллъана Бадроялъул, Хандакъалъул, ХIудайбияталъул гъазаватазда. Анкьго нухалъ витIана батIа-батIаяб рахъалде, къокъабазда тIад бетIерлъунги гьавун. Бану-мустIалакъазулгун гъазаваталде живго

унаго, Расулас ﷺ Мадинаялда бетIерлъунги тун вукIана. Ахиралда Зайд витIана Расулас ﷺ лъабазарго [3000] чиясда тIад бетIерлъунги гъавун, Бусраялъул амирасухъе рисалатгун витIун вукIарав сахIабияв ХIарис бину ГIумайр аль-Аздий чIварал тущбабаздаса къиссас босизе, Муътат абураб бакIалде. Гьеб гIаскар тIобитIизе вахъарав Расулас ﷺ абуна, ай васият гьабуна: «Муътаталъул агьали Исламалде ахIе, райинчIони рагъ байбихье, ТIадегIанав Аллагьасул цIаралдалъун. ГIисинал лъимал, херал чагIи, руччаби, кашишзаби чIваге, рукъзал риххуге, гъутIби къотIуге», – ян. Гьединго абуна: «Зайд чIвани, байрахъ ЖагIфарихъе кье [ГIалиасхIабасул вац]; ЖагIфарги чIвани РавахIатил ГIабдуллагьихъе кье; гьевги чIвани ножоцаго вище лъикIилан ккарав».

Гьеб гъазаваталда тIоцове Зайд, хадув ЖагIфар, хадув ГIабдуллагь эргаде шагьидлъана. Хадуб байрахъ кьуна Валидил Халидихъе. Капурзабазул гьениб букIана бергьараб къуват, кIинусазарго чи. ТIадегIанав Аллагьасул квербакъиялдалъун, Аллагь разилъаяв Халидил рагъулаб махщелалъ гьел гIаскарал риххизе гьаруна, ай гьел хIинкъана, гьезда ккана бусурбабазул кутакаб къуват бачIарабилан. Разияллагьу гIангьум ажмагIин.

Гьелдаса хадуб, Зайидил [ай, инсул] къисас босизе Расулас ﷺ Усамат ﷺ витIулаго, свалат-салам лъеяв Авараг накълолъана, ва витIана, Аллагь разилъаяв Абубакар-Сиддикъас, бергьенлъиялда Усамат тIадвуссунги вачIана. Расуласулгун ﷺ Зайидил гIадаб сухIбат хIасуллъаги муридзабазе остарзабазулгун! Амин!

## ВАСАСДЕ АВАРАГАСУЛ ﷺ ЦIАР ЛЪЕЯЛЪУЛ ХИРАЛЪИ

**فائدة : وفي الحديث : ((من ولد له ولد فسماه محمدا حبًا لي وتبركاً باسمي كان هو ومولوده في الجنة ومن كان له ذو بطن فاجمع أن يسميه محمدا رزقه الله غلاما ومن كان لا يعيش له ولد فجعل لله عليه أن يسمى الولد المرزوق محمدا عاش)) ومن خصائصه البركة في الطعام عليه مسمى باسم محمد وكذا المشاورة ونحوها وينبغي أن يعظم هذا الاسم وصاحبه . «روح البيان»**

Свалат-салам лъеяв Аварагас абулеб буго жиндир хирияб хIадисалда: «Щив чи вугониги, жиндие вас гьавун, гьев васасде, дунги вокьун, дир цIаралъул баркат щвей мурадалда, дир цIарги лъун, – эменги васги кIиявго алжаналде ина. Щив чи вугониги жиндир хъизаналъул ургьиб лъимер бугев, цинги гьел кIиялго рекъани, ай хIукму гьабуни, дир цIар лъезе, ТIадегIанав Аллагьас гьезие вас кьела, ай вас гьавила. Гьарурал васал цере чIоларого, ай хун, щив чи вугониги, цинги жинца ТIадегIанав Аллагьасе къотIи гьабун, вас гьавуни, дир цIар лъелилан, гьавидал цIарги лъуни, вас чIаго хутIила».

Свалат-салам лъеяв Аварагасул хасслъабаздаса буго, жиндир цIаралдалъун гьабураб квеналда баракат лъей, рехсараб нийят-къасдалда жиндир цIар лъурав чиясулгун мушавара гьаби, ай гьабиялъулъ баракат букIин. Ва гьединго рекъараб буго «МухIаммад» абураб цIар кIодо гьаби, гьеб цIар лъурав чи кIодо гьавиги. Свалат-салам лъеяв Аварагасул хIурматалъе гIоло, гьесул цIар жинде лъурав чи кIодо гьавизе рекъараб бугеб мехалда, дов живго – Аварагасул ﷺ цIар лъурав чиясда кигIан рекъарабги тIадабги букIина Расуласул ﷺ цIаралъул адаб-хIурмат цIунизе, досда нахъ вилълъине, досул суннат чIаго гьабизеги.

Умматалда жаниб питна жинца гъабурав Ибну-гIабдулвагьабидеги букIиндал Расуласул ﷺ цIар, гIицIго цIаралъ гIей гьабунгутIиялдеги кантIизе ккола. Чанги ягьудиясги лъун батизе бегьила Муса аварагасул ﷺ цIар, гьелъ гIей гьабилищ?

* * * * *

*ГIали асхIабасул вац ГIукъайлица бицараб*
*Бицун тезин цо хабар, баркаталъе букIине;*
*Боссе лъарав чиясе Расуласул баракат ﷺ,*
*Кидагоги кибгоги, камиго гьечIеб буго.*

*Гьесда Расуласдасан, сафаралъ цадахъ ккедал,*
*Цо нухалда бихьараб лъабго мугIжизат буго.*
*Гьеб лъабабго мугIжизат жиндир ракIалда жаниб*
*Иман щулалъиялъе сабаблъунги ккун буго.*

*Сабабалъе гьабги ккун, гьал нелъер ракIаздаги,*
*Расуласул баркат щун ﷺ, иманалъул нур байги!*
*Иман-Исламги бичIчIун, игIтикъадги щулалъун,*
*Аллагьасул хIукъукъал тIоралеллъун гьареги!*

*ХIажат жинца тIобайзе ТIагьаясе бокьидал,*
*Сверухъ ругел гъутIбузда аскIов ГIукъайл витIана;*
*Аллагьасул Расулас ﷺ сатро[1] жиндий гьабизе*
*Нуж ахIулел ругилан абейилан манлъана.*

*Манлъухъе, гьел гъутIбузде жив кIалъан вахъинелде*
*Кьолблъа рахъун, гъутIби ТIагьада аскIор щвана.*
*Сатроялъе, гьев сверун чали гьабун, гьел чIана,*
*Гьес хIажат тIобан хадуб, тIад руссун нахъе ана.*

---

*[1] Сатро – пардав.**

*Нахъеги ГІукъайлиде къечалъул хІал бергьана,*
*ХІабибас ГІукъайлида мегІер бихьизабуна;*
*МагІарде тІаде вахун, дир салам долда бице,*
*Духъ батани, гьекъезе лъим кьейиланги абе.*

*Аварагас манлъухъе, магІарде тІадеги ун,*
*ГІукъайлица аманат гьелъухъ щвезе гьабуна.*
*Гьеб сагІаталда мегІер фасахІатго кІалъана,*
*Расуласде абеян, жиндирго хІал бицана.*

*ТІадегІанав Аллагьас: «Я иман лъураб агьло!*
*Инсалгин гамчІаздалъун боркьулеб цІаялдаса*
*ЦІуне», – йилан рещтІараб аят рагІаралдаса,*
*ГІодун, дида жаниб лъим хутІун гьечІин абуна.*

*Ххал гьабе мегІералъул, жужахІ боркьулел гамчІал*
*Жиндир ратилин хІинкъун, гІодун, магІо тІагІараб!*
*МугІруз тІаде босичІеб Аллагьасул аманат*
*ТІадеги босун, инсан, инкар ккун, тІоваладай?*

*ТІадаб налъи кьечІого чи ворчІулев ватани,*
*ВорчІила мун, инкарчи, Аллагьасул налъукьа.*
*Налъиги бецІичІого рахІат бокьун батани,*
*Батиларо дуда гьеб берал къанщун хадуса.*

*Расуласул ﷺ бихьараб лъабабилеб мугІжизат –*
*ГІукъайлица бицараб, – гьебги баян гьабизин.*
*Бицинегин манлъизе чи камун хутІуларо,*
*Манлъулелде гІин балев гІолилав ватун хадув.*

*Нухда уна рукІаго, ракІалдаго гьечІого,*
*Гьелун хадуб бачІунеб цо варани бихьана.*
*ЦихІиндаго тІаде щун, Расуласе ﷺ салам кьун,*
*Аман гьарун, гьаб факъир фасахІатго кІалъана.*

*КІалъан гьеб бахъинелде, бахъун кодоб хвалченгун,*
*Ралъдал карачел гІадин, цо гІарабавги щвана.*
*«Щиб гьаб мискиналдасан дуй къварагІараб?» – абун,*
*Аварагас гьесдехун ﷺ гьикъа-бакъи гьабуна.*

*Гьикъаралъе жаваб кьун, гІарабияв кІалъана:*
*Я Расулулллагь! – абун бицине бай бихьана, –*
*Дица цІикІкІун багьа кьун, бичун босунги букІун,*
*Дие гьаб мутІигІлъулеб гьечІилан, гІарз гьабуна.*

*Гьабги хъун, гьаналдасан пайда босизе дие*
*Бокьун бугилан абун, мурад баян гьабуна.*
*Гьанжи вараниялъе суал ШафигІас кьуна,*
*«Щай мун мутІигІлъулареб, бице», – йилан абуна.*

*Аварагасул ﷺ суал варанияль борхана,*
*Берцинаб калам гьабун, гІузру бачун, кІалъана:*
*Я Аллагьасул Расул ﷺ! Гьав чи вугев къабилат*
*Богол какги байчІого, кьижулилан бицана.*

*БетІергьанас гьелдалъун гьезде балагь беччани,*
*Гьоркьоб дунго ккеялда хІинкъанилан абуна.*
*Къабилаталда гъорлъа жиб гьедин тІуранилан,*
*Гьеб хІайван ТІагьаясде тІобанго мукІурлъана.*

*ТІадеги Расуласе ﷺ варанияль шартІ лъуна:*
*Щибаб богол как байзе гьас дуе рагІи кьуни,*
*Гьесие мутІигІлъизе дицаги рагІи кьолин,*
*РагІа-ракьанде щвараб кьучІаб хабар бицана.*

*Цинги ТІагьаяс гьазда гьоркьоб калам гьабуна,*
*Богол как байзе тІаде гІарабияс босана,*
*Гьесий мутІигІлъиялда вараниги рекъана;*
*Рекъараб маслахІат-сулхІ гьазда гьоркьобги ккана.*

*Гьаб варанrealдагIан гIакъло гьечIин абуни,*

*Унго, как баларев чи, квеш дуда букIинадай!*

*Квеш дуда букIаниги, букIинчIонаниги щиб,*

*Вугелъул мун гьединав, – гьабулареб щай тавбо?!*

*Тавбо гьабеян горищ ахIи нилъеде бугеб,*

*АхIи рагIунгутIизе гIинкъал нилъги гьечIелъул.*

*ГIинкъасдаги бичIчIула бицунеб жо, бокьани;*

*Бокьун батани талихI кватIун гьечIин, ургъе мун!*

* * * * *

*Дунял-ухраялда ханлъун гьавурав*

*Халкъалъул МустIафа, русулазул таж,*

*Рисалат, нубувват камилав инсан –*

*АхIмад нежей кьурав, рецц дуе Аллагь!*

*Реццгиму хIамдалъе хIакъав БетIергьан,*

*ХIукъукъал тIорайзе гIажизал нежер,*

*ГIафво-рахIмоялъул гъафуги рагьун,*

*Гъафлатал, гъалатIал тIаса лъугьун, те!*

*ТIагьаясе хIакъаб хIурмат гьабизе*

*ХIал кIвечIел нежее гIадло гьабуге;*

*ГIадлоялъе хIакъаб агьлолъаниги*

*Ахир-заманлъидал, бечча-бехъан те!*

*БетIергьан Аллагьас, Къуръанги рещтIун,*

*Къадро тIокI гьабурав Сайййидул-анам,*

*Самавияб лутIфу[1] тIадеги чвахун,*

*ТIолго гIаламалъе баракат щварав;*

[1] *Ай, зобалазул рахIмат.**

*Ширкалдаса лагъзал хвасар гьаризе*
*Халикъас витIарав Баширун –Назир,*
*Бусурман халкъалъе нигIмат бикьизе*
*Бокьухъе веччарав Къавийюн-Амин!*

*Цересел адянал насхоги гьарун*[1]
*Ахиралда щварав Халилу-РахIман,*
*Русулаз: «Нафси», – ян ахIулеб къоялъ*
*«Уммат», – ан ахIулев Насирун-Мансур!*

*Макка-ХIарам жиндий хIалалги гьабун,*
*ХIурматалъул рахъалъ тIокIлъи босарав,*
*Сидратул-мунтагьа сайгъатлъунги кьун,*
*Гьоболлъун Халикъас тIаде ахIарав!*

*Агьло-кабаирал*[2] *жужахIалдаса*
*Жиндир шафагIаталъ къватIир рахъулев,*
*ШафагIат гьабеян гьаранщиназе*
*Гьабизе Аллагьас, изно кьун, тарав!*

*Адам аварагас живги гьоркьов ккун,*
*Гьаридал, Халикъас къабул гьавурав!*
*Къварилъи гIемераб гIарасаталда*
*ГIаламалъе комек жиндалъун кколев!*

*Жанисангин тIасан тIабигIат-гIамал*
*ТIобан Къуръаналда жиндир релълъарав,*
*Балъгоял асрарал рекIелъеги тIун,*
*РахIманас ХIабибин цIар жинда лъурав!*

*Жиндир илагьияб нуралда сверухъ*
*Свараб чирахъалда гIамал релълъарав,*

*[1] Цересел аварагзабазул шаригIатал жиндир шаригIаталъ хисун.**
*[2] ЧIахIиял мунагьазул агьло.**

*ГIаламул-мулкалда, малакуталда*
*Таватур борхарав[1] СвахIибул-бургьан!*

*Сулукалъул агьло къалъулеб бадро[2],*
*Къулубал гвангъулеб Нурул-гьидаят[3],*
*Адам, НухI, Ибрагьим, Мусагин ГIисал*
*Машрабазул магIдан, Далилул-хайрат!*

*Дудасан нечараб хIал бугониги,*
*ХIабиб, дур бицине анищ букIуна,*
*ШафагIат щвеялде хьул букIунелъул,*
*РекIел хивалаца цIан ун ватула.*

*Халикъун-Жаббарги гьесул Расулги*
*Рес гьечIо, гIадамал, лъайчIого нелъей;*
*Лъалез цуцахъе кьун, нелъехъе щварал*
*Гьесул фазаилал, цIализе ккела!*

*Заман бахъанагIан тIатуна ругел*
*ТIагьал мугIжизатал кин рихьуларел?!*
*ГIасраби сверияль суйне гьабичIеб*
*Самавияб чирахъ гвангъула гьечIищ?!*

*ЧIаго хвараб халкъалъ бекьананиги*
*Халикъасул нохда заз бижинаро;*
*Бахьи гьечIеб къавмалъ хъуб гьабунилан,*
*БацIцIадаб дин Ислам чуруклъиларо!*

*Чуруклъи тIад бахун, кьер сверанигги,*
*Месед бацIцIалъула, лъеца чуридал;*

---

*[1] Зобалазулги ракьалъулги агьлоялда гъорлъ жиндир цIар тIибитIарав.**
*[2] ТIарикъатаалъул агьло гвангъулеб цIураб моцI.**
*[3] РакIал гвангъулеб тIоритIиялъул нур.**

*Лъин меседил бахун, къачIаниги, махх*
*Маххлъунго хутIула, – балъголъи горо!*

*ЛъикIлъаби чвахулеб баркаталъул накIкI,*
*Баракат дур къотIун, ниж хутIугеги!*
*Нахъе дуца тарал варисзабазул*
*Ирсилал камураб къо бихьугеги!*

*Къуръан-хIадисалда гIамал куцизе*
*Комек дуца гьабе, я Расулаллагь!*
*Суннат чIаго гьабун, шаригIат кквезе*
*РухIияб къуват кье, къудратав Аллагь!*

# ТIЕХЬАЛДА РУГО

## ТIОЦОБИСЕБ БЕТIЕР

«АгIузу биллагьи...»-ялъул хиралъиялъул баян....................................5
ХIикаят. Щайтlангун къеркьолеб къагIида..............................................8
Аварагасухъе ﷺ иблис бачIин..............................................................9
Къуръан цIалулев чиясе «АгIузу биллагьи...»
бахъизе суннатлъиялъул хIикмат..................................................12
Къуръаналъул хиралъиялъул хIакъалъулъ къокъаб баян..................16
«АлхIамалъул» хиралъиян абуни:........................................................22
«Аминалъул» хиралъи..........................................................................29
«Бимсиллагьалъул» хиралъаби............................................................34
Щайтlан хIалакъ гьабулеб къагIида.....................................................40
Щибаб жоялъе «Бисмиллагь...» бахъиялъул баракат..........................41
«АлхIамалда» сверухъ дагьабги хабар.................................................47
«АлхIамалъул» тIоцобисеб аяталъул магIна
ва Аллагьасе гьабулеб реццалъул тайпаби..................................48
Аллагь Жинца тIолго гIалам хьихьулев вукIин.....................................52
Сулайманица Аллагьасде гьари, ризкъи бикьи жиндихъе кьеян........54
«АлхIамалъул» кIиабилеб аяталъул магIна..........................................56
«АлхIамалъул» лъабабилеб аяталъул магIна........................................58
«АлхIамалъул» ункъабилеб аяталъул магIна........................................63
Какалъ инсанасул нафсалъулъ гьабулеб асар.......................................66
«АлхIамалъул» щуабилеб аяталъул магIна...........................................68
БитIараб нухалда ругезул тайпаби.......................................................71
ГIумроялъго кIал кквеялъул хIукму.......................................................76
«АлхIамалъул» анлъабилеб аяталъул магIна.........................................77
«АлхIамалъул» тартибалда къокъаб магIна:..........................................79

## КIИАБИЛЕБ БЕТIЕР

Сурат «аль-Бакъараталъул» авалалда ругел аятазул баян...............*83*
Такъваялъул агьло ва гьелъул даражаби...........................................*85*

Как камил гьабун тӀобитӀи - магӀишат гӀатӀилъиялъе сабаб................*89*
Камилго бараб как ...........................................................................*90*
ЖамагӀатгун как баялъул хиралъи ..................................................*92*
Как тӀад гьабиялда хурхараб баян.....................................................*93*
«СубхӀаналлагь» - алъул хиралъи......................................................*94*
Цересел Аварагзабазде рещтӀарал тӀахьазде иман лъей..................*96*
Якъиналъул магӀна..............................................................................*97*
«Сурату тавбат» - алъул 128-129 аб. аяталдасан мурад:..............*102*
ГӀарабазда жаниб Аварагасул хиралъи............................................*103*
Румазул ханас Абусуфяниде Аварагасул ﷺ сифатал цӀехей...........*109*
Имам ШафигӀиясул хиралъи...............................................................*115*
Къуръаналда Аллагьас Авараг ﷺ вецциялъул баян..........................*120*
Аварагасул ﷺ хиралъи баян гьабулел аятал ва хӀадисал..............*125*
МухӀаммад аль-Бусири [Аварагасухъ ﷺ гӀащикъ]...........................*132*
МухӀаммад аль-Бусирияс «Аминтаза...» хъвай.................................*133*
МухӀаммад аль-Бусирияс «Музари» хъвай........................................*134*
Аварагасул ﷺ мавлид бегьиялъе Къуръаналдасан далил ...............*135*
Авараг вокьи – Аллагь вокьи ккола,
Аварагасе мутӀигӀлъи – Аллагьасе мутӀигӀлъи ккола.................*136*
Авараг ﷺ вокьи мунафикъзабазе захӀмалъи.....................................*141*

## ЛЪАБАБИЛЕБ БЕТӀЕР

Кафурзабазулгун гьоркьоблъи цӀуниялъул баян...............................*157*
МухӀаммадияб умматалъул хиралъи....................................................*167*
Къибла хисиялда хурхараб баян..........................................................*171*
МухӀаммадияб умматалъ къиямасеб къоялъ
цогидал умматазе нугӀлъи гьаби...................................................*172*
МухӀаммадияб уммат дунялалде ахиралда рачӀиналъул хӀикмат....*175*
Аллагьас халкъалде балагьал реччаялъул хӀикматал.........................*181*
Балагь-къварилъи щведал «Инна лиллагь...» абиялъул пайдаби....*187*
КантӀизе гьари.......................................................................................*189*
ХӀикаят...................................................................................................*195*

Балагьаз мунагьал чури.......................................................................201
Аллагьас Жиндир хIукму хисиялъул баян........................................204
Малаикзабаз рекIел зикро хъваялъул баян.......................................208
ХIукуматалъулги диналъулги мисал...............................................210

## УНКЪАБИЛЕБ БЕТIЕР

ДугIаялъ балагьал нахъчIвай ва хIажатал тIорай............................217
ДугIа гьабуниги жаваб гьабунгутIиялъул хIикмат.............................220
Дунял ккурабункъго жо..................................................................223
ДугIаялъул хиралъи ва гьелъие хириял бакIал ва замана...............224
ДугIа къабуллъиялъе ругел шартIал................................................226
Аллагьас къабул гьабулеб дугIа......................................................227
ДугIаялъ Аллагьасул хIукму-къадар нахъ чIваялъул баян...............229
ГIажаибаб къисса...........................................................................237
Аллагьасул хIукму-къадаралда тIасан бахIс гьабизе
гьукъараб букIиналъул баян.......................................................241
Щаклъи гьечIого къабул гьабулеб дугIа..........................................249
Аллагьасул хIукму-къадаралда тIасан баян....................................250
ТIадегIанав Аллагьасул къадаралдаги
лагъасул фигIлоялдаги сверухъ цойги лъикIаб мисал:.............256

## ЩУАБИЛЕБ БЕТIЕР

«Шагьида-ллагьу...» – ялъул хиралъи.............................................273
Лагъ битIараб нухалде Аллагьас тIовитIулевлъи
баян гьабулел аятал..................................................................288
Садакъаялъул хиралъи баян гьабулел цо-цо аятал ва хIадисал.....297
Садакъаялъ балагьал нахъчIваялъул баян........................................298
Садакъа кьезе кколеб къагIида.......................................................300
Садакъа кьолезул тайпаби..............................................................302
Ибрагьим аварагасул ﷺ сахавалъи..................................................305
БоцIудалъун горебги букIуна садакъа..............................................306

Садакъаялъул кири хвезе гьабулел пишаби....*308*
Жедедалъун жужахI боркьулел лъабгоял....*310*
Садакъаялъул кири цIикIине гьаби ва гьелъие ругел шартIал....*318*
Аварагас ﷺ руччаби садакъа кьеялде гьесизари....*322*
Руччабазе бигьаго алжан щолеб нух....*323*
МугъчIвай Аллагьасде гьабизе ккеялъул баян....*323*
Аллагьасде мугъчIвай гьабиялъул даржаби....*328*
Аллагьас зобал-ракьал анлъго къоялда жанир
рижиналъул хIикмат....*330*
Къуръан-хIадисалъул магIна лъалесде гьикъизе ккеялъул баян....*331*
Агьлолъун гьечIел гIадамаз
Къуръаналъул магIнаби гьариялъе мисал....*333*
Аллагь гIаршалда тIад вугин абулезул
гIакъидат мекъаб букIиналъул баян....*336*
Муташабигьал аятазул магIна гьабиялда хурхараб баян....*343*
Щал кколел муташабигьал аятазе
мекъал магIнаби гьарулел гIадамал?....*347*
Къуръаналъул тафсиралъул тайпаби....*350*
Аллагьасда горони лъаларел балъголъаби....*352*
Къуръаналда жанир магIнаби ричIизе захIматал
аятал рещтIиналъе хIикмат....*354*
Анкьил къоязул баян....*360*
Хандакъалъул рагъалъул баян....*364*
Мадинаялде сверухъе жугьутIал ккеялъул баян....*383*

## АНЛЪАБИЛЕБ БЕТIЕР

Аллагьасеги Аварагасеги ﷺ мутIигIлъиялде
ахIулел аятазул баян....*388*
ТIадегIанав Аллагьас Аварагасеги ﷺ умматалъеги къотIи гьабурал
нигIматал ва тIоцоре гьел нигIматазде гIасилъарал гIадамал....*392*
Жедеца Исламиб дин баччарал гIалимзабазул
ва хулафаазул тайпаби....*397*

ТӀадегӀанав Аллагьасда аскӀоб мунафикъазул къабихӀлъи..............403
Капурзабазе гьабулелдаса цӀикӀкӀараб гӀазаб
мунафикъзабазе букӀиналъе хӀикмат..........................................406
Муъминчи щайтӀаналдаса цӀунулел щулалъаби...............................408
Мунафикъзаби какун ва гьел къватӀирчӀвазарун рещтӀараб аят......410
Квешаб агьлоялъе квешаб дугӀа гьаби...............................................413
Аварагас ﷺ Жувайрият ячин............................................................417
Мунафикъзабазул бетӀер Убаюл ГӀабдула гьалаглъи.......................419
Сундалъун бугеб инсанасе дунял-ахираталъул
тӀадегӀанлъи ва гӀодовегӀанлъи..................................................422
КӀвар бугеб къисса...........................................................................426
Убаюл ГӀабдулаца Аварагасде ﷺ жиндие горде кьеян
ва жинде жаназалъул как баян гьари.........................................427
Шайихас мурид мунагь-хатӀаялде щай веччалев?
абураб суалалъе жаваб.................................................................431
Лукъманил васиятал баян гьарулел аятал........................................438
Щив кколев Лукъман аль-ХӀаким.......................................................441
ХӀикматалъул хӀакъикъат баян гьаби,
ва Лукъман хӀикматалдалъун кӀалъаялъе мисал.........................442
ЧӀухӀ ва чӀухӀухъаби шаргӀалъ какиялъул баян...............................447
ТавазугӀалъул, ай живго жиндаго
гӀодовегӀанавлъун вихьиялъул, хиралъи.....................................453
Иблис къосиналъул баян...................................................................454
Аллагьас Давуд аварагасда гӀамалал цӀалел цӀадераби
рихьизе гьарияилъул къисса.........................................................459
Мунафикъасул гӀамал-тӀабигӀатал...................................................460
СагӀлабат къосиналъул къиса...........................................................464
Аллагьас нагӀана кьурав лъабгояв...................................................470
ГӀажаибаб къисса..............................................................................472
Аварагас ﷺ Зайнаб ячиналъул баян................................................475
Аварагасул ﷺ адаб теялъул баракат гьечӀолъиялъул баян............482
Цойги гӀажаибаб къисса..................................................................485
Васасде Аварагасул ﷺ цӀар лъеялъул хиралъи................................499

Религиозное издание [на аварском языке]

**Саид Афанди аль-Чиркави**

# КЪУРЪАНАЛЪУЛ АХIУДЕ ГIАВАМАЛ КАНТIИЗАРИ

**[ПОБУЖДЕНИЕ ВНЯТЬ ПРИЗЫВУ КОРАНА]**

Том 1, третье издание

Ответственный редактор:
**Г-М. Ичалов**

Литературный редактор, корректор:
**Зургалова Т.**

Дизайн и верстка:
**Гаджиев М-А.**

ООО «Издательский дом “Нуруль иршад”»
367000, Республика Дагестан, г. Махачкала, ул. Левина, 9
www.nurulirshad.ru; e-mail: info@nurulirshad.ru

Продукцию Издательского дома «Нуруль иршад»
можно заказать в интернет-магазине: www.nurulirshad.ru

ISBN 978-5-903593-24-8 (Т.1)
ISBN 978-5-903593-02-6